# NETTALIB YEESU

**Macë, Màrk, Luug ak Yowaana ñu boole leen ba mu nekk benn nettali**

Ki bind téere bi mooy Richard Shawyer
ki ñuy tudde Musaa Saar Tubaab
© Richard Shawyer 2008

Maye nañu sañ-sañ ngir jukki ci Injiil.
Injiil moom sotti na ci téere bi tudd *Téereb Injiil, di Kàddug Yàlla gi* ci 2010.
© Les Assemblées Evangéliques du Sénégal
ak La Mission Baptiste du Sénégal

Scripture taken from the Wolof New Testament
published in 2010 under the name *Téereb Injiil, di Kàddug Yàlla gi*
Copyright © Les Assemblées Evangéliques du Sénégal
and La Mission Baptiste du Sénégal.
All rights reserved.
Used by permission.

Ecriture extraite de *Téereb Injiil, di Kàddug Yàlla gi*
(le Nouveau Testament en wolof)
Doit d'auteur © 2010 Les Assemblées Evangéliques du Sénégal
et la Mission Baptiste du Sénégal
Tous droits réservés.
Utilisée sous permission.

# Tënk bi


Kàddug Bindkat bi . . . . . 5
Gàttal yi. . . . . 10
**I Waaj bi**. . . . . 11
Ubbite gi. . . . . 12
Saar 1. Juddub ki nara xàll yoonu Yeesu. . . . . 17
Saar 2. Bi Yeesu nekkee xale. . . . . 29
Saar 3. Yeesu: yégle nañu ko, nattu ko te Yàlla nangu ko. . . . . 42
**II Almasi bi tàmbali na liggéeyam**. . . . . 62
Saar 4. Yeesu ci Yerusalem ak diiwaanu Yude. . . . . 63
Saar 5. Teeru nañu Yeesu ci Galile. . . . . 73
**III Ñaareelu at mi**. . . . . 99
Saar 6. Njàngaleem, mi ànd ak sañ-sañ. . . . . 100
Saar 7. Léeb yi ak kàttanu Nguuru Yàlla. . . . . 109
Saar 8. Yeesu wër na diiwaanu Galile ñaareel bi yoon. . . . . 119
Saar 9. Yeesu wër na diiwaanu Galile ñetteel bi yoon. . . . . 134
**IV Ñetteelu at mi: Yawut yi bañ nañu Yeesu**. . . . . 147
Saar 10. Ci Galile. . . . . 149
Saar 11. Yeesu ci réewum ñi dul Yawut . . . . . 152
Saar 12. Bañ nañu Yeesu ca Yerusalem . . . . . 158
**V Ñeenteelu at mi: Yeesoo nga jublu bant ba** . . . . . 177
Saar 13. Yeesu xamal na taalibeem ya ne dafa wara dee . . . . . 178
Saar 14. Yeesu wër na dëkk yi ci Galile, Samari, Pere ak Jude . . . . . 191
Saar 15. Yeesoo nga jublu Yerusalem ba tey. . . . . 212
Saar 16. Firnde kàttanu Yeesu . . . . . 229
Saar 17. Yoon wi jaar Yeriko . . . . . 234
Saar 18. Ayu-bés bu mujj ba. . . . . 244
Saar 19. Yeesu dafay waajal joxe bakkanam . . . . . 277
Saar 20. Waxtu jamonoy lëndëm gi. . . . . 293
Saar 21. Dekki na! . . . . . 320
**Kart ya**. . . . . 336
**Nataal ya**. . . . . 358
**Index**. . . . . 368

**Kart ya** . . . 337
Kart 1. Réewum Almasi bi. . . . 337
Kart 2. Nasaret. . . . 338
Kart 3. Tundi Yude. . . . 339
Kart 4. Yoon ya ca Palestiin. . . . 340
Kart 5. Yeesu gàddaay Misra. . . . 341
Kart 6. Nguuri Palestiin.. . . . 342
Kart 7. Diiwaan ya ca noru Galile. . . . 343
Kart 8. Betani gannaaw Yurdan.. . . . 344
Kart 9. Màndiŋu Yude.. . . . 345
Kart 10. Betsayda. . . . 346
Kart 11 Kana. . . . 347
Kart 12. Salim ak Aynon.. . . . 348
Kart 13. Samari. . . . 349
Kart 14. Neftali ak Sabulon.. . . . 350
Kart 15. Teeru ya ca dexu Galile. . . . 351
Kart 16. Galile. . . . 352
Kart 17. Yoon yi dem Yerusalem. . . . 353
Kart 18. Dëkku Yerusalem. . . . 354
Kart 19. Ñu jàll dexu Galile.. . . . 355
Kart 20. Yeesu bareel na mburu ma.. . . . 356
Kart 21. Yoon yi jëm Tiir. . . . 357

**Nataal ya**. . . . 359
Nataal 1. Këru Yàlla ga.. . . . 359
Nataal 2. Këru Yàlla ga.. . . . 360
Nataal 3. Lekkukaayu jur. . . . 361
Nataal 4. Màndiŋu Yude. . . . 362
Nataal 5. Jàngub Yawut. . . . 363
Nataal 6. Gaalu jàmono Yeesu.. . . . 364
Nataal 7 Tóor-tóori ñaxum tool. . . . 365
Nataal 8. Bët bu tudd Betesda. . . . 366
Nataal 9. Xuru dexu Galile. . . . 367

# Kàddug Bindkat bi

Ci *Nettalib Yeesu* jéem naa boole lépp, ci lu nekk xaaju *Injiil* yu tudd Macë, Màrk, Luug ak Yowaana ngir mu nekk benn nettali bu ñu mana dégg.

Ci dëgg-dëgg ñaari liggéey moo fi am. Ci bu jëkk *Nettalib Yeesu* bi nga wara déglu ci ordinaateer am na. Nettali bii benn listu aaya yi la. Waaye àppu Biibal Onliin ójo mooy aaya lépp rekk la ordinaateer mana sotti ngir nga man koo déglu. Te aaya yi mana ànd rekk ñoo mana nekk ci list bi. Léeg-léeg am na ay anam yu ndaw ci benn aaya ci Macë, Màrk, Luug walla Yowaana li nga bëgg dugg ci list bi. Waaye lu des ci aaya bi mënul ànd ak aaya bi ñu tànnoon mu jiitu ko walla mu topp ci. Naka noonu am na ay anam yu ndaw yu feeñul ci nettali bi nga déglu. Walla léeg-léeg wolof bi jaaduwul tuuti ndaxte aaya yi ñu boole ànduñu ba mat sëkk. Waaye ba tey yaakaar naa ne nettalib Yeesu neex na déglu.

Beneen liggéey bi mooy nettali bi ñu bind ngir nu man koo jàng. *Nettalib Yeesu* bii boole na bépp anam bu nekk ci Macë, Màrk, Luug ak Yowaana ngir nga mana gis lépp li nu Yàlla wàcceel ci dundu Yeesu Almasi bi. Jàng ko moo wara tax nga mana gis bu leer ni Yeesu meloon bi mu nekkee ci àddina si. Waaye war nga xam ne *Nettalib Yeesu* wuutuwul *Injiil*. Yàlla ci xelam ak ci xam-xamam wàcce na *Injiil* noonu. *Nettalib Yeesu* liggéeyu nit doŋŋ la ngir mu dimbali nu, nu gëna dégg dundu Kirist.

Ci *Nettalib Yeesu* dama jéemoon benn-bennal li amoon ci dundu Kirist, li ko dale ca ndoorte la ba ca muj ga. Waaye war nga xam itam ne gis-gisu nit bokk na ci lu bare. Ndaxte am na ay nettali ci biir *Injiil* yoo xam ne waxuñu dara ngir ñu mana xam fan la amoon ak kañ la amoon. Te ñi bindoon *Injiil* binduñu ko ngir benn-bennal li amoon ci dundu Kirist, li ko dale ca ndoorte la ba ca muj ga. Boole nañu ay nettali yoo xam ne bokkuñu jamono ndaxte niroo nañu xalaat, rawatina Macë.

Soo seetee yeneen Nettalib Yeesu yu mel ni bii ci làkku tubaab dinga gis ne nettali bu ne dafa wuute ak moroomam. Doo gis ñaari nettali sax yu bokk gis-gis ci lépp. Ci muj ga lenn rekk moo am solo. Mooy lii. Lépp li ñu jàng ci *Injiil* (ak ci *Nettalib Yeesu*) amoon na te kañ la amoon te fan la amewoon amul solo ci sunu ngëm walla sunu dox ci Boroom bi Yeesu.

Naka noonu ci sama gëstu gënaloon naa Màrk, ba noppi Luug ba noppi Macë ngir ma xam kañ la nettali ba amoon. Yowaana moom barewul lu mu bokk wax ak yeneen ñetti xaaju Injiil. Seet naa itam bu baax anam yi ci biir wax bu boole nettali ya ak lu ko jiitu walla lu ko topp ba xam ndax dina ma dimbali ci teg nettali ba ci plaasam.

Xëy-na dina am ñoo xam ne dinañu ci gis dara lu ñu ci bëgga nemmat. Wax naa ba noppi ne gis-gisu nit bokk na ci liggéey bi. Naka noonu werante man na ci am. Damay gis ñaari palaas walla ñett foo xam ne nemmat gëna mana am. Benn mooy ñaata at la Yeesu dox ci liggéeyam ci àddina si. Ñaareel ba mooy ñaata yoon la Simoŋ Piyeer weddi Yeesu. Te ñetteel ba mooy ci ban at la Yeesu juddu te ban at la dee. Ci sama kaw gëstu am na lu ma xalaat ci laaj yi, te léegi nag dama bëgg tekki lu tax. Waaye su fekkee ne am nga beneen gis-gis war nga xam ne laaj yi amuñu solo ngir ñu topp Yeesu walla ci sunu ngëm. Na ku ne gëstu bu baax ba xam lu tax mu jàpp ci li mu gëm. Te mu jox ñeneen ñi bokkul ak moom gis-gis seen cér te ànd ak ñoom ci mbëggeel gu mat sëkk.

**Diiru liggéeyam**

Ci *Nettalib Yeesu* bii dinga mana gis ne damay séddale lépp li Yeesu defoon ci diirub ñeenti at ak genn-wàll. Waaye du ñépp ñoo ko gise noonu. Ci biir gëstukatu *Injiil* am na ñoo xam ne ñu yaakaar

ne lépp dafa amoon ci menn at. Ñeneen ñi xalaat ne ñaari at la Yeesu defoon liggéeyam ci àddina si. Ñeneen ñi nag ñetti at lañu jàpp. Ñu gëna bare sax yaakaar nañu ne ñetti at la Yeesu doxoon ci liggéeyam.

Lu tax nag man ma jàpp ci ñeent? Lii a tax.

Ñi gëna bare ci boroomi xam-xam *Injiil* xalaat nañu ne ñaari at ñoo doxoon diggante ñaari bésu Mucc ya Yowaana ci wax ci (Yow 2:13; 6:4). Maanaam diggante jamono ja Yaxya sóobee Yeesu ci ndox ba bés ba Yeesu barele mburu ma ngir mbooloo mu tollook juróomi junni góor. Maanaam amoon na benn bésu Mucc boo xam ne Yowaana waxu ci dara.

Bésu Mucc boobu, mooy ñaareelu bésu Mucc ba ci biir diirub liggéeyu Yeesu, te man nañu ko gis ci Lu 6:1. Li ñuy firi ni "benn bésu noflaay" ci Lu 6:1 dafa wax ne tembe ci Gereg "ñaareelu bésu noflaay bu jëkk ba". Boroomi xam-xam yi yaakaar nañu ne dafa wax ci bésu noflaay bi topp ñaareelu fanu Mànggalu Mburu ya amul lawiir, ci kaw ni ñu lime juróom ñaari bési noflaay yi ba màggalu Pàntakot. Maanaam, bésu noflaay ya yu topp ci bésu Mucc ba. Gis nañu itam ne tool yi ñor nañu (Mc 12:1; Mk 2:23; Lu 6:1). Ci Israyil, tooli lors yi ñu ngi daan ñor ci weeru awril te tooli bele yi daan ñor ci weeru me. Naka noonu xam nañu ne Yeesu demul woon Yerusalem ngir Màggalu bésu Mucc ba at boobu ndaxte nettali bi ma nga xewewoon ca diiwaanu Galile. Naka noonu bésu Mucc ba nu gis ci Yow 6:4 mooy ñetteel ba.

Ay boroomi xam-xam yu bare yaakaar nañu ne lépp li des ci nettalib Yeesu amoon na ci benn at ci gannaaw bésu Mucc boobu. Danu koy wax ndaxte Yowaana waxu ci beneen bésu Mucc bu dul bés bi ñu daajoon Yeesu ca bant ba (Yow 18:28). Waaye soo seetee bu baax benn at dafa xat ngir lépp li Yeesu defoon ak fépp fu mu demoon. Yeesu wër na Galile ay weer ba noppi diiwaanu Fenisi ak Fukki Dëkk yi. Ci weeru oktoobar ak muju desàmbar ñu fekk Yeesu ca Yerusalem, ba noppi mu dem toog ay weer ci Pere. Gannaaw loolu Yeesu dellu na Galile di fa wër di waare. Luug ne na gannaaw gi, mu tàmbali jëm Yerusalem mu wër Yude, Samari, ak Galile ci diiru ay weeri weer, te dem ay dëkk yu bare. Yeesu yónni na lu ko jiitu 72 taalibe yu dem ñaar-ñaar ngir waajal ñëwam. Naka noonu xam nañu ne dëkk yi mu ganesi woon bare woon nañu lool.

Am na itam benn màndarga bu ndaw bu wone ne xëy-na am na benn bésu Mucc bu ñu waxul ci Yowaana. Benn bés laajkati warugaru kër Yàlla ga ca Kapernawum laaj nañu Yeesu mu fey warugaru kër Yàlla ga (Mc 17:24). Waa Galile dañu doon fey warugar boobu lu jiitu bésu Mucc ba ngir ñi yor xaalis ba man koo yóbbu Yerusalem ca màggal ga. Ndegam ca Kapernawum la Yeesu sancoon di dëkk, naka noonu ca Kapernawum mu war faa fey warugaram. Ci anamu nettali ba, bésu Mucc ba nu gis ci Yow 6:4 weesu na bu yàgg. Tamit ci gannaaw bésu Mucc boobu Yeesu génnoon na te duggaat Kapernawum ay yooni yoon. Naka noonu warugar bi ñu ko laaj bokkul ci bésu Mucc boobu. Te bésu Mucc ba ñu reyoon Yeesu dafa sore. Naka noonu dañu yaakaaroon ne amoon na beneen bésu Mucc ci seen diggante, xëy-na bi Yeesu demee tukki ci bëj-gànnaar ba te mu soppaliku ndam jolli ci moom.

Tamit benn bés waa Galile ya ñëw jox Yeesu benn xebaar ci lu jëm ci ay waa Galile yu Pilaat reyoon ca Yerusalem ci benn ci màggalu Yawut yi ci fan yooyu (Lu 13:1-5). Yeesu demul woon màggal googu. Bu dul woon noonu duñu ko ko wax ndax dina fekk mu xam ko ba pare. Waaye xam nañu bu wóor ne ci ñetteelu at mi Yeesu demoon na Yerusalem ngir màggalu Mbaar ya (Yow 7:2) ak màggalu bés ba ñu sellale kër Yàlla ga (Yow 10:22). Naka noonu màggal gi ñu wax ci Lu 13:1-5 ci ñeenteelu at ma la amoon bu dee màggalu bésu Mucc ba, Pàntakot walla Mbaar ya.

Yeesu moo tontu woon waa Galile ak benn léeb buy misaal liggéeyam (Lu 13:6-9). Yeesu ci léeb bi mengale na liggéeyam ci biir Bànni Israyil ak genn garab gu meññul. Mu ne ñetti at lañu xaaroon

meññeef yi waaye amul dara. Yeesu waxul ñaari at, waaye ñetti at la waxoon. Te mu ne dinañu ko may meneen at, maanaam ñeenti at lépp.

Loolu lépp moo tax ma gëm ne ñeenti at la Yeesu defoon liggéeyam. Waaye ci muj ga amul solo su fekkee ne ñaari at, ñetti at walla ñeenti at la woon.

**Piyeer mi weddi Yeesu**

Boo boole lépp lu nekk ci Macë, Màrk, Luug ak Yowaana dinga daje ak jafe-jafe bu réy, mooy ni Simoŋ Piyeer weddee woon Yeesu. Macë, Màrk, Luug ak Yowaana ku nekk bind na ci Simoŋ Piyeer weddi na Yeesu ñetti yoon, te ku nekk bind na ci ban anam la ñetti weddi yi amewoon. Waaye seeni wax ànduñu. Loolu mooy sunu jafe-jafe. Soo boole li Macë, Màrk, Luug ak Yowaana bindoon ëpp na ñetti yoon la Simoŋ Piyeer weddi woon Yeesu.

Macë bind na ne Simoŋ Piyeer weddi na Yeesu ci kanamu benn mbindaan bu ñëwoon ci moom ci ëttu këru Kayif ga, ba noppi ci kanamu beneen mbindaan ca bunt ba, ba noppi ci kanamu ñeneen ñu ñu tuddul.

Màrk moom génn na ne Piyeer weddi na Yeesu ci kanamu benn mbindaan ca ëtt ba féete suuf, ba noppi beneen yoon ci kanamu mbindaan ba, ba noppi ci kanamu ñeneen ñi fa nekkoon.

Luug bind na ne Piyeer weddi na Yeesu ci kanamu benn mbindaan ca ëtt ba, ba noppi ci kanamu kenn ku ñu tuddul, te benn waxtu gannaaw ga keneen ku fa nekkoon.

Yowaana bind na ne Simoŋ Piyeer weddi na Yeesu ci kanamu mbindaan muy wottu buntu këru Anas bala mu dugg ci biir; ba noppi kenn ci ëtt ba ca wetu taal ba, ba noppi ca këru Kayif ci kanamu menn mbokku ka Piyeer coroon noppam.

Naka lanu leen di boole? Am na ñoo xam ne dañuy jéema wone ne waxu ku nekk benn la. Waaye sas woowu jafe na. Ndax amunu beneen bunt? Yaakaar naa ne beneen bunt am na.

Soo seetee bu baax dinga gis ne ñaari yoon la Yeesu artu Simoŋ Piyeer ne, moom dina ko weddi ñetti yoon. Ci bu jëkk, Yeesu waxoon na ko ca bérab ba ñu defare woon seen reeru Màggalu bésu Mucc ba ne Piyeer dina ko weddi bala ginaar a sab (Lu 22:28-34; Yow 13:36-38). Ba noppi Yeesu waxaat ko bi ñuy dem ca tundu Oliw ya ne Piyeer dina ko weddi bala ginaar di sab ñaareelu yoon (Mc 26:30-35; Mk 14:26-31). Naka noonu xëy-na Yeesu waxoon na Piyeer ne moom dina ko weddi ñaari yoon ñetti yoon, mooy juróom benni yoon. Ñetti yoon bala ginaar a sab wenn yoon, ba noppi beneen ñetti yoon bala ginaar a sab ñaareelu yoon.

Te am na ci *Injiil* firnde ci loolu ci kayiti Gereg bu gëna màggat bi ñu am. Gisuñu ko ci bépp kayitu Gereg moo tax indiwuñu firnde bi ci firi Wolof.

Ci gereg (*Textus Receptus ak yeneen*) ne na ca gannaaw ba Piyeer weddi Yeesu yoon wu jëkk wa (Mk 14:68) "Mu daldi génn, dem ca buntu kër ga. Te genn ginaar sab." (`kai alektwr efwnhsen`). Am na itam yeneen kayitu Gereg fu wax bi feeñul. Waaye ñu yaakaar ne baat bi "genn ginaar sab" dëgg la te wara fa nekk ndaxte:

> Ci Mr 14:30 Yeesu ne na ginaar dina sab ñaari yoon.
>
> Ci Mr 14:72 ne na "ginaar a sab ñaareelu yoon". Duñu ko wax su fekkee ne yoon wu jëkk amul woon.

Ci *Nettalib Yeesu* bi ginaar gi sabee wenn yoon gannaaw bi Piyeer weddee Yeesu ñetti yoon yu jëkk yi (ñaar yi nekk ci Yowaana ak benn bu nekk ci Macë, Màrk ak Luug) ba noppi mu sab ñaareelu yoon

gannaaw beneen ñetti weddi.

**At yi Yeesu juddu te dee**

Ci ban at la Yeesu juddu? Ban at la Yeesu tàmbali liggéeyam? Te it ca ban at la Yeesu dee ca bant ba? Ci dëgg-dëgg xamuñu ko bu wóor.

Injiil ne na Yeesu dafa juddu bi Erodd bu mag ba nekkee buur. Tamit gis nañu ne Erodd faatu na gannaaw ba Yuusufa dawee yóbbaale Maryaama ak Yeesu Misra (Mc 2:19). Erodd dee na weeru tubaab bi ñuy tudde mars ci atum tubaab 4 j.K. (j.K. mooy tënku lu jiitu Kirist). Naka noonu Yeesu juddu na atum tubaab 5 walla 6 j.K..

Yeesu dafa tàmbali liggéeyam tuuti gannaaw jamono ji Yaxya feeñee. Yaxya feeñu na waa bànni Israyil ca fukkeelu at ma ak juróom ci nguuru Tibeer Sesaar, buuru Room (Lu 3:1). Tibeer Sesaar moo jot nguuram ci weeru ut ci atum tubaab 14 g.K. (g.K. mooy tënku gannaaw Kirist). Waaye am na werante ci ni ñu lime ati nguuram yi. Ci bu jëkk Tibeer Sesaar dafa bokkoon nguur ak Ogust Sesaar diggante atum tubaab 12 / 13 g.K. ba Ogust dee ca 14 g.K. Naka noonu am na ñuy sukkandiku ci 12 g.K.. Waaye ñu gën bare ci boroomi xam-xam yi gëm nañu ne ci 14 g.K. lañu wara sukkandiku.

Lan mooy fukkeelu at ma ak juróom ci nguuru Tibeer Sesaar?

> Ci kaw li ñu farala lim nguuru buur yi mooy weeru ut 19, atum tubaab 28 g.K. ba weeru ut 18, 29 g.K.
>
> Ci kaw limu Gereg yi ci jamono Kirist mooy weeru oktoobar 20, atum tubaab 27 g.K. ba oktoobar 9, 28 g.K..
>
> Ci kaw limu Yawut ca Israyil mooy weeru mars 16, 28 g.K. ba weeru awril 3, 29 g.K..
>
> Ci kaw limu Yawut ya tasaaroo ci àddina si ca jamono Kirist mooy weeru sàttumbar 21, 27 g.K. ba sàttumbar 8, 28 g.K..
>
> Ci kaw limu waa Room ci jamono Kirist mooy weeru samfiyee 1 ba weeru desàmbar 31, atum tubaab 28 g.K.

Ci sama gis-gis Yaxya feeñu na ci ñaareelu wallu atum tubaab 28 g.K. te Yeesu tàmbali na liggéeyam ci wàll bu jëkku atum tubaab 29 g.K.

Ban at la Yeesu dee? *Injiil* ne na bésu Mucc ba daanu na ca alxemes / ajjuma ci at bi ñu dajewoon Yeesu ca bant ba. Ca jamono jooju ñaari at rekk la bésu Mucc ba dajewoon ak alxames / ajjuma, ñooy atum tubaab 30 g.K. ak 33 g.K. Dama yaakaar ne 33 g.K. lañu daajoon Yeesu ca bant ba.

Sama ñaan moo di *Nettalib Yeesu* bii nekk ndimbal ngir nga gëna xam Yeesu, nga gëna bëgg Yeesu, te it nga gëna topp Yeesu.

Soo gisee ay sikk ci biir *Nettalib Yeesu* bind ko te yónnee ma ko ca forthewolof@gmail.com. Yàlla na la Yàlla barkeel.

**Musaa Saar Tubaab**

Ki bind téere bi mooy Richard Shawyer mi ñu tudde Musaa Saar Tubaab

© Richard Shawyer 2004, 2010.

Maye nañu sañ-sañ ngir jukki ci Injiil. Injiil moom sotti na ci téere bi tudd *Téereb Injiil, di Kàddug Yàlla* ci 2010.

© Les Assemblées Evangéliques du Sénégal ak La Mission Baptiste du Sénégal

# Gàttal yi:

| | |
|---|---|
| j.K. | lu jiitu Kirist: maanaam at ci kalandiryeer tubaab |
| g.K. | gannaaw juddub Kirist: maanaam at ci kalandiryeer tubaab |
| Macë | Mc |
| Màrk | Mk |
| Luug | Lu |
| Yowaana | Yow |
| Jëfi Ndaw Ya | Jëf |
| Waa Room | Ro |
| 1 Waa Korent | 1Ko |
| 2 Waa Korent | 2Ko |
| Waa Galasi | Gal |
| Waa Efes | Ef |
| Waa Filib | Fb |
| Waa Kolos | Kol |
| 1 Waa Tesalonig | 1Tes |
| 2 Waa Tesalonig | 2Tes |
| 1 Timote | 1Tim |
| 2 Timote | 2Tim |
| Tit | Tit |
| Filemon | Fm |
| Yawut yi | Yt |
| Saag | Sa |
| 1 Piyeer | 1Pi |
| 2 Piyeer | 2Pi |
| 1 Yowaana | 1Yow |
| 2 Yowaana | 2Yow |
| 3 Yowaana | 3Yow |
| Yudd | Yu |
| Peeñu bi | Pe |

# I Waaj bi

# Ubbite Gi

## 1. Turu Nettali bi (Mk 1:1)

Mk Xibaaru jàmm[1] bu Yeesu Kirist, Doomu Yàlla[2], nii la tàmbalee.

## 2. Yeesu Kirist moo di Kàddu gi ak leer gu wóor gi (Yow 1:1-18)

Yow Ca njàlbéen ga[3] fekk na Kàddu gi[4] am, te Kàddu gi ma nga woon ak

---

[1] **Mk 1:1** ***Xibaaru jàmm***, maanaam xibaar bu baax bu jëm ci mucc gi am ci Yeesu Kirist.

[2] **Mk 1.1** ***Doomu Yàlla***: Bi ñu déggee ne Yeesu Almasi bi mooy doomu Yàlla, am na ñi xalaat ne loolu moo tekki ne Yàlla dafa am soxna ba am ci doom. Astafurlaa! Yàlla jurul kenn mukk te kenn juru ko. Tur bi 'Doomu Yàlla' waxin la. Te jafewula dégg. Su fekkee ne ab waa Senegaal dem Gànnaar dinañu la tudd 'doomu Senegaal'. Ndax loolu tekki na ne Senegaal moo la jur? Déedéet! Moo tekki ne Senegaal nga bawoo, fa nga jóge. Tur bi 'Doomu Yàlla' waxin la, ngir wone ne Yeesu ci Yàlla la bawoo. Moo ràññale ko ak ñeneen ñépp. Nit sosul tur bi. Yàlla moo ko teg ci xelu yonentam Daawuda bi mu bind ci Sabóor ci lu jëm ci Almasi bi nara ñëw "Ma biral dogalu Aji Sax ji: Mu ne ma: « Yaa di sama doom, maay sa baay tey. »" (Sab 2:7) Gannaaw loolu Yàlla yónni na malaakaam Jibril ca janq bu tudd Maryaama ngir yégle ne dina am doom ci kàttanu Yàlla. Mu ne ko: "« Dinga ëmb, jur doom ju góor; nanga ko tudde Yeesu. Ku màgg lay nekki, te dinañu ko wooye Doomu Aji Kawe ji. Boroom bi Yàlla dina ko jébbal nguuru Daawuda maamam. »" (Lu 1:31-32). Ñetteel bi yoon nu daje tur bi, ci gémmiñu Yàlla la bawoo ci bés bi Yaxya sóoboon Yeesu ci ndox. (Lu 3:22). Yàlla jurul Yeesu waaye moom ci boppam moo dogal ne Yeesu mooy jenn doomam ji mu am képp.

[3] **Yow 1:1** ***Njàlbéen ga***: Njàlbéen ga, maanaam jamono ja amoon laata Yàlla sakk àddina si, jamono joo xam ne dara amul woon lu dul Yàlla (Ge 1:1).

[4] **Yow 1:1** ***Kàddu gi***: Ca jamono Yeesu Yawut yi ak Gereg yi amoon nañu ay xalaat yu bare ci li ñu tudde woon 'Kàddu gi'. Yawut ya xalaat nañu ci lu nekk ci téereb Njàlbéen ga, saar benn, fa Yàlla waxe te lépp di am. Kàddu gi nekkul woon am xalaat walla ab coow kese, waaye ab jëf walla ag kàttan la woon.
Wolof yi xalaat nañu ne wax man na am kàttan itam ni ñu ko gise ci léebu Wolof biy wax ne: 'Wax, soxu fetal la, su rëccee, dabu ko wees.' Yàlla sàkkoon na lépp jaarale ko ci kàddoom. Yawut yi boole ci itam 'Xel-mu-Rafet' mi ñu gis ci xaajub Téerey Yàlla bi ñuy tudde 'Kàddu yu Xelu yi'. Xel-mu-Rafet moomu mooy lenn luy dund te jóge ci Yàlla.
500 at lu jiitu jamono Kirist amoon na ab Gereg bu doon boroom xam-xam. Erakalitus la tuddoon te dëkkoon Efes (dëkk ba ñu bindewoon téereb Yowaana). Mu jàngaloon ne 'Kàddu gi' (*lógós* ci gereg) mooy xel walla xalaatin walla su la neexee sago si nekk fépp te yilif lépp ci àddina si te tax lépp am solo. Mooy itam lu tax nit ràññe lu baax ak lu bon. Xalaat boobu law na ci Gereg yi ba ca jamono Injiil.
Amoon na ab Yawut ci Alegsàndiri ca jamono Kirist bu tuddoon Filo. Ab boroom xam-xam

Yàlla, te Kàddu gi Yàlla la woon. Moo di ki nekkoon ak Yàlla ca njàlbéen ga. Ci moom lañu sàkke lépp. Amul dara lu ñu sàkk lu jaarul ci moom. Ci moom la dund[5] nekk, te dund googu mooy leeral nit ñi. Leer gi feeñ na ci biir lëndëm, te lëndëm gi jàppu ko. Yàlla yónni woon na nit ku ñu naan Yaxya[6]. Kooku ñëw na, doon ab seede, ngir wax ci mbirum leer gi. Ñëw na ngir ñépp dégg li mu wax te gëm. Moom ci boppam du woon leer gi, waaye ñëw na ngir seedeel leer gi.

Kàddu googu mooy leer gu wóor, giy ñëw ci àddina te di leeral nit ku nekk. Ci àddina la nekkoon, àddina si ñu sàkk jaarale ko ci moom, te àddina xamu ko. Ñëw na ci réewam, te ay ñoñam nanguwuñu ko. Teewul ñi ko nangu te gëm ci turam, may na léen, ñu am sañ-sañu nekk doomi Yàlla. Ñooñu judduwuñu ci deret[7] walla ci bëgg-bëggu yaram, walla ci coobarey nit. Ñu ngi juddu ci Yàlla[8].

---

bu réy la woon ku doon gëstu ba boole xam-xamu Gereg yi ak xam-xamu Yawut yi. Moom itam jàngalewoon ne '*lógós*' mooy xel walla xalaatinu Yàlla, te mooy lu jëkka am ci àddina, te ci moom la Yàlla sàkke lépp. Tamit jaarale ko ci '*lógós*' la Yàlla indee tëralin ak teggin ci àddina si te tàmpe xelu nit ba tax mu mana xalaat te mana xam.
Yowaana ci baatu 'Kàddu gi' (*lógós*) boole na xalaati Yawut yi ak xalaati Gereg yi waaye matal na ko ak yeneeni xalaat yu bees. Te 'Kàddu googu' doon nit. Naka noonu 'Kàddu gi' waxin la ngir wone ni Yeesu bokke ci Yàlla ak ni mu ëppe nit.
Alxuraan itam tudde na lisaa Almasi bi 'Kàddu gi jóge ci Yàlla' ci saar 3:39,45; 4:171; ak 19:34.

[5] **Yow 1:4 *dund***: 'Dund' ak 'leer' moo doon ay xalaat yu amoon solo ci diine Yawut yi, ak ci diiney ak xam-xamu Gereg yi. Ci téere Yowaana, 'dund' ëpp na bakkan bi nu am ci àddina si. Mooy dund gu dul jeex gu nu mana am ci Yàlla jaarale ko ci Kirist. Yemul ci giiru dund. Dafa wax itam ci naataangeg dund, ci baaxaayam.

[6] **Yow 1:6 *Yaxya***: Yaxya, doomu Sakari ak Elisabet (Lu 1:57-66), mooy yonent bi Yàlla yónni ci bànni Israyil, ngir ñu tuub seeni bàkkaar, teeru Almasi bi te nangu njàngaleem. Juddu na daanaka 6 weer laata Yeesu juddu. Ñëw na ànd ak xel mi ak doole ji yonent Yàlla Ilyaas amoon (Mc 11:14). Ca màndiŋu Yude la waare, sol mbubb mu ñu ràbbe kawaru giléem, takk geñog der ci ndiggam. Ay njéeréer la doon dunde ak lem (Mc 3:4). Erodd takkoon na Erojàdd jabaru Filib magam, te Yaxya daan ko wax: « Jaaduwul nga denc ko. » Loolu moo tax Buur bi Erodd Antipas tëj na Yaxya kaso. Ay weer gannaaw ga dagg nañu boppam ca kaso ba.

[7] **Yow 1:13 *Juddu ci deret***: Nit ci yeneen jamono gëmoon nañu ne lumb wa (maanaam liir bu tuuti ci biiru yaayam), ci deretu góor ju boole ak deretu jigéen la soqikoo. Naka noonu juddu ci deret mooy juddu buy jaar ci ëmb, buy am ndax bëgg-bëgg yaram ak coobare nit. Juddu ci jigéen ju ëmboon kese taxul nga bokk ci doomi Yàlla.

[8] **Yow 1:13 *Juddu ci Yàlla*** mooy soppiku buy Yàlla def ci nit ku gëm Yeesu.

Kàddu gi ñëw, doon nit[9], dëkk ci sunu biir[10]. Gis nañu ndamam, mu fees ak yiw ak dëgg[11], ndam li Baay bi jox jenn Doomam ji mu am kepp.

Yaxyaa ngi koy seedeel te yégle na lii; nee na: « Moo taxoon ma wax ne: “Dina ñëw sama gannaaw waaye moo ma gëna màgg, ndaxte nekk na laata may juddu.” » Kàddu gi fees na ak yiw, te nun ñépp jot nanu ci sunu wàll, mu barkeel nu ay yooni yoon. Ndigali Yàlla yi, ci gémmiñu Musaa lañu léen jaarale; yiw wi ak dëgg gi, Yeesu Kirist moo ko indaale. Kenn masula gis Yàlla, waaye Bàjjo bi, di Yàlla te nekk ak Baay bi, moo ko xamle.

### 3. Cosaanu Yeesu ci wàllu jëkkëru yaayam (Mc 1:1-17)

[Mc] Lii mooy cosaanu Yeesu Kirist[12], sëtu Daawuda[13], sëtu Ibraayma[14].

---

[9] **Yow 1:14 *Kàddug gi ñëw, doon nit***: Bi Yawut yi ak Gereg yi déggee wax ji « Astafurlaa, céy jii wax! » lañu waroon tontu. Ci Yawut yi xalaat buy sosal Yàlla la woon. Te Gereg yi xeeb nañu saayir. Yaram bi, lu bon la, ab kaso fu ñu ci tëj sunu bakkan, ab bàmmeel lu téye xel mi. Lu bokk ci baatin rekk a baax. Naka noonu xalaat ne ‘*lógós*’, li bokk ci baatin, doon nit te bokk saayir, xalaat buy gennliku léen la woon.

[10] **Yow 1:14 *dëkk ci sunu biir, gis nañu ndamam***: Ci kàllaama geregu Injiil baat bi ñu firi ‘dëkk’ ci ‘dëkk ci sunu biir’ dëgg-dëgg mooy ‘dëkk ci ab xayma’. Bi Bànni Israyil génnee Misra ca jamono Musaa, Yàlla sant na léen ñu defar ab xayma, buy nekk màggalukaay. Yàlla sellal na xaymab ndaje mi, ngir dëkk ci seen biir. Yàlla soxlawul xayma ba, waaye bëggoon na misaal di jàngle dara jaarale ko ci xayma boobu. Tamit ca jamono jooju Yàlla doon na feeñ ca aw niir wu taxaw, ba nit ñi gis leeru Aji Sax ja, mooy ndamam. Xayma ndaje biy misaale fu Yàlla dëkk ak ndamam dañuy ànd. Gannaaw ga boole nañu ndamu Yàlla ak kër Yàlla ga ca Yerusalem. Naka noonu bi Yowaana waxee ne ‘Kàddu gi’ walla ‘*lógós*’ ñëw na dëkk ci biir doomi Aadama yi dafa nuy fàttaliku ni Yàlla doon dëkke ci biir bànni Israyil ca jamono Musaa te fàttaliku nu itam ndamul Yàlla.

[11] **Yow 1:14 *yiw ak dëgg***: Baat bi ñu firi fi ‘yiw’ soqikoo na ci benn baat ci làkku Yawut ba (חסד ‘*xësëdd*’) buy boole 3 xalaat: mbëggeel, laabiir walla yërmande, ak doole. Te li ñu firi ‘dëgg’ moo soqikoo ci beneen baat bi làkku Yawut ba (אמת ‘*emett*’) buy wax ci dëgg diggante nit ñi, maanaam takkute ak sàmm kóllëre. Mooy ku wóor ci wax, ak ci jëf ci diggante yi mu am ak nit ñi. Ñaari baat yooyu ëmb nañu kóllëre gi Yàlla defoon ak Israyil.

[12] **Mc 1:1-17 *cosaanu Yeesu***: Macë limul maami Yeesu yépp. Tëb na ay maam ba des 3 yoon 14 maam ya. Limkati cosaan ya daan nañu ko defe noonu. Itam limkati cosaan faraluñoo lim turu jigéen ñi ci cosaan ya (maanaam limu giir ba), rawatina ku mel ni Tamar, Raxab, Ruut walla Batseba, soxnas Uri. Macë limul jigéen ñu siiw ni Saarata soxnas Ibraayma walla Rebeka soxnas Isaaxa walla Leya ak Rasel ay soxnay Yanqóoba. Waaye boole na ay jigéen ña dul Yawut te juunuunu ni Tamar mi ëmb ndax njaaloo (Ge 38:1-30), Raxab mi nekkoon ab gànc (Jos 2:1-23; 6:17, 22-25), Ruut benn waa Mowab (Ru 1:1-4:22) ak Batseba (2Sa 11:2-12:25; 1Ki 1:11-31). Buur bi Daawuda njaaloo na ak Batseba,

Ibraayma moo jur Isaaxa; Isaaxa jur Yanqóoba; Yanqóoba jur Yuda ak i doomi baayam; Yuda, Peres ak Sara ci Tamar; Peres Esron, miy baayu Aram; Aram Aminadab; Aminadab Nason; Nason Salmon; Salmon jur ci Raxab doom ju tudd Bowas; Bowas am ak Ruut Obedd; Obedd jur Isayi, miy baayu buur bi Daawuda.

Daawuda moo jur Suleymaan ci ki nekkoon soxnas Uri; Suleymaan jur Robowam; Robowam Abiya; Abiya Asaf; Asaf Yosafat; Yosafat Yoram, miy baayu Osiyas; Osiyas jur Yowatam; Yowatam Akas, miy baayu Esekiya; Esekiya Manase; Manase Amon; Amon Yosiyas; Yosiyas jur Yekoñas ak i doomi baayam ca jamono, ja ñu defe Yawut ya jaam, yóbbu léen Babilon.

Ba ñu léen yóbboo ca Babilon, Yekoñas jur Salacel; Salacel Sorobabel, miy baayu Abiyudd; Abiyudd Eliyakim; Eliyakim Asor; Asor Sadog; Sadog Akim; Akim Eliyudd; Eliyudd Eleyasar; Eleyasar Matan, miy baayu Yanqóoba; Yanqóoba nag moo jur Yuusufa jëkkëru Maryaama; te ci Maryaama la Yeesu, mi ñuy wax Kirist, juddoo.

Mboolem giir googu nag, la dale ca Ibraayma ba ca Daawuda, fukk lañu ak ñeent; la dale ca Daawuda ba ca njaam ga ca Babilon, fukk lañu ak ñeent; la dale njaam ga ca Babilon ba ci Kirist, fukk lañu ak ñeent.

## 4. Wax ju wóor (Lu 1:1-4)

Lu Yaw Teyofil[15] mu tedd mi, xam nga ne, nit ñu bare sasoo nañoo bind ab

---

mu ëmbal ko ba noppi rey jëkkëram ngir muur tooñam. Su fekkee ne boole nañu ay jigéen ci ab limu giir, am na lu tax.

[13] **Mc 1:1 *sëtu Daawuda***: Ci jamonoy Injiil, wenn ci tur yi ñu jox Almasi bi nara ñëw moo doon 'sëtu Daawuda'. Gëm nañu ne Almasi bi dina feeñ, jël jalu Daawuda ak nguuram te dàq nguuru Room. Yawut yépp xamoon nañu ne Almasi bi, ci askanu Daawuda la nara bokk (Jer 23:5; 2Sa 7:12-16; Ps 132:11). Moo tax mu am solo ñu lim cosaanu Yeesu.

[14] **Mc 1:1 *sëtu Ibraayma***: Moo nuy fàttaliku kóllëre ga Yàlla defoon ak Ibraayma. Yàlla digoon na ko kenn ca askanam dina nekk buntu barke ca waa àddina sépp; maanaam xeeti àddina yépp dinañu taasu ca barkeb askan woowu (Ge 22:18). Yeesu amal na li Yàlla digoon Ibraayma ak Daawuda.

[15] **Lu 1:1 *Teyofil***: Moomu moo tax Luug dafa bind xaaji Injiil yi tudd Luug ak Jëf ya. Xamuñu dara ci ki mu doon (Lu 1:1; Jëf 1:1). Ca jamonoom bare nañu ña tudd Teyofil. Xëy-na njaatige Luug la woon ba tax mu amoon xaalis bi mu soxla woon ndaxte sottil ab téere bu gudde ni Luug walla Jëf ya dafa soxla xaalis bu bare.

nettali bu jëm ci mbir, yi xewoon ci sunu biir, li dëppook waxi seede, yi ko teewe woon li dale ca ndoorte la te ñu mujj nekk jawriñi kàddug Yàlla. Léegi nag kon man ci sama wàll, gëstu naa ci lépp li ko dale ca njàlbéen ga, te fas naa la ko yéenee bindal, nettali la ni xew-xew yooyu deme woon tembe. Noonu dinga mana xam ne li ñu la jàngaloon lu wér péŋŋ la.

## Saar 1. Juddub ki nara xàll yoonu Yeesu

### 5. Jibril yégle na juddub Yaxya (Lu 1:5-25)

Lu Ca jamonoy Erodd[16], mi nekkoon buur ca réewu Yawut ya, amoon na sarxalkat bu ñu tudde Sakari[17] te bokk ca mbootaayu sarxalkat[18], ya

---

[16] **Lu 1:5** ***Erodd mu mag ma*** moo falu woon ca Israyil 40 j.K., nguuru ba mu dee 4 j.K..

[17] **Lu 1:5** ***Sakari*** askanu Aaroona ak sarxalkat la woon waaye du woon yonent. Jabaram, Elisabet, mbokku Maryaama ndeyu Yeesu la woon. Waaye Sakari ak Elisabet yaruñu Maryaama.

[18] **Lu 1:5-10** ***Liggéeyub sarxalkat ya***: Ca njël laata bët di set, sarxalkat ya fanaanoon kër Yàlla jóg nañu, dem sangu set. Tegoo nañu bant ci néeg bi ñu tudd 'néeg bi ñu yett ci doj' ca càmmooñu ëttu sarxalkat ba, ngir tànn ñan ca sarxalkat ya aye liggéey bi bés boobu. Benn ca sarxalkat dugg na ëttu sarxalkat ba ngir waajal sarxalukaay. Te ñaari mbooloo sarxalkat ya dem seet ëtt ba ngir xam ndax set na walla déet, menn mbooloo jaar ca werandaa ca penku, meneen mi jaar ca werandaa ca sowu, ñu daje ca werandaa ca sudd. Bi ñu pare, dellu nañu néeg ba, tegoo ay bant ngir tànn 13 sarxalkat. Bi jant bi fenkee, ñu def sarax. Ca noru sarxalukaay amoon na lépp li ñu soxla ngir rendi mala yi. Jaaro ngir yeew mala ya, jën yu am wékkukaay ngir wékk lu dee, ak taabal yu defare marbar ngir raxas te dagg yàpp. Dañuy rendi xar ma, jàpp deret ji ci ab ndab, xëpp ko ci mboolem weti sarxalukaay bi, yóbbu daggiti xar ma ak saraxu pepp ak biiñ ca sarxalukaay. Am ci ñoom ñu ubbi buntu bérab bu sell, dugg toppatoo sarxalukaay ba ñu ca taal cuuraay, setal tegukaayu làmp, ba noppi génn, ñépp dellu néeg ba.
Ca néeg ba ñu tari ay ñaan, te tegoo bant ngir tànn kuy taal cuuraay. Benn sarxalkat dem na sarxalukaay, feesal benn and ak xal yu mu fa tibbe, ba noppi ànd ak ki ñu tànnoon ngir taal cuuraay ak ñetteelu sarxalkat, dugg bérab bu sell ba. Bi sarxalkat duggee bérab bu sell ba, ñu yégle ne waxtu wi jot na ngir Leween ña daje ngir woy, sarxalkat yi ak mbooloo ma daje ngir ñaan. Ñoom ñu wara setlu daje nañu ca buntu Nikanor. Ñaari sarxalkat ya àndoon ak ki ñu tànnoon ngir taal cuuraay génn, bàyyi kii ci biir ngir taal cuuraay. Ñaari liit jib, ñépp sujjóot, Leween ña woy ay Sabóor te ñu lakk sarax sa. Ñoom ñu duggoon ca bérab bu sell daldi taxaw ca ndëggastali yéegukaay ba ca kanamu bérab bu sell ba te barkeel mbooloo ma. Ba noppi ñu wéy ci sarax yi waa Israyil indi.

**Lu 1:5-10** ***Liggéeyub Sakari***: Benn bés ca ngoon Sakari dugg na ca ëttu sarxalkat ya ca kër Yàlla ga ca Yerusalem. Bokk na ca mbootaayu sarxalkat, ya askanoo ci Abiya, mooy juróom ñetteelu kër. Bépp góor gu bokkoon ca giiru Lewi te askanoo ca Aaroona, sarxalkat la woon ca kër Yàlla. Ca jamono Yeesu tollu nañu 18.000 nit. Buur bi Daawuda fal na askani Aaroona ngir ñu toppatoo liggéeyu kër Yàlla. Mu xàjjale leen ba ñu nekk 24 kër walla mbootaayu sarxalkat (2Ch 24:1-19). Kër gu nekk toppatoo nañu liggéey bi ci diirub benn ayu-bés ñaari yoon at bu nekk. Te kër yépp ñëw nañu ngir liggéey ca màggal yu mag yi (maanaam Bésu Mucc ba; Pàntakot; Màggalu mbaar ya). Ayu-bés boobule mbootaayu Sakari aye.

askanoo ci Abiya. Soxnaam Elisabet askanoo moom itam ci Aaróona. Sakari ak soxnaam ñu jub lañu ca kanam Yàlla, di topp ni mu ware ndigal yi ak dogali Boroom bi yépp. Waaye amuñu doom, ndaxte Elisabet manula am doom[19], te it fekk ñoom ñaar ñépp ay màggat lañu.

Benn bés nag Sakari doon def liggéeyu sarxaleem ca Yàlla, ndaxte mbootaayam a aye keroog. Bi ñuy tegoo bant, ni ko sarxalkat yi daan defe naka-jekk, ngir xam kan mooy dugg ca bérab bu sell ba ca kër Yàlla ga[20],

---

Sakari xool na tabax bu rafet te yéeme bu Buur bi Erodd mu Mag ma tàmbali woona defaraat am na léegi daanaka 15 at. Lépp ca marbar bu weex te rafet lañu ko defare, ba noppi rafetal ko ak wurus. Mu gis bunt yi ñu xoobe wurusu ngalam, yi nekkoon ca kanamam, te ni ñu kawe-kawe – bu nekk mat na 25 meetar. Ca càmmooñam am na sarxalukaay ba. Mu xool ca kaw gis ni ko sarxalukaay tiime ak kawewaayamu 7 meetar. Ca kaw sarxalukaay lañu jébbal saraxi mala yépp. Diggante sarxalukaay ak bunt yu jëm ca bérab bu sell ba am na mbalkam njàpp. Mu geestu gannaaw gis mbooloom Yawut yu góor, mi ñaan, di ko xaar ca ëttu Israyil, fekk na ne seen ëtt gën suufe bosam benn meetar. Ci seen gannaaw mu seen bunt, ba ñuy wooye Bunt bu rafet ba, bu jëm ca ëttu Jigéen ñi.
Sakari xaar na bés bii diirub dundam. Lii rekk la sarxalkat ya doon xaar – ñu taal cuuraay ca kër Yàlla ga. Benn yoon rekk ci seen diirub dund gépp lañu may ab sarxalkat taal cuuraay ndax ni sarxalkat yi baree-bare. Te yu ëpp sax amuñu wërsëg ba bant yi ñu tegoo dal ca ñoom. Tey ji bant ya dal ca Sakari. Seen diine sant na ñu taal cuuraay ñaari yoon bés bu ne – bi jant bi fenkee laata ñu def sarax ya, tamit diggante tàkkusaan ak timis gannaaw saraxu ngoon si (Ex 30:6-8). Bi ñu taalee cuuraay ba noppi ñu daldi génn, barkeel mbooloo ma fa teew, yiwi leen, ñu ñibbi. Ca biir bérab bu sell ba am na sarxalukaay ba ñu taal cuuraay ca kawam, beneen taabal fu ñu tegoon mburu ma fay teew fàww (ya ñu jébbal Yàlla), tegukaayu làmp bu wurusu ngalam bu am 7 cér, ak rido bu xàjjalikoo bérab bu sell ba ak bérab bu sell-baa-sell ba.
Sakari daldi jàpp, ba noppi yéeg ca 12 ndëggastali yéegukaay ya, jaar ca bunt ya, dugg bérab bu sell ba.
Kër Yàlla ga ca Yerusalem moo doon xolu diine Yawut yi. Moo misaaloon jataay Yàlla ci seen biir. Sarax yi ñoo tax Yawut yi manoon nañu sell ngir jege Yàlla. Te kër Yàlla rekk la Yàlla sañoon ñu jébbal ko sarax yi yoonu Musaa santaane. Ñetti yoon at bu nekk, ña man waroon nañu ñëw Yerusalem ca kër Yàlla ga ngir bokk ca màggali diine Yawut yi – mooy Bésu Mucc ba, Pàntakot, ak Màggalu mbaar ya. Moo doon seen bérab ngir ñaan ci Yàlla, ngir waxtaan. Foofu la kureelu Yawut yi daje. Foofu lañu jàngoon seen diine.

[19] **Lu 1:7** ***Jigéen ju mënula am doom*** gàcce la woon. Ñu gëna bare xalaatoon nañu ne bàkkaar a waral ba ñu di xeeb léen sax. Te ñu gëna bare teg nañu sikk sa ca jigéen ja, du ci jëkkëram. Tamit ñi amul doom amuñu ñu léen toppatoo ci seen màggat. Waaye ni Luug binde ci jukki bi dina tax ñi ko déggoon ci jamonoom xalaat ci yonent Yàlla Ibraayma ak Saarata, ñoom ñi jub te wees mana am doom, walla Aana ndeyu yonent Yàlla Samwil.

[20] **Lu 1:9** ***Kër Yàlla ga*** ca Yerusalem moo doon xolu diine Yawut yi. Seetal nataali Kër Yàlla ga (nataal 1 ak 2) ak kartu Yerusalem (kart 18). Tabax bu yéeme la woon. Moo

---

misaaloon jataay Yàlla ci seen biir. Sarax yi ñoo tax Yawut yi manoon nañu sell ngir jege Yàlla. Te kër Yàlla rekk la Yàlla sañoon ñu jébbal ko sarax yi yoonu Musaa santaane. Ñetti yoon at bu nekk ña man, waroon nañu ñëw Yerusalem ca kër Yàlla ga ngir bokk ca màggali diine Yawut yi – mooy Bésu Mucc ba, Pàntakot, ak Màggalu mbaar ya. Moo doon seen bérab ngir ñaan ci Yàlla, ngir waxtaan. Foofu la kureelu Yawut yi daje. Foofu lañu jàngoon seen diine. Foofu tamit ñu doon fey seen warugar at bu ne, te denc xaalisu diine. Kër Yàlla gi ñu gis ci jamono Injiil mooy ñaareel bi. Buur bi Suleymaan moo tabax gu jëkk ga, waaye waa Babilon tas na ko ak dëkku Yerusalem ca jamono ji ñu yóbbu Yuda ñu nekk jaam ca Babilon. Yawut yi jóge Babilon bi àpp bi Yàlla dogaloon jeexoon, tabaxaat na geneen kër Yàlla ca kaw fu bu jëkk ba nekkoon, mooy bérab bu gëna kawe ca dëkk ba. Waaye amuñu woon doole bu tabax rafete ni bu jëkk ba. Ca xarnu ya topp, defaraat te rafetal nañu ko ay yoon. Ca daanaka atum 20 j.K. Buur bi Erodd gu Mag ga, tàmbalee defaraat kër googu ak 10.000 liggéeykat ya. Kër ga moom ca boppam àggale nañu ko ca at ak genn wàll. Ëtt ya jël na beneen 8 at, waaye sax nañu ca liggéey bi ndànk-ndànk ba atum 64 g.K..

Ngir yaatal déndu ëtt ya ba ñu maase te doy, xàll nañu njobbaxtalu tundu Moriya. Fee lañu gasoon ngir wàññi tund wa; fale lañu feesoon xur ya ak doj ya ñu teg ca kaw ay kenu, miir yu dëgër teey lépp. Déndu kër ak ëtt yi Erodd tabaxoon tollu na 14 ektaar (daanaka 785 meetar X 300 meetar), maanaam daanaka 20 fowuwaay wu futbal. Mu am 8 bunt ya. Xeer yu réy te dëgër lañu jëfandiku ngir miir ba, ba miir am yaatuwaayu 5 meetar te amoon na ay bérab, kawewaay àgg 50 meetar su ñu ci boole fondamaa. Xeer bu gëna réy, moo tollook 3 néeg, te 400 junni kilo la pese! Noonule lañu yékkati kër ga, te maasale di yaatal déndu ëtt ya.

Waa aji ya faraloon nañu yéeg ndëggastal ya ca sudd fu amoon ñaari bunt bi ñu demee kër Yàlla ga. Dugg nañu ca bunt ca ndeyjoor, génne ca ba ca càmmooñ. Amoon na ñeenti ëtt: Bu jëkk ba, mooy ba ca gëna biti, ñépp, Yawut ya ak ñu dul Yawut ña sañoon nañu ci dugg. Jigéen ña ànd ak baax rekk lañu terewoon dugg. Ëtt boobu, ñu tudd tey ji ëttu ñi dul Yawut ña, waaye xàmmewuñu ko woon ca tur boobu ca jamono Injiil. 200.000 nit man nañu woon xaj ci biir. Dafa wëroon kër Yàlla ga ak yeneen ëtt, ab miir bu egg ba dënn xàjjalikoo leen. Ca booraanu ëtt ba amoon na ay mbaar walla werandaa yu ñu tabaxe doj bu amoon yaatuwaayu 15 meetar. Mu sës ca 1.000 kenuy marbar yu am kawewaayu 12 meetar, bu ne am yaatuwaayu 2 meetar. Ñooy doon péncu dëkk bi. Waa dëkk ba daan nañu fa daje ngir waxtaan ci dund gi walla diine. Foofu la xutbakat ya doon jàngle. Yeesu moom ci boppam daan na jàngle ca suufu werandaa ya. Mbooloo ña gëm Kirist daan na daje ca bu jëkk ca benn ca werandaa ya bu tudd Werandaa bu Suleymaan. Moo nekkoon ca penku kër Yàlla.

Ci ñaareelu ëtt ba, sañ nañu Yawut yu góor yépp, ak Yawut yu jigéen yu taqul sobe dugg. Dénd bu tollu na 60 meetar kaare, maanaam 8 wet bu ne 8 meetar. Tudd nañu ëtt boobu ëttu Jigéen ña. Ñeenti ruq ya amoon nañu ëtt bu tollu néeg. Bul dul yooyu, werandaa wër na ëtt ba ca ñetti boor. Amoon na ay bunt ngir dugg ca biir. Waaye bunt bu gëna am solo ñu tudd bunt bu rafet ba. Soo jóge ëttu yu dul Yawut ya, danga yéeg 12 ndëggastal ya, jaar ca bunti xànjar yu ñu rafetal, yu am kawewaayu 18 meetar. Seen diisaay moo tax soxla woon 20 góor ngir ubbi walla tëj leen! Ca ëttu Jigéen lañu tegoon ndab, yi ñuy def saraxu xaalis ngir Yàlla.

ngir taal fa cuuraay, bant ba tegu ci Sakari.

Ca waxtu wa ñuy taal cuuraay la, mbooloo maa nga woon ca biti, di ñaan. Noonu benn malaakam Boroom bi daldi feeñu Sakari, taxaw ca féeteek ndijooru sarxalukaay, ba ñuy taal cuuraay ca kawam. Naka la ko Sakari gis, fitam daldi dem, mu tiit. Waaye malaaka ma ne ko: « Bul ragal dara Sakari, ndaxte sa ñaan nangu na. Elisabet sa soxna dina la jural doom, te dinga ko tudde Yaxya. Sa mbég lay doon, sa xol sedd ci, te ñu bare dinañu bég ci juddoom, ndaxte dina nekk ku màgg ca kanam Yàlla. Du naan biiñ[21] walla dara luy màndil, te bu juddoo, Xel mu Sell mi daldi ko solu. Dina delloosi niti Israyil yu bare ci Yàlla seen Boroom. Mooy jiitu, di yégle ñëwug Boroom bi, ànd ak xel mi ak doole, ji yonent Yàlla Ilyaas amoon[22],

---

Ca ñetteelu ëtt ba, sañ nañu Yawut yu góor yu taqul sobe dugg. Ngir dugg ca ëttu Israyil, danga yéeg 15 ndëggastal yu def genn wàll wërngal. Ca ñeenteelu ëtt, mooy ba ca gëna jege kër ga, sarxalkat rekk ñoo sañoon dugg. Te ca bérab bu sell-baa-sell sarxalkat bu mag rekk moo saña dugg, te moom benn yoon doŋŋ at bu nekk.
Naka noonu ñu gis ne boo gëna jegee bérab bu sell-baa-sell nga jaar ca bérab yu gëna sell. Te ña fa jaar wara gëna sellal boppam ca bépp sobeb yaram walla bu xel. Ca xalaatinu Yawut ya, réewu Israyil moo gëna sell yeneen réew yi. Dëkk yu am miir ñoo gëna sell yu amul miir, ndaxte gaana ya sañul dëkk fa, te néew ya sañul suul ci biir miir ya. Yerusalem moo doon gëna sell yeneen dëkk yu am miir. Tund wu ñu ci tabaxe kër Yàlla ga moo gëna sell Yerusalem. Ëttu ñu dul Yawut ba moo gëna sell tund wa. Ëttu jigéen ba moo gëna sell ëttu yu dul Yawut ba; ëttu Israyil ba moo gëna sell ëttu Jigéen ba te ëttu Sarxalkat ba moo gëna sell ëttu Israyil ba. Ba noppi bérab bu sell ba la ko gëna sell, te bérab bu sell-baa-sell ba moo ci gëna sell fépp.

[21] **Lu 1:15** ***Du naan biiñ***: Yoonu Musaa araamul biiñ. Waaye amoon na ñoo xam ne ñu giñ beddeeku ñeel Yàlla te ñu tudd nasiréen (Nu 6:1-21). Ñoom dal, tere nañu léen ñu naan biiñ walla luy màndil, te saatu suy wat du jaar ci seen bopp. Araam nañu léen itam ñu jege ab néew, su fekkee sax baayam la.

[22] **Lu 1:17** Yonent Yàlla yu jiitu jamono Kirist wax nañu lu bare ci lu jëm ca ab musalkat bu nara ñëw nekk sarax suy fey bàkkaar. Mooy Almasi bi. Waaye Yàlla yégle na itam ne dina yónni beneen yonent, laata Almasi bi ngir xàllal ko yoonam. Yonent Yàlla Malasi bind na 400 at lu jiitu Kirist ne:

> Aji Sax ji mën lépp nee na: «Maa ngi nii di yónni sama ndaw. Dina xàll yoon wi fi sama kanam. Te Boroom, bi ngeen doon seet, dina ne parax dugg ci màggalukaayam. Te ndawul kóllëre, gi ngeen doon séentu, mu ngi ñëw.» Waaye ku mën a dékku bésu ñëwam? Te kuy sañ a taxaw, bu feeñee? Ndaxte dina mel ni safara su xellikat ak saabub fóotukat. (Mal 3:1)

Mu bind itam ne yonent boobu mooy yonent Yàlla Ilyaas mi nara dellusi ci àddina (Mal 4:5,6).

> Xool-leen, dina leen yónni yonent Yàlla Ilyaas bala bésu Boroom biy

ngir jubale xoli baay yi ak doom yi, ngir delloo ñi déggadi ci maanduteg ñi jub. Noonu dina waajal mbooloo muy teeru Boroom bi. »

Sakari daldi ne malaaka ma: « Nan laay xame ne loolu dëgg la? Ndaxte mag laa, te sama soxna it màggat na. »

Malaaka ma ne ko: « Man maay Jibril miy taxaw ci kanam Yàlla. Dañu maa yónni ngir ma wax ak yaw te yégal la xibaaru jàmm boobu. Léegi nag gannaaw gëmuloo li ma wax, dinga luu te dootuloo mana wax, ba kera sama wax di am, bu jamonoom jotee. »

Fekk na booba mbooloo maa ngi xaar, jaaxle lool ci li Sakari yàgg ca bérab bu sell ba. Waaye bi mu génnee nag, manula wax ak ñoom. Noonu nit ña xam ne dafa am lu ko feeñu ca bérab bu sell ba. Dafa luu, ba di léen liyaar.

Bi Sakari matalee liggéeyu sarxaleem ba noppi, mu daldi ñibbi. Bi mbir yooyu weesoo, Elisabet soxnaam ëmb, di ko nëbb lu mat juróomi weer te naan: « Lii mooy yiw wi ma Boroom bi defal, ba fajal ma li doon sama gàcce ci nit ñi! »

---

ñëw, di bés bu mag fees dell ak tiitaange. Dina jubale xoli baay yi ak doom yi, te jubale xoli doom yi ak baay yi. Su dul loolu dina ñëw rëbb suuf si.

Yonent Yàlla Ilyaas yonent bu mag la woon daanaka 850 at lu jiitu Kirist. Def na ay kéemaan, te jànkoonte ak yonentu Baal yi. Ilyaas jaarul ci dee. Yàllaa ko yóbbu ca moom ci biir aw callweer (2Ki 2:11).

Yonent Yàlla Esayi bind na 700 at lu jiitu Kirist ne:

> Baat baa ngi jib naan: «Xàll-leen yoonu Aji Sax ji ca màndiŋ ma, maasale mbedd ngir sunu Yàlla ca tàkk ga! Na bépp xur fees, bépp tund màbb, muy mag mbaa ndaw; yoon wi ñagas rattax, te mbartal doon joor. Noonu ndamul Aji Sax ji feeñ, te nit ñépp gisandoo ko; ndax gémmiñu Aji Sax ji wax na ko.» (Isa 40:3-5)

Malaakaam Yàlla Jibril yégle na ca bés bi mu feeñu Sakari ca kër Yàlla ne jabaram dina ëmb, jur doom ju góor. Te doom jooju dina ànd ak xel mi ak doole ji yonent Yàlla Ilyaas amoon (Lu 1:17). Yeesu moom ci boppam feddali na ne Yaxya mooy Ilyaas mi naroona ñëw (Mc 11:13-14; 17:10-13; Mk 9:11-13). Itam Ilyaas ak Musaa feeñu nañu Yeesu ca kaw wenn tund gannaaw deewu Yaxya (Mc 17:1-8; Mk 9:1-8; Lu 9:28-36).

### **6. Jibril yégle na juddub Yeesu** (Lu 1:26-38)

*Anam yi: Ca Nasaret ca diiwaanu Galile la nettali bi ame woon.*

Lu Bi Elisabet nekkee ci juróom benni weeram, Yàlla yónni na malaakaam Jibril ca dëkku Nasaret[23] ca diiwaanu Galile.

[23] **Lu 1:26** ***Nasaret***, dëkk bu ndaw te ñàkk solo la woon ca **tundi Galile yi**. Mu nekk daanaka genn wàll diggante **dexu Galile** ak **Géej gu mag ga**. Lenn rekk moo tax mu siiw — mooy dëkku waajuri Yeesu, te foofu la Yeesu yaroo ba mu am daanaka 30 at. Dëkk bi dafa nekkoon ca wenn xur wuy làqu lu mel ni ab bool ca aw tund, 380 meetar ca kaw niwo géej ga te 280 meetar ca kaw niwo joor ja. Nekkul woon ca njobbaxtalu tund wa waaye ca wetam la. Ca nor, ca sowu ak ca penku, amoon na ay tund yu tiim dëkk bi beneen 100 meetar ca kaw niwo géej. Ca sudd am na xunti mu xat muy ubbi ca **jooru Yisreel**. Ca wetu dëkk ba am na ay mbartalum tund fa nga mana daanu 10 ba 20 meetar.
Xamuñu ñaata nit ñoo fa dëkkoon. Doy na ñu amoon ab jàngub Yawut, waaye barewuñu woon noonu. Xëy-na matul woon 1.000 nit. Benn bëtu ndox la am rekk. Ba tey am na fa ay kër, wàllam gannaaw muy làquwaay bi ñu gas ca tund wa te wàllam kanam tabaxe nañu ko móoli doj. Cosaankat yu gas ci suuf ngir wut lu des ca ngenti dëkk yi fekk nañu benn toolu reseñ bu am ay tatay wottukaay, ay seggalukaay bu doj ngir def ndoxu reseñ ak diw oliw, ak ab karyeeru doj. Am na fa itam ay kàmb yi ñu yett ci doj ngir denc ndox, ay làquwaay ngir denc pepp ak bàmmeel ya. Dañuy sooga fekk itam ab sanguwaayu mbooloo bu waa Room, lu mana tekki ne Nasaret ca jamono Kirist dafa gënoona réy li ñu yaakaaroon, ndaxte daawuñu fekk sanguwaay ya ca dëkk yi ñàkk solo, te amul woon ay waa Room yu fa dëkk.
Lu ëpp ci 600 milimeetaru taaw day laal suuf ci Nasaret ci nawet, diggante weeru oktoobar ak weeru awril, ba tax mbey mi naat te ñax bare.
Dëkk bi dafa làqu waaye soo yéegee ca tund ya tiim 100 meetar ca kaw Nasaret ba génn xur wa, man nga séen fu sore. Ci nor bi, man nga gis ba **tundi Libaŋ** rawatina **tundu Ermon** wuy weex ndax nees (kawewaayu tund wa mooy 2800 meetar). Ca sowu man nga gis ba **Géej gu mag ga**, **tundu Karmel** (kawewaayam mooy 550 meetar) ak **dëkku Patolemayis**. Soo xoolee penku kaw man nga gis ba **tundu Basan** waaye bu gëna jege ca penku nga gis **tundu Tabor** (kawewaayam mooy 590 meetar) ak **dexu Yurdan**. Te ca sudd man nga gis ba **tundi Samari** ak **tundi Galaad**, ak **jooru Yisreel** jépp. Ca xuru Yisreel woowu amoon na ay xare yi bokk ci yu gëna siiw ca cosaanu Israyil. Foofu la Barag ak Sedeyon amoon nañu ndam ci seeni xare. Foofu la buur bi Sóol ak ay doomam dee ca xare ak waa Filisti, ak buur bi Yosiyas dee bi mu xeexoon ak buuru Misra.
**Yoonu jaaykat** ya diggante Misra ak Asi Minër wu gëna am solo jaar na Sepforis ca suufu tund wa fa Nasaret nekk. Yoon woowu dafa jóge dëkku **Legiyo** ak xunti ba diggante tund ya ca wetu bérab fu dëkku Megido nekkoon, jaar penku-kaw ca jooru Yisreel, jaar ca xur ca sowu-kawu Nasaret ba egg dexu Galile. Te **yoon wi jóge Yerusalem** dafa dugg jooru Yisreel, jaar na ca suddu Nasaret. Weneen yoon wu mag diggante **Patolemayis**, **Tiberiyàdd** ak **diiwaan bi ñuy wax Fukki dëkk yi** jaar na penku-suuf ca xur ca noru Nasaret. Naka noonu, bi Yeesu doon doxantu ca tund ya wër Nasaret mu séen ay yooni yoon mbooloom xare Room ya, walla ay njëggum giléem walla mbaam ya yóbbaale

Mu yebal ko ca janq bu ñu may[24] waa ju bokk ci askanu Daawuda te ñu

jaaykat ya ak seeni njaay diggante Misra ak Asi Minër walla Babilon, walla mbooloom Yawut yuy dem Yerusalem ngir màggali diine, ñu doon farala romb ca suufu Nasaret ca yoon yooyu.
Ca sowu-kawu Nasaret nekkoon na dëkku **Sepforis** ca kaw wenn tund. Bi Yeesu nekkoon perantal, ci atum 4 j.K. gannaaw deewu Erodd gu mag ga, kenn ku tudd Tëdas (ñu tudd ko itam Yudaa) dafa jóg ak ay gaayam, song Sepforis, nangu gànnaay yu ñu fekk fa. Ba noppi ñu dem nekk saay-saay ak sàcc ca àll ba. At boobu waa Yerusalem jengu nañu itam. Waa Room ñëw nañu song Sepforis. Waa Sepforis bañ nañoo jébbal Tëdas. Naka noonu waa Room làkk nañu dëkk bi, di yóbbu ñépp ñi ñu reyul, def léen jaam. Bi Erodd Antipas faloo mu tànn Sepforis ngir mu nekk péeyu nguuram. Nekkoon na péeyam ba mu tabax **Tiberyàdd** ca atum 19 g.K.. Mu tabaxaat ko ci kaw tabaxin ak aada waa Room ak gereg ya ngir dëkk bi nekk bu gëna réy te rafet ca Galile. Dëkk bi amoon na miir ak tata, ak ñaari marse. Yaakaar nañu ne diggante 24.000 ak 30.000 nit ña fa dëkkoon, lu ëpp ay Yawut. Ci sunu jamono, cosaankat ya fekk nañu ab powukaay bu manoon naa toog 4.000 nit, këri buur ga, yoonu doj yu ñu rafetal ak ay kenu ca booraanam, desiti kër ya ak nataal yi rafet. Def nañu nataal ya ak kaaro yu ndaw yu am melo yu wuute. Gis nañu itam ne lu ëpp ca kër ya amoon sanguwaay ngir Yawut yi man nañu sangu set, te gisuñu yaxu mbaam-xuux. Moo tax ñu xam ne ñu ëpp ca dëkk ba topp nañu diine Yawut.
Ndegam Sepforis matul sax 6 kilomet fu sore Nasaret, maanaam lu tollu wenn waxtu ci dox tànk, Yeesu ak waajuram waroon nañu xam lu bare ca dëkk ba ak aada Gereg ya. Tamit Yuusufa, jëkkëru Maryaama yaayu Yeesu ak Yeesu moom ci boppam, ay masoŋ walla minise lañu woon (Ci Mc 13:55 ak Mk 6:3 bind nañu ‘minise’. Baat bi ci Injiil ci gereg mooy τέκτων – *tekton*, li tekki ‘ku tabax ak bant walla doj’. Xam nañu ne ca Nasaret ak Sepforis daan nañu tabax ak doj). Naka noonu lu gëna wóor mooy Yuusufa te xëy-na Yeesu itam bokkoon nañu ca ña fa tabaxaat Sepforis. Naka noonu Yeesu waroon na xam bu baax aada Room ak teyatër gereg.
Ñetti kilomet ca sowu-suufu Nasaret amoon na **dëkku Yafa**, ca yoonu Sepforis, beneen dëkk bu am solo ca Galile, bu am miir ak tata. Bokkoon na ca ya gëna réy ca jamono Injiil. Ca atum 67 g.K. amoon na 17.000 nit ña fa dëkkoon laata waa Room tas dëkk ba.
Nasaret ba Yerusalem ca yoon wu gëna gàtt daan na nekk tukkib 3 fan (120 kilomet). Waaye ci yoon wi lu ëpp jaaroon moo doon 193 kilomet walla tukkib benn ayu-bés. Dëkku **Kana** dafa nekkoon 3 walla 4 waxtu (13 kilomet) ca noru Nasaret, te dëkku **Nayin** 2 waxtu (10 kilomet) ca penku-suuf. Soo doxee 5 walla 6 waxtu (30 kilomet) dinga egg dexu Galile, te Tiberyàdd dafa sore Nasaret daanaka 40 kilomet su ñu toppee yoon ya. Seetal kartu Nasaret (Kart 2).

[24] **Lu 1:27 *may nañu ko jëkkër***: Ci aada Yawut yi céet ga amoon ñaari wàll: ñu may ko jabar ba noppi mu indi ko këram. Baayu góor ga dina tànn jabaru doomam. Mu dem waxtaan ak baayu janq ba ca wàllu séy ak warugar wa góor ga war na fey séetam. Su baay ba nangoo, ñu woo janq ba, laaj ko ne mu nangu jëkkëram. Dinañu may ab janq jëkkër bi ñu amee daanaka 12 at ba 14 at. Góor dina tàkk jabar bi mu am daanaka 18 at ba 20 at. Su janq ba nangoo, góor ga dina may séetam ab may ci kanamu ñaari seede. Ñu def ag kóllëre gu tudd ‘*ketubax*’ te guy leeral wareefu góor gi. Léegi góor gi takk na

koy wax Yuusufa, waaye àndaguñu. Janq baa ngi tudd Maryaama. Malaaka ma dikk ca moom ne ko: « Jàmm nga am, yaw mi Boroom bi defal aw yiw; mu ngi ak yaw. »

Waxi malaaka ma daldi jaaxal Maryaama, muy xalaat lu nuyoo boobu mana tekki. Malaaka ma ne ko: « Bul ragal dara Maryaama, ndaxte Yàlla tànn na la ci yiwam. Dinga ëmb, jur doom ju góor; nanga ko tudde Yeesu. Ku màgg lay nekki, te dinañu ko wooye Doomu Aji Kawe ji. Boroom bi Yàlla dina ko jébbal nguuru Daawuda maamam. Noonu dina yilif askanu Yanqóoba ba fàww, te nguuram du am àpp. »

Maryaama laaj malaaka ma ne ko: « Naka la loolu mana ame? Man de, janq laa ba tey. » Malaaka ma ne ko: « Xel mu Sell mi[25] dina wàcc ci yaw, te Aji Kawe ji dina la yiir ci kàttanam. Moo tax xale biy juddu dinañu ko wooye Ku sell ki, Doomu Yàlla ji. Elisabet sa mbokk mi it dina am doom ju góor cig màggatam. Ki ñu doon wooye ku manula am doom, mu ngi ci juróom benni weeram. Ndaxte dara tëwul Yàlla. » Maryaama ne ko: « Jaamub Boroom bi laa. Na Yàlla def ci man li nga wax. »

Ci noonu malaaka ma daldi dem.

### 7. Maryaama seeti na Elisabet (Lu 1:39-56)

Lu Ci jamono jooju Maryaama jóg, gaawantu dem ci benn dëkk bu nekkoon ca tund ya ca diiwaanu Yude[26]. Mu dugg ca kër Sakari, daldi

---

jabaram waaye sañagul mu indi ko këram walla ànd ak moom. Sañagul sax ñu nekk ñoom ñaar ci wéet. Wàllu céet la ba ëpp ngoro gi ñu xam ci aada wolof. Su ñu tasee, fase la, te su kenn ca ñoom àndee ak keneen, njaaloo la, njaaloo goo xam ne lu ñu mana àtte ak dee, maanaam ñu sànni koy doj ba mu dee. Janq ba dina dëkk ca këru waajuram daanaka benn at xaar ba jëkkëram defal ko néeg. Gannaaw ga, góor ga dina ñëw këru jabaram ba noppi indi ko këram. Foofu ñu def bernde ju mag ngir seeni bokk ak seeni xarit. Xew mi daan na yàgg 7 fan.

[25] **Lu 1:35 *Xel mu Sell mi*** moo di Xelum Yàlla. Du malaaka, du Jibril te du mbindaafoon. Yàlla yónni na Jibril ca Maryaama ngir yégle ko ne dina jur Almasi bi, waaye Jibril taxul Maryaama ëmb. Yàlla moom ci boppam def na ko ak kàttanam.

[26] **Lu 1:39 *Tund ya ca diiwaanu Yude*** mooy wàllu Yude ca nor ak suddu Yerusalem daanaka diggante dëkku Betel ak dëkku Beerseba. Guddaay mooy daanaka 90 kilomet, yaatuwaay 50 kilomet te nekk 1.000 meetar ca kaw niwo géej walla 1300 meetar ca kaw niwo Géeju Xorom. Dafa mel ni ab joor (walla dëgg-dëgg ay joor) ca kaw ab tund juy am ay xunti yu xóot yu bare. Xamuñu ban dëkk mooy dëkku Sakari. Waaye diggante Nasaret ak gox boobu Maryaama waroona dox tànk diggante ñetti fan ba juróomi fan. Maryaama

nuyu Elisabet. Naka la Elisabet dégg Maryaama di nuyoo, doomam daldi yëngatu ci biiram. Noonu Xelum Yàlla mu Sell mi daldi solu Elisabet[27]. Elisabet wax ca kaw ne: « Barkeel nañu la ci jigéen ñi, barkeel doom ji nga ëmb! Man maay kan, ba ndeyu sama Boroom ñëw di ma seetsi? Maa ngi lay wax ne naka laa la dégg ngay nuyoo rekk, sama doom ji yëngu ci sama biir ndax mbég. Barke ñeel na la, yaw mi gëm ne li la Boroom bi yégal dina mat! »

Noonu Maryaama daldi ne:

« Sama xol a ngi màggal Boroom bi,
sama xel di bég ci Yàlla sama Musalkat,
ndaxte fàttaliku na ma,
man jaamam bu woyof bi.
Gannaaw-si-tey, niti jamono yépp
dinañu ma wooye ki ñu barkeel,
ndaxte Ku Màgg ki defal na ma lu réy.
Turam dafa sell.
Day wàcce yërmandeem ci ñi ko ragal,
ci seeni sët ba ci seeni sëtaat.
Wone na jëf yu mag ci dooley loxoom,
te tas mbooloom ñiy réy-réylu,
daaneel boroom doole yi ci seen nguur,
yékkati baadoolo yi.
Ñi xiif, reggal na léen ak ñam wu neex,
te dàq boroom alal yi,
ñu daw ak loxoy neen.
Wallu na bànni Israyil giy jaamam,

---

amoon fit ndaxte xale bu jigéen rekk la, te yoon wi amoon na saay-saay ya ak sàcc ya. Seetal kart 3.

[27] **Lu 1:41** Bi nuy jàng ne '***Xelum Yàlla mu Sell mi daldi solu diw***' ci Mbindum Yàlla mi, dafa nuy xamal ne lu diw mi di wax, ci Yàlla la wax bi jóge. Maanaam, Elisabet wax na ci kàddug Yàlla.

di fàttaliku yërmandeem,

ni mu ko dige woon sunuy maam[28],

jëmale ko ci Ibraayma ak askanam ba fàww. »

Noonu Maryaama toog fa Elisabet lu wara tollook ñetti weer, sooga ñibbi.

## 8. Juddub Yaxya (Lu 1:57-80)

Lu Gannaaw loolu jamono ji Elisabet wara mucc agsi, mu daldi jur doom ju góor. Dëkkandoom yi ak bokkam yi yég ne, Boroom bi won na ko yërmande ju réy, ñu ànd ak moom bég.

Bi bés ba délsee, ñu ñëw xarafalsi xale ba[29], bëgg koo dippee baayam Sakari[30]. Waaye yaayam ne léen: « Déedéet, Yaxya lay tudd. » Ñu ne ko: « Amoo menn mbokk mu tudd noonu. »

Ñu daldi liyaar baayam, ngir xam nan la bëgg ñu tudde xale ba. Sakari laaj àlluwa, bind ci ne: « Yaxya la tudd. » Ñépp daldi waaru. Ca saa sa Yàlla dindi luu gi, Sakari daldi waxaat, di màggal Yàlla. Waa dëkk ba bépp jaaxle, xew-xew yooyu siiw ca tundi Yude yépp. Ñi dégg nettali, bi jëm ci mbir yooyu, dañu koo denc ci seen xol te naan: « Nu xale bii di mujje nag? »

Ndaxte leeroon na ne dooley Boroom baa ngi ànd ak moom.

---

[28] **Lu 1:55** Yàlla dafa digoon Ibraayma xeet wu yaa ni biddiiw yi; tur wu siiwal; askanam moom réewu Kanaan mépp, maanaam Palestiin, ba fàww; te xeeti àddina sépp xala taasu ci barkeb benn ci askanam, mooy Almasi bi nara ñëw. Kóllëre googu Yàlla fasoon ak Ibraayma ci Isaaxa la jaroon. (Ge 12:1-3; 15:1-21; 17:1-21)

[29] **Lu 1:59 *Xaraf***: Yàlla moo joxoon Ibraayma menn màndargam kóllëre gi mu fasoon ak moom, mooy xarafu góor (Ge 17:9-14). Képp ku bokk ca askanam, ñu war koo xarafal bu amee juróom ñetti fan. Yoonu Musaa moo ko feddali (Le 12:3). Ca bés boobu la xale dugg ca kóllëre Ibraayma, te bokk ci Yawut yi. Ca jamono Injiil bésu mbégte la woon te dëkkandoo yi ak mbokk yi daan nañu ñëw bokk ci. Musaa ak yonent yi waxoon nañu itam ca xarafu xol, mooy waxin wi bëgg wax ci sellaayu xol ak déggal ndigal (Le 26:41-42; De 10:16; Jer 9:26).

[30] **Lu 1:59 *Ngénte***: Ca jamono yu jëkk yi daan nañu tudde liir ca bés ba mu juddoo. Waaye bala jamono Injiil tànnoon nañu juróom ñetteel bi fan ngir tudde liir bi ca bés bu ñu ko xarafal. Baay ba walla yaay ja manoon na tudde xale bi. Daan nañu jox tur ca kaw anamu juddoom walla benn ca mbokk yi rawatina maam ya. Tur yi ak li ñu tekki amoon na maana lool ca xalaatinu Yawut ya.

Sakari baayu Yaxya daldi fees ak Xel mu Sell mi[31]. Noonu mu wax ci kàddug Yàlla ne:

« Cant ñeel na Boroom bi, Yàllay Israyil,
ndaxte wallusi na mbooloom, ba jot léen!
Feeñal na nu Musalkat bu am doole[32],
bi soqikoo ci askanu Daawuda jaamam,
ni mu yéglee woon bu yàgg
jaarale ko ci yonentam yu sell yi.
Dina nu musal ci sunuy noon,
jële nu ci sunu loxoy bañaale.
Yàlla wone na yërmandeem,
ji mu digoon sunuy maam,
te di fàttaliku kóllëre, gi mu fas ak ñoom,
di ngiñ, li mu giñaloon sunu maam Ibraayma[33] naan,
dina nu teqale ak sunuy noon,
ngir nu man koo jaamu ci jàmm,
nu sell te jub ci kanamam sunu giiru dund.
Yaw nag doom, dinañu lay wooye yonentu Aji Kawe ji,
ndaxte dinga jiitu, di yégle ñëwug Boroom bi,
di ko xàllal yoon wi[34].
Dinga xamal mbooloom
ni léen Boroom bi mana musale,

---

[31] **Lu 1:67** ***Fees ak Xel mu Sell mi***: 'Diw fees ak Xel mu Sell mi' benn la ak 'Xel mu Sell mi daldi solu diw'. Seetal leeral 27 (Lu 1:41, wàll 7, page 25).

[32] **Lu 1:69** Yonent Yàlla yi yégle nañu ne Almasi bi, ci askanu Daawuda la nara bokk (Jer 23:5; 2Sa 7:12-16; Ps 132:11).

[33] **Lu 1:72-73** ***Li Yàlla giñaloon Ibraayma***: Seetal leeral 28 (Lu 1:55, wàll 7, page 26).

[34] **Lu 1:76-77** Yonent Yàlla Malasi ak yonent Yàlla Esayi yégle nañu ne Yàlla dina yónni benn yonent ngir xàllal yoonu Almasi bi (Mal 3:1; 4:5; Isa 40:3). Seetal itam leeral 22 (Lu 1:17, wàll 5, page 20).

jaare ko ci seen mbaalug bàkkaar,

ndaxte Yàlla sunu Boroom fees na ak yërmande,

ba tax muy wàcce ci nun jant buy fenk[35],

ngir leeral ñi toog ci lëndëm,

takkandeeru dee tiim léen,

ngir jiite nu ci yoonu jàmm. »

Noonu Yaxyaa ngi doon màgg, te xelam di ubbiku. Mu dëkk ca màndiŋ ma, ba bés ba muy feeñu bànni Israyil.

[35] **Lu 1:78** ***Jant buy fenk***: Waxin la wuy jóge ci yonent Yàlla Esayi te wuy wax ci Almasi bi itam (Isa 9:1-7; 42:6-7; 49:6). Dañu koy tudde itam Biddéew buy feqe ca Yanqóoba (Nu 24:17).

# Saar 2. Bi Yeesu nekkee xale

*Anam yi: Kenn xamul bu wóor ban at la Yeesu Kirist juddoo. Waaye ñi ëpp ci gëstukat yi yaakaar nañu ne malaakam Boroom bi feeñu na Sakari ci 5 walla 6 j.K. ci atum tubaab.*

**9. Yàlla dalal na xelu Yuusufa** (Mc 1:18-25)

Mc Nii la Yeesu Kirist juddoo. Bi ñu mayee Maryaama ndeyam Yuusufa[36], waaye laata ñoo ànd, gis nañu ne dafa ëmb ci kàttanu Xel mu Sell mi. Yuusufa jëkkëram nag, nekkoon na nit ku jub te bëggu ko woona weer. Mu nara xàccook moom ci sutura[37]. Waaye bi muy xalaat ci loolu, benn malaakam Boroom bi daldi ko feeñu ci gént ne ko: « Yaw Yuusufa, sëtu Daawuda, bul ragala yeggali Maryaama sa jabar, ndaxte doom ji mu ëmb, ci Xel mu Sell mi la jóge. Dina jur doom ju góor; nanga ko tudde Yeesu, ndaxte moo di kiy musal xeetam ci seeni bàkkaar. »

Loolu lépp xewoon na, ngir amal li Boroom bi wax, jaarale ko cib yonent[38], bi mu naan:

> « Janq bi dina ëmb, jur doom ju góor, ñu tudde ko Emanuwel, »

liy tekki « Yàlla ganesi na nu. »

Noonu Yuusufa yewwu, yeggali soxnaam, na ko ko malaakam Boroom bi sante woon. Waaye àndul ak moom, ba kera mu mucc, jur doom ju góor.

**10. Juddub Yeesu ci Betleyem** (Lu 2:1-21)

---

[36] **Mc 1:18** ***Bi ñu mayee Maryaama Yuusufa***: Seetal leeral 24 (Lu 1:27, wàll 6, page 23)

[37] **Mc 1:19** Jigéen ju ñu may jëkkër waaye laata jëkkëram yeggali ko, su ëmbee, njaaloo na. Yoonu Musaa daan na njaalookat, teg ko dee, maanaam ñu sànni ko xeex ba mu dee. Waaye ca jamono Injiil faraluñoo rey njaalookat ya. Yuusufa yég na ne Maryaama, jabaram, dafa ëmb, te mu yaakaar ne njaaloo na. Léegi mu wara tànn diggante ñaari yoon. Mu mana weer gàcceem, fase ko, ci kanamu ñépp. Su ko defee, man naa nekk ñu àtte Maryaama ak dee. Su ñu ko reyul sax, mujam du baax. Dina dëkk ci gàcceem diirub dundam gépp, te kenn dootul ko tàkk. Naka noonu du am ku ko toppatoo bu ay waajuram gaañoo. Walla boog, Yuusufa man na koo fase ci kumpa ci kanamu 2 walla 3 seede.

[38] **Mc 1:22** Yonent bi mooy yonent Yàlla Esayi, te wax ji nekk ci Isa 7:14.

Lu Ca jamono jooja buur bu mag bu ñuy wax Ogust[39] joxe ndigal ne, na ñépp binduji. Mbindu mooma[40], di mu jëkk ma, daje na ak jamono, ja Kiriñus[41] nekke boroom réewu Siri[42][43]. Noonu ku nekk dem binduji ca sa dëkku cosaan. Yuusufa nag daldi jóge Nasaret ca diiwaanu Galile, jëm ca diiwaanu Yude ca Betleyem[44], dëkk ba Daawuda cosaanoo, ndaxte ci

---

[39] **Lu 2:1 *Ogust***: Benn ci buuri Room bu tudd Sesaar la woon. Ogust mooy tiitar bu kureelu nguuru Room joxoon Oktaaw (*Octave*), sëtu Yulyus Sesaar ca 27 j.K., ngir feddali nguuram. Yaayam, doomu rakk bu jigéenu Yulyus Sesaar la woon. Yulyus Sesaar moo ko yaroon bi baayam deeyee, te mu fal ko donoom ci lépp. Moom moo doon buuru nguuru Room bu Yeesu juddoo. Nguuru na lu tollook 57 at (43 j.K. ba 14 g.K.) te nguuram indi na jàmm fépp fu nguuru Room nguuru. Daan nañu ko màggal ni ab yàlla, te ñu tudde ko musalkat, boroom bi, te ku indi jàmm.

[40] **Lu 2:1 *Mbindu ma***: Nguuru Room daan na sant ñépp ñu binduji ngir nit ñi fey galag, te ngir dugal nit ñi ci xare ba. Waaye nguuru Room dogal na ne Yawut ya mucc nañu ca xare ba. Naka noonu galag rekk a tax. Am na ñi xalaat ne ñi moom suuf walla kër rekk soxla woon dem binduji. Su fekkee noonu Yuusufa te xëy-na Maryaama itam amoon na kër gi ñu moomoon ca Betleyem.

[41] **Lu 2:2** Publiyus ***Kiriñus***, xaritu Buuru Room, Ogust Sesaar la woon te benn jawriñu nguuru Room. Ca 15 j.K. Ogust moo ko fal Boroom réewu Kereet, fu mu nootoon xeet wi ñuy wax Nasamoon, ak Siren fu mu nootoon xeet wi ñuy wax Garamant. Gannaaw loolu ca 12 j.K. fal nañu ko Konsul, mooy genn ci kilifa gu gëna am solo ci nguuru Room, ku dul Sesaar, te mu nekk boroom réewu Galasi ak Pamfili. Diggante 7 j.K. ak 3 j.K. mu xeex ak xeet wi ñu wax Omonad ba noot léen. Am na ñi xalaat ne Siri moo nekkoon fu mu sancoon ngir jiite xare ba. Naka noonu ñu wax ne dafa defoon menn mbindu ca Siri, ak Yude mi bokkoon ca Siri. Waaye gisuñu lu ko feddali.
Ca 1 g.K. Ogust moo ko fal mu nekk diglekatu sëtam, Gayus ci Siri. Tamit diglekatu Tibeer la ca Rodd. Yilifoon na diiwaani Siri ak Silisi 6 g.K. ba 9 g.K.. Bi mu nekkoon boroom réewu Siri santoon na ñépp binduji. Luug wax na ci ci Téereb Jëf Ya (Jëf 5:37). Waaye mbindu moomu daanaka 10 at gannaaw juddub Yeesu la woon. Naka noonu du mbindu mi nu gis ci téereb Luug. Nguuru Room daan na def ay mbindu daanaka 14 at bu nekk ngir ñu fey galag. Xam nañu ne Ogust santoon ñépp binduji ca 8 j.K., waaye toppatoo ko soxla woon ay at. Atum 21 g.K. la gaañu woon.

[42] **Lu 2:2** Man nañu firi itam Lu 2:2 'Mbindu moomu moo jiitu male daje ak jamono, ja Kiriñus nekke boroom réewu Siri.'

[43] **Lu 2:2 *Siri***: Réew la ca bëj-gànnaaru réewu Israyil. Dénd wi bokk ca Siri wuute na ca jamono ju nekk. Ca jamono Injiil ji diiwaanu nguuru Room la woon, ca wetu Géej gu Mag ga diggante tundi Toorus (*Chaine de Taurus*) ca bëj-gànnaar ak diiwaanu Galile ca bëj-saalum. Gannaaw atum 6 g.K. Yude, Galile, Samari, Fenisi, Iture, Nabateen te diiwaanu Fukki Dëkk ya bokkoon ci suufu Boroom Réewu Siri. Péeyam moo doon Ancos.

[44] **Lu 2:4 *Betleyem***: Betleyem, dëkk bu ndaw la woon, daanaka 9 kilomet ca suddu Yerusalem, ca penku yoonu jaaykat wu dem Misra, wu ñu tudde "Yoonu maam ya".

askanu Daawuda la bokk. Mu dem binduji, ànd ak Maryaama soxnaam, fekk booba Maryaama ëmb. Bi ñu nekkee Betleyem, waxtu wa mu waree mucc agsi[45]. Mu taawloo doom ju góor, mu laxas ko ci ay laytaay[46], tëral ko ca lekkukaayu jur ga, ndaxte xajuñu woon ca dalukaay ba[47].

---

Maanaam doxub ñaari walla ñetti waxtu rekk diggante Yerusalem ak Betleyem. Diggante dëkku Sisem ak dëkku Ebron, tund yu dendale bokk nañu njobbaxtal, ba tax kawu tund yooyu gudd na (90 kilomet) waaye yaatuwul. Loolu may na yoon wu xawa tàppandaar, wu yombal tukki, ndaxte soxlawuñu wàcc walla yéeg lu bare. Yoon woowu bokk na ca "Yoonu maam ya". Ca jamono yu jëkk yi xamoon nañu Betleyem ci turu Efrata. Tabax nañu Yerusalem ca tund yu gëna kawe ca Palestiin. Betleyem moo ko sut daanaka 100 meetar. Waaye xam nañu ne ñi dox diggante ñaari dëkk yooyu yéguñu ko. Dafa mel ni ñu bokk niwo. Nasaret ba Betleyem daan na nekk tukkib dox tànk 5 walla 6 fan su ñu jaarul Samari te 3 fan (130 kilomet) su ñu jaaree Samari.
Suuf su wër Betleyem lu naat la. Yanqóoba suul na jabaram, Rasel ca wetu Yoonu maam ya daanaka 3 kilomet fu sore Betleyem, samp fa ay doj, mooy xàmmikaayu bàmmeel ba (Ge 35:19-20; 48:7). Ca Betleyem lañu mayoon Bowas, Ruut (Ru 1:22, 2:1-4; 4:13). Ca dëkk boobu la buur ba Daawuda juddoo ci këru baayam Yese (1Sa 16:1,4,13). Loolu moo tax ñu tudde ko '***dëkku Daawuda***'. Te yonent Yàlla Mise yégle na ne 700 at laata jamono Yeesu, Almasi bi ca Betleyem la juddoo (Mic 5:2).

45 **Lu 2:7** Yeesu juddu na daanaka 6 weer gannaaw juddub Yaxya, maanaam, Maryaama dafa ëmboon 9 weer ni jépp jigéen. Am na benn aada ci biir jullit yi juy wax ne ëmbub Maryaama dafa gàttoon. Am na ñii wax 8 weer, ñeneen ne 6 weer, ñeneen 3 waxtu te am na sax ñi wax wenn waxtu!

46 ***laytaay***: Ca jamono Yeesu jigéen ya daan nañu laxas seeni liir ak ay piis yu gudd te yaatuwul.

47 **Lu 2:7** Lu ñu firi '***dalukaay***' dafay tekki dalukaay, tekki itam néegu gan. Fii dañuy wax ci néegu gan, ndaxte warul woon am benn dalukaay. Ca Betleyem tabax nañu kër ya ca mbartalum tund wa. Ci kër yu bare wàllam gannaaw muy làquwaay bi ñu gas ca tund wa te wàllam kanam mooy tabax bu gëna kawe làquwaay ba. Ca làquwaay ba ñu dugal seeni mala. Ci biir làquwaay yett nañu ab ***lekkukaay*** ca doj ngir mala yi, bu am guddaay daanaka benn meetar. Seetal nataal 3. Ca gox boobu, daan nañu dugg mala ya ca biir kër gi ci guddi ngir aar leen, te ñu baña liw.
Lu gëna wóor mooy Yuusufa ak Maryaama dal nañu ca këru benn ci bokki Yuusufa. Ay fan walla ay ayu-bés gannaaw ga ñu agsi Betleyem, waxtu wa Maryaama waree mucc jot. Dëkk bi feesoon na dell ak nit ñi ñëwoon bindusi, te kër gu ne daloon na ay nit ñu bare itam, ni gépp kër ci dëkk bi. Néegu gan ca kër ga fu Yuusufa ak Maryaama daloon amoon na ay nit ba noppi. Maryaama mënul woon wasin foofu. Naka noonu dugg nañu ca weneen wallu kër ga ngir wasin, mooy fu ñu denc mala ya ca guddi. Bi Yeesu juddoo ba noppi, setal nañu lekkukaay ba di fa teg liir bi.
Lu matul téeméeri at gannaaw jamono Kirist daan nañu dem siyaareji benn làquwaay ca Betleyem ndax gëm nañu ne foofu la Yeesu Kirist juddu. Buuru Room Adriyan (mi nguuru atum 117 ba atum 138 g.K.) tabax na ab xërëm ca kawam ngir tere nit ñi ñëw màggal

Fekk booba amoon na ca gox ba ay sàmm yu daan fanaan ca tool ya, di wottu jur ga. Noonu benn malaakam Boroom bi feeñu léen, ndamu Boroom bi daldi leer, melax, wër léen. Tiitaange ju réy jàpp léen. Waaye malaaka mi ne léen: « Buleen tiit, ndaxte dama leen di xamal xibaaru jàmm buy indi mbég mu réy ci nit ñépp. Tey jii ca dëkku Daawuda, ab Musalkat juddul na leen fa, te mooy Almasi bi, di Boroom bi. Ci firnde jii ngeen koy xàmmee: dingeen gis liir bu ñu laxas ci ay laytaay, tëral ko ci lekkukaayu jur. »

Bi mu waxee loolu, yeneen malaaka yu bare yu jóge asamaan, ànd ak moom, di sant Yàlla naan:

> « Nañu màggal Yàlla ca asamaan su kawe sa,
>
> te ci àddina, na jàmm wàcc ci nit, ñi mu nangu ndax yiwam! »

Bi malaaka ya delloo ca asamaan, sàmm yi di waxante naan: « Nanu dem boog Betleyem, seeti la fa xew, li nu Boroom bi xamal. »

Ñu daldi gaawantu dem, gis Maryaama ak Yuusufa, ak liir, ba ñu tëral ca lekkukaayu jur ga. Bi ñu léen gisee, ñu nettali la ñu léen waxoon ca mbirum xale ba. Ñi dégg li sàmm yi doon wax ñépp daldi waaru lool. Waaye Maryaama moom, takkoon na mbir yooyu yépp, di ko xalaat ci xolam. Noonu sàmm ya dellu ca seen jur, di màggal Yàlla, di ko sant ci li ñu déggoon lépp te gis ko, ndaxte lépp am na, ni ko Boroom bi waxe woon.

Bi bés ba délsee jamonoy xarafal xale ba agsi[48]. Ñu tudde ko Yeesu, ni ko malaaka ma diglee woon, laata ko yaayam di ëmb.

## 11. Yóbbu nañu Yeesu ca kër Yàlla ga ca Yerusalem (Lu 2:22-39)

*Anam yi: Lii mi ngi amoon 40 fan gannaaw juddub Yeesu*

---

Kirist fa. Tey ji, làquwaay boobu mi ngi ci suufu benn egliis bi ñu tabaxoon 300 at gannaaw Kirist. Tas nañu ko ci xeex atum 529 g.K., ñu tabaxaat ko bi Buur bi Yustiniyan nguuroo (atum 527 ba atum 565 g,K.), mooy "Egliisu Juddu bi".
Betleyem, dëkk bu tuuti la woon ca jamono Kirist. Xëy-na matul sax junni nit. Naka noonu bi Erodd santoon ñu rey bépp xale bu am ñaari at jëm suuf, du ëpp 20 walla 30 xale.

[48] **Lu 2:21 *Ngénte***: Seetal leeral 30 (Lu 1:59, wàll 8, page 26).

Lu Noonu jamono ji ñu léen waroona sellale[49] agsi, ni ko yoonu Musaa tërale. Waajuri Yeesu yi daldi koy yóbbu ca dëkku Yerusalem[50], ngir sédde ko Boroom bi[51]. Ndaxte bind nañu ci yoonu Boroom bi ne: « Bépp taaw bu góor, nañu ko sédde Boroom bi. » Bi ñu ko yóbboo, def nañu itam sarax, ni ko yoonu Boroom bi santaanee: « ñaari pitaxu àll walla ñaari xati yu ndaw. »

Amoon na ca Yerusalem nit ku tudd Simeyon. Nit ku fonkoon yoonu Yàlla la te déggal ko, doon séentu jamono, ji Yàlla wara dëfal bànni Israyil[52]. Xel mu Sell mi mu ngi ci moom, te xamal na ko ne du dee mukk

---

[49] **Lu 2:22** ***Setlu***: Su fekkee ne wasin-wees ji am doom ju góor, ca diirub juróom ñaari fan dafa taq sobe ni ki gise baax, maanaam sobe bu mu ko mana wàll ca képp ku laal jigéen ji walla laal fu mu toogoon. Naka noonu, mënul génn kër gi. Ca diirub yeneen 33 fan mu taq sobe itam ndax meret, waaye sobe bu mënula wàlle. Ci diir boobu, mooy 40 fan ci lépp, wasin-wees ji mënula laal dara lu ñu sellal, mbaa dugg fu sell. Su fekkee mu am doom ju jigéen, mu wara nekk kër gi ñaari ayu-bés, te taq sobe ndax meret yeneen 66 fan, mooy 80 fan ci lépp.
Bu àppu setloom matee, mu wara sangu set ba noppi dem kër Yàlla ga, saraxe fa am xar mu am at, ak am pitax mbaa xati. Xar ma ñu indi moo doon sarax buy lakk ba jeex, te pitax mi moo doon saraxu póotum bàkkaar, ngir njotlaayal ku jigéen ki. Su fekkee ne amuñu njégu xar, ñu waroona indi ñaari pitax mbaa ñaari xati, menn ci pitax ya wuutu xar ma. (Le 12:1-8)
Yuusufa amul woon njégu xar, naka noonu Maryaama teg na loxoom ca boppi pitax ya mu indi ca ëttu jigéen ji, ba noppi sarxalkat bi yóbbu leen ba sarxalukaay bi ca ëttu sarxalkat bi. Mu kutt baatu benn ci pitax yi, lakk bopp bi ci kaw sarxalukaay bi. Deret ji dees koy siital ci wetu sarxalukaay bi, ba mu jeex. Ba noppi sarxalkat bi indi na gag bi ak li ci nekk te wetti ko fa ñuy def dóomu-taal ba, fa féete sarxalukaay bi penku. Sarxalkat bi day jàpp ci laaf yi, xotti te bañ koo taqale, daldi koy lakk ci sarxalukaay bi, ci kaw mattum taal bi. Sarax la suy lakk ba jeex, ñu di ko taalal Aji Sax ji, muy xeeñ lu neex.
Ba noppi sarxalkat ba jël meneen pitax kutt baatam waaye yoon bi baña taqale bopp beek baat bi. Mu xëpp ci wetu sarxalukaay bi deretu njanaaw liy saraxu póotum bàkkaar. Li des ci deret ji dees koy tuur fa ñu samp sarxalukaay bi. Saraxu póotum bàkkaar la.

[50] **Lu 2:22** Betleyem ba Yerusalem moo doon doxub ay waxtu rekk walla daanaka 9 kilomet.

[51] **Lu 2:22** ***Sédde Boroom bi***: Yoonu Musaa sant na Yawut yi, ñu jot képp kuy taaw bu góor ci seeni doom yu dul taawi Leween ya, bi liir ba amee benn weer ak donju xaalis bu diisaay ba di juróomi siikal, maanaam daanaka 56 garaamu xaalis — daanaka lu ñu fey nit ngir mu liggéey 20 fan. (Ex 13:2,12-16; Nu 18:15-16). Yàlla sant na loolu ngir ñu fàttaliku ni Yàlla goreele leen ci loxo waa Misra ak kàttanu loxoom, di rey mboolem lu doon taaw bu góor ca réewu Misra, muy taawu nit ak mala. Noonule lañu séddee liir bi Yàlla.

[52] **Lu 2:25** ***jamono ji Yàlla wara dëfal bànni Israyil***: Xalaat bii, ca yonent Yàlla Esayi la jóge (Isa 40:1-2; 49:13; 51:3; 52:9; 61:2), mooy benn ci waxin ci lu jëm ci ñëwug Almasi

te gisul Almasib Boroom bi. Noonu Xelum Yàlla daldi yóbbu Simeyon ba ca kër Yàlla ga. Bi waajuri Yeesu indee xale ba, ngir sédde ko Yàlla, ni ko yoon wi santaanee, Simeyon jël xale bi, leewu ko, daldi sant Yàlla ne:

« Boroom bi, nanga yiwi sa jaam,

mu noppaluji ci jàmm,

ni nga ko waxe.

Ndaxte sama bët tegu na ci mucc gi nga lal,

xeet yépp seede ko.

Muy leer giy leeral xeet yi,

di ndamu Israyil say gaa. »

Waajuri Yeesu yi waaru ci li ñu doon wax ci xale bi. Noonu Simeyon ñaanal léen, ba noppi ne Maryaama: « Xale bii Yàllaa ko yónni, ngir ñu bare ci Israyil daanu te yékkatiku. Def na ko it muy firnde ju ñuy weddi, ba naqar dina xar sa xol ni jaasi. Noonu xalaati ñu bare feeñ. »

Amoon na it ca Yerusalem yonent bu ñuy wax Aana. Doomu Fanuwel mi askanoo ci Aser la woon, te Aana màggatoon na lool. Bi mu séyee, dëkk na juróom ñaari at ak jëkkëram. Jëkkër ja gaañu, te séyaatul. Léegi amoon na juróom ñett fukki at ak ñeent. Mi ngi dëkke woona jaamu Yàlla guddi ak bëccëg ca kër Yàlla ga, di ñaan ak di woor. Aana yem ca waxi Simeyon ya, daldi gërëm Yàlla tey yégal mbiri liir ba ñépp ñi doon séentu jamono, ji Yàlla wara jot Yerusalem[53].

Bi waajuri Yeesu yi matalee seen warugar ci lépp lu yoonu Boroom bi santaane woon, ñu dellu seen dëkku Nasaret ca diiwaanu Galile.

## 12. Ay boroomi xam-xam ñëw nañu, màggalsi Yeesu (Mc 2:1-12)

*Anam yi: Ni nu sooga koy jànge, Yuusufa ak Maryaama dellu nañu seen dëkk Nasaret. Waaye yaakaar nañu ne yàgguñu fa. Gannaaw ab diir ñu ñëw sanc Betleyem. Foofu la leen boroom xam-xam yi fekkoon.*

Mc Bi nga xamee ne Yeesu juddu na ci Betleyem ci diiwaanu Yude, amoon

---

bi.

[53] **Lu 2:38 *jamono ji Yàlla wara jot Yerusalem***: Xalaat bii, ca yonent Esayi la jóge itam (Isa 52:9), mooy benn ci waxin ci lu jëm ci ñëwug Almasi bi.

na ay boroom xam-xam[54], ñu jóge penku, ñëw Yerusalem. Booba, ci jamonoy buur bi Erodd[55] la woon. Ñu ne: « Ana buur bi juddul Yawut yi?

---

[54] **Mc 2:1 *Boroom xam-xam, ñu jóge penku*** ñooy ay nit ñu doon jàng biddiiw yi ngir xam lu am ci àddina si, te firi gént. Am nañu maana ci seen réew ba nekk diglekati buur yi. Xamuñu fu ñu jóge, waaye ñu gëna bare yaakaar nañu ne xëy-na Babilon la woon. Su fekkee noonu la, Babilon ba Yerusalem 1.500 kilomet la, walla tukkib 4 weer.

[55] **Mc 2:1 *Erodd bu mag ba***: Ki ñuy wax Erodd bu mag ba, moo falu woon ca Israyil 40 j.K., nguuru ba 4 j.K.. Ci 73 j.K. la juddu. Ñaareelu doomu baayam Antipater. Yaayam, Sipros (*Cyphos*), ci Petra ci Jordaani la jóge, te bokk na ci garmi naar yi. Ci 47 j.K. ñu fal Antipater boroom réewu Yude. Antipater fal na doomam Erodd mu yilif Galile bi Erodd amee 25 at. Ci 43 j.K. rey nañu baayam. Erodd, njiitu xare la woon. Bi baayam gaañoo, mu dellusi, rey bóomkatu baayam.
Balaa jamono nguuru Room, jàmbaar yi bokk ci këru Asmoneen yiwi nañu Yude ci kàttanu waa Pers ak waa Gereg yi. Seen askan doon buur yi ak sarxalkat yu mag ya. Bi waa Room ñëwee noot Yude fekk na ne ñaari doom doon xeex ngir kàttan gi – Yirkan II (*Hyrcan*) ak Aristobul II. Bëggoon nañu may Erodd Mariyamënë (*Mariamne I*) sëtu Yirkan. Naka noonu mu fase aawoom Doris, dàq ko moom ak doomam Antipater, ngir tàkk Mariyamënë.
Ci 40 j.K. waa Pàrt noot nañu Siri ak Israyil, teg fa buur. Kureelu Room fal na Erodd bu mag ba buuru Siri ak Israyil at boobu itam. Naka noonu laataa muy jot nguuram xeex na ci diirub 3 at ak waa Pàrt ba noot Yerusalem ci 37 j.K. bi mu amee 36 at. Nguuru na ba dee 4 j.K.. Ku amoon kilifteef la woon, te Yude yokku woon na bu baax ci nguuram.
Ku soxor la woon. Dafa ragal lool ñi mu yaakaaroon ne xemmem nañu nguuram ba mu tëj ci kaso ñu bare ci waa këram. Reylu na képp ci këru Asmoneen ki mënoon na jël nguuram ni Yirkan II ak beneen Aristobul, rakku Mariyamënë bu mu amee 18 at, ndax ni ko nit ñépp bëgge woon. Juróom ñaari at gannaaw bés bi mu takke Mariyamënë, Erodd reylu na ko. Waaye réccu na ci ni mu ko reye woon ba wopp ca. Bi Alegsàndira (*Alexandra*), yaayu Mariyamënë, gisee ne Erodd dafa wopp mu jéema teg ñaari sëtam ci jal bi. Bi ko Erodd yégee mu reylu Alegsàndira. Ci 28 j.K. Erodd àtte na jëkkëru jigéenam, Salome, teg ko dee. Ci 7 j.K. Antipater, doomu Doris, dafa seede lu dul dëgg ñaari doomi Mariyamënë I, Alegsàndar (*Alexandre*) ak Aristobul, ba Erodd gëm ko, reylu leen. Ci 4 j.K. reylu na taawam, Antipater juróomi fan bala mu dee, moom ci boppam. Laata mu dee Erodd dafa tëj bépp boroom kër ci Yerusalem ci estaad bi te santoon rakkam, Salome, mu rey leen ci bés bi mu deeye ngir ñépp jooy. Bi Erodd deeyee, Salome bàyyi na leen ñu ñibbi ci jàmm.
Erodd moo tabaxaat kër Yàlla ga ci Yerusalem, ak ay yeneen tabax yu rey, ak tata yi (Jëf 23:35) te dëgëral miiri Yerusalem. Mu tabax itam benn teeru bu mag ca Sesare. Tabaxaat na dëkku Samari, tudde ko Sebast. Ci 6 j.K., laata Yeesu juddu, Erodd fitnaal na Farisen yi, ndaxte wax nañu ne bi Almasi bi juddoo nguuru Erodd dina tas. Bi Yeesu juddoo, Erodd bu mag ba doon buur ba tey te jéem naa rey Yeesu (Mc 2:1-19; Lu 1:15).
Bi Erodd deeyee ñett ci ay doomam, Erodd Antipas, Filib ak Arkelawus bëggoon nañu nekk buur. Buuru Room Sesaar fal na ku nekk ci ab diiwaan bi mu mana yilif waaye mayul kenn mu nekk buur.

Ndaxte gis nanu biddiiwam ci penku te ñëw nanu ngir màggal ko. »

Bi ko Erodd buur ba déggee, mu daldi jaaxle, moom ak waa Yerusalem gépp. Mu woolu nag sarxalkat yu mag yépp[56] ak xutbakati xeet wa[57], laaj léen fu Almasi bi, maanaam Kirist, wara juddoo. Ñu ne ko: « Ca Betleyem ci diiwaanu Yude, ndaxte lii lañu bind jaarale ko cib yonent:

> “Yaw Betleyem ci diiwaanu Yude, du yaw yaa yées ci njiiti Yude,
> ndaxte ci yaw la njiit di génne, kiy sàmm Israyil sama xeet.”[58] »

Ci kaw loolu Erodd woolu ci kumpa boroom xam-xam ya, di léen ceddowu, ngir xam bu wóor kañ la biddiiw bi feq. Noonu mu yebal léen Betleyem naan: « Demleen fa, seet bu wóor mbirum xale ba. Bu ngeen ci amee lu wóor nag, ngeen xamal ma ko, ngir man itam ma dem màggal ko. »

Ba ñu dégloo buur ba nag, ñu dem. Te biddiiw, ba ñu gisoon ca penku ba, ne tëll jiite léen, ba àgg, tiim fa xale ba nekk. Ba ñu gisee biddiiw ba nag, ñu am mbég mu réya réy. Ñu dugg ca kër ga, gis xale ba ak Maryaama ndeyam, ñu daldi sukk, di ko màggal. Ñu ubbi seeni boyetu alal, may ko wurus ak cuuraay[59] ak ndàbb lu xeeñ lu ñuy wax miir[60].

---

Erodd bu Mag ba amoon na 10 jabar.

[56] **Mc 2:4 *sarxalkat yu mag ya***: Kilifay Yawut ya lañu. Daawuda fal na askanu Aaroona ngir ñu toppatoo liggéeyu kër Yàlla. Mu xàjjale leen ba ñu nekk 24 mbootaay walla kër. Mbootaay mu nekk toppatoo nañu benn ayu-bés ñaari yoon at bu nekk. Mbootaay mu nekk amoon na lenn njiit. Ña nekkoon sarxalkat bu mag ba, ba wàcc ak 24 njiit ya ñoo doon sarxalkat yu mag ya. Ay boroom alal lañu woon te bokk nañu ca kureelu àttekat ya. Lu ëpp ca ñoom bokkoon nañu ca Sadusen ya.

[57] **Mc 2:4 *xutbakati xeet wa***: Xutbakat ya ñoo daan firi yoonu Musaa, di ko aar; maanaam boroom xam-xami yoonu Musaa lañu. Am na ñu bokkoon ca Farisen ya; ñeneen nu bokkoon ca sarxalkat ya; waaye lu ëpp ca ñoom ca mbooloo Israyil lañu jóge. 22 xutbakat ya bokkoon nañu ca kureelu àttekat ya. Naka noonu ay kilifay Yawut ya lañu.

[58] **Mc 2:5-6** Jukki bii ca Mic 5:2 la jóge.

[59] **Mc 2:11 *cuuraay***: Cuuraay bi ñu wax fii ndàbb buy génn ca garab (*Boswellia Carterii, Boswellia Papyrifera, Boswellia Thurifera*) bu fekk ca Arabi, Ecópi ak End la. Mooy meen buy génn bi ñu xottee xas ma, ñu xaar ba mu dëgër. Dafa xeeñ bu neex te jar lu bare. Daan nañu ko jëfandikoo ni latkoloñ ak ca kër Yàlla ga ca seen sarax.

[60] ***ndàbb lu xeeñ lu ñuy wax miir***: Ndàbb la woon, luy génn ni meen ca ay garab yu ñu xotti (*Commiphora myrrha* walla *Commiphora kataf*) yu nekk ca réewi penku. Dafay xeeñ lu neex te jar lu baree bare. Ñu di ko boole ci li ñuy naan, ngir dolliku cawarte. Def nañu ko cuuraay, walla latkoloñ ngir xeeñal yére yi walla lalu séy. Moom lañu daan diw néew yi itam.

Bi ñu ko defee Yàlla artu na léen ci biir gént, ñu baña dellu ca Erodd. Noonu ñu jaar weneen yoon[61], ñibbi seen réew.

### 13. Yuusufa ak Maryaama gàddaay nañu jëm réewu Misra (Mc 2:13-18)

Mc Bi nga xamee ne boroom xam-xam ya ñibbi nañu, benn malaakam Boroom bi feeñu Yuusufa ci gént ne ko: « Erodd mu ngi ci tànki wut xale bi, ngir rey ko; jógal nag, jël xale bi ak ndeyam te nga daw jëm Misra, toog fa, ba kera ma koy wax. »

Yuusufa nag jóg, jël xale ba ak ndeyam, làquji Misra ca guddi ga[62]. Mu toog fa, ba Erodd faatu[63]. Noonu am li Boroom bi waxoon jaarale ko cib yonent[64], bi mu naan:

> « Woo naa sama doom, mu génn Misra. »

Bi Erodd gisee nag, ne boroom xam-xam ya nax nañu ko, mu daldi mer lool. Mu santaane ñu dugg ca Betleyem ak la ko wër, rey xale yu góor ya fa am ñaari at jëm suuf, méngook jamono, ja ko boroom xam-xam ya waxoon. Booba am la ñu waxoon jaarale ko ci yonent Yàlla Yeremi, bi mu naan:

> « Baat jib na ci Rama, ay jooy ak yuux gu réy,
> Rasel[65] mooy jooy ay doomam

---

[61] **Mc 2:12** ***weneen yoon***: Mënuñu jaar 'yoonu maam ya' ca wetu Yerusalem te buur bi yégu ko. Naka noonu fàww ñu jëm kanam sudd ba Ebron, ba noppi jëm Gasa, te ñibbi ca Yoonu Géej ga. Walla ñu dem sudd ba jàll penku ca suddu géeju Xorom, ba noppi ñibbi ca Yoonu Buur ba. Seetal kart 4.

[62] **Mc 2:14** Ca jamono Injiil amoon Yawut yu bare ca Misra. Ca dëkku Alegsàndiri doŋŋ amoon na 1 milyoŋ Yawut ya. Misra, diiwaanu nguuru Room la woon bu bokkul ca nguuru Erodd. Nguuru Erodd dem na ba ca suddu Gasa. Naka noonu Yuusufa ak waa këram daw nañu sudd ba Ebron ba noppi dem sowu ba Gasa (lu tollu 100 kilomet) ak beneen 60 kilomet ba digu Misra bala ñu mana rëcc Erodd. Ba noppi ñu jël yoonu Géej ga sowu-suuf ba Misra. Walla ñu jaar Beerseba ak yoonu Sur. Su fekkee ne dem nañu ba Alegsàndiri dox nañu lu ëpp 600 kilomet. Seetal kart 5.

[63] **Mc 2:15** ***Erodd*** faatu na wéeru mars walla awril atum tubaab 4 j.K..

[64] **Mc 2:15** Yonent bi mooy Ose (Ho 11:1).

[65] **Mc 2:18** ***Rasel***, moo doon jabaru yonent Yàlla Yanqóoba te ndeyu Beñamin ak Yuusufa. Yàlla daje na ak Yanqóoba ca bérab bu mu tudde Betel. Gannaaw ga ñu jóge Betel, jëm Betleyem ca yoonu maam ya. Waaye bi ñu xawa sore Betleyem ba tey, Rasel tollu caw mat, te mat wa metti ba mu faatu fa. Denc nañu ko foofu ca yoonu Betleyem (Ge

te bëggul kenn dëfal ko, ndaxte saay nañu. »

## 14. Ñibsi nañu réewu Israyil (Mc 2:19-23; Lu 2:40 )

*Anam yi: Erodd faatu na weeru mars ci atum tubaab 4 j.K.*

Mc Bi nga xamee ne Erodd faatu na, benn malaakam Boroom bi feeñu Yuusufa ci gént ca Misra, ne ko: « Ñi doon wuta rey xale ba dee nañu; jógal nag, jël xale bi ak ndeyam te nga dellu Israyil. »

Yuusufa jóg nag, jël xale ba ak ndeyam, dellu Israyil. Waaye bi mu déggee ne Arkelawus[66] moo donn Erodd baayam ca nguuru Yude, mu ragal faa dem. Yàlla artu ko nag ci gént, mu daldi dem diiwaanu Galile[67].

---

35:9-20). Tey ji, li ñu wax xabrub Rasel mu ngi ci noru buntu dëkku Betleyem. Waaye 1Sa 10:2 wax na bàmmeelu Rasel moo nekk ca diiwaanu Beñamin (noru Yerusalem) ak Jer 31:15 ca waxin ne na man nañu dégg baatu Rasel ca dëkku Rama (daanaka 10 kilomet ca noru Yerusalem), maanaam bàmmeelu Rasel sorewul Rama. Ca jamono Injiil gëm nañu ne bàmmeelam moo nekkoon ca wetu Betleyem. Ci xalaatinu Yawut ya Rasel dafa misaale yaayi Bànni Israyil. Yonent Yàlla Yeremi wax na ci lu jëm ca jamono waa Babilon jàppe nañu Yudeen ba jaam, yóbbaale léen Babilon, Rasel dafa jooyoon ca bàmmeel bi ñu ko rombee ca yoon jëm Babilon. Macë wax na ne loolu wax na ci lu amoon jamono Almasi bi itam (Jer 31:15).

66 **Mc 2:22** Bi Erodd deeyee ñett ci ay doomam, Erodd Antipas, Filib ak Arkelawus bëggoon nañu nekk buur. Buuru Room Sesaar fal na ku nekk ci ab diiwaan bi mu mana yilif waaye mayul kenn mu nekk buur. ***Erodd Arkelawus***, doomu Erodd bu mag ba, moo falu woon ci diiwaani Yude, Samari ak Idume 4 j.K. bi mu amee 19 at, te nguuru ba 6 g.K.. Ku soxor la woon te xamul yilif. Ca màggalu bésu Mucc ba atu deewu baayam amoon na benn yëngu-yëngu ca kër Yàlla ga ca Yerusalem. Arkelawus yónni na ay xarekatam ak gawar, ñu rey 3.000 nit. Yaayam, Maltas (*Malthrace*) la tudd. Arkelawus ak Erodd Antipas ñoo bokkoon ndey ak baay. Yawut yi ak waa Samari yi jiiñ na ko kor ci kanamu buuru Room ndax coxoram. Buur bi Ogust Sesaar moo ko fuñ ci diiwaanu Gool (*Gaule*), maanaam Farans, ci 6 g.K.. Gannaaw loolu def nañu Yude diiwaan ci suuf nguuru Room, te jawriñ yi buuru Room fal yilifoon fa. Jabaram Mariyamënë (*Mariamne*), doomu Aristobul la, ki mu fase ngir takk Galafira (*Glaphyra*), jëtunu Alegsàndar (*Alexandre*), magam.

67 ***Erodd Antipas***: Beneen doomu Erodd bu mag ba, bu ñuy wax Antipas; moo yilifoon diiwaani Galile ak Pere 4 j.K. ba 39 g.K.. Ku xam yilif la woon. Péeyam moo doon dëkku Tiberyàdd. Erodd Antipas mooy ki Yeesu tudde woon bukki ci Lu 13:31-32. Yonent Yàlla Yaxya ak Yeesu ñoom ñaar ci diiwaan bi Erodd Antipas yilif lañu liggéeyoon. Takkoon na Erojàdd, fekk ne Erojàdd moomu, jabaru Filib magam la woon (Erodd ak Filib bokk nañu baay, waaye bokkuñu ndey). Erojàdd doomu Aristobul, magu Erodd Antipas (Aristobul ak Antipas bokk nañu baay, waaye bokkuñu ndey) la woon. Maanaam Erodd Antipas baay bu ndawu Erojàdd la woon. Ngir takk Erojàdd fase na jabaram, doomu buur bi Aretas. Moo

Mu ñëw nag dëkk ci dëkk bu ñuy wax Nasaret. Noonu am la ñu waxoon ca xale ba, jaarale ko ca yonent ya, bi ñu naan:

« Dees na ko tudde Nasareen[68]. »

Lu Xale baa nga doon màgg, di dëgër, mu fees ak xel te yiwu Yàlla ànd ak moom.

## 15. Yeesu ca kër Yàlla ga (Lu 2:41-52)

Lu At mu jot nag waajuri Yeesu yi daan nañu dem Yerusalem, ngir màggali bésu Mucc ba[69].

---

tax Aretas yónni na ay xarekatam ci xare ngir xeex ak Erodd ba noot ko ci 36 g.K.. Yaxya yedd na Erodd ndax ni mu takke Erojàdd. Erodd tëj na Yaxya kaso, mujj koo reylu (Mc 14:1-12; Mk 6:14-29; Lu 3:19-20; 9:7-9). Gis nañu ne itam Erodd Antipas bokkoon ci àtte Yeesu (Lu 23:6-16; Jëf 4:27). Ci 39 g.K. Erodd Agaripa I moo ko tuumaal ba Sesaar Këlódd toxal ko, moom ak Erojàdd, ci diiwaanu Gool (*Gaule*), maanaam, Farans.

68 **Mc 2:23** Yawut ya daan nañu xeeb waa Nasaret, maanaam Nasareen ya. Amul benn aaya ca Mbind yonent yi buy wax ne 'Dees na ko tudde Nasareen'. Macë wax na ci menn xalaat mi yonent yi indi. Nasareen dafa niroo baatu làkku Yawut ya buy tekki 'car'. Benn ci turi Almasi bi ci Mbind yonent yi mooy 'Car dina génne ci ëkku Yese' (Isa 11:1; Jer 23:5; Zec 3:8; 6:12). Nasareen dara niroo itam beneen baatu làkku Yawut ya, mooy nasiréen, mooy ku giñ beddiku ñeel Yàlla (Nu 6:1-21).

69 **Lu 2:41** Yerusalem ca diirub ***màggali bésub Mucc ba*** xumboon na lool. Su ñu manee, góor ñépp ñu am 20 at jëm kaw war naa feeñ Yerusalem ngir ñett ca màggali Yawut ya (maanaam Bésu Mucc ba; Pàntakot; Màggalu mbaar ya). Jigéen ñi itam manoon nañu dem su ñu neexee, waaye nekkul woon farata. Naka noonu waa kër yépp daan nañu fa dem. Ca jamono Injiil ñu ëpp benn yoon rekk lañu mana aji Yerusalem. Te ñoom ñu sore lool xëy-na benn yoon rekk ci seen diirub dund lañu mana jël yoon ba Yerusalem.
Bésub Mucc ba daa na xew ca Yawut ya ca fukkeelu bés ba ak ñeent ci seen weer wi jëkk, mu daanaka dëppook mars walla awril ci weeri tubaab (De 16:1-8). Moo doon xew-xew bu gëna am maana te ñu fonkoon ko lool. Bànni Israyil daan nañu ca fàttaliku la xewoon ca jamonoy Bànni Israyil nekkoon nañu jaam ca réewu Misra ca jamonoy yonent Yàlla Musaa. Booba la maam ya rendi woon ay gàtt, taqal deret ja ca seeni buntu kër, ba tax Malaakam bóomkat ba teggi seeni kër, baña fàdd taaw yu góor ya. Noonu Yàlla dina léen yiir ci musiba, mi mu nara wàcce ca Misra, te goreel léen, génne léen ca loxoy Firawna, buuru Misra, ba génne léen réew ma. Bésub Mucc ba moo léen fàttali itam seen kóllëreek Yàlla, te ñu ci séenu ñëwug Almasi bi Yàlla digoon.
Su fekkee ne dëkkuloo Yerusalem, màggali bésub Mucc ba lu mel ni genn aj la woon. Ay téeméeri junni nit jóge nañu seen dëkk ci Yude, ci Galile ak ci àddina sépp, ñëw Yerusalem ngir màggal Yàlla, te ñu ëpp ca ñoom dox tànk. Ndax sàcc ak rabi àll yu soxor ca yoon ya, daan nañu àndandook seeni bokk ak seeni dëkkandoo, mbooloo ca ay njëgg. Ñu nekk ca yoon ay fan walla ñoom ña jóge fu gëna sore ay wéer sax. Seetal Kart Routes

---

to Yerusalem (kart 17).
Boroom xam-xam ya bokkuñu xalaat ca ñaata nit ña dëkkoon Yerusalem jamono Injiil. Am na ña yaakaar ne amoon na lu tollu 600.000 nit ña dëkk Yerusalem, ñeneen wax 25.000 nit, ñeneen ci seen diggante. Ñu yaakaar ne waa aj yi ëppoon na ña fa dëkk ñett walla ñeenti yoon. Naka noonu amoon na ay téeméeri junni walla sax ay junni junni nit ñu ñëw aji Yerusalem at mu nekk. Man nga ko mengale ak Màggalug Tuubaa walla Gàmmu Tiwaawan. Dees na ko def ngir amal seen diine. Waaye itam dees na ko def ngir dundal ag bokk, def ay bernde yaatal ko ci lekk ak naan.
Daanaka wenn weer lu jiitu ñépp tàmbali nañu waaj dëkk bi. Ñu defar yoon ya ak pom ya, te weexal bàmmeel ya. Ñu defar yére yu bees, di waajal fu ñu dalal gan. Ñu defar fuur yu bare ya ñu soxla woon ngir togg yàpp wa. Te jaaykat ya yokk lu ñu am ngir jaay. Tamit lu ëpp ca yengu-yengu mbooloo ma, ca jamono aj lañu woon. Naka noonu màggal gu nekk, rawatina Màggalu bésub Mucc ba, boroom réew ma daan na indi ay junni xarekat Yerusalem, ñu nekk ca tata ja ca wetu kër Yàlla ga.
Foog nañu ne ñépp ña aji taq nañu sobe ndax bàmmeel ya dul gis ca yoon. Naka noonu waa aj ya daan nañu agsi lu ëpp benn ayu-bés lu jiitu, ndax ayu-bés la seen setlu soxla laata ñu mana bokk ca màggal ga. Dëkk bi feesoon na dell. Ci seeni aada teraanga amoon solo. Ñu dal ca seeni bokk, walla sax ca këri nit ña ñu xamul woon. Ñeneen dëkk ca tànt ca booraanu dëkk ba, walla ca jàngu ya. Ca fan ya, ñu dugg ca ja bu xumb yu fees ak yëf yu jóge yeneen diiwaan ak yeneen réew yu faralula feeñ yu dul ca màggal yu mag ya. Fo bokkul woon. Li ñu bëggoon mooy toog ca pénc ya, di wut xibaar, waxtaan ci diine, woy, cax te léeb. Walla dem waaru ca kéemaanu kër Yàlla gu bees. Te ca ëtti kër Yàlla ga, xutbakat yu siiw ak boroom xam-xam ya doon wëndéelu ca réew ma daan nañu fa jàngle.
Daan nañu lekk saraxu màggal ci géewu fukki nit ba ñaar fukki nit. Bala ñu mana jënd am xar, fàww ñu wecci xaalisu Room ngir siikal, mooy xaalisu kër Yàlla, bu amul màndargam nit ni xaalisu Room ame. Kenn ca ñoom dem jënd am mbote bu am at ca daral kër Yàlla ga. Walla boog ñu indi li ñu jënd feneen ca sarxalkat ya ngir ñu feddali ne amul sikk walla gàkk. Bés bu jiitu màggal ga, ñu wara jële seeni kër luy lawiir di ko lakk. Ca bésu màggal ga ñu indi seen gàtt ba kër Yàlla ga. Sarxalkat ya ñu rendi ko fa daanaka 3 waxtu ci ngoon ba 5 waxtu ci ngoon, dajale deret ja ca ay këllu wurus, ba noppi tuur ko ca suufu sarxalukaay ba, wékk ko, di ko fees. Ñu jël ci nebbonam di ko lakk ca sarxalukaay ba. Ba noppi ñu jox mbote ma ka ko indi, mu yóbbaale ko ngir togg ko cib fuur, lekk ko ba jeex ca seen bernde. Ca ay waxtu sarxalkat ya daan nañu rendi ay fukki junni xar!
Sañul ñu lekk ko laata jant so. Reer bi feesoon na dell ak ay misaal: yàppu mbote wi ñu lakk cib taal mooy misaale sarax suy jot nit, di léen fàttaliku itam yonent Yàlla Ibraayma mi saraxe doomam Isaaxa; mburu mu amul lawiir mooy sellaay, amul bàkkaar; xob yu wex mooy coonob njaam; ndoxu xorom mooy rangooñu fitna ak rangooñu mbégte; nen bu ñu togg cib taal mooy juddu bu bees; ñeenti kaasu ndoxum reseñ moo di misaale ñeenti jëf yi léen Yàlla defoon ca Ex 6:6-7 (yiwi léen ba teggil léen njaam, génne léen, jot léen, def léen ay gaayam).
Ca jamono Injiil ñu sóonu ca lal, wër ab lekkukaay, tànk féete gannaaw ngir lekk. Diggante ñaareel bi kaas ak ñetteel bi ñu nettali ni Yàlla génnee léen Misra, ak lu mu tekki.
Màggalu bésub Mucc ba benn fan rekk la woon. ***Màggalu ayu-bésu Mburu ma amul***

Noonu bi Yeesu amee fukki at ak ñaar[70], ñu dem màggal ga, ni ñu ko daan defe naka-jekk. Bi màggal ga tasee, ñu dëpp ñibbi, waaye xale ba Yeesu des Yerusalem, te ay waajuram yéguñu ko. Ñu xalaat ne, Yeesu dafa àndoon ak ñeneen, ñi ñu bokkaloon yoon. Bi ñu doxee bésub lëmm, ñu tàmbali di ko seet ci seen bokk yi ak seen xame yi. Bi ñu ko gisul nag, ñu daldi dellu Yerusalem, seeti ko.

Ca gannaaw ëllëg sa ñu fekk ko ca kër Yàlla ga, mu toog ci jànglekati Yawut yi, di déglu ak di laajte. Ñépp ñi dégg li mu wax yéemu ci xel, mi mu àndal, ak ni mu doon tontoo. Naka la ko waajuram yi gis, ñu daldi waaru. Yaayam ne ko: « Sama doom, lu tax nga def nu lii? Man ak sa baay nu ngi la doon seet, jaaxle lool. » Mu ne léen: « Lu tax ngeen may seet? Xanaa xamuleen ne damaa wara nekk ci sama kër Baay? »

Waaye xamuñu li kàddoom yi doon tekki. Noonu Yeesu daldi ànd ak ñoom, dellu Nasaret te déggal ay waajuram. Fekk yaayam moom takk mbir yooyu yépp ci xolam. Yeesoo ngi doon màgg ci jëmm, tey yokku ci xam-xam te neex Yàlla ak nit ñi.

***lawiir*** topp ca (Ex 12:14-20; 13:3-10; Le 23:5-14; De 16:1-8). Ca jamono Injiil boole nañu léen ba ñu nekk genn màggalu 8 fan. Ca la Yawut ya daan baña lekke mburu mu am lawiir, di misaal ni seen xol wara selle fa kanam Yàlla, di fàttaliku ayu-bés bu jëkk ba ca seen gàddaay Misra, maanaam yàkkamti ga ñu génne woon réewum Misra. Bés bu jëkk ca Màggalu ayu-bésu Mburu mu amul lawiir ba (bés bu topp bésub Mucc ba) ak bu mujj ba ay bési noflaay lañu. Ñaareel bi fan yóbbu nañu ci sarxalkat bi takku lors bi ñu jëkka góob. Sarxalkat bi yékkati takk bi, jébbal ko Aji Sax ji (Le 23:10-12). Gannaaw ga sañ na, ñu àggale ngóob ma. Tamit bés bu nekk ñu defal ci Aji Sax ji ay sarax yu ñu koy taalal, muy sarax sees di lakk mu jeex, te di ñaari yëkk yu ndaw, ak menn kuuy, ak juróom-ñaari xari menn at (Le 23:8; Nu 28:19–24).

[70] **Lu 2:42 *am fukki at ak ñaar***: Ci diine Yawut ji, xale bu góor bu am 13 at la nekk mag, maanaam nekk doomu kóllëreg Yàlla, te wara sàmm ay santaaneem, te gàddu seen bàkkaaru bopp. At bu jiitu at boobu, bu xale amee 12 at, ñu tàmbali waajal seen bopp, di jàng, te wóor ci diirub benn fan.

# Saar 3. Yeesu: yégle nañu ko, nattu ko te Yàlla nangu ko

## 16. Waareb Yaxya (Mc 3:1-12; Mk 1:2-8; Lu 3:1-18)

*Anam yi: Yaxya feeñu na bànni Israyil ca fukkeelu at ak juróom ci nguuru Tibeer Sesaar, buuru Room. Tibeer Sesaar moo jot nguuram ci atum tubaab 14 g.K.. Am na werante ci ni ñu lime ati nguuram. Waaye dañu yaakaar ne diggante weeru ut at 28 g.K. ak weeru desàmbar 29 g.K. ci la Yaxya feeñ. Yaxya daan na sóob nit ñi ci dexu Yurdan rawatina ci wetu dëkku Betani ci penku dex ga. Kenn xamatul fu Betani nekkoon.*

Lu [71]Fukkeelu at ak juróom ci nguuru Tibeer Sesaar[72], fekk Poñsë Pilaat[73]

---

[71] Seetal kartu Lu 3:1 (Kart 6).

[72] **Lu 3:1 *Tibeer Sesaar***: Buuru Room bu ñu wax Sesaar ci jamono Yeesu la woon. Donnoon na nguuram ca Ogust ca atum tubaab 14 g.K. bi mu amee 56 at. Nguuru na ba mu dee ca 37 g.K.. Am na werante ci ni ñu lime ati nguuram, ndaxte mu bokk nguur ak Ogust 12-13 g.K.. Naka noonu xamuñu kañ la fukkeelu at ak juróom mi tàmbali. Waaye lu gëna wóor mooy fukkeelu at ak juróom mi nekk diggante weeru ut at 28 g.K. ak weeru desàmbar 29 g.K.

[73] **Lu 3:1 *Poñsë Pilaat***: Ca jamono Injiil ji, xaw na mépp réew bokkoon na ca nguuru Room. Naka noonu buuru Room, Sesaar, dafa nguuru ci kaw ñépp. Moom nag, teg na ay nit ngir ñu yilif réew yi walla diiwaan yi. Amoon na ñi nekkoon buur mu bàyyi leen ñu nguuru ba tey ci suufam. Walla mu fal ci kilifa xeet yi ñu mana yilif seen xeet. Ci Injiil ñu tudd leen ‘buur’. Walla mu fal ci ay gaayam ngir ñu yilif ci turam, ni jawriñ yi tudd tey jii ci làkku tubaab, guurwernëer. Ci Injiil ñu tudd leen ‘boroom réew ma’. Ca jamono Yeesu ji, waa Room teg nañu diiwaanu Yude ci suufu réewu Siri. Péeyu diiwaanu Yude fu boroom réew ma dëkk, Sesare la woon. Foofu mu am 120 gawar ya ak 2.500 ba 5.000 xarekat ya te meneen mbooloom xarekat ca Yerusalem. Boroom réew mi doŋŋ amoon sañ-sañ ngir àtte nit ñi, teg ko dee.
Poñsë Pilaat moo taxawaloon nguuru Room ci diiwaanu Yude, ca atum tubaab 26 ba 36 g.K.. Maanaam boroom réew ma ca jamono Yeesu ja la woon (Lk 3:1). Moo joxe ndigal, ñu rey Yeesu mu tedd mi (Mc 27:2,11-26; Mk 15:1-15; Lu 23:1-7,11-25; Yow 18:28-19:16). Kenn ku tudd Lusiyus Seyan moo boole Pilaat ak Sesaar ba ñu fal ko boroom réew Yude. Seyan moo doon diglekatu Sesaar. Dafa siboon Yawut ya ba tuumaal Yawut ya nekkoon Room ca kanamu Sesaar ngir ñu rey léen.
Pilaat moom ku soxor la woon. Ay yoon jëfam indi na yengu-yengu. Benn yoon teg na màndarga yàllay Room ca kër Yàlla ga. Beneen yoon nangu na xaalisu kër Yàlla ga ngir defar ab wayuwaay ndox. Gannaaw yengu-yengu ba rey na ñu bare. Injiil wax na itam ci ni Pilaat tuure woon deretu waa Galile yi benn bés ca Yerusalem (Lu 13:1). Faalewul Yawut ya ndax gëm na ne Seyan dina ko aar ca buur ba. Waaye ci atum tubaab 31 g.K. Seyan jéem na nangu nguuru Sesaar. Tibeer moo ko reylu ca sax sa, ba noppi wut képp ku bokk ca moom. Gannaaw ga Sesaar xamoon na ne tuuma ya mu déggoon ci lu jëm ca

yilif diiwaanu Yude, Erodd[74] yilif diiwaanu Galile, Filib[75] magam yilif

Yawut ya tuuma neen lañu woon. Mu sant ay jawriñam fépp ca nguuram jox aada xeet ya cér. Gannaaw ga Pilaat dafa ragaloon Yawut ya boole ko ak Sesaar. Moo tax mu nekk ci sikki-sàkka bi mu àttee Yeesu.

[74] **Lu 3:1** ***Erodd Antipas***: Beneen doomu Erodd bu mag ba, bu ñuy wax Antipas; moo yilifoon diiwaani Galile ak Pere 4 j.K. ba 39 g.K.. Péeyam moo doon dëkku Tiberyàdd. Erodd Antipas mooy ki Yeesu tudde woon bukki ci Lu 13:31-32. Yonent Yàlla Yaxya ak Yeesu ñoom ñaar ci diiwaan bi Erodd Antipas yilif lañu liggéeyoon. Takkoon na Erojàdd, fekk ne Erojàdd moomu, jabaru Filib magam la woon (Erodd ak Filib bokk baay, te bokkuñu ndey). Erojàdd doomu Aristobul, magu Erodd Antipas (Aristobul ak Antipas bokk baay, te bokkuñu ndey) la woon. Maanaam Erodd Antipas baay bu ndawu Erojàdd la woon. Ngir takk Erojàdd fase na jabaram, doomu buur bi Aretas. Moo tax Aretas yónni na ay xarekatam ci xare ngir xeex ak Erodd ba noot ko ci 36 g.K.. Yaxya yedd na Erodd ndax ni mu takke Erojàdd. Erodd tëj na Yaxya kaso, mujj koo reylu (Mc 14:1-12; Mk 6:14-29; Lu 3:19-20; 9:7-9). Gis nañu ne itam Erodd Antipas bokkoon ci àtte Yeesu (Lu 23:6-16; Jëf 4:27). Ci 39 g.K. Erodd Agaripa I moo ko tuumaal ba Sesaar Këlódd toxal ko, moom ak Erojàdd, ci diiwaanu Gool (*Gaule*), maanaam, Farans.

[75] **Lu 3:1** ***Filib***: Doomu Erodd bu mag ba la woon itam, di rakku Erodd Filib. Yaayam Kaleyopatëre (*Cléopâtre*) la tuddoon, mooy juróom ñaareelu jabaru Erodd. Bi baayam gaañoo, buur bi Ogust Sesaar fal na ko mu yilif wàllu diiwaani Iture (*Iturée*), Goolanit (*Gaulanitide*), Tarakonit, Oranit (*Auranitide*) ak Batane (*Batanée*); maanaam diiwaan yi ci penku-kawu dexu Galile. Ñi bokk ci diiwaan yi ñooy Naar yi, Gereg yi ak waa Room. Barewul Yawut. Ci diirub 37 at la nguuru, 4 j.K. ba 33/34 g.K.. Dafa tabaxaat dëkku Paneyas (moo tudd tey jii Bañas (*Banias*)) tudde ko Sesare bu Filib (Mc 16:13; Mk 8:27). Salome, doomu magam, Erodd Filib, ak Erojàdd la takk. Erojàdd moomu mooy doomu beneen ci ay magam, Aristobul. Naka noonu Salome mooy doomu benn ci magi Filib di sëtu beneen bi. Amuñu woon doom. Ci 34 g.K. la dee.

diiwaanu Iture[76] ak bu Tarakonit[77], te Lisañas[78] yilif Abilen[79]. Te it Anas[80]

[76] **Lu 3:1 *Iture***: Diiwaan bu ndaw la woon ci penku-kawu Galile ak sowu Damas. Xamuñu ne tembe ay digam. Waa Iture ca wàll wu suddu tundi Anti-Libaŋ lañu nekkoon, ñu wàcc ba nootoon ña nekkoon ca xuru Bekaa wu nekk diggante tundi Libaŋ ak tundi Anti-Libaŋ daanaka 200 at lu jiitu jamono Kirist. Seen péey Xalkis la woon. Li ñu wax Libaŋ tey ji lépp bokkoon na ca seen nguur. Gannaaw ga waa Yude ñëw noot léen ca jamono Makabe, ba noppi Pompee ak waa Room ñëw nangu ko. Pompee jox na waa Iture dëkku Paneyas, diiwaanu Goolanit ak dexu Yula. Amoon ca gox ba sàcc ak saay-saay ya doon fitnaal gaay yi. Naka noonu ca atum 47 j.K. nguuru Room jox na diiwaan ba Erodd bu mag ngir mu yilif ko ak doole, di wàññi kàttanu sàcc ya. Ca atum 37 j.K. Màrk Antwaan, benn kilifa Room nangu na Iture, Samari ak wàlli Nabateen, jox ko Kaleyopatërë, buur bu jigéenu Misra. Benn waa Iture ku tudd Senodor luwe wàllu Iture bu sudd ca Kaleyopatërë. Mooy diiwaanu Sesare bu Filib ak Goolanit. Waaye mu ànd ak sàcc ya daan fitnaal waa Damas. Waa Damas jooy ko boroom réewu Siri, mu nangu suufu Senodor, joxaat ko Erodd, boole ca Tarakonit, Oranit ak Batane. Bi Erodd gaañoo, wàllu Iture woowu bokkoon na ca la ñu joxoon doomam Filib. Seetal kart 7.

[77] **Lu 3:1 *Tarakonit***: Turu benn diiwaan la woon, ca penku-kawu Palestiin te ca bëj-saalumu Damas. Maanaam, mooy bëj-saalumu réewu Siri tey jii. Diiwaan bi mooy genn kawu tund gu maase te yaatu ba yaatuwaay tollook 900 kilomet kaare. Waaye lu gëna bare màndiŋ ma la. Ca tur “Tarakonit” Luug boole na 3 diiwaan: mooy Batane, Oranit ak Tarakonit. Seetal kart 7.

[78] **Lu 3:1 *Lisañas***: Boroom diiwaanu Abilen ca 29 g.K.. Xamuñu dara ci moom.

[79] **Lu 3:1 *Abilen***: Diiwaan bu ndaw la woon, ci Siri ci diggante tundi Anti-Libaŋ ak Damas. Diiwaan ba laaw na dëkk bu tuddoon Abila. Abila sore woon na Damas ca sowu-kaw lu tollu 29 kilomet. Bi Yaxya tàmbalee waare Lisañas moo ko yilifoon. Gannaaw loolu bokk na ci nguuru Erodd Agaripa II, ba noppi ñu boole ko ak diiwaanu Siri. Seetal kart 7.

[80] **Lu 3:2 *Anas***: Sarxalkat bu mag ba la woon. Sarxalkat bu mag moo doon yilif diine, yilif itam réew mi. Mu jiite lépp lu am ca kër Yàlla ga, ak xaalisam, ak ay alkaateem. Moom doŋŋ moo mana def saraxu bésub Njotlaay at bu ne. Moom moo nekkoon itam njiitu kureelu àttekat ya, ñu dogal lépp ca wàllu diine ak ca wàllu yoonu réew ma wi nguuru Room may léen.
Kiriñus, boroom réewu Siri moo ko fal sarxalkat ci at 6 walla 7 g.K.. Waaye Waleriyus Garatus, boroom réewu Yude, folli na ko ci at 15 g.K.. Mu fal ci palaasam ku ñu wax Ismayel. Waaye Anas fexe na ba ñu fal ñeent ci ay doomam yu góor ak jëkkëru doomam bu jigéen, ñu nekk sarxalkat bu mag ba diggante atum 16 g.K. ak 44 g.K.. Gannaaw bi ñu follee Anas, ba tey baatam dafa sax di am sañ-sañ bu baax. Naka noonu Anas ak Kayif bokkoon nañu ci liggéeyu sarxalkat bu mag ba ca jamono ji Kirist liggéeyoon. Kayif moo yor tur waaye Anas yor kàttan gi. Kayif takk na doomu Anas. Anas bokkoon na ca Sadusen ya.
Ca jamono Injiil nguuru Room moo fal sarxalkat bu mag ba. Faluñu kenn lu dul mu far ak Room. Te ña bëgga nekk sarxalkat bu mag daan nañu ko jënd.
Anas, boroom alal la woon, te boroom doole. Waaye alalam ak kàttanam ca ger ak neexal

ak Kayif[81] nekkoon sarxalkat yu mag ya. Ca jamono jooja la kàddug Yàlla wàcc ci Yaxya, doomu Sakari, ca màndiŋ ma.

Mc Ca jamono jooja, Mk ni ñu binde ci téereb yonent Yàlla Esayi naan: « Maa ngi yónni sama ndaw ci sa kanam, mu xàllal la sa yoon.[82] » Lu Yaxya daldi dugg àll, bi wër dexu Yurdan gépp, Mc ca màndiŋu Yude, Lu di waaree nii: Mc « Tuubleen seeni bàkkaar, Lu ba noppi ma sóob leen ci ndox[83], ngir Yàlla baal leen seeni bàkkaar, Mc ndaxte nguuru Yàlla Aji Kawe ji jege na[84]. »

Mc Yaxya mooy ki ñu doon wax jaarale ko ci yonent Yàlla Esayi[85], bi mu naan:

---

la jóge. Laata waa Israyil manoon nañoo jébbal Yàlla seeni sarax ca kër Yàlla ga, fàww sarxalkat ya àtte ko, seede ne amul sikk. Te ña ko àtte faraloon nañu fekk ay sikk ca gàtt yu ñu indi. Naka noonu ñu fekk ne moo gënoona yomb ñu jënd gàtt ca daralu sarxalkat ya. Waaye kër Anas moo ko moom te daan nañu jaay gàtt ya ca njëg gu réy-a-réy. Teg ci ñu wara wecci seen xaalis di jënd xaalisu kër Yàlla ga ngir fey seen warugar. Weccikatu xaalis teg na ci tono lu réy te sarxalkat bu mag ba moo moomoon weccikat ya. Loolu bokkoon na ca lu tax Yawut ya sib nañu Anas ak waa këram.

81 **Lu 3:2** Yosef ***Kayif***: nekkoon na sarxalkat bu mag ba ca diggante 18 g.K. ba 36 g.K.. Takk na doomu Anas, maanaam Anas moo doon goroom. Bokk na ca Sadusen yi. Ca 1990 fekk nañu xabroom ca Abu Tor, ñaari kilomet ca suddu Yerusalem.

82 **Mk 1:3** Jukki bii ca Esayi 40:3 ak Malasi 3:1 la jóge. ***Malasi***, yonent la woon ca jamono gannaaw njaam ga ca Babilon daanaka 400 at lu jiitu jamono Yeesu.

83 **Mc 3:6; Mk 1:4; Lu 3:3 *sóob ci ndox***: Yawut ya daan nañu setlu ak ndox, di sangoo ndox mu balle ci bëtu ndox (Le 15:13; Ex 19:10). Tamit daan nañu sóob ci ndox yu dul Yawut yu bëgg tuub ci yoonu Yawut ya. Waaye ni Yaxya daan sóobe ci ndox lu bees la woon. Yaxya daan na sóob nit ñi ci ndox, ndax bi ñu tuubee seeni bàkkaar, li ñu wara wone ci seeni jëf. Lu mu tekki ak lu mu def wuute na ak li Yeesu santaane woon, ñu sóob nit ñi ca ndox (Jëf 18:25; 19:3-4).

84 **Mc 3:2 *nguuru Yàlla jege na***: Nguuru Yàlla mooy fu Yàlla nguuru. Du bérab walla réew. Nekkin la. Xalaat bi ca yonent Yàlla la jóge, rawatina yonent Yàlla Dañeel (Da 7:13,14; 2:44; Isa 9:6,7 11:1-10 Mic 4:1-8; Jer 23:5,6 Eze 37:24; 1Ki 2:4 8:25 Jer 33:17). Dafa wax ca ñëwu Almasi bi. Bi ñu wax ne jege na, dafa bëgg wax ne jamono ji Almasi bi nara feeñ jot na. Ca jamono Yeesu, ñépp doon xaar Almasi bi Yàlla digoon, mu wara jël nguuru Daawuda. Ñu yaakaar ne Almasi boobu dina leen musal ca nguuru Room, di tas seeni noon, indi nguuru Yàlla fi ci àddina si. Te ñu yaakaar ne itam bépp Yawut bokk na ci ndax juddu na ca Yawut ya. Waaye waxu Yaxya waroon na léena bett, mu wax ne ñu wara tuub ngir bokk ci.

85 **Lu 3:4, Mc 3:3** Jukki bii ca Esayi 40:3-5 la jóge. ***Yonent Yàlla Esayi***, yonent bu mag ca réewu Yuda la woon, bu jamonoom jiitoo woon juróom-ñaari téeméeri at jamonoy Kirist. Wax na lu bare ci ñëwug Almasi bi, xanaa juddoom, liggéeyam, deeyam ak ndekkiteem.

> Lu « Am na baat buy xaacu ca màndiŋ ma ne: "Xàll-leen yoonu Boroom bi, jubal-leen fi muy jaar.
> Nañu sëkk xur yi, maasale tund yi ak jànj yi. Yoon yi dëng ñu jubbanti léen, yi ñagas ñu rataxal léen.
> Bu ko defee bépp mbindeef dina gis mucc gi Yàlla tëral." »

Mc Yaxya nag mu ngi soloon mbubb mu ñu ràbbe kawaru giléem, takk geñog der ci ndiggam[86]. Ay njéeréer la doon dunde ak lem. Noonu ñépp génn jëm ci moom, ñi dëkk Yerusalem ak diiwaanu Yude, ak waa dexu Yurdan. Ñu nangu seeni bàkkaar, Yaxya sóob léen ca dexu Yurdan.

Noonu ay Farisen[87] ak ay Sadusen[88] yu bare ñëw ci Yaxya, ngir mu sóob léen ñoom itam ca dex ga. Waaye bi léen Yaxya gisee, mu ne léen: « Yéen ñi fees ak daŋar mel ni ay co[89], ku leen artu, ngeen daw merum Yàlla mi nara wàcc? Jëfeleen nag ni ñu tuub seeni bàkkaar, te buleen wax ci seen xel naan: "Nun daal doomi Ibraayma lanu," ndaxte maa ngi leen koy wax, Yàlla man na sàkkal Ibraayma ay doom ci doj yii. Sémmiñ wi tiim na

---

[86] **Mc 3:4; Mk 1:6 *soloon mbubb mu ñu ràbbe kawaru giléem, takk geñog der ci ndiggam***: Yaxya dafa solu ni yonent Yàlla Ilyaas (2Ki 1:8). Yonent Yàlla Malasi ne na Ilyaas dina feeñaat laata Almasi bi ñëw (Mal 4:5–6).

[87] **Mc 3:7 *Farisen***: Tariixa la woon ci biir Yawut yi. Sawar nañu woon ci sàmm yoonu Musaa, waaye boole nañu ci seeni aada, ba seen njaamug Yàlla mujja nekk ngistal ak naaféq, te làmboo xeebte ci ñi bokkul ci ñoom.
Dañu doon teg maanaa ci lu mel ni sangu set, koor, ñaan ci kanamu nit ñi, ak sàkk asaka. Gëm nañu ci malaaka yi, jinne yi ak rab yi, ci Almasi bi wara ñëw, ci bés pénc mi ak ndekkite li. Ci wàllu nguur, gëm nañu ne Yàlla mooy buur bi. Yaakaar nañu ne amoon na lu tollu 6.000 nit ñi bokk ci Farisen yi ci jamono Yeesu.
Mbooloo ma moo léen jox cér bu réy, ànd ak ñoom, ba tax Sadusen yi yoroon kàttan ak buur bi sax war nañoo topp seen ndigal. Amoon na ay Farisen ca kureelu àttekat ya.

[88] **Mc 3:7 *Sadusen***: Tariixa lañu woon ci biir sarxalkat ya. Yaakaar nañu ne amoon na lu tollu 3.000 nit ñi bokk ci Sadusen yi ci jamono Yeesu. Lu ëpp ca ñoom bokkoon nañu ca boroom alal ya ak boroom doole ya, te ca ñoom la sarxalkat yu mag jóge. Te ñu ëpp doole ca kureelu àttekat ya. Daan nañu far ak nguuru Room ngir yokk seen kàttan ak seen alal. Waaye loolu bokkoon nañu ci lu tax waa Israyil xeeb léen. Topp nañu Tawreetu Musaa ne tembe ni ñu ko gise. Wutuñu yeneen tekki walla kumpa ci biir wax ji. Ci dëgg-dëgg Sadusen, mbootaayu politig la gëna niroo mbootaayu diine. Sadusen yi nanguwuñu ne dara am na ci ndekkite mbaa malaaka mbaa rab.

[89] **Mc 3:7; Lu 3:7 *Yéen ñi fees ak daŋar mel ni ay co***: Bi Yaxya tuddee léen 'co' dafa léen di saaga. Ca jamono gëm nañu ne doomu co daan na lekk biiru yaayam, rey ko, ngir juddu. Waxin la woon buy wax ca coxor ak mbon, walla ca naaféq yu muus yu nax nit ñi, réeral léen. Jaan dina daw ca kanamu daay, waaye du soppiku. Ñu sóob la ca ndox waaye àndul ak soppiku doyul nga rëcc merum Yàlla.

reeni garab yi. Garab nag gu meññul doom yu baax, dees na ko gor, sànni ko ci sawara si. »

[Lu] Mbooloo ma laaj ko ne: « Lan lanu wara def nag? » Mu ne léen: « Ku am ñaari mbubb, nga jox menn mi ki amul. Ku am ñam itam, nga bokk ko ak ki amul. »

Ay juutikat[90] itam ñëw ca Yaxya, ngir mu sóob léen ci ndox; ñu ne ko: « Kilifa gi, lu nu wara def? » Mu ne léen: « Laajleen rekk lu jaadu. »

Ay xarekat[91] laaj nañu ko ne: « Li jëm ci nun nag? » Mu ne léen: « Buleen néewal doole kenn, jël xaalisam ci kaw ay tëkku mbaa ci seede lu dul dëgg. Waaye doylooleen li ñu leen di fey. »

Mbooloo maa ngay xaar, di séentook a laaj ci seen xel, ndax Yaxya mooy Almasi bi. Noonu Yaxya wax léen ñoom ñépp ne léen: [Mc] « Man maa ngi leen di sóob ci ndox, ci lu ànd ak tuub seeni bàkkaar. Waaye kiy ñëw sama gannaaw moo ma ëpp kàttan, ba yeyoowuma koo yóbbul sax ay

---

[90] **Lu 3:12 *juutikat***: Nguuru Room daan na feyloo waa réew yu ñu nootoon ay juuti ak galag. Diiwaanu Yude bokkoon na ci. Amoon na galag gi ñu tegoon képp ku nekk ak ca lépp li nga moom. Amoon na itam juuti, benn cér ca téeméer, bi ñu tegoon ca njaay, maanaam, lépp li ñu jaay, ak lépp li ñu yóbbaale ca yoon walla dex diggante diiwaan ya ngir jaay. Fépp fu ñu dem ñu wara wàcc seen bagaas ba xam lan moo nekk ci biir. Amoon na juuti itam ca ngóob ma, mooy benn cér ca fukk ca pepp ya ak benn cér ca juróom ca biiñ, doomu garab ya ak diwu oliw ga. Man nañu ca dolli itam warugaru diine, sarax ya, ak lempo ba njiiti dëkk ba laaj ngir defar dëkk ba, jàngu ba ak ñoom seen.
Ca gox bu nekk nguur ga daan na jaay sañ-sañu laaj juuti ak galag. Ku ñu ko jaay, njiitu juutikat la. Moom mu fey nguur ga lépp lu jiitu ba noppi dem wut xaalis bi ca waa gox ba. Naka noonu boroom alal rekk moo ci bokkoon. Moom mu fekk juutikat ya ko liggéeyal yu dem, teg seen wàllu bopp ca kaw juuti bi nguuru Room laaj. Dafa doon dëng ba ñu dajale alal ju lewul yu bare, ba ñu xalaat ne ay sàcc lañu rekk. Xam nga ne kenn bëggul fey juuti walla duwaañ. Lu gëna bon ca bëtu waa jamono jooja, juutikat ya ñoo doon liggéeyal seeni noon, maanaam waa Room. Loolu moo tax Yawut ya teg nañu juutikat ya ni ñu génn aw xeet ak ab workatu réew, ba tax ñu sib léen. Ñu teg léen itam ku taq sobe la, ndax ni ñu boole seen bopp ak ñi dul Yawut ya. Te kër gu nekk mu dugg taq na sobe itam. Ku lekk ak moom nga taq sobe. Kenn bëggu léena xam di nekk seen xarit, ku dul ku bon ka walla ku ñu bañ ba noppi.

[91] **Lu 3:14 *xarekat***: Ca Yude ca jamono jooju, amoon na ay fànni xarekat te xamuñu ban ci ñoom ñoo ñëw ca Yaxya. Nguuru Room amoon na ay mboolooy xarekat ca Yude ak Pere, waaye ndegam ña dul Yawut lañu, xam naa ne du ñoom. Erodd Antipas ak Filib itam amoon nañu seen ay xarekati bopp. Te juutikat ya amoon nañu ay xarekat ngir wottu léen. Xarekat ya daan nañu jëfandiku seen doole ngir nangu xaalis ca waa réew mi.

dàllam. Mk Yeyoowuma sax sëgg, ngir tekki ay dàllam[92]. Mc Kooku dina leen sóob ci Xel mu Sell mi ak sawara. Layoom mu ngi ci loxoom, ngir jéri dàgga ja, ba mu set; pepp ma dina ko def ca sàq ma, waaye xatax ba dina ko lakk ci sawara su dul fey mukk.[93] »

Lu Noonu Yaxya teg ca yeneen dénkaane yu bare, di yégal nit ña xibaaru jàmm ba.

### 17. Yaxya sóob na Yeesu ci dexu Yurdan (Mc 3:13-17; Mk 1:9-11; Lu 3:21-22)

Mc Booba Yeesu jóge Mk dëkku Nasaret ci diiwaanu Galile, Mc ñëw ngir Yaxya sóob ko ca dexu Yurdan[94]. Waaye Yaxya gàntu ko ne: « Man maa soxla nga sóob ma ci ndox, te yaa ngi ñëw ci man! » Yeesu tontu ko: « Bàyyil noonu, ndaxte war nanoo mottali lépp lu jub. » Noonu Yaxya nangu.

Bi ko Yaxya sóobee ca dex ga, Yeesu génn Mk ndox mi. Mc Ca saa sa asamaan yi daldi ubbiku, te Yaxya gis Xelum Yàlla wàcc ci melow pitax, ñëw ci kaw Yeesu. Mk Te baat bu jóge asamaan jib ne: « Yaa di sama

---

[92] **Mc 3:11; Mk 1:7; Lu 3:16 *yeyoowumaa tekki ay dàllam***: Ca jamono Injiil jaam rekk moo tekki dàllu keneen. Ab taalibe daan na def seen sang lépp li jaam yi defoon seeni sang lu dul tekki dàllam. Naka noonu Yaxya dafa bëggoona wax ne yeyoowul sax nekk jaamu Yeesu.

[93] **Mc 3:11 *sawara su dul fey mukk***: Ñi ko déggoon waroon nañu xalaat ca li ñu bind ca Mbindu Yonent ma ca Yowel 2:28-29 ak ca Malasi 3:2-5. Yowel nee na Yàlla dina tuur Xelam ci kaw nit ñépp (seetal itam Jëf 2:16-21). Malasi nee na Yàlla day àtte di setal ak sawara nit ñu bëgg dugg nguuru Yàlla. Ñi tuub Yeesu dina léen sóob ci Xel mu Sell mi. Ñi ci des mu àtte léen ak sawara. Gis nañu ni Xel mu Sell jëkkee wàcc ca kaw ndawi Kirist ca Jëf 2:1-11.

[94] **Mc 3:13; Mk 1:9 *Yaxya sóob ko ca dexu Yurdan*:** Am na ay xalaat ci lu jëm ca bérab fu ñu yaakaar Yaxya sóoboon Yeesu ca ndox. Tey ji lu ëpp ca boroom xam-xam ya gëm nañu ne ca Wéd Xarar ci réewu Jordaani la woon, mooy Betani ca gannaaw dexu Yurdan. Ca booru penku dexu Yurdan ca penku Yeriko la nekk. Cosaankat ya gas suuf fekk nañu fa 11 egliis yu bokk ci tabaxinu nguuru Bisantiin yu ñu tabaxoon ca xarnu gannaaw jamono Kirist, genn këru làbbe, ay làquwaay, ak ay bëtu ndox.
Amoon na ña foog ne ca booru sowu dexu Yurdan la woon, mooy li ñu wax tey ji Kasir-al-Yawud. Ñeneen ca dëkk bu ñu wax tey ji Yardenit fu dexu Yurdan génne dexu Galile la woon, waaye xëy-na yombaay dem fa moo tax. Ñeneen bérab ñoo jafe woon dem ndax xeex diggante Israyil ak Palestiin.
Yeesu dafa dox tànk 120 kilomet ngir Yaxya sóob ko ca ndox. Seetal kart 8.

Doom, ji ma bëgg; ci yaw laa ame bànneex. »

**18. Cosaanu Yeesu ci wàllu yaayam** (Lu 3:23-38)

Lu Bi Yeesu di tàmbali liggéeyam, amoon na lu wara tollu ci fanweeri at, di doomu Yuusufa ci bëti nit ñi.

Te Yuusufa mooy doomu Eli, miy doomu Matat.
Matat, Lewi mooy baayam;
Lewi, Melki;
Melki, Yanayi;
Yanayi, Yuusufa;
Yuusufa, Matacas; Amos; Naxum; Esli; Nagayi.
Nagayi, Maat; Matacas; Semeyin; Yoseg; Yoda.
Yoda, Yowanan mooy baayam;
Yowanan, Resa;
Resa, Sorobabel. Kooku Salacel a ko jur;
Salacel, Neri;
Neri, Melki; Adi; Kosam; Elmadam; Er.
Er, Yeesu; Eliyeser; Yorim; Matat; Lewi;
Simeyon; Yuda; Yuusufa; Yonam; Eliyakim.
Eliyakim, Meleya; Meleya, Mena;
Mena, Matata; Matata, Natan;
Natan, Daawuda.
Daawuda mooy doomu Isayi;
Isayi, Obedd; Bowas; Salmon; Nason.
Nason; Aminadab;
Aminadab, Admin; Arni; Esron; Peres; Yuda; Yanqóoba;
Isaaxa; Ibraayma; Teraa; Naxor; Serug; Rew; Peleg; Eber; Sela.
Sela, Kaynam mooy baayam;
Kaynam, Arpagsàdd;
Arpagsàdd, Sem;
Sem, Nóoyin;
Nóoyin, Lemeg;
Lemeg, Matusalem; Enog, Yeredd; Maleleel; Kaynan; Enos; Set;
Set doomu Aadama;
Aadama doomu Yàlla.

**19. Yeesu dékku na ay nattu ci pexey Seytaane** (Mc 4:1-11; Mk 1:12-13; Lu 4:1-13)

[Lu] Noonu Yeesu fees ak Xel mu Sell mi, jóge dexu Yurdan. [Mc] Bi loolu amee [Mk] Xelum Yàlla daldi jéñ Yeesu, mu dem ca màndiŋ ma[95], [Mc] ngir mu jànkoonte ak fiiri Seytaane. Yeesu nekk fa te lekkul dara ñeent fukki bëccëg ak ñeent fukki guddi, doora xiif. [Mk] Mu dëkk ci biir rabi àll yi[96].

[Lu] Noonu Seytaane [Mc] ñëw ci moom ne ko: « Boo dee Doomu Yàlla, santal doj yii, ñu nekk mburu. » Waaye Yeesu tontu ko ne: « Mbind mi nee na: “Nit du dunde mburu rekk, waaye itam gépp kàddu gu génne ci gémmiñug Yàlla.[97]“ » Bi mu waxee loolu, [Lu] Seytaane yóbbu na ko Yerusalem, teg ko ca njobbaxtalu kër Yàlla ga[98] ne ko: « Boo dee Doomu Yàlla, tëbal jëm ci suuf, ndaxte Mbind mi nee na: “Dina jox ay malaakaam ndigal ci sa mbir, ñu sàmm la, dinañu la leewu ci seeni loxo, ngir nga baña fakktalu ciw doj.”[99] » [Mc] Yeesu tontu ko: « Bind nañu it ne: “Bul diiŋat Yàlla, sa Boroom.”[100] »

[Mc] Gannaaw loolu Seytaane yóbbu ko ci kaw tund wu kawe lool. [Lu] Ci xef-

---

[95] **Mc 4:1; Mk 1:12; Lu 4:1 *Màndiŋu Yude*** moo nekk diggante tundi Yude ak xuru dexu Yurdan walla géeju Xorom. Guddaay 80 kilomet la, te yaatuwaay 15 kilomet. Dara saxul fa lu dul gannaaw taw ba ci diirub ay ayu-bés rekk. Du màndiŋu gànnuus ni réewu Gànnaar. Ay tundu kew ak xeex yu am ay xunti ca seen diggante la. Seetal nataal 4. Dafa wéet lool. Yawut gëm nañu ne màndiŋ ma moo dëkku jinne ak rab te ñu ragal ko. Am na aada buy wax ne ca tund bi ñu wax tey ji tundu Karanteen, lu tollu 2.5 kilomet ca noru dëkku Yeriko la Seytaane fiir Yeesu, waaye kenn xamul bu wóor. Seetal kart 9.

[96] **Mk 1:13 *Rabi àll*** yu mel ni gaynde, segg, tene, siiru, bukki, till, wel, urs, mbaam-àll, ay xeetu jaan yu am daŋar, saaw, daman, kund, ak sikkóor amoon ca màndiŋ ma.

[97] **Mc 4:4 Lu 4:4** Yeesu jukki na ko ca De 8:3.

[98] **Mc 4:5; Lu 4:9 *njobbaxtalu kër Yàlla ga***: Kër Yàlla ga amoon na guddaayu 50 meetar ca kaw niwo ëtt ba. Suba su nekk amoon fu benn sarxalkat daldi taxaw ca palaafoŋ ca kaw taaxu kër Yàlla, di wol ag liit bi jant fenkee. Waaye tabax nañu ëtt ba ca kaw dëkk ba. Guddaayu miiru ëtt ba ca sudd nekkoon 30 meetar ca kaw niwo yooni dëkk ba. Tamit tabax nañu dëkk ba ca kaw ay tund. Miiru kër Yàlla ga ca penku suuf dafa tiimoon benn xur bu xóot te mbartale, mooy xuru Kidiron (walla Sedoron). Ku nekk ca kaw kër Yàlla day xool 150 meetar ca suuf. Dafa kawe lool! Seetal nataal 2.

[99] **Mc 4:6; Lu 4:10-11** Seytaane jukki na ko ca Sabóor 91:11-12. Ca jamono Yeesu Yawut ya gëm nañu ne Almasi bi dina ne parax feeñ asamaan di dugg kër Yàlla. Yeesu moom xamoon na ne Yàlla yónni na ko ngir mu jaar ca yoon bu metti. Ibliis dafa fiir Yeesu, mu topp yoon bu gëna yomb, def kéemaan ca kanamu nit ñi gu bokkul ca coobare Yàlla.

[100] **Mc 4:7; Lu 4:12** Yeesu jukki na ko ca De 6:16. Aaya bi moo fàttali bànni Israyil ni ñu nattoo Yàlla ca Maasa (Ex 17:1-7) ca jamono ja ñu génne Misra. Ñu egg ca bérab bu amul woon ndox, daldi diiŋat yonent Yàlla Musaa te nattu Yàlla, maanaam seen topp Yàlla sës ca ni Yàlla wara léen indee ndox.

ak-xippi mu won ko réewi àddina [Mc] yépp ak seeni ndam. [Lu] Mu ne ko: « Dinaa la jox bépp sañ-sañu nguur yii ak seen ndam ndaxte jébbal nañu ma ko, te ku ma soob laa koy jox. Kon, [Mc] lii lépp dinaa la ko may, boo sukkee màggal ma. » [Mc] Waaye Yeesu ne ko: « Sore ma Seytaane, ndaxte Mbind mi nee na: "Nanga màggal Yàlla sa Boroom, te jaamu ko moom rekk."[101] »

[Mc] Noonu, [Lu] bi mu ko lalalee fiiram yi mu am yépp, Seytaane daldi sore Yeesu, di xaar yeneen jamono. [Mc] Te ay malaaka daldi ñëw fi Yeesu, di ko topptoo.

## 20. Yaxya tontu na ndawi Yawut yi (Yow 1:19-34)

*Anam yi: Lii xewoon na ci dëkku Betani ci gannaaw dexu Yurdan ci diiwaanu Pere.*

[Yow] Lii mooy seedes Yaxya. Amoon na bés Yawut ya yónni ay sarxalkat ca Yaxya, ñu ànd ak ñu soqikoo ci giiru Lewi[102]. Ñu nga jóge Yerusalem, ñëw ci moom, di ko laaj mooy kan. Yaxya tontu na léen te nëbbu ci dara, wóoral na léen ne moom du Almasi bi.

Ñu laaj ko ne: « Kon yaay kan? Ndax yaa di Ilyaas? » Mu ne léen: « Déedéet, duma Ilyaas[103]. » Ñu ne ko: « Ndax yaa di Yonent, bi wara

---

[101] **Mc 4:10; Lu 4:8** Yeesu jukki na ko ca De 6:13.

[102] **Yow 1:19 *ñu soqikoo ci giiru Lewi***: Benn ca giiri Israyil. Yàlla moo léen tànnoon ca jamono yonent Yàlla Musaa ngir ñu toppatoo liggéeyu màggalukaayu Yàlla. Ci biir ñoom amoon na, ñu soqikoo itam ca Aaroona. Ñoom ñooy sarxalkat ya. "ñu soqikoo ci giiru Lewi" ñooy ni ñu waxe ñi des, maanaam ñu soqikoo ci giiru Lewi ñu dul askanu Aaroona. Daan nañu dimbali sarxalkat ya ak liggéeyu kër Yàlla ga, def misik te ca ñoom la alkaati yu daan wottu kër Yàlla ga jóge. Bokkoon nañu ca xutbakat ya itam, ak ca kureelu àttekat ya.

[103] **Yow 1:21 *yonent Yàlla Ilyaas***: Yonent bu mag la woon, ci nguuru buuri Israyil, Akab (874-853 j.K.) ak Akasiyas (853-851 j.K.), bu jiitu jamonoy Kirist ci juróom-ñetti téeméeri at. Bind na Yoram, buur ci réewu Yuda ci 2Ch 21:12-15 waaye bindul téere. Def na ay kéemaan, te jànkoonte na ak yonentu Baal yi. Ilyaas jaarul ci dee. Yàllaa ko yóbbu ca moom ci biir callweer. Yonent Yàlla Malasi yégle na ne Ilyaas dina dellusi ci suuf ngir yégle ñëwu Almasi bi. Man nga jàng jalooreem ci 1Ki 17:1-19:21; 2Ki 1:1-2:18. Taalibeem Alyaasa moo ko wuutu.
Ci Injiil Ilyaas feeñuwaat na ci Yeesu ànd ak Musaa (Mc 17:1-8; Mk 9:2-8; Lu 9:28-36). Yeesu nee na yégleb yonent Yàlla Malasi (Mal 4:5-6) bu wax ne Ilyaas wara dellusi amoon na ci Yonent Yàlla Yaxya (Mc 11:14; 17:10-13; Mk 9:11-13).

ñëw?[104] » Mu ne léen: « Déedéet. » Noonu ñu laaj ko ne: « Wax nu yaay kan, ngir nu mana tontu ñi nu yónni. Nga ne yaa di kan? » Yaxya wax léen li yonent Yàlla Esayi waxoon ne: « Man maa di baat biy yégle ci màndiŋ mi ne: "Xàll-leen yoonu Boroom bi!"[105] »

Amoon na ñu bokk ca Farisen ya[106], yu àndoon ca mbooloo, ma ñu yónni woon ca Yaxya. Ñooñu laaj ko ne: « Gannaaw doo Almasi bi, doo Ilyaas, doo Yonent bi wara ñëw, lu tax[107] ngay sóob nit ñi ci ndox? »

Yaxya ne léen: « Man maa ngi sóobe ci ndox, waaye am na ci seen biir ku ngeen xamul. Kookooy ñëw sama gannaaw, te man sax yeyoowumaa tekki ay dàllam.[108] » Lii xewoon na ci dëkku Betani[109], ca gannaaw dexu

---

Yàlla àtte na Israyil ca jamono Ilyaas, mu ñaan Yàlla ba taw laalul suuf ci diirub ñetti at ak genn-wàll. Xiif bu metti am, fekkuñu ndox fenn, te buur ba dafa wut Ilyaas ngir rey ko. Ci bu jëkk Yàlla moo ko sant mu làquji ca xuntim Kerit ma ca penkub dexu Yurdan, te jox na ndigal baaxoñ yi ñu ko dundal. Bi ndoxum xur wa ŋiisee, mu sant Ilyaas mu dem dëkku Sarebta ca jenn jigéen ju jëkkëram faatu. Fekk ne jigéen jooju amul woon dara lu moy bar ci loxob ca njaq ak diw gu tuut cib tax. Yàlla def na kéemaan ba tax njaqu sunguf ak taxub diw jeexuñu woon ay at ba keroog bés ba mu taw. Beneen bés Ilyaas dekkal na doomu jigéen jooju ci ñu dee. Man nga ko jàng ca 1 Buur yi 17:8-24.

[104] **Yow 1:21 *Yonent, bi wara ñëw***: Ca jamono Injiil Yawut ya foogoon nañu ne ñetti yonent dinañu feeñ ca mujug jamono: ñooy Almasi bi, Ilyaas ak yonent bu mel ni Yonent Yàlla Musaa. Xalaat lu ñu amoon ca kale nag jóge na ca De 18:15-18 fu Musaa waxoon Yàlla dina tànnal ca biir Yawut ya yonent bu mel ni moom. Xalaatoon nañu ca jamono ja kooku war naa sut Musaa waaye wuute na ak Almasi bi.

[105] **Yow 1:23** Yaxya jukki na ko ca Isa 40:3.

[106] **Yow 1:24 *Farisen***: Seetal leeral 87 (Mc 3:7, wàll 16, page 46).

[107] **Yow 1:25 *lu tax ...***: Ni Yaxya daan na sóobe nit ñi ci ndox lu bees la woon. Ca xalaatu kilifay Yawut ya kenn ku mel ni Almasi bi, Ilyaas walla Yonent bi wara ñëw rekk amoon na sañ-sañ indi lu bees. Bëggoon nañoo aar seen diine ca soste. Waaye itam daan nañu moytu lépp lu manoona indi yengu-yengu mbooloo ma ndax ragal ne nguuru Room dal ca seen kaw. Loolu moo tax kilifay Yawut ya yónni nañu ay ndaw ca Yaxya ngir xam ca ban sañ-sañ la Yaxya doon sóob nit ña ca ndox.

[108] **Yow 1:27 *yeyoowumaa tekki ay dàllam***: Seetal leeral 92 (Mc 3:11, wàll 16, page 48).

[109] **Yow 1:28 *Betani, ca gannaaw dexu Yurdan***: Ca jamono Injiil amoon na ñaari dëkk yu tudd Betani: benn ca wetu Yerusalem ak benn ca penku dexu Yurdan. Seetal Kart Betani ca gannaaw Yurdan (kart 8).
Bu yàgg xamatuñu ne tembe fan la Betani ca gannaaw dexu Yurdan nekkoon. Waaye cosaankat ya yaakaar nañu ne fekk nañu bérab ba ca penku dexu Yurdan ca atum 1995. Bérab ba ca Wéd Xarar la nekk. Am na fa ay bëti ndox, ak benn làquwaay fu ñu yaakaar ne Yaxya daan na fanaan. Su fekkee ne danga nekkoon ca dëkku Yeriko manoon ngaa

Yurdan, fa Yaxya doon sóobe.

### Yaxya seede na Yeesu ca mbooloo ma

Ca ëllëg sa, bi Yaxya gisee Yeesu, muy ñëw ci moom, mu ne: « Xoolleen! Kii mooy Gàttub Yàlla[110], bi ñu nara rendi, ngir dindi bàkkaaru

gis bérab ba. Ñoom ñi gas ci suuf ngir seet naka la nit ñi dëkke ca yeneen jamono fekk nañu ca bérab ba ay tabax, ay jàngu, ay làquwaay fu nit ñi doon dëkke, ak ay sanguwaay. Taalibe Yeesu yi doon nañu fa aj ngir siyaareji ca xarnu yu jëkk ya gannaaw jamono Kirist ndaxte gëm nañu ne foofu la Yaxya sóoboon Yeesu ca ndox. War nga xam ne yoonu dexu Yurdan soppi na ay yoon ndax mbënnu ndox ya. Naka noonu tabax ya nekkoon ca boru dex ga ca xarnu ya gannaaw jamono Kirist xaw nañu sore ndox ma tey ji.
Su fekkee foofu la, ñu bare waroon nañu gis Yaxya, ndaxte bérab boobu benn fan fu jóge Yerusalem la ca yoon fu ñu ëpp ñu jëm Galile walla yoonu Buur wa doon jaar.
Gannaaw ga Araab yi nootoon réew ma ca penku dexu Yurdan, Wéd Xarar neexatul fa dem. Naka noonu def nañu ab jàngu ca sowu dexu Yurdan fu mu jàkkaarloo ak Wéd Xarar ngir nit ñi manoon nañu fa aji. Bérab boobu, Kasir al-Yawud la tudd. Amoon na ña mujjoona xalaat ne mooy bérabu Betani ca gannaaw dexu Yurdan.
Ñeneen nag wax nañu ne xëy-na Yaxya daan na sóobe nit ña ca ndox ca benn ca yeneen jàlluy dexu Yurdan. Naka noonu ñu gis ne ña wax ne mooy Bet-nimra ca diiwaanu jàllub dexu Yurdan bu ñuy wax Algoraniye, ñeneen wax ne mooy diiwaanu jàllub dexu Yurdan bu ñuy wax Abara, ñeneen wax ne mooy diiwaanu jàllub dexu Yurdan bu ñuy wax Damiye. Ñeneen yaakaar nañu ne Betani ca gannaaw dexu Yurdan war na jege Galile ndax li ñu gis ca Yow saar 1 ak saar 11. Ñoom, wax nañu ne ca Yow 1 am na 3 fan (Yow 1:29, 35; 2:1). Naka noonu, fekkoon nañu Yeesu benn fan gannaaw ga Yaxya seede ko. Wéd Xarar ba Galile doxub tànku 3 fan la. Tamit, Yeesu nekkoon na ca Betani ca gannaaw Yurdan (Yow 10:40) bi ndaw ya ñëwoon ca Yeesu ngir wax ko xaritam Lasaar dafa woppoon (Yow 11:3). Mu toogaat fa yeneen ñaari fan (Yow 11:6) ba noppi dem Betani ca wetu Yerusalem. Waaye bi mu eggee fa, fekk na ne Lasaar dee na am na ñeenti fan (Yow 11:17). Wéd Xarar ba Betani doxub tànku benn fan rekk la. Loolu moo tax ñu xalaat ne xëy-na Betani ca gannaaw dexu Yurdan sorewul Galilee. Tamit ñu wax ne Betani dëgg-dëgg du dëkk waaye diiwaanu Batane la. Ñoom ñu foog ne xëy-na ca diiwaanu dexu Yarmukk fu mu dajeek dexu Yurdan la Yaxya doon na sóob nit ña ca ndox.

110 **Yow 1:29 *Gàttub Yàlla***: Yaxya boole na xalaat yu bees ak li ñu xamoon ba noppi bi mu tuddee Yeesu "Gàttub Yàlla, bi ñu nara rendi, ngir dindi bàkkaaru àddina". Ñi ko déggoon waroon nañoo xalaat ca mbote mi ñuy rendi ca màggalu bésu Mucc ga. Waaye sarax soosu dindiwul bàkkaar. Tamit bés bu Yàlla sàkk sarax nañu menn mbote suba ak ngoon ca kër Yàlla ga. Waaye sarax soosu itam du sarax suy dindi bàkkaar. Tamit ndegam gannaaw jamono Makabe ya 'mbote', rawatina mbote muy am béjjén, nekkoon misaalu jàmbaar kuy dem daani. Tamit yonent Yàlla Esayi wax na ca Almasi bi mu nekk ni xar mu ñuy rendiji (Isa 53:7). Xëy-na itam xalaatoon nañu ca gàtt biy Yàlla wuutal doomu Ibraayma (Ge 22), ak gàtt biy yenu seeni ñaawteef yépp, yóbbaale ca ndànd foy-foy ga

àddina. Moo taxoon ma wax ne: “Am na kuy ñëw sama gannaaw, waaye moo ma gëna màgg, ndaxte nekk na laata may juddu.” Xawma woon kooku kan la waroona doon, waaye xamal ko bànni Israyil moo tax ma ñëw, di sóob nit ñi ci ndox. »

Ci kaw loolu Yaxya seede na lii: « Gis naa Xelu Yàlla mi ci melow pitax, mu jóge ci asamaan, tegu ci moom[111]. Bi loola laata am, xawma woon mooy kan, waaye Yàlla, mi ma yebal may sóobe ci ndox, nee woon na ma: “Dinga gis Xel mu Sell mi wàcc, tegu ci kaw nit. Kooku moo di ki leen di sóob ci Xel mu Sell mi.” » Yaxya teg ca ne: « Gis naa loolu te seede naa ne moom moo di Doomu Yàlla ji.[112] »

## 21. Ñi jëkka doon taalibey Yeesu (Yow 1:35-42)

*Anam yi: Lii xewoon na itam ci dëkku Betani ci gannaaw dexu Yurdan ci diiwaanu Pere.*

Yow Ca ëllëg sa Yaxya taxawaatoon na ca bérab booba, ànd ak ñaari taalibeem. Bi mu gisee Yeesu muy romb, mu daldi ne: « Kii mooy Gàttub Yàlla bi! »

Ñaari taalibe ya dégg li mu wax, daldi dem toppi Yeesu. Yeesu geestu, gis ne ñoo ngi koy topp. Mu ne léen: « Lu ngeen soxla woon? » Ñu ne ko: « Foo dëkk, Ràbbi? »

Ràbbi mi ngi tekki « Kilifa gi ». Yeesu ne léen: « Kaayleen gis. » Noonu ñu dem, seeti fa mu daloon, ngoonalal ko. Ci tàkkusaani kaw la woon.

Kenn ci ñoom ñaar, ñi déggoon li Yaxya wax te topp Yeesu, ma nga tuddoon Andare, mi bokkoon ak Simoŋ Piyeer[113] ndey ak baay. Andare

---

(Le 16:21-22).

[111] **Yow 1:32** Li Yaxya seede amoon bi mu sóobee Yeesu ca ndox (Mc 3:13-17; Mk 1:9-11; Lu 3:21-22). Seetal wàll 17, page 48.

[112] **Yow 1:34** ***Doomu Yàlla ji***: Seetal leeral 1 (Mk 1:1, wàll 1, page 12).

[113] **Yow 1:40** ***Simoŋ Piyeer*** ndawu Kirist la. Benn ci fukki taalibe Yeesu ak ñaar yi Yeesu tànnoon. Turam dëgg-dëgg, mooy Simeyon. ‘Simeyon’, turam ci Yawut, mooy ‘Simoŋ’ ci làkku gereg. Piyeer nekkul woon tur ca jamonoom. Yeesu moo ko dàkkentale ‘Piyeer’, mooy baatu làkku gereg bu tekki ‘xeer’. Ci làkku yawut ‘Piyeer’ mooy ‘Sefas’, mooy weneen turu Piyeer mii.
Nappkat la woon ca dexu Galile bi ko Yeesu wooyee, ni baayam Yunus. Bokk na liggéey bi ak rakkam, Andare, tamit ak Saag doomu Sebede ak Yowaana rakku Saag. Ci bu jëkk

dafa daldi dem seeti Simoŋ ne ko: « Gis nanu Almasi bi. »

Baat boobu mi ngi tekki « Kirist[114] ». Noonu mu yóbbu ko ci Yeesu.

---

amoon na kër ca Betsayda. Gannaaw ga, ñu gis mu am kër ca Kapernawum (Mc 8:14-15; Mk 1:29-31; Lu 4:38-39). Làkku yawut wi ñuy wax arameyni moo doon làkkam, te làmmiñam saf na diiwaanu Galile (Mk 14:70). Amoon na jabar ju ànd ak moom bi mu tukkee ci liggéeyu Boroom bi (1Ko 9:5).

Yeesu woo na ko ay yoon bala mu mujja bàyyi lépp ngir topp Yeesu. Ci bu jëkk rakkam moo ko boole ak Yeesu (Yow 1:35-42), ba noppi Yeesu woo ko ca wetu dexu Galile (Mc 4:18-22; Mk 1:16-20; Lu 5:1-11 *Nettalib wàll 38*). Loolu amoon na lu tollook menn at bala Yeesu tànn ci taalibeem yi fukk ak ñaar (Mc 10:1-4; Mk 3:13-19; Lu 6:12-19 *Nettalib wàll 50*). Ci biir fukk ak ñaar yi amoon na ñett ñu gëna jege Yeesu, ñooy Saag, Yowaana ak Piyeer. Naka noonu Piyeer bokk na ci ñett ñi ni ñu ko gise bi Yeesu dekkalee benn xale (Mk 5:37-43; Lu 8:51-56 *Nettalib wàll 63*); bi Yeesu soppalikoo ca kaw tund wa (Mc 17:1-8; Mk 9:2-9; Lu 9:28-36 *Nettalib wàll 88*); ak ci toolu Setsemane (Mc 26:36-46; Mk 14:32-42 *Nettalib wàll 157*). Ay yooni yoon ñu gis ne Piyeer waxkatu taalibe yi la woon. Moo doon seen njiit (Mc 10:2) te turam mooy jiitu saa su ñuy lim turu taalibe yi (Mc 10:2-4; Mk 3:16-19; Lu 6:13-16; Jëf 1:13).

Ci biir jëfam yu gëna am solo, amoon na bés mu dox ci kaw ndox ma (Mc 14:24-32); mu seede ne Yeesu mooy Almasi bi (Mc 16:13-20; Mk 8:27-30; Lu 9:18-21 *Nettalib wàll 86*); mu yedd Yeesu ndax ni mu waxe ci deeyam (Mc 16:21-23 Mk 8:31-33); jàpp na wenn jën wu am xaalis ci gémmiñam ngir fey galag ga (Mc 17:24-27); te dagg na noppu kenn ku ñëw ngir jàpp Yeesu (Mc 26:51-54; Mk 14:47; Lu 22:50-51; Yow 18:10-11 *Nettalib wàll 158*).

Ñaari yoon la Yeesu yégle ne Piyeer dina ko weddi. Ci bu jëkk ci biir reer bi (Lu 22:28-34; Yow 13:36-38 *Nettalib wàll 153*) te beneen yoon bi di bi ñu génnee (Mc 26:30-35; Mk 14:26-31 *Nettalib wàll 156*). Ame woon na ni ko Yeesu waxe woon (Mc 26:57-58,69-75; Mk 14:53-54,66-72; Lu 22:54-62; Yow 18:12-18,25-27). Moo tax Yeesu dem waxtaan ak moom gannaaw ndekkiteem (Yow 21:15-24).

Nekkoon na njiit ci biir mbooloo ñi gëm, gannaaw bi Yeesu dellusee asamaan (Jëf 1:15; Gal 1:18; 2:9). Mu wut a yégle xebaar bu baax bi saa su ne. Noonu nu gis ay waareem (Jëf 2:14-40; 3:11-26). Yeesu may na ko itam mu man a def ay kéemaan yu bare (Jëf 3:1-10; 5:12-16; 9:32-41). Yawut yi jàpp nañu ko ay yoon, tëj ko kaso, ba bëgg koo rey sax (Jëf 4:1-23; 5:18-41; 12:3-19).

Yeesu moo ko dénk mu nekk taskatu xibaaru jàmm bi ci biir Yawut yi (Gal 2:7-9). Waaye loolu terewul Yàlla jëfandikoo Piyeer ngir mu jëkk a ubbi bunt bi, ba ñi dul Yawut man a bokk ci gëm itam (Jëf 10:1-11:18; 15:7-12). Bi njiiti mbooloo ñi gëm ci Yerusalem déggee ne am na ñu gëm ca Samari, yónni nañu Piyeer ngir seet lan moo am (Jëf 8:14-25). Amoon na itam benn bés Pool yedd ko ndax ni mu ruse xam ñi dul Yawut ca Ancos (Gal 2:11-16).

Piyeer nekkoon na Room ci diirub fukki at yu mujj yi ci dundam. Yaakaar nañu ne buur bi Sesaar Neron moo reylu Piyeer ca Room daanaka atum 67 walla 68 g.K. ndax ngëmam.

114 **Yow 1:41** ***Kirist*** baatu làkku gereg la, di Almasi bi ci làkku yawut, muy tekki ‘ku Yàlla fal ngir liggéeyal ko’. Yawut ya, bu ñu masaan a fal kenn, dañu daan sotti diwlin ci

Yeesu xool ko ne ko: « Yaa di Simoŋ, doomu Yowaana. Dinañu la wooye Sefas. »

Sefas mi ngi tekki « Piyeer », maanaam « xeer ».

### 22. Yeesu woo na Filib ak Nataneel (Yow 1:43-51)

*Anam yi: Bés lu jiitu mu jëkka daje ak Simoŋ Piyeer ca diiwaanu Pere, Yeesu ñibbisi na diiwaanu Galile. Foofu mu dugg ci benn dëkk, xëy-na dëkku Betsayda la.*

Yow Ca ëllëg sa mu fas yéenee dem diiwaanu Galile te mu gis Filib. Yeesu ne ko: « Toppal ci man. »

Filib[115] mu nga dëkkoon Betsayda[116], dëkku Andare ak Piyeer. Filib dajeek

---

boppam, muy yonent, muy sarxalkat mbaa buur. Kirist, Almasi bi nag, mooy Ki Yàlla sol Xelam, ngir wone ne mooy Yonent, bi nuy jottali xibaaru jàmm fa kanam Yàlla, di Sarxalkat, bi nu ubbil bunt fa Yàlla, ak Buur, bi yilif ñépp ak yépp.
Boo gisee Kirist ci Injiil ci Wolof mooy turu Yeesu. Boo gisee Almasi bi mooy ndombam.

[115] **Yow 1:43 *Filib***, benn ca 12 ndawi Kirist ya.

[116] **Yow 1:44 *Betsayda***: Dëkk ba ci penku-kawu dexu Galile la woon, sorewul fu dexu Yurdan dugg. Dëkku nappkat la woon. Daan nañu jaay géjj ca dëkk fu sore — ba Room sax. Tey jii xamuñu tembe bérab bi. Xam nañu ne Betsayda ca diiwaanu buur Erodd Filib la bokkoon, maanaam ca penku dexu Yurdan. Filib defaroon na dëkk ba, yokk ña fa dëkk, def ko ñaareel bi péeyam, te tuddaat ko Yuliyas ngir teral soxnas buuru Room, menn at gannaaw deeyam ca atum 30 g.K.. Loolu tekki na ne lu ëpp 15.000 dëkkoon nañu fa. Ca at la fa Yeesu liggéey, Filib tabax na fa benn màggalukaayu buuru Room ca njobbaxtalu dëkk ba. Ca Betsayda lañu dencoon Filib.
Betsayda nekkoon ca wetu yoon wu gëna am solo ca réew ma, lu boole dëkku Damas ak Géej gu Mag (jëm Misra) walla Yerusalem. Yoon wu baax amoon diggante Betsayda ak Sesare bu Filib, te weneen yoon wu am solo toppoon booru dexu Galile, jëm penku ba Eskitopolis walla jëm sowu ba Tiberyàdd walla Sepforis. Ca wetu dëkk ba amoon na benn jàllub dexu Yurdan, waaye yaakaar nañu ne amoon na pom ca jamono Injiil. Bokkoon na ca dëkk ya nguuru Room tasoon ca xeex atum 67 g.K., te kenn tabaxaatul ko.
Andare ak Piyeer ca Betsayda lañu yaroo ba noppi toxu dëkk Kapernawum. Ca wetu dëkk ba la Yeesu bareel mburu ngir dundal 4.000 nit. Yeesu def na kéemaan yu bare ca Betsayda, waaye nanguwuñu gëm ba tax Yeesu móolu léen.
Yaakaar nañu ne ca benn ca ñaari bérab la nekk: Etel, walla Tell el-Arag.
Lu ëpp ca boroom xam-xam gëna yaakaar ne bérabu Betsayda mooy Etel. Cosaankat ya gas suuf fekk nañu ne Etel amoon na ña fa dëkk ca ñetti jamono:
- dëkk bu amoon am na 5.000 at;
- dëkk bu rey bu am solo bu amoon am na 3.000 at, bu tuddoon Etser (*Tzer*). Péeyu nguuru Gesur la woon. Yonentu Yàlla Daawuda takkoon na benn ca doomu buuru Gesur.

Nataneel[117] ne ko: « Gis nanu ki yoonu Musaa wi[118] ak yonent yi doon wax. Mu ngi tudd Yeesu, doomu Yuusufa, te dëkk Nasaret[119]. » Nataneel ne ko: « Aa! Ndax dara lu baax man na jóge Nasaret? » Filib ne ko: « Ñëwal gis. »

Naka la Yeesu gis Nataneel jëmsi ci moom, mu daldi ne ci mbiram: « Xool-leen, nitu Israyil dëgg a ngee di ñëw; du dox benn tànku caaxaan. » Nataneel ne ko: « Noo ma xame? » Yeesu ne ko: « Bi la Filib di laata woo, gis naa la, bi nga nekkee ca ker garabu figg ga. » Nataneel wax ko ne: « Kilifa gi, yaay Doomu Yàlla ji, yaa di buuru Israyil! » Yeesu ne ko: « Ndax li ma ne, gis naa la ca ker garab ga, moo tax nga gëm? Dinga gis mbir yu gëna réy yii. » Noonu mu teg ca ne: « Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, dingeen gis asamaan ubbiku, malaaka yiy baagante

---

Nguuru Asiri moo tasoon dëkk ba ca atum 735 j.K.;
- dëkk ca jamono Injiil. Ca dëkk bale fekk nañu genn këru nappkat waaye fekkaguñu lu niroo tabax ya Filib waroona tabax. Tey ji Etel dafa sore dexu Galile ga 2 kilomet, waaye am na ñu yaakaar ne ca jamono Injiil dex ga egg na dëkk ba. Benn yengu-yengu suuf yékkati na suuf si, te dexu Yurdan wàcc na suuf su mu yóbbaale ca bëlam ba tax booru dexu Galile sore.
Ca Tell el-Arag gis nañu ay posetu xaalis yu bokk jamono Injiil, waaye gasaguñu fa ndax lu ëpp ca bérab ba nekk na ci biir ndox.
Ñeneen xalaat ne ñoom ñaar benn dëkk la - maanaam el-Arag mooy teeru dëkk bu nekkoon Etel. Amoon na ci seeni diggante benn waruwaayu ndox ak tali móol bu waa Room tabaxoon.
Ca weesu xalaatoon nañu xëy-na bérabu Betsayda mooy bérab bu ñuy wax Tell el-Masadiya, walla bérab bu ñuy wax Tabga ca wetu Kapernawum. Seetal kart Betsayda (kart 10). Am na ñu gëm ne sax amoon na ñaari dëkk yu bokk tur Betsayda. Benn ci penku dexu Yurdan, te benn (mooy Betsayda ci diiwaanu Galile) ci sowu dexu Yurdan.

[117] **Yow 1:45 *Nataneel***: Mooy benn ci fukki taalibe Yeesu ak ñaar yi ñu gis ci Yowaana. Waaye turam feeñ na rekk ci Yow 1:45-51; 21:2. Naka noonu, ndegam ne Nataneel feeñul ca Macë, Màrk walla Luug, yaakaar nañu am na dàkkental, maanaam, mooy Bartelemi. Ca dëkku Kana la bokk. Filib moo koy indi ca Yeesu.

[118] **Yow 1:45 *yoonu Musaa ak yonent yi***: Mooy li Yawut yi tudd seen xaaj ca Mbind mu sell mi, maanaam Kóllëre gu jëkk ga.

[119] **Yow 1:45 *Nasaret***: Seetal leeral 23 (Lu 1:26, wàll 6, page 22). Gis nañu ni Nataneel mi jóge Kana xeebe waa Nasaret. Nasaret dëkk bu ñàkk solo la woon. Waa Yude daan nañu xeeb waa Galile. Te dafa mel ni waa Galile daan nañu xeeb waa Nasaret. Waaye man naa nekk itam xëccoo diggante Nasaret ak Kana kese, ni ay dëkkandoo di xëccoo, moo tax Nataneel xeeb Nasaret. Kana dafa sore Nasaret lu tollu 14 kilomet ya.

kaw ak suuf[120], di wàcc ci Doomu nit ki[121]. »

## 23. Yeesu dem na céet ga ca dĕkku Kana (Yow 2:1-12)

*Anam yi: Lii xewoon na ci dĕkku Kana, tolluwaayam ak Betsayda doon 30 kilomet.*

Yow Ñaari fan gannaaw loolu ag céet[122] am ca dĕkku Kana[123] ca diiwaanu

---

[120] **Yow 1:51** Li Yeesu wax niroo na li ñu gis ca Ge 28:12 "Guddi googu Yanqóoba dafa gént, gis raas bu sampu ci suuf, te cat la sar asamaan, malaakay Yàlla yi di ci yéeg ak a wàcc." Dafa bëgg wax ne Yeesu mooy yoon diggante asamaan ak suuf, mu boole leen.

[121] **Yow 1:51 *Doomu nit ki***: Tur la, wu yonent Yàlla Dañeel doon wooye Almasi bi lu jiitu juddoom (Da 7:13-14; seetal itam Pe 1:12-18; 14:14-17). Day wone suufeg Kirist, mi wàcc ba jël sunu bindu doom Aadama, wone it ndamam, moom mi yore bépp sañ-sañ ak bépp àtte. Yeesu tudde na ko boppam, te moom rekk moo ko tudde. Ca jamono waxin la woon itam buy tekki 'kenn'.

[122] **Yow 2:1 *Céet***: Ca jamono Injiil xewu céet daan na yàgg 7 fan. Dëkkandoo ya ak bokk ya yépp ñoo ca bokkoon. Boroom céet ga amoon na warugar mu indi lekk ak biiñ yu doy 7 fan yépp. Mu dénk liggéeyu sàmm lekk ak naan ku ñu wax njiitu xew wa. Su fekkee ne mu teela jeex, gàcce gu réy la doon.

[123] **Yow 2:1 *Kana***: Dëkk bu ndaw ci diiwaanu Galile la woon. Yeesu ganesi na fa ay yoon (Yow 2:1-11; 4:46-54).
Kenn xamul bu woor fu Kana nekkoon. Bérab yii lañu wax ñoo manoon naa nekk bérabu Kana. Seetal kartu Kana (kart 11).
1. Ngent bu tudd Xirbet Kana. Ñu ëpp yaakaar nañu ne mooy bérabu Kana. Daanaka 14 kilomet ca bëj-gànnaaru Nasaret la. Ba tey Araab yi ñoo tudde bérab boobu Kana ci Galile. Mu nekk ca yoon bu am solo diggante Patolemayis ca Géej gu Mag ga ak Magadan ca dexu Galile buy jaar ca xuru Bet-Netofa. Sorewul woon yoon wi jóge Yafa ak Nasaret, jaar Sepforis jëm Yotapat. Ci nawet, xuru Bet-Netofa déeg la, rawatina ca penku. Naka noonu naat na lool waaye neexula jàll. Fekk nañu fa fu ña ñëwoona siyaaresi daan nañu bind ca miiru benn làquwaay. Dëkk ba amul woon miir. Ca ñetti wetu tund wa, yoon yu gëna màgg wër na tund wa ba xawa tàppandaar te yoon yu ndaw toppoon nañu mbartalum tund wa. Gas nañu ca mbartal ma ngir tabax kër yi. Ca kër yu gëna kawe ca tund wa, ëttu kër ca kaw moo doon ca kaw taaxum kër sa suufam ngir yokk yaatuwaay bu ñu amoon ngir dëkk te liggéey. Ca wet bu nor fu mbartal ma gëna tàppandaar kër yi amoon na ëtt ca diggu néeg ya. Ndegam dëkk ba amul woon bëtu ndox daan nañu daje ndoxum taw ca kàmb gu ñu gas ca doj. Cosaankat ya fekk nañu segalukaay oliw, ay ràbbukaay, ay puuru ndaal kew, ak desitu defarkatu weer ya.
2. Dëkk bu tudd Kafër Kana. Ca lu ëpp junni at ab aada wax na ne dëkk bu tollook 6 kilomet ca penku-kawu Nasaret mooy bérabu dëkku Kana. Man nañu topp aada boobu gannaaw ba juróom-ñetteelu xarnu gannaaw Kirist. Mu nekk ca yoon diggante ñaari dëkk yu gëna am solo ca jamono Kirist, maanaam Sepforis ak Tiberyàdd. Fekk nañu fa ngentu

Galile. Yaayu Yeesu teewe woon na ko. Woo woon nañu it Yeesu ca céet ga ak ay taalibeem. Ca biir xew wa, biiñ[124] ba daldi jeex. Yaayu Yeesu ne ko: « Amatuñu biiñ. » Yeesu ne: « Soxna si, loo ma bëggal? Ndaxte sama waxtu jotagul. » Yaayam daldi ne surga ya: « Defleen lépp lu mu leen wax. »

Foofa amoon na fa juróom benni ndaa yu ñu yett ci doj, yu Yawut ya daan jëfandikoo ngir seen sangu set. Ndaa lu nekk man na def daanaka téeméeri liitar. Yeesu ne surga ya: « Duyleen ndaa yi. »

Ñu duy léen, ba ñu fees bay rembat. Noonu Yeesu ne léen: « Tanqleen ci léegi, yót ko njiitu xew wi. »

Ñu daldi ko ciy yót. Ki jiite xew wa ñam ndox, ma Yeesu soppi biiñ. Xamul woon fu biiñ booba jóge, waaye surga ya tanqoon ndox ma, ñoom xamoon nañu ko. Naka noonu mu woo boroom céet ga ne ko: « Ci xew yépp, naan gu neex gi lañuy jëkke. Bu nit ñi doyalee, ñu sooga génne ga ca des. Waaye yaw dangaa dencoon gi gëna neex ba nëgëni. »

---

dëkk bu amoon miir bu bokk jamono ak Buur Suleymaan ba ñu tas ko 900 j.K. Ba noppi ñu sampaat dëkk ba ca jamono Injiil. Gas nañu ay làquwaay ca suufu kër yi yu ñu boole ak ay solom ngir làq ca xarekatu Room.
3. Ngent bi ñu wax Kerem el-Ras ca sowu Kafër Kana. Ci at yii lañu fekkoon ngentu dëkk bu amoon jamono Daawuda ba ca gannaaw jamono Yeesu ñeenti xarnu. Li cosaankat ya gas suuf gisoon moo tax ñoom yaakaar nañu ne mooy doon Kana dëgg. Bi ñu bàyyee dëkk boobu, fekk na ne samp nañu beneen dëkk ca wetam, mooy Kafër Kana. Te ca dëkk bu bees la ujaaj ya dem, ba tax ñépp mujja gëm ne mooy dëkku Kana.
4. Ngent bu tudd Ayn Kana ca wetu Nasaret. Kenn mos na xalaat na xëy-na mooy bérabu Kana, waaye dara feddaliwu ko.
5. Kana ca Libaŋ. 10 kilomet ca penku suufu dëkku Tir. Ña bokk dëkk ba rekk ñoo gëm ne mooy bérabu dëkku Kana.

[124] **Yow 2:3 *biiñ***: Yoonu Musaa terewul biiñ. Waa Israyil daan nañu bey reseñ, witt léen ca weeru ut walla sàttumbar. Doomi reseñ du denc. Amoon na ña wowal doom ya. Waaye lu ëpp ca beykat def nañu ndoxu reseñ ca fan ya ñu witt léen, ngir bañ doom yaa yàqu. Daan nañu tabax segalukaay ya ca tool ya. Gas nañu ay pax ya ca doj, mooy bérab ngir nal reseñ ya ak seeni tànk, ndoxam tuur ca kàmb ya ñu gasoon ca wet.
Tamit ndoxu reseñ itam du denc. Saa sa mu dugg ca kàmb dafa tàmbali soppiku, di fuur ba nekk biiñ. Bàyyi nañu ndox ca kàmb lu tollu benn ayu-bés ba fuur di jeex, ba noppi ñu def ko ca mbuusi der. Su ñu ko fàttee bu baax, man nañu denc biiñ bu yàgg. Waaye su fekkee ne dafa ubbiku, mu soppiku nekk bineegar.
Daan nañu naan biiñ bi ñu wàññi ak ndox, ñaari céru ndox ca benn céru biiñ, ngir baña màndi. Biiñ bokkoon na ca màggali diine yi ni bésu Mucc ba, ak ca xewi mbooloo ma ni céet. Ca ñoom li jóge ca lawtanu reseñ màndargam barke Yàlla la woon (Ps 104:14-15; Isa 5:1-7).

Firnde jii ame ca Kana, ca diiwaanu Galile, moo doon kéemaan gi Yeesu jëkka def. Ci noonu la wonee màggaayam te ay taalibeem gëm nañu ko.

Bi loolu weesoo, mu ànd ak yaayam, ay rakkam[125] ak i taalibeem, dem dëkku Kapernawum[126]. Waaye yàgguñu fa.

---

[125] **Yow 2:12 *rakki Yeesu***: Yeesu amoon na ñeenti rakk yu góor (Saag, Yuusufa, Simoŋ ak Yuda) ak ay rakk yu jigéen yu bokk ndey (Mc 13:55; Mk 6:3).

[126] **Yow 2:12 *Kapernawum***: Dëkk la woon ca booru dexu Galile bu sowu-kaw lu tollook 4 kilomet fu sore fu dexu Yurdan dugg ca bëj-gànnaaru dexu Galile.
Dëkk bu ndaw la woon, waaye amoon na tuuti maana. Mu dem 500 meetar penku ba sowu ca booru dex ga, te dem gannaaw nor ba sudd 200 meetar, maanaam dénd wa moo doon daanaka 10 ektaar. Suufam boole na bëtu ndox ya nu tudd tey ji Tabga 3 kilomet ca sowu-suufu Kapernawum ba dexu Yurdan 5 kilomet ca penku kaw. Samp nañu ko daanaka ñaari xarnu lu jiitu jamono Kirist, ba noppi gent ko junni at gannaaw Kirist. Daanaka 1000 nit ba 1500 nit ñoo fa dëkkoon ca jamono Injiil.
Dëkku nappkat, beykat ak jaaykat la woon. Diiwaan ba naat na lool. Daan nañu bey peppum bele ak peppum lors, ak garab yu mel ni oliw, reseñ, tiir, xoox ak gërënaat. Amoon na itam liggéeykat yu xarala ya daan defar jumtukaay ak doj wu ñuul wu ñu wax basaltë ngir jaay ni ki doju wolukaay ya, gënn, ak ndab. Ñeneen defare nañu weer ay ndab walla yëf. Goxu Kapernawum baaxoon na lool ca napp, ndaxte ca Tabga amoon na 7 bëtu ndox yu tàng yu dugg dex ga, yuy xëcc jën ya. Waas ak xeetu jën bu niroo yaabóoy bokkoon nañu ca la ñu faraloona jàpp.
Dëkk bi amoon na ay yoon yu mag yu jëm nor ba sudd, ak yoon yu ndaw yu génne léen penku ak sowu, dugg ca ay gox yu ndaw. Ni dëkki kawu Senegaal, kër gu nekk dina boole ay njaboot yu bokk maam. Ay néeg yu ndaw laaw benn ëtt bu xawa réy. Ca ëtt ba lañu daan dëkke. Foofu lañu togge, foofu lañu lekke, te foofu lañu liggéeye. Su tàngee sax te diiwaanu Galile xaw naa tàng, yaakaar nañu ne foofu lañu fanaane. Néeg ba, fanaanukaay ak dencukaay rekk la woon. Benn bunt rekk amoon na diggante kër ga ak yoon wa, mooy bi dugg ëtt ba. Kër ya, tabaxe lañu léen doj wi tudd basaltë. Yettuñu doj ya, te jëfandikuwuñu simaŋ, waaye ñu fatt léen ak suuf walla ay xeer yu ndaw. Defare nañu ca kaw taaxum kër ga bant, xadd ak ban, te néeg bu nekk amoon na iskale ngir ñu mana defar ca kaw taax ma gannaaw ba mu taw. Suufu kër ga, basaltë itam lañu ko defare.
Kapernawum amoon na ab poor bi ñu defaroon ak doj. Ca booru géej ga amoon na tali doj lu tollu 800 meetar bu amoon miir bu ëpp 2 meetar ca taxawaay ngir aar ko ca duusi géej ga. Amoon na itam ay teeru yu ñu defare doj, yu tàmbali ca tali ba dugg géej ga lu tollu 30 meetar. Amoon na ca ñoom ay teeru yu mbaagaan yu jàkkaarloo ba def ci seen diggante déeg buy aaru, yeneen teeru teeru yu def ñetti-koñ lañu, yeneen yu jub xocc.
Bi nga xamee ne ñu bañ Yeesu ca Nasaret, mu samp ca Kapernawum. Mooy dëkku Piyeer, Andare, Yowaana, Saag ak Macë. Naka noonu Yeesu jàngal na fa te def na ay kéemaan yu bare (Mc 4:13; 8:5-17; 17:24-27; Mk 1:21-38; 2:1-3:12; 9:33-50; Lu 4:31-43; 7:1-10; Yow 2:12; 4:46; 6:24-71).
Nekkoon na ca yoon wu gëna am solo diggante Damas ak Misra, mooy yoonu Géej ga. Tamit dafa digaloo ñaari diiwaanu Room, Galile gu buur ba Erodd Antipas ak Goolanit gu

buur ba Filib. Naka noonu amoon na fa ay juutikat ya ak xarekati Room ya. Te xam nañu ne amoon na fa ab njiitu xare bu Room (Mc 8:5) ak ab dagu buur ba Erodd ca jamono Yeesu (Yow 4:46).
Ca dëkku Magdala 9 kilomet ca sowu-suufu Kapernawum rekk lañu daan defar jën ngir ñu man léena denc. Daan nañu butti jën, xaar léen ñaar, ba noppi bës xorom ca suuxam, ba noppi juug xorom ak jën, xorom ak jën, xorom ak jën, ba noppi muur lépp ak benn basaŋ ci diirub 3 ba 5 fan, ba noppi këpp lépp ci diirub beneen 3 ba 5 fan. Te baana-baana ya daan nañu jóge Damas jaar Kapernawum di indi piis yu ray-ray i ñu wax suwaa, ak cuuraayu xas, ak ndàbb yu xeeñ ba noppi ñibbi ak géjj walla meññeefu garab ya. Ñépp ña indi jën ngir yóbbaale ko ca isiin ca Magdala walla yeneen njaay ba dugg diiwaanu Erodd Antipas waroon nañu fey duwaañ ca Kapernawum.
Ca atum tubaab 1968 cosaankat ya gas suuf fekk nañu genn kër ca diggu dëkk ba lu ñu wax mooy këru Simoŋ Piyeer. Li cosaankat ya gisoon mooy nit ñi soppi nañu kër googu ay fukki at gannaaw deewu Kirist. Rax nañu miir ya te dër nañu suuf sa. Ca rax ga nit ñi bind nañu ca làkku gereg, làkku waa Room ak làkku siriyak lu jëm ci Yàlla, ak Kirist. Te gis nañu fa lu jëm ca Piyeer itam. Gisuñu ca kër googu yëfi kër yu ñu gisoon ca yeneen kër yu ko wër lu dul làmp yu bare, ba ñu xam ne dajewaay la woon. Daanaka 3 téeméeri at ca gannaaw, defaraat nañu kër ga. Dëgëral nañu miir ya te defaraat ca kaw taax ak doj. Daanaka gannaaw beneen téeméeri at tabax nañu benn egliis ca kawam ba ëmb ko lépp. Bérabu siyaare la woon. Ca wetu kër googu la jàngub Yawut ba nekkoon. Tas nañu egliis ba ak jàngu ba bala atum tubaab 629.
Fekk nañu ay doju wolukaay ngir wol peppum bele ak peppum lors, ak ay segalukaayu oliw. Te benn goxu dëkk ba amoon na ay tabax yu wuute yu ñu yaakaar ñooy ay bitig. Ca penku dëkk ba la mbooloom xare mu Room ma dëkkoon.

# II Almasi bi tàmbali na liggéeyam

*Ba fi nu tollu ci nettali bi, Yeesu tàmbaleegul liggéeyam ci kanamu ñépp. Ci Yerusalem bi bésu Mucc ba jubsee, la Yeesu tànnoona feeñ bi mu dàqee jaaykat ya ca këru Yàlla ga, maanaam ci weeru awril. Naka noonu bésu Mucc ba, ba ci bésu Mucc ba lañuy nattoo ati liggéeyu Yeesu ci àddina si. Ci atam mu jëkk ma ca liggéeyam, Yeesu nekkoon na ay weer ci Yude ak ci diiwaanu dexu Yurdan, ba ñu tëj Yaxya kaso. Bi loolu amee mu jaar ci Samari ngir dem diiwaanu Galile. Bi ñu ko bañee ci dëkkam Nasaret, mu sanc Kapernawum, te doon wër Galile gépp, di jàngale ci seeni jàngu tey yégle xibaaru jàmm bi ci nguuru Yàlla; muy faj jàngoro yépp ak wéradi yépp ca nit ña. Ndegam ay taalibeem àndaguñu woon ak Yeesu, barewul lu ñu bindoon ci at mu jëkk mi ci Injiil. At mu jëkk mi dafa bëgga jeex ba Yeesu tànnee Macë mu bokk ca taalibe ya.*

# Saar 4. Yeesu ci Yerusalem ak diiwaanu Yude

## 24. Yeesu dàq na jaaykat ya ca kër Yàlla ga (Yow 2:13-22)

*Anam yi: Bésu Mucc bii mooy bi bésu Mucc bi jëkk ci jamono woote Yeesu. Diggante bés bii ak bés ba ñu àggalee tabaxaat këru Yàlla ga ca Yerusalem diirub 46 at la. Erodd tàmbali na liggéey boobu daanaka 20/19 j.K., egg at ak genn wàll 18 weer ci gannaaw. Naka noonu atu bésu Mucc bii mooy atum tubaab 29 g.K.. Ca at moomu bésu Mucc ba ca weeru awril 17 la woon.*

Yow Màggalu Yawut, gi ñuy wax bésu Mucc ba[127], mu ngi doon jubsi. Yeesu dem Yerusalem, dugg ca kër Yàlla ga. Bi mu fa demee, fekk na ca ëtt ba ay jaaykati nag ak yu xar ak yu pitax, ak weccikatu xaalis ya toog[128]. Noonu Yeesu ràbb ab yar, daldi léen koy dàqe, ngir ñu génn ëttu kër Yàlla

---

[127] **Yow 2:13 *Bésu Mucc ba***: Seetal leeral 69 (Lu 2:41, wàll 15, page 39).

[128] **Yow 2:14 *marse ca kër Yàlla ga***: Kër Yàlla ga amoon na ñeenti ëtt: Bu jëkk ba mooy ba ca gëna biti, ñépp, Yawut ak ku dul Yawut sañoon nañu ci dugg. Jigéen ñi ànd ak mbaax rekk lañu terewoon dugg. Ëtt boobu, ñu tudd tey ji ëttu ñi dul Yawut ña, waaye xàmmiwuñu ko woon ca tur boobu ca jamono Injiil. 200.000 nit man nañu woon xaj ci biir. Dafa wëroon kër Yàlla ga ak yeneen ëtt, ab miir bu egg ba dënn xàjjalikoo leen. Ca ëtt boobu lañu daan jaay mala ya ngir sarax ya – nag, xar ak pitax. Foofu itam la weccikatu xaalis nekkoon.
Ñetti yoon at bu nekk ña man, waroon nañu ñëw Yerusalem ca kër Yàlla ga ngir bokk ca màggali diine Yawut yi – mooy Bésu Mucc ba, Pàntakot, ak Màggalu mbaar ya. Te at bu ne góor gu am 20 at jëm kaw waroon naa fey warugar ca kër Yàlla ga. Genn-wàllu xaalis bu tudd siikal moo doon seen warugar, moo tollu lu ñu feyoon liggéeykat buy liggéey benn fan ak genn-wàll. Ca jamono jooju diiwaan bu nekk amoon na xaalisu boppam. Lu ëpp ca xaalis yooyu amoon nañu nataalu buur Sesaar ca kawam. Ndegam nit ñi ñëwoon Yerusalem ca màggal ya jóge nañu ca réew yu bare, fànni xaalis yu bare amoon na ca Yerusalem. Waaye fàww ñu fey seen warugar ak xaalisu këru Yàlla ga, mooy siikal, bu amul woon nataal. Naka noonu soxla woon nañoo wecci seen xaalis. Weccikatu xaalis teg na ci tono bu réy.
Ñu bare ca ña ñëwoon Yerusalem ñëw nañu ngir jébbal Yàlla ab sarax ca kër Yàlla ga. Yoonu Musaa tere na ñu sarax mala ya am sikk. Fal nañu ay nit, ñu àtte bépp mala bu jóge biti ngir feddali ne amul sikk. Naka noonu laata waa Israyil manoon nañoo jébbal Yàlla seeni sarax, fàww sarxalkat ya àtte ko, di seede ne amul sikk. Waaye bokki sarxalkat bu mag ba moomoon nañu daral fu ñu jaay gàtt ngir sarax ya, te ñoo fal itam ña àtte mala ya. Te ñu fekk sikk ca xaw na bépp gàtt bu ñu indi. Naka noonu nit ñi mënuñoo baña dem jëndi gàtt ca daralu sarxalkat ya fu ñu jaay gàtt ya ca njëg gu réy-a-réy.
Seetal itam leeral 20 (Lu 1:5-10, wàll 5, page 18).

ga, ñoom ak xar ya ak nag ya. Mu tasaare xaalisu weccikat ya, daaneel taabal ya, daldi ne jaaykati pitax ya: « Jëleleen fi lii! Sama kër Baay[129], buleen ko def marse! »

Taalibeem ya fàttaliku Mbind mii: « Cawarte gi ma am ci sa kër, mu ngi mel ni taal buy tàkk ci sama biir.[130] »

Noonu Yawut ya ne ko: « Ban firnde nga nuy won ngir dëggal ne am nga sañ-sañu def lii nga def?[131] » Yeesu ne léen: « Daaneel-leen kër Yàlla gii, ma daldi koy yékkati ci ñetti fan. » Ñu ne ko: « Nga ne kër Yàlla, gii ñu tabax ci ñeent fukki at ak juróom benn, man nga koo yékkati ci ñetti fan! »

Waaye kër Yàlla, gi Yeesu doon wax, nekkul woon ab tabax, aw yaramam ci boppam moo ko taxoon di wax. Gannaaw ga nag, bi Yeesu deeyee ba dekki, la taalibeem ya fàttaliku li mu waxoon, daldi gëm Mbind mi ak wax, ja léen Yeesu waxoon.

## 25. Yeesu waxtaan na ak benn njiitu diine (Yow 2:23-3:21)

Yow Bi Yeesu nekkee Yerusalem ci màggalu bésu Mucc ba, ñu bare gis kéemaan, yi mu doon def, daldi gëm ci turam. Waaye Yeesu wóoluwu léen woon, ndaxte xamoon na léen ñoom ñépp, te it soxlawul ñu koy xamal dara ci nit, ndaxte moom ci boppam xam na xolu nit.

Amoon na ca Farisen ya[132] nit ku ñu naan Nikodem[133] te mu bokk ca kilifay Yawut ya. Genn guddi mu ñëw ca Yeesu ne ko: « Kilifa gi, xam nanu ne Yàllaa la yónni ngir nga jàngal nu, ndaxte kenn manula def firnde yii ngay wone te Yàlla àndul ak moom. » Yeesu ne ko: « Ci dëgg-dëgg

[129] **Yow 2:16 *sama kër Baay***: Bind nañu ca Malasi 3:1-3 ne Almasi dina feeñ ca kër Yàlla ga di sellal seen diine. Nit ña xooloon Yeesu dinañu xalaat ca aaya yooyu, rawatina njiit ya.

[130] **Yow 2:17** Jukki nañu ko ca Ps 69:9.

[131] **Yow 2:18** Boroom doole ya ñoo moomoon daral ak weccikat ya, te Yeesu moo léen dàq. Moo tax ñu laaj ko ca sañ-sañam.

[132] **Yow 3:1 *Farisen***: Seetal leeral 87 (Mc 3:7, wàll 16, page 46).

[133] **Yow 3:1 *Nikodem***: Jànglekat bu bokk ca kilifay Yawut ya la woon, te boroom alal bu bokkoon itam ca tariixab Farisen ya. Tamit waajal na néewu Yeesu ngir ñu denc ko (Yow 19:38-42). Man nga ko gis ci Injiil ca Yow 3:1-21; 7:50; 19:38-42.

maa ngi la koy wax, képp ku judduwaatul[134] doo mana seede nguuru Yàlla. » Nikodem ne ko: « Nit ku xas ba màggat, nan lay mana judduwaate? Ndax day dellu ci biiru yaayam ngir judduwaat? »

Yeesu ne ko: « Ci dëgg-dëgg maa ngi la koy wax, ku judduwul ci ndox ak ci Xelum Yàlla, doo mana bokk ci nguuru Yàlla. Lu juddoo ci nit, nit la; waaye lu juddoo ci Xelum Yàlla, xel la. Li ma ne: "Fàww ngeen judduwaat," bumu la jaaxal. Ngelaw fu ko neex lay jublu. Yaa ngi koy dégg waaye xamuloo fu mu jóge, xamuloo fu mu jëm. Noonu la mel it ci képp ku juddoo ci Xelum Yàlla. »

Ci baat yooyu Nikodem ne ko: « Nu loolu mana ame? »

Yeesu ne ko: « Yaw yaay jàngal bànni Israyil te xamuloo mbir yii? Ci dëgg-dëgg maa ngi la koy wax, noo ngi wax li nu xam, di nettali li nu gis, waaye nanguwuleena gëm li nu seede. Gannaaw gëmuleen li ma leen di wax ci mbiri àddina, naka ngeen mana gëme, bu ma leen waxee ci mbiri asamaan? Kenn masula yéeg ci asamaan su dul ki fa jóge, muy Doomu nit ki[135]. Te itam na Musaa sampe woon ab bant ca diggu màndiŋ ma, takk ca jaan, ja mu defare woon xànjar[136], fàww ñu yékkatee noonu Doomu nit ki, ngir képp ku ko gëm[137] am ci moom dund gu dul jeex[138]. »

Ndaxte Yàlla dafa bëgg àddina, ba joxe jenn Doomam ji mu am kepp, ngir képp ku ko gëm am dund gu dul jeex te doo sànku mukk. Yàlla yónniwul Doomam ci àddina ngir mu daan nit ñi, waaye ngir musal léen. Képp ku ko gëm deesu la daan, waaye ku ko gëmul daan nañu la ba noppi, ndaxte gëmuloo ci turu Doom ji Yàlla am kepp. Ci nii la àtte bi ame: leer gi ñëw na ci àddina, waaye nit lëndëm gi lañu taamu ndax seeni jëf yu bon. Képp kuy def lu bon day bañ leer gi te du ci ñëw, ndax ragal ay jëfam di feeñ

---

[134] **3.3 *judduwaat***: ci làkku gereg, baat bi Yeesu wax mi ngi tekki « judduwaat » walla « juddoo ci kàttan gu jóge ci kaw »

[135] **Yow 3:13,14 *Doomu nit ki***: Seetal leeral 121 (Yow 1:51, wàll 22, page 58)

[136] **Yow 3:14 *Musaa ak jaanu xànjar***: Yeesu dafa waxoon ca dara la amoon ca jamono yonent Yàlla Musaa, li ñu gis ca Nu 21:4-9. Bànni Israyil diiŋat na Yàlla ba Yàlla àtte léen jaan yu am daŋar. Mbooloo ma rëccu, dem ca Musaa ngir Musaa tinul léen. Yàlla moo ko sant mu defarlu jëmmu jaan, te wékk ko ci bant. Ba loolu amee saa yu jaan màttee nit, kooku day xool rekk jaanu xànjar ji ñu wékkoon cib bant, doxe fa wér. Jaan moo ci boppam amul woon kàttan wéral nit. Gëm li Yàlla waxoon moo ko musal.

[137] **Yow 3:15 *gëm***: Ñu bare yaakaar nañu ne gëm mooy li nga yaakaar mooy dëgg gi. Waaye gëm ci Injiil weesu na loolu. Mooy foo teg sa yaakaar. Mooy li nga wóolu.

[138] **Yow 3:15 *dund gu dul jeex***: Seetal leeral 5 (Yow 1:4, wàll 2, page 13).

bëccëg ndarakàmm. Waaye ku def lu jub day ñëw ci leer gi, ngir ñu xam ne def na ay jëfam ci kanam Yàlla.

### 26. Yeesu moo gëna màgg Yaxya (Yow 3:22-36)

*Anam yi: Yeesu yàggul Yerusalem, ba mu fa jógee mu dugg diiwaanu Yude, toog fa ab diir ba mu dégg ne tëj nañu Yaxya kaso. Diir boobu war na tollu diggante 5 ak 8 weer.*

Yow Gannaaw loolu Yeesu ànd ak ay taalibeem, dem ca biir diiwaanu Yude, toog fa ak ñoom ab diir, di sóob nit ñi ci ndox. Yaxya moom itam doon na sóobe ci ndox ci dëkku Aynon, ca wetu dëkku Salim[139], ndaxte diiwaan booba bare woon na ndox. Nit ñi daan nañu ñëw ci moom, mu di léen sóob. Booba tëjaguñu Yaxya ci kaso[140]. Foofa ay taalibey Yaxya tàmbalee werante ak benn Yawut ci mbirum sangu set. Ci kaw loolu ñu dem ca Yaxya ne ko: « Kilifa gi, ndax fàttaliku nga kooka nga seede woon te mu nekkoon ak yaw ca gannaaw dexu Yurdan? Moom de, ma ngay sóobe ci ndox léegi te ñépp a ngay dem ca moom! »

Yaxya ne léen: « Kenn manula am dara lu ko Yàlla joxul. Yéen ci seen bopp man ngeena seede ne waxoon naa ne duma Almasi bi waaye dañu maa yónni ma jiitusi ko. Kiy céetal moo moom séetam. Waaye xaritu kiy

---

[139] **Yow 3:23 *Aynon ak Salim*.** Seetal Kartu Aynon ak Salim (kart 12). Kenn xamatul fan la bérab yi nekk. Salim dëkk bi nit ñi xamoon ca jamono la ca sowu dexu Yurdan. Aynon ca wetu Salim la, bérab boo xam fu bare ndox ndax ay bëti ndox la woon.
Boroom xam-xam ya tudd na ay bérab yu ñu yaakaar mooy bérab fu Salim nekkoon. Lu gëna wóor mooy mu nekkoon ca Tel Er-Ridga, lu tollu 12 kilomet ca bëj-saalumu dëkk bi tudd tey jii Bet Seyan (*Beit She'an*). Ca goxam am na ay bëti ndox: benn ca wetam, yeneen ca Xirbet Xisas al-Dayir ak Um el-Amdan. Xëy-na benn ca ñoom moo doon Aynon. Ñeneen wax ne Salim mooy li ñu wax tey ji Tel Abu Sus ca wetu dexu Yurdan. Tel Er-Ridga ak Tel Abu Sus ca diiwaanu dëkku Eskitopolis lañu bokkoon, maanaam diiwaanu Fukki Dëkk ya. Naka noonu bokkuñu ca nguuri buur Erodd walla buur Filib.
Ñeneen wax Salim ca Yow 3:23 mooy dëkku Salim ca penku dëkku Nablus ca diiwaanu Samari. Am na dëkk bu tudd tey ji Aynon 10 kilomet ca penku-kaw, te ay bëti ndox ci seen diggante ca Wéd Faraa. Waaye Yaxya sóob nit ca Samari xaw naa doy waar. Te am na ñaari tund ak xunti mu xóot ci diggante Salim ak Aynon, ak yeneen dëkk yu gëna jege Aynon. Naka noonu boole Salim ak Aynon xaw naa doy waar itam.
Ñeneen wax mooy Salim ca Wéd Salem ca penku kawu Yerusalem.

[140] **Yow 3:24 *tëj nañu Yaxya kaso*:** Seetal leeral 144 (Mc 4:12, wàll 27, page 67).

céetal[141] dafay taxaw di ko déglu, tey bég, bu déggee baatam. Mbég moomu moo di sama bos tey, te fi mu nekk mat na sëkk. Li war moo di moom, mu gëna màgg te man, ma gëna féete suuf. »

Ki jóge ci kaw[142] moo féete kaw ñépp; ki jóge ci suuf[143] nag, ci suuf rekk la mana bokk, te ni niti àddina lay waxe. Ki jóge asamaan day wax li mu gis ak li mu dégg, waaye kenn nanguwul li mu seede. Képp ku nangu seedeem nangu nga ne Yàlla, dëgg lay wax. Ndaw li Yàlla yónni, kàddug Yàlla lay wax, ndaxte mayu Xel mu Sell, mi Yàlla sol ci moom, amul dayo. Baay bi dafa bëgg Doom ji, te jox na ko sañ-sañ ci lépp. Ku gëm Doom ji, am nga dund gu dul jeex; ku déggadil Doom ji, amuloo dund, waaye merum Yàllaa ngi la tiim.

## 27. Tej nañu Yaxya kaso (Mc 4:12; Lu 3:19-20; Yow 4:1-3)

[Lu] Yaxya yedd na Erodd boroom diiwaanu Galile, ndaxte dafa takkoon Erojàdd, jabaru magam, te it boole woon na ci yeneen ñaawteef, ba faf tëj Yaxya kaso[144].

---

[141] **Yow 3:29 *xaritu kiy céetal***: Ki ñu tudd "xaritu kiy céetal" moo doon toppatoo céet gi. Mooy ndaw diggante kiy céetal ak séetam. Mu woo nit ñi ñu ñëw, toppatoo aaday xéewal céet yi, te mu wottu néegu séy ba boroom séy bi di ñëw. Mu xaar ba mu dégg baatam, ubbi ko bunt ba, ba noppi dem yoonam ak mbégte.

[142] **Yow 3:31 *Ki jóge ci kaw***: mooy Yeesu, mi jóge asamaan.

[143] **Yow 3:31 *Ki jóge ci suuf***: mooy Yaxya mi jóge àddina. Yàlla moo leen yónni ñoom ñaar waaye bokkuñu fu ñu bawoo.

[144] **Mc 4:12; Lu 3:20 *tëj na Yaxya kaso***: Ay weer gannaaw ga Yaxya sóoboon Yeesu ca ndox ***Erodd Antipas*** moo ko tëj kaso ca tata bu nuy wax Maseront, maanaam daanaka menn at gannaaw bés ba Yaxya tàmbalee liggéeyam. Maseront ca penku Géeju xorom la nekkoon ca kaw aw tund. Yaxya daan na yedd Erodd ndax dafa takkoon ***Erojàdd***, jabaru magam, ***Erodd Filib***. Filib moomu du woon buur ba Filib, beneen doomu Erodd bu Mag ba la. Filib ak Antipas bokk nañu baay waaye bokkuñu ndey. Erojàdd moomu ak Antipas ay bokk lañu itam. Baayu Erojàdd ak Antipas ñoo bokk baay waaye bokkuñu ndey.
Amoon na bés, Antipas dem Room te mu dal këru Filib. Foofu la Antipas xemmem Erojàdd, laaj ko mu bàyyi jëkkëram ñëw Galile. Ca kaw yoonu Musaa njaaloo la. Waaye itam yoonu Musaa aaye na ñu séy ak soxnas ku mu bokkal benn baay mbaa jenn ndey muy dund ba tey (Le 18:16; 20:21).
Fekk ne Antipas amoon na as soxna ba noppi, mooy Faselis, doomu Aretas, buuru Nabateen ba. Erojàdd nangu na ñëw su fekkee ne mu fase jabaram ba noppi. Noonu mu fase ko. Bokkoon na ca lu tax Aretas yónni na ay xarekatam, xeex ak Erodd, duma ko ba

[Yow] Amoon na benn bés Farisen yi dégg ne, ñiy topp Yeesu ñoo ëpp ñiy topp Yaxya, te ñi Yeesu sóob ci ndox ñoo ëpp ñi Yaxya sóob. Fekk Yeesu moom ci boppam daawul sóob kenn ci ndox, waaye ay taalibeem ñoo daan sóobe. Bi Yeesu yégee loolu nag, [Mc] [te mu] dégg ne, jàpp nañu Yaxya, [Yow] mu jóge Yude, dellu diiwaanu Galile.

## 28. Yeesu waxtaan na ak jigéen ji amoon juróomi jëkkër (Yow 4:4-42)

*Anam yi: Diggante Yude ak Galile doxu ñetti fan la. Yoon waa ngi jaaroon ci diiwaanu Samari. Yeesu dafa toogoon ay fan ca dëkku Sikar ba noppi di sooga egg Galile.*

[Yow] Bi muy dem Galile, waroon na jaar ci diiwaanu Samari[145]. Noonu mu

---

Erodd ñàkk xareem ca atum tubaab 36 g.K.. Ca jamono jooju, Yawut ya gëm nañu ne moo doon àtteb Yàlla ca Erodd ndax ni mu reyloo Yaxya.
Mbooloo mu bare doon na topp Yaxya, te mu man léena defloo lu mu neex. Cosaankat bu nuy tudd Yuusufa bind na Erodd tëj na Yaxya kaso ndax ragal mu fippuloo mbooloo ma.
Yaxya nekkoon ca kaso ay weer ba ay at sax. Erodd moo ko ragaloon waaye Erojàdd ëmbal ko mer. Moo tax mu fexe ba jëkkëram mujja reylu Yaxya.

[145] **Yow 4:4 *Samari*** diiwaan la woon diggante Yude ak Galile ca sowu dexu Yurdan, ba ca Géej gu Mag ga. Ca jamono Injiil, bokkoon na ca diiwaanu Room bu tudd Yude, jawriñu Room yilif ko. Mooy Poñsë Pilaat ca jamono Yeesu. Diiwaanu Samari moo gën a naat Yude. Dafa bare tund ak xunti. Seetal kartu Samari (kart 13). Diiwaan ba, ay xeeti xeet a fa nekkoon. Amoon na fa ñi Injiil tudde 'waa Samari'. Tariixa la gën a niru xeet. Amoon na fa itam yeneen xeet yu dul Yawut.
Ca bu jëkk, Samari dëkk la woon, lu tollook 60 kilomet ca noru Yerusalem. Samari nekkoon péeyu Israyil ca jamono ja amoon ñaari nguur — maanaam Israyil ca nor, Yuda ca sudd. Bi waa Asiri ñëwee noot Israyil ci atum 721 j.K. ñu yóbbaale ñu gën bare ci waa Israyil fu sore, tasaare leen ci biir yeneen réew, ba noppi indi yeneen xeet samp leen ca réewu Israyil (2Ki 17:5-8; 23-41). Ñu séy ak waa Israyil ya desoon ca réew ma. Ñi rëccoon daw jëm Yuda. Waa Asiri def dëkku Samari péeyu diiwaan bi ñu yilif, te ñoom ñi ñu indi woon tàmbali boole jaamu Yàllay Israyil ak seen yeneeni yàlla. Gannaaw ga waa Pers yilif diiwaan ba, ba noppi ay téeméeri at gannaaw ga, nguuru Geres yilif dëkku Samari.
Waa dëkku Samari ya mujjoon nañoo bañ kilifteefu Geres. Waaye amuñu woon doole ju doy ba tax ñépp daw baña xareek Geres, bàyyi dëkk ba. Waa Geres tabaxaat nañu dëkku Samari def ko suufus Geres, feesal ko ak waa Maseduwan. Waa Samari yi dawoon, ñoom, tabaxaat nañu dëkku Sikem. Ca jamono ja Yawut ya jëlaat seen nguur, maanaam jamono Makabe ya, tas nañu dëkki Samari daanaka atum 163 j.K.. Ca jamono Injiil Erodd bu mag ba dafa tabaxaat dëkku Samari, tudde ko Sebast.

agsi ci wetu dëkku Sikar[146] ci tool, bi Yanqóoba mayoon doomam Yuusufa. Foofa la teenu Yanqóoba[147] nekkoon. Yeesu toog ca pindu teen ba, di noppalu ndax coonob tukki ba. Ca digg bëccëg la woon.

Noonu jigéenu waa Samari ñëw fa di root[148]. Yeesu ne ko: « May ma ndox, ma naan. » Fekk booba nag, taalibey Yeesu ya dañoo demoon ca biir dëkk ba, di jënd lu ñu lekk.

Jigéen ja ne ko: « Yaw, ngay Yawut, man maay jigéen ju dëkk Samari[149];

---

[146] **Yow 4:5** ***Sikar***: Dëkk la woon, ca diiwaanu Samari. Yaakaar nañu ne mooy dëkk bi tudd tey jii Askar ca penku-suuf taatu tundu Ebal, lu tollook 2 kilomet ca penku dëkku Nablus, ak 1 kilomet ca bëj-gànnaaru teenu Yanqóoba. Seetal kart 13.

[147] **Yow 4:6** ***teenu Yanqóoba*** moo am ba tey ca ndeyjooru yoon wu mag wu jóge Yerusalem 55 kilomet ca sudd. Gannaaw teenu Yanqóoba yoon wa dafa defoon ñaari xàll, wu càmmooñ jàdd sowu jaar ca xur ca diggante tundu Garisim ak tundu Ebal, jëm Sebast ak Galile, wi ci des jëm penku-kaw ba Eskitopolis. Teen ba dafa nekk daanaka 75 meetar ca biti ngentu dëkku Sikem. Mu jàkkaarlook tundu Garisim. Naka noonu Yeesu ak jigéen ja mënoon nañu gis ngentu màggalukaayu diine waa Samari ca njobbaxtalu tund wa.
Teen bi ñu gasoon la, bu am ci biir bëtu ndox. Tukkikat daan nañu ànd ak baagu der ak goj ngir root ca teen yu ñu fekkoon ca yoon. Xëy-na taalibe Kirist ñoo yóbbaale seen bos dëkk ba. Teenu Yanqóoba dafa xóot. Tey ji xóotaay tollu na 31 meetar, waaye daan na am 42 meetar ca yeneen jamono. Yaatuwaay ëpp na 2 meetar. Amoon na kubéer lu dul pax bu ndaw ca digg ba ngir jigéen ñi man nañu fa root.

[148] **Yow 4:7** Sikar am na ay bëti ndox. Naka noonu doy na waar jigéen ja dafa farala ñëw rootsi ca teenu Yanqóoba ndegam am na ndox mu ko gëna jege, rax-ci-doole mu ñëw ca tàngooru diggu bëccëg, moom kenn. Ni jigéeni Senegaal, jigéeni Palestiin daan nañu root suba walla ngoon, ca waxtu wa ñépp di dem. Xëy-na ku ñu bañ la woon ndax doxalinam.

[149] **Yow 4:7** Li ñu tudde '***waa Samari***' tariixa Yawut la. Su nu gëstoo c kan mooy 'waa Samari' am na ay tontu yu wuute. Waa Samari ñoom ci seen bopp teg nañu ne ay doomi Israyil tigi lañu, yu askanoo ci giiri Yuusufa (Manase ak Efrayim). Ñu teg ne ñoom ñoo takku ca diine ja Yàlla wàcce woon ca Musaa ca njàlbéen gi, te desiti bànni Israyil dafa réeroon, daan indi yeneen aada yu seeni maam xamul woon. Wax nañu ne Israyil dafa tàmbalee réer ca jamono sarxalkat bu mag bu tudd Eli. Moo di ki yaroon yonentu Yàlla Samwil. Ñuy wax ne dëkku Sikem ak tundu Garisim moo doon bérab bu sell laata jamono Eli, fa ñu daan samp tàntu màggalukaayu Yàlla. Eli sos na diine Yawut ya bi mu sampee beneen bérab bu sell ca dëkku Silo.
Ca jamono Suleymaan Israyil def nañu Yerusalem seen péeyu diine, tabax foofu këru Yàlla ga. Ci kaw li waa Samari xalaat, moo wara tax Israyil gëna sore dëgg gi. Waa Samari dañu nangu téere Tawreet maanaam téere Musaa yi, ni Kàddug Yàlla waaye nanguwuñu mbindi yonent yi topp ca moom. Tamit am na ay wuute yu ndaw diggante Tawreetu Yawut yi ak Tawreetu waa Samari yi. Ci misaal ci Tawreetu waa Samari yi yokk nañu ci fukkeelu ndigalu Yàlla ak benn mooy « Nanu tabax saraxalukaay ca Tundu Garisim ». Gëm nañu jenn Yàlla, yonentu Yàlla Musaa, yoonu Musaa, ak Tundu Garisim ni bérab bu ñu wara

---

jaamoo Yàlla. Te at mu nekk ñu def màggal yi Musaa santaane woon, maanaam Bésu Mucc ba, Pàntakot, Koor ga ak Mbaar ya. Gëm nañu ne itam benn bés ab yonent bu mel ni Musaa dina feeñ.
Yawut yi, ñoom, teg nañu ne ci askanu xeet, yi Asiri indi Samari la waa Samari askanoo. Ca wàllu xeet, ay metiisi [possible alternatives milaatar b-/rax/mbata m-/tikk/njaxas m-] yu dul Yawut yi askanoo ciy xërëmkat lañu. Ca wàllu diine taq nañu sobe, te nekkuñu ci dëgg. Ci seen gis-gis waa Samari ñoo gën a bon yéeféer yi. Naka noonu gis nañu Yeesu moo tudde benn waa Samari doxandéem (Lu 17:18), te ci bu jëkk mu tere taalibeem yi dem ca dëkki Samari (Mc 10:5-6) yi mu teg ne bokkuñu ci Israyil, tamit bokkuñu ak ñu dul Yawut ya. Ci tëralin wi nu gis ca téere Jëf ya, nettali Samari ab pom la diggante Yawut ya ak ñi dul Yawut ya (Jëf 1:8; 8:1-25).
Gis nanu ne ci De 12:5 Yàlla nee na dina tànn benn dëkk bu seen màggalukaay wara nekk. Yosuwe woo giiri Israyil yépp ñu ñëw Sikem ngir feddali seen kóllëre ak Yàlla (Jos 8:30-35; 24:1). Ca jamono njiit ya, maanaam diggante jamono Yosuwe ak yonentu Yàlla Samwil tàntu ndaje ma nekkoon na ca bérabu Silo lu tollook 18 kilomet ca penku-suufu Sikem (Jos 18:8-10; Jud 18:31; 1Sa 4:3; Jer 7:12). Daawuda dafa tànnoon Yerusalem ngir mu nekk péeyam. Lu jiitu jamono Daawuda Yerusalem bokkul woon sax ca dëkki Israyil. Ca kaw santaane Yàlla la Suleymaan tabax Këru Yàlla ga ca Yerusalem (2Sa 7:12-13). Waaye ci diirub nguuru Suleymaan rekk la 10 giiru Israyil ya nekk ca nor nangu Yerusalem ni seen péeyu diine. Te man na nekk amoon na sax ñu ko masula nangu. Bi nguuru Israyil xàjjalikoo ñaar, nguur ga ca nor def Sikem seen péey, te Betel nekk seen bérabu màggal Yàlla. Waaye Sikem nekk dëkk bu neexul aar. Naka noonu ñu gaawa toxu péey ma.
Tey jii boroom xam-xam yi yaakaar nañu ne 'waa Samari' ñooy askani Yawut yi waa Babilon yóbbaalewul woon. Gannaaw waa Geres nangu nañu dëkku Samari, Yawut yooyu dellu ca seen cosaan. Dëkku Sikem ak tundu Garisim bokkoon na ca cosaanu réewu Israyil. Foofu la Ibraayma jëkk a defal Yàlla bérab bu sell ba ak saraxalukaay, Yanqóoba itam (Ge 12:6-8; 33:18,19). Mooy bérabu bàmmeelu Yuusufa (Ge 48:22; Jos 24:32). Foofu la Yosuwe feddalee kóllëre ga diggante Yàlla ak bànni Israyil ñaari yoon (Jos 8:30-35; 24:1-26). Te foofu la teenu Yanqóoba nekk (Yow 4:5). Naka noonu diine 'waa Samari' dafa tàmbali ni tariixa diine Yawut ya. Man na nekk itam sarxalkat ya Neyemi dàqoon Yerusalem ñëw bokk ca ñoom.
Mbañeel diggante Yawut ya ak waa Samari mu nga jëkk a feeñ bi Yawut ya jógee ca seen njaam ca Babilon ngir tabaxaat këru Yàlla ga ak miiru dëkku Yerusalem. Waa Samari yi def na seen kemtalaayug kàttan ngir gàllankoor leen (Ezr 4:1-6:13; Ne 2:19-20; 4:1-15; 6:1-14). Ca suufu Boroom diiwaanu Yude, Neyemi, ak sarxalkat ba Esra, Yawut ya jóge Babilon ak Yawut ya fa nekkoon def nañu kóllëre gu bees ak Yàlla (Ne 9:38-10:39). Dàq nañu bépp sarxalkat bu takkoon jigéen ju dul Yawut, te nanguwu ko fase. Manase, benn ca sëtu sarxalkat bu mag ba bokkoon ca ñi ñu dàqoon (Ne 13:28), moo doon goro Sanbalat, boroom diiwaanu Samari. Cosaankat ba Yosef bind na ne Sanbalat dafa tabaxal Manase ag këru Yàlla ca kaw Tundu Garisim. Gannaaw ga yeneen sarxalkat ñëw bokk ca moom. Waaye seen mbañeel yokku na ci diirub ay téeméeri at ndax ni seeni politig ci lu jëm ca nguuru Geres ak Misra wuutee. Tamit amoon na jamono Yawut ya xeex nañu ngir nangu nguuru Yude ca loxo noon ya. Ci biir loolu ca atum 128 j.K. benn jaamburu Yawut ya nangu na dëkku Sikem te tas màggalukaay ba.

nan nga ma mana ñaane ndox? » Jigéen ja wax na loolu, ndaxte Yawut ya bokkuñu woon ak waa Samari ndab yu ñuy lekke[150]. Noonu nag Yeesu ne ko: « Soo xamoon li Yàlla maye, xam ki lay ñaan ndox, kon yaw ci sa bopp, yaa koy ñaan, te moom dina la may ndoxum dund. »

Jigéen ja ne ko: « Sang bi, teen bi xóot na te amuloo baag, kon fooy jële ndoxum dund? Xanaa kay xalaatuloo ne yaa gëna màgg sunu maam Yanqóoba, moom mi nu gasal teen bii, mu naan ci moom ak i doomam, wëgg cig juram? »

Yeesu wax ko ne: « Ku naan ci ndoxum teen bii, balaa yàgg mu maraat, waaye ndox mi may joxe, ku ci naan du marati mukk, ndaxte day nekk ci moom bëtu ndox buy ball, di joxe dund gu dul jeex. »

Noonu jigéen ja daldi ko ne: « Sang bi, may ma ci ndox moomu, ngir ma bañatee mar, bay ñëw ba fii di rootsi. » Yeesu ne ko: « Demal wooyi sa jëkkër te ñëw. »

Jigéen ja ne ko: « Awma jëkkër de. » Yeesu ne ko: « Wax nga dëgg ne amuloo jëkkër, ndaxte amoon nga juróomi jëkkër, te ki nga nekkal léegi du sa jëkkër. Li nga wax dëgg la. »

Jigéen ja ne ko: « Sang bi, gis naa ne ab yonent nga. Nun nag, naka-jekk sunuy maam ca tund wee[151] ngay séen lañu daan jaamoo Yàlla, waaye

---

Ca jamono Injiil ñu gëna bare ca 'waa Samari' dëkkoon nañu ca seeni dëkku bopp ca diiwaan ya laaw Tundu Garisim. Waaye amoon na ay mbooloo yu bare ci biti Palestiin, ca dëkki Gasa, Sesare; ca Afrig; ca réewi Libaŋ, Siri, Misra, ba ca dëkki Tesalonig, Room ak Babilon sax. Am na ñi des ci ñoom tey jii sax, lu tollu 600 nit ñi topp seen diine, ca Tundu Garisim, ca dëkku Nablus, ak Tel Awif (*Tel Aviv*).

[150] **Yow 4:9 *jigéen ju dëkk Samari***: Yeesu sàmmul aada nit. Ca xalaati niti jamono ku tedd du wax ak jigéen, te du wax ak waa Samari. Wax nañu ne jigéeni Samari ñépp tàkk nañu sobe ci seen juddu mu sax ci seen diirub dund. Te it soo naanee jigéen ndox ci wéet sax dinañu yaakaar ne yaa ngi doxaan. Naka noonu ka tedd nuyuwu léen. Am na sax ña baña wax ak seeni soxna walla seeni jigéen ca kanamu mbooloo ma. Ñeneen su ñu doxantoo ca yoon gisee jigéen, ñu gëmm ba léeg-léeg daanu walla dal ci lenn ca yoon ni garab. Kilifa bu ñuy gis, wax ak jigéen ca kanamu nit, rawatina jigéen ju bon, deram yàqu ña. Te waxatumalaak ni ñu bañe waa Samari. Moo tax taalibe Yeesu ya jaaxle bi ñu jóge dëkk ba délsi ca Yeesu. Su fekkee ne Yeesu naanoon na ca njaq lu jigéen ja laaloon dina tax Yeesu taq sobe.

[151] **Yow 4:20 *Tund wee*** mooy tundu Garisim, mu jàkkaarlook tundu Ebal. Su fekkee ne danga taxaw ca tundu Ebal dinañu dégg sa baat bu leer nàññ ca tundu Garisim mel ni nga nekk ci biir benn amfiteyatar. Tundu Garisim mooy bérabu bu sell bu diine waa Samari ba. Foofu lañu màggal Yàlla. Amoon na fa ab màggalukaay, waaye Yawut ya tas nañu ko

yéen Yawut yi, dangeen ne Yerusalem lañu wara jaamoo Yàlla. »

Yeesu ne ko: « Jigéen ji, gëmal lii ma lay wax: dina am jamono joo xam ne du ci tund wale te du ci Yerusalem ngeen di jaamoo Baay bi. Yéen waa Samari, xamuleen li ngeen di jaamu. Nun Yawut yi, xam nanu li nuy jaamu, ndaxte kiy musal àddina ci Yawut yi la jóge. Waaye jamono dina ñëw, te agsi na ba noppi, jamono joo xam ne jaamukat yi dëgg dinañu jaamu Baay bi ci xel ak ci dëgg. Ñooñu nag, ñooy jaamu Baay bi, ni mu ko bëgge. Yàlla xel la, kon ñi koy jaamu war nañu koo jaamu ci xel ak ci dëgg. »

Jigéen ja ne ko: « Xam naa ne Almasi bi — maanaam Kirist — dina ñëw te bu ñëwee, dina nu leeralal lépp. » Yeesu ne ko: « Maa di Almasi bi, man miy wax ak yaw. »

Noonu nag taalibey Yeesu ya délsi, gis muy wax ak ab jigéen. Ñu daldi jaaxle lool. Waaye kenn ñemewu ko woon ne: « Looy laaj? » walla: « Lu tax ngay wax ak moom? » Noonu jigéen ja wacc fa njaqam, daldi dem ca dëkk ba ne léen: « Kaayleen gis; nit a nga fee ku ma wax lépp lu ma masa def. Ndax kooku du Almasi bi? » Noonu waa dëkk ba jóg, jëm ca Yeesu.

Fekk taalibey Yeesu ya di ko gétën ne: « Kilifa gi, lekkal. » Waaye Yeesu ne léen: « Am na ñam wu may lekk, te xamuleen ko. » Taalibe ya nag di laajante naan: « Ndax dafa am ku ko indil lekk? » Yeesu ne léen: « Sama ñam moo di def coobarey ki ma yónni te àggale liggéey, bi mu ma sant. Du dangeen naan: “Fii ak ñeenti weer ñu góob”? Waaye man, dama leen naan: xool-leen tool yi, ñoo ngi ñor ba weex tàll, di xaar ku léen góob. Kiy góob tool yi mu ngi jot xaat peyam; day dajale nit ñi ngir dund gu dul jeex, ni ñuy dajalee pepp. Kon boog kiy ji dina bégandoo ak kiy góob. Wax ji ñu wax ne: “Kenn dina ji, keneen góob,” dëgg la. Yebal naa leen, ngeen góob tool bu ngeen beyul. Ñeneen a ko bey, te yéena ko jariñoo. »

Bi jigéen ja nee waa dëkk ba: « Wax na ma li ma def lépp, » ñu bare gëm nañu Yeesu. Ñu daldi dikk ñaan Yeesu, mu dal ak ñoom. Yeesu toog fa ñaari fan. Ñu bare gëm ko ndax li mu doon wax. Ñu ne jigéen ja: « Léegi gëm nanu, te du li nga wax moo tax waaye li nu gisal sunu bopp. Te xam nanu ne dëgg-dëgg kii moo di Musalkatu àddina si. »

---

daanaka 150 at bala jamono Yeesu. Yeesu ak jigéen ja manoon nañu gis desitu tabax ba ca tund wa ba tey fu ñu waxtaan ca wetu teen ba.

# Saar 5. Teeru nañu Yeesu ci Galile

## 29. Yeesu faj na xale bu bëggoona dee (Yow 4:43-54)

*Anam yi: Bi Yeesu agsee Galile, ca Kana la jëkk dal.*

Yow Bi Yeesu amee ñaari fan ca dëkk ba, mu jóge fa, jëm diiwaanu Galile, ndaxte moom ci boppam nee woon na: « Ab yonent, kenn du ko faaydaal ca réewam. » Bi mu agsee Galile, nit ñi teeru ko, ndaxte ñoom itam teewoon nañu ca màggalu bésu Mucc ba ca Yerusalem, te gisoon nañu la mu fa defoon lépp.

Noonu kon mu délsi Kana ci Galile[152], dëkk ba mu soppee woon ndox ma biiñ. Amoon na benn dagu buur[153] bu dëkkoon Kapernawum te doomam feebar. Bi mu déggee ne, Yeesu jóge na Yude, ñëw Galile, mu dikk ci moom, ñaan ko mu ñëw këram, wéral doomam, ji wopp bay bëgga dee. Yeesu ne ko: « Yéen daal, dungeen gëm mukk, fi ak gisuleen ay firnde walla ay kéemaan. » Dagu buur ba neeti ko: « Sang bi, ñëwal, bala sama doom di dee. » Yeesu ne ko: « Demal, sa doom dina dund. » Kilifa ga gëm la ko Yeesu wax, daldi dem. Bi muy dellu këram nag, ay surgaam gatandu ko. Ñu daldi ne ko: « Xale bi dina dund! » Mu laaj léen ci ban waxtu la tàmbalee tane, ñu ne ko: « Démb ca njolloor la am ag féex. » Noonu baayu xale ba daldi seetlu ne, ca waxtu woowa la ko Yeesu ne woon: « Sa doom dina dund. » Moom ak njabootam gépp, ñu daldi gëm Yeesu.

Lii mooy ñaareelu firnde, bi Yeesu def ci Galile, gannaaw bi mu jógee Yude.

## 30. Waa Nasaret ñoo ko bañoon (Lu 4:14-30)

*Anam yi: Yàggul dara, Yeesu dellu Nasaret fa mu yaroo te ñépp xamewoon ko fa.*

Lu Yeesu dellu diiwaanu Galile, fees ak dooley Xelum Yàlla, te turam siiw

---

[152] **Yow 4:46** Sikem ba dëkku ***Kana*** 80 kilomet la. Ngir gëna xam Kana seetal leeral 123 (Yow 2:1, wàll 23, page 58). Dëkku ***Kapernawum*** ba Kana 28 kilomet la te nga yéeg ca tund ya, maanaam doxub benn fan. Ngir gëna xam Kapernawum seetal leeral 126 (Yow 2:12, wàll 23, page 60).

[153] Lu gëna wóor, ***dagu buur*** moo doon jawriñu buur ba Erodd. Naka noonu, Yawut ku bare alal la, ku fonk caada Gereg ak Room te sawarul ci diine.

ca diiwaan booba bépp. Muy jàngle ca seeni jàngu[154], te ñépp di ko tagg.

Yeesu dem Nasaret[155] fa mu yaroo, te ca bésub noflaay ba, mu dugg ca jàngu ba, ni mu ko daan defe. Noonu mu taxaw ngir jàngal mbooloo mi. Ñu jox ko téereb yonent Yàlla Esayi[156]. Bi mu ko ubbee, mu gis bérab, ba ñu bind aaya yii[157]:

« Xelum Boroom baa ngi ci man,
ndaxte moo ma tànn,
ngir ma yégal néew doole yi xibaaru jàmm bi.
Dafa maa yónni,
ngir ma yégal jaam ñi ne dinañu léen goreel,
yégal gumba yi ne dinañu gis,
te jot ñi ñu not,
tey yégle atum yiw, mi jóge ci Boroom bi. »

---

[154] **Lu 4:15 *jàngu ya***: Israyil, genn këр Yàlla rekk la amoon. Foofu doŋŋ lañu sañoon, ñu def sarax. Waaye ca dëkk yu sore Yerusalem, yu amoon lu ëpp 10 boroom kër yu Yawut yu góor, daan nañu tabax ab jàngu. Foofu lañu daje ngir màggal Yàlla, di jàngal seeni doom diine. Jàngu bu nekk amoon na lenn njiit ak ay mag ya sàmm lépp ak keneen ku yégle ndoortel ak mujug bésub noflaay ba ak liit, denc téere Yàlla ya, di toppatoo jàngu ba.
Jàngu ya daan nañu def ñeenti-koñ (rektàngel) te ñu tabaxe léen doj. Ca biir, ca wetu ñett ca miir ya yett nañu ay baŋ. Boroom maana ya daan nañu toog ca toogu yu yiw. Yaakaar nañu ñu bare toog ca suuf ca ay basaŋ. Ca biir jàngu ba góor ak jigéen bokkuñu fu ñu toog. Ñaari raŋu kenuy doj nekkoon ca digg ba yu téye kaw ga. Rax ak der lu weex te dëgër la. Seetal nataal 5.
Ca bésub noflaay daje nañu teel toog ba digg-bëccëg ngir màggal Yàlla. Daan nañu woy Yàlla, tari ay ñaan, jàng ca téere Musaa ak ca téere yonent ya, xutba te su fekkee ne ab sarxalkat bokkoon na ca mbooloo ma, mu barkeel léen. Daan nañu taxaw ngir jàng Kàddug Yàlla, toog ca siis bu ñu wax jalu Musaa ngir jàngle. Ku nekk ku am mën-mën sañoon na jàng Kàddug Yàlla walla jàngle. Dogal nañu ban jukki lañu jàng ca téere Musaa ya waaye ki jàng ca téere yonent ya tànnoon na boppam lu mu jàng. Ndegam lu ëpp dégguñu lakku ebrë, firiwaale nañu aaya ya benn-benn ca arameyni walla gereg.
Binde nañu téere Yàlla yi loxo ca kayit yu gudd lool, yu ñu taxañ ngir denc. Denc nañu léen ca ag gaal, génne léen ngir seen màggal rekk.
Tey ji ca dëkku Nasaret am naa benn egliis ca kaw lu waxu aada ne mooy jàngub Yawut ba ca jamono Yeesu. Te cosaankat ya tabax nañu ca benn jàngub Yawut ca wetu Nasaret ngir dimbali nit ñi xam ni ñu meloon. Yaakaar nañu ne niroo na tembe jàngu yu amoon ca jamono Injiil.

[155] **Lu 4:16 *Nasaret***: Seetal leeral 23 (Lu 1:26, wàll 6, page 22).

[156] **Lu 4:17 *yonent Yàlla Esayi***: Seetal leeral 85 (Lu 3:4, wàll 16, page 45).

[157] **Lu 4:18-19** Yeesu jukki na ko ci Esayi 61:1–2, roof ci biir genn kàddu gu jóge ci Esayi 58:6.

Bi mu jàngee aaya yooyu ba noppi, mu ub téere bi, delloo ko ki koy denc, toog.

Ñépp ña nekkoon ca jàngu ba dékk koy bët. Noonu mu daldi ne: « Tey jii, loolu Mbind mi wax mat na, bi ngeen koy déglu. » Ñépp di seede lu rafet ci Yeesu, di waaru ci wax ju neex, ji mu doon yégle, ñu naan: « Ndax kii du doomu Yuusufa[158]? »

Mu daldi léen ne: « Xam naa ne dingeen ma ne: “Fajkat bi, fajal sa bopp. Yég nanu li xew Kapernawum[159], defal lu ni mel fii ci réew mi nga dëkk.” » Mu tegaat ca ne: « Ci dëgg maa ngi leen koy wax, ab yonent kenn du ko teral ca réewam. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, ca jamonoy Ilyaas, bi mu tawul lu mat ñetti at ak genn-wàll, te xiif bu metti am ca réew mépp, amoon na ca Israyil jigéen yu bare yu seen jëkkër faatu. Moona Yàlla yónniwul Ilyaas[160] ci kenn ci ñoom, waaye mu yebal ko ci jigéen ju jëkkëram faatu, ju dëkk Sarebta[161], ca wetu Sidon. Te it amoon

---

[158] **Lu 4:22 *Yuusufa***, jëkkëru Maryaama ndeyu Yeesu la woon. Yaakaar nañu ne gaañu na diggante bés bi Yeesu amoon 12 at ak bés bi Yeesu tàmbali liggéeyam. Waaye xam nañu ko ba tey ca Nasaret.

[159] **Lu 4:23 *Kapernawum***: Luug waxul lan moo xewoon Kapernawum. Seetal leeral 126 (Yow 2:12, wàll 23, page 60) ngir gëna xam ni Kapernawum meloon.

[160] **Lu 4:25-26 *yonent Yàlla Ilyaas***: Yonent bu mag la woon, ci nguuru buuri Israyil, Akab (874-853 j.K.) ak Akasiyas (853-851 j.K.), bu jiitu jamonoy Kirist ci juróom-ñetti téeméeri at. Bind na Yoram, buur ci réewu Yuda ci 2Ch 21:12-15 waaye bindul téere. Def na ay kéemaan, te jànkoonte na ak yonentu Baal yi. Ilyaas jaarul ci dee. Yàllaa ko yóbbu ca moom ci biir callweer. Yonent Yàlla Malasi yégle na ne Ilyaas dina dellusi ci suuf ngir yégle ñëwu Almasi bi. Man nga jàng jalooreem ci 1Ki 17:1-19:21; 2Ki 1:1-2:18. Taalibeem Alyaasa moo ko wuutu.
Ci Injiil Ilyaas feeñuwaat na ci Yeesu ànd ak Musaa (Mc 17:1-8; Mk 9:2-8; Lu 9:28-36). Yeesu nee na yégleb yonent Yàlla Malasi (Mal 4:5-6) bu wax ne Ilyaas wara dellusi amoon na ci Yonent Yàlla Yaxya (Mc 11:14; 17:10-13; Mk 9:11-13).
Yàlla àtte na Israyil ca jamono Ilyaas, mu ñaan Yàlla ba taw laalul suuf ci diirub ñetti at ak genn-wàll. Xiif bu metti am, fekkuñu ndox fenn, te buur ba dafa wut Ilyaas ngir rey ko. Ci bu jëkk Yàlla moo ko sant mu làquji ca xuntim Kerit ma ca penkub dexu Yurdan, te jox na ndigal baaxoñ yi ñu ko dundal. Bi ndoxum xur wa ŋiisee, mu sant Ilyaas mu dem dëkku Sarebta ca jenn jigéen ju jëkkëram faatu. Fekk ne jigéen jooju amul woon dara lu moy bar ci loxob ca njaq ak diw gu tuut cib tax. Yàlla def na kéemaan ba tax njaqu sunguf ak taxub diw jeexuñu woon ay at ba keroog bés ba mu taw. Beneen bés Ilyaas dekkal na doomu jigéen jooju ci ñu dee. Man nga ko jàng ca 1 Buur yi 17:8-24. Seetal leeral 103 (Yow 1:21, wàll 20, page 51).

[161] **Lu 4:26 *Sarebta***: Dëkk la woon, bu am teeru ci diiwaanu Fenisi. Nekkoon na 13 kilomet ca bëj-saalumu Sidon te 22 kilomet ca bëj-gànnaaru Tir. Tey jii, dëkk bi tudd Sarafand moo nekk ca bérabam. Dëkku waa Fenisi la woon, maanaam ñu dul Yawut.

na ca Israyil, ca jamonoy yonent Yàlla Alyaasa[162], ay nit ñu bare ñu gaana. Waaye fajul ci kenn ku dul Naamaan[163], mi dëkkoon réewu Siri. »

Bi ñu déggee wax yooya, ñépp ña nekkoon ca jàngu ba daldi fees ak mer. Noonu ñu jóg, génne ko dëkk ba, yóbbu ko ca mbartalum tund[164], wa ñu sanc seen dëkk, ngir bëmëx ko ci suuf. Waaye moom mu jaar ci seen biir, dem yoonam.

### 31. Yeesu dem na Kapernawum (Mc 4:13-17; Mk 1:14-15; Lu 4:31)

*Anam yi: Bi waa Nasaret bañee Yeesu, Yeesu dem na sanc dëkku Kapernawum ca dexu Galile. Diggante Nasaret ak Kapernawum tolluwoon na ci 32 kilomet.*

[Mc] Gannaaw gi, mu toxoo dëkku Nasaret[165], dem dëkk Kapernawum[166], [Lu] ab dëkk ca diiwaanu Galile, [Mc] bi féeteek dex ga ci diiwaani Sabulon ak Neftali[167].

---

[162] **Lu 4:27 *Alyaasa***: Yonent la woon, bu donnoon yenu yonent Yàlla Ilyaas. Man nañu jàng ci jalooreem ci 1Ki 19:19-21; 2Ki 2:1-2; 3:11-20; 4:1-8:15; 9:1-3,36-37; 13:14-21.

[163] **Lu 4:27 *Naamaan***: Njiital xareb buuru Siri la woon ca jamonoy yonent Yàlla Alyaasa, waaye dafa gaana woon. Surgab jabaram jenn waa Israyil la woon. Mu wax Naamaan ne am na yonent ca dëkku Samari ku mana faj ngaanaam. Naka noonu, Naamaan dem wax Buur Siri, ku ko yónnee buuru Israyil, ànd ak bataaxal buy ñaan ko mu faj jàngoroom. Akab, ku gëmul Yàlla, xotti na mbubbam ndax amul woon pexe. Alyaasa dégg ko, yónni ca moom, sant mu yónni Naamaan ca moom.
Naamaan ànd aki fasam aki watiiram, dikk taxaw ca buntu kër Alyaasa. Waaye Alyaasa nuyuwu ko sax. Mu yónni ndaw ca moom sant mu dem sanguji juróom-ñaari yoon ca dexu Yurdan ngir wér. Naamaan mer ba bañ. Waaye surgab jabaram lay ak moom ba mu dem sanguji ca dexu Yurdan, ba noppi wér. Man nga ci jàng ci 2Ki 5:1-27.

[164] **Lu 4:29 *mbartalum tund***: Ca jamono Injiil nguuru Room mayul Israyil sañ-sañ ñu mana àtte nit, teg ko dee, ndeke daan nañu ko def. Lu ñu daan def mooy wut ab mbartalum tund, bëmëx ko ci suuf ba ñu tiim ko, ba noppi sànni ko ay doj lu tollu boppu nit, ba mu dee.
Nasaret nekkul woon ca njobbaxtalu tund wa waaye ca wetam la woon. Ca nor, ca sowu ak ca penku, amoon na tund yu tiim dëkk bi beneen 100 meetar ca kaw niwo géej. Ca sudd am na xunti bu xat buy ubbi ca jooru Yisreel. Ca wetu dëkk ba am na ay mbartalum tund fa nga mana daanu 10 ba 20 meetar.

[165] **Mc 4:13 *Nasaret***: Seetal leeral 23 (Lu 1:26, wàll 6, page 22).

[166] **Mc 4:13; Lu 4:31 *Kapernawum***: Seetal leeral 126 (Yow 2:12, wàll 23, page 60).

[167] **Mc 4:13 *Sabulon***, diiwaan bi Musaa mayoon giiru Sabulon la, mooy diiwaan ca penku dexu Galile, ñu samp fa ca jamono Yosuwe. Ca jamono Injiil ja mooy wàllu diiwaanu Galile. Giiru Sabulon mooy genn ci giiri Israyil gu askanoo ci Sabulon, fukkeelu doomu

Noonu am la ñu waxoon, jaarale ko ci yonent Yàlla Esayi[168], bi mu naan[169]:

« Yaw réewum Sabulon ak réewum Neftali,
di yoonu géej gannaaw dexu Yurdan,
yaw Galile, réewum ñi dul Yawut[170]—
xeet wa nekkoon cig lëndëm, gis na leer gu mag,
ña dëkkoon ca réew, ma dee gi tiim, leer fenkal na léen. »

Mc Booba Yeesu tàmbali di waare Mk xibaaru jàmm bu Yàlla bi, naan: « Jamono ji mat na, nguuru Yàlla jegesi na; tuubleen seeni bàkkaar te gëm xibaaru jàmm bi, Mc ndaxte nguuru Yàlla Aji Kawe ji jegesi na. »

### 32. Yeesu tànnoon na ñeenti taalibe (Mc 4:18-22; Mk 1:16-20)

*Anam yi: Lii ma nga xewewoon ba tey ca wetu dëkku Kapernawum.*

Mc Gannaaw loolu Yeesu doon dox ca tefesu dexu Galile[171], mu gis fa ñaar

---

Yanqóoba. ***Neftali***, diiwaan bi ñu mayoon giiru Neftali. Mooy diiwaan ca sowu dexu Galile ak dexu Yurdan bu nekk ca bëj-gànnaaru dexu Galile. Maanaam bokk na itam ca diiwaanu Galile ca jamono Injiil ja. Giiru Neftali mooy gu askanoo ca Neftali, juróom-benneel doomu Yanqóoba. Waa Sabulon ak waa Neftali mujjuñoo dàq ñu dul Yawut ña fa dëkkoon. Dëkku Nasaret bokkoon ca Sabulon te dëkku Kapernawum bokkoon ca Neftali. Seetal kartu Sabulon ak Neftali (kart 14).

[168] **Mc 4:14 *Esayi***: Seetal leeral 85 (Lu 3:4, wàll 16, page 45).

[169] **Mc 4:15-16** Jukki nañu ko ca Isa 9:1-2.

[170] **Mc 4:15 *réewum ñi dul Yawut***: Ca atum tubaab 732 j.K. Yàlla àtte na nguuru Israyil (maanaam nguur ga ca bëj-gànnaar gannaaw bi Israyil xàjjalikoo ñaar ca jamono buur ba Robowam, mooy diiwaani Samari ak Galile ca jamono Injiil). Waa Asiri ñëw nañu tas réew mi, di yóbbaale waa réew mi seen réew, indi yeneen xeet ca réewu Israyil samp léen fa. Yàlla àtte na itam nguuru Yuda, waa Babilon ñëw yóbbaale léen Babilon. Bi waa Yuda dellusee ñu bare ca ñoom samp Galile. Te ca 150 at yu jiitu jamono Kirist buuri Israyil yi ñu tudd Asmoneen tàmbalee samploo ay Yawut yu bare fa. Naka noonu ca jamono Injiil fekk nañu ne ay milyoŋ nit ñoo fa dëkk —ay Yawut ak ay ñu dul Yawut— ndegam diiwaan bu gëna naat la. Ñu dul Yawut moo wëroon Galile — waa Fenisi ca sowu, Waa Siri ca nor ak penku, waa Samari ca sudd. Su nu dolli ne yoonu jaaykat yu mag jaar nañu na, man nañu gis ne moo tax ñu tudd Galile, réewum ñi dul Yawut. Te ca Galile googu la xelu Yawut ya fa dëkk gëna ubbiku ca xalaat yu bees.
Li ñu firi yoonu géej gannaaw dexu Yurdan, Galile, réewum ñi dul Yawut ci Esayi 9:1 mooy turu ñetti diiwaan yi nguuru Asiri defoon noru Palestiin gannaaw ga ñu noot léen.

[171] **Mc 4:18; Mk 1:16 *dexu Galile***: Mooy dex gu màgg ci diiwaanu Galile. Guddaay ba 21 kilomet la, yaatuwaay ba gëna yaa 11 kilomet la. Niwo ndox mi nekk na 211 meetar ci suufu niwo ndoxu géej gi. Dexu Yurdan moo ko jàll ci bëj-gànnaar ba ci bëj-saalum. Dañuy

ñu bokk ndey ak baay, mooy Simoŋ[172] mi ñuy wax Piyeer, ak Andare[173] Mk rakkam. Mc Fekk ñuy sànni seen caax ca dex ga, ndaxte ay nappkat[174] lañu woon. Yeesu ne léen: « Ñëwleen topp ci man, ma def leen nappkati nit. » Ca saa sa ñu daldi bàyyi seeni mbaal topp ci moom.

Ba Yeesu demee ba ca kanam, mu gis yeneen ñaar ñu bokk ndey ak baay,

---

tudde dexu Galile itam dexu Senesaret (Lu 5:1); dexu Tiberyàdd (Yow 21:1) ak dexu Kineret (Nu 34:11; Jos 12:3). Amoon na 9 dëkk yu wër dex ga, ak 16 teeru gaal ya. Seetal kart 15.

172 **Mc 4:18; Mk 1:16 *Simoŋ Piyeer***: Seetal leeral 113 (Yow 1:40, wàll 21, page 54).

173 **Mc 4:18; Mk 1:16 *Andare***: Benn ci fukki taalibe Yeesu ya ak ñaar la woon, di rakku Simoŋ Piyeer. Ñu bokk ndey ak baay. Nappkat bu bawoo ca dëkk bu tudd Betsayda ca diiwaanu Galile la woon. Bala mu topp ci Yeesu nekkoon na taalibe Yaxya.

174 **Mc 4:18; Mk 1:16 *napp ca jamono Yeesu***: Peppum bele walla peppum lors ak jën la waa Palestiin daan lekk bés bu nekk. Tamit daan nañu denc jën ak xorom walla def ko géjj, ba noppi jaay ko ci biti réew mi. Naka noonu napp liggéey bu am solo la woon. Waas ak xeetu jën bu niroo yaabóoy bokkoon nañu ca la ñu faraloona jàpp.
Gaal yu bare lool daan nañu jàll dex ga, diggante 9 dëkk ya ko wër. Dexu Galile guddaay 21 kilomet la am ak yaatuwaayu 12 kilomet. Soo doxee tànk ba wër dex ga, dinga dox 50 kilomet.
Dafa siiw ndax ngëlaani yu bett ya jóg ndax jànj yu kawe lool yu ko wër. Ca kaw tund ya dafa sedd waaye ca niwo dex ga dafa tàng te guus ba tax ngelaw lu am doole wàcc ca kaw dex ga. Duus ya man nañu egg 3 meetar.
Fekk nañu ca dexu Galile 16 teeru ya amoon ca jamono Injiil. Teeru yooyu, tabax nañu léen ak ay doj yu réy ba def ay miir bu dëgër ci biir géej gi ngir aar gaal yi ca duus yi ak ngelaw li. Benn-benn ca ñoom amoon na ab tali doj bu gudd ca booru géej. Ci misaal teeru Kapernawum amoon na tali bu tollu 800 meetar, bu Gadara 500 meetar, te bu Magadan 200 meetar.
Ca jamono Yeesu niwo dex ga ëppoon na benn meetar bu gëna suufe niwo dex ga ñu gis tey ji. Tamit booru dex ga ca jamono Injiil nekkul woon fu ñu ko fekk tey ji. Lu tollu 50 meetar ci biir dexu tey ji la woon. Moo tax ca fan yii rekk lañu fekkoon teeru ya, benn at bu dex ga wàccee ndax bekkoor bi amoon.
Daan nañu ràbb caax ya ak buum yu jóge ca gàncax ga ñuy defare wëñ gu ñu ëcc ba sew gu ñu tudde 'le'. Amoon nañu ay xeeti caax yu mel ni yi ñu am ci Senegaal tey ji : mbaalum-sànni, mbaalum-gubbal ak mbaalum-laaw. Daan nañu sànni oos di kajj itam.
Ci atum tubaab 1986 g.K. fekk nañu ca banu dexu Galile ag gaal gu ñu yettoon ca jamono Kirist. Defar nañu gaal ga ak dénki garabu seedar ak xeetu garab gu ñuy wax seen. Guddaay 8 meetar la ak yaatuwaayu 2,3 meetar. Amoon na ab wiir, ak palaas ngir 4 nit man nañu joow, ak keneen ku ko jëme. Manoon na yóbbaale lu ëpp 1000 kilo jën walla fukki nit. Seetal nataal 6.
Lu ëpp ca liggéeyu Yeesu ci diiwaanu dexu Galile la woon ci biir nappkat ak dëkki nappkat yi. Moo tax waxam fésoon na dell ak waxu napp.

ñuy Saag[175] doomu Sebede, ak Yowaana[176] rakkam. Ñu nekk ci seen biir gaal ak Sebede seen baay, di defar seeni mbaal. Noonu Yeesu woo léen. Ca saa sa ñu daldi bàyyi [Mk] seen baay Sebede ci gaal gi, moom ak surga ya, tey topp ci moom.

---

[175] **Mc 4:21; Mk 1:19** ***Saag*** doomu Sebede, ndawu Kirist te magu Yowaana la. Dàkkentale nañu ko Saag mu mag ngir wuutale ko ak Saag, doomu Alfe, mooy Saag mu ndaw. Yeesu moo wooye Saag ak Yowaana Bowanerses, mu tekki 'Ñi aaytal ni dënnu gi' (Mk 3:17). Nappkat la woon ca dexu Galile, mu bokk liggéey ak baayam ak rakkam, tamit ak Piyeer ak Andare. Yeesu woo na ko ca wetu dexu Galile (Mc 4:18-22; Mk 1:16-20; Lu 5:1-11). Loolu amoon na lu tollu menn at bala Yeesu tànn ci taalibeem yi fukk ak ñaar ya (Mc 10:1-4; Mk 3:13-19; Lu 6:12-19). Ci biir fukk ak ñaar yi amoon na ñett ñi gëna jege Yeesu (Saag, Yowaana ak Piyeer). Saag bokk na ca ñett yi ni ñu ko gise bi Yeesu dekkalee woon benn xale (Mk 5:37-43; Lu 8:51-56); soppalikoo ca kaw tund wa (Mc 17:1-8; Mk 9:2-9; Lu 9:28-36); ak ci toolu Setsemane (Mc 26:36-46; Mk 14:32-42). Erodd Agaripa I moo ko rey ak jaasi (Jëf 12:1-2) ca 44 g.K..

[176] **Mc 4:21; Mk 1:19** ***Yowaana***: Benn ci 12 ndawi Yeesu ya la, doomu Sebede ak Salome, di rakku Saag. Ñu gën a bare ci boroomi xam-xam yi yaakaar nañu ne Salome doomu ndeyu Maryaama, yaayu Yeesu la woon, ndax li ñu gis ci Mc 27:56; Mk 15:40; Yow 19:25. Naka noonu, Yowaana doomu ndey-ju-ndawu Yeesu la woon. Ay waajuram amoon nañu xaalis ndaxte amoon nañu ay surga (Mk 1:20). Yowaana moo bind juróomi xaaji Téereb Injiil: maanaam Yowaana, 3 bataaxal yi am turam ak Peeñu ma. Yeesu moo wooye Saag ak Yowaana Bowanerses, mu tekki 'Ñi aaytal ni dënnu' xëy-na ndaxte dañu tàngoon bopp (Mk 3:17). Nappkat la woon ca dexu Galile, mu bokk liggéey ak baayam ak rakkam, tamit ak Piyeer ak Andare.
Ci biir fukk ak ñaar yi amoon na ñett ñu gëna jege Yeesu — Yowaana, Piyeer ak Saag. Yowaana bokk na ca ñett ñi ni ñu ko gise bi Yeesu dekkalee benn xale (Mk 5:37-43; Lu 8:51-56); soppalikoo ca kaw tund wa (Mc 17:1-8; Mk 9:2-9; Lu 9:28-36); ak ci toolu Setsemane (Mc 26:36-46; Mk 14:32-42). Ci biir ñett ñi, Yowaana moo ci gëna jege Yeesu ba tax ñu tudde ko 'ka Yeesu bëggoon' (Yow 13:23-25; 20:2; 21:7,20). Benn yoon, Saag, Yowaana ak seeni yaay ñëw nañu ca Yeesu ngir ñaan ko mu may leen palaas ca wetam ca nguuru Yàlla (Mc 20:20-28; Mk 10:35-45).
Ci taalibe Yeesu yi, ci Yowaana rekk la Injiil seede ne gis na ñu daaj Yeesu ca bant ba. Gannaaw ga yoroon na Maryaama, yaayu Yeesu ca këram (Yow 19:25-27). Pool moo ko teg ci kenuy mbooloo ma ca Yerusalem (Gal 2:9) daanaka 20 at gannaaw deewu Kirist. Am bés gannaaw ba waa Room ñëwee tas dëkku Yerusalem, Yowaana dem na sampuji ca dëkku Efes fa mu jàngalee ay at yu bare. Ci suufu Buuru Room Sesaar Domikan fuñ nañu ko ca dunu Patmos. Foofu la amoon peeñu bi mu bind ci téere Peeñu ma. Bi Domikan deeyee Yowaana dellusi na Efes mu nekk fa ba dee. Dee na, bi mu màggatee ba kumur, ca nguuru Buuru Room Tarajan mi tàmbali woona nguuru ci atum 98 g.K..

### 33. Yeesu faj na ku ànd ak rab (Mk 1:21-28; Lu 4:31-37)

Mk Gannaaw loolu ñu dem Kapernawum[177]. Ca bésub noflaay nag Yeesu daldi dugg ci jàngu bi[178], di léen jàngal. Te ñu waaru ca njàngleem, ndaxte jàngal na léen ak sañ-sañ bu seeni xutbakat[179] amul.

Lu Noonu am na ci jàngu bi nit ku rab jàpp[180]. Mu daldi xaacu ne: « Moo! Yaw Yeesum Nasaret, loo nuy fexeel? Ndax dangaa ñëw ngir alag nu? Xam naa la, yaa di Aji Sell ji jóge ci Yàlla! »

Mk Waaye Yeesu gëdd ko naan: « Noppil te génn ci moom! »

Noonu rab wi daldi sayloo nit ki Lu ci suuf ci kanam ñépp, Mk te génn ci moom ak yuux gu réy Lu te gaañu ko.

---

[177] **Mk 1:21; Lu 4:31 *Kapernawum***: Seetal leeral 126 (Yow 2:12, wàll 23, page 60).

[178] **Mk 1:21; Lu 4:31 *jàngub Kapernawum***: Ca Kapernawum fekk nañu jàngub Yawut bu ñu tabaxoon daanaka 3 xarnu gannaaw jamono Yeesu. Ca suufam am na beneen tabax bu ñu tabaxe basaltë. Yaakaar nañu ne mooy jàngub Yawut bu njiitu mbooloom xarekati Room tabaxoon (Lu 7:5) te fu Yeesu doon jàngle. Seetal itam jàngu ya ca leeral 154 (Lu 4:15, wàll 30, page 74).

[179] **Mk 1:22 *Xutbakat***: Seetal leeral 57 (Mc 2:4, wàll 12, page 36).

[180] **Mk 1:23; Lu 4:33 *ku rab jàpp***: Gis nañu ci Injiil ñu bare ña rab jàppoon. Te terewul nit ñooñu bokk ca jàngu ya. Kàddug Yàlla dafa nuy jàngal ne rab ya, ay malaaka ya Yàlla sàkkoon lañu woon, yi àndoon nañu ak Ibliis, bañ kilifteefu Yàlla. Amul yu baax. Yu bon rekk la am. Ca jamono Yeesu ñu bare gëm nañu ne rab mooy xelu nit ku faatu. Injiil nee na sarax yi xërëmkat yi di rendi, ay rab lañu ko jagleel (1Ko 10:19-20).
Rab ya man nañu jàpp nit walla mala. Man naa tax nit feebar (Lu 9:39; 11:14; 13:10-13). Man nañu may nit kàttan walla xam-xam (Mk 5:4; Jëf 16:16). Xel yu bon ya, maanaam jinne walla rab man nañu sonal nit, ca jamono jooju ak sunu jamono. Ca jamono Yeesu amoon na ña la jéema dàq — tariyaax yu Yawut ak yu dul Yawut. Daan nañu jëfandiku seeni xarxafuufa — ay téere, walla fas, walla ñu tari jenn wax ju bokk ci seen xam-xamu baatin, maanaam ay jat, yeneen def ay jëf ni roof benn reenu garab bu xasaw ca biir bakkanu ka rab jàppoon, yeneen tudd turu kenn ku ñu yaakaaroon ëppoon na doole rab wa — maanaam am xel mu am doole, jenn ci li ñu tegoon yàlla walla nit ku siiw ndax kàttan ngir dàq rab. Ca jamono Yeesu buur ba Suleymaan siiwoon na lool ca ni mu mane woona noot jinne. Yaakaaroon nañu ne itam su ñu xamee turu rab, may na léen ñu man koo noot. Yeesu deful dara lu mel ni ñoom. Moom mu sant ñu dem, te ñu daldi dem. Bokkoon na ca lu tax ñépp waaru.
Ña déggoon nettali bi ca jamonoom xalaat nañu ne rab wa wut naa am pexe ca Yeesu. Moo tax mu tudd turam. Waaye rab awa mënul dara ci moom.
Yoonu Musaa dafa araamal lépp lu bokk ci jëfi Seytaane; mooy gisaane yépp: di listikar, tëddale, tani; mooy xam-xam bu ñuul yépp: di liggéey, jat, jibar, kort, luxus, mbind, ndëmm, noob, saafara, sëriñtu, siru, tul, wooj ak wootal, xalwa, xala, xarbaax, ak xërloo. Kiss, mocc, ak lugg man nañu ci bokk sax (De 18:10-14; Eze 13:20; Pe 21:8). Terewul ay Yawut bokk ci.

Bi loolu amee ñépp waaru, Mk ba laajante, Lu ñuy waxante ci seen biir naan: Mk « Kii mooy kan? Lu Céy jii wax! Mk Mii njàngale lu bees la te ànd ak sañ-sañ. Lu Ci sañ-sañ ak doole lay sant rab yi sax, ñu Mk di ko déggal, Lu daldi génn.»

Mk Noonu turam daldi siiw ci diiwaani Galile gépp.

### 34. Yeesu faj na jarag yu bare ba noppi wër diiwaanu Galile gépp (Mc 8:14-17; Mk 1:29-39; Lu 4:38-44; Mc 4:23-25)

*Anam yi: Yeesu ak ay taalibeem ñu ngi ci Kapernawum ba tey.*

Lu Bi mu jógee ci jàngu bi, Yeesu dafa Mk ànd ak Saag ak Yowaana, Lu dem kër Simoŋ[181] Mk ak Andare. Fekk gorob Simoŋ bu jigéen tëdd wopp[182], Lu ba yaram wi tàng lool. Ñu naan Yeesu, mu dimbali léen ci.

Mk Mu ñëw nag ci moom. Mc Bi mu ko gisee, Lu mu randusi, tiim ko, gëdd tàngoor wi, mu dem. Mk Mu jàpp loxoom, yékkati ko. Lu Noonu tàngoor wi wàcc, soxna si jóg ca saa sa, di léen topptoo.

Mk Ca ngoon sa nag, bi jant sowee[183], Lu ñu indil Yeesu ñi wopp ñépp ak ay jàngoro yu wuute, Mc ak ñu bare ñu rab jàpp, Mk ba dëkk bi bépp dajaloo

---

[181] **Mc 8:14; Mk 1:29; Lu 4:38 *kër Simoŋ Piyeer***: Ca atum tubaab 1968 cosaankat ya gas suuf fekk nañu genn kër ca diggu Kapernawum lu ñu wax mooy këru Simoŋ Piyeer. Li cosaankat ya gisoon mooy nit ñi soppi nañu kër googu ay fukki at gannaaw deewu Kirist. Rax nañu miir ya te dër nañu suuf sa. Ca rax ga nit ñi bind nañu ca làkku gereg, làkku waa Room ak làkku siriyak lu jëm ci Yàlla, ak Kirist. Te gis nañu fa lu jëm ca Piyeer itam. Gisuñu ca kër googu yëfi kër yu ñu gisoon ca yeneen kër yu ko wër lu dul làmp yu bare, ba ñu xam ne dajewaay la woon. Daanaka 3 téeméeri at ca gannaaw, defaraat nañu kër ga. Dëgëral nañu miir ya te defaraat ca kaw taax ak doj. Daanaka gannaaw beneen téeméeri at tabax nañu benn egliis ca kawam ba ëmb ko lépp. Bérabu siyaare la woon. Ca wetu kër googu la jàngub Yawut ba nekkoon. Tas nañu egliis ba ak jàngu ba bala atum tubaab 629.

[182] **Mc 8:14; Mk 1:30; Lu 4:38 *tëdd wopp ba yaram wi tàng lool***: Ca jamono Yeesu ñu bare gëm nañu ne yaram wi tàng feebar moom ci boppam, du màndargam feebar rekk ni ñu xam tey ji. Gëm nañu ne itam rab, walla sëriñtu man naa tax, walla mu nekk mbugalu Yàlla te Yàlla rekk moo ko mana dindi. Xutbakat ya daan naa tere nit ñu laal kenn ku am yaram wi tàng. Waaye Yeesu laal na ko ba tey.

[183] **Mk 1:32; Lu 4:40 *bi jant sowee***: Bés bi Yeesu dàq rab wa ca jàngu ba bésu noflaay la woon. Bésu noflaay ca timis àjjuma ba timis samdi la. Yoonu Musaa tere na liggéey ca bésu noflaay. Te ca jamono Yeesu dox fu gëna sore benn kilomet kër ga, faj nit, walla yen lu ëpp diisaayu ñaari doomu figg. Naka noonu mënuñu indi ña wopp ca Yeesu ca bésu noflaay. Moo tax ñu xaar ba jant so.

ci buntu kër gi. [Lu] Kenn ku nekk mu teg la loxo, wéral la. [Mc] Yeesu dàq rab ya ak kàddoom [Lu] Te it ay rab di génn ca nit ña, te di yuuxu naan: « Yaay Doomu Yàlla! » Noonu mu gëdd léen, te mayu léen, ñu wax dara, ndaxte xam nañu ne, mooy Almasi bi.

[Mc] Loolu mu def, def na ko, ngir la ñu waxoon jaarale ko ci yonent Yàlla Esayi am, bi mu naan[184]: « Fab na sunuy wopp, gàddu sunuy jàngoro. »

[Lu] Ca njël gu jëkk [Mk] laata bët di set, Yeesu [Lu] génn, dem ca bérab bu wéet, [Mk] di fa ñaan Yàlla. Simoŋ nag ak ñi ànd ak moom di ko seet fu nekk. Bi ñu ko gisee, ñu ne ko: « Ñépp a ngi lay seet. » Waaye Yeesu ne léen: « Nanu dem feneen ci dëkk yi nu wër, ma waare fa itam, ndaxte moo tax ma génn. »

[Lu] Mbooloo ma di ko seet. Bi ñu ko gisee, ñu koy wuta téye, ngir bañ mu dem. Mu ne léen: « Damaa wara dem ci yeneen dëkk yi, ngir yégle xibaaru jàmm bi ci nguuru Yàlla, ndaxte looloo tax ñu yónni ma. » [Mk] Noonu mu wër ci diiwaanu Galile gépp[185], di waare ci seeni jàngu [Lu] ca réewu Yawut ya, [Mc] tey yégle xibaaru jàmm bi ci nguuru Yàlla; muy faj jàngoro yépp ak wéradi yépp ca nit ña, [Mk] tey dàq rab yi, [Mc] ba tax turam siiw ba ci biir réewu Siri mépp. Ñu di ko indil ñi wopp ñépp, ñi sonn ndax ay jàngoro ak metit yu bare, ñi rab jàpp, ñiy say ak ñi làggi, mu faj léen. Noonu mbooloo mu bare topp ci moom, jóge ci wàlli Galile ak diiwaan bi ñuy wax Fukki dëkk yi, ci dëkku Yerusalem ak ci diiwaanu Yude, ba ci gannaaw dexu Yurdan.

### 35. Yeesu jàngal na ay taalibeem ca tund wa (Mc 5:1-7:29)

*Anam yi: Xamuñu ban tund la Yeesu yéegoon bu dul ci diiwaanu Galile. Xëy-na wenn ca tund ya nekk ca bëj-gànnaaru dëkku Kapernawum la woon.*

---

184 **Mc 8:17** Jukki nañu ko ca Isa 53:4. Esayi saar 53 lépp dafay wax ca jaamu Yàlla bi nara ñëw dee ngir bàkkaari àddina si, mooy Almasi bi.

185 **Mc 4:23; Mk 1:39** ***Galile gépp***: Guddaayu diiwaan bi lu tollook 60 kilomet la woon te yaatuwaayam doon 40 kilomet. Soo nekkee ci biir Galile ñaari fan doy na nga àgg bépp dëkku Galile. Galile am na ñaari wàll — wi ci kaw ak wi ci suuf. Diiwaan bu bare tund te naat la. Ca jamono Yeesu amoon na lu ëpp 200 dëkk ca Galile waaye Injiil dafa tudd 10 rekk yi Yeesu ganesi woon te tuddul ñaari dëkk yu gëna am solo — mooy Tiberyàdd ak Sepforis. Seetal kart 16.

Mc Bi Yeesu gisee mbooloo ma nag, mu yéeg ca tund wa[186], toog[187]; taalibeem ya ñëw ci moom. Mu daldi léen jàngal naan:

**Barkeel gu Wóor gi** (Mc 5:3-12)

Mc « Yéen ñi xam seen ñàkk doole ngir neex Yàlla, barkeel ngeen[188], ndaxte nguuru Yàlla Aji Kawe ji, yéena ko yelloo.
Yéen ñi nekk ci naqar, barkeel ngeen, ndax dees na dëfal seen xol.
Yéen ñi lewet, barkeel ngeen, ndax dingeen moomi àddina[189].
Yéen ñi xiif te mar njub, barkeel ngeen, ndax dingeen regg.
Yéen ñi am yërmande, barkeel ngeen, ndax dees na leen yërëm.
Yéen ñi am xol bu sell, barkeel ngeen, ndax dingeen gis Yàlla.
Yéen ñiy wut jàmm, barkeel ngeen, ndax dees na leen tudde doomi Yàlla.
Yéen ñi ñu fitnaal ndax seen njub, barkeel ngeen, ndaxte nguuru Yàlla Aji Kawe ji, yéena ko yelloo.

« Barkeel ngeen, bu ñu leen di saaga, di leen fitnaal, di leen sosal lépp lu bon ngir man. Bégleen te bànneexu, ndax seen yool dina réy ci laaxira. Ndaxte noonu lañu daan fitnaale yonent yi fi jiitu[190].

---

[186] **Mc 5:1** ***Tund wa***: Xamuñu wan tund la woon. Waaye ca wetu Kapernawum ak Korasin, wenn tund rekk moo am. Mooy tundu Eremos, ca diggante Kapernawum ak bérab bu ñuy wax Tabga, lu matul 2 kilomet fu sore Kapernawum. Ñetti téeméeri at gannaaw jamono Yeesu ba tey ji wax nañu ne mooy tund wa fa Yeesu waare, di fa siyaareji. Bérab bu yaatu la. Bi Paab San Pool ganesee na fa ca atum 2000 waajal nañu ko ngir teral 100.000 nit ! Am na ñeneen ñi xalaat ne tund wa mooy tundu Arbel ca gannaaw dëkku Magadan walla tundi Atin.

[187] **Mc 5:1** ***toog***: Xutbakat ya daan nañu toog ngir jàngle, seen taalibe toog itam ca seen wetu tànk.

[188] **Mc 5:3** Yoon bu ne ñu wax '***barkeel ngeen***' fii, moo li doon ca kanamu Yàlla. Sësul ci loo yég ci sa xol walla say anam.

[189] **Mc 5:5** Suuf mooy suuf si Yàlla digoon yonent Yàlla Ibraayma (Ge 12:7; 13:14-17; 15:7; 17:7,8). Seetal itam Ps 37:11.

[190] **Mc 5:12** Yawut ya daan na fitnaal seeni yonent.
– Asa Buuru Yuda tëj na yonent bu tudd Anani ca kaso ba, jéng ko ak càllala (2Ch 16:7-10).
– Yonent Yàlla Ilyaas daw na Akab buuru Israyil ku ko bëgga rey (1Ki 19:1-3). Bu xolam jeexee nee na « Damaa def sama mbëggeel gépp ngir Aji Sax ji, Yàlla ji mën lépp, ndaxte bànni Israyil fecci nañu sa kóllëre, daaneel nañu say rendikaayu sarax te rey nañu say yonent ci jaasi. Man rekk maa ci des, te ñu ngi wut a jël sama bakkan. » (1Ki 19:14)
– Tamit Buur Akab tëj na Yonent Yàlla Mikawu kaso (1Ki 22:15-28).

### **Xoromus àddina ak leeram** (Mc 5:13-16)

Mc « Yéena di xoromus àddina. Bu xorom[191] sàppee, nan lañu koy delloo cafkaam? Du jariñati dara, lu dul ñu sànni ko ci biti, nit ñi dox ci kawam. Yéena di leeru àddina. Dëkk, bu nekk ci kaw tund[192] du mana nëbbu. Te it duñu taal làmp[193], dëpp cig leget, waaye dañu koy wékk, ba muy leeral ñi nekk ci kër gi ñépp. Na seen leer leere noonu ci kanam nit ñi, ngir ñu gis seeni jëf yu rafet, te màggal seen Baay bi ci kaw.

### **Ni yoonu Musaa ak waxi yonent yi ame ci Yeesu** (Mc 5:17-20)

Mc « Buleen defe ne ñëw naa ngir dindi yoonu Musaa ak waxi yonent yi. Ñëwuma ngir dindi léen, waaye ngir ñu am ci man. Ndaxte ci dëgg maa ngi leen koy wax, li feek asamaan ak suuf wéyul, benn tomb walla benn rëddu araf du wéy mukk ci yoonu Musaa, ba kera yépp di am. Ku tebbi nag ba gëna tuuti ci ndigal yii, te ngay jàngal nit ñi noonu, dees na la tudde ki gëna tuuti ci nguuru Yàlla Aji Kawe ji. Waaye ku léen di sàmm, di léen digle, dees na la tudde ku mag ci nguuru Yàlla Aji Kawe ji. Ndaxte maa ngi leen koy wax, bu seen njubte ëppul njubteg xutbakat ya ak Farisen ya[194], dungeen tàbbi mukk ci nguuru Yàlla Aji Kawe ji.

---

– Yoas Buuru Yuda ba reylu na benn yonent Yàlla bu tudd Sakariya ca ëttu këru Yàlla (2Ch 24:20-21).
– Fitnaal nañu yonent Yàlla Yeremi fitna bu metti. Nangu nañu këram ak toolam (Jer 12:7-11); Yeew nañu ak càllala, di ko door ay yar ay yoon (Jer 20:1-3); tëj nañu ko kaso (Jer 32:2; 33:1; 37:11-21); jéem nañu ko rey ak yoon (Jer 11:19; 26:7-16; 36:26); sànni nañu ko ci ab teen te soxla woon 30 nit ngir génne ko ca ban ba (Jer 38:1-6).
– Te wax ja ca jamono Injiil mooy xar nañu yonent Yàlla Esayi ñaar te reyoon yeneen yonent ya.

[191] **Mc 5:13** ***xorom*** bu ñu amoon ca jamono dafa raxoon, maanaam mu boole lu xorome ak lu dul xorome. Lu xorome manoon na seey bàyyi lu dul xorome bu sàppi.

[192] **Mc 5:14** ***dëkk bu nekk ci kaw tund***: Am na ñi yaakaar ne Yeesu dafa xalaatoon ca dëkku Ipos bu nekkoon ca kaw ab tund ca penku dexu Galile 14 kilomet fu sore Kapernawum. Yomboon na ko seen su fekkee ne nga nekkoon ca Kapernawum.

[193] **Mc 5:15** ***làmp***: Làmp ya, làmpu diwlin lañu woon yi ñu defare xandeer. Defarkatu ndaa ya doon nañu léen wëndeel. Baraada bu ndaw lañu niroo woon, bu am pax ca kaw ngir feesal léen ak diwu oliw ga, ak bopp buy génne ca wet fu ñu roofoon mees ba. Ndegam làmp ya daan nañu xawa xóoy, daan nañu léen teg ca tegukaay làmp ngir néeg ba gëna leer.

[194] **Mc 5:20** ***Njubte Farisen ya ak xutbakat ya*** ca gis-gisu niti jamono ja Farisen ya ñoo doon ña gëna njub ca nit ña. Siiw nañu lool ndax sos nañu ay junni sàrt yu tàng di jéem léena topp ngir matal lépp lu nekk ci yoonu Musaa. Yeesu itam ca waare bii dafa diisal

### **Mere nit ak bóom ko, ñoo yem fa kanam Yàlla** (Mc 5:21-26)

Mc « Dégg ngeen ne waxoon nañu maam ya ne léen[195]: "Bul rey nit; ku rey nit, yoon dina la dab." Waaye man maa ngi leen di wax ne képp ku mere sa mbokk, dinañu la àtte. Ku wax sa mbokk: "Amoo bopp[196]," dinañu la àtte ca kureelu àttekat ya. Ku ko wax: "Alku nga," dinañu la àtte ci sawara. Booy yóbbu nag sa sarax[197] ca sarxalukaay ba, te nga fàttaliku foofa ne, sa mbokk am na lu mu la meree, nanga fa bàyyi sa sarax ca kanam sarxalukaay ba, nga jëkka dem, juboo ak sa mbokk, ba noppi dellu, joxe sa sarax.

« Gaawala juboo ak ki lay yóbbu, ngeen layooji, bala ngeena egg; ngir bañ ki ngay layool jébbal la àttekat ba, kooka jox la alkaati ba, ñu tëj la. Ci dëgg maa ngi la koy wax, doo génn foofa mukk te feyuloo dërëm bi ci mujj[198].

### **Ku xédd jigéen, njaaloo nga** (Mc 5:27-30)

Mc « Te it dégg ngeen ne waxoon nañu[199]: "Bul njaaloo." Waaye man maa ngi leen di wax ne, képp ku xool jigéen, xédd ko[200], njaaloo nga ak moom ci sa xel. Bu la sa bëtu ndijoor bëggee yóbbe bàkkaar, luqi ko, sànni ko fu sore. Ndaxte ñàkk benn ci say cér moo gën ci yaw, ñu sànni sa yaram wépp ci sawara. Bu la sa loxol ndijoor bëggee yóbbe bàkkaar, dagg ko, sànni ko fu sore. Ndaxte ñàkk benn ci say cér moo gën ci yaw ñu sànni sa

---

yoonu Musaa itam, te ñoom ca jamono waroon nañu ko àtte li Yeesu defoon lu baax la.

[195] **Mc 5:21** Jukki nañu ko ca Ex 20:13.

[196] **Mc 5:22** '***Amoo bopp***': Baatu xeebte la te naka noonu saaga wu ñàng la woon.

[197] **Mc 5:23** ***sarax sa*** Ca Yerusalem rekk ca këru Yàlla la Yawut ya manoon nañoo jébbal seen sarax. Su fekkee ne Galile nga jóge walla feneen fu sore ngir indi sa sarax, bàyyi ko fa te dellusi Galile ngir fekk sa mbokk juboo ak moom, coono bu réy la wara doon.

[198] **Mc 5:25** Anam yi Yeesu jëfandiku ci misaal bii, ca aada Gereg la jóge ndaxte bor taxul Yawut ya tëj nit ca kaso. Waaye ñi déglu woon xamoon nañu loolu la waa Room ak Gereg ya daan def. Ca jamono jooju amul alkaati ni ñu ko xame tey ji, maanaam ku seet mbir ya walla jàpp tooñkat. Ku kalaame war naa indi moom ci boppam ku ko tooñoon ca kanamu àttekat ba su fekkee ne mu bëgg koo teg ca yoon. Gannaaw ga ñu daan ko, ñu jox tooñkat ba alkaati ya ba moom walla ay mbokkam fey boram. Kaso ya neexuñu woon dara ca jamonoom.

[199] **Mc 5:27** Jukki nañu ko ca Ex 20:14.

[200] **Mc 5:27** ***xédd jigéen***: Yawut yu góor gëm nañu ne colin walla jëfinu jigéen moo tax góor ña xédd jigéen. Waaye Yeesu moom teg na tooñ ca góor du ca jigéen.

yaram wépp ci sawara.

**Bul fase sa jabar, lu dul ci njaaloo** (Mc 5:31-32)

Mc « Waxoon nañu ne[201]: “Ku fase sa soxna, nga bindal ko kayitu pase.” Waaye man maa ngi leen di wax ne, ku fase[202] sa soxna te du ci njaaloo, yaa koy tegtal yoonu njaaloo. Te it ku takk jigéen ju ñu fase, njaaloo nga.

**Bul weddi sa ngiñ** (Mc 5:33-37)

Mc « Dégg ngeen itam ne waxoon nañu maam ya ne léen: “Bul weddi sa ngiñ, waaye li nga giñ def ko ngir Boroom bi.” Waaye man maa ngi leen di wax ne, buleen giñ[203] dara; bumu doon ci asamaan, ndaxte moo di jalu Buur Yàlla; bumu doon ci àddina, ndax moo di tegukaayu tànkam; bumu doon it ci Yerusalem, ndax moo di dëkku Buur bu mag bi. Bul giñ it ci sa bopp, ndaxte manuloo weexal mbaa ñuulal benn ci say kawar. Sa waaw na nekk waaw, sa déedéet na nekk déedéet. Loo ci teg, ci Ibliis la jóge.

**Bul feyyu** (Mc 5:38-48)

---

201 **Mc 5:31** Jukki nañu ko ca De 24:1-4.

202 **Mc 5:31 *fase***: Yoonu Musaa nee na “Gannaaw loolu ku jël jabar ba noppi jabar ja neexatu ko, ndax lu ruslu lu mu koy sikke. Noonu mu bindal ko kayitu pase, jox ko, dàq ko këram.” (De 24:1) Ca jamono Yeesu werante nañu ci lu jëm ca li ‘jabar ja neexatu ko, ndax lu ruslu lu mu koy sikke’ tekki. Amoon na ñaari tariixa yu mel ni ay ngér yu fiq. Benn ca ñoom, mooy lekoolu Samayi, wax ne njaaloo rekk a tax boroom kër man naa fase jabaram. Beneen bi nag, mooy lekoolu Ilel, nee na lépp lu mu gis ca jabaram lu dul neex doy na boroom kër fase ko. Yàq añ bi sax doyoon na ! Soxna yi amuñu woon ci wax. Naka noonu dem na ba goor gu gisee jigéen ju ko gënal soxnaam, mu taafantoo sikk ci soxnaam, fase ko, ba noppi takk keneen.

203 **Mc 5:33-36 *ngiñ***: Yoonu Musaa dafa santaane ne su ñu giñalee Yàlla, weddi ko tooñ bu réy. Ca jamonoom, nit ñi daan nañu giñ ngir feddali seeni wax. Ngir baña dugg ci bàkkaar su ñu weddee seeni wax, wékk nañu seen ngiñ ci leneen lu dul turu Yàlla. Ñu xàjjalikoo ngiñ yi ñaar – ña dugg ak ña dul dugg. Su fekkee ne boole nañu turu Yàlla ak seen ngiñ, dugg na. Su fekkee ne ca leneen la, du dugg. Naka noonu wax nañu ne ku giñe kër Yàlla, walla saraxalukaay bi ci kër Yàlla, walla asamaan ngiñ li duggul. Waaye su ñu giñee wurusu kër Yàlla gi walla sarax ca kaw saraxalukaay bi ci kër Yàlla ngiñ li dugg na. Te xalaatoon nañu ne su ñu giñee ci lu dul Yàlla te du dëgg, lenn lu amul solo la. Xalaat nañu ne su ñu giñalee Yàlla, Yàlla bokk na ci, waaye su ñu giñalee leneen lu dul Yàlla, Yàlla bokkul ci. Yeesu dafa leen xamul ne Yàlla bokk na ci bépp dig. (Seetal itam Mc 21:16-22; De 23:21-23)

Mc « Te it dégg ngeen ne waxoon nañu[204]: "Bët, bët a koy fey; bëñ, bëñ a koy fey[205]." Waaye man maa ngi leen di wax ne buleen bañ ku leen def lu bon, waaye ku la pes ci sa lexu ndijoor[206], jox ko ba ca des. Ku la bëgga kalaame, ngir jël sa turki, nga boole ca it sa mbubb mu mag[207]. Ku la ga[208], nga yenul ko doxub benn kilomet, àndal ak moom ñaar. Mayal ku lay ñaan, te bul jox gannaaw ku lay leb.

« Dégg ngeen ne waxoon nañu[209]: "Soppal sa moroom te sib sa bañaale." Waaye man maa ngi leen di wax ne, soppleen seeni bañaale te ñaanal ñi leen di fitnaal, ngir wone ne yéenay doomi seen Baay bi nekk ci kaw. Ndaxte mu ngi fenkal jantam ci kaw ñu bon ñi ak ñu baax ñi, te muy tawal ñi jub ak ñi jubadi. Su ngeen soppee ñi leen sopp, ban yool ngeen am? Xanaa juutikat yi duñu def noonu it? Su ngeen nuyoo seeni bokk rekk, lu ngeen def lu doy waar? Xanaa ñi xamul Yàlla duñu def noonu it? Nangeen mat nag, ni seen Baay bi ci kaw mate.

## **Ni ñuy sàkke sarax** (Mc 6:1-4)

Mc « Wottuleena def seeni jëf yu jub[210] ci kanam nit ñi, muy ngistal. Lu ko moy, dungeen am yool ci seen Baay bi nekk ci kaw. Booy sàkk sarax[211] nag, bul yeble ci sa kanam, ñu yéene la. Moom la naaféq yi di def ca

---

[204] **Mc 5:38** Jukki nañu ko ca Ex 21:24; Le 24:20; De 19:20-21.

[205] **Mc 5:38** ***bët a koy fey***: Ca jamono yu jëkk yi nit ñoom ci seen bopp daan nañu feyyu ñi leen tooñ, feyyu goo xam ne gu ëpp tooñ gu ñu daloon, ndax mer walla ngir teggil gàcce. Yoonu Musaa dindi na sañ-sañu feyyu ci loxo nit, jox ko nguur ngir mbugal gi baña ëpp tooñ gi.

[206] **Mc 5:39** ***Pes ci sa lexu ndeyjoor***: gaañu-gaañu taxul mu garaaw. Saaga wu réy la woon.

[207] **Mc 5:40** ***may sa mbubb***: Ca jamono tubay amul woon. Góor ñi daan na jëkka sol ab ngemb walla lenn lu niroo beeco bu jigéen ña sol tey ji, ba noppi ab turki te ca sedd si, am mbubb. Soo mayee sa turki ak sa mbubb mu mag lu des mooy sa ngemb walla yaramu neen nga def.

[208] **Mc 5:41** ***ku la ga***: Nguuru Room nangu na réewu Yude. Xarekati Room amoon na sañ-sañ ga waa réew mi ci ay liggéey ni yenul léen lu tollu benn kilomet. Tax na waa réew mi mer ba fees di naqarlu waaye mënuñu ko bañ.

[209] **Mc 5:43** Jukki nañu ko ca Le 19:18.

[210] **Mc 6:1** Sàkk sarax, ñaan ci Yàlla, te wóor ñooy jëfi Yawut ku am-diine.

[211] **Mc 6:2-4** Dimbali miskin yi ak aji-ñàkk yi bokkoon na ci ponki diine Yawut ja. Ku gis ki sàkk sarax du xalaat ne ku am-diine la du ku yéwén.

jàngu ya ak ca mbedd ya, ngir nit ñi màggal léen. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, jot nañu seen pey gépp. Waaye booy sàkk sarax, bu sa loxob càmmoñ xam li sa loxob ndijoor di def, ngir sa sarax nekk kumpa. Noonu sa Baay, bi dara umpul, dina la ko delloo.

## **Ni ñuy ñaane ci Yàlla** (Mc 6:5-15)

Mc « Bu ngeen di ñaan[212], buleen mel ni naaféq yi, ñoom ñi bëgg di ñaan, taxaw ca jàngu ya ak fa mbedd yay daje, ngir nit ñi gis léen. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, jot nañu seen pey gépp. Yaw nag booy ñaan, duggal ci sa néeg[213], tëj bunt bi, te nga ñaan sa Baay bi bët manta gis. Noonu sa Baay, bi dara umpul, dina la ko delloo.

« Te it bu ngeen di ñaan[214], buleen bareel wax yu amul njariñ, mel ni ñi xamul Yàlla; ñoom defe nañu ne, Yàlla dina léen nangul ndax seen wax ju bare. Buleen nirook ñoom, ndaxte seen Baay xam na seeni soxla, laata ngeen ko koy wax. Yéen nag nii ngeen wara ñaane:

“Sunu Baay bi nekk ci kaw,
yal na sa tur di lu ñu sellal,
yal na sa nguur ñëw,
yal na sa coobare am ci suuf mel ni ci kaw.
Yal nanga nu may tey li nu dunde;
te baal nu sunuy tooñ, ni nu baale ñi nu tooñ;
Yàlla boo nu teg ci yoonu nattu, waaye yal nanga nu musal ci lu bon.
Ndaxte yaw yaa yelloo nguur ak kàttan ak màggaay, ba fàww. Amiin.”

« Su ngeen baalee ñi leen tooñ, seen Baay bi ci kaw dina leen baal seeni tooñ yéen itam. Waaye su ngeen baalul ñi leen tooñ, seen Baay it du leen

---

212 **Mc 6:5 *Ñaan ci Yàlla*** it moo doon lenn lu am solo ci diine Yawut ja. Daan nañu taxaw ngir ñaan. Bés bu nekk amoon na ñetti waxtu wu ñu ñaan: daanaka yoor-yoor, diggu bëccëg ak tisbaar. Ñoo doon 18 ñaan yu ñu tari. Bu waxtu ñaan ñëwee, fu ñu fekk, ñu ñaan fa. Ñii jéem nañu fekk ca kër Yàlla ga. Ñee jéem nañu fekk fa mbedd yay daje, ngir nit ñi gis léen.

213 **Mc 6:6 *Néegu kër*** ya ca jamonoom amuñu woon bunt yu ñu mana tëj. Naka noonu Yeesu dafa waxoon ca ab dencukaay.

214 **Mc 6:7** Ñi dul Yawut daan nañu ***bareel wax*** ci seen ñaan, yaakaar ne man nañu defloo seeni Yàlla dara su fekkee ne ñu boole tur yu bare walla fàttali léen seeni jëf yu baax ak seeni sarax di jéem léena duggloo ci ag köllëre.

baal seeni tooñ.

### **Ni ñuy woore** (Mc 6:16-18)

Mc « Su ngeen di woor[215], buleen mel ni naaféq yi, ñoom ñi yoggoorlu, di ñaawal seeni kanam, ngir seen koor feeñu nit ñi. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, jot nañu seen pey gépp. Yaw nag booy woor, xeeñalal sa bopp te nga sëlmu, ngir sa koor baña feeñu nit ñi, waaye mu feeñu sa Baay bi bët manta gis. Noonu sa Baay, bi dara umpul, dina la ko delloo.

### **Alali laaxira** (Mc 6:19-24)

Mc « Buleen dajale alal ci àddina, fu ko max ak xomaag di yàqe, ak fu sàcc di dugg, jot ko. Waaye dajaleleen alal ci laaxira, fu ko max ak xomaag dul yàqe, ak fu sàcc dul dugg, jot ko. Ndaxte fu sa alal nekk, fa la sa xol nekk itam.

« Bët mooy làmpu yaram[216]. Bu sa bët wéree[217], kon sa yaram wépp leer, waaye bu sa bët woppee[218], kon sa yaram wépp lëndëm. Leer gi nekk ci yaw, bu nekkee lëndëm, naka la lëndëm googu di këruuse!

« Kenn manula jaamoondoo ñaari sang; fàww nga bañ kii, bëgg ki ci des, walla nga jàpp ci kenn ki, xeeb ki ci des. Manuleena boole jaamu Yàlla ak jaamu Alal.

---

[215] **Mc 6:16-18** ***woor***: Ca jamono Yeesu Yawut ya daan nañu woor. Yoonu Musaa dafa sant ñu woor benn yoon at bu ne — mooy Màggalu Koor ga. Gannaaw ga ñu boole yeneen màggal. Farisen ya daan na woor itam ñaari yoon ayu-bés bu nekk — mooy altine ak alxames. Daan nañu woor tàmbali jant so ba jant so walla jant fenk ba jant so. Xañ seen bopp lekk bokkoon na ci. Waaye itam bàyyi nañu defaru, ñu bàyyi sëlmu, ñu bàyyi sangu. Te amoon na ñu bàyyi xeeñal seen bopp ak diw ni ñu faraloona defe ndax seen der wu wow di xasan, walla sax ñu sottikoo dóom ca seen bopp di sol yérey saaku. Naka noonu leeroon na kuy woor ak ku dul woor. Waroon nañu woor ngir wone seen cawarte ci Yàlla, walla wone ne réccu nañu. Waaye amoon na itam ñi woor ngir wone seen am-diine ci kanamu nit. Altine ak alxames ñooy bési marse ya, bi Yerusalem gëna fees ak nit ñi.

[216] **Mc 6:22** ***bët mooy làmp***: Nit ñi daan nañu xalaat ne leer dafa génne ca bët, moo tax ñu mana gis.

[217] **Mc 6:22** ***bët bu wér***: Ca jamonoom waxin la woon buy tekki kuy tabe.

[218] **Mc 6:23** ***bët bu wopp***: Ca jamonoom waxin la woon buy tekki kuy siis.

### **Wóolul Yàlla** (Mc 6:25-33)

Mc « Loolu moo tax maa ngi leen koy wax, buleen seen bakkan jaaxal, ci lu ngeen wara lekk, walla lu ngeen wara naan. Buleen jaaxle it ngir seen yaram, ci lu ngeen wara sol. Xanaa bakkan gënul lekk, te yaram gënul koddaay? Seetleen picci asamaan: duñu ji, duñu góob, duñu denc ci sàq; teewul seen Baay bi ci kaw moo léen di dundal. Ndax ëppuleen maana picc yi ci lu bare? Ana kan ci yéen ci kaw njaaxleem moo mana yokk waxtu ci àppam?

« Te lu tax ngeen di jaaxle ngir koddaay? Seetleen bu baax, ni tóor-tóori ñax mi[219] di saxe ci tool yi. Duñu liggéey, duñu ëcc, waaye maa ngi leen di wax ne Suleymaan[220] sax ci ndamam soluwul woon ni benn ci ñoom. Yéen ñi néew ngëm! Bu Yàlla woddee nii ñaxum tool yi, miy sax tey, te bu subaa ñu def ko ci taal bi[221], ndax du leen gëna wodd? Buleen jaaxle nag, di wax ne: “Lu nu wara lekk? Lu nu wara naan?” walla: “Lu nu wara sol?” Ndaxte loolu lépp, ñi xamul Yàlla[222] ñoo koy wut. Te seen Baay, bi nekk ci kaw, xam na ne am ngeen soxla ci loolu lépp. Waaye jëkkleena wut nguuram ak njubteem, te loolu lépp dina leen ko ci dollil. Buleen jaaxle nag ngir ëllëg, ndaxte ëllëg dina topptoo boppam. Bés bu nekk, coonoom doy na ko.

### **Bul ñaaw njort, ba àtte sa moroom** (Mc 7:1-6)

Mc « Buleen àtte seeni moroom ak ñaaw njort, ngir bañ ñu àtte leen yéen itam. Ndaxte dees na leen àtte ak ni ngeen di àttee, nattal leen ak li ngeen

---

[219] **Mc 6:28** ***tóor-tóori ñaxum tool*** Ca Galile ca jamonoy tàngoor ay tóor-tóor yu rafet yu xonq curr walla yolet feeñ ca tool ya. Seetal nataal 7.
Tóor-tóor yu mel ni ñu gis ci Israyil amul ci Senegaal. Xëy-na tóor-tóor bu ñuy wax tondut (*Pancratium trianthum*) la gëna niroo. Walla boog tóor-tóor bi am ca lawtan bu ñuy wax ndenaat (*Ipomoea asarifolia*) walla bi am ca garab bu ñuy wax liisugaar (*Adenium obesum*) lañu niroo waaye gàncax ñoom ci seen bopp wuute nañu lool.
Ca jamono Injiil boroom alal rekk soloon yére yu am ay melo. Lu ëpp ca yére ya, kawaru gàtt gu ñu ëcc mbaa wëñ gu ëccu lañu defare te cuubuñu léen. Boroom alal rekk ñoo mana jënd yére yu jafe yu dàlde, maanaam cuub yu yolet.

[220] **Mc 6:29** ***Suleymaan***, doomu Daawuda bi donnoon nguuram. Yàlla may na ko ba mu gënoona màgg buur yi ci kaw suuf yépp, muy ci alal ak ci xel mu rafet. Seetal 1Ki 10:4-23 ak 2Ch 9:13-21 ngir xam ndamu nguuram.

[221] **Mc 6:30** ***def ko ci taal***: Matt amul woon. Daan nañu gub ñax, wowal ko, ba noppi taal ko ngir làkk mburu ca fuur ya.

[222] **Mc 6:32** ***ñi xamul Yàlla***: Mengale léen ak ñi xamul Yàlla waroon na tax ñu rus.

di nattale. Lu tax ngay xool ñax gi ci sa bëtu mbokk, te gisuloo gànj gi ci sa bët yaw? Walla nan ngay waxe sa mbokk: "May ma, ma dindil la ñax gi ci sa bët," fekk gànj a ngii ci sa bët yaw? Naaféq, jëkkala dindi gànj gi ci sa bët, te noonu dinga mana gis bu leer, ngir dindi ñax gi ci sa bëtu mbokk.

« Buleen jox lu sell xaj yi[223], mbaa sànni seeni per ci kanam mbaam-xuux yi[224], ngir bañ ñu dëggaate ko te walbatiku, xotti leen.

## **Yàlla nangu na ñaanu ku gëm** (Mc 7:7-12)

Mc « Ñaanleen, ñu may leen; seetleen te dingeen gis; fëggleen, ñu ubbil leen. Ndaxte képp kuy ñaan, dinga am; kuy seet, dinga gis; kuy fëgg, ñu ubbil la. Kan ci yéen, bu la sa doom ñaanee mburu, nga jox ko doj? Walla mu ñaan la jën, nga jox ko jaan? Ndegam yéen ñi bon yéena mana jox seeni gone lu baax, astamaak seen Baay bi nekk ci kaw dina jox lu baax ñi ko koy ñaan!

« Kon nag lépp lu ngeen bëgg, nit ñi defal leen ko, yéen itam nangeen léen ko defal; ndaxte loolu moo ëmb yoonu Musaa ak waxi yonent yi.

## **Bunt bu xat bi** (Mc 7:13-14)

Mc « Jaarleen ci bunt bu xat bi, ndaxte bunt bi ak yoon wi jëm sànku yaatu nañu, te ñi ciy jaar bare[225]. Waaye buntu dund gu wóor xat na, te yoon wi jëm kaw sew na, te ñi ko gis barewul.

## **Garab ak meññeefam** (Mc 7:15-23)

Mc « Moytuleen ñi mbubboo turu yonent[226]. Dañuy ñëw ci yéen, yor melow xar, waaye ci biir ay bukki yu soxor lañu. Dingeen léen xàmmee ci seeni

---

[223] **Mc 7:6 *xaj***: Yawut ya séexlu nañu léen lool. Tudde kenn xaj, saaga bu bon la.

[224] **Mc 7:6 *Mbaam-xuux***: Lu sellul la ca gis-gisu Yawut ya, maanaam daganul. Mënuñu lekk yàppam walla laal méddam (Le 11:7; De 14:8).

[225] **Mc 7:13 *ñi jaar bare***: Li Yeesu waxoon fii bett na ñi déglu ndax gëm nañu ne ku juddu ci Yawut ya war naa mucc, te benn-benn rekk sànku.

[226] **Mc 7:15 *ñi mbubboo yonent***: Ca jamono Injiil amoon na ay yonent (Yaxya ak Yeesu, Almasi bi) waaye amoon na ñeneen itam ña mbubboo yonent, ñu bare sax. Waxoon nañu ne ca Yàlla lañu jóge te waxu Yàlla lañu indi fekk ne du noonu.

jëf. Ndax dees na witte reseñ ci dédd, walla figg ci xaaxaam? Noonu garab gu baax gu nekk dina meññ doom yu neex, waaye garab gu bon dina meññ doom yu bon. Garab gu baax manula meññ doom yu bon, naka itam garab gu bon manula meññ doom yu neex. Garab gu nekk gu dul meññ doom yu neex, dees na ko gor, sànni ko ca sawara sa. Ci seeni jëf nag ngeen léen di xàmmee.

« Du képp ku may wax: "Boroom bi, Boroom bi," mooy dugg ca nguuru Yàlla Aji Kawe ji; ka cay dugg mooy kiy def sama coobarey Baay, bi nekk ci kaw. Bu bés baa[227], ñu bare dinañu ma wax: "Boroom bi, Boroom bi, ndax du ci saw tur lanu daa waxe ci kàddug Yàlla[228]? Ndax du ci saw tur lanu daa dàqe ay rab? Ndax du ci saw tur lanu daa defe ay kéemaan yu bare?" Ci kaw loolu dinaa léen wax dëgg ne léen: "Masuma leena xam; soreleen ma, yéen ñiy def bàkkaar."

### Léebu ñaari tabaxkat yi (Mc 7:24-29)

Mc « Képp ku dégg nag lii ma leen wax, te di ko jëfe, dinga mel ni nit ku am xel, ku tabax këram[229], samp ko ciw doj. Ba mu noppee, taw bi daldi

---

227 **Mc 7:22 *Bés baa*** mooy bés pénc ma. Injiil ne na àtte bi yépp, Yàlla dénk na ko Yeesu (Jëf 17:31; 2Ko 5:10; Yow 5:22,27; Mc 25:31-33).

228 **Mc 7:22 *wax ci kàddug Yàlla***: Yàlla day wax ak nit. Léeg-léeg day wax ak nit ak baat bi ñu dégg. Waaye ci lu ëpp, dafay sol kàddoom ci xelu jaam bi mu tànn, kooku jottali ko nit ñi. Nit ñi Yàlla tànnoon ngir jottali kàddoom, yonent la tudd. Yonent ñaari fànni wax lay indi, maanaam yégle lu nara xew ëllëg ak indi xalaati Yàlla ci anami ñi déglu. Ca jamono lu jiitu jamono Kirist, Yàlla tànnoon ay kenn-kenn nit. Waaye gannaaw Kirist Yàlla may na kepp ku bokk ci Kirist Xel mu Sell mi, ak ay may. Benn ci may yooyu mooy wax ci kàddug Yàlla. Maanaam mooy ab taalibe Kirist kuy dégg baatu Xel mu Sell mi ci xelam, di am gëm ak fit ngir jottali ko nit. Injiil ne na ñu wara nattu waxu ñi am may boobu (1Jo 4:1).

229 **Mc 7:24-27** Fépp ca Israyil suuf si ban la walla gannuus, ca suufam lu tollu ci benn baaraam ba ci ñetti meetar, doj wu réy. Ca noor rekk lañu tabaxe kër, jamono joo xam ne suuf si dafa dëgër këcc ni xànjar. Ku ay ci tabax day gas fu xóot ba egg doj wu réy, ngir samp fondamaa bi. Liggéey bu metti lool la. Kër ya, tabax lañu léen ak doj yu ñuy wax basaltë. Yettuñu doj ya, te jëfandikuwuñu simaŋ, waaye ñu fatt diggante doj yi ak suuf walla ay xeer yu ndaw. Su fondamaa baaxee, miir yu dëgër lañu. Waaye su fondamaa toxoo miir bi màbb. Lu dëgëre noor day nooy nepp ca nawet bu wal yi am ca nawet ñëwee. Su ñu tabaxee ca kaw suuf si, bañ samp ca doj wu réy, fondamaa dina toxu bi suuf si tooyee, miir yi màbb.
Am na ñi xalaat ne Yeesu dafa xalaatoon ca Isa 28:14-18 ak Eze 33:29-33 bi mu waxee léebu bii. Mu séenu musiba mi nara dal Israyil ci at yiy ñëw, bi nguuru Room tasoon réew mi. Su fekkee ne noonu la Yeesu dafa wax ne moom mooy doju koñ wi yonent Yàlla Esayi digoon. Ku samp ci moom dina mucc ca musiba miy ñëw.

sóob, wal mi ñëw, ngelaw li jóg, ñu dal ci kaw kër ga; waaye màbbul, ndaxte mu ngi jàpp ca doj wa. Waaye képp ku dégg lii ma leen wax te jëfewuloo ko, dinga mel ni nit ku ñàkk xel, ku tabax këram ci gannuus bi. Ba mu noppee, taw bi daldi sóob, wal mi ñëw, ngelaw li jóg, ñu dal ci kaw kër ga; mu màbb, ba ne tasar. »

Bi Yeesu waxee loolu ba noppi, mbooloo ma daldi waaru ca njàngleem, ndaxte jàngal na léen ak sañ-sañ bu seeni xutbakat amul.

### 36. Yeesu woowaat na ay taalibe (Lu 5:1-11)

*Anam yi: Lii mu ngi xewe woon ca wetu Kapernawum. Dexu Senesaret mooy dexu Galile rekk.*

Lu Benn bés Yeesu taxaw ca tefesu dexu Senesaret[230]. Mbooloo ma wër ko, di buuxante ngir déglu kàddug Yàlla. Noonu mu gis ñaari gaal[231] yu teer ca tefes ga, nappkat ya ca wàcce, di raxas seeni mbaal. Mu dugg ci genn gaal, fekk muy gu Simoŋ, mu ne ko, mu joow ba sore tuuti. Noonu Yeesu toog ca gaal ga, di jàngal mbooloo ma.

Bi mu jànglee ba noppi, mu ne Simoŋ: « Joowal gaal gi, ba fa ndox ma gëna xóote, ngeen sànni fa seeni mbaal ngir napp. » Simoŋ ne ko: « Kilifa gi, coono lanu fanaane biig te jàppunu dara. Waaye nag dinaa ko sànni ci sa ndigal. »

Naka lañu sànni mbaal yi, jàpp jën yu bare, ba mbaal yay tàmbalee xëtt. Noonu ñu daldi liyaar seen àndandoo, yi nekk ca geneen gaal ga, ngir ñu ñëw dimbali léen. Ñooñu agsi, ñu feesal ñaari gaal yi, ba ñuy bëgga suux. Naka la Simoŋ Piyeer gis loolu, daldi sukk ci kanam Yeesu ne ko: « Sore ma Boroom bi, ndaxte nitu bàkkaar laa! » Wax na loolu nag, ndax jën yu bare ya ñu mbaaloon daf koo jaaxal, moom ak ña mu àndaloon ak ña mu bokkaloon liggéey ba, maanaam ñaari doomi Sebede yi di Saag ak

---

[230] **Lu 5:1** ***dexu Senesaret*** mooy weneen turu dexu Galile rekk. Seetal itam leeral 171 (Mc 4:18, wàll 32, page 77) ngir gëna xam dexu Galile ak leeral 174 (Mc 4:18, wàll 32, page 78) ca liggéeyu napp ca jamono Injiil.

[231] **Lu 5:2** ***gaal ya***: Ci atum tubaab 1986 g.K. fekk nañu ca banu dexu Galile ag gaal gu ñu yettoon ca jamono Kirist. Defar nañu gaal ga ak dénki garabu seedar ak xeetu garab gu ñuy wax seen. Guddaay 8 meetar la ak yaatuwaayu 2,3 meetar. Amoon na ab wiir, ak palaas ngir 4 nit man nañu joow, ak keneen ku ko jëme. Manoon na yóbbaale lu ëpp 1000 kilo jën walla fukki nit. Seetal nataal 6.
Lu ëpp ca liggéeyu Yeesu ci diiwaanu dexu Galile la woon ci biir nappkat ak dëkki nappkat yi. Moo tax waxam fésoon na dell ak waxu napp.

Yowaana. Yeesu ne Simoŋ: « Bul ragal dara; gannaaw-si-tey, ay nit ngay mbaal jëme ci man. » Noonu ñu teer ca tefes ga, bàyyi lépp, di topp ci moom.

**37. Yeesu faj na ku gaana** (Mc 8:2-4; Mk 1:40-45; Lu 5:12-16)

*Anam yi: Lii xewoon na fenn ci Galile ci jamono bi Yeesu wëree Galile gépp.*

Mk Am bés ku gaana[232] ñëw ci moom, sukk, Lu daldi dëpp jëëm ci suuf, ñaan ko: « Sang bi, soo ko bëggee, man nga maa wéral. » Mk Yeesu yërëm ko, tàllal loxoom, laal ko[233] naan: « Bëgg naa ko, wéral. » Ca saa sa ngaanaam daldi deñ, mu wér.

Noonu Yeesu yebal ko, dénk ko bu wér naan: Lu « Bu ko wax kenn, waaye demal won sa bopp sarxalkat bi[234], te nga jébbal Yàlla sarax si yoonu

---

[232] **Mc 8:2; Mk 1:40; Lu 5:12 *ku gaana***: Lii ñu wax ngaana ci Biibal du ngaana li ñu xam tey ji waaye ëmb na yeneeni jàngoroy der, yu dul ngaana kese.
Ku gaana nag yére yu xottiku lay sol te day njañu. Maanaam, dafa wara ñaawlu ni bu nekkoon ci dëj, ngir artu nit ñi ba ñu sore ko, ndax setul. Ñépp, moom lay soreel ndax ragal mu sobeel léen. Mu wara muur li ko dale ci tuñum kaw mi ba ci sikkim bi, te jàppoo àddu ca kaw naan: « Setuma de, setuma ! » Li feek jàngoro jaa ngi ci moom, taq na sobe te gannaaw taq na sobe, mu wara dëkk moom doŋŋ ca dëkkuwaayam bu nekk ca biti dëkk ba. Tere nañu ko mu dugg ca bépp dëkk bu am miir ak ca kër Yàlla ga ndax taq na sobe. Ñépp dañu ko bañ, dañu ko séexlu, dañu ko daw. Dafa mel ni ku dee.
Le 13:1-46 ak 14:1-32 dafa faramfàcce luy ngaana ak li ñu ci wara def. Mooy jàngoroy der juy law. Sarxalkat ya ñooy ñi seet ki feebar ngir fekk màndargay gaana. Màndargay gaana ñooy tërgën bu weex ci yaram walla ër walla gàkk bu weex, yu am ci biir kawar gu soppiku weex walla gu xall te sew, te yu mel ni lu def pax ci der bi walla yu law ci deru yaram wi, walla def góom ca biir. Su fekkee ne sarxalkat ba gis màndarga yi ca nit ki, mu biral ne waa ji taq na sobe ndax jàngoroy der juy law la, maanaam ngaana. Sarxalkat ba moo ko àtte rekk waaye mënu ko faj.

[233] **Mc 8:3; Mk 1:41; Lu 5:13 *laal ko***: laal ku gaana jëf ju naqari la ci bëtu ñi ko wër ba seen yaram daw sax. Ku laal ku gaana taq na sobe.

[234] **Mc 8:4; Mk 1:44; Lu 5:14 *won sa bopp sarxalkat bi***: Wér rekk nekkul woon soxlaam. Ndegam mu nekk ci gàddaay ci biir réewam, fàww itam ñu delloo ko mbooloo ma. Ngir won boppam sarxalkat fàww mu dem Yerusalem. Su fekkee ne ku gaana wér am na li yoonu Musaa sant mu def laata mu mana bokk ca waa Yawut ya walla kër Yàlla ga. Mu yegge sarxalkat bi, kooku ñëw daldi ko seet fu mu nekk ca biti dëkk ba. Su sarxalkat gis ne wér na sarxalkat bi day santaane, ñu indil nit kooku ñuy laabal ñaari picc yu dagan tey dund, ak bantu garabu seedar, ak wëñ gu xonq curr, ak caru garabu isob. Ñu rendi menn picc mi, tiimale ko ndabal xandeer lu def ndox mu balle ci bëtu ndox. Ba noppi ñu boole picc miy dund ak bantu seedar bi ak wëñ gu xonq curr gi ak caru isob bi, boole lépp sóob

Musaa santaane, ngir ñu xam ne wér nga, te mu nekk seede ci ñoom. » [Mk] Waaye naka la waa ji génn, mu di yéene ci kaw li xewoon, te di ko jéebaane, ba tax Yeesu manatula fàŋŋaaral dugg cib dëkk, waaye mu nekk ci biti ciy bérab yu wéet. Ba tey nit ñi jóge fu nekk, di ko fa fekk. [Lu] Noonu turu Yeesu di gëna siiw. Mbooloo mu bare di ñëw ci moom, ngir déglu ko te mu faj seeni jàngoro. Waaye Yeesu moom di beddeeku ci bérab yu wéet ya, di ñaan.

### 38. Yeesu faj na ku làggi (Mc 9:2-8; Mk 2:1-12; Lu 5:17-26)

[Mk] Bi ay fan weesoo, Yeesu délsi dëkku Kapernawum. [Lu] Am na bés Yeesu doon jàngle. Amoon na ca mbooloo, ma teewoon, ñu bokkoon ca Farisen ya ak ay xutbakat yu jóge ca dëkk yépp, ya ca Galile ak ya ca Yude ak Yerusalem. [Mk] Mu siiw ne mu ngi ci kër gi. Noonu nit ñu bare dajaloo fa, ba kenn amatul foo taxaw, du ci bunt bi sax. Te Yeesu di léen yégal kàddu gi. [Lu] Yeesu àndoon na ak dooley Boroom bi, ba muy faj ay jarag.

[Mk] Noonu, am ñu ko indil ku yaramam wépp làggi, ñeenti nit jàppoo [Lu] basaŋ, ga ñu tëral nit ku yaram wépp làggi. Ñu di ko wuta dugal ca kër ga,

---

ci deretu picc ma ñu rendi woon. Bu loolu amee sarxalkat bi wis-wisal juróom ñaari yoon ci kaw ki ñuy laabal, ngir mu tàggook sobey jàngoro ji. Su ko defee sarxalkat bi biral ne set na. Bu noppee mu bàyyi picc miy dund mu naaw ca àll ba.
Gannaaw ga ku ñuy laabal wara fóot ay yéreem, watu ba set te sangu, doora set. Mu xaar juróom ñaari fan ba noppi ca bésub juróom ñaareel ba mu watu ba set, bopp beek sikkim beek yéen yi ak kawar gi ci des yépp lay wat, fóot ay yéreem, sangu, daldi set. Bésub juróom ñetteel ba mu wara indi ñaari kuuy yu amul sikk, ak menn xar mu jigéen mu am at te amul sikk ak juróom ñeenti kiloy sunguf su nooy nepp su ñu xiiwe diw, muy saraxu pepp. Mu indaale genn-wàllu liitaru diw. Sarxalkat biy laabal nit ki day indi nit ki, mu ànd ak loolu lépp, taxaw fa kanam Aji Sax ji, ca kër Yàlla ga. Su fekkee ne nit ki dafa ñàkk ba dooleem matewu ko, na wut menn kuuy, ak ñaari pitax mbaa ñaari xati yu ndaw.
Sarxalkat bi dina rendi menn ci kuuy mi muy saraxu peyug tooñ, boole kook genn-wàll liitaru diw ga, def ko sarax bu ñuy yékkati, jébbal Aji Sax ji. Ba noppi sarxalkat bi dina sàkk ci deretu jur giy saraxu peyug tooñ, taqal ko ci tabanu noppu ndijooru nit ki ñuy laabal ak baaraamu-déyu ndijooram ak baaraamu-déyu tànku ndijooram. Ba noppi sarxalkat bi dina sàkk ci diw ga, tooyal ci tabanu noppu ndijooru nit ki ñuy laabal ak baaraamu-déyu ndijooram ak baaraamu-déyu tànku ndijooram. Dina diw li des ci diw gi ci boppu nit ki ñuy laabal. Bu loolu amee sarxalkat bi rendi sarax biy póotum bàkkaar, defal ko ki ñuy laabal njotlaayam ngir mu tàggook sobeem. Te itam sarxalkat bi rendi juru sarax siy lakk ba jeex, boole kook saraxu pepp mi, joxe lépp ci kaw sarxalukaay bi, defal ko nit ki njotlaayam, mu set (Le 14:1-32).
Ca jamono Yeesu nit ña musuñoo gis kenn ku gaana wér te gëmuñu sax ne mana am. Waaye gëmoon ne Almasi bi, bu ñëwee, nar koo def.

ngir indi ko ca Yeesu. Waaye gisuñu fu ñu koy awale. Mk Manuñu koo jege ndax mbooloo mi. Kon ñu daldi Lu yéeg, Mk teggi kaw kër gi[235], Lu xeddi tiwiil ya, Mk di bëtt fa tiim bérab ba Yeesu nekk, daldi yoor basaŋ, ga làggi ba tëdd, Lu wàcce ko ca kanamu Yeesu ca biir mbooloo ma.

Mc Bi Yeesu gisee seen ngëm, mu ne ku làggi ka: « Na sa xel dal, sama waay, baal nañu la say bàkkaar[236]. »

Mk Fekk ay xutbakat Lu ak Farisen yi Mk toog fa, ñu di werante ci seen xel naan: « Kii kan la, ba saña wax lii; mi ngi sosal Yàlla. Ana ku mana baale bàkkaar yi, ku dul Yàlla doŋŋ? » Waaye Yeesu yég ci xelam li ñuy werante ci seen biir, ne léen: « Lu tax ngeen di werantee nii ci seen xel? Mc Lu tax ngeen am xalaat yu bon ci seen xol? Ma wax ne: "Baal nañu la say bàkkaar," walla ma ne: "Jógal te dox," lan moo ci gëna yomb? Waaye xamleen ne, Doomu nit ki[237] am na ci àddina sañ-sañu baale bàkkaar yi. » Ci kaw loolu Yeesu ne ku làggi ka: « Jógal, jël sa basaŋ te nga ñibbi. »

Lu Nit ka jóg ca saa sa ci kanam ñépp, jël basaŋ, ga ñu ko tëraloon, Mk te génn fa Lu ñibbi tey màggal Yàlla.

Mbooloo mépp waaru, di màggal Yàlla Mc mi dénk sañ-sañ bu tollu noonu doom Aadama yi. Lu Ñu ragal tey wax naan: Mk « Lu mel ni lii, masunu koo gis. Lu Gis nanu tey ay mbir yu ëpp xel. »

### 39. Yeesu woo na ab juutikat (Mc 9:9-13; Mk 2:13-17; Lu 5:27-32)

*Anam yi: Lii itam ca Kapernawum la xewe woon.*

Mk Gannaaw loolu Yeesu génnaat, aw booru dex ga, mbooloo mépp di ñëw ci moom, mu di léen jàngal. Bi Yeesu di romb, mu gis Lu ab juutikat[238] bu

---

[235] **Mk 2:4; Lu 5:19 *ca kaw taax ma***: Ca réewum Yawut ya kaw taax ya dafa telloon. Fa lañu daan tabax néeg, muy waxtaanukaay mbaa néegu gan te ñu amoon iskale ci biti ngir nit ñi man nañoo yéeg. Teg nañu ay laat feesal seeni diggante ak ay bant, ñax ak ban ba mu dëgër. Waa Gereg ya ñoom daan nañu ca teg ay tiwiil.
Kër ya réyuñu noonu. Xëy-na lu tollu 50 nit man nañu xaj ci biir.

[236] **Mc 9:2-6; Mk 2:9-10; Lu 5:20-24 *Baal nañu la say bàkkaar***: Wax ju doy waar te naqari la. Ca jamonoom nit ñi gëm nanu ne bàkkaar a tax wopp walla jàngoro ju yàgg am.

[237] **Mc 9:6; Mk 2:10; Lu 5:24 *Doomu nit ki***: Seetal leeral 121 (Yow 1:51, wàll 22, page 58)

[238] **Mc 9:9; Mk 2:14; Lu 5:27 *juutikat ba***: Seetal leeral 90 (Lu 3:12, wàll 16, page 47). Yeesu rusula boole ab juutikat ak ay taalibeem. Kapernawum nekkoon na ca yoon wu gëna am solo diggante Damas ak Misra, mooy yoonu Géej ga. Tamit dafa digaloo ñaari

tudd Lewi, Mc ([muy] Macë), Mk doomu Alfe, toog ca juuti ba. Yeesu ne ko: « Kaay topp ci man. » Lu Lewi jóg, bàyyi lépp, daldi ko topp.

Noonu Lewi togglu ay ñam yu bare ci këram, ngir teral Yeesu. Juutikat yu bare ak yeneen gan ñu nga fa woon, di lekkandoo ak ñoom. Mk ndaxte ñu bare ci ñoom a ko toppoon. Waaye xutbakat yi bokk ci Farisen yi, bi ñu gisee ne dafa bokk lekk ak ay juutikat ak ay boroom bàkkaar[239], ñu daldi Lu xultu taalibey Yeesu yi ne léen: Mc « Lu tax seen kilifa di lekkandoo Lu ak di naanandoo ak ay juutikat ak ay boroom bàkkaar?» Mk Noonu Yeesu dégg ko, mu ne léen: Lu « Ñi wér soxlawuñu fajkat, ñi wéradi ñoo ko soxla[240]. Mc Mbind mi nee na[241]: “Yërmande laa bëgg, waaye du rendi saraxi mala.” Demleen nag te seet lu wax joojuy tekki. Ndaxte Lu ñëwuma ngir woo ñi jub, waaye ngir woo bàkkaarkat yi, ñu tuub seeni bàkkaar. »

### **40. Ndax warees na woor?** (Mc 9:14-17; Mk 2:18-22; Lu 5:33-39)

*Anam yi: Ca Kapernawum la taalibey Yaxya fekk Yeesu.*

Mk Taalibey Yaxya[242] nag ak Farisen yi daan nañu woor. Lu Noonu Mc taalibey Yaxya ñëw ci Yeesu ne ko: « Lu tax nuy woor Lu ak di ñaan ci Yàlla, Mc nun ak Farisen yi, te say taalibe duñu woor, Lu waaye ñu ngiy lekk ak di naan? »

---

diiwaanu Room, maanaam Galile gu buur ba Erodd Antipas ak Goolanit gu buur ba Filib, dig bi nekk diggante Kapernawum ak Betsayda. Moo tax amoon fa juuti ba ca buntu dëkk ba, ay juutikat ya ak xarekati Room ya.

[239] **Mc 9:10-11; Mk 2:15-16; Lu 5:29-30 *bokk lekk ak juutikat ya***: Farisen ya daan nañu ragal lépp lu mana tax ñu taq sobe. Moo tax bañ nañoo lekk ak kepp ku toppul seen aada ca wàllu lekk. Mooy ñu ëpp ca waa réew mi. Ñu xeeb léen sax ndax jànguñu. Tamit bokk lekk ak juutikat ya ak boroom bàkkaar tekki na ne ca gis-gisu Farisen ya nga nangu li ñu def.

[240] **Mc 9:12; Mk 2:17; Lu 5:31 *Ñi wér soxlawuñu fajkat, ñi wéradi ñoo ko soxla.*** Léebu la woon ca jamonoom. Ak seen tuuma Farisen ya jéem nañu rusloo Yeesu. Waaye ak tontoom Yeesu rusloo na léen.

[241] **Mc 9:13** Jukki nañu ko ca Ho 6:6.

[242] **Mc 9:14; Mk 2:18; Lu 5:33 *taalibe Yaxya***: Yaxya moom moo nekk ca kaso ba fu ko Erodd tëjoon. Ba tey taalibeem ya topp nañu ay njàngaleem di woor. Waaye jaaxle nañu ndax taalibe Yeesu dul woor.
Ngir gëna xam ca ***Yaxya*** seetal leeral 6 (Yow 1:6, wàll 2, page 13).
Ngir gëna xam ca mbirum ***woor*** seetal leeral 215 (Mc 6:16-18, wàll 35, page 89).

Yeesu ne léen: « Ndax man ngeena woorloo gan, yi ñëw cig céet[243]? [Mc] Ndax gan yi ñëw ci céet dinañu naqarlu dara, li feek boroom céet gaa ngi ànd ak ñoom? [Mk] Duñu woor, li feek boroom céet gaa ngi ànd ak ñoom. [Lu] Waaye bés yaa ngi ñëw, yu ñuy jële boroom céet gi ci seen biir. Bés yooyu nag, dinañu woor. »

Te it Yeesu wax léen léeb wii: « Kenn du jël mbubb mu bees[244], xotti ci sekkit, daaxe ko mbubb mu màggat; [Mk] ndaxte sekkit wi day ñoddi mbubb mi, te xottiku bi gëna yaatu. [Lu] Lu ko moy, dina xotti mbubb mu bees mi, te sekkit, wi mu ci jële, du ànd ak mbubb mu màggat mi.

[Mc] Te it duñu def biiñ bu bees[245] ci mbuusi der yu màggat. Lu ko moy, mbuus yi dañuy toj, biiñ bi tuuru te mbuus yi yàqu. Waaye biiñ bu bees, dees na ko def ci mbuus yu bees. Noonu ñoom ñaar duñu yàqu. [Lu] Ku naan biiñ bu màggat du bëgg bu bees bi, ndax day wax ne: "Bu màggat bi baax na." »

---

[243] **Mc 9:15; Mk 2:19; Lu 5:34** ***céet***: Ca jamono Injiil xewu céet daan na yàgg 7 fan. Gan ya daan nañu def boroom céet ba ak séetam ni ay buur. Warugaru gan ya moo doon ñu bég. Def lu naqari, walla toroxlu lu réew la woon. Kenn defu ko. Ngir gëna xam ca mbirum céet seetal itam leeral 123 (Yow 2:1, wàll 23, page 58).

[244] **Mc 9:16; Mk 2:21; Lu 5:36** ***mbubb***: Piis bu bees bu kenn fóotal àndul ak piis bu màggat, boo xam ne furi na ba noppi. Soo daaxee piis bu bees ca kaw bu màggat, boo ko fóotee, piis bu bees dellu, maanaam wàññiku, di xotti bu màggat, boo xam ne mënul tàwwiku.

[245] **Mc 9:17; Mk 2:22; Lu 5:37** ***biiñ*** Daan nañu denc ndoxu reseñ ca am mbuusu deru bëy. Der gu bees man na tàwwiku. Gu màggat moom day dëgër te mënatul tàwwiku. Boo dencee ndoxu reseñ, tàngoor tax mu tàmbali soppiku, di forox, ba tàwwi mbuus ma. Soo ko dencee ca der gu màggat, gaasu puurit tax mbuus ma newi ba xottiku.
Ngir gëna xam ca mbirum biiñ seetal leeral 124 (Yow 2:3, wàll 23, page 59).

# III Ñaareelu at mi

*Danuy gis ne ci jamono ji ñaareelu at mi tàmbalee, Yeesu xëcc na merum njiiti Yawut yi ndaxte ma nga doon faj nit ña ca bésu noflaay ba. Ci at mii lañu reyoon Yaxya ci kaso ba. Benn yoon Yeesu dem na Yerusalem ngir benn ci màggali Yawut yi (màggalu Pàntakot ci weeru me / suwee walla màggalu Mbaar ya ci weeru sàttumbar). Lu dul loolu mu nekkoon ci Galile. Mbooloo mu bare daldi topp Yeesu ci Galile. Te bi Yeesu bareelee mburu ak jën yi ba ñu doy mbooloo mu réy, ñu bëggoon koo jëlsi, fal ko buur. Waaye ay fan gannaaw kéemaan gi taalibeem yu bare dëpp, bañatee ànd ak moom bi ñu gisee ne nguuru baatin la Yeesu woote te du nguuru àddina. Noonu la ñaareelu at ma jeexe.*

## Saar 6. Njàngaleem, mi ànd ak sañ-sañ

**41. Yeesu nee na, mooy boroom bésu noflaay bi** (Mc 12:1-8; Mk 2:23-28; Lu 6:1-5)

*Anam yi: Li ñuy firi "benn bésub noflaay" ci Luug 6:1 dafa wax ne tembe ci Gereg "ñaareelu bésu noflaay bu jëkk bi". Boroom xam-xam yi yaakaar nañu ne dafay wax ci bésu noflaay bi topp ci ñaareelu fanu Màggalu Mburu ya amul lawiir, ci kaw ni ñu lime juróom ñaari bési noflaay yi am diggante Màggalu Mburu ya amul lawiir ak Màggalu Pàntakot. Maanaam, bésu noflaay bu topp ci bésu Mucc ba. Gis nañu itam ne tool yi ñor nañu. Ci Israyil, tooli lors yi ñu ngi daan ñor ci weeru awril te tooli bele yi daan ñor ci weeru me. Naka noonu xam nañu ne Yeesu demul woon Yerusalem ngir Màggalu bésu Mucc ba at bi ndaxte nettali bi xewoon na ca diiwaanu Galile. Ci atum tubaab 30 g.K., def nañu Màggalu bésu Mucc ba ca awril 7.*

Mc Amoon na benn bésub noflaay[246] Yeesu jaar[247] ci ay tool yu ñor[248], fekk ay taalibeem xiif; ñu daldi fàq ay gub nag, Lu di léen boxom ci seeni loxo tey lekk[249].

---

246 **Mc 12:1; Mk 2:23; Lu 6:1 *bésub noflaay***: Wormaal bésub noflaay bokkoon na ca ndigal yu gëna am solo ca yoonu Musaa (Ex 20:8-11). Njàlbéen ga sax moo tax mu am ndaxte juróom benni fan la Yàlla sàkk àddina si, daldi dal-lu ca bésub juróom ñaareel ba (Ge 2:2-3; Ex 20:11; 31:17). May nit noflaay bokk na ca lu tax Yàlla may léen ndigal bi, waaye itam def ko bés bu sell di màggal Yàlla, te fàttaliku seen njaam ca Misra. Yoonu Musaa sant na ku liggéey ca bésub noflaay dees ko rey (Ex 31:14; 35:2).
Yoonu Musaa aaye na liggéey ca bésub noflaay, waaye faramfàccewul looy 'liggéey'. For lekk bokkoon na ci (Ex 16:29); bey, góob (Ex 34:21); taal safara (Ex 35:3) walla taxañ (Nu 15:32-36) tamit. Waaye ca jamono ju jiitu Injiil doole nañu ndigal yi ngir faramfàcce bu baax looy liggéey ba diisal ko lu ëpp li Yàlla yéene woon. Te ñu werante ci lu jëm ca yan sas bokku ci lu mel ni ñi ragal dee lu dul ñu liggéey, liggéey ca kër Yàlla, walla sasi yërmande sax.

247 **Mc 12:1; Mk 2:23; Lu 6:1 *dox ca bésu noflaay ba***: Yeesu ak ay taalibeem sorewuñu dëkk ba ndaxte yoonu Musaa tere na ñu génnati dëkk ba ca bésu noflaay (Ex 16:29). Ca jamono Yeesu tekki nañu loolu ne mënuñu sore kër ga sax benn kilomet.

248 **Mc 12:1; Mk 2:23; Lu 6:1 *tool yu ñor***: Ci Israyil, tooli lors yi ñu ngi daan ñor ci weeru awril te tooli bele yi daan ñor ci weeru me.

249 **Mc 12:1; Lu 6:1 *lekk ci tool***: Yoonu Musaa sañ na ñu mana fàq ak loxo ay gub ci biir toolu moroomam, walla ca wetu yoon wa di ko lekk. Waaye tere na ñu dagge ko ab sàrt (De 23:25).

Mc Farisen ya nag gis ko, ne Yeesu: Farisen ya nag gis ko, ne Yeesu: « Gisal, say taalibe ñu ngi def lu jaaduwul ci bésub noflaay bi[250]. Lu Lu tax ngeen di def lu jaaduwul ci bésub noflaay bi? »

Mk Yeesu ne léen[251]: « Ndax jànguleen la Daawuda defoon[252], ba mu amee soxla te xiif, moom ak ña mu àndaloon? Xanaa yéguleen li amoon ci bési Abiyatar[253] sarxalkat bu mag bi, ni Daawuda dugge woon ca kër Yàlla ga, Mc gis fa mburu, ya ñu teewal ca kanam Yàlla, mu daldi ko lekk, Mk jox ci it ña mu àndaloon; fekk jaaduwul kenn lekk ko, ku dul sarxalkat?

Mc Te it ndax jànguleen ci yoonu Musaa, ne sarxalkat ya ca kër Yàlla ga[254]

---

[250] **Mc 12:2; Mk 2:24; Lu 6:2 *liggéey ca bésu noflaay ba***: Yoonu Musaa tere na itam ñu liggéey ca bésu noflaay (Ex 20:8-11; 31:13-14; 34:21; 35:2). Ca jamono Injiil faramfàcce nañu lan mooy 'liggéey' ba boole ci 39 fànni liggéey. Ji, bey, góob, wiis, bàcc, bees te waajal lekk bokkoon nañu ci. Farisen ya yaakaar nañu for ca tool, maanaam fàq ay gub, mooy góob, boxom leen mooy bàcc, xàjjale pepp ya mooy bees, te lépp mooy waajal lekk, maanaam liggéey yi ñu araam.

[251] **Mc 12:3-8; Mk 2:25-28; Lu 6:3-5 *tontub Yeesu***: Ca kaw ni ñu doon fénce Yeesu tontu na Farisen ya ak ñetti misaal yuy wone ne soxlay nit moo ëpp maana ndigal yi ñu teg ci lu jëm ca bésub noflaay ba.

[252] **Mc 12:3-4; Mk 2:25-26; Lu 6:3-4 *la Daawuda defoon***: Misaal bii, ca 1Sa 21:1-6 la ko Yeesu jële.
Bi nettali bii amee woon fekk na ne yonent Yàlla Samwil diw na boppu Daawuda ba noppi ngir wone ne Yàlla tane na ko mu nekk buur. Waaye ba tey Sool mooy buuru Israyil te moom dafay wuta rey Daawuda ndax kiñaan. Sool, Gibeya la dëkk. Kër Yàlla ga, Suleymaan, doomu Daawuda moo ko nara tabax ëllëg. Màggalukaayu Aji Sax ja ñu defoon ca jamono Musaa moo nekkoon ca dëkk bu tudd Nobb daanaka 8 kilomet fu sore dëkku Gibeya. Daawuda dafa gaawantu daw ba egg Nobb dem ca Ayimeleg, sarxalkat ba. Mu xiif, bëgg lu mu lekk. Waaye Ayimeleg amul woon dara lu dul mburu mu ñu sellal. Naka noonu mu may ko ko.
Yàlla santoon na bànni Israyil ne bésub noflaay bu ne ñu lakk 12 mburu, mooy Mburu mu ñu sellal. Teg nañu léen ca taabal wurus ba ca bérab bu sell ba ca kanamu Aji Sax ji. Mburu ma, giiri bànni Israyil la misaale. Mburu mu nekk di juróom benni kiloy sunguf su nooy nepp. Bi ñu génnee léen sarxalkat ya rekk ñoo sañoon ci lekk, te ñu war koo lekke fu sell (Le 24:5-9). Daawuda moom sañu ci lekk ca kaw yoonu Musaa. Waaye ba tey sarxalkat ba jox na ko li mu amoon, mooy mburu mu ñu sellal mu ñu génne ca bérab bu sell ba, te kenn tegu léen tooñ.

[253] **Mk 2:26 *Abiyatar*** moo doon doomu Ayimeleg. Sool reylu na Ayimeleg ak yeneen 84 sarxalkat ya ndax ni ñu dimbalee Daawuda. Abiyatar rëcc na. Moo doon sarxalkat bu mag ba ca jamono nguuru Daawuda. Moo feeñ ca 1Sa 22:20-21; 2Sa 15:24-29; 20:25; 1Ki 2:22-27,35; 1Ch 15:11-13; 27:33-34.

[254] **Mc 12:5-6 *sarxalkat ya liggéey ca kër Yàlla ga ca bésub noflaay***: Am na ci li yoonu Musaa wa sant sarxalkat ya liggéey ca kër Yàlla ga def loo xam ne bokkoon ca li ñu tere

teraluñu bésub noflaay bi, te tooñuñu? Waaye maa ngi leen koy wax, am na ci seen biir ku sut kër Yàlla ga. Mbind mi nee na[255]: "Yërmande laa bëgg, waaye du rendi saraxi mala." Su ngeen xamoon lu wax joojuy tekki, kon dungeen teg tooñ ñi tooñul. » [Mk] Yeesu dellu ne léen: « Yàlla sàkkul nit ngir bésub noflaay bi, waaye sàkk na bésub noflaay ngir nit. Noonu Doomu nit ki[256] mooy boroom bésub noflaay bi. »

## 42. Yeesu faj na nit ku loxoom làggi (Mc 12:9-14; Mk 3:1-6; Lu 6:6-11)

*Anam yi: Xamuñu ban dëkk la woon waaye ci diiwaanu Galile la xewewoon.*

[Lu] Beneen bésub noflaay, Yeesu dugg ci jàngu bi[257], di fa jàngle. Amoon na fa nit ku loxol ndijooram làggi[258]. Xutbakat yi[259] ak Farisen yi[260] ñu ngi ko doon xool, ba xam ndax dina ko faj ci bésub noflaay bi[261], ngir ñu am lu ñu ko tuumaale. [Mc] Noonu Farisen ya laaj ko: « Faj ci bésub noflaay bi, ndax loolu jaadu na? » [Lu] Waaye Yeesu xam seen xalaat, daldi ne ku loxoom làggi: « Jógal taxaw ci kanam ñépp. » Nit ka daldi jóg taxaw. Yeesu ne léen: « Ma laaj leen, lan moo jaadu, nu def ko bésub noflaay bi, lu baax mbaa lu bon; nu musal nit mbaa nu lor nit? » [Mk] Waaye ñu ne cell.

---

ñu def ko ca bésub noflaay, lu mel ni taal safara, rendi mala, yékkati léen ba sarxalukaay ba ak ñoom seen.

[255] **Mc 12:7** Yeesu jukki na ko ci Ho 6:6.

[256] **Mc 12:8; Mk 2:28; Lu 6:5 *Doomu nit ki***: Seetal leeral 121 (Yow 1:51, wàll 22, page 58)

[257] **Mc 12:9; Mk 3:1; Lu 6:6 *jàngu ba***: Seetal leeral 154 (Lu 4:15, wàll 30, page 74).

[258] **Mc 12:9; Mk 3:1; Lu 6:6 *loxo bu làggi***: Bu la sa loxo làggee, ñépp ca jàngu ba dina ko xam ndaxte daan nañu tàllal loxo buñu ñaanee ci Yàlla. Tere nañu sarxalkat bu am loxo buy làggi dugg ca kër Yàlla ga ngir def liggéey Yàlla ndaxte matul (Le 21:16-23). Judduwaalewul ak loxo bu làggi, te ñu bare xalaatoon nañu Yàlla mbugal na ko moo tax mu làggi.

[259] **Mc 12:10; Mk 3:2; Lu 6:7**. ***Xutbakat ya***: Seetal leeral 57 (Mc 2:4, wàll 12, page 36).

[260] **Mc 12:10; Mk 3:2; Lu 6:7**. ***Farisen ya***: Seetal leeral 87 (Mc 3:7, wàll 16, page 46).

[261] **Mc 12:10; Mk 3:2; Lu 6:7 *faj ca bésub noflaay***: Ca gis-gisu Farisen ya faj bokkoon na ca liggéey yi ñu terewoon ca bésub noflaay. Musal nit ca dee rekk jaadu na. Lu des war na xaar beneen bés. Daan nañu werante sax ndax man nga ñaanal nit ku wéradi ca Yàlla ca bésub noflaay! Waaye lan la Yeesu defoon lu ñu mana tudde liggéey? Yeesu moom, lalu ko, ñaanalu ko, defu ko paj walla pomaat. Lu mu defoon rekk mooy sant mu tàllal loxo, loxoom daldi wér.
***Bésub noflaay***: Seetal leeral 246 (Mc 12:2, wàll 41, page 100).

Mc Yeesu ne léen: « Ku fi amoon xar, mu daanu ci kàmb[262] ci bésub noflaay bi, ndax doo ko jàpp, génne ko? Nit nag, ndax ëppul maana xar? Kon def lu baax ci bésub noflaay bi jaadu na. »

Mk Ci kaw loolu Yeesu xool léen ak mer, am naqar ndax seen xol bu fatt; ba noppi mu ne nit ki: « Tàllalal sa loxo. » Nit ki tàllal ko, loxoom daldi wér péŋŋ, Mc mel ni ba ca des.

Lu Waaye nit ña mer ba fees, di rabat pexe yu jëm ca Yeesu. Mk Ca saa sa nag Farisen ya génn, daldi gise ak ñi far ak buur bi Erodd[263], ngir fexe koo reylu.

## 43. Mbooloo mu bare topp Yeesu (Mc 12:15-21; Mk 3:7-12)

*Anam yi: Xamuñu ban dëkk la woon waaye ci diiwaanu Galile la xewewoon.*

Mc Waaye bi ko Yeesu yégee, Mk Yeesu ak ay taalibeem jóge fa, jëm dex ga, Mc ñu sore foofa. Mk Fekk mbooloo mu mag mu jóge diiwaanu Galile, topp ko. Te it nit ñu bare dégg la mu def, ñu ñëw fi moom, jóge diiwaanu Yude[264] ak dëkku Yerusalem[265], ca diiwaanu Idume[266], ca gannaaw dexu

---

[262] **Mc 12:11** ***xar mu daanu ci kàmb ci bésub noflaay bi***: Ca jamono Yeesu daan nañu werante ndax jaadu na ñu génne xar mu daanu ca ab kàmb ca bésub noflaay ba. Farisen ya xalaatoon nañu yoon wa may na ñu génne xar ma. Ñeneen ni bokk ca tariixa bi ñu tudde Eseñen ya nanguwuñu ko.

[263] **Mk 3:6** ***ñi far ak buur bi Erodd***: Xamuñu ne tembe ñan lañu doon. Bëggoon nañu kenn ca askanu Erodd bu mag ba yilif Yude. Bi Erodd bu mag ba faatu, Sesaar séddale nañu nguuram ca ñett ci ay doomam. Arkelawus moo falu woon ci diiwaani Yude, Samari ak Idume 4 j.K.. Waaye nguuru ba 6 g.K.. Yawut yi ak waa Samari yi jiiñ na ko kor ci kanamu buuru Room ndax coxoram. Buur bi Ogust Sesaar moo ko fuñ ci diiwaanu Gool (Gaule), maanaam Farans, ci 6 g.K.. Gannaaw loolu def nañu Yude diiwaan ci suuf nguuru Room, te jawriñ yi buuru Room fal yilifoon fa. Xam nañu ne ñi far ak buur bi Erodd nangu nañu aada Gereg ak nguuru Room. Safaanoo nañu ak Farisen, ya bëgg nguuru Room tas. Naka noonu Farisen ya daawul ànd ak ñi far ak buur ba Erodd.

[264] **Mk 3:8** ***diiwaanu Yude***: Diiwaanu Yawut yi la woon. Foofu la Yawut ya dëkkoon bi ñu jóge woon Babilon gannaaw ga seen njaam daanaka 500 j.K. ba waa Room ñëw tas réew mi ca 70 g.K.. Ca jamono ju nekk luy Yude wuute woon ak yeneen jamono. Ca jamono Kirist ja, maanaam Yude ci Injiil, Yude mooy benn ci ñetti diiwaan yi Erodd bu Mag ba yilif ca suufu nguuru Room (Yude, Samari ak Galile). Ca 6 g.K. nguuru Room boole na Yude ak diiwaanu Siri, ngir boroom réew ma ca Siri yilif Yude jaarale ko ci boroom réewu Yude.

[265] ***Yerusalem***: Mooy péeyu réewum Yawut yi, fa kër Yàlla ga nekkoon. Foofa rekk lañu manoona def ay saraxi mala yu ñu jébbal Yàlla. Seetal kart 1 E12. Lu tollook 3.000 at lu jiitu jamono Kirist lañu sampoon dëkk ba ca kaw ay tund yu kawe. Benn ca tund ya mooy

Yurdan[267] ak ci wàlli Tir ak Sidon[268]. Booba nag Yeesu faj na ñu bare, ba mboolem ñi am i jàngoro di ko song, ngir laal ko. Noonu Yeesu wax ay taalibeem, ñu wutal ko gaal, ngir mbooloo mi bañ koo buux. Fekk booba képp ku rab jàpp[269] ku ko gis, daanu fa kanamam di yuuxu naan: « Yaa di Doomu Yàlla. » [Mc] Te mu dénk léen bu wóor, ñu bañ koo siiwal. Def na noonu, ngir amal la ñu waxoon jaarale ko ci yonent Yàlla Esayi[270], bi mu naan[271]:

« Kii mooy sama Ndaw li ma tànn, di sama Soppe bi neex sama xol.

Dinaa def sama Xel ci moom, muy yégal xeet yi yoonu njub.

Du xëccoo mbaa muy wax ci kaw, te kenn du dégg baatam ci mbedd yi.

Du dammte barax bu banku,
te mees guy saxar, du ko fey, ba kera mu yégal njub, ba daan.
Ci turam la xeet yi di ame yaakaar. »

---

tund Moriya, te ca tund woowu lañu tabaxoon këru Yàlla ga. Dafa sore Géej gu Mag ga lu tollook 50 kilomet, te 30 kilomet ca sowu bëj-gànnaaru Géeju Xorom ga. Ci Injiil léeg-léeg dañuy jëfandiku Yerusalem ngir misaale àjjana (Gal 4:25,26; Yt 12:22; Pe 21).

[266] ***diiwaanu Idume***: Diiwaan la woon, ca bëj-saalumu Yude te ca sowu Géeju xorom ga. Waa Edom, maanaam askanu Esawu, ñoo fay dëkkoon. Mooy diiwaan bi Erodd bu mag bawoo. Ñi ñëwoon seeti Yeesu ci Galile dox nañu tànk lu tollu 200 kilomet.

[267] ***gannaaw dexu Yurdan*** mooy li ñu tudde diiwaan ca penku dexu Yurdan, maanaam Pere. Erodd Antipas moo ko yilif ca jamono Yeesu. Ñi ñëwoon seeti Yeesu ci Galile dox nañu tànk lu ëpp 100 kilomet.

[268] ***wàlli Tir ak Sidon***: Tir ak Sidon nekkoon nañu ay teeru ca diiwaanu Siri (tey jii moo ciy bëj-saalumu réewu Libaŋ), yu siiw ndax seeni bàkkaar. Tir, dëkk bu am solo la woon ñaari junni at bala jamono Kirist ji. Dafa nekkoon ca benn dun bu ndaw. Buur bi Alegsàndar bu Mag boole woon na ko ak réew mi ak benn sëkk bi mu tabaxoon ngir noot dëkk ba lu tollook 400 bala jamono Kirist ji. Ci jamono Yeesu ji nekkoon na dëkk bu gëna réy Yerusalem, te sore woon Nasaret ca sowu-kaw fu Yeesu mage lu tollook 75 kilomet rekk. Sidon dëkk la, ak teeru ca diiwaanu Fenisi ca wetu Géej gu mag ga. Tey jii Sayda la tudd ca réewu Libaŋ. Nekkoon na 35 kilomet ca bëj-gànnaaru Tir. Am na fa ñaari teeru. Ñi ñëwoon seeti Yeesu ca Galile jóge gox bii dox nañu tànk lu ëpp 100 kilomet.

[269] **Mk 3:11 *ku rab jàpp***: Seetal leeral 180 (Mk 1:23, wàll 33, page 80).

[270] **Mc 12:17 *yonent Yàlla Esayi***: Seetal leeral 85 (Lu 3:4, wàll 16, page 45).

[271] **Mc 12:18-21** Jukki nañu ko ca Esayi 42:1-4. Ndawu Yàlla ci téere Esayi, léeg-léeg mooy réewu Israyil (Isa 41:8-10; 44:1,21; 49:3), léeg-léeg ñi takku ca mbooloom Israyil (Isa 43:10), léeg-léeg mooy Sirus buuru Pers (Isa 41:2-7; 45:1), léeg-léeg mooy musalkat bu nara ñëw, maanaam Almasi bi (Isa 49:5-7; 52:13-53:12). Ci jukki bii mooy Almasi bi.

## 44. Yeesu tànn na fukki ndaw yi ak ñaar (Mc 10:1-4; Mk 3:13-19a; Lu 6:12-19)

*Anam yi: Xamuñu wan tund la woon waaye ci diiwaanu Galile la nekkoon.*

Lu Ca bés yooya Yeesu yéeg ca tund wa ngir ñaan, mu fanaan fa, di ñaan ci Yàlla. Bi bët setee, Yeesu woo taalibeem yi, tànn ci fukk ak ñaar, tudde léen ay ndawam, Mk ngir ñu ànd ak moom te mu yónni léen, ñu waareji, mu joxaale léen sañ-sañu dàq ay rab, Mc tey faj jàngoro yépp ak wéradi yépp.

Fukki ndaw ak ñaar, ya Yeesu yónni woon nag, nii lañu tuddoon[272]: ku jëkk ki mooy Lu Simoŋ, mi Yeesu tudde Piyeer, ak Andare, mi bokk ak Piyeer ndey ak baay; Mk Saag doomu Sebede, ak Yowaana Mc rakkam Mk mi mu bokkal ndey ak baay, —ñoom ñi mu wooye Bowanerses, maanaam « Ñi aaytal ni dënnu gi »— Mc Filib ak Bartelemi; Tomaa ak Macë, juutikat ba woon; Saag doomu Alfe, ak Tade Lu (mooy Yudaa doomu Saag); Mc Simoŋ, mi bokk ca mbooloo, ma ñu tudde Ñi farlu ci moom seen réew[273]; ak Yudaa Iskariyo, mi nara wor Yeesu.

Lu Yeesu ànd ak ndaw ya, wàcc tund ya, daldi taxaw ca joor ga, fa mbooloom taalibe mu takku nekkoon. Amoon na fa it ay nit ñu bare ñu jóge ca réewu Yawut ya mépp ak ca dëkku Yerusalem ak dëkk yi nekk ca wetu géej ga, maanaam Tir ak Sidon. Dañoo ñëw ngir déglu ko, te it ngir mu faj léen. Ñi rab jàpp it faju nañu. Ñépp a ngi ko doon wuta laal ndax doole jiy jóge ci moom, di faj ñépp.

## 45. Yeesu waare na ca joor ga (Lu 6:20-49)

### Barke ak toroxte (Lu 6:20-26)

Lu Yeesu xool ay taalibeem, ne léen:

« Yéen ñi néew doole, barkeel ngeen, ndaxte nguuru Yàlla, yéena

[272] **Mc 10:2-4; Mk 3:16-19; Lu 6:14-16** Injiil bi dafa lim ***ndawi Kirist*** ñaar-ñaar, te noonu la Yeesu yónni léen. Lim nañu ndawi Kirist ñeenti yoon (Mc 10:2; Mk 3:16; Lk 6:14; Ac 1:13). Yoon bu ne Simoŋ Piyeer moo jiitu, te Yudaa Iskariyo moo mujj. Ndaw ya yépp ay waa Galile lañu ku dul Yudaa Iskariyo mi bawoo diiwaanu Yude.

[273] **Mc 10:4; Mk 3:18; Lu 6:15** ***mbooloo ma ñu tudde Ñi farlu ci moom seen réew***: Bokk nañu ngëm ak Farisen ya, waaye daan na xiir seen bokki Yawut ñu xeex ak nguuru Room ngir ñu dàq léen. Gëm nañu ne Yàlla doŋŋ mooy Boroom bi te moom rekk nga wara jaamu. Nangu nguuru Room walla fey léen galag wor Yàlla la. Moo tax ñu bañ. Ndax gëm nañu ne Yàlla moo ànd ak ñoom, amoon nañu fit wu doy waar.

ko yelloo.

Yéen ñi xiif léegi, barkeel ngeen, ndax dingeen regg.

Yéen ñiy naqarlu léegi, barkeel ngeen, ndax dingeen ree.

Barkeel ngeen, bu leen nit ñi bañee, di leen dàq ak a saaga, di sib seen tur ngir Doomu nit ki[274]. Bu boobaa bégleen te bànneexu, ndax seen yool dina réy ci laaxira. Ndaxte noonu la maami seeni bañ daan fitnaale yonent yi[275].

Waaye nag yéen boroom alal yi, torox ngeen, ndaxte jot ngeen ba noppi seen bànneex.

Yéen ñiy lekk ba suur léegi, torox ngeen, ndax ëllëg dingeen xiif.

Yéen ñiy ree léegi, torox ngeen, ndax dingeen am aw naqar, ba jooy xàcc.

Torox ngeen bu leen ñépp dee waxal lu baax, ndaxte noonu la seeni maam daan jëfe ak ña doon mbubboo yonent[276].

## **Mbëggeel ci noon yi** (Lu 6:27-36)

Lu « Waaye maa ngi leen koy wax, yéen ñi may déglu, soppleen seeni bañaale tey defal lu baax ñi leen bañ. Yéeneleen lu baax ñi leen di móolu, te ñaanal ñi leen di sonal. Ku la talaata cib lex, jox ko ba ca des[277]. Kuy nangu sa mbubb mu mag, bul téye sa turki[278]. Képp ku la ñaan, may ko, te ku nangu say yëf, bu ko ko laaj. Defal-leen nit ñi li ngeen bëgg, ñu defal leen ko.

« Su ngeen soppee ñi leen sopp, ban ngërëm ngeen ciy am? Ndaxte bàkkaarkat yi sax sopp nañu ñi léen sopp. Te bu ngeen defalee lu baax ñi leen koy defal, ban ngërëm ngeen ciy am? Bàkkaarkat yi it dañuy def noonu. Te bu ngeen dee leble te yaakaar ci ndelloo, ban ngërëm ngeen ciy am? Bàkkaarkat yi it dañuy lebal seeni moroom, ngir ñu delloo léen ko[279]. Waaye soppleen seeni noon, di léen defal lu baax, tey leble, baña yaakaar

---

[274] **Lu 6:22** ***Doomu nit ki***: Seetal leeral 121 (Yow 1:51, wàll 22, page 58)

[275] **Lu 6:23** ***daan fitnaale yonent yi***: Seetal leeral 190 (Mc 5:12, wàll 35, page 83).

[276] **Lu 6:26** ***ña doon mbubboo yonent***: Ca jamono yu jiitu Injiil amoon na ñu teg seen bopp yonent fekk ne Yàlla yónniwul leen. Wax nañu li nit bëgga dégg ba tax ñépp doon waxal leen lu baax.

[277] **Lu 6:29** ***talaata cib lex***: Seetal leeral 206 (Mc 5:39, wàll 35, page 87).

[278] ***may sa turki***: Seetal leeral 207 (Mc 5:40, wàll 35, page 87).

[279] **Lu 6:34** ***lebal xaalis***: Yoonu Musaa tere na ñu sàkk lu ñu teg ci xaalis bi ñu lebal seen bokki Yawut (Ex 22:25-27; Le 25:36-37; De 23:20-21). Waaye nangu na ñu tayle bor ba. Tamit juróom-ñaari at bu nekk ñu baal bor ya (De 15:1-11).

ñu delloo leen ko. Noonu seen yool dina mag te dingeen wone ne yéenay doomi Aji Kawe ji, ndaxte Yàlla day wone mbaaxam ci ñu goreedi ñi ak ñu soxor ñi. Nangeen am yërmande, ni seen Baay ame yërmande.

### **Buleen àtte** (Lu 6:37-42)

Lu « Buleen àtte seeni moroom ak ñaaw njort, te deesu leen àtte. Buleen daan kenn, te deesu leen daan. Baal-leen ñi ci des, te dinañu leen baal. Mayeleen te dinañu leen may. Dinañu leen ëmbal natt bu baax bu ñu rokkos te yëngal ko, mu fees bay tuuru[280]. Ndaxte dees na leen nattal ak natt, bi ngeen di nattale. »

Noonu Yeesu wax na léen beneen léeb ne léen: « Ndax gumba man na wommat moroomam? Mbaa duñu daanu ñoom ñaar ci kàmb? Taalibe gënul kilifaam, waaye taalibe bu jàng ba wàcc, dina yem ak kilifaam demin.

« Lu tax ngay xool ñax gi ci sa bëtu mbokk, te gisuloo gànj gi ci sa bët yaw? Nan nga mana waxe sa mbokk: "Sama xarit, may ma, ma dindil la ñax gi ci sa bët," yaw mi gisul gànj gi nekk ci sa bët? Naaféq! Jëkkala dindi gànj gi ci sa bët, te noonu dinga mana gis bu leer, ngir dindi ñax gi ci sa bëtu mbokk.

### **Garab gi ak meññeef mi** (Lu 6:43-45)

Lu « Garab gu baax du meññ doom yu bon, te garab gu bon du meññ doom yu baax. Ndaxte garab, meññeefam lañu koy xàmmee. Deesul witte figg ci dédd, walla reseñ ci xaaxaam. Noonu nit ku baax, lu baax lay wax, ndax loolu la denc ci xolam, te nit ku bon, lu bon lay wax, ndaxte denc na lu bon ci xolam. Ndaxte gémmiñ, la fees xolam lay wax.

### **Ñaari tabaxkat yi** (Lu 6:46-49)

Lu « Lu tax ngeen may wooye "Boroom bi, Boroom bi," te dungeen def li may wax? Képp ku ñëw ci man, di dégg samay wax te di ko jëfe, ma won

[280] **Lu 6:38 *natt pepp***: Bu ñu nattoon pepp ca ja ba ngir jaay ko, ku yéwén daan na ëmbal natt ba bu baax, rokkos ko ba noppi yëngal ko ngir pepp ya wàcc, ba noppi feesalaat ko bay tuuru ca penkub jëndkat ba walla lemu mbubbam.

leen nu muy mel. Dafa mel ni nit kuy tabax kër[281], mu gas fu xóot, jot doj wu réy, samp fa kër ga. Bi mbënn ma ñëwee, wal ma dafa dal ca kër ga te yënguwul, ndaxte nit ka dafa tabax kër ga tabax bu dëgër. Waaye képp ku dégg samay wax te jëfewuloo ko, dinga mel ni nit ku tabax këram ci suuf, bañ koo defal fondamaa. Bi wal ma dalee ca kër googa, dafa màbb ca saa sa, lépp yàqu yaxeet. »

[281] **Lu 6:48-49** ***ni ñu tabax kër***: Seetal leeral 229 (Mc 7:24-27, wàll 35, page 92).

# Saar 7. Léeb yi ak kàttanu Nguuru Yàlla

**46. Ngëmu njiitu xare bi** (Mc 8:1,5-13; Lu 7:1-10)

*Anam yi: Lii mu nga xewewoon ca dëkku Kapernawum.*

Lu Bi Yeesu waxee la mu naroona wax lépp ca kanam mbooloo ma, mu Mc wàcc ca tund wa, te mbooloo mu bare topp ko. Lu Mu daldi dem Kapernawum[282].

Amoon na fa njiitu xare[283]. Njiit la nag, surgaam bu mu bëggoon lool dafa feebaroon, bay bëgga dee. Bi mu déggee mbiri Yeesu, mu yónni ca moom ay Yawut, di magi dëkk ba, ngir ñaan ko, mu ñëw faj surga ba. Bi magi dëkk ba agsee ca Yeesu, ñu sàkku ci moom ndimbal, ñaan ko: « Ki nu yónni ci yaw de, yelloo na ndimbal, ndaxte sopp na sunu xeet te moo nu tabaxal sax sunu jàngu[284]. » Noonu Yeesu daldi ànd ak ñoom.

Waaye bi ñuy bëgga agsi ca kër ga, njiit la yebal ay xaritam. Mc Njiitu xare [la] fekksi ko. Mu ñaan ko, ne ko: « Sang bi, bul sonal sa bopp, ndaxte yeyoowuma nga dugg sama kër. Looloo tax it ma xalaat ne awma darajay gatandu la. Waxal genn kàddu rekk, te sama surga dina wér. Ndaxte man itam maa ngi nekk ci ndigal, te ame naa ay xarekat ci sama ndigal. Su ma nee kii: “Demal,” mu dem. Mbaa ma ne keneen ki: “Ñëwal,” mu ñëw. Te su ma nee sama jaam: “Defal lii,” mu def ko. »

Bi ko Yeesu déggee, mu waaru. Noonu mu walbatiku ca mbooloo, ma topp ci moom, ne léen: « Maa ngi leen koy wax, ci bànni Israyil sax, masuma cee gis ku gëme nii. Mc Maa ngi leen koy wax, ñu bare dinañu

---

[282] **Mc 8:5; Lu 7:1 *Kapernawum***: Seetal leeral 126 (Yow 2:12, wàll 23, page 60).

[283] **Mc 8:5; Lu 7:2 *njiitu xare***: Njiitu xare, Buur ba Erodd la liggéeyal ngir sàmm jàmm ca réew ma te feddali ñu fey buur ba galag ak juuti. Xamuñu ndax njiitu xare bu Room ba la walla bu buur ba. Waaye ndegam xare bu Room nekkul woon ca Galile bala atum 44 g.K., lu gëna wóor mooy xarekat bu buur ba jëloon na ko ca ñu dul Yawut ña ca diiwaan yu jege, walla ca ña jaayoon seen bopp ngir xare. Njiitu xare ya dafa jiite 80 ba 100 xarekat. Tànnoon nañu njiit ya ca ña nekkoon xarekat ca diirub at yu bare ba man seeni liggéey bu baax. Ña am fit lañu woon, te takku. Góor la ci biir góor ña. Moo tax ñu may leen cér. Tere nañu ñu tàkk jabar ba ñu génn xare ba.
Ndegam Kapernawum dafa digaloo ñaari diiwaanu Room, maanaam Galile gu buur ba Erodd Antipas ak Goolanit gu buur ba Filib. Moo tax amoon na fa ay juutikat ya ak xarekati Room ya. Péeyu Erodd moo doon Tiberyàdd lu tollu 15 kilomet ca suddu Kapernawum. Cosaankat ya gas suuf fekk nañu ca Kapernawum kureelu xare ga ca penku dëkk ba. Amoon na fa ab sanguwaay bu Room.

[284] **Lu 7:5 *jàngub Kapernawum ba***: Seetal leeral 178 (Mk 1:21, wàll 33, page 80) ak leeral 154 (Lu 4:15, wàll 30, page 74).

ñëw, jóge ci penku ak sowu[285], bokk lekk[286] ak Ibraayma ak Isaaxa ak Yanqóoba[287] ci nguuru Yàlla Aji Kawe ji. Waaye ñi waroona bokk ca nguur ga, dees na léen sànni ci biti ci lëndëm gi[288]. Foofa dees na fa jooy tey yéyu. »

Ci kaw loolu Yeesu wax njiit la ne ko: « Ñibbil, na ame, ni nga ko gëme. » Noonu ca waxtu woowa sax surga ba daldi wér. Lu Noonu ndaw ya daldi dellu ca kër ga. Bi ñu agsee, ñu gis ne surga ba wér na.

### 47. Yeesu dekkal na doomu jigéen ju jëkkëram faatu (Lu 7:11-17)

*Anam yi: Yeesu jóge na Kapernawum dem dëkku Nayin. Nayin tolluwoon na ci 10 kilomet digganteem ak Nasaret. Diggante Kapernawum ak Nayin am na lu tollu ci 35 kilomet.*

Lu Yàggul dara Yeesu dem ci dëkk bu ñuy wax Nayin[289]. Taalibeem yi ak mbooloo mu bare ànd ak moom. Bi muy agsi ca buntu dëkk ba, fekk ñuy rob néew[290] boo xam ne kenn rekk la woon ci ndeyam, ji jëkkëram faatu[291]

---

[285] **Mc 8:11 *ña jóge ci penku ak sowu***: Ñooy waa àddina si, maanaam ñi dul Yawut ñi.

[286] **Mc 8:11 *lekk***: Yawut ya daan nañu farala xalaat ne ca mujug jamono bi nguuru Yàlla ak Almasi bi ñëwee Yàlla dina def bernde ju mag. Xalaatoon nañu ne Yawut ya rekk ñoo ci bokk, su fekkee ne sax yonent ya waxoon nañu ne ña dul Yawut bokkoon nañu itam (Isa 25:6-9; 56:3-8). Mënuñu sax foog ne ñi dul Yawut man nañu ci bokk waxatumaak am toogu yu yiw ak Ibraayma, Isaaxa ak Yanxóoba. Mu dolli ci ñi waroona bokk, maanaam, Yawut yi, dul bokk.

[287] **Mc 8:11 *Yonent Yàlla Ibraayma, Isaaxa ak Yanqóoba***: Ñooy maami Yawut yi.

[288] **Mc 8:11 *Lëndëm gi*** mooy waxin wuy wax ca safara su dul fey. Li Yeesu wax fii waroon naa jaaxal ñi déglu woon lool.

[289] **Lu 7:11 *Nayin***: Dëkk bu ndaw ca diiwaanu Galile la woon, lu tollu ci 10 kilomet digganteem ak Nasaret ca penku-suuf. Ba tey am na fa dëkku Araab bu tudd Nayin. Nekkoon na ca Xuru Sisreel ca taatu tund wa ñu wax Ermon bu ndaw (*Petit Hermon*). Nayin tollu na ci 35 kilomet digganteem ak Kapernawum, maanaam doxub benn fan. Cosaankat ya gas suuf fekk nañu fa ngent lu nekkoon jamono Yeesu, waaye fekkaguñu miir walla buntu dëkk ba. Sëg yu ñu gas ci biir doju tund wa yaa nga ca biti dëkk ba lu tollu doxub 10 minit ca penku ca yoon wuy jëm Endor.

[290] **Lu 7:12 *dëj bi***: Bu kenn gaañoo daan nañu rob néew bi ca bés boobu ngir tere mu xasaw ci biir nit ñi walla indi sobe ndaxte su ab néew fanaanee kër ga, kër ga takk sobe. Kër gi fees na dell ak saxaru cuuraay li ñu lakk. Ñu sang néew bi, doggali ko, dagg i wewam, te wat kawaram. Ñu takke tànk yi ak loxo yi càngaay, laxas yaram wi ak càngaay li ñu boole ak cuuraay lu mel ni ndàbb lu ñuy wax miir ak banti alowes, ba noppi muur kanam gi ak genn kaala. Yebuñu ko cib tàdd, waaye ak jaat lañu yóbbaale ndem-si-Yàlla ji bàmmeel ba.

woon. Te mbooloo mu bare ca dëkk ba di gunge soxna sa. Bi ko Boroom ba gisee, mu daldi koy yërëm ne ko: « Bul jooyati. » Mu jegeñsi, laal jaat ga[292], ñi ko jàppoo taxaw. Mu ne: « Waxambaane wi, jógal, ndigal la. » Noonu nit ka dee woon jóg toog, tàmbalee wax. Yeesu delloo ko yaay ja. Ñépp tiit, bay màggal Yàlla, di wax naan: « Yonent bu mag feeñ na ci sunu biir! Yàlla wallusi na mbooloom! » La ñu wax ci mbiri Yeesu daldi siiw ca réewu Yawut ya ak la ko wër yépp.

## 48. Yaxya yónnee na, di laaj Yeesu (Mc 11:2-19; Lu 7:18-35; 16:16)

Mc Gannaaw loolu Lu taalibey Yaxya ya nettali Mc jëfi Almasi bi Lu yooyu yépp seen kilifa Mc ca kaso ba[293]. Lu Noonu Yaxya woo ñaar ci ay

---

Ñaari xalaat ñoo jiitaloon seeni rob. Benneel bi mooy war nañu suul ñépp. Bañ la suul, gàcce ku réy la, alkande sax. Te ñaareel bi mooy ab néew dafay taqal kepp ku ko laal sobe.
Bokk am na maanaa lool ci xalaati Yawut ya. Moo tax ñépp bëggoon nañu ñu denc leen ak seeni maam. Këri boroom alal ya amoon nañu bàmmeel yi ñu yett ci xeer walla ñu jëfandikoo ab xunti. Ci biir am na ay taabal yi ñu yett ci biir xeeru miir bi ci biir bàmmeel ba. Ca kaw taabal ya lañu tegoon néew ya, ba noppi béraŋ aw doj, ube ko buntu bàmmeel ba. Bala màggal ya weexal nañu bunt ya ngir artu nit ñi. Bu néew ba yàq yaxeet ba des yax ya rekk, ubbiwaat nañu bàmmeel ba, dajale yax ya, duggal leen ca ab njaq, ba noppi denc njaq ba ci ab làquwaay ak seeni yaxi maam. Naka noonu bàmmeel ya manoon nañu denc bokk yu bare. Baadoolo yi ci suuf rekk lañu leen suul. Yawut ya lakkuñu néew ya.
Sëg ya ca biti dëkk ya lañu fekk. Yoonu Musaa tere na ñu suul nit ñi ci biir miiru dëkk ba. Ci kaw seen aada yaayam te xëy-na ñeneen jigéen ñoo jiitaloon jaat gi. Dañuy wax ne jigéen moo indi dee ci àddina si. Lool moo tax ñu jiital néew bi. Ñeneen ñi topp nañu ci jaat gi. Ñépp di jooy te naqarlu, waaye amoon na itam ay jigéen ñoo xam ne seen liggéey ca dëj ya moo doon jooy ak coow yu bare, sarxolle, tagg ndem-si-Yàlla ji, te woy woyi dëj yi ànd ak tëggum weñ mu xumb, ak ñi liit ak toxoro.
Bokki ndem-si-Yàlla ji daan nañu xotti seeni yére, bañ sangu walla xeeñoo lu neex, muuru, taraxlaayoo ab saaku, def tànki neen, sottikoo suuf walla dóom ci seen kaw bopp ngir wone seen naqar.
Ñi romb ab dëj war nañu ko gunge lu gën ga néew ay meetar.

291 **Lu 7:12 *jigéen ji jëkkëram faatu***: Ci Israyil, doom yi dañuy toppatoo seen waajur. Waaye jëtun bu amul jëkkër, amul doom dundam man naa metti lool, mu tumurànke sax. Ci yërmande dëkkandoo yi rekk la mana sës lu dul mu am ay bokk yu am xaalis. Gis nañu ci kàddug Yàlla ne Yàlla dafa yërëm jëtun yi te di baayoo jirim yi.

292 **Lu 7:14 *Mu laal jaat ga***: Ku laal jaat ga dafa takk sobe. Li Yeesu defoon bettoon na ñi ko gisoon.

293 **Mc 11:2 *Yaxya ca kaso***: Yaxya nekkoon na ca kaso daanaka benn at ba fi ñu tollu. Tëj nañu ki ku daan dëkk ca màndiŋ ma ca kaso fu mu mënula gis asamaan si, mënula gis garab ya, mënula gis dara lu dul miiri doj. Seetal itam leeral 144 (Mc 4:12, wàll 27, page

taalibeem, yónni léen ci Boroom bi, ngir laaj ko: « Ndax yaw yaa di Ki wara ñëw[294], walla danoo wara xaar keneen? »

Bi taalibe ya agsee ca Yeesu, ñu ne ko: « Yaxya moo nu yebal, nu laaj ndax yaa di Ki waroona ñëw, walla danuy xaar keneen? »

Ca waxtu woowa Yeesu wéral nit ñu bare ci seeni feebar ak ci seeni metit, di dàq ay rab tey gisloo ay gumba. Noonu mu wax ndaw ya ne léen: « Demleen nettali Yaxya[295] li ngeen gis te dégg ko. Gumba yaa ngi gis, lafañ yiy dox, gaana yi wér, tëx yiy dégg, ñi dee di dekki, te néew doole ñaa ngi dégg xibaaru jàmm bi. Yaw mi sa ngëm yolomul ndax man, barkeel nga. »

[Mc] Bi nga xamee ne taalibe ya Yaxya yónni woon ci Yeesu dem nañu, Yeesu daldi wax ak mbooloo ma ci mbirum Yaxya ne léen: « Lu ngeen seeti woon ca màndiŋ ma? Xanaa barax buy jaayu ci ngelaw li[296]? Kon lu ngeen seeti woon nag? Nit ku sol yére yu rafet? Waaye ñi sol yére yu rafet ñu ngi dëkk ci këri buur. Lu tax ngeen génn nag? Ngir gis ab yonent? Waaw, wax naa leen ne ëpp na yonent[297]. Yaxya male moo di ki ñu waxoon ci Mbind mi naan: “Maa ngi yónni sama ndaw, mu jiitu la, te xàllal la yoon ci sa kanam.” Ci dëgg maa ngi leen koy wax, ci li jigéen

---

67)

[294] **Mc 11:3; Lu 7:20 *Ki wara ñëw***: Mooy benn ci ni ñu tudde woon Almasi bi nara ñëw. Mooy tur wi Yaxya moom ci boppam jëfandikoo ca Mc 3:11. Seetal itam leeral 104 (Yow 1:21, wàll 20, page 52).

[295] **Mc 11:4; Lu 7:22 *Demleen nettali Yaxya*** … : Ngir tontu ci laaju Yaxya, Yeesu wone na ne li muy def mooy li yonent Yàlla Esayi waxoon na ne Almasi bi nara def ca Isa 29:18-19; 35:5-6; 42:18; 61:1. Esayi waxul dara ca gaana yi wér walla ñi dee di dekki. Waaye Esayi wax na ne itam ñëwug Almasi bi war naa indi mbugal ca nooni Yàlla.

[296] **Mc 11:7; Lu 7:24 *barax buy jaayu ci ngelaw li***: Barax bi ñu gis ca Israyil (*Arundo donax*) dafa gëna gudd bi ñu am ci Senegaal (*Phragmites australis*). Guddaayam man naa tollu ba 8 meetar sax, te fekk nañu leen fu Yaxya daan soobe nit ñi ci ndox. Ndax caru barax ba dafa gudd te ñàkk doole mu jaayu ci ngelaw li. ‘Barax buy jaayu ci ngelaw li’ waxin la buy wax ci nit ku nekk ci sikki-sàkka, di ñàkk fit. Maanaam mooy ki ñàkk pastéef, moom moo xam ne mu deltu gannaaw yoon bu ne boroom doole ya walla mbooloo ma wax ko dara.

[297] **Mc 11:9-10; Lu 7:26-27 *ëpp na yonent***: Yeesu nee na Yaxya ëpp na yonent ndaxte moo di ki yonent Yàlla yi wax ne nara ñëw jiituji Almasi bi (Isa 40:3; Mal 3:1; 4:5-6). Yaxya moo nekkoon ca diggante ñaari jamono, maanaam kóllëre gu jëkk ga ak jamono ji Yeesu indi woon, ji Yàlla waajaloon ci diirub ay junni at, mooy nguuru Yàlla. Liggéey bi Yàlla denkoon Yaxya moo ëpp solo liggéeyi yonent yépp yi ko jiitu woon.

jur[298], ku sut Yaxya masula feeñ. Waaye ba tey ki gëna ndaw ci nguuru Yàlla[299] Aji Kawe ji moo ko sut.»

[Lu] Nit ñépp ñi doon déglu Yeesu, ba ci juutikat yi[300] sax, dëggal nañu ne Yàlla ku jub la, ndaxte nangu nañu Yaxya sóob léen ci ndox[301]. Waaye Farisen ya[302] ak xutbakat ya[303] dañoo bañ, mu sóob léen ci ndox, di wone noonu ne gàntu nañu li léen Yàlla bëggaloon.

Yeesu tegaat ca ne: [Mc] «Ci li dale ci jamonoy Yaxya ba léegi, [Lu] yégle nañu xibaaru jàmm bi ci nguuru Yàlla, te [Mc] nit ñaa ngi góor-góorlu ngir dugg ci nguuru Yàlla, te ñi sawar ñoo ci am wàll. Ndaxte li yonent yi wax ak li yoonu Musaa tëral ñu ngi doon dox, ba kera Yaxya di feeñ. Te Yaxya moomu, su ngeen bëggee nangu lii, mooy Ilyaas[304] bi waroona ñëw. Déglul bu baax, yaw mi am ay nopp.

[Lu] « Kon lan laa mana méngaleel niti jamono jii? Lan lañuy nirool? Ñu ngi nirook xale yu toog ca pénc ma tey woowante naan: “Liital nanu leen ak toxoro, te fecculeen, woyal nanu leen woyi dëj, te jooyuleen[305].”

Ndaxte Yaxya feeñ na, lekkul mburu, naanul biiñ, ngeen daldi ne: “Dafa ànd ak rab.” Gannaaw gi nag Doomu nit ki ñëw na, lekk, naan, ngeen daldi ne: “Kii daal bëgg na lekk, di naan biiñ, tey xaritoo ak ay juutikat ak ay boroom bàkkaar.” Waaye li xam-xamu Yàlla di jur, mooy firndeel ne dëgg la. »

## 49. Yeesu ca kër Simoŋ Farisen ba (Lu 7:36-50)

[Lu] Amoon na ab Farisen bu ñaan Yeesu, mu ñëw lekkandoo ak moom.

---

[298] **Mc 11:11; Lu 7:28 *ci li jigéen jur***: Waxin la lu tekki ‘doomu Aadama’.

[299] **Mc 11:11; Lu 7:28 *nguuru Yàlla***: Seetal leeral 84 (Mc 3:2, wàll 16, page 45).

[300] **Lu 7:29 *juutikat ya***: Seetal leeral 90 (Lu 3:12, wàll 16, page 47).

[301] **Lu 7:29 *sóob ci ndox bi Yaxya defoon***: Seetal leeral 83 (Mc 3:6, wàll 16, page 45).

[302] **Lu 7:30 *Farisen ya***: Seetal leeral 87 (Mc 3:7, wàll 16, page 46).

[303] **Lu 7:30 *Xutbakat ya***: Seetal leeral 57 (Mc 2:4, wàll 12, page 36).

[304] **Mc 11:14 *Yaxya mooy Ilyaas***: Seetal leeral 22 (Lu 1:17, wàll 5, page 20).

[305] **Mc 11:17; Lu 7:32 *Liital nanu leen ak toxoro, te fecculeen, woyal nanu leen woyi dëj, te jooyuleen***: Yeesu xalaatloo na ñi ko déglu woon ci ay xale yi fo ca pénc ma. Ci bu jëkk ñu bég-béglu ni ñu nekk ci ag céet. Waaye seeni àndandoo bëgguñu ci bokk. Ba noppi ñu jooy-jooylu ni ñu nekk ci ab dëj. Waaye ba tey seeni àndandoo bëgguñu ci bokk. Xale ya ñoo misaale Yeesu ak Yaxya. Àndandoo ya ñoo misaale seeni noon, maanaam Farisen ya ak xutbakat ya.

Yeesu dem kër waa ja, toog ca lekkukaay[306]. Fekk amoon na ca dëkk ba jigéen juy moy Yàlla[307]. Bi mu yégee ne, Yeesoo ngay lekk ca kër Farisen ba, mu dem, yóbbaale njaq lu ñu defare doj wu ñuy wax albaatar[308] te def latkoloñ. Bi jigéen ja agsee[309], mu taxaw ca gannaaw tànki Yeesu, di jooy. Noonu ay rongooñam tooyal tànki Yeesu, jigéen ja di léen fomp ak kawaram[310], di léen fóon te ciy sotti latkoloñ ja.

Naka la Farisen, bi woo woon Yeesu ci këram, gis loolu, mu wax ci xelam naan: « Bu nit kii doonoon yonent[311], kon dina xam kuy jigéen ji koy laal ak ni mu nekke bàkkaarkat. » Yeesu ne ca tonn, daldi ne Farisen ba: « Simoŋ, am na lu ma la wara wax. » Simoŋ ne ko: « Waxal, kilifa gi. »

Yeesu ne ko: « Da fee amoon ñaari nit ñu ameel bor benn leblekat. Kenn kaa ngi ko ameel téeméeri junni ci xaalis[312], ki ci des fukki junni[313]. Waaye kenn ci ñoom manu koo fey. Noonu mu baal léen bor ya. Ci ñaar ñooñu

---

[306] **Lu 7:36 *toog ca lekkukaay***: Ci wépp xeet lekk am na solo ngir feddali bokk. Yawut ya daan na topp aada Room ci seeni bernde. Gan yi sóonu nañu ca seeni concol càmmooñ ca i lal, yi wër ab lekkukaay, bopp féete taabal bi, tànk féete gannaaw. Fu ñu la berale jataay / Toogu bu ñu la jox / ak li ñu la jox lekk sax moo wone ni ñu la terale ak sa maana. Ku ñu may toogu bu yiw, jëkka toog. Ca kër Farisen ga, Yeesu dugg na, toog ca lekkukaay, ca toogu bu yiw.

[307] **Lu 7:37 *jigéen ju moy Yàlla***: lu gëna wóor mooy gànc. Jigéen ji amoon na fit ngir dem fa. Ca dëkk bu ndaw ñépp xam nañu ñépp. Naka noonu ñépp ña teewoon ca kër Farisen ba xamoon nañu ko ak li mu defoon ba xeeb ko.

[308] **Lu 7:37 *njaqu albaatar***: Albaatar, xeer wu weex ni kew la, te rafet. Daan nañu ci yett ay njaq yu am baat bu gudd ngir denc latkoloñ.

[309] **Lu 7:38 *jigéen ja agsee***: Bi kenn wooyee ab jànglekat mu lekk ca këram, ku bëgg ca waa dëkk bi man nañoo ñëw déglu ko. Bokkuñu ca lekk. Ñu taxaw ca miir ya di seetaan. Jigéen ji tànnoon na palaas ca gannaaw Yeesu, mu tiim tànkam.

[310] **Lu 7:38 *fomp tànk ak kawaram***: Jigéen ju tedd day musóoru, du watu, du wàññee kawaram. Ci biir këram sax du def boppu neen. Naka noonu dindi musóoram, te bàyyi kawaram wadd rawatina ci biir góor ñi ngir fomp tànki Yeesu lu réy la ba tax nit ñi yéemu te jàq. Ni mu laale Yeesu sax, maanaam fóon tànkam, doyoon na mbooloo mi jàq ndaxte. Li jigéen ji def dafa ëpp.

[311] **Lu 7:39 *bu doon yonent***: Ca jamono Yeesu góor gu tedd, waxatumaak ku ñuy teg ab yonent, du am diggante ak jigéen ci kanamu nit. Du wax ak moom. Du bàyyi mu laal ko ndax ragal sobe wàll ca moom, rawatina jigéen juy moy Yàlla. Naka noonu ci xalaatu nit ñi Yeesu waroona bank tànkam ngir sore jigéen ja, walla yedd ko, walla bañ ko. Yeesu deful dara.

[312] **Lu 7:41 *téeméeri junni***: maanaam juróomi téeméeri denariyon.

[313] **Lu 7:41 *fukki junni***: maanaam juróom fukki denariyon.

nag kan moo ko ciy gëna bëgg? » Simoŋ ne ko: « Xanaa ki ñu baal bor bi gëna bare. »

Yeesu ne ko: « Àtte nga dëgg, » daldi walbatiku ca jigéen ja, ne Simoŋ: « Ndax gis nga jigéen jii? Dugg naa sa kër[314], te joxewuloo ndox, ngir raxas samay tànk. Waaye moom, raxas na samay tànk ak ay rongooñam, ba noppi fomp léen ak kawaram. Bi ma agsee, fóonuloo ma, waaye moom, bi ma duggee ba léegi tàyyiwul ci di fóon samay tànk. Defuloo diw ci sama bopp, waaye moom, sotti na latkoloñ ci samay tànk. Moo tax ma di la wax ne, su wonee mbëggeel gu réye nii, dafa fekk ñu baal ko bàkkaaram yu bare. Waaye ki mbëggeelam néew dafa fekk ñu baal ko lu tuuti. »

Yeesu daldi ne jigéen ja: « Baal nañu la say bàkkaar. »

Noonu ñi doon lekkandoo ak moom di wax ci seen xel naan: « Kii am sañ-sañu baale bàkkaar mooy kan? »

Waaye Yeesu ne jigéen ja: « Sa ngëm musal na la. Demal ci jàmm. »

### **50. Yeesu dem na Yerusalem faj fa jarag** (Yow 5:1-47)

*Anam yi: Xamuñu kañ la Yeesu demoon Yerusalem, tamit jafe na xam fu ñu ko wara teg ci biir nettali yi nekk ci Macë, Màrk ak Luug. Ñoom daal, waxuñu sax Yeesu dem na Yerusalem at moomu. Ci ñaareelu atum Yeesu la ame woon. Fii laa koy teg ndaxte fii la nettali bi yomba duggal.*

Yow Gannaaw loolu Yawut ya amoon nañu genn màggal[315], moo tax Yeesu demoon Yerusalem. Ca wetu benn ci bunti dëkk ba nag, maanaam ca Buntu xar ya[316], am na fa bët bu tudd Betesda[317] ci làkku yawut, te ñu

---

[314] **Lu 7:44-46 *ni ñu terale gan***: Bi gan ba agsee kër ga boroom kër ba daan na ko jox ndox ngir mu mana raxas i tànkam. Dàll yi aaruñu tànk yi ca pënd ak banu yoon ya ba tax ñu taq suuf. Su boroom kër amee ay jaam, ñoom nu raxas tànki gan yi. Lu dul loolu gan yi raxas nañu seeni tànk seen bopp. Tamit su ñu bëggee jox gan bu am maana cér, ñu fóon ko ci lex. Te ñu def ci boppam tuuti ci diwu oliw gi ñu boole ak ndab lu ko xeeñal. Simoŋ defu ko. Dafa wone yeneen gan yi ne joxul Yeesu cér.

[315] **Yow 5:1 *genn màggal***: Xam nañu ne Yeesu dem na Yerusalem ngir benn ci màggali Yawut yi, maanaam bésu Mucc ba, Pàntakot (ca weeru me walla sulye), walla Mbaar ya (ca weeru sàttumbar walla oktoobar). Waaye mënul woon nekk màggalu bésu Mucc ba ndaxte gis nanu ba noppi ne bés boobu fekk na Yeesu ci Galile (seetal wàll 41). Naka noonu benn ci yeneen ñaari màggal yi la woon.

[316] **Yow 5:2 *Buntu xar ya***: Benn ca buntu miiru Yerusalem bu Neyemi tabaxoon bi Yawut ya delloo ca réew mi jóge Babilon. Ca jamono Yeesu, bunt bu ndaw, fu ñu jaarale xar yi

wërale ko ak juróomi mbaar. Ca suufu mbaar yooyu la jarag yu bare, yu deme niki ay gumba, ay lafañ ak ay làggi, daan tëdd, di xaar ndox mi yëngatu; ndaxte, ci ni ñu ko nettalee, benn malaakam Boroom bi da daan wàcc léeg-léeg di jax ndox mi. Bu ndox mi masaa yëngu ba noppi, jarag ju ca jiitu, wopp joo amaan, daldi wér ca saa sa. Amoon na fa benn waay bu feebaroon lu mat fanweeri at ak juróom ñett. Bi ko Yeesu séenee mu tëdd, te mu xam ne woppam ji yàggoon na lool, mu laaj ko ne: « Ndax bëgg ngaa wér? »

Jarag ja ne ko: « Sang bi, duma am ku ma sóob ci ndox mi, bu yëngoo; su ma ciy fexee dem, ñu jëkk ma ci. »

Yeesu ne ko: « Jógal, jël sa basaŋ te dox. » Ca saa sa mu daldi wér, jël basaŋam, daldi dox.

Mbir moomu dafa daje woon ak bésub noflaay ba[318], looloo tax ba Yawut ya daldi ne nit ku wér ka: « Tey bésub noflaay la, te sunu yoon aaye na, ngay yor sa basaŋ. » Mu ne léen: « Ki ma faj moo ma ne: "Jëlal sa basaŋ te dox." » Ñu ne ko nag: « Ku la ne: "Jëlal sa basaŋ te dox"? » Waaye waa ji xamul ki ko wéral, fekk booba Yeesu dem na, te nit ñu bare teewoon nañu ca bérab ba.

Bi ñu ca tegee ab diir, Yeesu dajeek moom ca kër Yàlla ga ne ko:

---

jëm kër Yàlla ga.

[317] **Yow 5:2 *Bët bu tudd Betesda***: Turu benn sanguwaay ci Yerusalem la woon, ca wetu benn ci bunti dëkk ba, maanaam ca Buntu xar ya (mooy li ñu tudd Buntu gaynde ya tey ji). Seetal kartu Yerusalem (kart 18) ak nataal ba (nataal 8). Gas nañu ko daanaka 8 xarnu lu jiitu jamono Kirist (2Ki 18:17; Isa 7:3; 36:2) ngir denc ndoxum taw ak ndoxum bët. Daanaka 3 xarnu lu jiitu jamono Kirist gas nañu ñaareelu sanguwaay. Boole nañu ñaari sanguwaay ak benn solom. Ñeenti mbaar yi sës ci ay kenu doj ñoo wëroon ñaari sanguwaay ya ak menn ci seen diggante. Daan nañu sang xar yi foofu laata ñu rendi woon leen ngir ab sarax ca këru Yàlla ga. Cosaankat ya fekk nañu ko lu matul sax 300 meetar ca noru këru Yàlla ga. Sanguwaay réy nañu woon. Bu ne yaatuwaay ak guddaay ëpp na 50 meetar ak xóotaay bu tollu 13 meetar. Cosaankat ya yaakaar nañu ne bëtu ndox moo tax ndox mi yengu. Waa jamono ya gëmoon nañu ne ndoxum man naa faj ña jarag.

[318] **Yow 5:10 *bésub noflaay***: Yoonu Musaa aaye na ne ñu liggéey ca bésub noflaay, waaye faramfàccewul looy liggéey. Aada Yawut ya teg na ca ay digal yu bare ngir faramfàcce looy liggéey. Yonent Yàlla Yeremi tere na ñu jaar ca buntu dëkk bi di yen dara (Jer 17:19-27), te Neyemi tere na jaaykat ya duggal seem njaay ci dëkk ba (Neh 13:15-19). Ca jamono Yeesu boroom diine ya ne nañu ne ku yor ab pusa ca mbubbam di dox ca dëkk ba tooñ na bésub noflaay te jar na ñu rey ko. Werante nañu sax ndax yoon wa may na ñu mana sol poose bën walla tànk. Naka noonu waay bu Yeesu fajoon jàdd na aada Yawut ya bi mu yoree basaŋam, tooñ goo xam ne dee rekk mooy àtteem.

« Déglul, fii mu ne, wér nga; bul defati bàkkaar, ngir ragal lu yées lii dal la. »

Noonu nit ka dellu ne Yawut ya, Yeesu moo ko fajoon. Looloo tax Yawut ya di wuta sonal Yeesu, ndaxte daan na jëfe noonu ca bésub noflaay ba.

Waaye Yeesu wax na léen ne: « Sama Baay nekk na ba tey ci liggéey, kon man itam damay liggéey[319]. »

Baat boobu moo tax ba Yawut yi gën koo wuta rey, ndaxte yemul woon rekk ci baña topp ndigalu bésub noflaay ba, waaye dafa wax it ne, Yàlla Baayam la, ba teg boppam Yàlla.

Noonu Yeesu ne léen: « Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, Doom ji[320] manula def dara moom ci boppam; li mu gis Baay bi di def rekk lay def. Li Baay bi di jëf la Doom ji itam di jëf. Ndaxte Baay bi bëgg na Doom ji, ba di ko won lépp lu muy def, te dina ko won jëf yu ëpp kéemaan yii, ngir ngeen gëna waaru. Maanaam, ni Baay bi di dekkale ñu dee ñi, di léen jox dund, noonu la Doom ji di joxe dund[321] ñi mu ko bëgga jox. Baay bi du àtte kenn; àtte bi yépp, jox na ko Doom ji[322], ngir ñépp di teral Doom ji, ni ñuy terale Baay bi. Ku teralul Doom ji, teraloo Baay, bi ko yónni.

« Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, ku dégg sama kàddu te gëm ki ma yónni, am nga dund gu dul jeex te doo jaar ca àtte ba, ndaxte génn nga ci dee, tàbbi ci dund. Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, jamono dina ñëw te agsi na ba noppi, mooy jamono, ji ñu dee ñi di dégg baatu Doomu Yàlla ji, te ku ko dégg dinga dund. Ndaxte ni Baay bi ame dund moom ci boppam, noonu it la ko maye Doom ji, mu am ko ci boppam. Jox na Doom ji itam sañ-sañu àtte, ndaxte mooy Doomu nit ki[323].

« Bu leen ci dara jaaxal; ndaxte jamonoo ngi ñëw ju néew yépp, yi nekk ci seen bàmmeel, di dégg baatam tey génn. Ñi daan jëf lu baax dinañu

---

[319] **Yow 5:17 *sama baay di liggéey kon man itam damay liggéey***: Daan nañu werante ndax Yàlla dafay liggéey ca bésu noflaay. Ci muj wax nañu ne Yàlla dafay liggéey saa su nekk, ca bésu noflaay sax. Li Yeesu waxoon mooy ni Yàlla sañe woona liggéey ca bésu noflaay, noonu la Yeesu sañe liggéey. Mu yemale boppam ak Yàlla.

[320] **Yow 5:19 *Doom ji***: Seetal leeral 2 (Mk 1:1, wàll 1, page 12).

[321] **Yow 5:21 *ni baay bi dekkale ñu dee ñi noonu la Doom ji joxe dund***: Ca jamono Yeesu gëm nañu ne Yàlla rekk moo mana jox dund gi. Wax ju doy waar la ci noppi ñi ko déglu.

[322] **Yow 5:22 *àtte bi yépp jox na ko Doom ji***: Ca jamono Yeesu gëm nañu ne Yàlla rekk moo am sañ-sañu àtte bi. Moom itam wax ju doy waar la.

[323] **Yow 5:27 *Doomu nit ki***: Seetal leeral 121 (Yow 1:51, wàll 22, page 58).

dekki, dund ba fàww, waaye ñi daan jëf lu bon, dinañu dekki, ñu daan léen. Manumaa def dara man ci sama bopp. Ni ma Baay bi di digale rekk laay àttee, te sama àtte bu jub la, ndaxte defuma sama bëgg-bëgg, ci waawi ki ma yónni doŋŋ laay aw.

« Su ma seedeelee sama bopp, sama wax du am maana. Waaye keneen moo may seedeel[324], te bir na ma ne la muy wax ci man dëgg la.

« Yéen yónni ngeen ay ndaw ci Yaxya, te seede na dëgg. Man ci sama bopp soxlawuma seedes nit; waaye nag damay wax loolu rekk, ngir ngeen mucc. Yaxya meloon na ni làmp buy tàkk tey leeral, te nangu ngeena bànneexu ab diir ci leeram.

« Waaye yor naa ci man seede su gëna mag si ma Yaxya di seedeel: maa ngi def jëf, yi ma Baay biy sant. Jëf yooyu may def nag ñooy seede ne, Baay bi moo ma yónni. Te Baay bi ma yónni, moom itam seede na ma. Masuleena dégg baatam te masuleena gis xar kanamam, te kàddoom saxul ci yéen, ndaxte gëmuleen ki mu yónni. Yéena ngi gëstu Mbind yi, ndaxte dangeen cee yaakaar dund gu dul jeex. Mbind yooyu nag far, ci sama mbir lañuy wax; te bëgguleena ñëw ci man ngir am dund!

« Wutuma tagg yu jóge ci nit. Waaye yéen, xam naa leen; leer na ma ne amuleen ci seen xol benn mbëggeel ci Yàlla. Man ñëw naa ci sama turu Baay, te nanguwuleen ma, waaye bu keneen dikkee ci turu boppam, ngeen nangu ko. Bëgg ngeen ku leen di tagg, te wutuleen ngërëm, li jóge ci jenn Yàlla rekk ji am. Kon nan ngeen mana gëme?

« Buleen xalaat ne maa leen di jiiñ dara ci sama kanam Baay. Musaa, mi ngeen yaakaar, moo leen di booleek moom. Bu ngeen gëmoon Musaa, dingeen ma gëm man itam, ndaxte seedeel na ma[325]. Waaye su fekkee gëmuleen li Musaa bind, kon nu ngeen mana gëme samay wax? »

---

[324] **Yow 5:31-40 *ñeenti seede***: Ca kaw yoonu Musaa benn seede doyul ngir feddali dara. Naka noonu Yeesu indi na ñeent. Ñooy Yaxya (Yow 5:32-25); kéemaani Yeesu (Yow 5:35,36); Yàlla ci boppam (Yow 5:37,38) ak Kàddug Yàlla (Yow 5:39-47).

[325] **Yow 5:46 *Musaa seedeel na ma***: Yeesu waxul ca fan la Musaa bindoon lu jëm ca Almasi bi. Almasi bi feeñ na ca yégleb lu nara ñëw (Ge 3:15; 22:18; 49:10; Nu 24:17; De 18:15) te matal na itam misaal yi yoonu Musaa ëmb ni màggalu bésub Mucc bi, ñam wi ñu tudd mànn, doju koñ ba ak nangam ak nangam.

## Saar 8. Yeesu wër na diiwaanu Galile ñaareel bi yoon

**51. Yeesu dem waaraate, ndeyam ak ay rakkam seetsi ko** (Mc 12:46-50; Mk 3:20-35; Lu 8:1-4,19-21; 12:10)

Lu Gannaaw loolu Yeesu di dem ca ay dëkk yu mag ak yu ndaw, di waaraate ak di yégle xibaaru jàmm bi jëm ci nguuru Yàlla. Fukki taalibe ya ak ñaar ànd ak moom, ak ay jigéen yu mu teqale woon ak rab te jële léen ci seeni wopp, ñu di: Maryaama, mi ñuy wooye Maryaamam Magdala[326], mi Yeesu tàggale woon ak juróom ñaari rab; Sànn[327], soxnas ku ñuy wax Kusa, mi doon wottu alalu Erodd; ak Susànn ak ñeneen jigéen[328]. Jigéen ñooñu ñoo doon joxe seen alal, ngir dimbali Yeesu ak ay taalibeem. Dëkk ak dëkk nit ña di fa jóge jëm ca Yeesu, ba mbooloo mu bare dajaloo.

Mk Am beneen bés Yeesu ñëwaat ca kër ga. Te mbooloo mu bare dajaloowaat fa, ba tax manuñoo lekk sax.

Bi ko ay bokkam déggee nag, ñu ñëw, ngir jàppsi ko[329] naan: « Dafa tàggoo ak sagoom[330]. »

Te it xutbakat ya jóge Yerusalem[331] ne: « Beelsebul[332] jàpp na ko; ci

---

[326] **Lu 8:2 *Maryaamam Magdala***: Maryaamam Magdala mooy ki ñu jëkk tudd fépp fu ñu lime jigéen ñi topp Yeesu. Tamit turam dellusi na ay yooni yoon ci nettalib ndekkite Yeesu (Mc 28:1-10; Mk 16:1-11; Yow 20:1-18). Ci moom la Yeesu jëkka feeñu (Mk 16:9; Yow 20:11-18). Yeesu dàqe na ci moom juróom ñaari rab (Mk 16:9). Turam feeñ na ci Mc 27:56,61; 28:1; Mk 15:40-41,47; 16:1,9,10,11; Lu 8:2; 24:10; Yow 20:1,11,16,18.

[327] **Lu 8:3 *Sànn ak Susànn***: Xamuñu dara ci ñoom lu dul li ñi jàng ci aaya bi. Sànn feeñ na itam ca Lu 24:10. Erodd mooy Erodd Antipas, buuru Galile.

[328] **Lu 8:3 *taalibe yu jigéen***: Boroom alal ya daan nañu joxe ca seen alal ngir dimbali jànglekat ya. Waaye jànglekat ya daawuñu may jigéen ñi ñu ànd ak ñoom. Mayuñu sax jigéen ya jàng.

[329] **Mk 3:21 *ay mbokkam ñëw ngir jàppsi ko***: Boroom xam-xam ya xamuñu bu baax waaye xëyna ay mbokkam gëm nañu ne Yeesu dina teg gàcce ci seen kër. Moo tax ñu ñëw ngir jàppsi Yeesu.

[330] **Mk 3:21 *tàggoo ak sagoom***: Gëm nañu ne rab moo tax nit tàggoo ak sagoom.

[331] **Mk 3:22 *Xutbakat ya jóge Yerusalem***: Xutbakat ya dox nañu tànk lu tollu benn ayu-bés ngir àgg Galile. Seetal leeral 57 (Mc 2:4, wàll 12, page 36) ngir gëna xam ci xutbakat ya.

[332] **Mk 3:22 *Beelsebul***: Yàlla ju araam la, ji waa Filisti doon jaamu ci dëkku Ekkron. Yeesu moo ko tudde woon buuru rab yi. Am na ñi xalaat ne weneen turu Ibliis la, ñeneen ñi xalaat

kàttanu buuru rab yi lay dàqe rab yi[333]. »

Noonu Yeesu woo léen, wax ak ñoom ciy léeb ne léen: « Naka la Seytaane mana dàqe Seytaane? Réew mu xeex boppam, du mana yàgg. Te kër gu xeex boppam, du mana yàgg. Bu Seytaane nag jógee, ba xeex boppam, xàjjalikoo dikkal na ko te du mana yàgg, waaye dina tas.

« Su fi amee nit ku bare doole, naka la kenn mana dugge ci këram, nangu alalam? Xanaa dafay jëkka yeew ku bare doole ka, ba noppi doora toj këram gépp. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, lépp dees na ko baal nit ñi, muy bàkkaar, muy sosal Yàlla wu mu mana doon. Lu Ku sosal Doomu nit ki[334], dinañu la baal, Mk waaye kuy sosal Xel mu Sell mi[335] deesu ko baal mukk; gàddu na bàkkaar ba fàww. » Yeesu wax na loolu, ndaxte nee woon nañu, rab jàpp na ko.

Lu Noonu ndeyu Yeesu ak ay rakkam[336] ñëw seetsi ko, waaye manuñu woona agsi ci moom, ndaxte nit ña dañoo bare. Mk Ñu taxaw ci biti, yónnee, woo ko. Fekk booba mbooloo nga toog, wër ko. Ñu ne ko nag: « Sa yaay ak say rakk ñu ngi taxaw ci biti, Mc bëgga wax ak yaw.»

Mk Waaye Yeesu ne léen: « Kan mooy sama ndey? Ñan ñooy samay rakk? » Noonu mu xool ñi ko wër [daldi] Mc joxoñ ay taalibeem naan: Mk « Sama yaay ak samay rakk a ngii; Lu ñooy ñiy déglu kàddug Yàlla, te di ko topp, Mk ndaxte kuy def coobarey Yàlla, kooku mooy sama rakk ak sama jigéen[337] ak sama ndey[338]. »

---

ne meneen xel mu bon mu am kàttan ci suufu Ibliis.

[333] **Mk 3:22 *Ca kàttanu buuru rab yi lay dàqe rab yi***: Amoon na ca jamono Yeesu ñi doon jéema dàq rab yi ak kàttanu xel mu ëpp doole rab wi. Mooy xam-xam bu ñuul. Yoonu Musaa dafa araamal xam-xam bu ñuul te sant ñu rey képp ku ci bokk. Naka noonu tuuma ju réy la.

[334] **Lu 12:10 *Doomu nit ki***: Seetal leeral 121 (Yow 1:51, wàll 22, page 58).

[335] **Mk 3:29; Lu 12:10 *Xel mu Sell mi***: Seetal leeral 25 (Lu 1:35, wàll 6, page 24).

[336] **Mc 12:46; Mk 3:32; Lu 8:19 *rakki Yeesu***: Yeesu amoon na ñeenti rakk yu góor yu bokk ndey ak ay rakk yu jigéen. Rakk yu góor ya Saag, Yuusufa, Simoŋ ak Yuda lañu tudd. Bi Yeesu nekkoon ci àddina si gëmuñu ci moom.

[337] **Mc 12:50; Mk 3:35 *sama jigéen***: ca jamono Yeesu Yawut ya mayuñu jigéen wenn wàll ci diine. Waaye Yeesu boole na leen ci taalibeem.

[338] **Mc 12:50; Mr 3:35; Lu 8:21 *sama yaay ak samay rakk ñooy*** …: Mbokk, maanaam sa waa kër, am na solo lool. Teral say waajur bokk na ca ndigal yu gëna màgg ca yoonu Musaa. Waaye Yeesu nee na déggal Yàlla moo ko ëpp solo.

**52. Yeesu jàngalewaat na ciy léeb ci wetu dex ga** (Mc 13:1-52; Mk 4:1-34; Lu 8:4c-18; 13:18-21)

**Léebu beykat bi** (Mc 13:1-9; Mk 4:1-9; Lu 8:4-8)

[Mk] Am beneen yoon Yeesu nekk ci wetu dex ga[339], di jànglewaat. Mbooloo mu bare dajaloosi, ba tax mu yéeg cig gaal, dugg ca dex ga; mbooloo mépp taxaw ca tefes ga. Noonu Yeesu daldi léen jàngal lu bare ciy léeb. Ci njàngleem nag mu ne léen:

« Dégluleen, dafa amoon beykat bu demoon jiyi. Bi muy saaw toolam[340] nag, lenn ci pepp mi wadd ci kaw yoon wi[341], [Lu] nit ñi joggi ci, [Mk] picc yi daldi ñëw, lekk ko lépp.

Leneen ci pepp mi wadd ci bérab bu bare ay doj[342] te néew suuf, mu daldi sax bu gaaw, ndaxte suuf si barewul. Waaye bi jant bi naajee, mu lakk, wow, ndaxte amul ay reen, [te] [Lu] suuf si tooyul woon.

Leneen nag wadd ci biir ay xaaxaam, ñu saxandoo, xaaxaam ya tanc ko, [Mk] te meññul dara.

Li ci des dal ci suuf su baax, [Mc] nangu ba [Mk] mu jóg, sax, di focci ay gub; lii àntu, ba mat fanweeri yoon lu ëpp la mu ji woon, lii mat juróom benn fukk, lii mat téeméer. »

[Lu] Gannaaw loolu Yeesu wax ak kàddu gu dëgër ne: « Déglul bu baax, yaw mi am ay nopp. »

---

[339] **Mc 13:1-2; Mk 4:1 *Ruqu-tefesu beykat***: Ca diggante Kapernwum ak bëtu ndox ya nu tudd tey ji Tabga am na benn ruqu-tefes daanaka benn kilomet ca sowu Kapernawum ca suufu tundu Eremos. Ruqu-tefesu beykat lañu ko tudd ndaxte ñu bare gëm nañu ne foofu la Yeesu waxoon léebu beykat ba. Lu mel ni ab amfiteyatar la. Maanaam su fekkee ne yaa nekk ca tefes ga di wax, nit ku toog lu ëpp ñaari téeméeri meetar fu la soree ca tund wa man na laa dégg bu leer nàññ. Boroom xam-xam ya wone nañu ne lu ëpp ca 14.000 nit man nañu déglu kenn ku toog ca gaal ca ruq-tefes di wax. Bérab boobu am na suuf su baax, suuf su am doj yu bare, ak lu mel ni xaaxaam.

[340] **Mc 13:3-4; Mk 4:3-4; Lu 8:5 *muy saaw toolam***: Lu ëpp ña déglu woon Yeesu daan nañu bey. Daan nañu dox ci tool ba di saaw pepp ya ba noppi bey ko ngir muur pepp ya.

[341] **Mc 13:4; Mk 4:4; Lu 8:5 *yoon wi***: Mooy fu nit ñi daan jàll tool, dëggaate suuf si ba mu dëgër.

[342] **Mc 13:5; Mk 4:5; Lu 8:6 *bérab bu bare ay doj***: Palestiin am na ay bérab yu bare fu doj bare ca tool ya. Doj yooyu nekk nañu ci suufu suuf su xóotul. Naka noonu man nga ci ji waaye reen yi amul fu ñu mana jëm.

**Yeesu firil na taalibe yi léebu beykat bi** (Mc 13:10-23; Mk 4:10-20; Lu 8:9-15)

Mk Gannaaw loolu ba Yeesu nekkee fu wéet, fukki taalibe ak ñaar ña, ak ñeneen ñu daan ànd ak ñoom, laaj ko ci mbirum léeb yi. Mc [Ñu] laaj ko lu tax mu di léen wax ciy léeb [ak] Lu lu léeb woowu di tekki.

Mc Noonu mu ne léen: « May nañu leen, ngeen xam mbóoti nguuru Yàlla Aji Kawe ji, waaye ñale mayuñu léen ko. Mk Ñi ci biti léeb ay ëmb lépp. Mc Ndaxte ku am, dinañu la dollil, ba nga barele; waaye ku amul, li nga am as néew, dinañu ko nangu. "Dañuy xool te duñu gis, di déglu waaye duñu dégg te duñu xam," moo tax ma di léen wax ciy léeb. Li Esayi waxoon[343] ci kàddug Yàlla am na ci ñoom, bi mu naan: "Dingeen déglu bu baax waaye dungeen xam dara; di xool bu baax waaye dungeen gis dara. Ndaxte xolu xeet wii dafa dërkiis; dañuy déglu ak nopp yu naqari, tey gëmm seeni bët, ngir baña gis ak seeni bët, dégg ak seeni nopp, te xam ci seen xol, ñu wàññiku ci man, ma wéral léen."

« Waaye yéen barkeel ngeen, ndaxte seeni bët a ngi gis te seeni nopp di dégg! Ndaxte ci dëgg maa ngi leen koy wax, ay yonent yu bare ak nit ñu jub ñu bare bëggoon nañu gis[344] li ngeen di gis waaye gisuñu ko, te dégg li ngeen di dégg waaye dégguñu ko. »

Mk Noonu Yeesu ne léen: « Ndax xamuleen léeb wii? Nu ngeen xame nag léeb yi ci des?

Mc Yéen nag dégluleen li léebu beykat biy tekki. Mk Ki ji nag, kàddu gi lay ji.

Lu Ki féete ci yoon wi mooy ki dégg. Mc Boo xamee ne nit mu ngi déglu wax ju jëm ci nguuru Yàlla te xamu ko, Ibliis day ñëw, këf Lu kàddu, gi ñu def ci xolam, ngir mu baña gëm te Yàlla musal ko. Mc Kooku mooy ki jot ci jiwu wi ci kaw yoon wi.

Lu Ki nekk ci bérab bu bare ay doj, mooy ki dégg kàddu gi, ba noppi nangu ko ak mbég Mk ci saa si, waaye du yàgg, ndaxte wax ji saxul ci moom. Lu Dina gëm ab diir, waaye Mk bu jaaree ci nattu nag, mbaa ñu fitnaal ko ndax kàddu gi, mu dàggeeku ci saa si.

Ki jot jiwu wi ci xaaxaam yi mooy ki dégg kàddu gi, waaye soxlay àddina ak naxi alal ak bëgge Lu ak bànneexi àddina Mk solu ko, tanc kàddu gi, ba

---

[343] **Mc 13:14** ***Li Esayi waxoon***: Jukki nañu ko ci Esayi 6:9-10.

[344] **Mc 13:17** ***Yonent*** yi jiitu woon Yeesu séen nañu ñëwug Almasi bi Yàlla digoon. Seetal itam 1Pi 1:9-12.

du meññ dara.

[Lu] Ki jot ci jiwu wi ci suuf su baax si nag, mooy ki dégg kàddu gi, [Mk] te nangu ko, [Mc] te xam ko, [Lu] te denc ko ci xol bu baax bu gore, te muñ ba jur njariñ; [Mk] kii mat fanweeri yoon lu ëpp la ñu ji woon, kii mat juróom benn fukk, kii mat téeméer. »

**Léebu jëmb bi** (Mc 13:24-30)

[Mc] Noonu Yeesu dégtal léen beneen léeb ne léen: « Nguuru Yàlla Aji Kawe ji dafa mel ni nit ku ji jiwu wu baax ci toolam. Waaye bi nit ñi di nelaw, noonam ñëw, ji jëmb[345] ci biir dugub ji, daldi dem. Bi dugub ji saxee nag, jëmb bi saxaale ak moom.

« Noonu surgay boroom kër ga ñëw ci moom ne ko: "Góor gi, xanaa jiwuloo jiwu wu baax ci sa tool? Fu jëmb bi jóge nag?" Mu ne léen: "Noon a ko def." Surga ya ne ko: "Ndax nu dem dindi ko?" Mu ne léen: "Déedéet, ngir baña buddiwaale dugub ji, bu ngeen koy dindi. Bàyyileen ñoom ñaar, ñu màgg, ba ngóob ma jot. Bu ngóob ma jotee nag, dinaa wax ñi koy góob: 'Jëkkleena dindi jëmb bi, takk ko ay say, lakk ko, waaye ngeen semb dugub ji ci sama sàq.' " »

**Léebu làmp bi** (Mk 4:21-25; Lu 8:16-18)

[Mk] Yeesu ne léen itam: « Ndax nit dina jël làmp[346], dëpp ci leget walla def ko ci ron lal? [Lu] Kenn du taal làmp, dëpp ci leget, walla mu di ko def ci ron lal[347]. Daf koy wékk, ngir mu leeral ñiy dugg. [Mk] Amul dara luy kumpa lu ñu warula siiwal, mbaa mu làqu te warul ne fàŋŋ. Déglul bu baax, yaw mi am ay nopp. »

Mu ne léen: [Lu] « Seetleen bu baax, ni ngeen di dégloo kàddu gi. [Mk] Dees na leen nattal ak natt, bi ngeen di nattale, te dollil leen. [Lu] Ku am, dees na la dollil, waaye ku amul, dees na nangu sax li nga xalaatoon ne am nga ko

---

[345] **Mc 13:25 *jëmb***: Ñax mi Yeesu nettaliwoon na ne noon bi ji woon mooy *Lolium temulentum*. Ci tubaab *Ivraie enivrante* la tudd, maanaam lu màndil nit, ndaxte peppam di tooke. Niroo na jëmb. Kenn mënula ràññee diggante Lolium temulentum ak bele ba ñu foccee. Waaye bi mu foccee ba noppi kenn mënatu koo dindi bu dul nga dindiwaale bele bi, ndegam ay reenam daan nañu boole ak reeni bele.

[346] **Mk 4:21; Lu 8:16 *làmp***: Seetal leeral 193 (Mc 5:15, wàll 35, page 84).

[347] **Mk 4:21; Lu 8:16 *lal***: lal bu am ñeenti tànk la.

Mk as néew Lu ba noppi. »

**Léebu jiwu wi** (Mk 4:26-29)

Mk Yeesu teg ci ne: « Nguuru Yàlla dafa mel ni nit ku ji tool. Muy nelaw walla muy xool, guddi mbaa bëccëg[348], jiwu wi sax, di màgg, te xamul naka la ko defe. Suuf day meññ moom ci boppam, mu sax, focci, def i gub. Bu gub yi ñoree nag, mu dagg ko, ndaxte ngóob jot na. »

**Léebu fuddën bi** (Mc 13:31-32; Mk 4:30-32; Lu 13:18-19)

Lu Noonu Yeesu neeti: « Lan la nguuru Yàlla di nirool? Lan laa ko mana méngaleel? Mk Walla ban léeb lanu ko mana misaale? Mc Nguuru Yàlla Aji Kawe ji dafa mel ni doomu fuddën[349] bu nit jël, ji ko ci toolam. Doomu fuddën moo gëna tuuti ci jiwu yépp, waaye bu saxee, mooy sut ci gàncaxi tóokër yi, di nekk garab, Mk sax ay bànqaas yu réy, Mc ba picci asamaan ñëw, tàgg ciy caram. »

**Léebu lawiir bi** (Mc 13:33-35; Mk 4:33-34; Lu 13:20-21)

Mc Yeesu teg ca beneen léeb ne léen: Lu « Lan laa mana méngaleek nguuru Yàlla? Mc Nguuru Yàlla Aji Kawe ji dafa mel ni lawiir bu jigéen jël, jaxase ko ak ñetti andaari fariñ[350], ba kera tooyal bépp di funki. »

Mk Noonu Yeesu dégtal léen yeneen léeb yu bare yu mel ni yii, di léen xamal kàddu gi, aju ci lu ñu àttan. Mc Loolu Yeesu wax mbooloo ma, ëmb na ko lépp ciy léeb, te Mk daawu léen wax dara lu dul ciy léeb. Waaye bu wéetee ak ay taalibe, daan na léen firil lépp. Mc Noonu am la ñu waxoon

---

348 **Mk 4:27 *guddi mbaa bëccëg***: Guddi moo jiitu bëccëg ci biir Yawut yi.

349 **Mc 13:31-32; Mk 4:31-32; Lu 13:19 *fuddën***: Noonu lañu tekkee gàncax gu ñuy wax mutàrd. Mu am pepp mu sew ni doomu fuddën, te bu saxee, def garab guy tollook 1,5 meetar ba ci 5 meetar. Ñu gëna bare ci boroom xam-xam yi yaakaar nañu ne mooy xeetu mutàrd wi boroom xam-xam yi tudde *Brassica nigra*. Ñeneen yaakaar nañu ne mooy li boroom xam-xam yi tudde *Salvadora persica*, walla *Sinapis Nigra*. Du fuddën li ñu xam ci Wolof, maanaam gàncax gu boroom xam-xam tudde *Lawsonia inermis*.
Ci Dan 4:12 nu gis ne picc yi tàgg ci bànqaasi garab moo misaale naataangeg nguur. Ci jamono Yeesu daan nañu tudde jiwu mutàrd ngir misaale lu gëna tuuti, su fekkee ne sax amoon yeneen gàncax yu am jiwu yu gëna tuuti jiwuy mutàrd.

350 **Mc 13:33; Lu 13:21 *ñetti andaari fariñ***: Mooy lu ëpp 20 kilo fariñ ci benn fan. Ab jigéen mënula not lu ëpp ñetti andaari fariñ, te doy na ñu defar mburu ngir 100 nit.

jaarale ko cib yonent[351], bi mu naan: « Dinaa léen wax ciy léeb, di yégle yëf yu nëbbu li dale ca njàlbéen ga ba bésu tey. »

### **Yeesu firil na taalibe yi léebu jëmb bi** (Mc 13:36-43)

Mc Ci kaw loolu Yeesu bàyyi mbooloo ma, dugg ca kër ga. Taalibeem yi ñëw ci moom ne ko: « Firil nu léebu jëmb, bi sax ci tool bi. » Noonu Yeesu ne léen: « Doomu nit ki mooy ji jiwu wu baax wi; àddina mooy tool bi; ñi bokk ci nguuru Yàlla ñoo di jiwu wu baax wi; ñi bokk ci Ibliis ñooy jëmb bi; Seytaane mooy noon bi ko ji; tukkitel àddina[352] mooy ngóob mi, te malaaka yi ñooy góobkat yi. Ni ñu dajalee jëmb ba, lakk ko, noonu lay nekke, bu àddina tukkee. Doomu nit ki[353] dina yebal ay malaakaam, ñu jële ci nguuram lépp luy yóbbe nit bàkkaar, ak ñiy def bàkkaar, sànni léen ci sawara[354]; foofa dees na fa jooy te yéyu. Booba nag ñu jub ñi dinañu leer ni jant bi ci seen nguuru Baay. Déglul bu baax, yaw mi am ay nopp. »

### **Léebu alal ju nëbbu ak léebu per ba** (Mc 13:44-46)

Mc Yeesu teg ca ne: « Nguuru Yàlla Aji Kawe ji dafa mel ni alal ju nëbbu cib tool[355]. Nit ki ko gis nëbbaat ko; xolam sedd, ba mu dem jaay li mu am lépp, jënd tool ba.

« Te it nguuru Yàlla Aji Kawe ji dafa mel ni jaaykat buy wut per[356] yu

---

351 **Mc 13:35** Jukki nañu ko ci Ps 78:2.

352 **Mc 13:39** ***tukkitel àddina***: Àddina si du sax ba fàww. Ci mujug jamono Yeesu Almasi bi dinaa dellusi, jamono ji jeex, te àtte bi ñëw. Injiil ne na àtte bi yépp, Yàlla dénk na ko Yeesu (Jëf 17:31; 2Ko 5:10; Yow 5:22,27; Mc 25:31-33). Dinañu àtte ñépp ci seen kaw jëf. Waaye ci sunu kaw jëf nun ñépp yelloo nañu sawara. Ñi gëm ci Yeesu, ñoo bokk ci nguuru Yàlla, ak ci téereb dund bi (Pe 20:12,15; 21:27). Ñoom rekk ñooy dugg Àjjana. Bésu Boroom bi dina ñëw, bett àddina ni sàcc. Su boobaa asamaan yi dinañu ne rajax toj, lu ne ci àddina lakk ba seey, te suuf ak lu mu ëmb dina ne fàŋŋ fa kanam Yàlla. (2Pi 3:10)

353 **Mc 13:37** ***Doomu nit ki***: Seetal leeral 121 (Yow 1:51, wàll 22, page 58).

354 **Mc 13:42** ***sawara***: Yàlla sakk na sawara su dul fey mukk ngir Ibliis ak ñi ko topp. Mooy mbugal gu dul jeex, guddi ak bëccëg, ba fàww, fu sore Yàlla ak ndamam (Mc 25:46; 2Tes 1:9). Boo ci dugg, doo ci génn mukk.

355 **Mc 13:44** ***alal ju nëbbu cib tool***: Nit ñi daan nañu suul seeni alal fu sore tuuti kër gi ngir ban sàcc jot ko, walla ñu ñàkk ko ci jamono xeex.

356 **Mc 13:45** ***per***: Mooy aw donj wu weex te rafet wi yoxos ja defar ci biir xoram. Benn per man naa jar ba ay téeméeri junni dërëm, te ëpp njégu wurus. Wut nañu yoxos yu defar per ci Géej gu xonq ga, ak ci Géeju Pers.

rafet. Am bés mu gis per buy jar njég lu réy. Mu dem nag, jaay li mu am lépp, jënd ko. »

### **Léebu mbaalum géej ga** (Mc 13:47-51)

Mc Yeesu waxaat ne: « Nguuru Yàlla Aji Kawe ji dafa mel ni mbaal[357] mu ñu wàcce ci géej, mu jàpp jën wu nekk. Bi mbaal mi feesee nag, ñu ñoddi ko ci tefes gi, ba noppi ñu taxaw, dajale yu baax yi ciy ndab, waaye sànni yi bon[358]. Noonu lay mel, bu àddina tukkee. Malaaka yi dinañu génn, tànn ñu bon ñi ci biir ñu jub ñi, sànni léen ci sawara. Foofa dees na fa jooy te yéyu. »

Noonu Yeesu laaj taalibe ya ne léen: « Loolu lépp, ndax xam ngeen lu muy tekki? » Ñu ne ko: « Waaw. »

### **Léebu boroom kër ga** (Mc 13:52)

Mc Yeesu ne léen: « Kon nag xutbakat[359] bu nekk bu jàng ci nguuru Yàlla Aji Kawe ji, dafa mel ni boroom kër buy génne ci dencukaayam yu bees ak yu màggat. »

### **53. Yeesu dalal na ngelaw li** (Mc 8:18,23-27; Mk 4:35-41; Lu 8:22-25)

Mk Bés booba nag ci ngoon, Mc bi Yeesu gisee mbooloo ma ko wër nag, mu

---

[357] **Mc 13:47 *mbaal***: Amoon nañu ay xeeti caax yu mel ni yi ñu am ci Senegaal tey ji : ñooy mbaalum-sànni, mbaalum-gubbal ak mbaalum-laaw. Léeb wi dafa wax ci mbaalum-gubbal. Guddaayam moo doon 250 meetar ba 350 meetar la ak xóotaay bu am 8 meetar ca dig bi ak 2 meetar ca booraan ya. Gulumba yi si suuf te paat yi ci kaw moo tax mbaal bi dafa meloon ab miir bu jàpp lépp ci kanamam bi nit ñi ci tefes ga xëcc ci ay buumam, maanaam ay fabranam.

[358] **Mc 13:48 *jën yu baax ak yu bon***: Yoonu Musaa dafa xaajale xeeti jën ya ca yi saña lekk ak yi sañula lekk, maanaam yi dagan ak yi daganul (Le 11:9-12). Jën yi am ay ciiriir ak i waasintóor ñooy yi dagan, maanaam yi baax. Yi ci des ñooy yi daganul, maanaam yi bon. Mbaal bi dafa jàpp jën yi dagan ak yi daganul. Naka noonu nappkat ya daan nañu xàjjale leen ci yi ñu mana jaay ak yi ñu mënul.

[359] **Mc 13:52 *xutbakat***: Yeesu waxul ci xutbakati Yawut yi waaye ci xutbakat yi bokk ci mbooloom Kirist. Lu bees mooy kumpag nguuru Yàlla gu feeñ ak Kirist. Lu màggat te baax ba tey mooy mbindum Musaa ak yonent yi.

sant taalibe ya, ñu jàll dex ga[360].

Mk Mu yiwi mbooloo mi nag. Mc Yeesu dugg ca gaal ga, ay taalibeem topp ko, Mk ay taalibeem jël ko ni mu mel ci gaal gi; te yeneeni gaal ànd ak moom. Lu Noonu ñu dem.

Bi ñuy dem nag, Yeesu daldi nelaw. Ngelaw lu am doole daldi ñëw[361], yëngal dex gi, Mc ba duus yi sàng gaal gi, Lu gaal gi fees ak ndox, ba ñu bëgga suux.

Mk Fekk Yeesu tëdd di nelaw ci ngegenaay ci taatu gaal gi. Lu Noonu taalibe yi jegesi Yeesu, yee ko ne: Mc « Sang bi, musal nu, nu ngiy dee! Lu Kilifa gi, kilifa gi, Mk ndax sunu bakkan soxalu la? » Mc Waaye Yeesu ne léen: « Yéen ñi néew ngëm, lu tax ngeen tiit? » Ci kaw loolu mu jóg, daldi gëdd ngelaw li ak duus yi, Mk ne dex gi: « Noppil te dal! » Noonu ngelaw li dal, ba lépp ne nemm.

Lu Yeesu ne taalibe yi: « Ana seen ngëm? » Mc Bi ko nit ña gisee, Mk ñu daldi ragal lool Mc[te] waaru naan: « Kii kan la ci biir nit ñi, ba ngelaw li ak dex gi di ko déggal? »

## 54. Yeesu faj na ñaar ñu rab jàpp (Mc 8:28-34; Mk 5:1-20; Lu 8:26-39)

---

360 **Mc 8:18; Mk 3:35; Lu 8:22 *jàll dex ga***: Jóge nañu Kapernawum, jëm daanaka 9 kilomet penku-suuf ba ca diiwaanu Fukki Dëkk yi. Mooy diiwaanu ñu dul Yawut yi.

361 **Mc 8:24; Mk 4:37; Lu 8:23 *ngelaw lu mag daldi jóg***: Dexu Galile ci xur diggante ñaari raŋi tund la nekk, xur woo xam ne benn la ak xuru Yurdan. Niwo ndox mi nekk na 211 meetar ci suufu niwo ndoxu géej gi. Xóotaayam daanaka 50 meetar la. Tundi Goolanit ca penku ñoo ko tiim 1200 meetar ca kawam. Ca sowu, tundi Galile ñoo ko tiim 700 meetar ca kawam. Ca nor Tundu Ermon àgg na 3000 meetar ca kaw. Seetal nataal 9: xuru dexu Galile.

Dexu Galile diiwaanu ngelaw lu bare la. Ni dex ga suufee moo tax ca niwo dex ga dafa tàng te guus. Waaye ca tund yu ko wër dafa sedd. Naka noonu ngelaw li day wàcc ca dex ga, jóge géej ga ak tund ya ca sowu. Ngelaw yi jóge sowu dañuy jaar ca xunti ya ca diggante tund ya luy yokk dooleem bu baax lu mel ni lu jaar ca lantinoor. Naka noonu ci xef ak xippi ngelaw yi man nañoo jog, di yengu dex ga bu baax. Duus ya man nañoo tollu sax 3 meetar ca guddaay. Ci jamonoy tàngoor ngelaw lu jóge sowu day jóg bés bu nekk ci ngoon. Waaye ngelaw yu gëna am doole ci jamonoy sedd la feeñ te jóge ca tundi Goolanit ca penku.

Nappkat ya ci biir taalibe ya miin nañu ngelaw yi. Naka noonu xam nañu ne su fekkee ne ñu ragal dee, ngëlén lu ñu fekkoon bés boobu, lu am doole lool lool la.

*Anam yi: Booru sowu dexu Galile lañu jóge (xëyna Kapernawum) te teer nañu ca booru penku.*

Lu Noonu ñu teer ca diiwaanu waa Serasa[362], fa jàkkaarloo ak diiwaanu Galile. Bi Yeesu di wàcc ca gaal ga, Mc ñaar ñu rab jàpp[363] daldi génn ca sëg ya, ñëw kar ko. Ñaar ñooñu nag, ñu soxor lañu woon, ba kenn ñemewul woona jaar foofa. Lu Ku rab jàpp ca waa dëkk ba yàgg na def yaramu neen. Mk Kooku nag, Lu dëkkul ca kër waaye Mk ca sëg ya[364] la dëkk, te kenn manu koo yeew, du ak càllala sax. Lu Rab wa dafa ko doon farala jàpp. Nit ñi Mk ay yoon yu bare Lu daan nañu ko wottu, di ko yeew ak ay càllala, ak di ko jéng, Mk waaye waa ji daldi dagg càllala yi te damm jéng yi, Lu rab wi di ko xiir ca bérab yu wéet, Mk ba kenn amul woon kàttanu téye ko. Guddi ak bëccëg mu nga woon ca sëg ya ak ca tund ya, di yuuxu

---

[362] **Mc 8:28; Mk 5:1; Lu 8:26 *ñu teer ca diiwaanu waa Serasa***: Xamuñu ne tembe fan lañu teeroon. Seetal kart 19. Ci téereb Macë bind nañu ne ci diiwaanu waa Gadara lañu teeroon. Ci téereb Màrk ak Luug bind nañu ne ci diiwaanu waa Serasa lañu teeroon. Gadara dëkk la bu bokk ca Fukki Dëkk ya, lu tollook 10 kilomet ci penku-suufu dexu Galile. Serasa beneen dëkk la bu bokkoon itam ca Fukki Dëkk ya. bu nekkoon lu tollook 32 kilomet ca penku dexu Yurdan. Mooy bu ñu tudd Seras (*Jerash*) ca nguuru Yordani tey ji. Am na ñi yaakaar ne xëyna amoon na beneen dëkk bu ndaw ca wetu dex ga bu tuddoon Serasa itam ca bérab bi ñu wax ci sunu jamono Kursi.

Amoon na juróom-ñaari teeru ca penku dexu Galile. Ca xarnu gannaaw jamono Kirist daan nañu siyaareji Kursi, mooy benn ca teeru ya. Kursi, juróomi kilomet ca noru dëkk bu tudd tey ji Bëtu Gew la nekk, fu Wéd Samag, wenn xur diggante ñaari tundi Goolanit daje ak dexu Galile. Naka noonu am na fa am mbartalum tund. Ipos moo doon dëkk bu ko gëna jege, juróomi kilomet ca penku-suuf. Gadara, 20 kilomet ca sudd la nekkoon.

Tabax nañu fa benn jàngu, ci kaw menn xuntim xeer ca ñeenteelu xarnu. Soo bëggee tabax ak jàngu, du foofu nga tabax ndaxte tund bu bartalu la. Naka noonu xam nañu ne amoon na li ñu gëmoon ci lu jëm ca xunti ma. Moo tax ñu bare gëm nañu ne tey ji mooy bérab fu Yeesu fajoon ñaar ñu rab jàpp. Gannaaw ga tabax nañu ca wetam ag këri làbbe, mooy gu gëna réy gi ñu fekkoon ca Palestiin ba tey. Cosaankat yi gas ci suuf fekk nañu fa itam ngentu nappkat la bu amoon ca jamono Yeesu.

Am na ñeneen ñi xalaat ne ca teeru sa penku-suuf bu ñu wax Tel Samra, maanaam dëkku Ayon (*Ha'on*) la Yeesu jëmoon. Mooy teeru dëkku Gadara mu ko sore 10 kilomet. Teeru bu gëna réy ca penku dexu Galile la woon. Cosaankat ya fekk nañu fa itam benn egliis bu bisantiin.

[363] **Mc 8:28; Mk 5:2; Lu 8:27 *ñi rab jàpp***: Seetal leeral 180 (Mk 1:23, wàll 33, page 80)

[364] **Mc 8:28; Mk 5:2; Lu 8:27 *sëg ya***: Ca kaw yoonu Musaa sëg ya ak bàmmeel ya dañuy sellul. Ku léen laal dina ànd ak sobe (Nu 19:16). Sëg ya ñoo doon ay kàmb ak ay làquwaay yi ñu gas walla fekk ca tund ya.

te jam yaramam ak ay xeer.

Bi mu gisee Yeesu fu sore nag, mu daldi dawsi, sukk fa kanamam, di xaacu naan: « Yaw Yeesu Doomu Yàlla Aji Kawe ji[365], loo may fexeel? [Mc] Ndax danga noo bëgga mbugal, bala waxtu way jot[366]? [Mk] Ci turu Yàlla, bu ma mbugal. »

[Lu] Dafa wax loolu, ndaxte Yeesu santoon na rab wi, mu génn ci moom.

[Lu] Noonu Yeesu laaj ko: « Noo tudd? » Mu ne ko: « Coggal laa tudd. » Dafa wax loolu, ndaxte rab yu baree ko jàppoon. Rab yooyoo ngi ko doon ñaan [Mk] Yeesu lool, ngir mu bañ léena dàq ca réew ma, [Lu] ñu dem ca kàmb gu xóot gi[367].

Fekk amoon na fa [Mc] ca wet ya, [Lu] géttu mbaam-xuux[368] yu bare, yuy for ca tund wa. [Mk] Rab ya ñaan Yeesu: « Jox nu ndigal, nu dugg mbaam-xuux ya. » [Mc] Yeesu [Mk] may léen ko, [Mc] mu ne léen: « Demleen. » Rab ya nag daldi génn, dugg ca mbaam-xuux ya, ñu daldi bartalu, daanu ca dex ga, lab ca ndox ma.

[Mk] Mbaam-xuux ya nag matoon nañu ñaari junni.

[Mc] Ba sàmm ya gisee [Lu] li xew, [Mc] ñu daw, dem dëkk ba [Mk] ak ca àll ba, [Mc] nettaliji lépp ak la xewoon ca ña rab jàpp. Noonu dëkk ba bépp génn seeti [Lu] li xew. Bi ñu agsee ca Yeesu, ñu fekk fa nit, ka rab ya bàyyi woon, toog ca kanam Yeesu, sol ay yére te ànd ak sagoom. Ñu daldi ragal. Ña fekke woon mbir ma nag, nettali léen naka la Yeesu wérale ki rab ya jàppoon. Ci kaw loolu waa diiwaanu Serasa bépp ragal, ba ñaan Yeesu mu jóge fa, [Mk] sore seen réew. [Lu] Noonu Yeesu dugg ci gaal gi, di bëgga dem.

[Mk] Bi Yeesu di dugg ci gaal gi, ki rab ya jàppoon ñaan Yeesu, ngir ànd ak moom. Waaye Yeesu mayu ko ko. [Lu] Yeesu wañði ko ne ko: [Mk] « Ñibbil

---

[365] **Mc 8:29; Mk 5:7; Lu 8:27** ***Doomu Yàlla Aji Kawe ji***: Rab wa ràññe na kan la Yeesu doon.

[366] **Mc 8:29** ***waxtu way jot***: Mooy bésub pénc. Ca mujug jamono Yàlla dina mbugal ñépp ñi bokk ci Ibliis ba fàww (Pe 14:10-11; 20:10). Rab ya xamoon nañu ko ba noppi, te xamoon itam Yeesu dina nekk seen àttekat.

[367] **Lu 8:31** ***kàmb gu xóot ga***: Mooy fa ñu tëj Seytaane ak malaaka yi ànd ak moom, di leen nége seen mbugal (2Pi 2:4; Yu 1:6; Pe 9:1-2,11; 11:7; 20:1-3).

[368] **Mc 8:30; Mk 5:11; Lu 8:32** ***mbaam-xuux***: Yawut ya yaruñu mbaam-xuux. Ca kaw yoonu Musaa lu sellul la, te araam. Mënuñu lekk yàppam walla laal méddam.

ci say bokk, nettali léen ni la Boroom bi yërëme[369], ba defal la lii lépp. » Noonu waa ji dem ci diiwaanu Fukki dëkk yi, daldi fa yégle la ko Yeesu defal, ba ñépp waaru.

**55. Yeesu dekkal na doomu Yayrus te faj jenn jigéen** (Mc 9:1,18-26; Mk 5:21-43; Lu 8:40-56)

*Anam yi: Dañu dellu woon Kapernawum.*

Mc Bi loolu amee Yeesu dugg cig gaal, jàll dex ga, dellu dëkkam. Lu Bi Yeesu dëppee dellu, mbooloo ma di ko teeru, ndaxte ñépp a ngi ko doon xaar. Mk Yeesu taxaw ca tefes ga. Te nit ñu bare dajaloo, wër ko.

Kenn ci njiiti jàngu[370] ba nag, tudd Yayrus, ñëw ci moom. Naka la gis Yeesu, mu daanu ciy tànkam, Mc [di] sukk, Mk di ko sarxu lu bare Lu mu ñëw këram, ndaxte jenn doomam ju jigéen, ji mu amoon kepp te muy tollu ci fukki at ak ñaar, ma nga doon waaja dee. Mk [Mu ne ko:] « Sama doom ju jigéen mi ngi bëgga faatu; kaay teg ko loxo, ngir mu wér te dund. » Mc Noonu Yeesu jóg, topp ko, moom ak ay taalibeem.

Lu Bi Yeesuy dem, Mk mbooloo mu réy topp ko, Lu nit ñaa ngi doon buuxante, di ko tanc. Amoon na nag ca mbooloo ma jigéen ju doon xëpp deret[371] diirub fukki at ak ñaar, te kenn manu ko woona faj. Mk Sonnoon na

---

[369] **Mk 5:19; Lu 8:39 *Ñibbil nettali***: Ci biir Yawut yi, Yeesu daan na tere nit ñi ñu seede li mu defoon (Mc 8:4; 12:16; 16:20; 17:9; Mr 1:44; 3:12; 7:36; 8:30; 9:9; Lu 5:14; 8:56; 9:21). Yawut ya daan nañu xaar ñëwug Almasi bi. Waaye li ñu daan yaakaar mooy Almasi bi wuute na ak li Yeesu doon. Moo tax bëggula siiwal turam ci biir Yawut ya. Waaye waa ji ku dul Yawut la woon, te dëkki diiwaanu Fukki Dëkk ya itam dëkki ñu dul Yawut lañu woon.

[370] **Mc 9:18; Mk 5:22; Lu 8:41 *njiitu jàngu li***: Njiiti jàngu ya, kilifa yu am maana ca seen dëkk lañu doon. Dañu leen di fal. Seen liggéey moo doon topptoo mbiri jàngu ba, maanaam dogal ñi wara ñaan, ñi jàng Kàddug Yàlla, ak ñi waare, àtte werante ya, te topptoo tabax ba ak yëfam. Amoon na yeneen njiit ci suufu njiitu jàngu ba, ay wóllëreem ngir dimbali ko te jox ko ndigal. Jàngu bu nekk amoon na benn walla ay bindkat ngir topptoo Téere Yàlla ya.

[371] **Mc 9:20; Mk 5:25; Lu 8:43 *jigéen ju xëpp deret***: Moo doon mbaaxug jigéen gu dul yem ca 5 fan walla 7 fan waaye mu daan gis ko bés bu nekk, weeru lim. Musiba mu gëna bon amul ci jigéen. Yoonu Musaa teral na ne kepp jigéen ku gis mbërëg (maanaam mbaax) walla xëpp deret ay fan yu bare te weesu àpp bu mu ko baaxoo gis, taq na sobe diiru fan yi muy xëpp (Le 15:19-27). Tamit képp ku ko laal walla laal lalam walla lenn lu mu toogoon dafa yendoo sobe ba jant so. Naka noonu tere nañu jigéen ju gis deret génn kër ga, bokk laal ak jëkkëram sax. Ku ànd ak soxnaam ca bés bu mu gis mbaaxam yelloo na dee ca kaw aada Yawut ya. Jigéen ju xëpp deret bu yàgg daan nañu ko fase, walla su

lool ci loxoy fajkat[372] yu bare, sànk ci alalam jépp te jëlewu ci genn tan, waaye faf wopp ja yokku. Noonu mu déggoon turu Yeesu, ne ci boppam: « Su ma laalee ay yéreem rekk, dinaa wér. » Mu jaxasoo ak mbooloo mi, Lu jegeñsi Yeesu nag, doxe ko gannaaw, laal catu mbubbam[373]. Mk Ci saa si deret ji taxaw, mu yég ci yaramam ne jàngoroom deñ na.

Yeesu yég ci saa si ne, doole génn na ci moom. Mu walbatiku nag ne mbooloo mi: « Ana ku laal samay yére? » Lu Ku nekk di miim. Noonu Piyeer ne ko: « Kilifa gi, nit ñépp a ngi lay wër, di la tanc wet gu nekk. » Mk Ay taalibeem ne ko: « Xanaa gisuloo mbooloo mi lay wër; ngay laaj: “Ku ma laal?” » Lu Waaye Yeesu ne: « Am na ku ma laal, ndaxte yég naa ne am na doole ju génn ci man. » Mk Waaye Yeesu di xool li ko wër, ngir gis ku ko def. Lu Te jigéen ja xam ne manul woona nëbb li mu def. Mu daldi daanu ci tànki Yeesu, di lox. Noonu mu nettali ci kanam ñépp li taxoon mu laal Yeesu, ak ni mu wére ca saa sa. Mk Yeesu ne ko: « Soxna si, sa ngëm faj na la; demal ci jàmm, te na sa jàngoro wàcc. »

Lu Bi Yeesu di wax nag, am na ku jóge ca kër njiit la, mu ñëw naan: « Sa doom faatu na; matatul ngay sonal kilifa gi. » Mk Waaye Yeesu jàppul wax jooju. Mu Lu dégg kàddu yooyu, daldi ne njiit la: « Bul tiit. Gëmal rekk te dina dundaat. »

Mk Noonu Yeesu dem, ànd ak Piyeer, Saag ak Yowaana rekk, ndaxte mayul keneen, mu ànd ak moom. Mc Bi Yeesu eggee kër njiit la, Lu nanguwul kenn duggaaleek moom, ñu dul Piyeer, Yowaana, Saag ak waajuri xale ba. Mc Mu gis ñiy liit ak toxoro, ak mbooloo may def coow lu bare; Mk ñii di jooy, ñii di yuuxu. Lu Ña fa nekk ñépp di yuuxu ak di jooy xale bi.[374]

---

amagul jëkkër duñu ko ko may. Ku amul jëkkër, amul doom, amul ku ko yor ca magam ba mu tumurànke, waxatumaak lu ñàkk-deret def ca wér-gi-yaram. Mënula bokk ca diine, ca kër Yàlla ga, ca màggal ya.
Jigéen ji warul woona nekk ca mbooloo ma, waxatumaak yéene laal yérey Yeesu.

[372] **Mk 5:26 *loxoy fajkat***: Leeralu diine Yawut bi ñu wax Talmud ba wax na ci 11 paj yu amoon ca jamonoom. Téere yu ñu takk, garabi cosaan, ak ay biddaa bu mel ni yore ab peppu mboq bu ñu fekkoon ca neefare mbaam bokkoon nañu ci.

[373] **Mc 9:21; Lu 8:44 *laal catu mbubbam***: Góor ña daan nañu def seen cati mbubb di am ñeenti cimbir-cimbir ngir fàttaliku santaane Yàlla (Nu 15:38-41; De 22:12).

[374] **Mc 9:23; Mk 5:38; Lu 8:52 *dëj***: Ñetti warugar amoon na ngir jooy ku gaañu. Ñooy xotti seen yére ba der bi feeñ, liit ak toxoro, te yuuxu. Baadoolo ya gëna néew doole sax soxla woona indi ñaar ñi liit te jenn jigéen juy yuuxu doon liggéeyam ca seen dëj. Boroom doole yi amoon nañu liitkat ak yuuxukat yu bare.

[Mk] Mu dugg ne léen: « Lu ngeen di soow, tey jooy? [Lu] Bàyyileen seen jooy yi. [Mc] Génnleen, janq bi deewul, day nelaw rekk. »

Bi ko mbooloo ma déggee, ñu daldi koo ñaawal, [Lu] ndaxte xamoon nañu ne dee na. [Mk] Noonu Yeesu génne ñépp, woo baayu janq bi ak yaay ji ak ñi mu àndal, dugg fa janq bi nekk. [Lu] Yeesu jàpp loxob janq ba[375], woo ko ne ko: [Mk] « Talita kumi[376], » liy tekki: « Janq bi, maa ngi la koy wax, jógal. » [Lu] Noonu ruuwu xale ba délsiwaat. [Mk] Ca saa sa janq bi jóg, daldi dox. [Lu] Yeesu santaane ñu may ko, mu lekk. [Mk] Ñépp daldi waaru, ba ne jomm. [Lu] Waaye Yeesu tere léen, ñu wax kenn li xew. [Mc] [Terewul] xibaaru li mu def daldi siiw ca réew ma.

## 56. Yeesu faj na ñaari gumba ak ku rab jàpp (Mc 9:27-34)

*Anam yi: Kapernawum la Yeesu nekk ba tey.*

[Mc] Bi Yeesu jógee foofa, ñaari gumba topp ko, di wax ca kaw naan: « Yërëm nu, yaw Sëtu Daawuda bi[377]! » Noonu Yeesu dugg ca kër ga, gumba ya toppsi ko. Yeesu ne léen: « Ndax gëm ngeen ne man naa def li ngeen ma laaj? » Ñu ne ko: « Waaw, Sang bi. » Kon Yeesu daldi laal seeni bët ne léen: « Na am, ni ngeen ko gëme. » Ca saa sa seeni bët daldi ubbiku. Yeesu dénk léen bu wér ne léen: « Moytuleen kenn xam ko[378]. » Waaye ñu génn rekk, siiwal turam fu nekk. Bi ñu fa jógee nag, amoon na ñeneen ñu ñëw fi moom, indil ko ku rab jàpp[379], mu luu. Yeesu dàq rab wa, luu ba daldi wax. Bi ñu ko gisee, mbooloo ma waaru, ñu ne: « Lu mel nii, masuñu koo gis ci Israyil. » Waaye Farisen ya ne: « Ci kàttanu buuru rab yi[380] lay dàqe rab yi. »

---

[375] **Mc 9:25; Mk 5:41; Lu 8:54 *jàpp loxob janq ba***: Sobeb néew ya moo doon sobe bu ñu gëna ragal. Ku laal ab néew dafa doon ànd ak sobe diirub juróom-ñaari fan (Nu 19:11-22).

[376] **Mk 5:41 *talita kumi***: Mooy 'Janq bi, maa ngi la koy wax, jógal' ci làkku Ebrë wi ñu wax Arameyni.

[377] **Mc 9:27 *Sëtu Daawuda***: Seetal leeral 13 (Mc 1:1, wàll 3, page 15).

[378] **Mc 9:30 *moytuleen kenn xam ko***: Ci biir Yawut yi, Yeesu daan na tere nit ñi ñu seede li mu defoon (Mc 8:4; 12:16; 16:20; 17:9; Mr 1:44; 3:12; 7:36; 8:30; 9:9; Lu 5:14; 8:56; 9:21). Yawut ya daan nañu xaar ñëwug Almasi bi. Waaye li ñu daan yaakaar mooy Almasi bi wuute na ak li Yeesu doon. Moo tax bëggula siiwal turam ci biir Yawut ya.

[379] **Mc 9:32 *ku rab jàpp***: Seetal leeral 180 (Mk 1:23, wàll 33, page 80).

[380] **Mc 9:34 *buuru rab yi***: Yeesu moo tudd buuru rab yi, Beelsebul ca Mc 12:24; Mk 3:22. Am na ñi xalaat ne weneen turu Ibliis la, ñeneen ñi xalaat ne meneen xel mu bon mu am

**57. Yeesu dem na dëkku Nasaret ñaareel bi yoon** (Mc 13:53-58; Mk 6:1-6a)

Mk Bi loolu amee Yeesu jóge fa, dellu Mc fa mu yaroo, Mk ànd ak taalibe yi. Bésub noflaay bi nag mu jàngal léen ci seen jàngu[381], ba mbooloom ñi ko dégg waaru naan: « Lii, fu mu ko jële, te xam-xam bii mu yor, lu mu doon, ba muy def kéemaan yii? Ndax kii du minise bi[382]? Mc Ndax kii du doomu minise bi? Mk Ndax du doomu Maryaama te magu Saag, Yuusufa, Yuda ak Simoŋ[383]? Te ay rakkam yu jigéen ndax nekkuñu fi ak nun? Mc Lii lépp nag, fu mu ko jële? » Mk Kon nag ñu daldi ko xeeb.

Noonu Yeesu ne léen: « Dees na faaydaal yonent, waaye du ci réewam, ciy bokkam mbaa ci këram. » Yeesu manu faa def ay kéemaan yu bare Mc ndax seen ngëmadi, Mk lu dul teg loxo yenn jarag, wéral léen. Mu waaru ndax seen ngëmadi.

---

kàttan ci suufu Ibliis. Seetal itam leeral 333 (Mk 3:22, wàll 51, page 120).

381 **Mc 15:54; Mk 6:2 *jàngu***: Seetal leeral 154 (Lu 4:15, wàll 30, page 74).

382 **Mc 13:55; Mk 6:3 *minise***: Ci Mc 13:55 ak Mk 6:3 bind nañu 'minise'. Baat bi ci Injiil ci gereg mooy τέκτων – *tekton*, li tekki 'ku tabax ak bant walla doj'. Xam nañu ne ca Nasaret ak Sepforis daan nañu tabax ak doj

383 **Mc 13:55-56; Mk 6:3 *rakki Yeesu***: Maryaama ak jëkkëram Yuusufa amoon nañu ñeenti doom yu góor ak ay doom yu jigéen. Bi Yeesu nekkoon ci àddina si gëmuñu ci moom.
***Saag***: Taawu Yuusufa la woon, maanaam moo topp ci Yeesu. Saag gëmul woon Yeesu bi Yeesu di dund. Waaye gannaaw ndekkitel Yeesu, Yeesu feeñu na ko, ba mu gëm ne Yeesu mooy Almasi bi. Naka noonu, gannaaw ba Yeesu yéegee asamaan, gis nanu mu bokk ci taalibe Yeesu ya (Jëf 1:13-14). Te gis nanu ne bokkoon na ci njiit yu mag ya ca mbooloo ñi gëm ca Yerusalem ca géew ba amoon, daanaka atum 49 g.K. (Jëf 15:6-21). Pool itam dafa ko jox cér ci Gal 1:15-2:12. Ca kaw waxu cosaankat ya yaakaar nañu ne rey nañu Saag ndax ngëmam daanaka atum 62 g.K.. Boroom réew ma, Porsiyus Festus dee na atum 62 g.K.. Naka noonu amoon na ay weer, Yude amul woon kilifag Room. Saraxalekat bu mag ba gis na ne, loolu may na ko bunt ngir mu rey ay noonam. Saag bokkoon na ci ñi mu dëjoon ci kanamu kureelu Yawut yi, ngir teg ko dee.
Yaakaar nañu ne ***Yuda***, rakku Yeesu mooy Yudd mi bind bataaxelu Yudd ci Injiil.
Xamuñu dara lu wóor ca ***Yuusufa***, rakku Yeesu ak ***Simoŋ***.

## Saar 9. Yeesu wër na diiwaanu Galile ñetteel bi yoon

**58. Yeesu yónni na fukki taalibe ya ak ñaar** (Mc 9:35-10:1,5-16,24-33,37-11:1; Mk 6:6b-13; Lu 9:1-6)

*Anam yi: Macë moom ci téereem dafa farala boole ay xalaat yu bokk fekk na sax bokkuñu jamono. Su ma mengalee waare bi ci Macë ak li ñu gis ci Luug ak Màrk dafa mel ni Macë boole na ay waxtaan ba mu nekk benn waxtaan. Naka noonu boole naa Mc 10:17-23 ak wàll 136, tamit boole naa Mc 10:34-36 ak wàll 94.*

Mc Noonu Yeesu wër dëkk yu mag ya yépp ak yu ndaw ya, di léen jàngal ci seeni jàngu, tey yégle xibaaru jàmm[384] bi jëm ci nguuru Yàlla[385], di faj jàngoro yépp ak wéradi yépp. Bi Yeesu gisee mbooloo ma, mu yërëm léen, ndaxte dañoo sonn ba ne yogg, mel ni xar yu amul sàmm. Noonu mu ne taalibeem ya: « Ngóob mi yaatu na, waaye liggéeykat yi barewuñu. Ñaanleen nag Boroom ngóob mi, mu yebal ay liggéeykat, ñu góob toolam. »

Noonu Yeesu woo ca moom fukki taalibeem ya ak ñaar, jox léen sañ-sañu dàq rab[386] Lu yépp, Mc tey faj jàngoro yépp ak wéradi yépp. Lu Noonu mu yónni léen ñuy yégle nguuru Yàlla ak di faj jarag yi, Mk ñu ànd ñaar-ñaar.

Mc Yeesu yónni fukk ñooñule ak ñaar, jox léen ndigal ne léen: « Buleen

---

[384] **Mc 9:35; Lu 9:6 *xibaaru jàmm***: Seetal leeral 1 (Mk 1:1, wàll 1, page 12).

[385] **Mc 9:35; Lu 9:2 *nguuru Yàlla***: Seetal leeral 84 (Mc 3:2, wàll 16, page 45).

[386] **Mc 10:1; Mk 6:7; Lu 9:1 *dàq rab***: Seetal leeral 180 (Mk 1:23, wàll 33, page 80).

dem ci ñi dul Yawut[387] mbaa dugg ci benn dëkku waa Samari[388]. Waaye demleen ci bànni Israyil, ñoom ñi réer niy xar. Bu ngeen demee nag, yégleleen naan: "Nguuru Yàlla Aji Kawe ji jegesi na." Fajleen ñi wopp, dekkal ñi dee, fajleen gaana[389] yi te dàq rab yi. Cig neen ngeen ame, mayeleen cig neen. Buleen dajale wurus, xaalis mbaa xànjar ci seeni maxtume. Buleen wut it mbuus ngir tukki mbaa ñaari turki, ay dàll mbaa aw yet, ndaxte liggéeykat yeyoo na dundam. Mk Bu ngeen di dem, buleen yóbbaale dara; du mburu mbaa mbuus mbaa xaalis ci seeni maxtume, waaye yemleen ci aw yet rekk. Sol-leen ay dàll te yem ci benn turki.

Mc « Bu fekkee ne agsi ngeen ci dëkk bu mag mbaa bu ndaw, nangeen fa seet ku fa am faayda, dal ca moom ba kera ngeen jóge dëkk ba. Bu ngeen di dugg ci kër nag, nuyooleen[390]. Bu fekkee ne kër ga yeyoo na ko, na seen jàmm wàcc ci ñoom, waaye bu ko yeyoowul, na seen yéene délsi ci yéen. Koo xam ne gàntu na leen, mbaa mu tanqamlu seeni wax, génnleen ca kër ga mbaa ca dëkk ba, yëlëb seen pëndu tànk[391], Lu ngir seede léen seen réer. Mc Ci dëgg maa ngi leen koy wax, keroog bésub àtte ba, waa réewu Sodom

---

[387] **Mc 10:5 *ñi dul Yawut***: Yawut ya xàjjalikoo nañu waa àddina ña ca Yawut, waa Samari ak ña dul Yawut. Yawut ya nekkoon nañu ca biir ña dul Yawut. Waa Room ñoo leen yilif. Gereg ya ñoo leen wër. Tamit ñi dul Yawut ña amoon nañu lu bare lu Yawut ya bëggoon ca wàllu xam-xam, tabaxin, xaalis, liggéey ak ñoom seen. Amoon na ñaari xalaat yi safaanoo yi gindi woon xelum Yawut ca seen digganteek ña dul Yawut ña. Ndegam Yàlla mooy Yàllay ñépp ñu wara léen xool ak yërmande – ñooy seen dëkkandoo. Tamit yoonu Musaa may na ña dul Yawut ña bunt ngir ña mana bokk ca diine Yawut ya.

Waaye ñu ëpp ca Yawut ya daan nañu xeeb ña dul Yawut ña, di léen sib. Ñu xam ne Yàlla tànnoon na Yawut ya, te ñu foog ne Yàlla tànnul ña dul Yawut ña. Ca seen xalaat ña dul Yawut ay yéeféer lañu, ay xërëmkat, bàkkaarkat yu jikkowoo ndoxaan, ak coxor. Ci seen gis-gis ay xaj lañu ñu taq sobe. Mënuñu baña am digganteek ñoom. Waaye nanguwuñu bokk lekk ak ñoom te nanguwuñu may seen doom yu jigéen ay doxandéem walla jëlal jabar ci doxandéem yi.

[388] **Mc 10:5 *waa Samari***: Seetal leeral 149 (Yow 4:7. wàll 28, page 69).

[389] **Mc 10:8 *gaana ya***: Seetal leeral 232 (Mc 8:2, wàll 37, page 94).

[390] **Mc 10:12 *nuyooleen***: Nuyoo ca Yawut ya barke la woon. Bi ñu nuyoo waa kër ga, yéene nañu léen jàmm, te yéene bi moo tax jàmm wàcc ca ñoom.

[391] **Mc 10:14; Mk 6:11; Lu 9:5 *yëlëb seen pëndu tànk***: Jëf ju misaale ni ñu bañe dara, ak ñi ñu yelloo àtte. Yawut ya daan nañu yëlëb seeni tànk ngir dindi pëndu diiwaani ñi dul Yawut ya bi ñu ñibbee Israyil ngir wone ne bëgguñu am benn diggante ak ñoom, bëgguñu sax seen pënd.

ak Gomor[392] ñooy tane dëkk boobu.

« Dégluleen, maa ngi leen di yónni, mel ni ay xar ci biir ay bukki. Muusleen nag niy jaan, te lewet niy pitax[393].

Yeesu teg ca ne: « Taalibe gënul kilifaam, te jaam gënul sangam. Bu taalibe yemee ak kilifaam demin, doy na; jaam it ni sangam. Ndegam tudde nañu boroom kër gi Beelsebul[394], astamaak waa kër gi. Kon nag buleen léen ragal, ndaxte amul dara lu nëbbu, lu ñu warula biral, mbaa luy kumpa lu ñu warula siiwal. Li ma leen wax ci biir lëndëm, waxleen ko ci leer; li ma leen déey, yégleleen ko ci kaw taax yi. Te buleen ragal ñu mana rey yaram, te manuñoo rey ruu, waaye ragal-leen ki mana sànk yaram ak ruu ci sawara. Ñaari picci ramatu, ndax duñu ko jaay ci dërëm? Waaye benn ci ñoom du daanu ci suuf te soobul seen Baay. Seen kawari bopp sax, wañños na léen. Kon buleen ragal dara, yéena gën ndiiraanu ramatu.

« Koo xam ne nangu nga ma ci kanam nit ñi, man itam dinaa la nangu ci sama kanam Baay, bi nekk ci kaw. Waaye ku ma gàntu ci kanam nit ñi, man itam dinaa la gàntu ci sama kanam Baay, bi nekk ci kaw. Ku ma gënalul sa ndey walla sa baay, yeyoowuloo ma; ku ma gënalul sa doom ju góor walla ju jigéen, yeyoowuloo ma. Koo xam ne kii nanguwuloo ñàkk sa bakkan, ba mel ni ku ñu daaj ci bant[395], te nga topp ma, yeyoowuloo ma. Kuy rawale sa bakkan, ñàkk ko, te ku ñàkk sa bakkan ndax man, jotaat ko.

« Te lii itam am na, ku leen nangu, nangu na ma, te ku ma nangu, nangu na ki ma yónni. Ku nangu yonent ndax yónnentam, dina jot ci peyu

---

[392] **Mc 10:15 *waa réewu Sodom ak Gomor***: Sodom ak Gomor, dëkk yu siiw lañu woon ca jamanoy Ibraayma, te seeni bàkkaar fés, ba Yàlla tas leen (Ge 18:16-19:29). Ci Kàddug Yàlla gannaaw ga Yàlla tasoon dëkk ya, Sodom ak Gomor ñoo doon misaalu bàkkaar bu gëna bon.

[393] **Mc 10:16 *muus niy jaan, lewet niy pitax***: Leebu la woon ca jamono ja. "Muus niy jaan" dafay wax ca ni jaan ya dañuy moytoo lépp lu ko mana gaañ.

[394] **Mc 10:25 *Beelsebul***: Seetal leeral 332 (Mk 3:22, wàll 51, page 119).

[395] **Mc 10:38 *mel ni ku ñu daaj ca bant***: Nguuru Room daan na daaj tooñkat yi ñu bëgga rey ca ab bant ba mu dee ca kanamu ñépp. Dee bu metti te soxor la woon. Bant ba moo doon ñaari dénk yu dëgër te diis. Benn ci moo taxaw, ñaareel bi lu mel ni laat la bi ñu boole ak bi taxaw ngir ñu man cee daaj loxo yi. Aada nguuru Room moo doon tooñkat ki ñu bëgg daaj ci bant war naa gàddu boppam ñaareel bi dénk ba bérab fu ñu ko daaje. Gàcce la te mbugal la. Moomatul boppam. Kenn du ci rëcc. Dee rekk moo nekk ca kanamam. Ñépp ca jamono xamoon nañu bu baax luy bant ba ndaxte gisoon nañu Nguuru Room rey nit ñu bare ca kawam ba noppi.

yonent; te ku nangu ku jub ndax njubteem, dina jot ci peyu ku jub. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, koo xam ne kii may na kaasu ndox mu sedd rekk kenn ci ñi gëna ndaw, ndax sama taalibe la, kooku du ñàkk yoolam mukk. »

Ba Yeesu joxee fukki taalibeem ya ak ñaar ndigal yooyu, mu jóge fa, ngir dem jàngleji ak a waare ci seeni dëkk. [Mk] Noonu taalibe ya dem [Lu] dëkk ak dëkk, di fa yégle xibaaru jàmm bi, [Mk] di waare naan: « Tuubleen seeni bàkkaar. » Ñu dàq ay rab yu bare, te diw boppi jarag yu bare, wéral léen.

**59. Rey nañu Yaxya** (Mc 14:1-12; Mk 6:14-29; Lu 9:7-9)

*Anam yi: Bi Yeesu di sooga dégg ne rey nañu Yaxya, mu dem beruji ci àll ba. Waaye mbooloo ma toppoon na ko ba mu mujj jox leen lu ñu lekk. Ci saa soosu fekk na ñax mi tooyoon na (Mk 6:39). Ci diiwaanu Galile ñax mi ci weeru feebarye lay tooy ba weeru awril. Tamit ñu xam ne Màggalu bésu Mucc ba lañu dëgmaloon. Ci atum tubaab AD 31 bésu Mucc ba weeru Mars 28 la woon. Naka noonu ci weeru mars walla feebarye lañu reyoon Yaxya .*

[Mk] Noonu Erodd[396] buur bi [Lu] [di] boroom diiwaanu Galile [Mk] dégg[397] [Lu] li Yeesu ak ay taalibeem doon def lépp, [Mk] ndaxte turu Yeesu siiwoon na. [Lu] Mu jaaxle, ndaxte amoon na, ñu doon wax ci mbiri Yeesu naan: « Yaxya[398] moo dekki. » Am it ñuy wax naan: Ilyaas[399] moo délsi. Ñeneen naan: « Kenn ci yonent yu jëkk yaa dekki. » [Mk] Waaye bi ko Erodd déggee, mu ne: « Yaxya male ma dagglu boppam, moom moo dekki, [Mc] moo tax mu ànd ak kàttanu def ay kéemaan. » [Lu] Noonu mu koy fexee gis.

[Mk] Fekk Erodd yónnee woon na, jàpp Yaxya, yeew ko, tëj[400]. Ndaxte

---

[396] **Mc 14:1; Mk 6:14; Lu 9:7 *Erodd***: Mooy Erodd Antipas. Seetal leeral 74 (Lu 3:1, wàll 16, page 43)

[397] **Mc 14:1; Mk 6:14; Lu 9:7 *Erodd dégg*** ...: Erodd xamagul Yeesu, te déggoon ca moom gannaaw deewu Yaxya rekk. Lu dul loolu mënul xalaat ne Yeesu mooy Yaxya mi dekki. Péeyam, Tiberyàdd, nekkoon na 15 km ca suddu Kapernawum fu Yeesu doon dëkk di liggéey.

[398] **Mc 14:2; Mk 6:14; Lu 9:7 *Yaxya***: Seetal leeral 6 (Yow 1:6, wàll 2, page 13).

[399] **Mk 6:15; Lu 9:8 *Ilyaas***: Seetal leeral 103 (Yow 1:21, wàll 20, page 51).

[400] **Mc 14:3; Mk 6:17 *Erodd tëj na Yaxya***: Erodd moo ko tëjoon ca kaso, ba noppi reylu ko. Seetal leeral 144 (Mc 4:12, wàll 27, page 67).

Erodd takkoon na Erojàdd[401] jabaru Filib magam. [Mc] Te Yaxya daan ko wax: « Jaaduwul nga denc [Mk] sa jabaru mag. » Moo tax Erojàdd ëmbal ko mer, ba bëgg koo rey, waaye manu koo def. Ndaxte Erodd dafa ragal Yaxya, ba sàmm bakkanam, xam ne ku jub la te sell. Bu ko daan déglu it, day jaaxle lool, teewul mu bég ci déglu ko. [Mc] Erodd nag bëgg koo rey, waaye dafa ragal nit ñi, ci li ñu teg Yaxya ab yonent.

[Mk] Noonu bés bu yell ñëw. [Mc] Bi ñu ca tegee ab diir nag, [Mk] ba Erodd doon màggal bésu juddoom[402]; mu woo ca xew wa ay jaraafam ak kilifay xare ba ak njiiti diiwaanu Galile. Booba doomu Erojàdd[403] dugg di fecc, mu neex Erodd ak gan ñi, ba buur bi ne janq bi: « Laaj ma loo bëgg, dinaa la ko jox. » Mu boole ci ngiñ ne ko: « Loo ma mana laaj, dinaa la ko jox, ba ci genn-wàllu réew mi sax. »

Noonu janq bi génn[404] ne ndeyam: « Lu may laaj? » Mu ne ko: « Laajal boppu Yaxya. » Mu daldi gaawantu dugg nag ci kanam buur bi ne ko: « Damaa bëgg, nga indil ma léegi boppu Yaxya ci biir ndab. »

Bi ko buur ba déggee, mu am naqar wu réy. Waaye bëggu koo gàntu ndax ngiñ li ak gan ñi. Mu daldi yónni nag xarekat, jox ko ndigal, mu indil ko

---

[401] **Mc 14:3 *Erojàdd***: Erojàdd doom bu jigéenu Aristobul la woon, di sëtu Erodd bu mag ba. Baayam moo doon magu Erodd Antipas (Aristobul ak Antipas ñu bokk baay, bokkuñu ndey). Amoon na ñaari jëkkër. Ci bu jëkk may nañu ko baayam bu ndaw, Erodd Filib (Filib ak baayu Erojàdd ñu bokk baay, waaye bokkuñu ndey. Ndeyu Filib mooy Mariyamënë II). Erojàdd bàyyi na jëkkëram, Filib, ngir séy ak Erodd Antipas. Erodd Antipas rakku Filib la woon. Maanaam baayu Erojàdd, and ñaari jëkkëram bokk nañu benn baay. Yonent Yàlla Yaxya yedd na leen ba Erojàdd ëmbal ko mer. Moo tax mu fexe ba jëkkëram reylu Yaxya. Man nga ko jàng ci Mc 14:3-11; Mk 6:17-28; Lu 3:19. Seetal itam leeral 144 (Mc 4:12, wàll 27, page 67).

[402] **Mc 14:6; Mk 6:21 *màggal bésu juddoom***: Yawut ya daawul màggal seen bésu juddu. Gereg ya ak waa Room ñoo ko def, boole ci naan sangara ba màndi, lekk ba regg ak doxaan. Xew mi, ca tata buur ju nuy wax Maseront ca penku Géeju xorom la amoon. Erodd dafa màggaloon bésu juddoom ay ayu-bés lu jiitu bésu Mucc ba.

[403] **Mc 14:6; Mk 6:22 *doomu Erojàdd***: Salome la tudd. Baayam moo doon Erodd Filib, jëkkër ju jëkk ju Erojàdd. Ca bésu màggalu Erodd amoon na daanaka 17 at. Gannaaw ga may nañu ko buur bi Filib waaye amul ci moom doom. Jëkkëram, baayam ak baayu yaayam bokkoon nañu benn baay. Naka noonu jëkkëram, maamam la itam. Bi Filib deeyee ca atum tubaab 34 g.K. may nañu ko Aristobul mi dëkk Xalkis, doomu benn ca ay nijaayam, di am ci moom 3 doom yu góor. Fal nañu Aristobul buuru Armeeni ca atum tubaab 55 g.K..

[404] **Mk 6:24 *janq bi génn***: Jigéen yi bokkuñu lekk ak góor ñi ca xew ya, ñu lekk ca beneen saal.

boppu Yaxya. Waa ji dem, dagg boppu Yaxya ca kaso ba[405], indi bopp bi ci biir ndab, jox ko janq bi, mu daldi ko jox yaayam. Ba taalibey Yaxya déggee loolu, ñu ñëw, fab néew ba, suul ko ci bàmmeel; Mc ba noppi dem, wax ko Yeesu.

**60. Yeesu bareel na mburu ya** (Mc 14:13-23; Mk 6:30-46; Lu 9:10-17; Jn 6:1-17)

*Anam yi: Lii mu nga xewoon lu jiitu tuuti Màggalu bésu Mucc ba. Ci atum tubaab 31 g.K. bésu Mucc ba weeru Mars 28 la woon. Lii dafa ànd ak li ñu gis ci nettali bi ndaxte bi lii xewee, ñax mi dafa tooyoon (Mk 6:39). Ci diiwaanu Galile ñax mi dafay tooy ci weeri feebarye ba awril.*

Mk Gannaaw loolu, Lu bi ndaw ya délsee, ñu Mk dajaloo ci wetu Yeesu, nettali li ñu def ak li ñu jàngle lépp. Mc Bi Yeesu déggee deewu Yaxya nag, mu Mk ne léen: « Nanu beddeeku, dem ci bérab bu wéet; ngeen noppalu fa tuuti. » Waxoon na loolu, ndaxte amoon na ñu bare ñu doon dem ak a dikk, ba amuñu sax jot ngir lekk. Noonu ñu dugg cig gaal, Lu mu yóbbaale léen, Yow [ñu] jàll dexu Galile, maanaam dexu Tiberyàdd, Mk dem ca bérab bu wéet[406], Lu ñu sore nit ñi, jëm ca dëkk bu ñuy wax Betsayda [bu Yulyas].

Mk Bi ñuy dem nag, am ñu léen gis, xàmmi léen, ñu daldi jóge ci dëkk yépp, daw, Mc topp [léen] ak seeni tànk, Mk jiitu léen fa. Yow Mbooloo mu

[405] **Mc 14:10; Mk 6:27; Lu 9:9 *ñu dagg boppu Yaxya***: Yoonu Musaa sañul ne ñu dagg boppu ki ñu àtte, teg ko dee. Tamit yoonu Musaa mayul ñu rey nit fekk ne àttewuñu ko. Naka noonu Erodd jàdd na yoonu Musaa. Su nguuru Room tegee jaamburu Room walla boroom maana dee, daan nañu dagg seen bopp ak jaasi. Ñi ci des ñu daaj ca bant ba ñu dee.

[406] **Mc 14:13; Mk 6:32; Lu 9:10; Yow 6:1** Xamuñu fan la Yeesu bareele mburu, te dañuy ci werante. Li ñu xam mooy bérab bu yaatu lool la woon. Lu ëpp 5,000 nit xëyna sax 10,000 nit toog nañu fa. Nekkoon na ca wenn tund fu wéet ca diiwaanu dëkk bu tudd Betsayda. Boroom xam-xam ya yaakaar nañu ne amoon na ñaari dëkk yu tudd Betsayda ca wetu dexu Galile, benn ca sowu dexu Yurdan ci diiwaanu buur bi Erodd, te benn ca penku. Waaye xamatuñu fan lañu woon. Seetal leeral 116 (Yow 1:44, wàll 22, page 56). Xam nañu itam ne Màggalu bésu Mucc ba mooy ca muju nawet. Naka noonu dexu Yurdan neexul jàll, su fekkee ne yaa dox tànk ngir wér dexu Galile. Lu gëna wóor mooy Yeesu ak i taalibeem jàlloon nañu dexu Galile sowu pa penku ca benn ca teeru ya foofu, ba noppi ñibbi penku ba sowu.
Aada bi tàmbale ca jamono Bisantiin dafa tudd àll ba gannaaw Tabga mooy bérab ba. Waaye ci sunu jamono tudd nañu itam tundu Arbel, àll ba ca boru Almagor, Etel walla tell el-Arag. Seetal kart 20.

bare topp ci moom, ndaxte gisoon nañu firnde yooyee mu wone, bi mu wéralee jarag ya.

Mk Bi Yeesu génnee gaal gi, mu gis mbooloo mu réy, yërëm léen, ndaxte dañoo mel ni xar yu amul sàmm. Kon Lu Yeesu teeru léen, Mk daldi léen jàngal lu bare, Lu di léen wax ci mbirum nguuru Yàlla, te di wéral ñi ko aajowoo.

Yow Yeesu daldi yéeg ca kaw tund wa, toog fa ak ay taalibeem. Fekk na booba bésu Mucc ba, di màggalu Yawut ya, jubsi. Lu Ca ngoon sa fukki taalibe ya ak ñaar ñëw ci Yeesu ne ko: Mc « Fii àllub neen la, te léegi mu guddi. Doo yiwi mbooloo mi, ngir ñu dem ci dëkk yu ndaw yi Lu ak àll bi ko wër, Mc jënd lu ñu mana lekk[407], Lu [te am] fu ñu fanaan? »

Yow Bi Yeesu xoolee, gis mbooloo mu réy di ñëw ci moom, mu ne Filib: « Fu nuy jële mburu, mu nu léen mana dundale? » Bi muy wax loolu it, da doon seetlu Filib, ndaxte xamoon na booba li mu nara def. Filib ne ko: « Peyug juróom ñetti weer sax, bu nu ko amoon, du léen mana doy ci mburu, ba kenn ku nekk ci ñoom am ci dog wu ndaw. » Mc Waaye Yeesu ne léen: « Matul ñu dem, yéen joxleen léen lu ñu lekk. » Mk Ñu ne ko: « Xanaa nu jënd lu tollook peyu juróom ñetti weer ci mburu, jox léen ñu lekk? » Yeesu laaj léen: « Ñaata mburu ngeen am? Demleen seeti. » Ñu dem seeti. Yow Keneen ca taalibe ya di Andare, mi bokk ak Simoŋ Piyeer ndey ak baay, ne ko: « Am na fi ci mbooloo mi ab xale bu yor juróomi mburu[408] ak ñaari jën[409], waaye loolu lu muy jariñ mbooloo mu tollu nii? » Mc Yeesu ne léen: « Indil-leen ma ko fii. »

Lu Yeesu ne taalibe ya: « Neeleen mbooloo mi ñu toog Mk ci ñax mu naat mi Lu def ay géewi juróom fukki nit. » Yow Fekk ñax mu bare amoon ca bérab ba. Lu Taalibe ya def ko, toogloo nit ña. Mk Ñu toog nag ay géewi juróom fukk ak téeméer.

Bi loolu amee Yeesu jël juróomi mburu yi ak ñaari jën yi, xool ci kaw,

[407] **Mc 14:15; Mk 6:37; Lu 9:12; Yow 6:5** ***dem ... jënd lu ñu mana lekk***: Taalibe Yeesu àtte nañu ne peyug juróom ñetti weer doyul ngir jënd mburu yu doy mbooloo mu rey mi ñu gisoon. Tu su ñu amoon xaalis lu doy sax, duñu mana fekk fu ñu lakk mburu yu doy ca dëkk yu ndaw yu ko wër. Mbooloo mu topp Yeesu ëpp na ña dëkk ca dëkk yu ndaw ya. Teral ay téeméeri gan sax yi ñëw bett leen, di jaay léen mburu jafe na waxatumaak ay junni.

[408] **6.9** ***Mburu*** yu ndaw yu ñu defare sungufu lors, doon lekku ñi néew doole.

[409] **Mc 14:17; Mk 6:37-38; Lu 9:13; Yow 6:9** ***mburu ak jën***: Mburu yu ndaw yu ñu defare sungufu lors la, te doon lekku ñi néew doole. Juróomi mburu doy na ñaari nit doŋŋ. Jën ya, jën yu ndaw lañu woon, yu ñu denc ak xorom walla def leen géjj.

sant Yàlla, ba noppi mu damm mburu yi, jox ko taalibe yi, ngir ñu séddale ko mbooloo mi. Ñaari jën yi it mu séddale ko ñépp [Yow] ba ñu doyal sëkk. [Mk] Noonu ñépp lekk ba suur.

[Yow] Bi ñu lekkee ba regg, Yeesu ne taalibe ya: « Dajaleleen desitu mburu mi, ba dara du ci réer. » [Mk] [Noonu] ñu dajale la desoon ca dammiti mburu ak jën ya, mu nekk fukki pañe[410] ak ñaar yu fees. [Mc] Gannaaw jigéen ña ak gone ya, góor ña doon lekk matoon nañu juróomi junni.

[Yow] Bi nit ña gisee firnde jooju Yeesu wone, ñu ne: « Dëgg-dëgg kii mooy Yonent, bi wara ñëw ci àddina! » Yeesu gis ne dañu koo nara jëlsi, fal ko buur. [Mk] Ci kaw loolu Yeesu sant ay taalibeem, ñu dugg ci gaal gi, jàll ba Betsayda [bu Galile], bi muy yiwi mbooloo mi. Bi mu tàggtoo ak mbooloo mi, mu yéeg ca tund wa, [Mc] ngir wéet ak Yàlla, [Mk] ñaan fa Yàlla. [Yow] Bi timis jotee taalibeem ya wàcc ca tefes ga, dugg ci gaal, di jàll dex gi, jëm dëkku Kapernawum.

## 61. Yeesu dox na ci kaw ndox ma (Mc 14:24-36; Mk 6:47-56; Yow 6:16-21)

*Anam yi: Yeesu ak ay taalibeem jàll nañu dexu Galile ba teer ca diiwaanu Senesaret. Diiwaanu Senesaret moo nekkoon wàllu sowu-kawu dex gi.*

[Mk] Noonu guddi jot, fekk gaal gi [Mc] sore tefes ga [Mk] nekk ci diggu dex gi, te Yeesu rekk moo nekk ca tefes ga. [Yow] Dex gi yëngu na lool, ndaxte da doon ngelaw ak doole. [Mk] Booba mu gis taalibe yi sonn lool ci joow gaal gi ndax li léen ngelaw li soflu. Ca njël nag mu jëm ci ñoom, di dox ci kaw dex gi, ba xaw léena raw. [Yow] Bi ñu joowee lu wara tollook juróom benni kilomet, ñu séen Yeesu, muy dox ci kaw dex gi, jëm ci ñoom, ñu daldi tiit. [Mk] Ñu foog ne njuuma[411] la, daldi yuuxu [Mc] naan: « Njuuma la! » [Mk] Ndaxte ñépp gis ko te jommi ci. Waaye mu wax ak ñoom ci saa si ne léen: « Takkleen seen fit, man la, buleen tiit! »

[Mc] Ci kaw loolu Piyeer jël kàddu gi ne ko: « Sang bi, bu dee yaw, sant ma,

---

[410] **Mc 14:20; Mk 6:43; Lu 9:17; Yow 6:13** ***pañe***: Pañe ba reyul. Ràbbe nañu ko cari garab. Daan nañu ko boot ngir yóbbaale lu ñu lekk. Tollu na siwo bu àttan 20 ba 30 liitar ndox.

[411] **Mc 14:26; Mk 6:49; Yow 6:19** ***njuuma***: Ñu bare ci waa Galile gëmoon nañu ne amoon na ay rab yi dëkk ca dexu Galile. Gëm nañu guddi lañu feeñ te su ñu léen gisee màndarga la bu tekki ne dee walla musiba di topp. Moo tax taalibe Yeesu tiit lool. Tamit ngelaw lu am doole li yengal na dex ga. Su Yeesu doxee ca kaw ndox ma ca xaaju guddi, mu sooga nekk ca kaw duus ba di feeñ, ba noppi wàcc ca xur, duus ya làkk ko.

ma dox ci kaw ndox mi, ñëw ci yaw. » Yeesu ne ko: « Kaay! » Piyeer nag wàcc ca gaal ga, di dox ci kaw ndox mi, jëm ci Yeesu. Waaye bi mu gisee ni ngelaw li mettee, mu daldi tiit, tàmbalee suux. Mu woote ne: « Sang bi, wallu ma! » Ca saa sa Yeesu tàllal loxoom, jàpp ko naan: « Yaw mi néew ngëm, lu tax nga am xel ñaar? » Noonu ñu dugg ca gaal ga, ngelaw li ne tekk.

Mk Njàqarey taalibe ya nag weesu dayo, ndaxte seen xol dafa fatt, ba réere mbir kéemaan, gi Yeesu defoon ci mburu yi. Mc Ñi nekk ci gaal gi nag sukk ci kanamam ne ko: « Ci dëgg yaa di Doomu Yàlla ji. » Bi loolu amee ñu jàll, Yow gaal ga daldi teer ca saa sa ca fa ñu bëggoona wàcc, Mc teer ca diiwaanu Senesaret[412].

Ña fa dëkk xàmmi Yeesu, Mk daldi daw ca diiwaan ba bépp, te fépp fu ñu ko dégg ñu di ko indil ñu wopp, tëdd ci seeni lal. Te fu mu mana aw, ci dëkk yu mag mbaa yu ndaw walla ci àll bi, ñu indil ko jarag yi ci pénc yi, ñaan ko, mu may léen ñu laal cati mbubbam rekk. Te képp ku ko laal daldi wér.

## 62. Yeesu mooy ñam wiy joxe dund gi (Yow 6:22-71)

*Anam yi: Waxtaan wi ca wetu Kapernawum la amewoon.*

Yow Ca ëllëg sa mbooloo, ma des ca geneen wàllu dex ga, gis ne genn gaal ga fa nekkoon rekk dem na. Xam nañu ne Yeesu bokku ko woon ak taalibe ya, ndaxte ñoom rekk a àndoon. Waaye yeneen gaal yu jóge dëkku Tiberyàdd[413] ñëw, teer[414] ca wetu fa ñu lekke woon mburu ma, gannaaw bi Boroom bi santee Yàlla ba noppi. Bi mbooloo ma gisee ne Yeesu walla

---

[412] **Mc 14:34; Mk 6:53 *diiwaanu Senesaret***: Betsayda lañu jëmoon (Mk 6:45). Xëyna ngelaw li moo tax ñu teer ca diiwaanu Senesaret, ca sowu-suufu Betsayda. Senesaret joor bu naat lool la ca sowu dexu Galile diggante dëkki Magadan ak Senesaret. Moo tax nit ñu bare ñoo fa dëkkoon. Guddaay ba tollu na 5 kilomet, yaatuwaay 2 kilomet. Kapernawum daanaka 4 kilomet la woon ca penku-kaw. Seetal kart 20.

[413] **Yow 6:23 *Dëkku Tiberyàdd***: Dëkk bi ñu tudde ngir teral Tibeer Sesaar la woon. Nekkoon na ca wetu dexu Galile ca sowu ba. Buur bi Erodd Antipas moo ko sampoon ca 18 g.K. ca yoon wu am solo diggante Siri ak Misra ngir mu nekk péeyu diiwaanu Galile. Seetal kart 1 G6.

[414] **Yow 6:23 *teer***: Xam nañu ne amoon ay teeru ca dexu Galile ca jamono Yeesu. Ca sunu jamono fekk nañu 16 ca ñoom. Ngir gëna xam ca teeru ya seetal itam leeral 171 (Mc 4:18, wàll 32, page 77). Seetal kartu teeru ya (Kart 15).

taalibe ya kenn nekkatu fa, ñu dugg ca gaal[415] yooyu, dem seeti ko Kapernawum[416].

Bi ñu fekkee Yeesu ca geneen wàllu dex ga, ñu ne ko: « Kilifa gi, kañ nga fi ñëw[417]? »

Yeesu ne léen: « Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, firnde yi ngeen gis taxul ngeen may seet. Yéena ngi may wër ndax mburu, mi ngeen lekk ba suur. Buleen liggéeyal ñam wuy yàqu; li gën mooy ñam wu sax abadan[418] tey joxe dund gu dul jeex[419]. Ñam woowule, Doomu nit ki[420] dina leen ko jox, ndaxte moom la Yàlla Baay bi tànn, mu nekk ndawam. »

Noonu ñu laaj ko ne: « Lu nu wara liggéey, ngir matal jëf yi neex Yàlla[421]? »

Yeesu ne léen: « Jëf ji neex Yàlla, moo di gëm ki mu yónni[422]. »

Ñu ne ko: « Ban firnde nga nu mana won, ngir nu gëm la? Ban liggéey nga nara def? Sunuy maam dunde nañu mànn[423] ca màndiŋ ma, ndaxte Mbind mi nee na[424]: “Jox na léen, ñu lekk ñam wu wàcce ca asamaan.” »

Yeesu waxaat ne: « Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, du Musaa moo

---

[415] **Yow 6:24 *dugg ca gaal***: Cosaankat bu nuy tudd Yuusufa bind na ne amoon na 230 gaal ca dexu Galile ca jamanoom.

[416] **Yow 6:24 *dem Kapernawum***: Mbooloo ma xamoon nañu ne ci diir bu ëpp menn at la Yeesu dëkkoon Kapernawum.

[417] **Yow 6:25 *kañ nga fi ñëw***: Mbooloo ma xamuñu ne Yeesu doxoon ca kaw ndox ma ba àgg gaalu taalibe ga. Su ñu ko xamoon, waroon nañoo laaj ‘Naka nga fi ñëwe?’.

[418] **Yow 6:27 *ñam wu sax abadan***: Waxin la.

[419] **Yow 6:27 *dund gu dul jeex***: Yemul ci guddaayu dund. Dafa wax itam ci naataangeg dund, ak ci baaxaayam.

[420] **Yow 6:27 *Doomu nit ki***: Seetal leeral 121 (Yow 1:51, wàll 22, page 58).

[421] **Yow 6:28-29 *jëf yi neex Yàlla***: Mbooloo ma bëggoon nañu dégg Yeesu wax léen ay ndigal walla ay sàrt. Mu tontu ne ‘gëm rekk’ moo léen waroona bett lool.

[422] **Yow 6:28-29 *ki mu yónni***: mooy Yeesu.

[423] **Yow 6:31 *mànn***: Moo di ñam wa Yàlla wàcceeloon Musaa ak bànni Israyil ci diiru 40 at, ba ñu gàddaayee Misara, jëm ca réew ma leen Yàlla digoon. Naka la lay ba bàccoon, amoon lu sew lale ca màndiŋ ma, def fépp yu sew ca biir, te meloon ni tawu yuur, tege ca suuf. Dafa meloon ni pepp, mi ñuy wax koryanda, te weex, di saf lu mel ni nàkk bu ànd ak lem, mu wuutu mburu (Ex 16:1-36; Nu 11:1-35).
Yawut ya daan nañu xaar Almasi bu mel ni yonent Yàlla Musaa. Tamit amoon na benn aada bu waxoon ne bu Almasi bi ñëwee dina wàccewaat mànn bu jóge asamaan.

[424] **Yow 6:31** Jukki nañu ko ca Ex 16:4,15; Neh 9:15; Psa 78:24,25

leen jox ñam woowu wàcce ca asamaan; sama Baay ci boppam, moo leen di jox ñam wu wóor, wi wàcce ca asamaan. Ndaxte ñam, wi Yàlla di joxe, mooy ñam wiy wàcce ci asamaan tey jox àddina si dund. »

Ñu ne ko nag: « Sang bi, kon dee nu faral di jox ci ñam woowe! »

Yeesu ne léen: « Man maay ñam wiy joxe dund. Ku ñëw ci man, doo xiif mukk; te ku ma gëm, doo mar. Waaye wax naa leen ko ba noppi; gis ngeen ma te taxul ngeen gëm! Képp ku ma Baay bi jox dina ñëw ci man, te duma dàq mukk ki may fekksi. Ndaxte wàccewuma ci asamaan ngir def sama bëgg-bëgg, waaye damay matal bëgg-bëggu ki ma yónni. Lii mooy bëgg-bëggu ki ma yónni: bu ma ñàkk kenn ci ñi mu ma may, te dafa bëgg it ma dekkal léen keroog bés bu mujj ba[425]. Ndaxte lii mooy bëgg-bëggu Baay bi: képp ku gis Doom ji te gëm ko, am dund gu dul jeex, te bés bu mujj ba, dinaa ko dekkal! »

Yawut ya tàmbali di ñurumtoo Yeesu[426], ndaxte dafa ne: « Maay ñam wi wàcce ci asamaan. » Ñu naan: « Ndax kii du Yeesu, doomu Yuusufa[427]? Xam nanu ndeyam ak baayam. Kon nag lu tax léegi mu naan, mi ngi jóge asamaan? »

Yeesu ne léen: « Bàyyileen seen ñurumtu bi. Kenn manula ñëw ci man te Baay, bi ma yónni, xiirtalu la ci; te man dinaa la dekkal keroog bés bu mujj ba. Yonent yi bind nañu kàddu gii[428]: "Yàlla dina léen jàngal ñoom ñépp." Kon nag ku déglu te nangu waxi Baay bi, dina ñëw ci man. Tekkiwul ne kenn mas na gis Baay bi. Ki jóge ci Yàlla doŋŋ a ko gis. Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, ku gëm am nga dund gu dul jeex. Maay ñam wiy joxe dund. Seeni maam lekk nañu mànn ca màndiŋ ma, teewul dee nañu. Waaye ñam wiy wàcce ci asamaan, ku ko lekk, doo dee. Man maay ñam wiy dund te wàcce ci asamaan. Ku lekk ci ñam wii, dinga dund

---

[425] **Yow 6:39 *bés bu mujj ba***: Bés bu mujj ba mooy bés pénc ba. Ca bés bu mujj ba Yàlla dina àtte ñépp jaarale ci Yeesu Kirist (Mc 25:31-46; Yow 5:28-30; Pe 20:11-15). Te Yeesu dina dekkal ñépp ñi bokk ci moom (Yow 5:28; 6:39,40,44,54; 1Ko 15:50-52). Gannaaw ga àddina dina tukki, te Yàlla dina indi asamaan su bees ak suuf su bees (2Pi 3:10-13; Pe 21:1).

[426] **Yow 6:41 *Yawut ya ñurumtoo***: Moo nu fàttali ni bànni Israyil doon ñurumtoo ca jamono Musaa, ba Yàlla àtte léen (Ex 15:22-26; 16:1-12; 17:1-7; Num 11:1; 11:4-6; 14:1-12; 21:4-5; De 1:27; Ps 106:25).

[427] **Yow 6:42 *doomu Yuusufa***: Seetal leeral 158 (Lu 4:22, wàll 30, page 158). Amoon na lu tollu 32 kilomet diggante Nasaret ak Kapernawum. Lu xew ca benn ca dëkk yooyu xamoon nañu ca beneen (Lu 4:23). Xamoon nañu waajuri Yeesu ca Kapernawum.

[428] **Yow 6:45 *yonent yi bind***: Jukki nañu ko ci teerub Esayi 54:13.

ba fàww. Te it ñam wi may joxeji, sama yaram la; dama koy joxe ngir àddina mana dund. »

Noonu Yawut ya werante werante wu tàng ci seen biir naan: « Naka la nu waa jii mana joxe yaramam, ngir nu lekk ko?[429] »

Yeesu ne léen: « Dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, bu ngeen lekkul yaramu Doomu nit ki te naanuleen deretam[430], dungeen am dund ci yéen. Ku lekk sama yaram te naan sama deret, am nga dund gu dul jeex, te dinaa la dekkal keroog bés bu mujj ba. Ndaxte sama yaram mooy ñam wu wóor wi, te sama deret mooy naan gu wóor gi. Kiy lekk sama yaram tey naan sama deret dina sax ci man, ma dëkk ci moom. Baay bi ma yónni mu ngi dund, te maa ngi dund jaarale ko ci moom; noonu itam ku may lekk dina dund jaarale ko ci man. Kon nag ñam wi wàcce ci asamaan a ngi noonu; bokkul ak ñam wa seeni maam lekkoon te faatu. Ku lekk ñam wii may wax dinga dund ba fàww. »

Baat yooyu la Yeesu wax, bi mu doon jàngle ca jàngu ba ca Kapernawum[431].

Bi ñu dégloo Yeesu ba noppi, taalibeem yu bare nee nañu: « Njàngle mii de, jafe na! Kan moo ko mana déglu? »

Yeesu gis ne taalibeem yaa ngi ñurumtoo loolu, mu ne léen: « Ndax li ma wax da leena jaaxal? Lan mooy am nag, bu fekkee gis ngeen Doomu nit ki dellu, yéeg fa mu jëkkoona nekk? Xelu Yàlla mi mooy joxe dund; ñam wi jariñul dara. Kàddu yi ma leen wax, ci Xelum Yàlla lañu jóge te ñooy joxe dund. Waaye am na ci seen biir ñu ko gëmul. »

Ndaxte Yeesu xamoon na ca njàlbéen ga ñan ñoo ko waroona gëmadi ak kan moo ko waroona wor. Mu dolli ca it ne: « Looloo tax ma ne, kenn manula ñëw ci man te Baay bi mayu la, nga agsi. »

Ci loolu taalibeem yu bare dëpp, bañatee ànd ak moom. Yeesu daldi wax ak fukki taalibe yi ak ñaar ne léen: « Mbaa bëgguleena dem, yéen itam? »

Simoŋ Piyeer ne ko: « Boroom bi, ci kan lanuy dem? Yaa yor kàddu yiy joxe dund gu dul jeex. Léegi nun gëm nanu te xam nanu ne yaa di Aji Sell,

---

429 **Yow 6:52** Yawut ya dégguñu ne waxu Yeesu waxin la.

430 **Yow 6:53 *lekk yaram... naan deret***: Lekk suuxu nit dafa araam ca Yawut ya, ca waa Room ak ca Gereg ya. Te yoonu Musaa dafa tere ñu naan jépp deret, ju di mala, waxatumaak nit (Le 7:26,27; 17:10-14; De 12:16; Jëf 15:29).

431 **Yow 6:59 *jàngu ba ca Kapernawum***: Seetal leeral 178 (Mk 1:21, wàll 33, page 80) ak leeral 154 (Lu 4:15, wàll 30, page 74).

ji jóge ci Yàlla[432]. »

Yeesu ne léen: « Xanaa du maa leen tànn, yéen fukk yi ak ñaar? Moona, am na ci yéen koo xam ne seytaane la! »

Yudaa miy doomu Simoŋ Iskariyo la doon wax. Ndeke Yudaa, la muy bokk lépp ca fukki taalibe ya ak ñaar, moo ko naroona wor.

---

[432] **Yow 6:69** ***Aji Sell, ji jóge ci Yàlla***: Du woon wenn ca tur yi ñu jox Almasi bi. Tur wu bees la buy wax ci ki mu doon, mooy ndawu Yàlla.

# IV Ñetteelu at mi: Yawut yi bañ nañu Yeesu

*Ci ndoortel ñetteelu atu liggéeyu Yeesu ci Israyil, ñu bare ci ñi doon topp Yeesu bàyyi nañu ko. Ci ab diir Yeesu doon na wër diiwaanu Galile. Ba noppi mu dem wër réewi ñi dul Yawut, maanaam dëkki Tir ak Sidon ci diiwaanu Fenisi, diiwaanu Fukki Dëkk yi ba noppi mu dellusi ci dëkk yi ci wetu dexu Galile. Ci njeextal weeru sàttumbar Yeesu demoon na Yerusalem ngir Màggalu Mbaar ya te mu nekk fa ba tey ci weeru desàmbar ci màggalu Bés ba ñu sellale woon kër Yàlla ga. Bi màggal gi jeexee Yeesu génn Yerusalem, dem toog ci diiwaanu Pere fa Yaxya daan sóobe ci ndox bu jëkk. War ngeen xam ne, ndegam Yowaana rekk waxoon na ci lu jëm ci tukki Yerusalem yi Yeesu defoon, xam fu ñu leen teg ci nettalib Yeesu jafe na. Te Yowaana waxul ndax Yeesu dellu na Galile ci diggante màggal ya walla dafa toog Yerusalem.*

*Ay boroom xam-xam yu bare yaakaar nañu ne lépp li des ci nettalib Yeesu ci benn at la ame woon. Waaye soo seetee bu baax benn at dafa xat ngir lépp li Yeesu defoon ak fépp fu mu demoon. Wër na Galile ay weer ba noppi mu wër ci diiwaanu Fenisi ak Fukki Dëkk yi. Ci weeru oktoobar ak muju desàmbar ñu fekk Yeesu ca Yerusalem ba noppi mu dem toog ay weer ci Pere. Gannaaw loolu Yeesu dellu na Galile di fa wër di waare. Luug ne na gannaaw gi mu tàmbali jëm Yerusalem mu wër Yude, Samari, ak Galile ci diiru ay weeri weer, di dem ay dëkk yu bare. Yeesu yónni na 72 taalibe yu dem ñaar-ñaar lu ko jiitu ngir waajal ñëwam. Naka noonu xam nañu ne dëkk yi mu ganeji woon bare woon nañu lool.*

*Tamit su fekkee ne lépp li des ci nettali bi benn at la woon Yeesu dee na atum tubaab 32 g.K.. Waaye ci at moomu bésu Mucc ba altine la woon. Ci at 30 g.K. ak 33 g.K. rekk la bésu Mucc ba dal ci àjjuma / samdi ni ñu ko gise ci Injiil.*

*Am na itam benn màndarga bu ndaw bu wone ne xëyna amoon na benn bésu Mucc bu ñu waxul ci Injiil. Laaj nañu Yeesu mu fey warugar kër Yàlla ga (Mc 17:24). Bépp waa Galile dafa doon fey warugar boobu lu jiitu bésu Mucc ba ngir ñi yor xaalis bi man ko yóbbu Yerusalem ca màggal ga. Léegi nag bésu Mucc bu amoon bi Yeesu bareelee mburu ya amoon na bu sore, te Yeesu duggoon na Kapernawum ay yoon gannaaw ga. Bésu Mucc ba ñu rey Yeesu dafa sore. Naka noonu dañu yaakaar ne amoon na beneen bésu Mucc ci seen diggante, xëyna bi Yeesu demee tukki ci bëj-gànnaar ba te mu soppaliku ndam jolli ci moom.*

*Tamit benn bés waa Galile ya ñëw jox Yeesu benn xebaar ci lu jëm ci ay waa Galile ya Pilaat reyoon ca Yerusalem ci benn ci màggalu Yawut yi ci fan yooyu (Lu 13:1-5). Yeesu demul woon màggal googu. Bu dul woon noonu duñu ko ko wax ndax dina fekk mu xam ko ba pare. Waaye xam nañu ne ci ñetteelu at mi Yeesu demoon na Yerusalem ngir màggalu Mbaar ya (Yow 7:2) ak bés ba ñu sellale kër Yàlla ga (Yow 10:22). Naka noonu màggal gi ñu wax ci ñeenteelu at ma la amoon bu dee bésu Mucc ba, Pàntakot walla Mbaar ya.*

*Yeesu moo tontu waa Galile ak benn léeb buy misaal liggéeyam (Lu 13:6-9). Mu ne*

*ñetti at lañu xaaroon meññeef yi waaye amul dara. Yeesu waxul ñaari at waaye ñetti at la waxoon te am lu des menn at - mooy ñeenti at.*

*Boo seetee yooyu yépp dafa lay jox ne yeneen ñaari at ñoo des ci nettali bi.*

# Saar 10. Ci Galile

## 63. Farisen ya ak aada ya (Yow 7:1-2a; Mc 15:1-20; Mk 7:1-23)

Yow Gannaaw loolu Yeesu doon na wër diiwaanu Galile[433]. Bëggul woona dem diiwaanu Yude, ndaxte Yawut ya dañu ko doon wuta rey.

Mk Amoon na bés nag, ay Farisen[434] ak ay xutbakat[435] yu jóge Yerusalem[436] ñëw ci Yeesu. Ñu gis yenn ciy taalibeem di lekk, fekk seeni loxo setul[437], maanaam raxasuwuñu woon, ni ko aada santaanee. Farisen yi nag ñoom ak Yawut yi yépp dañuy topp aaday yoon, yi maam yi tëral[438], te fandee léen gënal lekk ak loxo yu ñu raxasul. Te it bu ñu jógee pénc ma, su ñu sanguwul set, duñu lekk. Am nañu it yeneen aada yu bare, maanaam ni nga wara raxase ay kaas, ay njaq ak ay satala, ba ñu laab. Noonu Farisen ya ak xutbakat ya laaj ko ne: Mc « Lu tax say taalibe di moy aaday yoon,

---

[433] **Yow 7:1 *diiwaanu Galile***: Seetal leeral 185 (Mc 4:23, wàll 34, page 82).

[434] **Mc 15:1; Mk 7:1 *Farisen ya***: Seetal leeral 87 (Mc 3:7, wàll 16, page 46)

[435] **Mc 15:1; Mk 7:1 *xutbakat ya***: Seetal leeral 57 (Mc 2:4, wàll 12, page 36).

[436] **Mc 15:1; Mk 7:1 *jóge Yerusalem***: Dox nañu tànk lu tollu benn ayu-bés ngir àgg Galile.

[437] **Mc 15:2; Mk 7:21 *lekk loxo***: Yoonu Musaa santul Yawut ya ñu raxasu bala ñu lekk. Tere na saraxalekat ku bokk sobe, ñu lekk ca sarax yu sell lu dul mu sangu set. (Le 22:3-9). Ki indi saraxu cant itam mënu ca lekk su taqee sobe (Le 7:20-21). Ñooy lekk yu ñu fekk ca kër Yàlla kese.
Gis nañu ca Le 15:11 ku am jàngoroy xelli war na raxasu. Lu dul loolu ku mu laal taq sobe. Ca yoonu Musaa sangu set doŋŋ moo setal ku taq sobe, lu dul li ñi gis ca aaya boobu. Xamuñu kañ lañu dogal ne raxasu rekk doy setal nit ca sobe. Xamuñu sax ndax kepp Yawut war naa setaloo noonu bala bépp lekk. Sobe moom ci boppam du bàkkaar. Dafa bokk ci sunu dund. Waaye tere na ku taq sobe bokk ca lu sell, ca diine. Luy bàkkaar nag moo doon bañ setalu.
Yawut ya ragal nañu sobe lool. Gëmoon nañu ne sobe man naa jóge ca lu bare lu ñu laal. Man na léen taq te ràññewuñu sax lu ñu laaloon walla ku ñu laaloon ca pénc ma. Moo tax amoon ay sàrt nga sangu set boo jóge pénc ma, walla raxasu bala nga lekk. Aada faramfàcce na ni ñu raxasoo. Lu mel ni jàpp la.

[438] **Mc 15:2; Mk 7:3 *aaday yoon yi maam yi tëral***: Ñeenti xarnu lu jiitu jamono Kirist tàmbale nañu dogal ay aada ngir faramfàcce naka lañu wara sàmme yoonu Musaa. Ndànk, ndànk yokk nañu leen ba am ay junni santaane ak sàrt ya bokk ca. Ndegam gëm nañu ne sësoon nañu ca yoonu Musaa ca seeni gëstu, jox nañu aada ya maana ba tollu li Yàlla wàcce ca ñoom. Te Farisen ya xeeb nañu képp ku sàmmul seeni aada. Xutbakat ya ñoo jottali aada yooyu. Binduñu léen ba daanaka ñaari téeméeri at gannaaw Kirist. Ca jamono Yeesu raxasu ca kaw seeni aada moo doon màndarga lu wone seen takkute ca Yàlla.

yi maam yi tëral? Ndaxte duñu raxas seeni loxo, bu ñuy lekk. »

Waaye Yeesu ne léen: Mk « Esayi waxoon na[439] bu baax ci kàddug Yàlla ci seen mbir, yéen naaféq yi, bi mu bindee:
“Xeet wii, ñu ngi may teral ci seen gémmiñ, waaye seen xol sore na ma. Seen màggal amul benn njariñ, ci li ñuy jàngle dénkaaney nit kese.” »

Yeesu neeti léen: « Dëddu ngeen ndigali Yàlla, jublu ci aaday nit. » Mu teg ca ne léen: « Xelu ngeen ci tebbi ndigali Yàlla, ngir sàmm seen aada. Ndaxte Musaa nee na[440]: “Teralal sa ndey ak sa baay,” teg ca ne: “Ku móolu sa yaay walla sa baay, dees na la rey.” Waaye yéen dangeen ne: ku ne sa yaay walla sa baay: “Li nga wara jariñoo ci man Korban[441] la,” — maanaam saraxu Yàlla la — dootuleen ko bàyyi, mu defal dara ndeyam walla baayam. Mc Kooku amatul warugaru teral baayam. Mk Noonu tebbi ngeen kàddug Yàlla ndax seen aada, ji ngeen di donnante. Te it yéena ngi def yeneen yu bon yu mel nii. »

Noonu Yeesu waxaat ak mbooloo mi ne léen: « Yéen ñépp dégluleen ma te xam. Li ci biti, tey dugg nit, du ko mana indil sobe, waaye li génn ci nit, loolu mooy indil nit sobe. »

Mc Bi taalibeem ya déggee loolu, ñu ñëw ci moom ne ko: « Ndax xam nga ne, Farisen yi dañoo mer ndax loolu nga wax? » Yeesu ne léen: « Garab gu sama Baay bi ci kaw jiwul, dees na ko buddi. Bàyyileen léen, ay gumba lañu yuy wommat ay gumba; bu gumba dee wommat moroomam nag, kon dinañu daanu ñoom ñaar ci kàmb. »

Mk Bi nga xamee ne jóge nañu ci mbooloo mi, dugg ci kër gi, taalibe yi laaj Yeesu, mu firil léen wax ju làqu jooju. Mc Piyeer nag jël kàddu gi, laaj Yeesu: « Firil nu léeb wi. »

Noonu Yeesu ne ko: « Ndax ba tey seen xol dafa tëju, yéen itam? Mk Xanaa xamuleen ne, dara lu jóge biti, dugg ci nit, du ko mana indil sobe, ndaxte du dugg ci xol? Mc Lépp lu dugg ci gémmiñ, ci biir lay jëm tey génn ca bérab bu làqu. » Mk Ci li mu wax loolu Yeesu daganal na bépp ñam.

Mc « Waaye li génn ci gémmiñ mu ngi jóge ci xol; loolu mooy indil nit

---

[439] **Mc 15:7; Mk 7:6** ***Esayi waxoon***: Jukki na ko ca Isa 29:13.

[440] **Mk 7:10** ***Musaa nee na***: Jukki na ko ca Ex 20:12 ak Ex 21:17

[441] **Mk 7:11** ***Korban***: Baatu làkku ibrë la, bu tekki ‘li ñu jébbal Yàlla’. Ngiñ la woon. Dafa mel ni jébbal nañu ko Yàlla ni sarax. Dañu koy yor ba tey waaye kenn dootul ko mana jeriñoo. Farisen ya gëm nañu jëfandiku li nga jébbaloon Yàlla bàkkaar bu réy la, su fekkee ne sax dimbali say waajur moo tax. Amoon na ñi ko def ngir baña yor seeni waajur.

sobe. [Mk] Ndaxte ci biir, ci xolu nit, la xalaat yu bon di jóge ak ndoxaanu yàqute, càcc ak bóom, [Mc] seede lu dul dëgg, [Mk] njaaloo ak bëgge, coxor, naaféq, ñaawteef, ñeetaan, saaga, réylu ak jëfi ndof. Lu bon loolu lépp day génn ci nit, di ko indil sobe, [Mc] waaye lekk ak loxo yoo raxasul du tax nit am sobe. »

## Saar 11. Yeesu ci réewum ñi dul Yawut

**64. Yeesu faj na doomu jigéen, ja askanoo réewu Kanaan** (Mc 15:21-28; Mk 7:24-30)

*Anam yi: Yeesu dafa génn diiwaanu Galile dem ca diiwaanu Fenisi bu féete bëj-gànnaar.*

Mk Gannaaw loolu Yeesu jóge fa, jëm weti dëkku Tir[442]. Bi mu fa eggee, mu dugg ci kër, te bëggul kenn xam ko, waaye jataayam manula umpe. Amoon na fa nag Mc jigéenu waa Kanaan[443], ja dëkk ca wàll yooyu, Mk ju rab jàpp doomam ju jigéen. Bi mu déggee ne, Yeesoo nga fa, mu ñëw,

---

[442] **Mc 15:21; Mk 7:24 *diiwaanu Tir ak Sidon***: Tir ak Sidon nekkoon nañu ay dëkk ca wàlli Fenisi ca wetu Géej gu mag ga (tey jii moo ciy bëj-saalumu réewu Libaŋ). Ña fa dëkkoon ay xërëmkat lañu woon, ñooy askanu waa Kanaan ñi ñu tudd waa Fenisi.
Xamuñu ne tembe fan la Yeesu demoon. Ndax àgg na Tir walla benn ca dëkki kaw ca diiwaanam? Dig bu xàjjalikoo Galile ak diiwaanu Tir ak Sidon moo sore Kapernawum lu tollu 25 kilomet. Amoon na ay yoon fu Yeesu manoona jaar. Yoon wu gëna gàtt diggante Kapernawum ak Tir ëpp na 60 kilomet te jaaroon dëkk yu tudd Safed ak Gisala ca biir tund yu kawe. Amoon na itam yeneen yoon yu gëna yomb yu tollu 80 kilomet yu jaar Xasor ak Kedes walla Yanowa. Seetal kart 21.
***Tir***, dëkk bu réy la ba tey. Dëkk bu am solo la woon ñaari junni at bala jamano Kirist ji. Nekkoon ca benn dun bu ndaw, te amoon na ñaari teeru -- benn ca nor ak benn ca sudd. Bu ci nor bokkoon na ya gëna baax ca Géej gu mag ga. Buur bi Alegsàndar bu Mag tabax na benn dëq ngir noot dëkk ba di ko tas lu tollook 400 bala jamano Kirist ji. Naka noonu boole woon na dun ba ak réew ma. Tabaxaat nañu dëkk ba ca jamono nguuru Room. Tir nekkoon na dëkk bu gëna réy Yerusalem ci jamano Yeesu ji, te sore woon Nasaret fu Yeesu mage lu tollook 50 kilomet rekk. Ca jamono Yeesu, cosaankat ba Yuusufa nee na waa Tir bokkoon na ca seeni noon yu gëna réy ya.
Tamit lu waa Tir daan lekk ca tooli Galile ya la jóge, fekk ne amoon na ay waa Galile yi xiif, ba tax waa Galile mere leen. Waa Tir ay dawalkati gaal lañu woon, ngir ñu jaay walla samp ay dëkk yu bees. Daan nañu defar itam genn cuub gu yolet gu jóge ca as rab su géej, wenn xeetu saacoom (*Bolinus brandaris*) wu fekk ca géeju diiwaanu Tir ak Sidon rekk. Dafa jafe woon lool ba tax buur ya rekk ñoo soloon piis yu yolet. Moo tax dëkk bi xasaw itam. Ca jamono Injiil làkku Arameyni walla Gereg lañu doon làkk. Seetal kart 1 E4.

[443] **Mc 15:22 *waa Kanaan***: Ca jamono Injiil amul woon ab réew mu tudd Kanaan. Moo doon réew ma Bànni Israyil nootoon ngir jot li leen Yàlla digoon ca jamono Yosuwe. Ca réew yi tudd tey ji Israyil ak Libaŋ la nekkoon. Waa Kanaan ñooy ñi soqikoo ci Kanaan, doomu Xam ak sëtu Nóoyin. Yàlla santoon Bànni Israyil ñu far leen ndax seen bàkkaar waaye mujjuñu koo def. Ci jamano Injiil, ña gëna bare ci ña des ca waa Kanaan ca diiwaanu Fenisi lañu dëkkoon. Ca xalaatu waa Israyil waa Kanaan ñooy xeet wu ñu gëna xeeb, ay noon, yéefar yu doon fàbbi Bànni Israyil ngir ñu jaamu ay xërëm yu araam, maanaam bokkaale.

daanu ciy tànkam, fekk jigéen ja ci xeetu Gereg[444] la bokkoon, juddoo wàlli Fenisi ci diiwaanu Siri[445]. Mc [Mu] wax ca kaw ne ko: « Yaw sang bi, Sëtu Daawuda bi[446], yërëm ma! Rab jàpp na sama doom ju jigéen, te dafa sonn lool. » Mk Noonu jigéen ja ñaan ko, mu dàq rab wi ci doomam.

Mc Waaye Yeesu waxu ko dara. Ay taalibeem nag ñëw ci moom ne ko: « Doo ko yiwi, mu ngi nuy topp, di yuuxu ci sunu kaw. »

Yeesu ne: « Yónniwuñu ma, lu dul ci xari bànni Israyil yu réer. »

Waaye jigéen ja ñëw, sukk ci kanamam naan: « Sang bi, wallusi ma! »

Mk Waaye Yeesu ne ko: « Na gone yi jëkka lekk, ba regg; fab ñamu gone yi, sànni ko xaj yi[447], rafetul. »

Mc Waaye jigéen ja ne ko: « Waaw, sang bi, teewul xaj yi di lekk ruusit, yi rot ci seen lekkukaayu boroom. »

Ci kaw loolu Yeesu ne ko: « Yaw jigéen ji, sa ngëm réy na; na am, ni nga ko bëgge. Mk Ndax wax jooju demal ci jàmm, rab wa génn na sa doom. » Mc Noonu doomam daldi wér ca saa sa. Mk Mu ñibbi, fekk doom ji tëdd cib lal te mucc ci rab wi.

## 65. Yeesu faj na ñu wopp (Mc 15:29-31; Mk 7:31-37)

*Anam yi: Bi Yeesu paree ci diiwaanu Fenisi, mu dem diiwaanu Fukki Dëkki yi.*

---

[444] **Mk 7:26 *xeetu Gereg***: Ñooy ñi bokk ci xeetu Gereg ak seeni aada. Laata waa Room nguuru ci àddina si, waa Gereg ñoo doon nguuru. Naka noonu seen aada law lañu fépp ba laal xeet yu bare. Ñoo indi woon jàng ak xam-xam. Ci Injiil, Gereg yi moo tekki itam ñu dul Yawut, maanaam yéeféer. Waaye itam ndegam Tir du dëkkub Gereg, man naa tekki itam tudd nañu ko 'Gereg' ngir wone ne mu bokk ci këru ñi am maana te am alal ña, ci njiit yi yewwu.

[445] **Mk 7:26 *juddoo wàlli Fenisi ci diiwaanu Siri***: Nguuru Room boole na wàlli Fenisi ci suufu Siri ca atum tubaab 64 j.K.. May nañu Tir ak Sidon yilif seen bopp.

[446] **Mc 15:22 *Sëtu Daawuda***: Dafa wone ne jigéen ji xamoon na dara ca diine Yawut ya. Seetal itam leeral 13 (Mc 1:1, wàll 3, page 15).

[447] **Mc 15:26,27; Mk 7:27,28 *xaj***: Tudde kenn xaj, daan na nekk saaga bu bon. Ñu ëpp ca boroom xam-xam ya yaakaar nañu ne Yeesu wax na ca lu jëm ca xaj yu ñu yar ci biir kër ga, yu nekk àndandoo xale ya. Yawut ya daawul ko def ndaxte séexlu nañu léen. Waaye amoon na ca Gereg ya ak waa Room ña ko yare woon noonu. Su fekkee noonu, rawatina su Yeesu muuñoon bi mu ko waxee, du saaga. Daan nañu jox xale ya seen lekk ba noppi jox desit ya xaj ya.

Mk Bi loolu amee Yeesu jóge na weti Tir, jaar ci wàlli dëkku Sidon[448], dem dexu Galile, ba noppi dugg ci biir diiwaan, bi ñuy wax Fukki dëkk yi. Foofa ñu indil ko ku tëx te dër lool, ñaan ko mu teg ko loxo. Noonu Yeesu yóbbu ko, ba ñu sore mbooloo mi, mu def ay baaraamam ciy noppam, daldi tifli, laal làmmiñam. Mu yërëm ko, ba binni ci xolam, xool ci asamaan, daldi ne: « Effata, » liy tekki « Ubbikuleen. » Ci saa si ay noppam daldi dégg te làmmiñam yiwiku, muy wax bu leer. Bi mu ko defee Yeesu tere léen, ñu wax ko kenn, waaye lu mu léen ko gëna tere, ñu gën ko nee siiwale. Ñu waaru lool naan: « Lépp lu mu def, lu yéeme la. May na sax tëx yi ñuy dégg, ak luu yi ñuy wax. »

Mc Bi loolu amee Yeesu jóge foofa, ñëw ci weti dexu Galile; mu yéeg ca aw tund, toog fa. Ba mu fa nekkee, nit ñu bare ñëw ci moom, indaale ay lafañ, ay làggi, ay gumba, ay luu ak ñeneen ñu bare. Ñu teg léen ci tànki Yeesu, mu faj léen. Nit ñépp waaru, ndaxte gis nañu luu yuy wax, làggi yu wér, lafañ yuy dox, ak gumba yuy gis. Ñu daldi màggal Yàlla Buuru Israyil.

## 66. Yeesu bareel na ay mburu ñaareel bi yoon (Mc 15:32-38; Mk 8:1-9)

*Anam yi: Ca penku dexu Galile la Yeesu nekk ba tey.*

Mk Ca bés yooya mbooloo mu réy amaatoon na, te amuñu woon lu ñu lekk. Noonu Yeesu woo taalibe ya ne léen: « Yërëm naa mbooloo mi, ndaxte toog nañu fi man ñetti fan, te amatuñu lu ñu lekk. Mc Bëgguma léena yiwi Mk ak seen xiif Mc te lekkuñu, ngir bañ ñu tële ci yoon wi, Mk ndaxte am na ñu jóge fu sore. » Taalibe yi ne ko: « Waaye fii àllub neen la; fu nuy jële lu doy ngir dundal Mc mbooloo mu tollu nii? » Yeesu ne léen: « Ñaata mburu ngeen am? » Ñu ne ko: « Juróom ñaari mburu ak ay jën yu ndaw[449]. »

Mk Noonu Yeesu sant mbooloo mi, ñu toog ci suuf. Mu jël juróom ñaari mburu yi, sant Yàlla, damm léen, jox léen taalibe yi, ngir ñu séddale léen mbooloo mi; taalibe yi def ko. Amoon na fa it tuuti jën yu ndaw. Yeesu jël ko, sant Yàlla, wax taalibe yi, ñu séddale léen itam mbooloo mi. Mc

---

[448] **Mk 7:31** ***Sidon***, dëkk la woon bi ñu xam tey ji ci turu Sayda ci réewu Libaŋ. Mooy dëkk bu waa Fenisi jëkka samp te mu nekk 40 kilomet ca noru Tir. Daan nañu defar weer di ko jaay, te defar cuub gu yolet. Ca jamono nguuru Room, may nañu léen ñu yilif seen bopp ba tey. Teeru bu am solo la woon. Seetal kart 1 F2.

[449] **Mc 15:34; Mk 8:5** ***mburu ak jën***: Seetal leeral 409 (Mc 14:17, wàll 60, page 140)

Noonu ñépp lekk ba suur. Te ñu dajale juróom ñaari dàmba[450] yu fees ak dammit yi ci des. Gannaaw jigéen ñi ak gone yi, góor ñi ci lekk matoon nañu ñeenti junni.

**67. Lawiiru Farisen yi** (Mc 15:39-16:12; Mk 8:10-21)

*Anam yi: Yeesu dafa jàllaat dex ga dugg diiwaanu Galile ci wàlli Magadan. Bi ay Farisen ñëwee ci moom mu jàllaat dex ga jëm Betsayda.*

Mk Bi ko Yeesu defee, mu yiwi léen, daldi dugg ak taalibe ya ca gaal ga, dem ca wàlli Dalmanuta[451], Mc ci wàlli Magadan[452]. Amoon na ay Farisen ak ay Sadusen yu ñëw[453] ci Yeesu, Mk di werante ak moom. Mc Ñu fexe koo fiir, ba laaj ko ne: « Won nu kéemaan guy firndeel sag yónnent, te mu jóge ci asamaan. » Noonu Yeesu ne léen: « Ngoon gi dangeen naan: “Du taw suba ndax asamaan si dafa xonq.” Te suba gi ngeen naan: “Tey daal dina taw, ndax asamaan si dafa xonq te xiin.” Kon man ngeena ràññee melow asamaan, waaye manuleena ràññee firndey jamono ji nu tollu[454]. » Mk Waaye Yeesu binni ci xolam ne léen: « Lu tax niti jamono jii di laaj kéemaan? Mc Yéenay laaj firnde, yéen niti jamono ju bon jii, yéen ñi fecci seen kóllëre ak Yàlla. Mk Ci dëgg maa ngi leen koy wax, Mc dungeen jot genn firnde[455] gu dul firndeg Yunus[456]. »

---

[450] **Mk 8:8 *dàmba***: Gu rey la woon. Moo gëna rey pañe yi taalibe ya jëfandikoo bi Yeesu bareelee mburu ya beneen yoon (Mc 14:15; Mk 6:37; Lu 9:12; Yow 6:5). Mooy li ñu jëfandikoo woon ngir jaarale Pool ci miiru Damas (Jëf 9:25).

[451] **Mk 8:10 *wàlli Dalmanuta***: Diiwaan la woon, ci penku dexu Galile. Kenn xamatul fan la nekkoon.

[452] **Mc 15:39 *wàlli Magadan***: Diiwaan la woon ca wetu sowu dexu Galile ca diggante Kapernawum ak Tiberyàdd. Dëkku Magdala bokk na ci diiwaanu Magadan.

[453] **Mc 16:1 *ay Farisen ak ay Sadusen ñëw***: Farisen ya ak Sadusen ya faraluñoo ànd. Ay noon lañu woon ndax seeni ngëm. Seetal Jëf 23:6-10. ***Farisen ya***: Seetal leeral 87 (Mc 3:7, wàll 16, page 46). ***Sadusen ya***: Seetal leeral 87 (Mc 3:7, wàll 16, page 46).

[454] **Mc 16:3 *firndey jamono ji nu tollu***: Maanaam màndarga yi wone ne Almasi bi Yàlla digoon ñëw na.

[455] **Mc 16:4 *firndeg Yunus***: Dafa wax ci misaal ci lu jëm ci dee ak ndekkite Yeesu.

[456] **Mc 16:4 *Yunus***: Yonent la woon ca jamano buuri Israyil Yerbowam II daanaka 800 at lu jiitu jamano Kirist. Yàlla sant na ko mu dem waareji waa dëkku Babilon. Waaye mu bañ, dugg gaal guy dem Tarsis ci Espaañ ngir jéema daw Yàlla. Waaye Aji Sax ji moo wol ci géej gi ngelaw lu metti ba gaal ga di waaja suux. Dawalkati gaal ga sànni na Yunus ca géej ga. Aji Sax ji, yebal jën wu réy mu wann Yunus. Diirub ñetti bëccëg ak ñetti guddi, Yunus nekkoon na ci biiru jën wa ba mu réccu. Gannaaw ga Aji Sax ji wax ak jën wa mu

[Mk] Ci kaw loolu Yeesu bàyyi léen, duggaat ci gaal gi, di jàll dex gi. Taalibe yi nag fàtte woon nañu yóbbaale mburu, te amuñu woon lu dul benn mburu ci gaal gi. Noonu Yeesu artu léen ne: « Wottuleen te moytu lawiiru Farisen yi [Mc] ak Sadusen ya, [Mk] ak ñi far ak buur bi Erodd[457]. » [Mc] Bi ko taalibe yi déggee, ñu daldi werante ci seen biir naan: « Nun de indaalewunu mburu. » Waaye Yeesu yég loolu ne léen: « Yéen ñi néew ngëm, lu tax ngeen di werante ci seen biir, [Mk] ci li ngeen indaalewul mburu? Xanaa gisaguleen te xamuleen? Ndax seen xol dafa fatt ba tey? Ndax ay gumbay njàccaar ngeen, te seeni nopp naqari? Xanaa fàttalikuwuleen; bi ma dammee juróomi mburu ya ngir juróomi junni ña[458], ñaata pañe yu fees ak ay dammit ngeen ca dajale woon? » Ñu ne ko: « Fukk ak ñaar. » Yeesu neeti léen: « Te bés bi ma dammee juróom ñaari mburu yi ngir ñeenti junni ñi[459], ñaata dàmba yu fees ak dammit ngeen dajale woon? » Ñu ne ko: « Juróom ñaar. » Noonu Yeesu ne léen: « Ndax seen xol dafa tëju ba tey? [Mc] Kon nag lu tax xamuleen ne waxuma mburu? Waaye damaa bëgg, ngeen moytu lawiiru Farisen ya ak Sadusen ya[460]. » Noonu ñu xam ne, Yeesu waxul woon lawiiru mburu, waaye ñu moytu njànglem Farisen ya ak Sadusen ya.

## 68. Yeesu faj na ku gumba ca dëkku Betsayda (Mk 8:22-26)

[Mk] Gannaaw loolu ñu ñëw ci Betsayda[461]. Foofa ñu indil Yeesu ku gumba, di ko ñaan, mu laal ko. Yeesu nag jàpp loxob gumba gi, yóbbu ko, ba génn dëkk bi. Mu def tiflit ciy bëtam, teg ko loxo naan: « Ndax gis nga dara? » Waa ji xool ne ko: « Gis naa ay nit, ñu mel ni ay garab, te ñu ngi dox. » Kon Yeesu laalaat bët yi, gumba gi ne xefeet, daldi wér, ba gis lépp bu

---

goqi Yunus ci kaw suuf si. Ba noppi Yunus dem na waareji waa Babilon te ñépp tuub ci seeni bàkkaar. Man nga ko jàng ci Yunus 1:1-4:11.

[457] **Mk 8:15 *ñi far ak buur bi Erodd***: Seetal leeral 263 (Mk 3:6, wàll 42, page 103).

[458] **Mc 16:9; Mk 8:19 *Yeesu bareel na mburu ngir 5.000***: (Mc 14:13-23; Mk 6:30-46; Lu 9:10-17; Jn 6:1-17) wàll 60, page 139.

[459] **Mc 16:10 Mk 8:20 *Yeesu bareel na mburu ngir 4.000*** (Mc 15:32-38; Mk 8:1-9) wàll 66, page ?.

[460] **Mc 16:6,11,12; Mk 8:15 *lawiiru Farisen ya ak Sadusen ya***: Ci xalaatu Yawut ya, lawiir mooy misaal lu bon (1Ko 5:6–8; Gal 5:9). Lawiiru Farisen ya ak Sadusen ya ak ñi far ak buur bi Erodd mooy seeni njàng, njàng moo xam ne moo mana nax nit, xiir ko mu bàyyi yoonu ngëm, yóbbe bàkkaar ak ngëmadi ba mu reer. Rawatina njàng mu tere ñu gëm ci Yeesu.

[461] **Mk 8:22 *Betsayda***: Seetal leeral 116 (Yow 1:44, wàll 22, page 56).

leer. Ci kaw loolu Yeesu sant ko mu ñibbi ne ko: « Bul dugg ca dëkk ba. »

## Saar 12. Bañ nañu Yeesu ca Yerusalem

### 69. Yeesu ca màggalu Mbaar ya (Yow 7:2-13)

*Anam yi: Màggalu Mbaar ya mu nga amoon ca weeru oktoobar.*

Yow Yeesu bëggul woona dem diiwaanu Yude[462], ndaxte Yawut ya[463] dañu ko doon wuta rey.

Fekk na bésu xewu Yawut ya, ñu koy wax màggalu Mbaar ya[464], mu ngi

---

[462] **Yow 7:2 *diiwaanu Yude***: Diiwaanu Yawut yi la woon. Foofu la Yawut ya dëkkoon bi ñu jóge woon Babilon gannaaw ga seen njaam daanaka 500 j.K. ba waa Room ñëw tas réew mi ca 70 g.K.. Ca jamano ju nekk luy Yude wuute woon ak yeneen jamano. Ca jamano Kirist ja, maanaam Yude ci Injiil, Yude mooy benn ci ñetti diiwaan yi Erodd bu Mag ba yilif ca suufu nguuru Room (Yude, Samari ak Galile). Guddaayam ak yaatuwaayam 90 kilomet ya la woon. Ca 6 g.K. nguuru Room boole na Yude ak diiwaanu Siri, ngir boroom réew ma ca Siri yilif Yude jaarale ko ci boroom réewu Yude. Ca at yi Yeesu doon liggéey Poñsë Pilaat moo doon boroom réew ma. Seetal kart 1.

[463] **Yow 7:2,13 *Yawut ya***: Ñooy njiiti Yawut ya ca Yerusalem, du Yawut yépp.

[464] **Yow 7:2 *màggalu Mbaar ya***: Moo tudd itam màggalu bésu Farmàngu mi (Ex 23:16; 34:22). Moo doon màggal gi Yawut ya gëna bëgg, genn ci ñett yi góor gépp gu am 20 at war na cee bokk ci Yerusalem su ko manee. Daan nañu ñëw Yerusalem jóge fépp fu Yawut ya fekk ca àddina si. Juróom-ñetti fani màggal ga yépp, bànni Israyil dëkkoon nañu ci ay mbaar. Mbaar yi, ci cari tiir ak cari garab yu sëq lañu léen defe ca kaw kër ya, ci biir tool ya, walla ci ëtti kër Yàlla sax. Def nañu ko ngir wormaal jamano, ja ñu génne Misra, dëkk ciy mbaar, di wëndéelu ca màndiŋ ma ci diiru 40 at (Le 23:34-43: De 16:13-16). Ca màggal ga bànneexu nañu itam ca bésub ngóobum reseñ ak oliw mu nawet (De 16:13; Ex 23:16; 34:22), di ñaan Yàlla ngir mu taw.
Dëkk ba xumb na lool, fees dell ak nit, ni gàmmu ya ñu am tey ji ci Senegaal. Daan nañu woy Yàlla, di fecc, di lekk, waa dëkk ñepp bég.
Suba su nekk ca fajar ay sarxalkat dem rooti ak lenn njaq lu wurus ca bëtu Silowe, ba noppi mbooloo ma daagu ba ca kër Yàlla ga. Góor gu nekk ca mbooloo ma daan nañu boole ay cari tiir, ak cari garab yu ñuy wax sóol ak cari garab yu ñuy wax mirt, def leen ab takk. Ñu jël takk ba ci seen loxob ndeyjoor, yékkati ko, te jël doomu garab bu mel ni limoŋ te ñu wax sedrat ci seen loxob càmmooñ. Bi ñu àggee buntu ndox ca kër Yàlla, ñu wal liit ga ñetti yoon, ba noppi sarxalkat ya dem wëri sarxalukaay, kureelu woykat ya di woy. Ca juróom ñaareelu fan ñu wër sarxalukaay 7 yoon. Foofu sarxalkat ya sotteendoo ndox ni sarax ca benn ndabu xaalis ca gii wetu sarxalukaay, biiñ ca gaa ca des.
Bés bu nekk sarxalal nañu Aji Sax ji itam 10 yëkk, 2 kuuy, 14 xar ak benn bëy.
Ñeenti tegukaay làmp yu wurus bu nekk am ñeenti car ak ñeenti làmp ca ëttu kër Yàlla ga leeraloon dëkk ba guddi gu nekk, te ñu fecc ca suuf. Tegukaay bu nekk amoon na kawewaay bu ëpp 20 meetar.
Moo topp ca màggal gu tudd bésub Njotlaay ba ca juróomi fan. Ca fukk ak juróomeelu bésu juróom-ñaareelu weeru Yawut ya wa la tàmbale woon, maanaam weeru sàttumbar

doon jubsi. Noonu rakki Yeesu yu góor ya ne ko: « Jóge fi te dem diiwaanu Yude, ngir say taalibe gis[465], ñoom itam, jaloore yi ngay def. Ku bëgga siiw, doo nëbb say jëf. Boo demee bay wone jaloore yu mel ni, fexeel ba ñépp gis la. »

Rakkam yi dañu doon wax loolu, ndaxte ñoom itam gëmuñu ko woon. Yeesu ne léen: « Sama waxtu jotagul. Ci yéen nag, waxtu yépp a baax. Àddina[466] du leen bañ waaye bañ na ma, man, ndaxte maa wax ne seeni jëf baaxul. Yéen nag demleen màggal ga. Demaguma màggal googu, ndaxte sama waxtu jotagul. »

Bi mu léen waxee loolu ba noppi, moom mu des Galile.

Bi rakkam ya demee ca màggal ga, Yeesu itam sooga dem te kenn yégu ko; siiwalul demam. Fekk Yawut yaa nga ko doon seet ca màggal ga te naan: « Ana waa ji? »

Ca biir mbooloo ma ñu ngi doon déeyante, di wax ci ay mbiram. Ñii naan: « Nit ku baax la. » Ñee naan: « Déedéet, day nax nit ñi[467]. » Waaye kenn ñemewu koo tudd ca kaw, ndaxte dañoo ragaloon Yawut ya.

## 70. Yeesu jàngale na ca màggal ga (Yow 7:14-24)

Yow Bi ñu demee ba ca diggu màggal ga, Yeesu dem di jàngle ca kër Yàlla ga. Yawut ya nag jaaxle, daldi ne: « Nu waa jii def ba xam lii lépp, moom mi jàngul?[468] »

---

walla oktoobar ci weeri tubaab. Ci atub tubaab 31 g.K. màggalu Mbaar ya oktoobar 20 ba 26 la woon.

[465] **Yow 7:3 *ngir say taalibe gis***: Ñooy taalibe ya nekk ca diiwaanu Yude. Daanaka 6 weer lu jiitu ay taalibeem yu bare dëpp, bañatee ànd ak Yeesu (Yow 6:66). Xëyna, ñoom la ay rakkam tudde.

[466] **Yow 7:7 *àddina***: Ci téereb Yowaana baat bi 'àddina' moo am ay tekki yu wuute. Léeg-léeg mooy lépp li Yàlla sàkkoon (Yow 1:10; 17:5,24; 21:25) walla doom Aadama yi yépp rawatina yi soxla mucc gi. Waaye itam yeneen saay ni aaya bii, mooy ñi bañ Kirist, ak lépp lu juuyoo ak Yàlla, lu tëdd ci loxoy Ibliis.

[467] **Yow 7:12 *day nax nit***: Tuuma ju réy la. Jéem nañoo wax ne Yeesu dafa xiirtal nit ñi ñu gàntal seen Yàlla, maanaam ku mbubboo turu yonent la. Ki koy def, Yoonu Musaa moo sant ñu dóor koy doj ba mu dee (De 13:1-11).

[468] **Yow 7:15 *Moom mi jàngul***: Jàngaloon nañu xale yu góor ñépp ñu tari yoonu Musaa. Ca xalaatu waa jamono ña fàww nga am ab boroom xam-xam jàngal la bu wér yoonu seen maam bala nga mana jàngle. Loolu moo tax ñu waaru ndaxte Yeesu musula jàng ca benn ca ñoom. Ci seeni lekool jàngal nañu léen ne ñu baamtu xalaati ña léen jiitu. Ñi

Yeesu daldi léen wax ne: « Li may jàngle, jógewul ci man, waaye ci ki ma yónni la jóge. Ku fas yéenee wéy ci bëgg-bëggu Yàlla, dina xam ndax sama njàngle ci Yàlla la jóge, walla ci sama coobare. Nit kiy wax ci coobareem nag, day wuta màggal boppam, waaye kiy wuta màggal ki ko yónni, dëgg rekk lay wax te jubadiwul fenn. Xanaa du Musaa moo leen jox ndigali Yàlla yi? Waaye kenn ci yéen sàmmu ko! Lu tax ngeen bëgg maa rey? »

Mbooloo ma ne ko: « Xanaa dangaa am ay rab! Ku lay wuta rey? »

Yeesu ne léen: « Benn jaloore[469] rekk laa def, te yéen ñépp ngeen jaaxle! Li leen Musaa jox ndigalu xarafal gone yi[470] — jógewul kat ci Musaa; mi ngi tàmbalee ci seen maami cosaan — moo tax ba ngeen nangoo xarafal nit ci bésub noflaay bi. Bu ngeen manee xarafal nit ci bésub noflaay bi, ngir baña wàcc yoonu Musaa, lu tax nag ngeen mere ma, ndax li ma ci wéral nitu lëmm? Bàyyileen di àtte ci ni ngeen di gise, te di àtte dëgg. »

## 71. Ndax Yeesu mooy Almasi bi? (Yow 7:25-8:1)

Yow Am na ci waa Yerusalem[471] ñu doon wax naan: « Xanaa du nit kii lañuy wuta rey? Xool-leen, mi ngi waaraate ci biir nit ñi, te kenn du ko wax dara. Ndax sunu kilifa yi dañoo xam ne mooy Almasi bi[472]? Waaye

---

jàngoon xeeb nañu ñi jàngul.

[469] **Yow 7:21 *benn jaloore***: Werante wii moo topp ci li Yeesu defoon bi mu mujjee ñëw Yerusalem am na menn at walla 18 weer lu jiitu. Mooy li nu gis ci Yow 5:1-15 (wàll 50, page 115). Ba tey ñu werante ci ni Yeesu faje woon ab jarag ca bésub noflaay.

[470] **Yow 7:22-23 *ndigalu xarafal gone***: Yoonu Musaa moo sant Yawut ya ñu xarafal bépp góor gu bokk ca seen askan, bu amee juróom ñetti fan (Le 12:3). Waaye dëgg-dëgg xarafu góor ca Ibraayma la tàmbali. Yàlla moom ci boppam moo joxoon Ibraayma menn màndargam kóllëre gi mu fasoon ak moom, mooy xarafu góor (Ge 17:9-14).
Yoonu Musaa aaye na itam bépp liggéey ca bésub noflaay (Ex 20:8-11; 31:14; 35:2). Xarafal gone, liggéey la. Su amee ñaari ndigal yu juuyoo, ñu dogal ban moo ëpp maana. Mooy xarafal gone. Naka noonu aada maam dogal na ne xarafal gone sañ na ca bésu noflaay. Te Yeesu nee na su xarafal gone sañ na ca bésu noflaay, waxatumaak wéral nit.

[471] **Yow 7:25 *waa Yerusalem***: Ñooy ñi dëkk Yerusalem. Ña ñëwoon ganesi Yerusalem ngir màggalu Mbaar ya bokkuñu ca.

[472] **Yow 7:26 *Almasi bi***: Almasi bi mooy tekki 'Ku Yàlla fal ngir liggéeyal ko'. Yonent Yàlla yi jiitu woon jamano Kirist waxoon nañu ci lu jëm ci musalkat bi Yàlla dige woon nara ñëw. Tur wi dafa ëmb wax yooyu yépp. Yawut ya, bu ñu masaana fal kenn, dañu daan sotti diwlin ci boppam, muy yonent, muy sëriñ mbaa buur. Krist, Almasi bi nag, mooy Ki Yàlla sol Xelam, ngir wone ne mooy Yonent, Saraxalekat ak Buur bi. Moo di yonent, bi nuy jottali

waa ji, xam nanu fu mu jóge[473], te saa su Almasi bi dee dikk, kenn du xam fu mu bàyyikoo. »

Yeesu di jàngle ca kër Yàlla ga, daldi wax ca kaw ne: « Ndax xam ngeen ma te xam fi ma jóge? Ñëwaluma sama bopp, waaye ki ma yónni, ku wóor la. Yéen xamuleen ko. Man xam naa ko, ndaxte ca moom laa jóge, te itam moo ma yónni. »

Noonu ñu koy wuta jàpp, waaye kenn manalu ko woon dara, ndaxte waxtoom jotagul woon. Moona nag, ñu bare ca mbooloo ma gëm nañu ko. Ñu nga naan: « Ndax bés bu Almasi bi dikkee, ay firndeem dina ëpp yu nit kii? »

Farisen ya[474] daldi dégg la mbooloo ma doon déeyante ci mbirum Yeesu. Sarxalkat yu mag ya[475] ak Farisen ya yebal ay alkaati[476] yu daan wottu kër Yàlla ga, ngir ñu jàppi ko.

Yeesu wax ne: « Dinaa nekk ak yéen fi ak ab diir, sooga dem ci ki ma yónni. Dingeen ma seet, waaye dungeen ma gis; te dungeen mana dem fa may nekk. »

Yawut ya di laajante ci seen biir naan: « Fu muy dem fu nu ko dul fekk?

---

xebaaru jàmm fa kanam Yàlla. Moo di Saraxalekat, bi nu ubbil bunt fa Yàlla. Moo di Buur, bi yilif ñépp ak yépp. Seetal itam 'Kirist' ca leeral 114 (Yow 1:41, wàll 21, page 55). Baat bii mu ngi jóge ci làkku araab, sukkandiku ci làkku ibrë, te muy tekki 'Kirist' ci làkku gereg. Ci Injiil bi ci gereg Almasi bi dafay am ñaari yoon rekk (Yow 1:41; 4:25). Ci firi Wolof, bu Injiil bi ci gereg amee Kirist te mu bëgga wax ci ndombam dañu koy firi Almasi. Bu Injiil bi ci gereg amee Kirist te mu bëgga wax ci turam dañu koy firi Kirist.

473 **Yow 7:27 *xam nanu fu mu jóge***: Ca jamono Yeesu amoon na ñi gëm ne kenn du xam fu Almasi bi jóge ba bés bu mu feeñ. Yaakaaroon nañu ne Yeesu mooy ab minise bu jóge Nasaret ca Galile.

474 **Yow 7:32 *Farisen ya***: Seetal leeral 87 (Mc 3:7, wàll 16, page 46).

475 **Yow 7:32 *Sarxalkat yu mag ya***: Seetal leeral 56 (Mc 2:4, wàll 12, page 36).

476 **Yow 7:32 *alkaati***: Ña soqikoo ca giiru Lewi ñoo doon liggéeykat ya ca kër Yàlla ga. Amoon na ay junni ca ñoom ña doon wottu kër Yàlla, ñooy alkaati ya. Waaye ndegam du képp ca ñoom mana dugg fépp ca kër Yàlla ga, amoon na ay sarxalkat ca alkaati ya itam. Ndaxte ña soqikoo ca Aaroona doŋŋ sañoon nañoo dugg ca ay bérab ca kër Yàlla ga ni ëttu sarxalkat ba ak bérab bu sell ba sell. Kilifag ñay wottu kër Yàlla ga moo topp ca Sarxalkat bu mag rekk ci sañ-sañ. Seeni sas ñoo doon wottu bunt ya di leen tëj te ubbi; tere kenn dugg fu mu sañula dem, rawatina ña dul Yawut ya; xiir ñépp ña nekk ca kër Yàlla ñu topp i sàrtam yépp, di leen mbugal su ñu tooñee; dalal mbooloo ma su ñu tàmbalee yëngu.

Mbaa du dafa nara dem ca Yawut, ya gàddaaye ca Gereg ya[477], te jàngali Gereg ya? Lan la baat yii mu wax di tekki: "Dingeen ma seet waaye dungeen ma gis," ak: "Dungeen mana dem fa may nekk"? »

Bés ba mujjoon ca màggal ga[478] moo ca ëpp solo; keroog Yeesu taxaw, wax ca kaw[479] ne: « Ku mar, na ñëw ci man; ku gëm, na naan![480] Ndaxte Mbind mi nee na[481]: "Ndox mu bare muy dundale dina xellee ci dënnam." » Booba li ko taxoon di wax mooy Xelu Yàlla[482], mi ñi ko gëm naroona jot. Fekk na joxeeguñu woon Xelu Yàlla mi, ndaxte ndamu Yeesu feeñagul woon.

Bi ñu déggee wax jooja, am ay nit ca mbooloo ma ñu naan: « Dëgg-dëgg

---

[477] **Yow 7:35 *Yawut ya gàddaaye ca Gereg ya***: Ca xarnu yu jiitu jamono Injiil amoon na ay Yawut yu bare yu tasaaroo ci àddina si : ñii ndax njaay ; ñee ndax xare Asiri ak Kaldeen ya ñëwoon, noot léen, yóbbu léen, def léen i jaam ; ñeneen ña dawoon xare. Yaakaar nañu ne amoon na 5 milyoŋ Yawut ca biti Palestiin ca jamono Yeesu – maanaam lu ëpp ña dëkkoon Yude. Dencoon nañu seen diine waaye jël nañu làkk ak aada Gereg yi. Seen jëfu diine ak seen gëm dañuy gëna woyef yeneen Yawut yi ba mel ni tariixa. Naka noonu amoon na ay mbooloom Yawut yu réy ca lu ëpp ca dëkk yu réy ca nguuru Room ni nu gise ca Jëf 2:9-11. Ci misaal amoon na ay junni, junni Yawut ca Misra, ak ay téeméeri junni Yawut ca Asi Minër.

[478] **Yow 7:37 *bés ba mujjoon ca màggal***: Màggalu mbaar, juróom-ñaari fan la def, tàmbale ca bésu noflaay (De 16:13). Boole nañu itam bésub noflaay bu topp, mooy juróom-ñetti fan. Ci lu gëna wóor juróom-ñaareelu fan mooy bés ba mujjoon ca màggal ga. Moo ëpp solo juróom-ñetteelu fan ba. Sàmmuñu aada rooti ndox te feccuñu ca suufu tegukaayu làmp ya ca juróom-ñetteelu fan ba.

[479] **Yow 7:37 *wax ca kaw***: Am na ñi yaakaar ne Yeesu dafa waxoon ca kaw ca saa su ñu sottee ndox ca sarxalukaay ba. Su noonoo la, wax ji waroon na dugg lool ci seeni xol.

[480] **Yow 7:37-38 *naan, ndox***: Ndox moo amoon wàll bu am solo ci biir lépp li màggalu Mbaar di ëmboon. Moo leen fàttali ni Yàlla mayoon bànni Israyil ndox, bi xeer wi xellee ndox (Ex 17:1-6). Moo léen fàttali itam ni taw bi ñu soxla ngir seen mbey sëse ca Yàlla. Ndox mi moo tax itam ñu séentu mujug jamono bi ndoxum dund ma xellee ci Yerusalem (Isa 12:3; Eze 47:1–12; Zec 14:8). Maanaam, ndox mi moo léen fàttali muccug Yàlla gi ñu jotoon démb, ak ci jamono ju ñu fekk, ak li ñu nara jot ëllëg. Bi Yeesu waxoon "Ku mar, na ñëw ci man; ku gëm, na naan!" dafay wone ne mooy ki amal li màggal ga ëmb.

[481] **Yow 7:38 *Mbind mi nee na***: Aaya bu wax ne tembe baat yi Yeesu waxoon amul ci Mbindum Yonent yi. Ci biir aaday màggalu mbaar ga jàngoon Zec saar 14 ak Eze saar 47, buy wax ca ndoxum dund buy xellee ca kër Yàlla ga. Am na ñi gis xalaat yu nekk ci biir waxu Yeesu feeñ ci Neh saar 8 ak 9. Ñeneen gis ko ca Joel 2:28-29; 3:19 Isa 44:3-4; 55:1-13 walla 58:11.

[482] **Yow 7:39 *Xelu Yàlla mi***: Seetal leeral 25 (Lu 1:35, wàll 6, page 24).

kii mooy Yonent bi wara ñëw[483]. » Ñeneen naan: « Mooy Almasi bi. » Ña ca des it ne: « Waaye nan la Almasi bi mana jógee Galile? Mbind mi wax na ne, Almasi bi ci xeetu Daawuda[484] lay wàcce te Betleyem[485], dëkku Daawuda, lay jóge. »

Noonu féewaloo daldi am ca biir mbooloo ma ndax Yeesu. Am na ca ñoom ñu ko bëggoona jàpp, waaye kenn manalu ko woon dara.

Bi alkaati ya delloo, sarxalkat yu mag ya ak Farisen ya laaj léen ne: « Lu tax indiwuleen ko? » Alkaati ya ne léen: « Kenn masula waxe ni nit kooku! » Noonu Farisen ya laaj léen: « Mbaa naxuñu leen, yéen itam? Ndax am na kenn ci sarxalkat yi walla ci Farisen yi ku ko gëm? Déedéet. Waaye mbooloo mi xamuñu yoonu Musaa; ñu alku lañu![486] »

Nikodem[487] bokkoon na ca Farisen ya fa nekkoon. Fekk moo seeti woon Yeesu lu jiitu. Mu ne léen: « Ndax ci sunu yoon[488], man nañoo daan kenn te dégluwuñu ko, mbaa ñu xam lu mu def? »

Ñu ne ko: « Mbaa du yaw itam dangaa bokk ci diiwaanu Galile[489]? Gëstul, kon dinga xam ne benn yonent masula jóge Galile[490]. »

Gannaaw loolu ku ci nekk dellu sa kër. Yeesu moom, dem ca tundu Oliw ya[491].

---

[483] **Yow 7:40 *yonent bi wara ñëw***: Seetal leeral 104 (Yow 1:21, wàll 20, page 52).

[484] **Yow 7:42 *xeetu Daawuda***: Yonent yi yégle nañu ne ci askanu Daawuda la Almasi bi nara bokk (Jer 23:5; 2Sa 7:12-16; Ps 132:11).

[485] **Yow 7:42 *Betleyem***: Ca Betleyem la buur ba Daawuda juddoo ci këru baayam Yese (1Sa 16:1,4,13). Loolu moo tax ñu tudde ko 'dëkku Daawuda'. Te yonent Yàlla Mise yégle na ne 700 at laata jamono Yeesu, Almasi bi ca Betleyem la juddoo (Mic 5:2).

[486] **Yow 7:49 *mbooloo ma alku nañu***: Farisen ya daan nañu làmboo xeebte ci ñi bokkul ci ñoom. Daan nañu tudd ña bokk ci mbooloo ma 'waa réew ma'. Ñooy ñi jàngul ni Farisen ya ak xutbakat ya doon jàng, te jéemula topp aada yi maam ya tëraloon. Ñu xalaat ne su ñu jàngul, mënuñoo xam yoonu Musaa. Te su ñu ko xamul, mënuñu koo topp. Te su ñu ko toppul, jàdd nañu yoon. Te naka noonu ñu alku lañu.

[487] **Yow 7:50 *Nikodem***: Seetal leeral 133 (Yow 3:1, wàll 25, page 64).

[488] **Yow 7:51 *sunu yoon***: Maanaam yoonu Musaa. Yoonu Musaa dafa tëral ñu àtte ci njubte (De 1:16-17; 17:8-11; 19:15-19).

[489] **Yow 7:52 *Galile***: Waa Yude daan nañu xeeb waa Galile.

[490] **Yow 7:52 *benn yonent masula jóge Galile***: Ci dëgg-dëgg, Yonent Yàlla Yunus (2Ki 14:25) Yonent Yàlla Naxum (Nah 1:1) ak xëyna Yonent Yàlla Ilyaas ca Galile lañu jóge.

[491] **Yow 8:1 *tundu Oliw ya***: Tund yu tollu benn kilomet ca penku kër Yàlla ga la. Diggante Yerusalem ak tundu Oliw ya am na xur wu xóot, mooy xuru Sedoron. Dafa siiwoon ndax

## 72. Jigéen ji doon njaaloo (Yow 8:2-11)

Yow Ca ëllëg sa ca fajar, mu dellu ca kër Yàlla ga, mbooloo ma fa teewoon wër ko. Mu toog, tàmbali di léen jàngal. Xutbakat ya[492] ak Farisen ya[493] indi jenn jigéen ju ñu bettoon muy njaaloo[494], ñu taxawal ko ca diggu mbooloo ma. Noonu ñu ne Yeesu: « Kilifa gi, jigéen jii de, dañu koo bett muy njaaloo. Ci ndigali Yàlla yi, jigéen ju njaaloo, Musaa dafa santaane[495] ñu sànni ko ay xeer, ba mu dee. Yaw nag, lu ciy sa xalaat? »

Loolu nag, dañu ko doon wax ngir seetlu ko[496], ndaxte bëggoon nañoo tiiñal Yeesu. Yeesu sëgg, di bind ak baaraamam ci suuf. Bi laaj ya baree, mu siggi ne léen: « Ku masula def bàkkaar ci yéen, na ko jëkka sànniy xeer. »

Noonu mu sëggaat, dellu di bind ci suuf. Bi ñu déggee loolu, ñuy rocceeku kenn-kenn, mag ña jiitu. Yeesu rekk des fa, jigéen ja taxaw ca kanamam. Mu daldi siggi ne ko: « Jigéen ji, ana ñi la doon jiiñ njaaloo? Ndax kenn tegu la tooñ? » Mu ne ko: « Kenn, Sang bi. » Yeesu ne ko: « Man it ci sama wàll, duma la daan. Demal, waaye bul defati bàkkaar. »

## 73. Man maay leeru àddina (Yow 8:12-30)

---

tooli Oliw ya. Tey ji fees na dell ak bàmmeel ya, lu tollu 150,000.

[492] **Yow 8:3 *Xutbakat***: Seetal leeral 57 (Mc 2:4, wàll 12, page 36).

[493] **Yow 8:3 *Farisen ya***: Seetal leeral 87 (Mc 3:7, wàll 16, page 46).

[494] **18.28** Maanaam téeméeri denariyon. Seetal Xaalis ci Leeral yi.

[495] **Yow 8:5 *Musaa santaane***: Mënuñu koo àtte, teg ko dee, lu dul ñaari góor seede nañu ne gis nañu ak seeni bët góor gu tëddoon ak jigéen ju am jeneen jëkkër. Seede yooyu ñooy ñi jëkka sànniy xeer (De 17:6-7). Waaye su seede ya fen buy seedeel mbokkam lu dul dëgg, ñu teg fenkat ba ndaan la mu bëggoon ñu teg kooku mu sosal (De 19:16-19). Góor gu njaaloo mook jabaru moroomam ji muy njaalool, ñoom ñaar dee mooy seen àtte (Le 20:10; De 22:22-24), maanaam ñu sànni léen ay xeer, ba ñu dee.

[496] **Yow 8:5 *ñu seetlu Yeesu***: Ca kaw li ñu xam Yawut ya daawuñu rey nit ndax njaaloo ca jamono Kirist. Nguuru Room nag, mayul Yawut ya ñu àtte nit, teg ko dee (Yow 18:31). Dañuy jéema fiir Yeesu. Su Yeesu feddalee yoonu Musaa, dafa weddi yiw ak yërmande yi mu doon jàng. Su mu ko weddee yoonu Musaa, dafa wonee ne ku jalgati yoon la. Tamit su mu xiiree léen, ñu rey ko, nguuru Room dina dal ca kawam.
Waaye Yeesu bañ naa dugg ci seen fiir. Bañ na layook Farisen ya ngir wone ne soxlawuñu rey jigéen ja. Mu ne léen: « Ku masula def bàkkaar ci yéen, na ko jëkka sànniy xeer. ». Seede yi ñooy ñi wara jëkka sànni xeer ya. Te su ñu ko defee, nguuru Room ci dal ca ñoom. Te bi ñu rocceeku woon, dañuy wone ñépp seeni moy.

Yow Yeesu jubluwaat ca mbooloo ma ne léen: « Man maay leeru àddina si[497]. Ku ma topp doo dox cig lëndëm[498], waaye dinga am leeru dund. »

Farisen ya ne ko: « Yaw yaay seedeel sa bopp[499], kon li ngay wax du dëgg. »

Yeesu ne léen: « Maa ngi seedeel sama bopp, teewul li may wax di dëgg, ndaxte xam naa fa ma bàyyikoo, xam fa ma jëm. Waaye yéen xamuleen fa ma bàyyikoo ak fa ma jëm. Ci gis-gisu àddina ngeen di àttee; man duma àtte kenn. Teewul nag, su ma demee bay àtte, bu jub lay doon, ndaxte du man rekk ay àtte, waaye Baay[500], bi ma yónni, daf ciy ànd ak man. Seen yoon dafa wax ne seedes ñaari nit a gëna wóor. Man maa ngi seedeel sama bopp, te Baay bi ma yónni mi ngi may seedeel itam. »

Ñu laaj ko ne: « Kuy sa baay? » Yeesu ne léen: « Xamuleen ma, xamuleen sama Baay. Bu ngeen ma xamoon, xam ko. »

Bi muy wax loolu, Yeesoo nga doon jànglee ca kër Yàlla ga, ca wetu fa ñu doon denc asaka ya[501]. Kenn manu ko woona jàpp, ndaxte waxtoom

---

[497] **Yow 8:12 *leeru àddina***: Ba tey, ñoo nekk ca màggalu Mbaar ya. Leer moo amoon wàll bu am solo ci biir lépp li màggalu Mbaar di ëmboon, ni ndox ame. Guddi gu nekk taal nañu làmp yu nekk ca kër Yàlla ga. Amoon na ñeenti tegukaay làmp yu wurus. Bu nekk amoon na kawewaay bu ëpp 20 meetar te am ñeenti car ak ñeenti làmp yu réy. Làmp ya takkoon nañu ca guddi gépp. Ñu wax ne leeraloon nañu bépp kër ca Yerusalem. Góor ñu fonk diine daan nañu fecc di woy ca suufu làmp ya ca guddi gépp. Leer gi moo fàttali Yawut ya ni Yàlla daan jiitee bànni Israyil ca biir jumu sawara ca jamono Musaa (Ex 13:21-22), di léen aar (Ex 14:19-25). Ci Mbindum Yonent yi leer gi moo misaale jetaayu Yàlla (Num 6:25; Ps 4:6; 104:2; Eze 1:4, 27–28); ak mucc (Ps 27:1; 44:3; 67:1–2; 80:1, 3, 7, 19; Isa 60:19–20). Ca jamono Yeesu Yawut ya daan nañu jëfandikoo 'leeru àddina' ngir misaale Yàlla, Israyil, Yerusalem, Almasi bi, kër Yàlla ga, ak Aadama sax.

[498] **Yow 8:12 *dox cig lëndëm***: Lëndëm moo ëmb bàkkaar ak xamadi, maanaam lépp lu bokkul ak Yàlla.

[499] **Yow 8:13 *seedeel sa bopp***: Yoonu Musaa moo sant ne benn seede doyul ngir tuumaal nit (De 19:15).

[500] **Yow 8:16 *Baay bi***: mooy Yàlla

[501] **Yow 8:20 *fa ñu doon denc asaka***: Ca werandaa wu wër ëttu Jigéen ña ca kër Yàlla amoon na 13 ndab, yi ñuy def sarax ngir Yàlla, maanaam ay dencukaayu xaalis. Ndab lu nekk, wenn waxande la. Bëtt nañu kubeer ba, ba noppi roof ñaari liit ca pax ya, yu nekk lantinoor ngir nit ñi man nañu sànni seen xaalis, te mu dugg ca waxande wa. Maanaam gémmiñam ca kaw la gëna yaatu bi ca suuf. Poset ya, ñu kliŋ-kliŋi, wàcce ak coow. Bind nañu ca waxande wu nekk ngir nit ñi xam fu xaalis ci biiram jëm. Amoon na juróom-ñeent ngir sarax yi yoonu Musaa dogaloon, ak ya ca des ngir saraxu kéene, su jëm ci Yàlla.

jotagul.

Yeesu dellu ne léen: « Maa ngi dem; dingeen ma seet, waaye seen bàkkaar ngeen di deeyaale. Fa ma jëm, dungeen fa mana dem. »

Yawut yay waxante naan: « Nee na kat, fa mu jëm, dunu fa mana dem. Mbaa du day xaruji?[502] » Yeesu ne léen: « Yéen, fii ngeen bawoo, ci suuf, waaye man ca kaw laa jóge. Àddina ngeen soqikoo, waaye man bokkuma ci. Looloo tax ma ne, ci seeni bàkkaar ngeen di dee. Bu ngeen gëmul ki ma nekk, dingeen dee ci seeni bàkkaar. » Ñu ne ko: « Yaay kan? » Mu ne léen: « Li ma leen waxoon ca njàlbéen ga. Li ma mana wax ci yéen ba àtte leen, bare na. Waaye ki ma yónni, ku wóor la, te li mu ma wax rekk laay jottali àddina. »

Xamuñu woon ne, Yàlla Baay bee tax muy wax. Yeesu nag ne léen: « Bu ngeen yékkatee Doomu nit ki[503], dingeen xam ne Maay ki Nekk[504]. Dingeen xam ne it, duma def dara man ci sama bopp. Li ma Baay biy jàngal rekk laay wax. Te it ki ma yónnee ngi ànd ak man; masu maa bàyyi ma wéet, ndaxte li ko neex rekk laay def. »

Bi ñuy dégg Yeesu di wax loolu, ñu bare daldi koy gëm.

## **Waa kër Ibraayma** (Yow 8:31-41)

Yow Yeesu ne Yawut ya ko gëmoon: « Bu ngeen saxee ci li ma wax, nekk ngeen samay taalibe ci lu wóor. Te it dingeen xam dëgg gi[505], te dëgg gi

---

[Amoon na ñaar ngir warugaram diine wu ñépp war nañoo fey, mooy dogu xaalis bu diisaay ba di genn-wàllu siikal. Amoon na ñeneen ñaar ngir wasin-wees ña setlu gannaaw seen mucc man nañu teg seen xaalis bi jënd petax yu ñu saraxe Yàlla. Jënd nañu màtt ngir sarxalukaay ba ak xaalis bu nekkoon ca juróomeel ba. Jënd nañu cuuraay ak xaalis bu nekkoon ca juróom-benneel ba. Ca juróom-ñaareel ba topptoo ndabi kër Yàlla ga. Yeneen ñaar jëmoon nañu ca yeneen sarax ya yoonu Musaa dogal.]

502 **Yow 8:22 *xaruji***: Wax ji dafa wone ni Yawut ya xeebe Yeesu. Yoonu Musaa waxul dara ca ña xaru. Waaye Yawut ya daan nañu xalaat ne bàkkaar bu réy la. Loolu moo tax ñu baña waajal néew aji xaru ja ngir rob, bañ koo suul itam bala jant so, te ñu tere kenn jooy ko.

503 **Yow 8:28 *Doomu nit ki***: Seetal leeral 121 (Yow 1:51, wàll 22, page 58).

504 **8.28 *Maay ki Nekk***: mooy turu Yàlla, wi mu feeñal yonentam Musaa, te ëmb melo wu sax wu Yàlla.

505 **Yow 8:32 *dëgg gi***: Ca xalaatu Yawut ya, dëgg gi mooy lu dëggu, mooy Yàlla ak li mu wax. Ca Mbindum yonent dëgg mooy ëmb maandute, takkute walla sàmm baat.

dina leen goreel[506]. »

Ñu ne ko: « Nun ci Ibraayma lanu soqikoo[507] te masunoo nekk jaamu kenn[508]. Nan nga nu mana waxe ne dinañu leen goreel? »

Yeesu ne léen: « Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, képp kuy bàkkaar, jaamu bàkkaar la. Te jaam du bokk ci kër gi ba fàww[509], waaye doom, moom, ci kër gi la bokk ba fàww. Kon nag bu leen Doom ji defee gor, dingeen doon ay gor tigi. Xam naa ne askanu Ibraayma ngeen. Waaye yéena ngi may wuta rey, ndaxte li may jàngle xajul ci yéen. Li ma sama Baay won laay wax; waaye yéen, li leen seen baay di wax ngeen di def. »

Ñu ne ko: « Ibraayma mooy sunu baay. » Yeesu ne léen: « Bu ngeen dee waa kër Ibraayma, dingeen jëfe ni moom. Léegi nag yéena ngi may wuta rey, man mi leen jottali dëgg, gi ma jële ca Yàlla. Ibraayma deful lu ni mel. Li ngeen donne ci seen baay rekk ngeen di def. »

Ñu ne ko: « Nun de, dunu doomi araam. Benn baay rekk lanu am, mooy Yàlla. »

## **Waa kër Seytaane** (Yow 8:42-47)

Yow Yeesu ne léen: « Bu Yàlla doon seen baay, dingeen ma bëgg, ndaxte ca moom laa jóge, ñëw ci ndigalam. Ñëwaluma sama bopp, waaye moo ma yónni. Lu tax dégguleen li ma leen wax? Li ko waral moo di manuleen koo déglu. Seytaane mooy seen baay, te bëgg-bëggam ngeen di bëgg di def. Bóomkat la masa doon. Du taxaw mukk ci dëgg, ndaxte dëgg nekkul ci moom. Buy fen, dëppoo na ak jikkoom, ndaxte fenkat la, te ci moom la

---

506 **Yow 8:32 *dëgg gi dina leen goreel***: Goreel léen ca kàttanu bàkkaar. Diine Yawut nee na lu goreel nit mooy jàng yoonu Musaa.

507 **Yow 8:33 *Ibraayma lanu soqikoo***: Ca xalaatu mbooloo ma soqikoo ca Ibraayma doyoon na ngir ñu mucc.

508 **Yow 8:33 *Masunoo nekk jaamu kenn***: Bi ñu ko waxee moomul seen réew. Nguuru Room moo ko moom. Tamit ca yeneen jamono waa Misra, waa Filisti, waa Asiri, waa Babilon, ak waa Siri ñoo léen yilif. Dëgg-dëgg Yàlla moo léen teg ci seen kaw ngir mbugal léen. Nekk gor amoon na solo lool. Yoonu Musaa moo tere sax ñu jaamloo kenn ca seeni bokk (Le 25:39-42). Yawut ya mosuñoo dékku nekk jaam. Gëm nañu ne kenn rekk moo seen buur – mooy Yàlla. Ay yooni yoon kenn ca ñoom jóg, fippuloo mbooloo ma ngir ñu bañ kilifteef.

509 **Yow 8:35 *jaam du bokk ci kër gi ba fàww***: Ca jamonoom ab jaam ca kër ga la bokk. Waaye saa su ñu neexee man nañu ko dàq. Yeesu dafa bëgg wax ne ci sa jëfin jaamloo nga sa bopp. Naka noonu bokkatoo kër ga. Yàlla man nañu la dàq.

fen soqikoo. Waaye man damay wax dëgg, moo tax gëmuleen ma. Kan ci yéen moo mana seede ne bàkkaar naa? Su ma waxee dëgg nag, lu tax dungeen ma gëm? Ku nekk doomu Yàlla dina déglu ay waxam. Waaye nekkuleen doomi Yàlla, looloo tax dungeen déglu. »

### **Li Yeesu seede ci mbiram** (Yow 8:48-59)

Yow Yawut ya ne ko: « Ndax danoo waxul dëgg, bu nu nee, nitu Samari[510] nga te dangaa am ay rab?[511] »

Yeesu ne léen: « Awma rab; waaye sama Baay laay teral, te yéen dangeen may toroxal. Wutumaa màggal sama bopp. Keneen a ma koy wutal te mooy àtte. Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, kuy sàmm sama wax doo dee mukk. »

Yawut ya ne ko: « Léegi wóor nanu ne dangaa am ay rab! Ibraayma faatu na, yonent yépp faatu, yaw nga naan: “Kuy sàmm sama wax doo ñam dee.” Sunu baay Ibraayma faatu na; mbaa du dangaa defe ne yaa ko gëna màgg? Yonent yi itam faatu nañu. Waaw, loo teg sa bopp? »

Yeesu ne léen: « Su ma dee màggal sama bopp, du am maana. Sama Baay a may màggal, moom mi ngeen naan, mooy seen Yàlla. Xamuleen ko nag; man maa ko xam. Su ma ne woon xawma ko, ab fenkat laay doon ni yéen. Waaye xam naa ko te maa ngi sàmm waxam. Seen baay Ibraayma bég na, bi mu yégee sama ngan[512]. Bi mu ko gisee it, bég na ci lool. »

Yawut ya ne ko: « Amaguloo juróom fukki at[513], ba noppi naan gis nga Ibraayma? »

Yeesu ne léen: « Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, laata ñuy sàkk

---

[510] **Yow 8:48 *nitu Samari***: Saaga la. Man naa nekk ñu bëgga wax ne ca kàttanu Seytaane la Yeesu def kéemaan, ndaxte Yawut ya daan nañu xalaat ne waa Samari ay luxuskat lañu. Walla boog ñu bëgga wax ne ngëmu Yeesu bokkul ak li ñu yaakaar ne mu wara gëm, maanaam ku weddi la, ndaxte noonu lanu xalaate ca waa Samari. Seetal leeral 149 (Yow 4:7. wàll 28, page 69) ngir gëna xam ci lu jëm ca waa Samari.

[511] **Yow 8:48 *am ay rab***: Gëm nañu ne rab mana tax ku am ay rab àndul ak sagoom, maanaam dof. Seetal leeral 180 (Mk 1:23, wàll 33, page 80).

[512] **Yow 8:56 *Ibraayma gis na nganu Yeesu***: Yawut ya gëmoon nañu ne Yàlla xamal na Ibraayma ñëwug Almasi bi. Gëm nañu ne itam Ibraayma mi nekk asamaan man naa gis lu xew ci àddina.

[513] **Yow 8:57 *juróom fukki at***: Ca jamono Yeesu juróom fukki at moo doon at bi ñu yaakaar ne am mag mate te it bàyyi liggéeyam (Nu 8:25; 4:2-3,39).

Ibraayma, fekk na ma doon ki ñuy wax Maay ki Nekk[514]. »

Noonu ñu for ay xeer, bëgg ko koo sànni ngir rey ko[515]. Waaye Yeesu nëbbu, génn kër Yàlla ga.

## 74. Yeesu faj na gumbag judduwaale (Yow 9:1-41)

*Anam yi: Ba tey Yeesu moo nekk Yerusalem gannaaw màggalu mbaar ya.*

Yow Amoon na fu Yeesu jaaroon[516], gis fa waa ju judduwaale gumba[517]. Taalibeem ya laaj ko ne: « Kilifa gi, lu tax waa jii judduwaale gumba? Ndax bàkkaaram a ko waral, walla bu waajuram? »

Yeesu ne léen: « Ajuwul ci bàkkaaram walla ci bu waajuram. Waaye loolu dafa am, ngir jëfi Yàlla yi feeñ ci moom. Bëccëg lanu wara matal jëfi ki ma yónni; guddi dina ñëwi, goo xam ne kenn du ci mana liggéey. Ci bi may nekk àddina, maay leeru àddina. »

Bi Yeesu waxee loolu ba noppi, dafa daldi tifli[518], jaxase lor wa ak ban, tay ko ci bëti gumba ga ne ko: « Demal sëlmu ci bëtu Silowe[519]. » Silowe

---

514 **Yow 8:58 *Maay ki Nekk***: Maay ki Nekk mooy turu Yàlla, wi mu feeñal yonentam Musaa (Ex 3:14), te ëmb melo wu sax wu Yàlla.

515 **Yow 8:59 *sànni ay xeer***: Mbooloo ma dóor nit ay doj, ba mu dee, moo doon àtteb ku ñàkke kersa turu Aji Sax ji (Le 24:16), gannaaw ga ñu seet mbir mi bu baax rekk (De 17:4-5).

516 **Yow 9:1 *fu Yeesu jaaroon***: Gumba ya, ca yelwaan lañu daan dunde. Daan nañu toog fu ñu yaakaaroon jot dara. Gumba bii, ca benn ca bunti kër Yàlla la toogoon.

517 **Yow 9:2 *judduwaale gumba***: Ca jamono Yeesu daan nañu xalaat ne bàkkaar a tax musiba ak wopp dal nit. Amoon na ña gëmoon ne liir bi ci biiru yaayam man naa bàkkaar sax. Te Mbind mi ne na bàkkaaru maam man naa topp ca askanam ba ca sët ya ak sëtaati (Ex 20:5; 34:7; Nu 14:18; De 5:9; 28:15). Waaye loolu taxul ne bépp wopp walla bépp musiba bàkkaar a tax.

518 **Yow 9:6 *daldi tifli***: Waa Room, Gereg ya ak Yawut ya gëmoon nañu ne tiflit man naa faj, rawatina tiflitu boroom maana bi. Waaye ñi dul Yawut daan nañu ko jëfandiku ngir faj nit ak xam-xam bu ñuul. Tiflit moom ci boppam taxul nit taq sobe. Waaye tiflitu ki taq sobe ba noppi taxoon sobe law fépp fu tiflit laal (Le 15:8).

519 **Yow 9:7 *bëtu Silowe***: Bëtu Silowe moo doon menn mbàndum ndox lu tollu 800 meetar ca suddu kër Yàlla ga. Dafa nekkoon ca xuru Tiropeyon fu mu daje ak xuru Inom te xuru Sedoron. Foofu la sarxalkat ya doon nañu dem wuti ndox bés bu nekk ca màggalu mbaar ya. Yaatuwaayam lu tollu 70 meetar la woon. Xamaguñu guddaayam. Yaakaar nañu ne daan nañu fa rooti, te fa sangu set. Yawut ya daan nañu boole dexu Silowe ak seen xalaat ci lu jëm Almasi bi Yàlla digoon (Ge 49:10; Is 8:6).
Cosaankat ya gas ci suuf fekk nañu ko ca atum tubaab 2004. Yaakaar nañu ne amoon

mi ngi tekki « Yónni nañu ko. » Gumba ga daldi dem sëlmuji, délsi di gis.

Dëkkandoom yi ak ñi ko xame woon bu jëkk ci yelwaan naan: « Xanaa du kii moo daan toog, di yelwaan? » Ñii naan: « Moom la de! » Ñee naan: « Du moom! Dañoo niroo rekk. » Mu daldi léen ne: « Man la de! » Ñu ne ko: « Lu ubbi say bët? » Mu ne léen: « Ku ñuy wax Yeesu moo tooyal ban, tay ko ci samay bët, ne ma: "Demal sëlmu ci bëtu Silowe." Ma dem nag sëlmuji, daldi gis. » Ñu ne ko: « Ana waa ji? » Mu ne léen: « Xawma fu mu nekk. »

Noonu ñu daldi indil Farisen yi[520] nit ki gumba woon. Ndekete Yeesu, bés bi mu tooyale ban, ubbi bëti gumba ga, bésub noflaay[521] la woon. Looloo tax Farisen ya di laajaat waa ja fi mu jaar bay gis léegi. Mu ne léen: « Dafa tay ban ci samay bët, ma sëlmuji, ba fi ma nekk maa ngi gis. »

Ci noonu am ca Farisen ya ñu naan: « Ki def lii, manula jóge ca Yàlla, ndaxte toppul ndigalu bésub noflaay bi. » Ñeneen it di wax ne: « Nan la boroom bàkkaar mana wonee yii firnde? » Noonu ñu daldi féewaloo ci seen biir. Farisen ya laajaat ka gumba woon ne ko: « Yaw, loo wax ci moom? Yaw de la ubbil say bët. » Mu ne léen: « Yonent la. »

Yawut ya manuñu woona nangu ne, nit ka dafa gumba woon tey gis léegi, ñu daldi wooluji ay waajuram, laaj léen ne: « Ndax kii mooy seen doom, ji ngeen ne gumba judduwaale la? Kon fu mu jaar, bay gis léegi? » Waajur ya ne léen: « Xam nanu ne daal, sunu doom la te dafa judduwaale gumba. Waaye ni mu def léegi bay gis, xamunu ko, te xamunu it ki ko ubbil ay bëtam. Laajleen ko; magum jëmm la, te man na tontul boppam. »

---

na yoonu ndëggastal wu wàcc tund wa diggante kër Yàlla ga ak bët Silowe. Lu gëna bare ci ndoxu dëkku Yerusalem jóge na benn bëtu ndox bu tudd bëtu Giyon (*Guihon*) ca penku-sowu dëkk ba ca biti miir yi. Ndox mi daan na xelli ci wenn yoonu ndox / kanaal ba àgg menn mbànd ci biir miir ba. Waaye ndox moomu jafe naa aar ci jamanoy xeex. Naka noonu ci jamano buur bi Esekiyas, bënn gas nañu benn solom ci suufu dëkk ba ngir jàddloo ndoxu bëtu Giyon. Solom bi ñu gasoon lu tollu 540 meetar la jaaroon ci biir doj bu dëgër ca suufu dëkk ba, ba ndox génn ca mbànd ma, mooy bëtu Silowe. Seetal kartu Yerusalem (kart 18).

[520] **Yow 9:13 *Farisen ya***: Seetal leeral 87 (Mc 3:7, wàll 16, page 46).

[521] **Yow 9:14 *bésub noflaay***: Bi Yeesu jaxasee lor ak ban, mu not ko, li seen aada tere ca bésub noflaay. Tere nañu itam tay tiflit ca bët, faj nit sax. Musaa nee na ca De 13:1-5 su ab yonent defee sax mbir mu yéeme mbaa kéemaan te wax « nañu topp yeneeni yàlla » ñu war koo rey. Moo tax Farisen ya jaaxle. Yeesu sàmmul aaday maam ca bésub noflaay. Naka noonu ñu xalaat ne naka la ko mana jóge ca Yàlla. Seetal leeral 246 (Mc 12:2, wàll 41, page 100), ak leeral 261 (Mc 12:10, wàll 42, page 102).

Ragal Yawut ya nag moo taxoon waajuri nit ka waxe noonu, ndaxte Yawut ya dañoo mànkoo woon ne, képp ku seede ne Yeesu mooy Almasi bi, ñu dàq la[522] ca jàngu ba[523]. Looloo tax waajur ya ne: « Laajleen ko; magum jëmm la. »

Farisen ya dellu woowaat ka gumba woon ne ko: « Waxal sa digganteek Yàlla. Xam nanu ne waa joojee boroom bàkkaar la. » Mu ne: « Xawma ndax boroom bàkkaar la am déet. Li ma xam daal mooy gumba woon naa, te léegi maa ngi gis. » Ñu laaj ko ne: « Lu mu la def? Nu mu la ubbile say bët? » Mu ne léen: « Wax naa leen ko ba noppi, waaye dégluwuleen ma. Lu ngeen bëgg ci ma di ko wax, di waxaat? Xanaa dangeena bëgga nekk yéen itam ay taalibeem? »

Ci kaw loolu ñu daldi ko saaga ne ko: « Yaw yaay taalibeem. Nun, taalibey Musaa lanu. Xam nanu ne Yàlla wax na ak Musaa; waaye kii, xamunu sax fu mu jóge. »

Waa ja ne léen: « Loolu de, doy na waar! Xamuleen fu mu jóge, te moo ubbi samay bët! Xam nanu ne Yàlla du déglu boroom bàkkaar. Waaye nag, dina déglu ki koy ragal tey def coobareem. Bi àddina sosoo ba tey, masuñoo dégg nit ku ubbi bëti gumbag judduwaale. Kon nit kookee nag, bu jógewul woon ca Yàlla, du mana def dara. »

Ñu ne ko: « Yaw, ci biir bàkkaar nga juddoo, ba noppi di nu jàngal? » Noonu ñu dàq ko ca jàngu ba.

Yeesu daldi yég ne dàq nañu nit ka. Bi mu dajeek moom, mu ne ko: « Ndax gëm nga Doomu nit ki?[524] » Waa ja ne ko: « Wax ma mooy kan, Sang bi, ba ma man koo gëm. » Yeesu ne ko: « Gis nga ko ba noppi, te mooy kiy wax ak yaw. » Waa ja ne: « Boroom bi, gëm naa la. » Noonu mu jaamu Yeesu. Yeesu ne ko: « Àttee ma taxa ñëw àddina, ngir ñi gumba gis, ñiy gis gumba. » Bi Farisen ya nekkoon ak moom déggee loolu, ñu ne ko: « Xanaa kon nun it danoo gumba? » Yeesu ne léen: « Bu ngeen gumba

---

[522] **Yow 9:22 *dàq ka ca jàngu ba***: Ca téereb Ezra lañu jëkka gis ñu dàq nit ca jàngu ba, lu tollu 5 xarnu lu jiitu Kirist (Ezr 10:8) . Ca jamono Kirist amoon na ñetti defin ngir dàq nit. Ñu dàq léen ba fàww. Te dàquñu léen ca benn jàngu rekk, waaye ca bépp jàngu. Mënuñoo bokk ca jàngu ya walla màggal ya fenn, ñépp sore ko, bañ koo teeru, bañ koo nuyu sax. Walla boog ñu dàq léen ca diirub 30 fan walla boog ñu dàq léen ca diirub 7 fan. Tamit ca jamono ji Yowaana bindoon téereem, Yawut ya dàq nañu ñu bare ñu gëm Kirist ca jàngu ya. Amoon na ca ña jàngoon téereem ña bokk ca.

[523] **Yow 9:22 *jàngu ba***: Seetal leeral 154 (Lu 4:15, wàll 30, page 74).

[524] **Yow 9:35 *doomu nit ki***: Seetal leeral 121 (Yow 1:51, wàll 22, page 58).

woon, dungeen am bàkkaar, waaye fi ak yéena ngi naan: "Nu ngi gis," ci bàkkaar ngeen di dëkk. »

### 75. Sàmm bu baax bi (Yow 10:1-21)

Yow « Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, ku jaar feneen fu dul ci buntu gétt gi[525], kooku sàcc la, saay-saay la. Waaye ki jaar ci bunt bi, mooy sàmmu xar yi[526]. Wottukat bi dina ko ubbil bunt bi, xar yiy dégg baatam. Xar yi mu moom nag, bu ci nekk dina la woo ci sa tur, ba noppi nga topp ko ci biti[527]. Sàmm bi, bu génnee yi mu moom yépp, dina léen jiitu[528], ñu topp ko, ndaxte xam nañu baatam. Waaye duñu topp jaambur; dañu koy daw, ndaxte miinuñu baatam. »

Yeesu misaaloon na léen loolu, waaye xamuñu lu mu léen doon wax. Noonu Yeesu newaat: « Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, man maay

---

[525] **Yow 10:1 *buntu gétt***: Ñaari fànni gétt amoon na ca jamono Kirist gii ci dëkk ba ak gii ci àll ba. Ca lolli, daan nañu fanaanal seen jur ca wetu kër ga. Ay kër walla dëkk yépp bokkoon nañu genn gétt gu amoon miiru xeer, ak bunt. Ab wottukat daan na fanaan ca gétt ga ngir aar jur ya ca sàcc ak rab ya. Ca suba sa, sàmm bi ñëw na ngir yóbbaale juram. Mooy gétt gi nu gis ci Yow 10:1-3.

[526] **Yow 10:2 *sàmm***: Diiwaanu Yude réyul te am na tund ak xunti yu bare, ak suuf su bare ay doj. Naka noonu càmm moo ëpp solo mbey. Amoon na ay xalaat ya nekkoon ca xeli Yawut ya ca lu jëm ca sàmm ya. Yonent ya mengale nañu Israyil ak xar ya, seeni njiit ak sàmm ya. Te ñu yedd léen ndaxte sàggane nañu seen warugar (Eze 34:1-10; Jer 23:1-2). Loolu moo tax Yàlla nee na moom ci boppam dina nekk seen sàmm, sàmm léen jaarale ca ñi mu tànn (Ps 23:1-4; 79:13; 80:1; 95:7; 100:3; Jer 23:3–6; Eze 34:11-31; Zec 11:4-17). Mu dajale xar ya, ba noppi teg Almasi bi ngir mu sàmm léen (Eze 34:23-24; Isa 40:11; Jer 23:5–6). Yonent ya tudd nañu yonent Yàlla Musaa ak Daawuda 'sàmm Israyil' (Ps 77:20; Ps 78:70–72; Ezek 34:23). Waaye ca jamono Yeesu Farisen ya daan nañu xeeb sàmm ya, ñu yaakaar ne ñu tekkiwul dara te taq sobe.
Su fekkee ne menn xar reer te amul seede, walla ñu sàcc ko, sàmm bi wara delloo boroomam. Su rabu àll fàddee ko, mu wara indi li ci des, muy firnde ngir mu baña fey dara (Ex 22:10-15).

[527] **Yow 10:3 *sàmm woo xar ya, ñu topp ko ci biti***: Daan nañu boole ay jur ca genn gétt, ñu jaxasoo ci biir. Bi sàmm bëggee dem mu woo ay xaram walla mu liit ak toxoro te ñu génn ca yeneen xar di ko topp. Ba tey, sàmm ya ca Israyil ñoo woo seen jur, te xar ya xam nañu seen baat. Xar ya toppuñu kenn ku dul seen sàmm.

[528] **Yow 10:4 *dina léen jiitu***: Ca lu ëpp ca àddina si sàmm ya tey ji day dàq seen jur, maanaam ñu nekk ca seen gannaaw. Ca Israyil ca jamono Kirist sàmm ya daan nañu jiitu, xar ya topp léen.

buntu gétt gi[529]. Ñi ma fi jiitu[530] ñépp ay sàcc lañu, ak ay saay-saay; waaye xar yi dégluwuñu léen. Man maay bunt bi; ku jaar ci man, dinga mucc, dinga mana dugg ak a génn[531], dinga am it mbooy goo mana fore. Sàcc bi moom, day sàccsi rekk, di rey ak a yàq. Man damaa ñëw, ngir nit ñi am dund, ba nekk ci naataange.

« Man maay sàmm bu baax bi. Sàmm bu baax bi day joxe bakkanam ngir ay xaram. Ki dul sàmm bi tey liggéeyal xaalis rekk waaye moomul xar yi, bu séenee bukki, day daw, bàyyi fa xar ya. Bu ko defee bukki ba dal ca coggal ja, jàpp ca, tasaare ya ca des. Booba surga day daw, ndaxte xaalis rekk lay liggéeyal, faalewul xar ya.

« Man maay sàmm bu baax bi. Ni ma xame Baay bi te Baay bi xame ma ni, noonu laa xame samay xar, te ñoom it ni lañu ma xame. Te it kat dinaa joxe sama bakkan ngir xar yi. Am naa yeneen xar yu bokkul ci gétt gii[532]. War naa léena indi, ñoom it, te dinañu déglu sama baat. Benn coggal ay am ak benn sàmm. Baay bi bëgg na ma, ndaxte damay joxe sama bakkan ngir jëlaat ko. Kenn du ko jële ci man; maa koy joxe ci sama coobarey bopp. Am naa it sañ-sañu joxe ko te am naa sañ-sañu jëlaat ko. Loolu la ma sama Baay sant. »

Kàddu yooyee ñoo féewalewaat Yawut yi. Ñu bare ca ñoom naan: « Dafa ànd ak rab! Dafa dof![533] Lu tax ngeen koy déglu? » Waaye ñeneen naan:

---

[529] **Yow 10:7 *buntu gétt***: Ca nawet daan nañu fanaanal seen jur ca tool ya ca menn xunti (làquwaay) walla gétt gu ñu tabax. Gétt ga amoon na miir bu ñu tabaxe xeer ba des fu xar ya dugg rekk. Teg nañu ay dég ca kaw miir ba ngir tere sàcc ak rab. Walla boog ñu teg ay doj yu ndaw ca kawam, yu wadd ca suuf, coow bi artu sàmm ba ne amoon na lu jar miir ba. Gétt amul woon bunt. Sàmm ba, moom ca boppam, daan na tëdd fu xar ya jaar ngir dugg gétt bi. Naka noonu dara mana dugg walla génn lu dul mu yee sàmm ba. Mooy gétt gi nu gis ci Yow 10:7-10.

[530] **Yow 10:8 *ñi ma fi jiitu***: Leerul ca ñan la Yeesu waxoon. Waxul ca yonent ya ko jiitu. Xëyna waxoon ca ñu tegoon seen bopp Almasi bi, di fippuloo mbooloo ma te xëcc kàttanu nguuru Room ca kaw Yude. Lu wóor Farisen ya, Saduseen ya ak sarxalkat yu mag bokk nañu ca, ñoom ñoo xam ne daan nañu fees ak càcc ak ëppal ak naaféq ak lu bon (Mc 23:25,28), lekk alalu jigéen ñi seeni jëkkër faatu (Mr 12:40), di weddi ki Yàlla yónni.

[531] **Yow 10:9 *dinga mana dugg ak a génn***: Dafa niroo waxin wi nu gis ca De 28:6; Ps 121:8; Nu 27:16-17.

[532] **Yow 10:16 *am naa yeneen xar yu bokkul ci gétt gii***: Xamuñu bu wóor ca ñan la Yeesu waxoon. Lu ëpp ca boroom xam-xam yaakaar ne mu wax ca ñi dul Yawut ñi nara gëm ca Kirist.

[533] **Yow 10:20 *dafa ànd ak rab ... dof***: Gëm nañu ne rab mana tax ku am ay rab àndul ak sagoom, maanaam dof. Seetal leeral 180 (Mk 1:23, wàll 33, page 80).

« Nit ku am ay rab du waxe nii. Ndax rab man na ubbi bëti gumba? »

### 76. Yawut ya nanguwuñu Yeesu (Yow 10:22-42)

*Anam yi: Màggalu Bés ba ñu sellale woon kër Yàlla ga ci desàmbar la woon. Xamuñu lan la Yeesu defoon ci ñaari weer yi ci diggante màggalu Mbaar ya ak màggal gii. Bi màggal gi paree mu dem toog ab diir ci diiwaanu Pere.*

Yow Am bés ñu doon màggal ca Yerusalem Bés ba ñu sellale woon kër Yàlla ga[534]; ci jamonoy sedd[535] la woon. Yeesoo nga woon ca kër Yàlla ga, di doxantu ca biir Werandaa bu Suleymaan[536]. Yawut ya wër ko ne ko: « Kañ nga nuy dindi ci kumpa? Boo dee Almasi bi, wax ko mu leer. »

Yeesu ne léen: « Wax naa leen ko ba noppi, waaye gëmuleen. Jëf yi may def[537] ci sama turu Baay ñoo may seede. Waaye gëmuleen ndaxte

---

[534] **Yow 10:22 *màggalu Bés ba ñu sellale woon kër Yàlla ga***: Màggal la woon ci weeru Yawut bi ñu waxe Kislew, juróom-ñeenteelu weeru Yawut ya. Weeru Kislew mooy daanaka weeru desàmbar. Xew diirub juróom-ñetti fan la, di fàttali bés, ba ñu sellale woon kër Yàlla ga ca jamonoy sarxalkat Yudaa Makabe. Ñaari xarnu lu jiitu Kirist, buuru Siri, Antiyoxos Epifan (*Antiochos IV Épiphane*) ñëw na noot Yawut ya. Mu bëgga tas seen diine. Mu tere ñu yor Téerey Musaa, walla xarafal seeni doom. Te mu def kër Yàlla màggalukaayu Sës, dugg ca ay nataali bokkaale yu diine Gereg, di sarax fa ay mbaam xuux ba sobeel ko. Yàlla yégle na ko 400 at lu jiitu (Dan 11:28-32). Yawut ya mujjoon nañu fippu di dàq waa Siri. Gannaaw ga ñu dogal ne at bu nekk ñu wormaal ko ak genn màggal. Daan nañu ko tudde màggalu Làmp ya. Bég nañu lool. Taal nañu ñeenti tegukaay làmp yu wurus yu tàkkoon ca màggalu Mbaar ya. Tamit taal nañu làmp ya ca palenteeru gépp kër. Bés bu nekk yokk nañu làmp ya ak benn làmp, ba am juróom ñetti làmp yu tàkk. Leer gi moo fàttaliku léen ne Yàlla dellu na léen seen ngor. Waaye itam, waxoon nañu ne bi ñu bëggoon taal làmp ba ca kër Yàlla ga bés bu ñu sellale woon kër Yàlla ga, fekk nañu lu dul diw gu sell lu doy benn fan. Waaye sax na juróom ñetti fan, ba ñu manoona defar diw gu bees ni yoonu Musaa sante woon.

[535] **Yow 10:22 *jamonoy sedd***: Jamonoy sedd mooy weeri nowàmbar ba awril. Tamit am na ngelaw lu sedd guyy lu jóge sowu li wal ca jamonoy sedd. Ca Yude jamonoy sedd mooy itam jamonoy taw, maanaam seen nawet. Jamonoy tàngoor mooy weeri me ba sàttumbar. Daawul taw ca jamonoy tàngoor. Sedd si, ngelaw li te xëyna taw moo tax Yeesu dem làquji ca suufu Werandaa bu Suleymaan.

[536] **Yow 10:23 *Werandaa bu Suleymaan***: Mbaaru doxantukaay ak péncu kër Yàlla la woon, ci penkub kër Yàlla ga. Guddaay lu tollu 250 meetar la woon, yaatuwaay ci lu mat 14 meetar, te jàpp ci penkub kër Yàlla ga. Mu sës ca 160 kenuy marbar yu am kawewaayu 12 meetar, bu ne am yaatuwaayu 2 meetar. May nañu ñi dul Yawut dugg fa.

[537] **Yow 10:25 *jëf yi may def***: Xam nañu ne Yeesu faj na jenn jarag (Yow 5:1-47) ak waa ju judduwaale gumba (Yow 9:1-7) ca Yerusalem bala bés boobu. Def na yeneen kéemaan

bokkuleen ci samay xar. Samay xar dinañu dégg sama baat; xam naa léen te ñu ngi may topp. Dama léen di jox dund gu dul jeex; duñu sànku mukk, te kenn du léen jële ci sama loxo. Baay bi ma léen jox, moo gëna màgg lépp, te kenn manula jële dara ci loxob Baay bi. Man ak Baay bi benn lanu. »

Yawut ya daldi foraat ay xeer, bëgg koo sànni, ngir rey ko[538]. Noonu Yeesu ne léen: « Def naa ci seen kanam jëf yu baax yu bare ci ndigalu Baay bi. Ban ci jëf yooyu moo tax ba ngeen bëgg maa sànni ay doj? »

Yawut ya ne ko: « Jëf ju baax taxul nu bëgg laa sànniy xeer, waaye dangay suufeel turu Yàlla; yaw, nit rekk nga, ba noppi di def sa bopp Yàlla! »

Yeesu ne léen: « Bind nañu[539] ci seen téereb yoon ne: "Yàlla nee na: Ay yàlla ngeen." Yàlla wooye na "ay yàlla"[540] ñi mu yónnee kàddoom, te xam nanu ne kenn manula randal waxi Yàlla. Kon nu ngeen mana waxe ne damay suufeel turu Yàlla ndax li ma ne Doomam laa, man mi Yàlla tànn[541], yónni ma ci àddina? Su ma deful sama jëfi Baay, buleen ma gëm; waaye su ma ko defee, bu ngeen ma gëmul sax, gëmleen boog samay jëf, ngir ngeen xam te nangu ne maa ngi nekk ci Baay bi te Baay bi nekk na ci man. » Ñu di ko wuta jàppaat, waaye mu bàyyi léen fa, dem.

Yeesu génn, jàllaat dexu Yurdan[542], toog fa Yaxya daan sóobe ci ndox bu jëkk[543]. Nit ñu bare ñëw ci moom, te naan: « Yaxya deful benn kéemaan,

---

yu bare ca Galile. Xam nañu itam binduñu lépp li Yeesu defoon ci Injiil (Yow 20:30).

[538] **Yow 10:31** ***sànni ay xeer***: Seetal leeral 515 (Yow 8:58, wàll 73, page 169).

[539] **Yow 10:34** ***bind nañu***: Yeesu jukki na ko ca Ps 82:6. Dañuy werante ba tey ca ñan la Sabóor boobu di wax. Ci biir xalaat yu gëna siiw am na ne:
aji-mbir mi mooy Israyil bi ñu jotoon yoonu Musaa ca tundu Sinayi, walla boog, aji-mbir mi mooy àttekati Israyil ñi doon àtte njublaŋ.

[540] **Yow 10:35** ***Yàlla wooye na "ay yàlla"***: Yeesu dafay tontu ca seen tuuma, maanaam suufeel na turu Yàlla. Menn ca pexey neex-làmmiñ ca jamono jooju moo doon tàmbale ak lu gëna tuuti ba noppi mengale ko ak lu ko gëna rey. Mooy li Yeesu defoon. Li Yeesu bëgg wax mooy su fekkee ne Yàlla wooye na leen "ay yàlla" astemaak Doomu Yàlla ji.

[541] **Yow 10:36** ***man mi Yàlla tànn***: Ci làkku gereg mooy 'mi Yàlla sellal'. Màggal gi mooy màggal gi wormaal bés bi ñu sellale kër Yàlla ga. Yeesu amal na màggal gii itam.

[542] **Yow 10:40** ***jàllaat dexu Yurdan***: Maanaam dem nañu ca penku dexu Yurdan. Mooy diiwaanu Pere fu Erodd Antipas yilifoon, walla boog diiwaanu Batane fu Filib yilifoon. Maanaam rëcc na ca loxo boroom réewu Yude te sore kilifay Yawut ya.

[543] **Yow 10:40** ***fa Yaxya daan sóobe ci ndox***: Seetal leeral 94 (Mc 3:13, wàll 17, page 48). Yerusalem ba jàllu dexu Yurdan lu tollu 35 kilomet la. Gannaaw dexu Yurdan yoon wi

waaye li mu wax ci kii yépp, dëgg la. »

Noonu ñu bare gëm ko.

demoon beneen 80 kilomet. Xamuñu ne tembe fan ca yoon woowu la Yeesu sampu woon. Jamono ji tollu na daanaka ñaari at gannaaw ga ñu tëjoon Yaxya kaso.

# V Ñeenteelu at mi: Yeesoo nga jublu bant ba

*Ci at mu mujj ma la Yeesu waajale taalibeem ya ci sas wi mu leen di nége.*

*Dem nañu ca dëkk yi wër Sesare bu Filib, te mu tàmbali xamal taalibe yi ne dafa wara dee. Foofu la ndamu Yeesu jollee ci moom ci kaw tund wa. Ñu wër Galile ba egg Kapernawum, ba noppi ñu dem diiwaanu Pere ci gannaaw dexu Yurdan. Foofu lañu toogoon ab diir di jàngale tey faj nit ñu bare.*

*Gannaaw loolu Yeesu wër diiwaani Galile, Samari ak Yude. Yónni na 72 taalibe ñaar-ñaar ñu jiitu ko ca dëkk ya mu wara jar. Bi bésu Mucc ba jubsee ñu agsi dëkku Betfase ci wetu Yerusalem. Ci ayu-bés bu mujj ba, bés bu nekk Yeesu da doon jàngaleji ci këru Yàlla ga ci Yerusalem, ba noppi mu dellusi ngir fanaan ci Betfase. Ci noonu lañu mujje jàpp Yeesu, daaj ko ca bant ba, ba noppi mu dekki ci ñetteelu fan ba.*

# Saar 13. Yeesu xamal na taalibeem ya ne dafa wara dee

**77. Piyeer wax na ne, Yeesu mooy Almasi bi** (Mc 16:13-20; Mk 8:27-30; Lu 9:18-21)

Mk Bi loolu amee Yeesu ànd ak ay taalibeem, dem ca dëkk, yi wër Sesare bu Filib[544]. Lu Benn bés Yeesu beddeeku mbooloo ma, di ñaan; taalibe yi nekk ci wetam. Mu laaj léen ne: « Nit ñi, ku ñu wax ne moom laa? »

Mc Taalibe yi ne: « Am na ñu naan, Yaxya[545], ñeneen ñi, Ilyaas[546]; ñi ci des ne, Yeremi[547] walla keneen ci yonent yi. » Noonu Yeesu ne léen: « Waaye yéen, ku ngeen may teg? »

Ci kaw loolu Simoŋ Piyeer[548] ne: « Yaa di Almasi[549], Lu bi Yàlla yónni, Mc

---

544 **Mc 16:13; Mk 8:27 *diiwaanu Sesare bu Filib***: Sesare bu Filib, dëkk la 40 kilomet ca bëj-gànnaaru dexu Galile ca suufu Tundu Ermon. 500 meetar fu gëna kawe dexu Galile la. Turam bu jëkk ba Paneyas la woon. Filib, doomu Erodd bu mag ba moo ko tabaxaat di ko jox tur wu bees ngir teral Sesaar. Te moo yilifoon diiwaan ba ca jamono Yeesu. Dàkkentale nañu ko 'bu Filib' ngir xàmme ko ci biir yeneen dëkk ya tudd Sesare. Tey jii Bañas (*Banius*) la tudd. Seetal kart 1 G4.
Ca am mbartalum tund, la dëkk ba sës, mi ñuy wax 'doju yàlla ya'. Xëyna Yeesu manoon na koo gis bi mu waxee Piyeer ca doj wu réy. Gas nañu ay pax ca tund wa, teg ci biir ay yàllantu, di tabax ay kër tuur ya ca seen kanam, yu sës rëkk ca mbartalum tund. Te am na fa bëtu ndox ba fu dexu Yurdan di bawoo. Bérab ba siiw na ndax foofu lañu daan màggal yàllay gereg ju tudd Pan. Màggal nañu itam Baal bu Siri, ak Sesaar. Siiw nañu itam ndax seen ñaawteef. Dëgg-dëgg amul woon beneen bérab fu Yeesu mënoon na yóbbaale ay taalibeem fu nit ña gëna bon.
Diiwaanu Sesare bu Filib, diiwaanu ña dul Yawut la. Te Yawut ya daawu fa dem. Loolu wara tax Yeesu dem fa beruji ngir weet ak ay taalibeem.

545 **Mc 16:14; Mk 8:28; Lu 9:19 *Yaxya***: Seetal leeral 6 (Yow 1:6, wàll 2, page 13).

546 **Mc 16:14; Mk 8:28; Lu 9:19 *Ilyaas***: Seetal leeral 103 (Yow 1:21, wàll 20, page 51).

547 **Mc 16:14 *Yeremi***: Yonent bu mag la woon bu indi kàddug Yàlla ci diiru 40 at ca 626 ba 587 j.K. ca nguuri juróomi buur yi mujj yi ci réewu Yuda - ñooy Yosiya, Yowakas, Yowakim, Yowakin, Sedekiya. Wax nañu ne yonent Yàlla Yeremi jël na xaymab ndaje ma, sarxalukaayu cuuraay ba ak gaalu kóllëreg Aji Sax ja, di leen làq ci am xuntim xeer ca tundu Nebo. Wax nañu itam ne Yeremi nara dellusi ci suuf, di génne leen te ndamu Yàlla feeñ laata Almasi bi di ñëw.

548 **Mc 16:16; Mk 8:29; Lu 9:20 *Simoŋ Piyeer***: Seetal leeral 113 (Yow 1:40, wàll 21, page 54).

549 **Mc 16:16; Mk 8:29; Lu 9:20 *Almasi bi***: Seetal leeral 472 (Yow 7:26, wàll 71, page 160).

Doomu Yàlla Aji Dund ji[550]. »

Yeesu ne ko: « Barkeel ñeel na la, Simoŋ doomu Yunus, ndaxte du nit moo la xamal lii, waaye sama Baay bi nekk ci kaw. Te maa ngi lay wax lii: yaa di Piyeer[551], te ci kaw doj wu réy woowu laay samp mbooloom ñi ma gëm, te dooley dee du ko manal dara. Dinaa la jox caabiy nguuru Yàlla Aji Kawe ji[552]; li nga yeew[553] ci àddina, dees na ko yeew ci asamaan; li nga yiwi ci àddina dees na ko yiwi ci asamaan. »

Noonu Yeesu dénk taalibe yi bu wóor ne léen: « Buleen wax kenn ne maay Almasi bi. »

## 78. Yeesu war na dee (Mc 16:21-28; Mk 8:31-9:1; Lu 9:22-27)

Mc Li dale ci jamono jooja, Yeesu tàmbali na xamal taalibeem yi ne, Mk Doomu nit ki[554] Mc war na dem Yerusalem, daj fa coono yu bare[555], jóge ca njiit ya; Lu sarxalkat yu mag ya ak xutbakat ya dëddu ko, ñu rey ko, mu dekki ca ñetteelu fan ba.

Mk Noonu mu xamal léen mbir mi, ba mu leer nàññ. Mc Bi mu waxee ba noppi, Piyeer woo ko ci pegg, bëgg koo yedd[556] ne ko: « Yàlla tere, Boroom bi, loolu du la dal. » Mk Waaye Yeesu geestu, gis yeneen taalibe yi, mu daldi yedd Piyeer ne ko: Mc « Sore ma Seytaane, bu ma xatal; yëfi

---

[550] **Mc 16:16 *Doomu Yàlla ji***: Seetal leeral 2 (Mk 1:1, wàll 1, page 12).

[551] **Mc 16:18 *Piyeer ... doj***: Piyeer moo tekki doj. Yeesu nee na 'yaa di Piyeer, te ci kaw doj wu réy woowu' ci làkku Yawut bu ñu wax arameyni. Ci làkk boobu baat yi Piyeer ak doj benn la. Ci làkku gereg Piyeer ak baat bu tekki 'doj wu réy' dañuy niroo lool. Mbindum yonent yi nee na ci làkkam ne 'Yàlla mooy sunu doj'. Firi nañu ko 'Yàlla lañuy sës', ndax loolu la bëgga wax (De 32:4,31; 1Sa 2:2; 2Sa 22:2,32; Ps 18:31).

[552] **Mc 16:19 *caabiy nguuru Yàlla***: Caabi mooy tekki sañ-sañ ngir bàyyi kenn dugg. Boroom kër daan na dénk jawriñam caabiy kër. Moo ko ubbi ci suba sa, tëj ko ci ngoon. Moom doŋŋ a tax nit ñi mana dugg kër ga.

[553] **Mc 16:19 *yeew ... yiwi***: 'Yeew' ak 'yiwi' moo joggi ca xalaatinu xudbakat ya. Yeew moo tekki tere te yiwi moo tekki daganal ca kaw na ñu faramfàccee téere Musaa ya.

[554] **Mk 8:31; Lu 9:22 *Doomu nit ki***: Seetal leeral 121 (Yow 1:51, wàll 22, page 58).

[555] **Mc 16:21; Mk 8:32; Lu 9:22 *Doomu nit ki war na sonn lu bare***: Yàlla yégle na lu jiitu ni Almasi bi nara sonn jaarale ko ci ay yonentam (Ge 3:15; Ps 22:1-22; Isa 53:1-12; Da 9:26; Zec 13:7).

[556] **Mc 16:22; Mk 8:32 *Piyeer... bëgg koo yedd***: Jubbanti sa sëriñ rafetul woon dara ca jamono jooju, waxatumaak yedd ko. Dafa wone itam ne Piyeer déggul ba tey lu tax Yeesu ñëwoon.

nit ngay fonk, waaye du yëfi Yàlla. »

Mk Yeesu woo taalibe yi ak mbooloo mi ne léen Lu ñoom ñépp: « Ku bëgga aw ci samay tànk, na bàyyi boppam, gàddu bés bu nekk bant[557], bi ñu ko wara daaj, doora topp ci man. Mk Ndaxte koo xam ne bëgg ngaa rawale sa bakkan[558], dinga ko ñàkk, waaye ku ñàkk sa bakkan ngir man ak ngir xibaaru jàmm bi, dinga ko jotaat. Lu Ndaxte moom àddina sépp, lu muy jariñ nit, su fekkee ne dafay ñàkk bakkanam walla mu loru? Mc Te nit, lu mu wara weccee bakkanam? Mk Ku ma rusa faral, te nanguwul samay wax ci kanam niti jamono jii, ñi fecci seen kóllëre ak Yàlla te topp bàkkaar, Lu Doomu nit ki dina la rusa xam, bés bu ñëwee ci ndamam[559] ak ci ndamu Baay bi ak lu malaaka yu sell yi. Mc Ndaxte Doomu nit ki dina ñëw ci ndamul Baayam, ànd ak ay malaakaam; bés booba dina delloo ku nekk ay jëfam[560]. Lu Ci dëgg maa ngi leen koy wax, am na ñi fi taxaw ñoo xam ne duñu dee te gisuñu Mc Doomu nit ki ñëw ci nguuram[561], Mk te nguuru Yàlla[562] ñëw ak doole. »

Gannaaw loolu

## 79. Ndamu Yeesu jolli na ci moom (Mc 17:1-13; Mk 9:2-13; Lu 9:28-36)

Mc Juróom benni fan[563] Lu gannaaw bi Yeesu waxee loolu, Mc Yeesu àndoon

---

[557] **Mc 16:24; Mk 8:34; Lu 9:23 *gàddu bés bu nekk bant bi***: Seetal leeral 395 (Mc 10:38, wàll 58, page 136).

[558] **Mc 16:25; Mk 8:35; Lu 9:24 *bëgga rawale sa bàkkan***: Bind nañu ko ay fukki at gannaaw deewu Kirist ca jamono ja ñi gëm daje woon nañu fitna ju tàng. Gannaaw itam jamono ja Yawut ya fippu, nguuru Room ñëwoon tas reew ma ak kër Yàlla ga.

[559] **Mc 16:27; Mk 8:38; Lu 9:26 *ñëw ci ndamam***: Yonent Yàlla Daniel moo bind 600 at laata jamono Yeesu ne « May xool ci biir peeñu, yi ma dikkal guddi, te ma gis ci kaw niiri asamaan ku mel ni doomu nit, muy ñëw. ... Ñu jox ko kilifteef gi, ndam li ak nguur gi. Te mbooloo yépp, xeet yi, ak niti bépp làkk di ko jaamu. Kilifteefam dina sax fàww te du jeex, te nguuram du toxu mukk. » (Da 7:9-14).

[560] **Mc 16:27 *delloo ku nekk ay jëfam***: Mooy bés pénc. Yàlla mooy àttekat ba ci Mbindum Yonent yi (Ps 61:13; 62:12; Pr 24:12; Jer 17:10; Ez 18:30). Yeesu nee na Yàlla moo ko ko dénk (Ro 2:6; 2Ko 11:15; Pe 22:12).

[561] **Mc 16:28; Mk 9:1; Lu 9:27 *duñu dee te gisuñu Doomu nit ki ñëw ci nguuram***: Boroom xam-xam ya dañuy werante ci li aaya bi bëgga wax. Waaye Piyeer moo ko tekki ci 2Pe 1:16-18. Mooy bés bi ndamu Yeesu jolli ci moom. (Wàll 79, page 180: Mc 17:1-13; Mk 9:2-13; Lu 9:28-36).

[562] **Mk 9:1; Lu 9:27 *nguuru Yàlla***: Seetal leeral 84 (Mc 3:2, wàll 16, page 45).

[563] **Mc 17:1; Mk 9:2; Lu 9:28 *juróom benni fan… tund wa… niir wu leer…***: Yii nag, ñoo fàttali ñi ko dégg ni leeru Yàlla nekkoon ca tundu Sinayi ca jamono Musaa bi mu wàccoon

na ak Piyeer, Saag ak Yowaana rakkam[564], Mk mu yóbbu léen ñoom rekk fu wéet ci tund wu kawe lool[565] Lu ngir ñaan. Bi muy ñaan, Mc mu soppiku fa seen kanam, xar kanamam di melax nib jant, te Mk ay yéreem di ray-rayi, weex tàll Lu bay melax Mc ni leer, Mk te fóotukatu àddina manu léen weexale nii.

Mc Naka noonu ñu gis Lu ñaari nit di waxtaan ak moom, muy yonenti Yàlla Musaa ak Ilyaas. Ñoo feeñ ci ndamu Yàlla, di waxtaane ci demug Yeesu, gi muy àggalee yenam ci Yerusalem.

Fekk Piyeer ak ñi mu àndal doon gëmméentu, waaye bi ñu yewwoo bu baax, ñu gis ndamu Yeesu, ak ñaari nit ñu taxaw ci wetam. Bi nit ñooñu di sore Yeesu, Piyeer ne ko: « Kilifa gi, bég nanu ci sunu teew fii; Mc soo ko bëggee, Lu nanu defar ñetti mbaar, benn yaw, benn Musaa[566] ak benn Ilyaas[567]. » Fekk xamul la mu doon wax, Mk ndaxte tiitaange jàpp na léen ñoom ñett ñépp.

Mc Waaye bi muy wax, niir wu leer[568] Lu ñëw muur léen, taalibe yi daldi tiit, bi léen niir wa ëmbee. Noonu baat jibe ca niir wa naan: Mk « Kii mooy sama Doom ji ma bëgg, ci moom laa ame bànneex; dégluleen ko. » Mc Bi taalibe yi déggee baat bi, ñu ne nërëm ci suuf, daldi tiit lool. Waaye Yeesu

---

ndigal yi (Ex 24:9-18).

[564] **Mc 17:1; Mk 9:2; Lu 9:28** ***Piyeer***: Seetal leeral 113 (Yow 1:40, wàll 21, page 54). ***Saag ak Yowaana***: Seetal leeral 175, 176 (Mc 4:21, wàll 32, page 79).

[565] **Mc 17:1; Mk 9:2; Lu 9:28** ***tund wu kawe lool***: Xamuñu wan tund la woon. Li aada ya jëkkoon naa wax mooy tundu Tabor. Waaye tund woowu wéetul, réyul, kawewul lool te amoon na ab tata nguur Room ca kawam ca jamono Yeesu. Lu tollu 80 kilomet ca sowu suufu dëkku Sesare bu Filib la. Am na ñu yaakaar ne mooy tund wi ñu tudde Ermon walla benn ci njobbaxtali tund yi ko wër. Tundu Ermon 22 kilomet ca penku kawu Sesare bu Filib la. Te mu tiim dëkk ba lu ëpp 3.300 meetar.

[566] **Mc 17:3; Mk 9:4; Lu 9:33** ***Musaa***: Yonent Yàlla Musaa yonent bu mag la woon. Moo jiite bànni Israyil, bi ñu gàddaayee réewu Misra. Baayam, Amram la tudd te yaayam Yokebedd (Ex 6:20). Amoon na ci jabaram, Sipora, ñaari doom yu góor: Gersom ak Eliyeser (Ex 18:3-4). Jabaram waa Kuus la woon (Nu 12:1), maanaam benn waa Afrig bu ñuul. Ca moom la Yàlla jaarale téere bi ñuy wax Tawreet, bu ëmb ndigalu Yàlla yi ñuy wooye Yoonu Musaa.

[567] **Mc 17:3; Mk 9:4; Lu 9:33** ***Ilyaas***: Seetal leeral 103 (Yow 1:21, wàll 20, page 51). Ilyaas moo fàttli yonent ya. Musaa moo fàttli yoon.

[568] **Mc 17:5; Mk 9:7; Lu 9:34** ***niir wu leer***: Moo nu fàttali leeru Yàlla ca tundu Sinayi (Ex 24:15); ak ga daj màggalukaay ba (Ex 40:34-35; Le 9:23,24; Nu 14:10; 16:19,42) ak ga àndoon ak bànni Israyil ca màndiŋ ma (Ex 14:20). Moo misaale jetaay Yàlla ak ni mu aaree.

jegeñsi, laal léen naan: « Jógleen, buleen ragal dara. » Lu Bi baat ba waxee ba noppi, Yeesu rekk des fa. Mc Noonu ñu xool ci kaw, waaye gisatuñu kenn ku dul Yeesu rekk.

Bi loolu amee ñu wàcc ca tund wa. Bi ñuy wàcc nag, Yeesu sant léen ne: « Buleen nettali kenn li ngeen gis, ba kera Doomu nit ki[569] dekki. » Mk Ñu téye wax jooju ci seen biir, di sotteente xel, ba xam lu ndekkite looluy tekki. Lu Taalibe ya noppi, baña nettali kenn ca jamono jooja la ñu gisoon.

Mk Noonu taalibe yi laaj Yeesu: « Lu tax xutbakat yi Mc nag Mk di naan, Ilyaas moo wara jëkka ñëw? » Yeesu ne léen: « Waaw, Mc dëgg la, Mk Ilyaas dina jëkka ñëw[570], jubbanti lépp. Waaye itam lu tax bind nañu ne, Doomu nit ki war na sonn lu bare[571], ñu xeeb ko, dëddu ko. Waaye maa ngi leen di wax ne, Ilyaas ñëw na, Mc te xàmmiwuñu ko, Mk te def nañu ko la léen neex, ni ko Mbind mi waxe. Mc Noonu it dañoo nara sonal léegi Doomu nit ki. » Ndax wax jooju nag, taalibe ya xam ne ci mbirum Yaxya[572] la léen doon wax.

### 80. Yeesu faj na xale bu rab jàpp (Mc 17:14-21; Mk 9:14-29; Lu 9:37-43a)

Lu Ca suba sa Yeesu ak taalibe ya wàcce ca tund wa, Mk ba jege taalibe yi [des], mu gis mbooloo mu bare wër léen, te ay xutbakat[573] di werante ak ñoom. Naka la mbooloo mi gis Yeesu, ñu waaru, daldi daw nuyu ko. Noonu Yeesu laaj léen: « Ci lan ngeen di werante ak ñoom? »

Mc Genn góor Lu xaacu ci biir mbooloo mi, Mc ñëw ci moom, sukk naan: « Sang bi, yërëmal sama doom. Lu Maa ngi lay ñaan, nga seet sama doom, ndaxte moom kepp laa am. Mc Ndaxte mu ngi say, di am coono bu metti.

---

569 **Mc 17:9; Mk 9:9 *Doomu nit ki***: Seetal leeral 121 (Yow 1:51, wàll 22, page 58).

570 **Mc 17:10; Mk 9:11 *Ilyaas moo jëkka ñëw***: Yonent Yàlla Malasi bind na 400 at lu jiitu Kirist ne:

> Xool-leen, dina leen yónni yonent Yàlla Ilyaas bala bésu Boroom biy ñëw, di bés bu mag fees dell ak tiitaange. Dina jubale xoli baay yi ak doom yi, te jubale xoli doom yi ak baay yi. Su dul loolu dina ñëw rëbb suuf si (Mal 4:5,6).

571 **Mc 17:12; Mk 9:12 *Doomu nit ki war na sonn lu bare***: Seetal leeral 555 (Mc 16:21, wàll 78, page 179).

572 **Mc 17:13 *Yaxya mooy Ilyaas***: Seetal leeral 22 (Lu 1:17, wàll 5, page 20).

573 **Mk 9:14 *xutbakat***: Seetal leeral 57 (Mc 2:4, wàll 12, page 36).

Mk Rab jàpp na[574] sama doom, ba luuloo ko. Lu Léeg-léeg rab jàpp ko, mu daldi yuuxu ca saa sa, rab wi di ko sayloo, gémmiñ gi di fuur, Mk muy yéyu, ne jàdd. Lu Du faral di génn ci moom te dina ko sonal. Mc Indi naa ko ci say taalibe, Lu ñaan [léen], ñu dàq ko, Mc waaye manuñu koo faj. »

Noonu Yeesu ne: « Yéen niti jamono jii, yéen ñi gëmadi te dëng, ba kañ laa wara nekk ak yéen, ba kañ laa leen di wara muñal? » Mu ne léen: « Indil-leen ma xale bi fii. »

Mk Ñu indil ko ko. Bi xale bi gisee Yeesu nag, rab wi sayloo ko ci saa si, mu daanu ci suuf, di xalangu, gémmiñ giy fuur.

Yeesu laaj baay bi: « Lii kañ la ko dal? » Baay bi ne ko: « Li dale ci ngoneem. Léeg-léeg rab wi bëmëx ko ci sawara, léeg-léeg mu bëmëx ko ci ndox, ngir rey ko. Soo ko manee, yërëm nu te xettali nu. » Yeesu ne ko: « Nga ne: "Soo ko manee," ku gëm man na lépp. » Ci saa si baayu xale bi wax ci kaw naan: « Gëm naa, dàqal ma sama ngëmadi. »

Yeesu gis nag ne, mbooloo maa ngi daw, wërsi ko, mu daldi gëdd rab wi[575] nag ne ko: « Génnal ci moom, yaw rab wu luu te tëx, te bu ko jàppaat; wax naa la ko. » Noonu rab wa daldi yuuxu, sayloo xale bi, génn. Xale bi ne nemm, mel ni ku dee, ba tax ñu bare ne: « Dee na. » Waaye Yeesu jàpp loxoom, jógloo ko, xale bi daldi taxaw. Lu [Mu] daldi ko delloo baayam. Ku nekk waaru na ndax màggug Yàlla.

Mk Bi Yeesu duggee ci kër gi, taalibe yi laaj ko ci pegg: Mc « Lu tax nun manunu woona dàq rab wi? » Yeesu ne léen: « Seen ngëm gu néew a tax. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, su ngeen amee ngëm gu tuuti sax niw peppu fuddën[576], kon dingeen ne tund wii: "Jógeel fii, toxu fale[577]," te dina fa dem, ba dara du leen të. Mk Yu mel ni yii, ñaan ci Yàlla rekk a léen di dàq. »

**81. Yeesu waxaat na ne, dina dee, dekki** (Mc 17:22-23; Mk 9:30-32; Lu

---

[574] **Mk 9:17; Lu 9:39 *rab jàpp na***: Seetal leeral 180 (Mk 1:23, wàll 33, page 80).

[575] **Mc 17:18; Mk 9:25; Lu 9:42 *mu gëdd rab wi***: Seetal leeral 180 (Mk 1:23, wàll 33, page 80).

[576] **Mc 17:20 *peppu fuddën***: Seetal leeral 349 (Mc 13:31-32, wàll 52, page 124).

[577] **Mc 17:20 *toxal tund wa***: Ca xalaatinu Yawut ya tund wa moo misaale jafe-jafe bu mënul deñ. Gëm nañu ne reeni tund wa dem nañu fu xóot ca suuf ba tax tund wa mënu toxu. Naka noonu ca seen waxin 'randal aw tund' moo tekki 'def lu të' walla 'xettali walla noot njàqare gu réy'.

9:43b-45)

Lu Bi ñuy yéemu ci li mu doon def, Yeesu ne taalibeem ya: « Dégluleen bu baax lii ma leen di wax: dinañu jébbal Doomu nit ki[578] ci loxoy nit ñi. » Mk Bi loolu amee ñu jóge fa, jaar ci diiwaanu Galile, Yeesu bëggul kenn yég ko. Mc Bi ñuy wër diiwaanu Galile nag, Yeesu ne léen: « Léegi ñu jébbal Doomu nit ki ci loxoy nit ñi; dinañu ko rey, mu dekki ca ñetteelu fan ba. » Bi ko taalibe ya déggee, ñu am naqar lool. Lu Waaye taalibe ya xamuñu kàddu googu. Yàlla dafa léen nëbb li muy tekki, ba ñu bañ koo xam, te ñemewuñu koo laaj Yeesu.

## **82. Yeesu fey na warugaru kër Yàlla ga** (Mc 17:24-27; Mk 9:33a )

*Anam yi: Lii xewoon na ci dëkku Kapernawum, gannaaw benn bésu Mucc. Ndaxte Yeesu nekkul ci dëkk bi ci jamono bi ñu dajalee warugar bi, mooy jamono bu jiitu bésu Mucc ba. Ci atum tubaab 32 g.K., bésu Mucc ba weeru mars 14 la woon.*

Mc Gannaaw loolu Yeesu ak taalibe ya ñëw Kapernawum. Bi ñu fa àggee nag, laajkati warugaru kër Yàlla ga[579] ñëw ci Piyeer ne ko: «Ndax seen

---

[578] **Mc 17:22 *Doomu nit ki***: Seetal leeral 121 (Yow 1:51, wàll 22, page 58).

[579] **Mc 17:24 *warugaru kër Yàlla ga***: Ku nekk ca Yawut ya, ku am ñaar fukki at jëm kaw, war naa fey genn-wàllu siikal bu jëm ca liggéeyu kër Yàlla ga. Maanaam ngir jënd sarax ya, sunguf, diw, cuuraay, matt, defaraat yérey sarxalkat ya ak ñoom seen. Sarxalkat ya feyuñu, tamit léeg-léeg xudbakat ya.
Yàlla moo santoon bànni Israyil ca jamonoy yonent Yàlla Musaa, ku nekk ku am ñaar fukki at jëm kaw, fey benn yoon genn-wàllu siikal, féetele ko ca liggéeyu xaymab ndaje ma (Ex 30:12-16). Mooy daanaka 5 garaamu xaalis. Ba noppi Neyemi ca jamono ja waa Yuda ñibbisee ca njaam ga jóge Babilon, mu sant képp ku nekk fey at mu nekk ñetteelub siikal bu jëm ca liggéeyu kër Yàlla ga (Ne 10:32-33). Ba noppi gannaaw jamono Makabe warugar wa moo doon genn-wàllu siikal.
Bind nañu téereb Macë gannaaw ga waa Room tasoon kër Yàlla ga ca atum tubaab 70 g.K.. Ca jamono jooju, nguuru Room moo nangu warugar woowu, yokk ko ba nekk estateer, féetele ko ca liggéeyu màggalukaayu benn ca seeni yàlla ju tuddoon Yupiter ca dëkku Room.
Amoon werante ca jamono Yeesu diggante ñi wax ne yoonu Musaa dogal na benn yoon rekk lañu wara fey warugaru kër Yàlla ga ak ñi wax ne at bu ne lañu ko wara fey.
Daan nañu laaj warugar wa ca weeru Yawut ya wi ñi wax Adar ngir yóbbaale ko Yerusalem ca màggalu bésu Mucc. Mooy weer wu jiitu bésu Mucc ga. Ca bés ba jëkk ca Adar ñu yégle ca bépp dëkk ne warugar wa jot na. Ba noppi ca fukki fan ak juróom ci Adar ba ñaar fukki fan ak juróom ñu ubbi ay néeg yu ndaw ngir nit ñi man nañoo ñëw fey seen warugar. Gannaaw ñaar fukki fan ak juróom ca Adar nit ñi war nañoo dem Yerusalem ngir fey ko.

kilifa du fey posetu ñaari daraxma[580] ngir warugar wi?» Piyeer ne leen: «Aaŋkay!» Ba ñu eggee kër ga nag, Yeesu jëkka wax ne Piyeer: «Waaw lu ciy sa xalaat, Simoŋ? Buuri àddina si, ñan lañuy laaj juuti walla galag?[581] Seeni doom walla ñi bokkul ci njaboot gi?» Piyeer tontu ko ne: «Xanaa ñi bokkul ci kër gi.» Yeesu ne ko: «Kon doom yi nag mucc nañu ci. Waaye bëgguma nu naqaral leen; kon demal sànni oos ca dex ga te nga génne jën wa jëkka xëcc. Boo ubbee gémmiñam, dinga ca gis posetu estateer[582]. Jël ko nag, jox leen ko ngir man ak yaw.»

## **83. Jàng ci li jëm ci woyef ak mbaal** (Mc 18:1-35; Mk 9:33b-10:1; Lu 9:46-50)

### **Kan moo gëna màgg** (Mc 18:1-5; Mk 9:33b-37; Lu 9:46-48)

*Anam yi: Njàng mi ci dëkku Kapernawum la ame woon.*

Lu Werante am ci biir taalibe yi, ñuy laajante kan moo gëna màgg ci ñoom. Mk Bi nga xamee ne egg nañu dëkku Kapernawum[583], te dugg ci kër gi, Mc ca waxtu woowu taalibe ya ñëwoon nañu ci Yeesu, laaj ko: « Kan moo

---

Yawut ya sañuñu defare posetu xaalis ca suufu nguuru Room. Ndegam siikal ya ñu defare woon ca xaalis ca dëkku Tir ñoo doon gëna raxul ca poseti xaalis ya, dogal nañu ne ak loolu lañu wara fey seen warugar. Warugar wa genn-wàll siikal la woon lu tollu ñaari daraxma. Waaye poset boobu dafa woon xawa néew ca jamono Yeesu. Naka noonu ñaari nit daan nañu boole seen warugar, feyandoo ko ak siikal bu Tir. Diisaayam 14,2 garaam la. Poset bi nataalu yàllay Tir la yor. Naka noonu Yawut yu tedd bañ nañu leena yore. Moo tax ñu am weccikat ya ca kër Yàlla ga.

580 **Mc 17:24 *posetu ñaari daraxma***: Didaraxmon la tudd. Xaalisu waa Gereg la woon. Dayoom ñaari daraxma bu Atig la, maanaam daanaka lu ñu feyoon liggéeykat bu xareñ ngir ñaari fanu liggéey.
Daraxma, xaalis la woon; maanaam, poset bi waa Gereg ñi defare ci xaalis. Amoon na ay dëkk yi ko defar waaye yu gëna siiw mooy daraxma Atig yi ñu defaroon ci dëkku Aten. 4,3 garaam la diisoon. Moo doon xaalisu Ërob te dafa siiwoon ci Asi itam.

581 **Mc 17:25 *juuti walla galag***: Jamono jooju wuute na ak sunu jamono. Buur ya daan nañu laaj juuti walla galag ca ña ñu nootoon, du ca jaambur ya. Amoon na werante ci biir mbooloom ñi gëm ca jamono ji ñu bind Macë. Ndax war nañoo fey nguuru Room warugar wa jëm ca màggalukaay Yupiter walla déet? Jukki bi moo tontu ak li Yeesu waxoon. Mucc nañu ndaxte ay doomu Yàlla lañu waaye ba tey ñu fey ko ngir bañ léena naqaral.

582 **Mc 17:27 *estateer***: Posetu xaalisu Gereg ya la woon. Amoon na ay dëkk yi ko defar, dayoom bu ne wuute ak moroomam. Dayog estateer bu Piyeer fekkoon moo doon ñeenti daraxma bu Atig, maanaam daanaka lu ñu feyoon liggéeykat bu xareñ ngir ñeenti fanu liggéey. Ci dëkku Tir walla Ancos lañu ko defare.

583 **Mk 9:33 *Kapernawum***: Seetal leeral 126 (Yow 2:12, wàll 23, page 60).

gëna màgg ci nguuru Yàlla mi nekk ci kaw? » Lu Yeesu mi xam seen xalaat, Mk laaj léen ne: « Lu ngeen doon waxtaane ci yoon wi? » Waaye ñu ne cell, ndaxte ñu ngi fa doon werante, ba xam ku gëna màgg ci ñoom.

Noonu Yeesu toog, woo fukki taalibe ya ak ñaar ne léen: « Ku bëgga jiitu, na topp ci gannaaw ñépp te nekk surgab ñépp. » Bi ko Yeesu waxee, mu jël xale, indi ko ci biir géew bi, Lu teg [ko] ci wetam Mc ne léen: « Ci dëgg maa ngi leen koy wax, su ngeen waññikuwul ci Yàlla, ba mel niy xale, dungeen dugg mukk ci nguuru Yàlla Aji Kawe ji. Kuy suufeelu nag, ba mel ni xale bii, kooku mooy ki gëna màgg ci nguuru Yàlla Aji Kawe ji. » Mk Ba noppi, [mu] leewu [xale bi] naan: « Ku nangu xale bu mel ni bii ci sama tur, man mii nga nangu; te ku ma nangu, du man mii sax nga nangu waaye ki ma yónni, Lu ndaxte ki gëna woyof ci yéen ñépp, kooku moo gëna màgg. »

## **Waa juy dàq ay rab** (Mk 9:38-41; Lu 9:49-50)

Lu Bi loolu amee Yowaana jël kàddu gi ne: « Kilifa gi, danoo gis nit kuy dàq ay rab[584] ci sa tur, nu tere ko ko, ndaxte bokkul ci nun. » Mk Waaye Yeesu ne ko: « Buleen ko tere, ndaxte kenn manula def kéemaan ci sama tur, ba noppi di ma xarab. Ku nu sotul, far na ak nun. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, koo xam ne kii may na leen kaasu ndox rekk, ndax yéena ngi bokk ci man Kirist, kooku du ñàkk yoolam mukk. »

## **Ñi yóbbe nit bàkkaar** (Mc 18:6-9; Mk 9:42-50)

Mc « Waaye ku yóbbe bàkkaar kenn ci ñi gëna tuuti ñi ma gëm, li gën ci moom mooy ñu takk doj wu réy[585] ci baatam, sànni ko ca fa gëna xóot ca géej ga[586]. « Yaw àddina, dinga torox ndax say fiir yiy yóbbe nit bàkkaar. Fiir manta ñàkk, waaye toroxte dal na nit ki koy lal. Boo xamee ne sa loxo

---

[584] **Mk 9:38; Lu 9:49 *dàq rab***: Seetal leeral 180 (Mk 1:23, wàll 33, page 80).

[585] **Mc 18:6; Mk 9:42 *doj wu réy***: Mooy doju wolukaay. Mbaam moo ko xëccoon. Diisaayam, ay fukki kilo ba ay téeméeri kilo la woon.

[586] **Mc 18:6; Mk 9:42 *sànni ko ci géej***: Nguuru Room daan nañu rey nit ñi noonule léeg-léeg. Yawut ya musuñu koo def. Laab ca géej musiba bu réy la ca xalaatu Yawut ya. Amul woon lu ñu gëna ragal ndaxte kenn mënul léena suul, mooy dee gu gëna bon. Ragal nañu sax géej ga. Ajana moo fenn fu amul géej (Pe 21:1).

mbaa sa tànk mu ngi lay yóbbe bàkkaar, dagg ko, sànni ko fu sore[587]. Ndaxte nga lafañ walla ñàkk loxo te dugg ci dund gu wóor gi, moo gën ci yaw, nga am ñaari loxo walla ñaari tànk, te ñu sànni la ci sawara su dul fey mukk[588]. Boo xamee ne sa bët mu ngi lay yóbbe bàkkaar, luqi ko, sànni ko fu sore. Ndaxte nga patt te dugg ci dund gu wóor gi, moo gën ci yaw, nga am ñaari bët, te ñu sànni la ci sawara. Mk Foofa: "Sax ya duñu dee mukk[589], te sawara sa du fey."

Ñépp sawara lañu léen di xorome[590].

Xorom lu baax la, waaye bu sàppee[591], nan lañu koy delloo cafkaam?

Amleen xorom[592] te ngeen jàmmoo. »

**Bul xeeb ñi tuuti** (Mc 18:10-20)

Mc « Te it wottuleena xeeb kenn ci ñi gëna tuuti, ndax kat seeni malaakaa[593] ngi sax ci jataayu sama Baay bi nekk ci kaw. Maa leen wax

---

[587] **Mc 18:8-9; Mk 9:43-47 *dagg loxo walla tànk walla luqi bët***: Waxin rekk la. Diine Yawut ya sib ñi làggil seen bopp.

[588] **Mc 18:8-9; Mk 9:43-47 *sawara su dul fey mukk***: Amoon na ca wetu Yerusalem aw xur wu ñu wax xuru Inom. Ca jamono buur ya amoon na ay Yawut yu doon lakk seeni doom ngir tuur wi ñuy wax Moleg. Buur ba Yosiya sobeel na ko ngir kenn dootu fa ko def (2Ki 23:10). Gannaaw ga ñépp daan na sànni seen mbalit ba ca jamono Yeesu sax. Guddi ak bëccëg mu lakk. Naka noonu mu misaale sawara su dul fey mukk, ak mbugal gu sax ba fàww.

[589] **Mk 9:48 *sax ya duñu dee mukk***: Ñooy sax yu lekk médd. Gis nañu xalaat bi ca Isa 66:24. Moo misaale lu nëb ak yàqute.

[590] **Mk 9:49 *sawara lañu léen di xorome***: Mooy bu jëkk ca ñetti wax yu bokkul lu dul ñu jëm ca xorom. Am na xalaat yu bare ca li wax bii bëgga wax, lu tekki ne kenn déggu ko. 'Ñépp' man naa nekk ñi gëm walla ñi gëmul walla ñépp ñépp. Yoonu Musaa moo santoon Yawut ya ñu xorom seen sarax. Moo tax Yàlla nangu ko (Le 2:13; Eze 43:24). Xorom mooy lu safal ñam, walla lu dencal, walla lu sellal. 'Safara' mooy lu sellal, walla lu setale (Mal 3:2-3; 1Ko 3:13; 1Pi 1:7), walla lu lakk ba mu jeex (Yt 10:27; 12:29; Pe 18:8).

[591] **Mk 9:50 *xorom bu sàppee***: Seetal leeral 191 (Mc 5:13, wàll 35, page 84).

[592] **Mk 8:50 *amleen xorom***: Seetal itam Ko 4:6.

[593] **Mc 18:10 *seen malaaka***: Yawut ya gëm nañu ne ku nekk amoon na am malaaka mu ko aar. Gëm nañu ne itam malaaka ya gëna kawe doŋŋ man nañoo dugg ca jetaayu Yàlla. Waruñu xeeb ki gëna tuuti ndegam malaaka yu gëna am solo muy dox digganteem ak Yàlla.
Yàlla moo sàkkoon malaaka ya. Malaaka yépp ay xel lañu rekk yuy liggéeyal Yàlla, mu di léen yónni ñuy dimbali nit (Yt 1:14). Yàlla yónni na malaaka ya ca Ajara (Ge 16:6-14),

loolu.

[594]« Luy seen xalaat ci lii? Su fi amoon nit ku am téeméeri xar[595], te benn ci ñoom réer, lu muy def? Ndax du bàyyi ca parlukaay ba juróom ñeent fukki xar ya ak juróom ñeent, te dem wuti ma réer? Bu ko gisee, mbég mi mu am ci moom mooy ëpp mbég, mi mu am ci juróom ñeent fukki xar ya ak juróom ñeent ya réerul.

« Noonu it seen Baay bi nekk ci kaw bëggul kenn ci ñi gëna tuuti sànku.

« Te lii itam, bu sa mbokk defee bàkkaar, demal yedd ko, yéen ñaar rekk. Bu la dégloo, kon gindi nga sa mbokk. Waaye bu la dégluwul, àndal ak kenn mbaa ñaar, ngir mbir mi dëggu ci li ko ñaar walla ñett seede[596]. Bu léen dégluwul ñoom itam, wax ko mbooloom ñi gëm. Bu dégluwul mbooloo ma nag, nga teg ko ni ku gëmul Yàlla mbaa ab juutikat[597]. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, lépp lu ngeen yeew[598] ci àddina, dees na ko yeew ci asamaan, te lépp lu ngeen yiwi ci àddina, dees na ko yiwi ci asamaan.

---

Ibraayma (Ge 22:9-12); Yanqóoba (Ge 32:1-2); Musaa (Ex 3:2); Balaam (Nu 22:21-35); Sedeyon (Jud 6:11-24); Manoxa baayu Samson ak jabaram (Jud 13:2-21); Sakari baayu Yaxya (Lu 1:11-20); Maryaama ndeyu Yeesu (Lu 1:26-38); Filib (Jëf 8:26); Korney (Jëf 10:3-7) ak Paul (Jëf 27:23). Malaaka ya musal nañu Loot (Ge 19:1-22) ak Piyeer (Jëf 12:5-11). Yàlla yónni na ay malaaka ngir tas dëkki Sodom ak Gomor (Ge 19:1-22); àtte Yerusalem (2Sa 24:15-17; 1Ch 21:15-30); te rey xare Asiri ba (2Ch 32:21).
Man nañu feeñ te niroo nit (Yt 13:2).

[594] **Mc 18:10-14 *léebu xar mu reer***: Anamu léebu bii wuute ak léebu xar mu réer ma ci Luug 15:1-7. Léebu bii dafa wax ca mbokk mu gëm Kirist mi dugg ci bàkkaar. Luug dafa wax ca ñi gëmul di reer.

[595] **Mc 18:12 *càmm***: Téeméeri xar moo doon coggal gu yem. Fu ñu daan sàmm màndiŋ ma la. Xunti ya ak tund ya bare nañu, te ñax néew. Naka noonu xar ya daan nañu doxantu ngir wuti ñax ba reer. Su fekkee ne menn xar reer te amul seede, walla ñu sàcc ko, sàmm bi wara delloo boroomam. Su rabu àll fàddee ko, mu wara indi li ci des, muy firnde ngir mu baña fey dara (Ex 22:10-15). Moo tax su benn réeree, sàmm ya daan nañu bàyyi ya des ak beneen sàmm, dem seeti ko ba fekk ko. Aayoon nañu lool ci topp tànki xar. Bu ko fekkee, ñu gàddu ko, yóbbu ko kër ga. Seetal itam leeral 526 (Yow 10:2, wàll 75, page 172).

[596] **Mc 18:16 *ñaar walla ñett seede***: Ñaar walla ñetti seede la yoonu Musaa soxla woon laata ñu àtte nit (De 17:6-7; 19:15).

[597] **Mc 18:17 *ku gëmul Yàlla mbaa ab juutikat***: Ñooy ñu Yawut ya daan àtte ñu gëna bon. Seetal leeral 90 (Lu 3:12, wàll 16, page 47).

[598] **Mc 18:17 *yeew ... yiwi***: Aaya bi dafa wax ca sañ-sañ bi mbooloom ñi gëm am ngir àtte ñi tooñ. Yeew mooy teg tooñ. Yiwi mooy baal tooñ.

« Maa ngi leen koy wax it, bu ñaar ci yéen déggoo[599] ci àddina, ngir ñaan lu mu mana doon, sama Baay bi nekk ci kaw dina leen ko may. Ndaxte fu ñaar walla ñetti nit booloo ci sama tur, maa ngi ci seen biir. »

**Mbaalug bàkkaar yi** (Mc 18:21-35)

Mc Noonu Piyeer ñëw ci Yeesu, laaj ko: « Boroom bi, bu ma sama mbokk tooñee, ñaata yoon laa ko wara baal? Xanaa ba ci juróom ñaari yoon?[600] » Yeesu ne ko: « Waxuma la ba ci juróom ñaari yoon, waaye ba ci juróom ñaar fukki juróom ñaari yoon.

« Loolu moo tax nguuru Yàlla Aji Kawe ji dafa mel ni buur bu bëgga waññ alalam ak ay jaraafam. Ba mu tàmbalee waññ nag, ñu indil buur ba ku ko ameel ay milyoŋ yu baree bare[601], waaye jaraaf ja amul lu mu feye. Kon nag sangam santaane, ñu jaay ko moom ak soxnaam[602] ak ay doomam ak lépp lu mu am, ngir fey bor ba. Kon jaraaf ja daanu ciy tànkam ne ko: "Muñal ma, dinaa la fey lépp." Noonu sangam yërëm ko, bàyyi ko, baal ko bor ba.

« Bi loolu amee jaraaf ja génn, gis benn moroomu jaraafam bu ko ameel ay junni. Mu daldi ko jàpp, poñe ko ne ko: "Fey ma li nga ma ameel." Kon moroomam daanu ci suuf, ñaan ko ne: "Muñal ma, dinaa la fey." Waaye moom nanguwu ko, mu dem, tëj ko kaso, ba kera mu fey li mu ko ameel.

« Bi ay moroomam gisee loolu nag, ñu am naqar wu réy, daldi dem, xamal

---

599 **Mc 18:19,20 *ñaar déggoo ... ñett booloo***: Aaya yi dañuy wax ba tey ca yaru mbooloom ñi gëm.

600 **Mc 18:22 *juróom-ñaari yoon***: Xutbakat ya daan nañu jàngale ne bu nit teyee di def bàkkaar man nañu leen baal ñetti yoon waaye du ñeent. Piyeer xam na ne weesu na loolu fu sore bi mu indee juróom ñaari yoon. Bi Yeesu waxee juróom ñaar fukki juróom ñaari yoon waxin bu tekki ne amul app.

601 **Mc 18:24 *ay milyoŋ yu baree bare***: Yeesu waxoon na ne fukki junniy talaŋ. Loolu moo lu ñu fey ngir 275,000 atu liggéey! Talaŋ xaalis la. Mooy xaalis bu gëna am dayo. Te fukki junni moo doon lim bu gëna rey ci làkku Gereg. Naka noonu xaalis bu weesu dayo la. Galagu Yude, Samari ak Idume lépp 600 talaŋ rekk la woon. Galag gu Erodd Antipas jot ca Galile ak Pere lépp 200 talaŋ la woon. Fukki junniy talaŋ moo ëpp fuuf xaalis bi amoon ca réew ma! Jaraaf ja, li ko buur ba baaloon ëpp na li ko moroomam ameel 500,000 yoon!

602 **Mc 18:25 *jaay ko moom ak soxnaam***: Aada Gereg ak Room la. Yoonu Musaa tere na ñu jaay nit walla jabaram walla doomam ndax bor. Te njëgu jaam lu gëna réy ca jamono benn talaŋ la woon. Lu gëna woor benn talaŋ manoon na jënd 20 jaam.

seen sang li xew lépp. Sang ba nag woolu jaraaf ba ne ko: “Yaw jaraaf ju soxor nga! Baal naa la sa bor bépp, ndaxte tinu nga ma. Lu tax yaw itam yërëmoo sa moroom, ni ma la yërëme?” Noonu sang ba mer, jébbal ko ñiy fitnaale ca kaso ba[603], ba kera muy fey li mu ko ameel lépp.

« Noonu la leen sama Baay bi ci kaw di def, bu ngeen baalul ku nekk seen mbokk ak xol bu sedd. »

[603] **Mc 18:34 *ñiy fitnaale ca kaso ba***: Waa Room ak Gereg ya daan nañu fitnaal ñi nekkoon ca kaso.

# Saar 14. Yeesu wër na dëkk yi ci Galile, Samari, Pere ak Jude

*Anam yi: Ci diiru ay weer la Yeesu wër ci dëkk yi ci diiwaani Galile, Samari, Pere ak Jude.*

**84. Yeesu sigiñu na ci dem Yerusalem.** (Mc 8:19-22; Lu 9:51-62)

Lu Bi jamono ji jegeñsee, ji Yeesu waree jóge àddina dem asamaan, mu sigiñu ci dem Yerusalem.

Noonu mu yebal ay ndaw, ñu jiitu ko. Ñu dem nag, dugg ci ab dëkk ci diiwaanu Samari[604], ngir wutal ko fa fu mu dal. Waaye waa dëkk ba nanguwuñu ko, ndaxte mi ngi jublu woon Yerusalem. Bi taalibe yi tudd Saag ak Yowaana gisee loolu, ñu ne: « Boroom bi, ndax dangaa bëgg nu ne, na sawaras asamaan dal ci seen kaw[605], faagaagal léen? » Waaye Yeesu walbatiku, yedd taalibe ya, ba noppi ñu daldi dem wuti beneen dëkk.

Bi ñuy dem, am ci yoon wi Mc benn xutbakat[606] daldi ñëw ci moom ne ko: « Kilifa gi, dinaa la topp[607] fépp foo jëm. » Waaye Yeesu ne ko: « Till yi am nañu seeni kàmb, te picci asamaan am nañu ay tàgg, waaye Doomu nit ki amul fu mu noppal boppam[608]. »

Lu Yeesu ne keneen: « Toppal ci man. » Waaye kooku ne ko: « Sang bi,

---

[604] **Lu 9:52-53 *dëkku Samari***: Yawut ya ak waa Samari ya daan nañu sibante. Ab Yawut ku fonk diineem du dal mukk ca dëkki Samari, te ñu gis ku ko def dina léen jaaxal. Waa Samari daan nañu saaga Yawut yu jaar Samari ngir dem Yerusalem. Seetal itam leeral 145 (Yow 4:4, wàll 28, page 68) ak leeral 149 (Yow 4:7, wàll 28, page 69).

[605] **Lu 9:54 *sawaras asamaan dal ci seen kaw***: Yàlla tontu na ca ñaanu yonentam Ilyaas, di wàcce sawara ca kaw saraxam (1Ki 18:36-38). Mu wàcce ko itam ca kaw ñaari mbooloom xare mu buuru Israyil yónni woon. Mu nekk amoon 50 dag ya. Ca jamono jooju buuru Israyil Samari la dëkkoon (2Ki 1:9-12).

[606] **Mc 8:19 *xutbakat***: Seetal leeral 57 (Mc 2:4, wàll 12, page 36).

[607] **Mc 8:18; Lu 9:57 *dina la topp***: Taalibe ya daan nañu tànn seen sëriñ. Waaye Yeesu toppul aada ja. Mu tànn ci boppam ñi mu bëggoon ñu topp ko.

[608] **Mc 8:20; Lu 9:58 *amul fu mu noppal boppam***: Yeesu moomul kër, te moom ak ñi ko topp soxlaal nañu ñeneen ngir seen dund. Teraanga amoon na solo waaye ba tey daan nañu xeeb ñoom ña doon dunde noonu.

may ma, ma jëkka dem suuli sama baay[609]. » [Mc] Yeesu ne ko: « Toppal ci man te bàyyi ñi dee, ñu suul seeni néew. [Lu] Yaw demal, yégle nguuru Yàlla. »

Keneen ne ko: « Sang bi, dinaa la topp, waaye may ma, ma jëkka tàgguji sama waa kër. » Yeesu ne ko: « Kuy ji, di geestu, yeyoowula liggéey ci nguuru Yàlla. »

## 85. Yeesu yónni na ay ndaw (Mc 11:20-30; Lu 10:1-24)

[Lu] Gannaaw loolu Boroom bi tànn na yeneen juróom ñaar fukki taalibe ak ñaar[610], yebal léen, ñu ànd ñaar ak ñaar, jiituji ko ca dëkk yépp ak ca bérab yépp, ya mu naroona dem moom ci boppam. Mu ne léen: « Ngóob mi yaatu na, waaye liggéeykat yi barewuñu. Ñaanleen nag Boroom ngóob mi, mu yebal ay liggéeykat, ñu góob toolam. Demleen! Maa ngi leen di yónni, mel ni ay mbote ci biir ay bukki. Buleen yor xaalis walla mbuus walla ay dàll. Buleen nuyu kenn ci yoon wi.

« Kër gu ngeen mana dugg, nangeen jëkk ne: "Na jàmm wàcc ci kër gi." Bu fa nitu jàmm nekkee, seen yéene dina ko indil jàmm. Lu ko moy, seen yéene dina délsi ci yéen. Dal-leen ca kër googa, tey lekk ak a naan lu ñu leen di jox, ndaxte liggéeykat yelloo na jot peyam. Buleen dem nag kër ak kër.

« Dëkk bu ngeen mana dugg, te waa dëkk ba teeru leen, lu ñu leen jox, lekkleen ko. Nangeen wéral jaragi dëkk ba, te ngeen ne léen: "Nguuru Yàlla[611] jegesi na leen." Waaye bu ngeen duggee ci dëkk te teeruwuñu

---

[609] **Mc 8:21; Lu 9:59: *dem suuli sama baay***: Teral sa waajur bi mu deeye bokkoon na ca warugar wu gëna am solo ca Yawut ya. Ëppoon na solo sax lu war ci diine. Bi ñu suuloon seen waajur ba noppi, daan nañu ko jooy ak seeni bokk. Ci diiru benn ayu-bés kenn gisu léen ndaxte ñu làqu ca biir kër ga. Naka noonu xam nañu ne baayu taalibe ba soogula dee. Gannaaw menn at, taaw bi dellusi, sulli yax ya, teg léen ci biir menn ndab, ba noppi dencaat léen ci bàmmeelub maam ya. Gëmoon nañu ne suux wuy nëb dindi na bàkkaaru ndem-si-Yàlla ji.
Su baayam gaañu woon ba noppi am diggante ay ayu-bés ak menn at laata ñu dencaat i yaxam. Waaye bi taalibe ba laajoon Yeesu mu may ko mu dem suuli baayam, man naa nekk tekkiwul ne baayam gaañu na ba noppi. Waxin la woon, bu tekki ne mu wara matal lu war ca baayam ba mu dee, fekk ne baay moo dund ak wér gi yaram ba tey te warula dee ca ay at yu bare.

[610] **Lu 10:1 *juróom ñaar fukki taalibe ak ñaar***: 72 mooy ñaata xeet yu amoon ci àddina si (Ge 10).

[611] **Lu 10:9 *nguuru Yàlla***: Seetal leeral 84 (Mc 3:2, wàll 16, page 45).

leen, demleen ca mbedd ya te ne léen: “Seen pëndu dëkk, bi taq ci sunuy tànk sax, noo ngi koy faxas[612], ngir seede leen seen réer. Waaye nag xamleen ne nguuru Yàlla jegesi na.” Maa ngi leen koy wax, [Mc] keroog bés pénc ma, [Lu] waa Sodom[613] ñooy tane dëkk boobu. »

[Mc] Gannaaw loolu Yeesu daldi gëdd dëkk, ya mu defe woon la ëpp cay kéemaanam, ndaxte tuubuñu seeni bàkkaar.

Mu ne: « Dingeen torox, yéen waa Korasin[614] ak waa Betsayda[615], ndaxte kéemaan yi ma def ci yéen, bu ñu léen defoon ci dëkku Tir walla ci dëkku Sidon[616], kon réccu nañu bu yàgg, xëppoo dóom, sol saaku[617]. Waaye maa ngi leen koy wax, keroog bés pénc ma Tir ak Sidon ñoo leen di tane.

« Te yaw dëkku Kapernawum[618], ndax dees na la yékkati bu kawe? Déedéet, dees na la daane bu suufe. Ndaxte kéemaan yi ma def ci yaw, bu ñu léen defoon ci dëkku Sodom, kon mu nekk ba tey. Waaye maa ngi leen koy wax, keroog bés pénc ma Sodom moo lay tane.

[Lu] « Ku leen déglu, déglu na ma; ku leen bañ, bañ na ma. Te ku ma bañ, bañ na ki ma yónni. »

Juróom ñaar fukki taalibe yi ak ñaar délsi, fees ak mbég te naan: « Boroom bi, rab yi sax déggal nañu nu ndax sa tur. » Yeesu ne léen: « Maa ngi doon séen Seytaane wàcce asamaan ni sawaras melax. Gis ngeen, jox naa leen sañ-sañu joggi ci jaan yi ak ci jiit yi[619], daan dooley bañaale bi, te dara du leen mana gaañ. Moona li leen rab yi déggal, bumu

---

[612] **Lu 10:11 *faxas seen pëndu tànk***: Seetal leeral 391 (Mc 10:14, wàll 58, page 135).

[613] **Mc 11:23; Lu 10:12 *waa Sodom***: Seetal leeral 392 (Mc 10:15, wàll 58, page 136).

[614] **Mc 11:21 *Korasin***: Dëkk la woon ca kaw ab tund, ci diiwaanu Galile ca wetu dexu Galile. Nekkoon na 3 kilomet digganteem ak Kapernawum. Seetal kart 1 G6. Yaakaar nañu ne mooy gent bi tudd tey jii Keraase (*Kirbet Kerazeh*). Déndu gent bi 10 ektaar la tollu. Soo nekkee ca Korasin man ngaa gis dekki Kapernawum ca penku suuf ak Betsayda 6 kilomet ca penku.

[615] **Mc 11:21 *Betsayda***: Seetal leeral 116 (Yow 1:44, wàll 22, page 56).

[616] **Mc 11:21 *Tir ak Sidon***: Seetal leeral 268 (Mk 3:8, wàll 43, page 104).

[617] **Mc 11:21 *xëppoo dóom, sol saaku***: Ca jamono yu weesu taraxlaayoo ab saaku te sottikoo suuf walla dóom ci seen kaw bopp màndarga la woon ngir wone seen naqar. Daan nañu ko def bu ñu réccoo ca seeni tooñ, walla jooyee ku gaañu. Ràbb nañu saaku ak kawari bëy.

[618] **Mc 11:23 *Kapernawum***: Seetal leeral 126 (Yow 2:12, wàll 23, page 60).

[619] **Lu 10:19 *joggi ci jaan yi ak ci njiit yi***: Jaan ya ak njiit ya daan nañu misaale musiba gu mata moytu (De 8:15). Ca Ps 91:13 joggi ci jaan moo wone ni leen Yàlla aare.

tax ngeen bég, waaye bégleen ndax li ñu bind seen tur ci asamaan[620]. »

Ca saa soosu Xel mu Sell mi[621] feesal Yeesu ak mbég, mu daldi ne: « Yaw Baay, Boroom asamaan ak suuf, maa ngi lay sant ci li nga nëbb yëf yii ñi am xam-xam ak ñi am xel, te xamal léen gone yi. Waaw, Baay, ndaxte looloo la neex. »

Yeesu teg ca ne: « Sama Baay jébbal na ma lépp, te kenn manula xam, man Doom ji, maay kan, ku dul Baay bi; kenn manula xam it kan mooy Baay bi, ku dul man Doom ji, ak ku ma ko bëgga xamal.

Mc « Ñëwleen ci man, yéen ñépp ñi sonn te diis, dinaa leen may noflaay. Jébbaluleen ci man te jàng ci man, ndaxte lewet naa te woyof, te dingeen am noflaay ci seen xol. Ndaxte sama kilifteef lewet na te sama yen diisul. »

Lu Gannaaw bi mu waxee loolu, Yeesu walbatiku ca taalibe ya ne léen ñoom rekk: « Ñi seeni bët di gis li ngeen di gis, am nañu mbég. Ndaxte maa ngi leen koy wax, yonent yu bare ak buur yu bare bëggoon nañoo gis li ngeen di gis, waaye gisuñu ko, te dégg li ngeen di dégg, waaye dégguñu ko. »

## **86. Nit ku baax, ku dëkk Samari** (Lu 10:25-37)

Lu Noonu benn xutbakat[622] daldi jóg, ngir fexee fiir Yeesu ne ko: « Kilifa gi, lan laa wara def, ba am dund gu dul jeex?[623] » Yeesu ne ko: « Lu ñu bind ci yoonu Musaa? Lan nga ciy jàng? » Nit ka ne ko: « “Nanga bëgg Yàlla sa Boroom ak sa xol bépp ak sa bakkan bépp, sa kàttan gépp ak sa xel mépp,”[624] te it: “Nanga bëgg sa moroom, ni nga bëgge sa bopp.”[625] » Yeesu ne ko nag: « Li nga wax dëgg la. Boo defee loolu, dinga dund ba fàww. » Waaye xutbakat ba bëggoona am aw lay, ne Yeesu: « Kan mooy

---

[620] **Lu 10:20** ***bind seen tur ci asamaan***: Dëkk yu mag daan nañu bind turi ñi bokk dëkk ba. Ca Mbind yonent yi bind nañu ca téereb dund ay yoon yu bare (Ex 32:32–33; Ps 69:28; 87:6; Isa 4:3; Dan 12:1; Mal 3:16–17; Fb 4:3; Yaw 12:23; Pe 3:5; 13:8).

[621] **Lu 10:21** ***Xel mu Sell mi***: Seetal leeral 25 (Lu 1:35, wàll 6, page 24).

[622] **Lu 10:25** ***xutbakat***: Seetal leeral 57 (Mc 2:4, wàll 12, page 36).

[623] **Lu 10:25** ***dund gu dul jeex***: Seetal leeral 5 (Yow 1:4, wàll 2, page 13).

[624] **Lu 10:27**: Jukki na ko ca De 6:4-5.

[625] **Lu 10:27**: Jukki na ko ca Le 19:18.

sama moroom nag?[626] »

Yeesu ne ko: « Dafa amoon nit ku jóge woon Yerusalem, jëm Yeriko[627] [628]. Ay sàcc dogale ko, futti ko, dóor ko ba muy bëgga dee, dem bàyyi ko fa. Faf ab sarxalkat[629] jaar ca yoon wa, séen nit ka, teggi. Benn waay it bu

---

[626] **Lu 10:29** ***Kan mooy sama moroom***: Ca xalaatu Yawut ya, ab Yawut rekk mooy seen moroom.

[627] **Lu 10:30** ***Yeriko***: Dëkk la, ci xuru dexu Yurdan lu tollook 8 kilomet ca bëj-gànnaaru Géeju xorom ga. Dàkkentale nañu ko dëkku tiir. Bokk na ca dëkk yu ñu jëkka sampoon ci àddina si. 28 kilomet ca penku-kawu Yerusalem la nekk. Yeriko, ndajem-yooni jaaykat yu jaar àddina si la woon itam. Ca wetu dëkk ba am na benn jàllu, maanaam bérab fu dex ga xóotul ba nit ñi soxlawuñu gaal ngir jàll. Naka noonu Yeriko nekkoon na bunt ngir ña bëgga dugg réewu Yude, walla dem Yerusalem, jóge penku dexu Yurdan. Ca wetam am na benn bëtu ndox, mooy bëtu Alyaasa (2Ki 2:21-22), bu balle 4500 liitar ndox minit be nekk. Klimaa ba neex na lool. Suufam ca tool ya nangu na.
Dëgg-dëgg dëkk bu ñu wax Yeriko nekkoon ca ay berab yu wuute. Tas nañu ko ay yoon yu bare. Leeg-leeg ñu tabaxaat ko ca kaw ngent bu ko jiitu. Leeg-leeg ñu sampaat ko feneen. 9.000 at lu jiitu jamano Kirist lañu jëkka sampoon Yeriko. Bànni Israyel tas na dëkk ba bi ñu duggoon réew mi leen Yàlla digoon (Jos 6:1-27). Waa Babilon tas na dëkk ba bi ñu ñëwoon noot réewu Yuda 600 at j.K.. Sirus, buuru Pers sampaat na ko lu tollu ñaari kilomet ca bëj-saalumu ngentu Yeriko may ko Yawut ñu jóge Babilon. Alegsàndar bu Mag nangu na ko atum tubaab 336 j.K.. Ca jamono nguuru Room buur bu jigéen Misra, Kaleyopatërë, moo ko moom. Mu luwe ko Erodd bu Mag. Gannaaw ga Kaleyopatërë xaru, Ogust Sesaar may na ko Erodd bu Mag daanaka atum tubaab 30 j.K.. Erodd def na ko fu mu dëkk ca jamanoy sedd. Mu tabax fa ñetti kër yu rafet. Genn ca ñoom 3 ektaar la toolu. Te ay mbànd ngir féey, menn mu am xootaayu 3 metaar ak guddaayu 90 metaar bokk na ci kër yooyu! Mu tabax fa itam tata, ay yoonu ndox, ab powukaay, benn estaad ngir dawante fas. Ca jamono Yeesu boroom alal daan nañu fa dëkk. Amoon na itam ay sarxalkat ak nit ñu soqikoo ca giiru Lewi ñu dëkk Yeriko, di liggéey Yerusalem. Samp nañu dëkk bu ñu tudd tey ji Yeriko ñaari kilomet ca penku dëkk bi Yeesu xamoon 400 at gannaaw Kirist. Seetal kart ???.

[628] **Lu 10:30** ***yoon diggante Yerusalem ak Yeriko***: Yoon wu nit ragal la. Yerusalem dafa nekk ca kaw ay tund, 750 meetar ca kaw niwo géej. Yeriko dafa nekk ca xur, 260 meetar ca suufu niwo géej. Naka noonu ku dox tànk Yeriko ba Yerusalem dafay yéeg lu tollu junni meetar ca 28 kilometu yoon wa. Yéeg bu metti la. Mooy doxub juróom benn ba juróom ñetti 8 waxtu. Yoon wa moo wëndéelu ca màndiŋ mu wow koŋŋ. Amul sax garab ba nga jege Yerusalem. Barewul dëkk am ca yoon. Naka noonu ña dox, ca weet lañu dox. Ca wetu yoon am na xuntim xeer ak làquwaay yu bare fu saay-saay ya ak sàcc daan làqu, di song ña fa jaar. Àll ba am na itam ay rab yu soxor ni gaynde ak urs. Yoon wa moo toppoon Wéd Kelt, te dafay jaar ca jànjub Adumim, dëkki Betfase ak Betani, tundu Oliw ya, ba noppi jàll xuru Sedoron ngir dugg Yerusalem.

[629] **Lu 10:31** ***sarxalkat***: Am na ñi xalaat ne sarxalkat ba dafa ragal ne laal nit ka man naa ko taqal sobe. Ab Sarxalkat mënula def liggéeyam su fekkee ne mu taq sobe. Walla mu yàkkamti te bëggul dara yéexal ko. Waaye sarxalkat bi ca Yerusalem, fu liggéeyam

soqikoo ci giiru Lewi[630], aw ca bérab booba, séen waa ja, teggi. Waaye benn waay bu dëkk Samari[631] bu doon tukki, ñëw ba jege waa ja, gis ko, yërëm ko. Noonu mu ñëw, sotti diw ak biiñ[632] ca gaañu-gaañu ya, lëmës ko. Gannaaw loolu mu teg ko ci mbaamam, yóbbu ko ci fanaanukaay[633], di ko topptoo. Bi bët setee, mu génne ñaari poseti xaalis[634], jox ko boroom kër ga ne ko: “Nanga topptoo nit kooku. Bés bu ma fi jaaraatee, dinaa la fey, man ci sama bopp, lépp loo ci dolli ci xaalis.” »

Yeesu teg ca ne: « Lu ciy sa xalaat? Kan ci ñett ñooñu moo jëfe ni kuy jëf jëme ci moroomam, ba ñu gisee nit, ka sàcc ya dogale woon? » Xutbakat ba ne ko: « Xanaa ki ko won yërmandeem. » Yeesu ne ko nag: « Demal tey def ni moom. »

### **87. Màrt ak Maryaama teeru nañu Yeesu** (Lu 10:38-42)

*Anam yi: Dëkku Màrt ak Maryaama mooy Betani lu tollu 3 kilomet fu sore Yerusalem. Man na nekk nettali bii amoon ci jamono bi Yeesu demoon Yerusalem ngir Màggalu Mbar ya (xaaj 69, page 158) walla Màggalu Bés ba ñu sellale woon kër Yàlla ga (xaaj 76, page 174).*

Lu Bi Yeesu ak ay taalibeem nekkee ci yoon wi, mu dugg ci benn dëkk[635],

---

nekkoon, la jóge. Wàcc na ca liggéeyam. Naka noonu jaaxle ci liggéeyam mënula tax mu teggi ko. Seetal itam leeral 20 (Lu 1:5-10, wàll 5, page 18) ngir gëna xam liggéey sarxalkat ya.

630 **Lu 10:32 *waay bu soqikoo ci giiru Lewi***: Seetal leeral 102 (Yow 1:19, wàll 20, page 51).

631 **Lu 10:33 *waay bu dëkk Samari***: Jàmbaar ji ci nettali bi mooy ab waay bu dëkk Samari. Moo tax ñépp ñi déggoon léeb bi waaru. Seetal leeral 149 (Yow 4:7, wàll 28, page 69). ngir xam ni Yawut ya daan xeebe waa Samari.

632 **Lu 10:34 *diw ak biiñ***: Ca jamono Yeesu daan nañu sotti diw ak biin ca gaañu-gaañu ya ngir setal léen di dalal metit. Daan nañu jëfandikoo biiñ ngir faj ñi nooju; ñi miir; ñi am biir buy daw; ñi am xetu gémmiñ guy xasaw; ñi jaan màtt; ñi am saan; ak ñi am jafe-jafe ak seen saaw.

633 **Lu 10:34 *fanaanukaay***: Soo demee ba diggu yoon diggante Yerusalem ak Yeriko dinga gis ab fanaanukaay. Bérab ba amoon ab fanaanukaay fa ay junni at. 350 years gannaaw jamonoy Kirist tàmbale nañu wax ne mooy fanaanukaay bi Yeesu waxoon.

634 **Lu 10:35 *ñaari poseti xaalis***: Benn posetu xaalis mooy lu ñu doon fey ku liggéey tool ngir benn fanu liggéey. Yaakaar nañu ne ñaari poset doyoon ngir mu nekk fa daanaka ñetti ayu-bés.

635 **Lu 10:38 *benn dëkk***: Dëkk ba mooy Betani lu tollu 3 kilomet fu sore Yerusalem (Yow 11:1). Naka noonu, Yeesu dafa jublu Yerusalem walla jóge Yerusalem.

fekk fa jigéen ju tudd Màrt[636], ganale ko. Màrt nag amoon rakk ju tudd Maryaama[637], ma nga toog ci tànki Boroom bi, di déglu ay kàddoom. Fekk Màrt jàpp lool ca waañ wa[638]. Noonu mu ñëw ci wetu Yeesu ne ko: « Boroom bi, doo ci wax dara, boo gisee sama rakk ji bàyyi ma ak liggéey bi yépp? Ne ko mu jàpple ma. » Boroom bi ne ko: « Màrt, Màrt, yu baree ngi fees sa xol, nga am ay téq-téq ndax loolu. Moona de, lenn rekk a am solo. Maryaama dafa tànn cér bi gën, te kenn du ko nangu ci moom. »

## 88. Ni ñuy ñaane ci Yàlla (Lu 11:1-13)

Lu Am bés Yeesu di ñaan ci benn bérab. Bi mu noppee, kenn ci taalibeem yi ne ko: « Boroom bi, jàngal nu, nan lanu wara ñaane, ni ko Yaxya[639] jàngle[640] ay taalibeem. » Yeesu ne léen: « Bu ngeen dee ñaan, nangeen ne:

Baay[641], yal na sa tur di lu ñu sellal,

---

***Betani***, dëkk bu ndaw ci tundu Oliw ba, ci yoonu Yeriko. Ca sowu dëkk bi ñu tudd tey ji al-Asaariya la, ca penku-suufu tundu Oliw. Al-Asaariya moo soqikoo ci turu Lasaar ca làkku naar. Yaakaar nañu ne amoon na fa dëkk tàmbali ca 600 at yu jiitu jamono Kirist ba 1400 at gannaawam. Foofu la xariti Yeesu, di Màrt, Maryaama ak Lasaar, dëkkoon. Ca ayu-bésam bu mujj ba Yeesu doon na fanaan Betani, di xéy dem Yerusalem bés bu nekk. Yaakaar nañu ne ñu bare ñu dëkk fa, Galile lañu jóge. Amoon na bérab fu ñu toppatoo gaana ya ca dëkk ba. Man gis ba tey ag kër gu nekkoon bi Yeesu jaaroon fa. Seetal kart ???.

636 **Lu 10:38 *Màrt***: Xaritu Yeesu la woon, bu dëkk Betani. Magu Maryaama ak Lasaar. Man nga jàng jalooreem ci Lu 10:38-42; Yow 11:1-45. Am na ñi yaakaar ne jabaru Simoŋ ma gaana la woon, ci kaw li ñu mengale ni ñu nettalee bés bi ñu diw Yeesu ci Macë, Mark ak Yowaana (Mc 26:6-13; Mk 14:3-9; Lu 7:37-50; Yow 12:1-8).

637 **Lu 10:39 *Maryaama***: Xaritu Yeesu ak rakku Màrt ak Lasaar la woon. Dafa moomoon liibaru latkoloñ ju jar peyu atum lëmm (Yow 12:3-8). Naka noonu xëyna boroom alal la woon.

638 **Lu 10:40 *Màrt jàpp lool ca waañ wa***: Teraanga lenn lu amoon solo lool. Te moo doon warugaru jigéen ngir waajal ko. Naka noonu ni Yeesu fare ak li Maryaama defoon tax ñi déggoon Yeesu waaru.

639 **Lu 11:1 *Yaxya***: Seetal leeral 6 (Yow 1:6, wàll 2, page 13).

640 **Lu 11:1 *ni ko Yaxya jàngle ay taalibeem***: Ñaan bi moo ñaan bi mbooloo daan tari, bu wone ne ñu bokk. Tariixa Yawut ya amoon nañu itam seen ñaan.

641 **Lu 11:2 *Baay***: Ca lakku Yawut wi baat bi mooy 'Abba'. Yeesu mooy ki jëkka boole tur wi ak Yàlla. Mu ngi tekki 'pàppa' te ëmb ni doom ji jegee baayam di ko miin, su fekkee sax ne ba tey mooy Boroom kër. Yawut ya daawuñu xàmmee Yàlla noonule. Léeg-léeg ñu gis Yawut ya tudde Yàlla 'Baay', waaye mu tekki Boroom bi rekk. Te mosula feeñ ca seen ñaan.

yal na sa nguur ñëw.
Yal nanga nu may bés bu nekk lu nu dunde.
Yal nanga nu baal sunuy bàkkaar, ndaxte nun itam danuy baal ñépp ñi nu tooñ.
Yàlla boo nu teg ci yoonu nattu. »

Yeesu teg ca ne léen: « Mi ngi mel ni, nga dem seeti sa xarit ci xaaju guddi ne ko: "Xarit, lebal ma ñetti mburu. Dafa am sama xarit bu ma ganesi[642], te awma dara lu ma ko jox."

« Waaye kooku nekk ci biir néegam[643], dina ko ne: "Bu ma lakkal, tëj naa bunt bi ba noppi te tëdd naa maak sama njaboot; manumaa jóg di la jox dara."

Maa ngi leen koy wax, su jógul jox ko li muy laaj ndax li ñu xaritoo it, ndax la kee ñàkk jom dina tax mu jox ko lépp li mu soxla. Moo tax ma ne, ñaanleen, ñu may leen; seetleen, te dingeen gis; fëggleen, ñu ubbil leen. Ndaxte képp kuy ñaan, dinga am; kuy seet, dinga gis; kuy fëgg, ñu ubbil la. Bu la sa doom ñaanee jën, yaw miy baayam, ndax dinga ko baña jox jën, jox ko jaan? Walla mu ñaan la nen, nga jox ko jiit? Ndegam yéen ñi bon yéena mana jox seeni gone lu baax, astamaak Baay bi[644] nekk ci kaw dina jox Xel mu Sell mi ñi ko koy ñaan! »

## 89. Ku rab jàpp, mu gumba te luu (Mc 12:22-45; Lu 11:14-36)

---

[642] **Lu 11:5-6** ***am sama xarit bu ma ganesi***: Teraanga warugar wu réy la woon ca jamono Yeesu. Ganam bett na ko ca xaaju guddi, bi mu agsi gannaaw tukki fu sore. Njaatige bi dafay ruus lool ndaxte amul mburu ngir jox ko mu lekk. Te warugaram mooy ganam lekk ba suur.
Loolu moo tax mu dem ca xaritam. Warugaru xarit bi mooy dimbali xaritam. Bañ koo def, gàcce gu réy la indi. Naka noonu mënula bañ xaritam, su fekkee sax ne gétën la.
Léeb bi waxul ca lu jëm ca ni nu wara sax ca ñaan ndaxte njaatige bi ñaanoon xaritam benn yoon rekk. Waxul itam ca ni nu wara ñaan ak fit, ndaxte dem ca sa xarit ca xaaju guddi warugar la, du fit. Mënula def leneen. Dafa wax ca jom ak gàcce.

[643] **Lu 11:7** ***néegam***: Kër, benn néeg rekk la amoon, te ñépp, nit ak mala fanaan ci. Te njaboot gépp daan nañu tëdd ca benn lal. Naka noonu boroom kër gi mënula jog ngir dimbali xaritam lu dul yëngu-yëngu bi ak coow bi mu tijjee bunt ba gétën njabootam.

[644] **Lu 11:13** ***astamaak Baay bi***: Ab léebu dafa mengale dara ak dara ngir jàngal nu dara. Man nañu mengale ni ñu niroo walla boog ni ñu safaane. Léebu bi dafa mengale xarit bi ak Yàlla ngir jàngal nu dara ci lu jëm ca ñaan. Bëggula wax ne Yàlla dafa mel ni xarit bi. Mooy safaanu xarit bi. Te loolu moo tax muy nangu sunuy ñaan.

[Mc] Booba ñu indil ko ku rab jàpp[645], mu gumba te luu. Yeesu faj ko, ba ku luu ki di wax tey gis. Noonu mbooloo mépp yéemu naan: « Ndax kii du Sëtu Daawuda bi?[646] » Bi Farisen ya déggee loolu nag, ñu ne: « Kii ci kàttanu Beelsebul[647], buuru rab yi, lay dàqe rab yi[648]. » [Lu] Am ñeneen ñu fexe koo fiir, ba laaj ko kéemaan gu jóge ci asamaan tey firndeel yónnentam.

[Mc] Waaye Yeesu xam seen xalaat ne léen: « Réew mu xeex boppam tas, te dëkk mbaa kër guy xeex boppam du mana yàgg. Bu Seytaane dàqee Seytaane nag, xeex na boppam; kon naka la nguuram di mana yàgge? [Lu] Damay wax loolu, ndaxte nee ngeen, damay dàq rab jaarale ko ci kàttanu Beelsebul. [Mc] Te it bu fekkee ne man damay dàq ay rab ci kàttanu Beelsebul, seeni taalibe[649] nag, ci gan kàttan lañu léen di dàqe? Kon ñoo leen di àtte. Waaye bu fekkee ne [Lu] ci baaraamu Yàlla[650] [Mc] [ak] ci Xelum Yàlla laay dàqe rab, kon nguuru Yàlla agsi na ba ci yéen.

« Su fi amee nit ku bare doole, te nit bëgga dugg ci këram, nangu alalam, naka la koy defe? Xanaa dafay jëkka yeew ku bare doole ka[651], ba noppi doora toj këram gépp.

[Lu] Su nit ku bare doole gànnaayoo, di wottu këram, alalam dina raw. Waaye bu ku ko ëpp doole ñëwee, daan ko, dafay nangu gànnaay ya mu yaakaaroon, ba noppi séddale alal ja.

[Mc] « Noonu ku farul ak man, yaa ngi may xeex, ku dajalewul ak man, yaa ngi tasaare.

---

[645] **Mc 12:22; Lu 11:14 *ku rab jàpp***: Seetal leeral 180 (Mk 1:23, wàll 33, page 80).

[646] **Mc 12:23 *Sëtu Daawuda***: Seetal leeral 13 (Mc 1:1, wàll 3, page 15).

[647] **Mc 12:24; Lu 11:15 *Beelsebul***: Seetal leeral 332 (Mk 3:22, wàll 51, page 119).

[648] **Mc 12:24; Lu 11:15 *Ca kàttanu Beelsebul lay dàqe rab yi***: Seetal leeral 333 (Mk 3:22, wàll 51, page 120).

[649] **Mc 12:27; Lu 11:19 *seeni taalibe, ci gan kàttan lañu léen di dàqe?***: Amoon na ay Yawut ya doon dàq rab. Seetal leeral 180 (Mk 1:23, wàll 33, page 80).

[650] **Lu 11:20 *baaraamu Yàlla***: Waxin bu tekki ne 'kàttanu Yàlla'. Dafa fàttali Yawut ya li Yàlla defoon ca jamono Musaa bi mu goreel bànni Israyil ca loxo waa Misra. Seetal Ex 18:15; De 9:10.

[651] **Mc 12:29; Lu 11:21,22 *yeew ku bare doole***: Mooy Ibliis. Yeesu dafa bëgg wax Farisen ya ne su fekkee ne damay dàq rab, te mënuleen ko weddi, moo tekki ne song na nguuru Seytaane ba yeew ko ba noppi. Moo tax man naa nangu alalam — mooy nit ñi mu jàppoon. Ay boroom xam-xam yaakaar nañu ne Yeesu daan na Ibliis bi mu jànkoontee ak fiiri Seytaane ca màndiŋ ma (Mc 4:1-11; Mk 1:12-13; Lu 4:1-13).

Mc Yeesu teg ca ne: « Loolu moo tax maa ngi leen koy wax, bàkkaar walla sos wu mu mana doon, dinañu ko baale, waaye ku sosal Xelum Yàlla[652], duñu ko baal. Ku sosal Doomu nit ki, dinañu ko baal, waaye ku sosal Xel mu Sell mi, duñu ko baal mukk[653], du ci àddina si, du ci àllaaxira.

« Neeleen garab gi baax na, moom ak meññeefam, walla ngeen ne garab gi bon na, moom ak meññeefam; ndaxte garab, meññeefam lañu koy xàmmee. Yéen ñi fees ak daŋar ni ay co[654], naka ngeen mana waxe lu baax, fekk dangeen bon? Ndaxte gémmiñ, la fees xol lay wax. Noonu nit ku baax, lu baax lay wax, jële ko ca fa mu denc lu baax, te nit ku bon, lu bon lay wax, jële ko ca fa mu denc lu bon. Maa ngi leen di wax ne keroog bés pénc, nit ñi dinañu làyyi ndax wax ju nekk ju amul njariñ, ju ñu masa wax. Ndaxte dees na la àtte ni ku jub ci say wax, walla ñu daan la ci say wax. »

Lu Bi Yeesu di wax loolu, jenn jigéen yékkati baatam ca biir mbooloo ma ne: « Céy jigéen ji la ëmb te nàmpal la moo barkeel![655] » Waaye Yeesu ne ko: « Neel kay, ki barkeel mooy kiy déglu kàddug Yàlla te di ko topp. »

Mc Ci kaw loolu ay xutbakat ak ay Farisen wax ak Yeesu ne ko: « Kilifa gi, danoo bëggoon, nga won nu kéemaan guy firndeel sag yónnent. » Lu Naka la mbooloo may gëna takku, Mc Yeesu ne léen: « Yéenay laaj firnde, yéen niti jamono ju bon jii, yéen ñi fecci seen kóllëre ak Yàlla, waaye dungeen jot jenn firnde ju dul firndey[656] yonent Yàlla Yunus[657]. Lu Ni

---

[652] **Mc 12:31 *Xel mu Sell mi***: Dafa wax ca li Yawut ya gëmoon, du li taalibe Yeesu gëmoon, ndaxte xamuñu bu baax ni Xel mu Sell mi mel ba mu ñëw ca bésu màggalu Pàntakot (Jëf 2:1-4). Ca kaw Yawut ya, Xel mu Sell mi amoon ñaari liggéey. Mooy indi dëgg gi te may nit ñu mana gis dëgg guy ñëw. Seetal itam leeral 25 (Lu 1:35, wàll 6, page 24).

[653] **Mc 12:31,32 *duñu ko baal mukk***: Ba tey Yeesu moo tontu ca tuumaj Farisen ya, maanaam, ci kàttanu Beelsebul, la Yeesu dàqe rab yi. Ndax tuuma ji dafa bokk ca sos wu bokk ca wi ñu baal walla wi ñu dul baal? Maanaam ndax Farisen ya sosal nañu Yeesu walla Xel mu Sell mi? Yeesu wax na léen sosal nañu Xel mu Sell mi bi ñu seedeelee li Xelum Yàlla defoon Ibliis. Dañuy bañ gëm te kenn mënu léen gëmloo ba ñu bokk ci ñi mucc.

[654] **Mc 12:34 *yéen ñi fees ak daŋar ni ay co***: Seetal leeral 89 (Mc 3:7, wàll 16, page 46).

[655] **Lu 11:27 *jigéen ji la ëmb te nàmpal la moo barkeel***: Daan nañu barkeel yaay ngir tagg doomam.

[656] **Mc 12:39; Lu 11:29 *firndeg Yunus***: Firndeg Yunus ñaar la. Yunus, moom ci boppam firnde la woon ci waa Niniw. Yawut ya laaj nañu Yeesu lu mu def ngir wone yónnentam, fekk na ne moom ci boppam moo doon firnde googu. Waaye itam ni Yunus nekkoon ci biiru jën wa diirub ñetti bëccëg ak ñetti guddi, noonu la Yeesu nara nekk ca bàmmeel ba.

Yunus nekke woon firnde ci waa dëkku Niniw, noonu la Doomu nit kiy nekke firnde ci niti jamono jii. Mc Ndaxte ni Yunus nekke woon ñetti guddi ak ñetti bëccëg ci biir rabu géej wu mag, noonu la Doomu nit ki di nekke ñetti guddi ak ñetti bëccëg[658] ci biir suuf. Keroog bés pénc waa dëkku Niniw[659] dinañu jógandoo ak niti jamono jii, yey léen; ndaxte bi léen Yunus waaree, tuub nañu seeni bàkkaar, te ku sut Yunus a ngi fi. Te it ca bés pénc buur bu jigéen[660], ba dëkkoon ca sudd, dina jógandoo ak niti jamono jii, yey léen; ndaxte dafa jóge ca catul àddina, ngir déglu xam-xamu Suleymaan[661], te ku sut Suleymaan a ngi fi.

---

Seetal itam leeral 455 (Mc 16:4, wàll 67, page 155).

657 **Mc 12:39; Lu 11:29 *Yunus***: Seetal leeral 456 (Mc 16:4, wàll 67, page 155).

658 **Mc 12:40 *ñetti guddi ak ñetti bëccëg***: Ci kaw ni Yawut daan lime fan ya, wépp wàllu fan mooy wenn fan wépp. Naka noonu ñetti guddi ak ñetti bëccëg man naa nekk ñaari fan ak tuuti ba ñetti fan.

659 **Mc 12:41; Lu 11:30 *Niniw***: Dëkk bu réy te bu am solo la woon ca jamanoom te péey bu mujj ba ca nguuru Asiri. Nekkoon ca wet gu penku dexu Tiger (*le Tigre*). Waa Niniw, ñi dul Yawut lañu. Mbindum yonent ya moo def léen misaalu lu bon.
Bérab ba dafa jàkkaarloo ak dëkk bu tudd tey jii Mosuul (*Mossoul*) ci wàllu bëj-gànnaaru réewu Irak. Nàmróot, sëtaatu Nóoyin moo ko sampoon (Ge 10:8-11). Foofu la Yàlla yónni yonentam Yunus (Yow 1:2; 3:3-10; 4:11). Waa Babilon réccu nañu seeni bàkkaar bi ñu déggoon Yunus, waaye seeni doom mujjoon nañoo dellusi ca lu bon. Yonent Yàlla yi yégle ne lu jiitu ni Yàlla nare woon ko àtte (Isa 10: 5-19; Na 1:1-3:19; Zep 2:13-15). Waa Babilon ak waa Medd noot nañu ko ca 612 j.K.. Bés boobu ba tey jii ngent la. Cosaankat yi fekkaat nañu desitu dëkk ba ca 1850 g.K. te li ñu fekk ci biir ubbi na bunt ba ñu xam lu bare ci lu ame woon ca jamano yu njëkk yi.

660 **Mc 12:42; Lu 11:31 *buur bu jigéen, ba dëkkoon ca sudd***: Ku ñuul la woon. Mooy Lingeer bay buuru Saba. Déggoon na tur wa Suleymaan amoon. Mu dem ngir nattu xelum. Suleymaan tontu na ko lépp li mu laajoon. Bi mu gisee xelam, këram, i surgaam ak alalam mu yéemu, ba ne tesax (1Ki 10:1-13; 2Ch 9:1-12). May na Suleymaan alal ju bare. Lu am solo ci waxu Yeesu mooy Lingeer bay buuru Saba ku dul Yawut la woon.
Am naa ñi xalaat ne réewam mooy Aksum mi nekkoon ca réew mi tudd tey ji Ecópi. Ñeneen xalaat ne mooy Saba bu nekkoon ca Yaman. Dafa sore Yerusalem lu ëpp 3.000 kilomet. Tukki bi jafe na te guddi. Mooy cati àddina si ñu xamoon.
Lingeer buuru Saba feeñ na ca cosaanu Ecópi ak Yaman, ca téere cosaankat Yosef, ak ca Alxuraan. Am na jenn aada ju wax ne Suleymaan moo takkoon buuru Saba, di ko ëmbal. Ñu wax ne Menelik, seen doom ju góor, mooy maamu buuri Aksum ak Abisini, indi na gaal ga àlluway seede sa dence ca dëkku Aksum fu mu nekk ba tey. Xam nañu ne diine Yawut bokk na ci diine yi ci Ecópi ci diiru 3.000 at. Buuri Ecópi yépp diggante atum tubaab 1270 ba 1975 teg nañu seen bopp askanu Suleymaan.

661 **Mc 12:42; Lu 11:31 *Suleymaan***: Seetal leeral 220 (Mc 6:29, wàll 35, page 90).

Lu « Kenn du taal làmp[662], ba noppi di ko dugal cig kàmb, walla di ci këpp leget. Daf koy wékk, ngir mu leeral ñiy dugg.

Bët mooy làmpu yaram[663]. Bu sa bët wéree[664], kon sa yaram wépp leer. Waaye bu sa bët woppee[665], kon sa yaram wépp lëndëm.

Moytul ndax leer gi nekk ci yaw du lëndëm. Kon bu sa yaram wépp nekkee ci leer te amul genn wet gu laal ci lëndëm, dina leer nàññ, mel ni leeraayu làmp ne ràyy ci sa kaw. »

Mc Boo xamee ne rab wa jàppoon nit génn na ci moom, day wër ay bérab yu wow, di wut fu mu noppaloo, waaye du ko gis. Noonu da naan: "Naa dellu ca sama kër, ga ma génne woon." Bu ñëwee nag, mu fekk kërug neen, ñu bale ko, defar ko ba lépp jekk. Bu ko gisee nag, mu dem wooyi yeneen juróom ñaari rab yu ko gëna soxor, ñu dugg, sanc fa; ba tax muju nit kooku mooy yées njàlbéenam. Noonu lay nekke ak niti jamono ju bon jii[666]. »

## 90. Yeesu yedd na Farisen yi ak xutbakat yi (Lu 11:37-54)

Lu Bi Yeesu waxee ba noppi, benn Farisen wax ko, mu ñëw lekke[667] këram. Yeesu dugg ca kër ga, toog ca lekkukaay ba. Farisen bi nag daldi jaaxle, bi mu gisee ne Yeesu raxasuwul[668], laata muy lekk. Noonu Boroom bi ne

---

[662] **Lu 11:33 *làmp***: Ci aaya 33 ak aaya 34-36 am na ñaari wax. Ci tënk, dafa bëgg wax ne Yeesu ak waareem mooy leer gi, waaye ñi am xol bu baax rekk man koo gis. Ni nga xoole Yeesu moo tax sa yaram leer walla lëndëm.

[663] **Lu 11:34 *bët mooy làmp***: Nit ñi daan nañu xalaat ne leer dafa génne ca bët, boole ak leeru lëf li ñu gis, ba noppi jaaraat ca bët, dugg ca yaram, moo tax ñu mana gis.

[664] **Lu 11:34 *bët bu wér***: Ca jamonoom waxin la woon buy tekki kuy tabe.

[665] **Lu 11:34 *bët bu wopp***: Ca jamonoom waxin la woon buy tekki kuy siis.

[666] **Mc 12:45 *Noonu lay nekke ak niti jamono ju bon jii***: Leebu bi (Mc 12:43-45; Lu 11:24-26) moo bokk ba tey ca ni Yeesu tontoo ca tuumaj Farisen ya, maanaam, ci kàttanu Beelsebul, la Yeesu dàqe rab yi. Yeesu dafa bëgg wax ne, du moom ki liggéeyal Ibliis, waaye Farisen ya la. Yeesu moo dàq lu bon, waaye Farisen tax yu gëna bon dugg gannaawam.

[667] **Lu 11:37 *lekk***: Yawut ya daan nañu lekk ñaari yoon bés bu nekk: ndékki ca yooy-yoor te ñu reer diggante tisbaar ak tàkkusaan. Lu gëna woor, lekk bi bernde la woon. Te gan ya sóonu nañu ca lal, wër lekkukaay ba.

[668] **Lu 11:38 *Yeesu raxasuwul laata muy lekk***: Seetal leeral 437 (Mc 15:2, wàll 63, page 149).

ko: « Waaw, yéen Farisen yi, yéena ngi setal bitib kaas bi ak ndab li[669], waaye ci biir dangeena fees ak càcc ak mbon! Yéena ñàkk xel! Xanaa du ki defar biti moo defar biir itam? Sarxeleen li nekk ci biir te seen lépp dina sell. Yéen Farisen yi dingeen torox! Ndaxte yéena ngi sàkk asaka[670] ci naana ak ru[671] ak léjum bu nekk, waaye sàggane ngeen njubte ak mbëggeel ci Yàlla. Loolu ngeen wara def, waxuma nag ngeen sàggane la ca des. Yéen Farisen yi, dingeen torox! Ndaxte ca jàngu ya, toogu ya féete kanam[672] ngeen di taamu te bëgg ñépp di leen nuyoo ñaari loxo ca pénc ma. Dingeen torox, ndaxte dangeena mel ni ay bàmmeel yu raaf[673], ba nit ñi di ci dox te teyuñu ko. »

Kenn ci xutbakat yi ne ca tonn ne: « Kilifa gi, boo waxee loolu, yaa ngi nuy xas, nun itam. » Noonu Yeesu neeti léen: « Yéen itam xutbakat yi, dingeen torox! Ndaxte dangeen di sëf nit ñi say yu diis[674], waaye dungeen nangoo laal sëf bi sax ak seen cati baaraam. Dingeen torox, ndaxte yéena ngi tabax xabruy yonent, yi seeni maam reyoon. Dangeen di seede noonu ne ànd ngeen ak li seen maam defoon, ndaxte ñoo rey yonent yi, yéen ngeen tabax xabru yi[675]. Looloo tax Yàlla mi xam lépp ne: “Dinaa léen

---

669 **Lu 11:39** ***setal bitib kaas***: Farisen ya sampoon nañu ay sàrt ngir aar seen bopp ca sobe, maanaam ngir sobe mënula law. Moo tax amoon nañu ay aada ca ni nga wara raxase ay kaas, ay njaq ak ay satala, ba ñu laab. Aada yooyu ñoo sësoon ca Le 11:31-38, Le 15:12 ak Nu 19:14-15.

670 **Lu 11:42** ***sàkk asaka***: Mboolem lu jóge ci suuf, muy pepp mbaa doomi garab, Yoonu Musaa moo sant ñu jébbal cérub fukkeel ba Yàlla (Le 27:30). Mbindum yonent yi moo faramfàcce cérub Yàlla ca Le 27:30–33; Nu 18:12; De 12:6–9; 14:22–29; 26:12–15; Neh 10:37–38; 12:44; 13:5,12; 2Ch 31:5–12; Mal 3:8,10.

671 **Lu 11:42** ***ru***: Gàncax la, gu ay xobam di safal ak di faj (*Ruta chalepenis*). Ca àll la saxoon, moo tax Téere diine Yawut bi ñu wax Talmud nee na ru bokkul ak li ñu wara jébbal Yàlla.

672 **Lu 11:43** ***toogu féete kanam***: Boroom maana ya daan nañu toog ca toogu yu yiw ca jàngu ya. Ñoo ñi nekk ci kanam di féete mbooloo ma.

673 **Lu 11:44** ***bàmmeel yu raaf***: Képp ku dox ca kaw ab bàmmeel dina ànd ak sobe diiru juróom-ñaari fan, su xamul sax bàmmeel baa nga fa (Nu 19:16). Naka noonu daan nañu weexal bàmmeel ya ngir artu nit ñi. Yeesu dafa wax ne Farisen ya ñoo jara moytu ndaxte ñoo sobeel nit ñi, te xamuñu ko.

674 **Lu 11:46** ***sëf say yu diis***: Liggéeyu xutbakat ya moo leeral Kàddug Yàlla ngir nit ñi topp yoon. Waaye daan nañu diisal yoonu Musaa ak yeneen sàrt yi ñu sampoon.

675 **Lu 11:47** ***tabax xabruy***: Daan nañu tabax xabru ngir teral boroom maana buy gaañu ca yeneen jamono.

yónnee ay yonent ak ay ndaw. Ñenn ñi dinañu léen fitnaal, rey léen[676].” Kon nag Yàlla dina mbugal niti jamono jii ndax dereti yonent yi ñu tuur, ba àddina sosoo ak léegi, la dale ca Abel[677] ba ci Sakari[678 679], moom mi ñu rey ci diggante sarxalukaay bi ak bérab bu sell bi. Waaw, maa ngi leen koy wax, Yàlla dina mbugal niti jamono jii ndax loolu. Yéen xutbakat yi, dingeen torox, ndaxte yéena yóbbu caabiy xam-xam; dugguleen ci, te ku ci bëgga dugg, ngeen tere ko ko. »

Bi Yeesu génnee bérab boobu, Farisen ya ak xutbakat ya ëmbal ko mer te di ko seetlu ci fànn gu nekk, di ko yeeru, bëgga këf waxam bu awul yoon.

## 91. Yeesu artu na ay taalibeem ci naaféq (Lu 12:1-9)

[Lu] Gannaaw loolu, naka la mbooloo ma dajaloo ba mat ay junniy junniy nit, di tancante, Yeesu tàmbalee wax jëmale ca taalibeem ya ne léen: « Moytuleen lawiiru Farisen ya[680], li di naaféq. Amul dara lu nëbbu lu ñu warula biral, mbaa lu kumpa lu ñu warula siiwal. Looloo tax lu ngeen wax ci biir lëndëm, dees na ko dégg ci leer. Lu ngeen déey nit ci biir néeg, dees

---

[676] **Lu 11:47 *yonent yi maam yi reyoon***: Seetal leeral 190 (Mc 5:12, wàll 35, page 83).

[677] **Lu 11:51 *Abel***: Abel mooy ñaareelu doomu Aadama ak Awa. Magam, Kayin, moo ko réy (Ge 4:2-8). Ci Lislaam xam nañu ko ci turu Xaabiil.

[678] **Lu 11:51 *Sakari***: Sakari, doomu Baraki. Xamuñu bu woor ci kan la Yeesu bëggoona waxe ci Mc 23:35; Lu 11:51.
Amoon na beneen Sakari ca jamano buuru Yuda bi Yowas. Moom dal moo doon doomu Yoyada, benn sarxalkat. Yoseba, yaayam, moo doon rakk bu jigéenu buur bi Akasiya, baayu Yowas. Bi Akasiya deeyee woon, yaayam, bu tudd Atalyaa, jéem na réy képp ci waa kër buur gi ngir jël kàttan gi. Waaye Yoseba jël na Yowas mi nekkoon liir, nëbb ko ngir bañ Atalyaa rey ko. Naka noonu, Yoyada ak Yoseba yar nañu Yowas, di nekk diglekatam bi Yowas jël nguuram bi mu amee 7 at. Yowas dafa toppoon Yàlla ci diiru dundu Yoyada. Waaye bi Yoyada deeyee yeneen diglekat yi gindi nañu Yowas ci yoon wu bon ak xërëm. Sakari moo ko yedd te Yowas reylu na ko ca këru Yàlla ga (2Ch 24:15-22). Ndegam mooy bóomu yonent bi ñu mujja gis ci kàddug Yàlla gu wàcce laata jamano Yeesu ji, am na ñi yaakaar ne ci moom la Yeesu waxoon. Xëyna baayam amoon na dàkkental walla ñaari tur.
Amoon na benn yonentu Yàlla bi bindoon téere Sakari, mooy doomu Baraki, sëtu Ido. Ca Babilon la juddu, mu ànd ak Yawut yi dellusi woon Yerusalem bi seen njaam ci Babilon matee. Xiir nañu Yawut yi ngir ñu góor-góorlu tabaxaat këru Yàlla ga (Ezr 6:14). Waaye moom, kenn yégul ne rey nañu ko.

[679] **Lu 11:51 *Abel ba ci Sakari***: Abel mooy ki ñu jëkka rey (Ge 4:8). Sakari mooy ki ñu mujja rey ca kaw ni Yawut lime téere Yàlla ya (2Ch 24:20-22).

[680] **Lu 12:1 *lawiiru Farisen ya***: Mooy seen naaféq gi ubale fépp ni lawiir di burux ci fariñ.

na ko yégle ci kaw taax yi[681].

« Maa ngi leen koy wax, samay xarit, buleen ragal ñu mana rey yaram[682], ba noppi dootuñu mana def dara. Dinaa leen wax nag ki ngeen wara ragal: ragal-leen ki nga xam ne bu reyee ba noppi, am sañ-sañu sànni ca sawara[683] [684]. Waaw, maa ngi leen koy wax, ragal-leen kooku. Juróomi picci ramatu[685], ndax duñu ko jaay ci ñaari dërëm? Moona Yàlla fàttewul benn ci ñoom. Seen kawari bopp sax waññees na léen. Kon buleen ragal dara, yéena gën ndiiraanu ramatu.

« Te maa ngi leen koy wax, képp ku ma nangu ci kanam nit ñi, Doomu nit ki[686] dina la nangu ci kanam malaakay Yàlla yi[687]. Waaye ku ma gàntu ci kanam nit ñi, dinañu la gàntu ci kanam malaakay Yàlla yi. »

## 92. Léebu nit ku ñàkk xel ki (Lu 12:13-21)

Lu Am ca mbooloo ma ku ne Yeesu: « Kilifa gi, joxal ndigal sama mag, mu sédd ma ci sunu ndono. » Yeesu ne ko: « Sama waay, kan moo ma fal àttekat ci seen kaw, walla mu teg ma fi, ma di leen séddaleel seen alal?[688] » Noonu mu ne léen ñoom ñépp: « Moytuleen bëgge, ndaxte bakkanu nit ajuwul ci alalam, ak lu mu baree bare. »

---

681 **Lu 12:3 *yégle ci kaw taax yi***: Ca réewum Yawut ya kaw taax ya dafa telloon. Kër yi amoon iskale ci biti ngir nit ñi man nañu yéeg ci kaw taax mi. Foofu, su ñu waxee ci kaw, yomb naa yégle xibaar ya seen dëkkandoo yépp.

682 **Lu 12:4 *ñu mana rey yaram***: Mooy nit ñi.

683 **Lu 12:5 *ki am sañ-sañu sànni ca sawara***: Mooy Yàlla.

684 **Lu 12:5 *sawara***: Seetal leeral 588 (Mc 18:8-9, wàll 83, page 187).

685 **Lu 12:6 *ramatu***: Daan nañu jaay picc yu ndaw yu mel ni sawoor ya ca marse ya. Mooy lekku aji néew doole yi bi ñeneen di xeeboon. Xëy-na daan nañu léen jaay ñaar-ñaar walla juróom-juróom. Seetal itam Mc 10:29.

686 **Lu 12:8 *Doomu nit ki***: Seetal leeral 121 (Yow 1:51, wàll 22, page 58).

687 **Lu 12:8 *ci kanam malaakay Yàlla yi***: Mooy Àjjana ca bésub pénc, Yàlla toog ca gànguneem, malaaka Yàlla ya wër ko. Seetal itam Isa 6:1-4; Pe 4:2-11.

688 **Lu 12:13 *sédd ma ci sunu ndono***: Yawut ya daan nañu seet benn ràbbi walla kilifa ngir ñu àtte seeni lëj-lëj digganteem ak seeni mbokk, rawatina su mu laal lenn ci yoonu Musaa.
Yoonu Musaa moo dogal ni ñu wara séddale ndono li (Nu 27:1–11; 36:5–9; De 21:15–17). Taaw bi yelloo na ñaari cér ci mboolem lu am, doom yi des benn cér. Ay yoon yu bare, ag kër dina bàyyi ndono li ni mu ame woon, bañ ko séddale, ngir ñu man koo liggéeyal. Te ñu séddale li mu jur.

Noonu mu dégtal léen wii léeb ne: « Dafa amoon waa ju bare alal, te ay toolam nangu lool, muy werante ci xelam naan: "Nu ma wara def? Ndaxte amatuma fu ma dajale sama ngóob mi." Noonu mu ne: "Nii laay def: daaneel sama sàq yi, defaraat yu gëna réy, ba man cee dajale sama dugub ji ak sama am-am bépp. Te dinaa kañ sama bopp ne: 'Yaw mii, am nga alal ju bare ju mana dem ay ati at; noppalal sa yaram, di lekk, di naan, tey bég.' " Waaye Yàlla ne ko: "Ñàkk xel! Guddig tey, dees na jël sa bakkan. Kon li nga dajale lépp, ku koy moom?"

« Kiy dajale alal ngir boppam nag te amul dara ca kanam Yàlla, lu mel nii moo lay dal. »

## 93. Mel-leen ni ay surga yuy xaar seen njaatige (Mc 24:43-44; Lu 12:22-40)

Lu Noonu Yeesu daldi ne taalibeem yi: « Loolu moo tax maa ngi leen koy wax, buleen seen bakkan jaaxal, ci lu ngeen wara lekk. Buleen jaaxle it ngir seen yaram ci lu ngeen wara sol, ndaxte bakkan moo gën lekk, te yaram a gën koddaay. Seetleen baaxoñ yi[689]: duñu ji, duñu góob, amuñu dencukaay, amuñu sàq, teewul Yàllaa ngi léen di dundal. Céy ni ngeen ëppe maana picc yi! Ana kan ci yéen ci kaw njaaxleem, moo mana yokk waxtu ci àppam? Su fekkee lu tuuti loolu rekk manuleen koo def, kon lu tax ngeen di jaaxle ci li ci des?

« Seetleen ni tóor-tóori ñax mi[690] di saxe. Duñu liggéey, duñu ëcc, waaye maa ngi leen di wax ne Suleymaan[691] sax ci ndamam soluwul woon ni benn ci ñoom. Yéen ñi néew ngëm! Bu Yàlla woddee nii ñaxum tool yi, miy sax tey, te bu subaa ñu def ko ci taal bi[692], ndax du leen gëna wodd? Buleen di wut lu ngeen di lekk walla lu ngeen di naan; te buleen ci jaaxle. Ndaxte loolu lépp, ñi xamul Yàlla[693] ñoo koy wut. Te seen Baay xam na ne soxla ngeen ko. Waaye wutleen nguuram[694], te loolu lépp dina leen ko

---

[689] **Lu 12:24 *baaxoñ***: Baaxoñ ya bokkoon ca picc yi daganul yi yoonu Musaa santoon ñu war léena sib, di bañ leena lekk (Le 11:13-15; De 14:14). Su Yàlla moo leel sax baaxoñ ya (Job 38:41; Ps 147:9), waxatumalaak ni sës ci moom.

[690] **Lu 12:27 *tóor-tóori ñax mi***: Seetal leeral 219 (Mc 6:28, wàll 35, page 90).

[691] **Lu 12:27 *Suleymaan***: Seetal leeral 220 (Mc 6:29, wàll 35, page 90).

[692] **Lu 12:28 *def ko ci taal***: Seetal leeral 221 (Mc 6:30, wàll 35, page 90).

[693] **Lu 12:30 *ñi xamul Yàlla***: Seetal leeral 222 (Mc 6:32, wàll 35, page 90).

[694] **Lu 12:31 *nguuru Yàlla***: Seetal leeral 84 (Mc 3:2, wàll 16, page 45).

ci dollil.

« Buleen ragal dara, yéen coggal ju ndaw ji, ndaxte dafa soob seen Baay, mu jagleel leen nguuram. Jaayleen seen alal, sarxe ko, ngir sàkku ay mbuusi xaalis yu dul bënn, maanaam alal ju dul jeex ca laaxira; foofa sàcc du ko jege te max du ko yàq. Ndaxte fu sa alal nekk, fa la sa xol nekk itam.

« Takkuleen bu dëgër[695] te bàyyi làmp yi tàkk[696]. Mel-leen ni ay surga yuy xaar seen njaatige buy jóge ca céet ga[697], ndax bu fëggee bunt ba, ñu ubbil ko ca saa sa. Surga yooyee seen njaatige fekkul ñuy nelaw, ba mu agsee, ñoo gëna yeyoo ngërëm. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, njaatige bi dina sol yérey waañ[698], wax léen ñu toog lekk, ba noppi indil léen ñam wi. Su fekkee seen njaatige ci xaaju guddi lay ñëw sax, walla bu suuf seddee, te fekk léen noonu, surga yooyu ñoo gëna yeyoo ngërëm. [Mc] Waaye xamleen lii: bu boroom kër gi xamoon, ci ban waxtu ci guddi la sàcc bi di ñëw, kon dina yewwu te du ko bàyyi, mu toj këram[699]. Loolu moo tax yéen itam taxawleen jonn, ndaxte Doomu nit ki dina ñëw[700] ci waxtu wu ngeen ko séenuwul. »

### 94. Surga bu takku (Mc 10:34-36; 24:45-51; Lu 12:41-53)

[Lu] Piyeer ne Yeesu: « Boroom bi, ndax dangay dégtal léeb wii ngir nun rekk walla ngir mbooloo mépp? »

---

695 **Lu 12:35 *takkuleen bu dëgër***: Daan nañu sol mbubb bu màgg. Waaye mënuñu liggéeye noonu. Naka noonu takku nañu bi ñu bëggoona liggéey, daw ak ñoom seen. Takkuleen bu dëgër mooy solu ngir nga man liggéey bu baax. Bu njaatigeem bi ñëwee mu wara fekk ne surgaam pare na ba noppi.

696 **Lu 12:35 *bàyyi làmp yi tàkk***: Njaatige bi, bu jóge ci tukki, bëggula xaar ci biti ba surga bi wutee ay làmp, feesal léen ak diwlin, defar mees yi di leen taal.

697 **Lu 12:36 *jóge ci céet***: Ca jamono Injiil xewu céet daan na yàgg 7 fan walla lu ko ëpp sax. Naka noonu surga ya xamuñu ca ban bés ak wan waxtu la seen njaatige dina ñibbi, rawatina su céet bi nekkee ca beneen dëkk bu sore.

698 **Lu 12:37 *yérey waañ***: Wax ju doy waar la. Kenn mësula dégg njaatige surgawu surgaam ca jamono jooju.

699 **Lu 12:39 *toj këram***: Kër ya, miiru ban lañu amoon. Sàcc ya daan nañu gas ci miir ba ngir dugg ci kër ga.

700 **Lu 12:40 *Doomu nit ki dina ñëw***: Ca mujug jamono jii, bala àddina si di tukki, Yeesu dina jóge asamaan di ñëwaat àddina si, ci ndamul Baayam, ànd ak ay malaakaam (Mc 16:27; 24:3-42; 25:31; 26:64; Mk 14:62; Lu 21:27; Jëf 1:11; 1Ko 15:23; 1Tes 2:19; 3:13; 4:15; 5:23; 2Tes 2:1,8; Sa 5:7,8; 2Pi 1:16; 3:4,10,12; 1Yo 2:28).

Boroom bi ne ko: « Kan moo nekk surga bu takku te teey, bu njaatigeem teg ci waa kër gi[701], ngir mu léen di dundal ci jamono ji? Bu njaatigeem ñëwee te gis mu def noonu, surga boobu dina am ngërëm. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, njaatige bi dina ko teg ci alalam jépp.

«Waaye Mc bu dee surga bu bon, Lu su fekkee surga ba da ne ci xelam: "Sama njaatige day yéexa ñëw," ba tax mu tàmbalee dóor surga ya ca des ak mbindaan ya, di lekk te di naan Mc ak naankat ya, Lu di màndi, kon njaatige ba dina ñëw ci bés bu mu ko séenuwul ak waxtu wu mu xamul. Dina ko dóor ay dóor yu metti, jox ko añub Mc naaféq Lu ñi gëmul Yàlla. Mc Foofa dees na fa jooy tey yéyu.

Lu « Surga bi xam bëgg-bëggu njaatigeem, te waajul mbaa mu takku def ko, dinañu ko dóor dóor yu metti. Waaye surga bi xamul bëgg-bëggu njaatigeem, te def lu yelloo ay dóor, dinañu ko dóor dóor yu néew. Ku ñu jox lu bare dees na la feyeeku lu bare. Ku ñu dénk lu bare, dees na la laajaat lu ko ëpp.

« Damaa ñëw ngir indi sawara si[702] ci àddina, te bëgg naa xaat taal bi tàkk. Fàww ñu sóob ma ci metit[703], te ba looluy mat, duma noppalu. Ndax dangeena xalaat ne damaa ñëw ngir indi jàmm ci àddina? Déedéet. Maa ngi leen koy wax, damaa ñëw ngir indi féewaloo. Mc Ñëwuma ngir indi jàmm, waaye jaasi laa indaale. Ndaxte ñëw naa ngir féewale doom ak baayam, doom ju jigéen ak ndeyam, jabar ak goroom; Lu gannaaw-si-tey, bu juróomi nit bokkee genn kër, dinañu féewaloo. Ñett dinañu féewaloo ak ñaar ñi ci des, ñaar ñi féewaloo ak ñett ñooñu. Baay dina féewaloo ak doom, doom ak baayam. Ndey dina féewaloo ak doomam ju jigéen; doom ju jigéen ji ak ndeyam. Goro dina féewaloo ak soxnas doomam; soxnas nit ak goroom, Mc te nooni nit ñooy waa këram. »

## 95. Léebu garabu figg gu meññul (Lu 12:54-59; 13:1-9)

---

[701] **Mc 24:45; Lu 12:42 *teg ci waa kër gi***: Boroom alal ya daan nañu tànn benn ci ay jaamam def ko fara biir këram. Liggéeyu bëkk-néeg bi mooy doxal mbiri njaatigeem. Manoon na nekk sax mboolem lu ñu fay def, mu di ko jiite. Te it mu yilif surga ya ca des, topptoo léen, di léen jox seeni lekk. Sañ na mu yar léen, di léen dóor, walla dóorlu léen, su ñu tooñee.

[702] **Lu 12:49 *sawara si***: Sawara moo misaale àtteb Yàlla (Is 66:15; Joe 2:30; Am 1:7,10–14; 2:2,5; Mal 3:2,5; Lu 3:16–17; 9:54; 17:29; 1Ko 3:13; 2Tes 1:7,8). Man na lakk ñi bon walla sellal ñi jub.

[703] **Lu 12:49 *sóob ma ci metit***: Mooy deeam ca bant ba.

*Anam yi: Am na ñu ñëw jox Yeesu benn xebaar ci lu jëm ci ay waa Galile yu Pilaat reyoon ca Yerusalem ci benn ci màggalu Yawut yi ci fan yooyu. Yeesu demul woon ci màggal googu. Bu dul woon loolu duñu ko ko wax ndax dina fekk mu xam ko ba pare. Waaye xam nañu ne ci ñetteelu at mi Yeesu demoon na Yerusalem ngir màggalu Mbaar ya (Yow 7:2) ak bés ba ñu sellale kër Yàlla ga (Yow 10:22). Naka noonu màggal gi ñu wax ci ñeenteelu at ma la amoon mu di bésu Mucc ba, Pàntakot walla Mbaar ya. Tamit Yeesu moom ci boppam waroon na nekk diiwaanu Galile bi ñu koy wax xebaar bi.*

Lu Yeesu neeti mbooloo ma: « Bu ngeen gisee mu xiin[704] ci sowu, dangeen naan ca saa sa: "Dina taw," te mooy am. Te bu ngeen yégee ngelaw liy uppe sudd[705], ngeen ne: "Dina tàng tàngaay wu metti," te mooy am. Naaféq yi ngeen doon! Man ngeena ràññee melow asamaan ak suuf, waaye lu tax manuleena ràññee li jamonoy léegi ji di tekki?

« Lu tax it dungeen àtteel seen bopp liy jëf ju jub? Bu la nit jiiñee[706] dara, ba ngeen ànd di dem ca àttekat ba, nanga fexee juboo ak moom ci yoon wi. Lu ko moy, dina la yóbbu ci yoon, yoon jébbal la ca loxoy alkaati ba, mu tëj la. Maa ngi la koy wax, doo génn foofa mukk te feyuloo fiftin bi ci mujj.

Ca jamono jooju ay nit ñëw ca Yeesu, nettali mbirum waa Galile, ya Pilaat reylu[707] woon, jaxase seen deret ak dereti mala, yi ñu rendi woon, jébbal léen Yàlla. Mu ne léen: « Mbaa du dangeena xalaat ne, waa Galile yooyu dañoo gëna nekk bàkkaarkat[708] ña ca des, ndax coono bi ñu daj? Maa ngi leen di wax ne du dëgg. Waaye su ngeen tuubul seeni bàkkaar, dingeen sànku noonu, yéen ñépp itam.

« Te fukki nit ak juróom ñett ñooñu dee, bi taaxum kaw ma ca goxu Silowe[709] daanoo ci seen kaw, ndax dangeena yaakaar ne ñoo gëna nekk

---

[704] **Lu 12:54 *xiin***: Taaw ci Palestiin, ca Géej gu mag gi ca sowu la jóge.

[705] **Lu 12:55 *ngelaw***: Palestiin am na lenn ngelaw lu mel ni mbóoyo mu tàng jérr te ànd ak suuf. Ca sudd walla sowu suuf la uppe.

[706] **Lu 12:58 *jiiñ***: Ku feyul bor, man nañu koo tëj kaso. Ñu yóbbu la ci yoon gàcce la.

[707] **Lu 13:1 *ya Pilaat reylu***: Xamuñu dara ci mbir mi lu dul lu ñu bind fi. Ca kër Yàlla ga ca Yerusalem la amoon.

[708] **Lu 13:2 *gëna nekk bàkkaarkat***: Yawut ya gëmoon nañu ne mépp musiba lu dal nit, bàkkaari nit a tax.

[709] **Lu 13:4 *taaxum kaw ma ca goxu Silowe***: Cosaankat bu gas ci suuf fekk nañu fondamaa taaxum kaw ma lu tollu 100 meetar fu sore bëtu Silowe, ca wetu miir bu wëroon

ay tooñkat ñeneen ñi dëkk Yerusalem yépp? Maa ngi leen di wax ne du dëgg. Waaye su ngeen tuubul seeni bàkkaar, dingeen sànku noonu, yéen ñépp itam. »

Noonu mu daldi léen wax léeb wii: « Nit amoon na ci toolam garab gu ñu naan figg[710]. Benn bés mu ñëw di ko raas-si, fekku fa benn doom. Noonu mu ne surga ba: "Ñetti at a ngii may ñëw di raas-si garab gii te duma ci fekk dara. Gor ko. Lu tax muy xatal tool bi?" Surga ba ne ko: "Sang bi, bàyyiwaat ko fi at mii. Dinaa wàqi taat wi, def ci tos. Xëy na dina meññi. Bu ko deful, nga gor ko." »

## 96. Yeesu faj na jigéen ju xuuge ci bésu noflaay bi (Lu 13:10-17)

Lu Benn bésub noflaay Yeesoo ngi doon jàngle ci ab jàngu. Amoon na fa jigéen ju rab jàppoon[711], ba feebarloo ko lu wara mat fukki at ak juróom ñett; dafa xuuge woon te manul woona siggi dara. Bi ko Yeesu gisee, mu woo ko ne ko: « Soxna si, sa feebar deñ na. » Noonu mu teg ko ay loxoom, soxna sa siggi ca saa sa, di màggal Yàlla. Waaye njiitu jàngu ba[712] mer, ndax li Yeesu fajoon nit ca bésub noflaay ba[713], mu ne mbooloo ma: « Am na juróom benni fan yu nit ñi wara liggéey. Kon war ngeena ñëw faju ci bés yooyu, waaye du ci bésub noflaay bi. »

Boroom bi ne ko: « Naaféq yi! Ndax bésub noflaay bi, kenn ku nekk ci yéen du yiwee ca gétt ga yëkkam walla mbaamam ngir wëggi ko?[714] Jigéen jii nag bokk ci askanu Ibraayma te Seytaane tënk ko fukki at ak juróom

---

goxu Yerusalem ba ñu naan Kër Daawuda. Yaatuwaayam 7 meetar la. Du woon wottukaay ndaxte ca suufu xur la nekkoon.

[710] **Lu 13:6** ***figg***: Garabu figg dafa niroo ak xël, te am ay doom yu neex a lekk. Boroom xam-xam yi xam nañu ko ci turu Fikus karika (*Ficus carica*). Garab gu am ñaari at dafay farala meññ. Waaye léeg-léeg du meññ ba mu am 5 at.

[711] **Lu 13:11** ***jigéen ju rab jàppoon***: Seetal leeral 180 (Mk 1:23, wàll 33, page 80).

[712] **Lu 13:14** ***njiitu jàngu ba***: Seetal leeral 370 (Mc 9:18, wàll 55, page 130).

[713] **Lu 13:14** ***faj nit ca bésub noflaay***: Seetal leeral 261 (Mc 12:10, wàll 42, page 102).

[714] **Lu 13:15** ***yiwee ca gétt ga yëkkam walla mbaamam ngir wëggi ko***: Seen aada may na ñu mana topptoo seen jur. Aada ya may na mala ya mana doxantu waaye àppal nañu lu ñu ko mana sëf. Dogal nañu ban pas-pas ñu mana tekki, te ban pas-pas ñu tere tekki. Waaye may nañu ñu mana yiwi seen jur ngir wëggi léen walla yeew seen mala ngir bañ ñu réer. Ñu tabax am mbaar ca teen ba, ba noppi tudde ko kër. Def nañu loolu ndaxte aada dogal na mënuñoo dox fu gëna sore benn kilomet kër ga, te bëggoon nañu yokk àpp ba ngir ñu mana wëggi seeni jur ca teen bu gëna sore benn kilomet te baña jàdd yoon.

ñett, ndax kenn waru koo yiwi ci bésub noflaay bi? »

Naka la wax loolu, noonam yépp daldi rus, waaye mbooloo mi di bég ci jëf yu yéeme, yi mu doon def yépp.

# Saar 15. Yeesoo nga jublu Yerusalem ba tey

### 97. Erodd wut na rey Yeesu (Lu 13:22-33)

*Anam yi: Yeesu ma nga nekk ca diiwaanu Galile ba tey ndaxte Galile ak Pere la Erodd Antipas yilifoon.*

Lu Yeesoo ngi doon jaar ci ay dëkk yu mag ak yu ndaw, di jàngle te jublu Yerusalem.

Am ku ko ne: « Boroom bi, ndax ñiy mucc ñu néew lay doon? » Yeesu ne léen: « Defleen seen kem kàttan, ngir dugg ci bunt bu xat bi[715], ndaxte maa ngi leen koy wax, ñu bare dinañu jéema dugg, waaye duñu ko man. Jamono dina ñëw, ju boroom kër gi di jóg, tëj buntam. Dingeen nekk ci biti di fëgg naan: "Boroom bi, ubbil nu!" Mu ne léen: "Xawma fu ngeen bokk." Bu ko defee ngeen naan: "Noo doon bokk di lekk ak a naan, te jàngle nga ci sunuy pénc." Mu ne léen: "Nee naa leen xawma fu ngeen bokk. Yéen ñépp soreleen ma, defkati lu bon yi![716]" Foofa dingeen jooy, di yéyu[717], bu ngeen gisee seeni maam Ibraayma, Isaaxa, Yanqóoba ak yonent yépp ci nguuru Yàlla[718], te ñu dàq leen ca biti. Ay nit dinañu jóge penku ak sowu, nor ak sudd, ñëw, bokk lekk ci ñam, yi Yàlla di joxe ci nguuram. Noonu ñenn ci ñi mujj ñooy jiituji; te ci ñi jiitu, ñooy mujji. »

Ca jamono jooja ay Farisen ñëw ca Yeesu ne ko: « Jógeel fii, dem feneen, ndaxte Erodd[719] a ngi lay wuta rey. » Noonu mu ne léen: « Demleen ne

---

[715] **Lu 13:24 *bunt bu xat***: Yeesu weddi na li ñu ëpp ca Yawut ya gëmoon, maanaam mucc nañu ndax Yawut lañu, ñu dul ñi gëna bon ni juutikat ya.

[716] **Lu 13:27 *soreleen ma***: Baatu Yeesu niroo na li ñu jàng ca Ps 6:8.

[717] **Lu 13:28 *jooy di yéyu***: Yéyu moo wone mer, metit walla naqar.

[718] **Lu 13:28 *gisee seeni maam Ibraayma, Isaaxa, Yanqóoba ak yonent yépp ci nguuru Yàlla***: Yàlla moo digoon Ibraayma ne dina ko may suufu Palestiin te def ko xeet wu yaa (Ge 12:2; 17:5; 22:17-18). Gannaaw ga, Yàlla feddali na ko ak Isaaxa (Ge 17:19,21; 26:3-5,24) ak Yanqóoba (Ge 28:14-15). Ibraayma, Isaaxa ak Yanqóoba moo misaale li def Yawut ya xeet. Moo tax ñu gis ne Yàlla mooy Yàllay Ibraayma, Isaaxa ak Yanqóoba (Ex 3:6,15,16; 4:5; Mc 22:32; Mk 12:26; Lu 20:37; Jëf 3:13). Yawut ya yaakaar nañu ne ndegam askanu Ibraayma, Isaaxa ak Yanqóoba Yàlla dina léen teral ca Àjjana te ñu gis fa Ibraayma, Isaaxa ak Yanqóoba.

[719] **Lu 13:31 Erodd: *Mooy Erodd Antipas***. Seetal leeral 74 (Lu 3:1, wàll 16, page 43). Erodd moo nguuru ca diiwaani Galile ak Pere. Naka noonu Yeesu dafa soxla génn Galile ngir rëcc ca loxo Erodd.

bukki[720] boobu ne ko: "Xoolal, maa ngi dàq rab yi tey wéral nit ñi tey ak suba[721]. Ca ñetteelu fan ba, ma àgg fa ma Yàlla jëmale." Waaye fàww ma dox sama itte tey, suba ak gannaaw suba, ndaxte wareesula reye ab yonent feneen fu dul Yerusalem.

### 98. Yeesu ca kërug Farisen (Lu 14:1-14)

Lu Benn bésub noflaay Yeesu dem ci këru benn kilifag Farisen yi, ngir lekke fa. Nit ñaa ngi ko doon xool bu baax. Faf am ca kanamam nit ku feebaroon, ay tànkam newi[722]. Yeesu yékkati baatam, ne xutbakat ya ak Farisen ya: « Ndax jaadu na, nu faj ci bésub noflaay bi?[723] »

Waaye ñépp ne cell. Yeesu daldi laal jarag ja, faj ko, ba noppi ne ko mu ñibbi. Gannaaw loolu mu ne léen: « Ku sa doom walla sa yëkk daanu ci teen[724], ndax doo dem génneji ko ca saa sa, fekk sax bésub noflaay la? » Amuñu woon dara lu ñu ciy teg.

Yeesu gis ni gan yi doon tànne toogu yu yiw yi, mu daldi léen wax léeb wii: « Bu ñu la wooyee ci xewu céet, bul jël toogu bu yiw[725]. Man na am woo nañu it nit ku la ëpp daraja. Kon ki leen woo yéen ñaar ñépp man na ñëw ci yaw ne la: "Joxal toogu bi nit kii." Noonu dinga rusa dem ca toogu bu gannaawe ba. Waaye bu ñu la wooyee, demal ca toogu bu gannaawe ba. Bu ko defee ki la woo, bu agsee ne la: "Sama xarit, àggal ca kaw." Loolu dina la sagal ci ñi nga toogandool ci lekkukaay bi. Ndaxte képp kuy yékkatiku dees na la suufeel, te kuy suufeelu, ñu yékkati la. »

Noonu Yeesu ne ki ko woo woon lekk: « Boo dee woote añ walla reer, bul

---

[720] **Lu 13:32 *bukki***: Rab wi ñu tudd ci gereg (rënar) te firi 'bukki', wel la gëna niroo. Tudd kenn 'bukki', waxin la woon, bu doon misaale ku muus, ku fexe lu bon, walla workat walla nitu caaxaan.

[721] **Lu 13:33 tey, *suba ak gannaaw suba***: Waxin la, wuy tekki ab diir. Du ñetti fan.

[722] **Lu 14:2 *ku am tànk yu newi***: Màndarga bu wone ay tawat yu wuute la. Daan nañu xalaat ne mbugalu Yàlla ndax bàkkaar a tax. Woo nañu waa jooju ca xew mi ngir fiir Yeesu.

[723] **Lu 14:3 *ndax jaadu na, nu faj ci bésu noflaay bi***: Boroom diine daan nañu werante ca lan lañu mana def ca bésub noflaay. Faj nit bokkoon na ca werante boobu.

[724] **Lu 14:5 *sa doom walla sa yëkk daanu ci teen***: Farisen ya may nañu nit génne seen doom walla mala ca teen ca bésub noflaay. Amoon yeneen tariixa yu tere ko.

[725] **Lu 14:7 *toogu yu yiwi yi***: Ban toogu lañu may nit ca xew moo wone woon seen maana ak màqaama. Maana dafa amoon solo lool. Toogu yu yiwi ca aj bernde moo yi nekk ca weti boroom xew ba.

woo rekk say xarit, say doomi ndey, say bokk, walla say dëkkandoo yu am alal. Lu ko moy ñooñu itam dinañu la woo, fey la bor bi. Waaye boo dee woote lekk, wool néew doole yi, làggi yi, lafañ yi ak gumba yi. Soo ko defee, dinga barkeel, ndaxte duñu la ko mana fey, waaye dinga jot sag pey, bés bi ñi jub di dekki. »

**Léebu ñiy jéggalu ci ngan gi** (Lu 14:15-24)

Lu Bi mu déggee wax yooyu, kenn ca gan ya ne Yeesu: « Kiy lekk ci ñam, yi Yàlla di joxe ci nguuram[726], barkeel nga![727] » Yeesu ne ko: « Dafa amoon nit ku togglu ay ñam[728], woo ay nit[729] ñu bare. Bi waxtuw lekk jotee mu yónni surga[730] ca ña muy ganale[731], fàttali léen: “Man ngeena ñëw, ndaxte lépp sotti na léegi.”

« Waaye ñu tàmbali di jégglu[732] ci ngan gi ñoom ñépp. Ku jëkk ka ne ko: “Damaa jënd tool[733] léegi, te fàww ma dem seeti ko. Maa ngi lay ñaan, nga jéggal ma.” Keneen ne: “Damaa jënd léegi fukki yëkk[734], te damay dem

---

[726] **Lu 14:15 *ñam yi Yàlla joxe ci nguuram***: Bernde daan na misaale Àjjana ak mucc gi. Seetal Isa 25:6-9; Pe 19:7-9. Mbindum Yàlla nee na ne ca mujug jamono ji Almasi bi dina berndeel ñi bokk ca mucc ji jataayu Yàlla, mooy lu indi nguuru Yàlla.

[727] **Lu 14:15 *barkeel nga***: Yeesu waroon na tontu ak lu mel ni ‘Yal na nu Yàlla defal ba nu bokk ci ñi jub, te yelloo toog ak góor ñu am tur ca bés boobu.’ Waaye mu tontu ak wenn léeb.

[728] **Lu 14:16 *togglu ay ñam***: Ñi déggoon Yeesu dina xalaat ca bernde Almasi ji.

[729] **Lu 14:16 *woo ay nit***: Daan nañu woo nit ñi lu jiitu xew ma ngir xam ñaata nit nara ñëw. Su fekkee ne gan ya tontu, ne dinañu ñëw, baña ñëw gàcce gu réy la. Li ñu rendi moo sës ca ñaata nit lañuy séenu. Su nit néewee ginaar lañu rendi. Su ñu baree xar walla sëllu lañu rendi.

[730] **Lu 14:17 *yónni surga***: Bi ñu rendee mala ma, di ko togg ba noppi, te lépp pare daan nañu yónni kenn ca ña mu ganale wax leen ñu ñëw.

[731] **Lu 14:17 *ña mu ganale***: Ñi déggoon Yeesu dina xalaat ne ña mu ganale moo misaale kilifay Israyil.

[732] **Lu 14:18 *tàmbale di jégglu***: Baña ñëw gannaaw ga ñu nangu ko lu réy te ruslu la.

[733] **Lu 14:18 *jënd tool***: Lay wi, lu dul dëgg la. Kenn du seet tool gannaaw ga ñu jënd ko. Dañu koy seet bala ñu jënd ko. Waa jooju manoona xaar ba suba ngir dem seeti tool. Tool bi demul fenn. Naka noonu dafa ñaawal boroom xew ba.

[734] **Lu 14:19 *jënd fukki yëkk***: Ku man jënd fukki yëkk boroom alal la, te am na suuf su yaatu. Lay wi, lu dul dëgg la itam. Daan nañu bey tool ak yëkk yi ñu likke léen ñaar-ñaar. Bala ñu jënd léen, daan nañu léen nattu ba xam ndax man nañu beyandoo. Nattu léen gannaaw ga ñu jënd léen ba noppi amul njëriñ. Naka noonu dafa ñaawal boroom xew ba.

nii, jéem léena beyloo ba xam. Maa ngi lay ñaan, nga jéggal ma." Keneen ne ko: "Damay sooga takk jabar[735], looloo tax duma mana ñëw."

« Surga ba dellu ca njaatigeem nettali ko loolu lépp. Noonu boroom kër ga mer, daldi ne surga ba: "Demal gaaw ca pénc ya ak ca mbedd ya ca dëkk ba, te indil ma fii néew doole yi, ñu làggi ñi, gumba yi ak lafañ yi[736]."

« Surga ba ñëwaat ne ko: "Sang bi, def naa li nga ma sant, waaye bérab bi feesul." Noonu njaatige ba ne ko: "Génnal dëkk bi te dem ca yoon ya ak ca tool ya[737], xiir nit ñi, ñu duggsi, ngir sama kër fees. Maa ngi leen koy wax[738], ci ñi ma woo woon ci sama reer bi, kenn du ci ñam." »

## **99. Ay taalibe war nañu dëddu lépp** (Lu 14:25-35)

[Lu] Am mbooloo yu réy yu toppoon ci Yeesu, ba muy dem ca yoon wa. Mu geestu ne léen: « Képp ku ñëw ci man te gënalu ma ko baayam, yaayam, soxnaam, ay doomam, ay magam ak ay rakkam, walla sax bakkanam, du mana nekk sama taalibe. Képp koo xam ne nanguwuloo ñàkk sa bakkan, ba mel ni ku ñu daaj ci bant[739], te nga topp ma, doo mana nekk sama taalibe. Su kenn ci yéen bëggee tabax taaxum kaw[740], ndax du jëkka toog, xalaat ñaata la ko wara dikke, ngir seet ba xam ndax am na xaalis bu mana àggale liggéey bi? Lu ko moy, su yékkatee fondamaa bi te manu koo àggale, ñi koy gis dinañu ko ñaawal, naan ko: "Waa jii dafa tàmbalee tabax, waaye manu koo àggale." Walla boog ban buur mooy dugg ci xare

---

[735] **Lu 14:20 *takk jabar***: Yoonu Musaa may na ku bokk ca xare te takk jabar mu ñibbi, toog këram at (De 20:7; 24:5). Céet bi jeex na ba noppi. Mënuñu defandoo ñaari xew ca ab dëkk bu ndaw. Tamit céet, dañuy ko waaj bu yàgg. Naka noonu xamoon na ne du man ñëw xew ma bala mu nangu dem. Naka noonu, lay wi itam, musalu ko ca warugar, dem xew ma.

[736] **Lu 14:21 *néew doole yi, ñu làggi ñi, gumba yi ak lafañ yi***: Ñi déggoon Yeesu dina xalaat ne ñooñu ñoo misaale nit ñi Yawut ya nanguwul te bëggul, te dëkk ci seen biir ba tey.

[737] **Lu 14:23 *dem ca yoon ya ak ca tool ya***: Ñi déggoon Yeesu dina xalaat ne ñooñu ñoo misaale ñi dul Yawut ya.

[738] **Lu 14:24 *Maa ngi leen koy wax***: Ndax Yeesu moo ko wax (ña nekk ca kër Farisen ga) walla bokk ca li boroom xew ba waxoon?

[739] **Lu 14:27 *ku ñu daaj ci bant***: Seetal leeral 395 (Mc 10:38, wàll 58, page 136).

[740] **Lu 14:28 *taaxum kaw***: Daan nañu tabax taaxum kaw yu mel ni sooroor ca tool ya, yu nekk wottukaay walla tata ngir aar tool ba ca sàcc.

ak beneen buur te jëkkula toog, seet ba xam moom ak fukki junniy xarekat man na xeex ak kiy ñëw ak ñaar fukki junniy xarekat? Su ko manul, dafay yónni ndaw ca beneen buur ba, fi ak ma ngay sore, ngir ñu juboo. Naka noonu itam ku nekk ci yéen, bu dëdduwul li mu am lépp, du mana nekk sama taalibe.

« Xam ngeen nag ne xorom lu baax la, waaye bu sàppee[741], nan lañu koy delloo cafkaam? Du jariñ suuf, te du nekk tos. Dañu koy sànni ca biti. Déglul bu baax, yaw mi am ay nopp. »

### 100. Ñetti léeb ci lu jëm ci gis lu réer

**Léebu xar mu réer ma**[742] (Lu 15:1-7; Mc 18:12-14)

Lu Ay juutikat ak ay boroom bàkkaar[743] daan jegesi Yeesu ngir déglu ko. Farisen ya ak xutbakat ya di ñurumtu naan: « Waa jii mi ngi nangoo nekk ak ay boroom bàkkaar ak a lekkandook ñoom![744] » Noonu Yeesu daldi léen wax léeb wii[745] ne léen: « Kan ci yéen[746] soo amoon téeméeri xar[747], te benn réer ci, nooy def? Ndax doo bàyyi ca parlukaay ba juróom ñeent fukki xar ya ak juróom ñeent, toppi ma réer, ba gis ko? Te boo ko gisee, dinga ko gàddu ak bànneex, yóbbu ko kër ga. Boo àggee ca kër ga, dinga woo say xarit ak say dëkkandoo ne léen: “Kaayleen bànneexu ak man, ndaxte gis naa sama xar ma réeroon.”

« Maa ngi leen di wax lii: ci noonule, dina am mbég ci asamaan, bu benn

---

[741] **Lu 14:34 *xorom***: Seetal leeral 191 (Mc 5:13, wàll 35, page 84).

[742] **Lu 15:4 *Léebu xar mu réer ma***: Ñetti jukki ci Mbindum Yonent yi ñoo nekk gannaaw léeb bi (Ps 23; Jer 23:1-4; Ez 34:11-16).

[743] **Lu 15:1 *juutikat ak boroom bàkkaar***: Boroom bàkkaar moo ku xëtt dogali yoonu Musaa, di baña sàmmonteek li Yàlla santaane. Am na ay boroom xam-xam ci sunu jamono ñi xalaat ne Farisen tudde nañu kepp ku jàngul diine boroom bàkkaar. Seetal itam leeral 90 (Lu 3:12, wàll 16, page 47) ngir gëna xam ci lu jëm ca juutikat ya.

[744] **Lu 15:2 *lekkandook ñoom***: Seetal leeral 239 (Mc 9:10-11, wàll 39, page 97).

[745] **Lu 15:3 *Yeesu wax léeb***: Yeesu wax na ñetti léeb ngir tontu ca tuuma Farisen ya, mooy mu lekkandook boroom bàkkaar ya.

[746] **Lu 15:4 *kan ci yeen***: Yeesu dafay mengale Farisen ya ak xudbakat ya ak benn sàmm, lenn lu léen wara naqaral.

[747] **Lu 15:4 *téeméeri xar***: Seetal leeral 595 (Mc 18:12, wàll 83, page 188) ngir gëna xam seen càmm. Seen boroom diine nee nañu càmm du liggéey bi ku baax def, ndaxte ci seen gis-gis sàmm mënul sàmm yoon.

bàkkaarkat tuubee ay bàkkaaram[748]. Te mbég moomu mooy ëpp mbég, mi fay am, ngir juróom ñeent fukk ak juróom ñeent ñu jub, te soxlawuñoo tuub seeni bàkkaar. »

**Léebu xaalis bu réer ba** (Lu 15:8-10)

Lu « Te it bu jigéen[749] dencoon fukki libidoor[750], benn réer ca, nu muy def? Ndax du taal ab làmp[751], bale kër ga, seet fu nekk, ba gis ko? Bu ko gisee, dina woo ay xaritam ak ay dëkkandoom ne léen: "Kaayleen bànneexu ak man, ndaxte gis naa sama alal ja réeroon." Maa ngi leen di wax lii: ci noonule la malaakay Yàlla yi di ame mbég ci benn bàkkaarkat bu tuubee ay bàkkaaram[748]. »

**Léebu ñaari doom yu réer ya** (Lu 15:11-32)

Lu Yeesu dellu ne léen: « Dafa amoon góor gu am ñaari doom. Benn bés caat ma ne baay ba: "Baay, damaa bëggoon, nga jox ma[752] li may wara féetewoo ci ndono li[753]." Noonu baay ba daldi léen séddale alalam. Ay fan

---

[748] **Lu 15:7,10 *tuub bàkkaaram***: Tuub mooy dellusi ci Yàlla. Waaye ñu bare daan nañu boole itam dellusi ca réew ma, ca Yerusalem, ca Siyoŋ, ca kër Yàlla ga. Farisen ya xalaatoon nañu ne tuub moo ëmb wax na mu tooñe, dabu (maanaam dàmp ki nga tooñoon), te baña sóobuwaat ca bàkkaaram. Waaye ci léeb yi Yeesu moo ko tekki ne nangu Yàlla fekk la rekk.

[749] **Lu 15:8 *bu jigéen***: Yeesu dafay mengale Farisen ya ak xudbakat ya ak jenn jigéen, luy yées mengale léen ak sàmm.

[750] **Lu 15:8 *fukki libidoor***: Posetu xaalis la. Dayoom moo doon daanaka li ñu fey kuy liggéey tool ngir benn fan.

[751] **Lu 15:8 *taal ab làmp***: Kër ya ca jamono amuñu palanteer, walla ñu am ab palanteer bu tuuti. Naka noonu kër ga dafa lëndëm ca bëccëg sax. Làmp ba, làmpu diwlin la te leeram amul doole. Miir ak suufu kër ga, doj wu ñuul wi ñu tudde basaltë lañu ko defare. Këri néew-doole ya amoon na xar-xar ya diggante xeer ya ca suufam, te posetu xaalis, su wàddee, man naa dugg ci biir ba gis ko jafe.

[752] **Lu 15:12 *jox ma***: Naan ndono li, fekk baayam mi ngi dund ba tey dafa yéene baayam dee. Dafa mel ni mu wax Baayam ne dama bëgg nga dee. Saaga bu réy la. Ñi déglu dañuy xaar mu mere ko, te bañ. Doom ji def na ko ca kanam waa dëkk yépp.

[753] **Lu 15:12 *ndono li***: Ndono taaw bi mooy ñaari cér ci ñett. Li caat mi mooy benn cér ci ñett. Ci Israyil léeg-léeg benn baay dina séddale ndonoom laata mu dee waaye taxul ay doomam am sañ-sañ jaay ko su fekkee ne baay bi dund. Li doomam defoon gàcce gu réy la, ba waa këram yépp rus.

yu néew gannaaw gi[754], caat ma fab yëfam yépp[755], dem ca réew mu sore, yàq fa alalam[756] ci topp nafsoom. Bi mu sànkee alalam jépp, xiif bu metti dal ca réew ma, mu tàmbalee ñàkk. Mu dem nag, di liggéeyal ku dëkk ca réew ma, kooku yebal ko ca ay toolam ngir mu sàmm mbaam-xuux ya[757]. Mu xiif ba bëgga lekk ca ñamu mbaam-xuux ya, ndaxte kenn mayu ko dara. Mujj xelam délsi[758], mu ne: "Sama baay am na ay surga yu bare, te dañuy lekk ba suur. Man nag maa ngi fii di bëgga dee ak xiif! Damay jóg, dem ca sama baay ne ko: 'Baay, tooñ naa Yàlla, tooñ naa la; yeyootumaa nekk sa doom; boole ma ci say surga.' "

« Mu daldi jóg, jëm kër baayam. Waaye bi muy soreendi kër ga, baayam séen ko[759], yërëm ko, daldi daw laxasu ko, fóon ko[760]. Doom ja ne ko: "Baay, tooñ naa Yàlla, tooñ naa la; yeyootumaa nekk sa doom." Waaye baay ba ne ay surgaam: "Gaawleen indi mbubb, mi gëna rafet[761], solal ko

---

[754] **Lu 15:13** ***ay fan yu néew***: Doom ji jaay na lépp bu gaaw ndaxte mu xam ne waa dëkk yépp mere ko ci ni mu indi gàcce ci waa këram.

[755] **Lu 15:13** ***fab yëfam yépp***: Baay ba jox na doomam sañ-sañ ngir moom te jaay wàllam ci ndono li.

[756] **Lu 15:13** ***yàq fa alalam***: Dinañu toŋ képp ku ñàkk ndonoom ci ñu dul Yawut yi. Su doom ji delloo dëkkam, waa dëkk ba dinañu indi ndaa ba màgg bu fees ak gerte ak mboq yi ñu lakkoon, toj ko ci kanamu tooñkat ba te ñépp yuuxu ne 'diw dàq nañu ko ci xeetam'.

[757] **Lu 15:15** ***sàmm mbaam-xuux***: Mbaam-xuux bokk na ca li daganul ca Yoonu Musaa (Le 11:7; De 14:8). Yawut daan nañu séexlu lool mbaam-xuux ya ak ñi ko sàmm walla yar, waxatumaak lekk ca ñamu mbaam-xuux. Ba fi ñu tollu ci léeb bi, ñi déglu Yeesu xalaat nañu ne xale bi jot na li mu yelloo.

[758] **Lu 15:17** ***xelam délsi***: Réccuwul dëgg-dëgg. Pexe la ngir faj soxlaam. Dafa bëgg baayam fey ko ngir liggéey ba mana fey boram. Doom ji dafa xalaat ci xaalis bi mu wara dellu su fekkee ne mu bëgg tere ñu toŋ ko. Su fekkee ne mu dellu xaalis bi waa dëkk bi dina ko nangu. Xalaatu ci gàcce bi mu indi woon walla tiis ci xolu baayam.

[759] **Lu 15:20** ***séen ko***: Baay bi xam na ne doom ji dina dellusi benn bés ak loxo neen, te xam na xel li waa dëkk wara def su ñëwee. Naka noonu bés bu nekk mu xool yoon wi dugg dëkk bi ngir seet ndax doomam di ñëw. Baayam am na pexe itam – mooy doggali doomam ci yoon wi bala doom ji àgg dëkk ba. Ndaxte su fekkee ne baay bi dafa man juboo ak doom ji ci kanamu ñépp kenn ñemeetu ko toŋ. Naka noonu baay bi séen doomam bi muy soreendi kër ga.

[760] **Lu 15:20** ***daw laxasu ko, fóon ko***: Dafa yëkkati mbubbam bu mag ngir man daw. Ci Palestiin mag du yëkkati mbubbam, te du daw. Def ko gàcce la.

[761] **Lu 15:22** ***mbubb mi gëna rafet***: Mooy bosu baay bi.

ko. Te ngeen roof ab jaaro[762] ci loxoom te solal ko ay dàll[763]. Indileen sëllu wu duuf[764] wa te rey ko, nu lekk te bànneexu; ndaxte sama doom jii dafa dee woon te dundaat na, dafa réeroon te feeñ na.” Noonu ñu tàmbalee bànneexu.

« Fekk booba taaw baa nga woon ca tool ya. Bi mu ñëwee, ba jub kër ga, mu dégg ñuy tëgg, di fecc. Mu daldi woo kenn ca surga ya nag, laaj ko lu xew. Mu ne ko: “Sa rakk moo délsi, te sa baay rey na sëllu wu duuf wa, ndaxte ñibsi na ci jàmm.”

« Ci kaw loolu taaw ba daldi mer, baña dugg ca kër ga[765]. Baayam daldi génn, ngir ñaan ko mu dugg. Waaye taaw ba wax baayam ne ko: “Seetal ñaata at laa la liggéeyal, mel ni jaam, te masumaa moy sa ndigal, waaye yaw, masuloo ma may sax tef, ngir ma bànneexu, man ak samay xarit. Waaye bi sa doom jii dikkee, moom mi yàq sa alal ci ndoxaan, reyal nga ko sëllu wu duuf wi.” Noonu baay bi ne ko: “Sama doom, yaa ngi ak man bés bu nekk, te li ma am lépp, yaa ko moom. Waaye war nanoo bànneexu te bég, ndaxte sa rakk jii dafa dee woon te dundaat na, dafa réeroon te feeñ na.”[766] »

## 101. Léebu bëkk-néeg bu njublaŋ (Lu 16:1-13)

Lu Yeesu neeti ay taalibeem: « Benn boroom alal moo amoon bëkk-néeg bu ñu jiiñ ne dafay pasar-pasaree alal ji. Waa ja woo ko ne ko: “Li may dégg ci yaw mooy lan? Leeralal ma ni nga liggéeye ak sama alal, ndaxte dootoo nekkati sama bëkk-néeg.”

« Bëkk-néeg bi di xalaat naan: “Nu may def nag, segam sama njaatige dafa may dàq ci liggéey bi mu ma joxoon? Dem beyi? Awma kàttanam. Yelwaani? Rus naa ko. Xam naa ni may def, ba su ma ñàkkee sama

---

[762] **Lu 15:22 *roof ab jaaro***: Jaaro mooy jaarob màndargaal ba, bi wone ne doom ji bokk na ca kër ga, te am sañ-sañ ak wóolute.

[763] **Lu 15:22 *solal ko ay dàll***: Dàll mooy ràññale doomi kër ga ak jaam ya. Jaam solul dàll.

[764] **Lu 15:23 *sëllu wu duuf***: Aw sëllu doy na dundal gan yu bare lool. Daawuñu lekk yàpp lu dul ca màggal walla bernde.

[765] **Lu 15:28 *baña dugg ca kër ga***: Bi taaw bi bañee dugg kër ga, ba noppi werante ci kanamu ñépp ak moom rusloo na baayam. Tamit taaw bi woowul baayam ‘Baay’, maanaam mayu ko cér.

[766] **Lu 15:32 *Yeesu àggalewul léeb bi***. Xamuñu ndax juboo na ak baayam walla déet. Taaw bi moo misaale ñi déglu. Ndax dinañu juboo ak Yàlla, ni bàkkaarkat ya defoon?

liggéey, ay nit fat ma.” Noonu mu daldi woolu kenn ku nekk ca ña ameeloon njaatigeem bor. Ka jëkka ñëw, mu ne ko: “Ñaata nga ameel sama njaatige?” Mu ne ko: “Téeméeri bidoŋi diwu oliw[767].” Bëkk-néeg ba ne ko: “Sa kayit a ngii[768]. Toogal fii gaaw te bind juróom fukk.” Mu neeti keneen: “Yaw nag, ñaata nga ko ameel?” Mu ne ko: “Téeméeri saakuy pepp[769].” Bëkk-néeg ba ne ko: “Sa kayit a ngii. Bindal juróom ñett fukk.” Njaatige ba nag daldi naw[770] ni bëkk-néeg bu njublaŋ boobu muuse woon. Ndaxte ñi bokk ci àddina ñoo gëna muus ci li ñu jote ci seen diggante ak seen moroom, ba raw ñi bokk ci leeru Yàlla. »

Yeesu teg ca ne: « Maa ngi leen di wax lii: sàkkuleen ay xarit jaare ko ci alalu àddina, ngir bu alal nekkatul, ñu man leena fat ca dal yu sax ya. Nit ku maandu ci yëf yu néew, dina maandu itam ci yu bare. Ku jubadi ci yëf yu néew, du jub ci yu bare. Su fekkeente ne nag jubuleen ci alalu àddina, kon ku leen di dénk alal ju wóor ji? Te su ngeen maanduwul ci alal ji ngeen moomul, kon ku leen di jox alal ji ngeen moom? « Benn jaam manula jaamoondoo ñaari sang; fàww nga bañ kii, bëgg ki ci des, walla nga jàpp ci kenn ki, xeeb ki ci des. Manuleena boole jaamu Yàlla ak jaamu Alal. »

### **102. Boroom alal ji ak Lasaar** (Lu 16:14-31)

Lu Farisen yi déglu li Yeesu doon wax lépp, tàmbali di ko reetaan, ndaxte ñu bëggoon xaalis lañu. Waaye Yeesu ne léen: « Yéen yéena ngi fexee jub ci kanam nit ñi waaye Yàlla xam na seen xol. Ndaxte li nit ñiy fonk, Yàlla sib na ko.

« Yoonu Musaa wi ak waxi yonent yi ñu ngi fi woon ba kera Yaxya di

---

767 **Lu 16:6 *téeméeri bidoŋi diwlinu oliw***: Mooy daanaka 2.200 liitar, di nekk meññeefu 150 garab. Te dayoom mooy 1.000 denariyon, daanaka lu ñu fey liggéeykat ngir mu liggéey 3 at.

768 **Lu 16:7 *Sa kayit ... bindal***: Am na ñi xalaat ne bëkk-néeg ba dafa wàññi wàllu boppam wu mu tegoon ca bor lu jiitu.

769 **Lu 16:7 *téeméeri saakuy pepp***: Mooy daanaka 17.000 kilo bele. Dayoom mooy 2.500 denariyon, peyug 8 at ci kuy liggéey tool. Bëkk-néeg ba wàññi na boru ku nekk lu tollu 500 denariyon.

770 **Lu 16:8 *njaatige ba daldi naw***: Ñépp waroon na xalaat ne njaatige bi sant na mu wàññi bor ya, naka noonu ku yéwén la. Njaatige bi mënatul soppi dara gannaaw ga mbir mi feeñ. Su ko defee mu rus.

ñëw. La ko dale foofa nag, yégle nañu xibaaru jàmm bi[771] ci nguuru Yàlla[772], te ñépp a ngi góor-góorlu, ngir dugg ci. Waaye nag asamaan ak suuf jóge fi moo gëna yomb randal wenn rëdd ci arafu yoonu Musaa.

« Ku fase sa soxna[773], ba noppi takk keneen, njaaloo nga, te ku takk jigéen ju jëkkëram fase, njaaloo nga.

« Dafa amoon boroom alal juy sol yére yu rafet te jafe, tey dund bés bu set dund gu neex. Fekk miskin[774] mu ñuy wax Lasaar daan tëdd ca buntu këram, fees dell ak ay góom, te bu sañoon, di lekk ci desiti ñam wiy rot ci lekkukaayu boroom alal ji. Xaj yi sax daan nañu ñëw, di mar ay góomam.

« Noonu miskin ma dee, malaaka yi yóbbu ko ca wetu Ibraayma[775]. Boroom alal ja itam dee, ñu suul ko. Bi ñu koy mbugal ca sawara[776], mu téen, séen fu sore Ibraayma ak Lasaar ci wetam. Noonu mu yuuxu ne: “Maam Ibraayma, yërëm ma! Yebalal Lasaar, mu sëpp catul baaraamam ci ndox, seralal ma sama làmmiñ, ndaxte maa ngi sonn lool ci sawara sii!” Ibraayma ne ko: “Sama doom, fàttalikul ne jot nga sa bànneex ci àddina, fekk Lasaar dëkk ci tiis. Looloo tax xolam sedd fii, yaw nag, ngay sonn. Rax-ca-dolli it am na kàmb gu xóot sunu diggante ak yéen, ba tax ñi bëgga jóge fii jëm ci yéen, walla ñi bëgga jóge foofu jëmsi ci nun, duñu ko man.”

« Noonu boroom alal ja ne: “Kon nag maam, maa ngi lay ñaan, nga yebal Lasaar ca sama kër baay, ndaxte am naa fa juróomi rakk. Na léen artu, ngir ñu baña ñëw ñoom itam ci bérabu metit wii.” Ibraayma ne ko: “Say doomu baay, ñu ngeek yoonu Musaa ak téerey yonent yi. Nañu léen déggal.” Boroom alal ja ne ko: “Déedéet, maam Ibraayma, waaye su kenn dekkee, dem ca ñoom, dinañu tuub seeni bàkkaar.” Waaye Ibraayma ne

---

[771] **Lu 16:16 *xibaaru jàmm***: Seetal leeral 1 (Mk 1:1, wàll 1, page 12).

[772] **Lu 16:16 *nguuru Yàlla***: Seetal leeral 84 (Mc 3:2, wàll 16, page 45).

[773] **Lu 16:18 *fase sa soxna***: Seetal leeral 202 (Mc 5:31, wàll 35, page 86).

[774] **Lu 16:20 *miskin ma***: Ku déggoon li Yeesu wax ci lu jëm ca miskin ma dina xalaat ne kooku Yàllaa ko xeeb, di ko suufeel. Torox na, ba mu siba sib ko.

[775] **Lu 16:22 *wetu Ibraayma***: Dafa wax ca bernde ji ñu am ca laaxira. Ñi bokk dañuy sóonu ca seeni concol càmmooñ ca i lal, yi wër ab lekkukaay, bopp féete taabal bi, tànk féete gannaaw. Miskin ma dafay toog ca toogu gu gëna yiwi ca wetu Ibraayma.

[776] **Lu 16:23 *sawara***: Am na ñaari baat ci làkku Gereg yu ñu firi sawara, mooy ñaari bérab yu wuute. Benn, bi ñu gis ci aaya bi, mooy barsàq, fu ñu denc ñi sànku ba bésu pénc ma. Beneen bi mooy sawara su dul fey fu ñu sànni ñi alku gannaaw bésub pénc ma (Pe 20:11-15).

ko: “Su ñu dégluwul Musaa ak yonent yi, kon ku dekki sax, du tax ñu gëm.” »

### 103. Waxtaan ci bàkkaar, ak ngëm, ak warugaru jaam (Lu 17:1-10)

Lu Yeesu waxaat ay taalibeem ne léen: « Fiir yuy yóbbe nit bàkkaar manta ñàkk, waaye toroxte dal na ki koy lal. Ñu takk doj wu réy[777] ci baatam, sànni ko ci géej moo gën ci moom muy daaneel ci bàkkaar kenn ci ñi gëna tuuti ci ñii. Wottuleen seen bopp.

« Bu sa mbokk tooñee, yedd ko. Bu réccoo, baal ko. Te su la tooñee juróom ñaari yoon ci bés bi, te ñëw ci yaw juróom ñaari yoon ne la: “Tuub naa ko,” nanga ko baal. »

Ndaw ya wax Boroom bi ne ko: « Yokkal sunu ngëm. » Boroom bi ne léen: « Su ngeen amee ngëm gu tuuti sax niw peppu fuddën[778], kon dingeen mana ne garab gii: “Buddeekul, dem jëmbëtu ca géej ga,” te dina def li ngeen wax.

« Kan ci yéen bu amoon surga bu beyi walla bu sàmmi ba ñëw, ndax dafa ko naa: “Kaay lekk”? Déedéet. Xanaa kay da ko naan: “Defaral ma reer bi. Takkul te tibbal ma, ba ma lekk te naan, ba noppi nga doora lekk te naan.” Li surga ba topp ndigal, ndax tax na mu yelloo ngërëm? Déedéet. Noonu yéen itam bu ngeen toppee li ñu leen sant lépp ba noppi, dangeena war ne: “Ay surga rekk lanu. Sunu warugar lanu def.” »

### 104. Yeesu faj na fukki gaana (Lu 17:11-19)

*Anam yi: Ngir dem Yerusalem, Yeesu dafa bëgg jàll dexu Yurdan dem sud ci diiwaanu Pere. Dina tax mu teggi diiwaanu Samari. Moo tax mu jaar ci dig wiy xàjjale Samari ak Galile.*

Lu Bi muy dem Yerusalem ba tey, Yeesu jaar ci dig wiy xàjjale Samari ak

---

777 **Lu 17:1** ***doj wu réy***: Seetal leeral 585 (Mc 18:6, wàll 83, page 186)

778 **Lu 17:6** ***peppu fuddën***: Seetal leeral 349 (Mc 13:31-32, wàll 52, page 124).

Galile[779]. Bi muy jub benn dëkk, fukki gaana[780] ñëw, dogale ko. Ñu taxaw dànd ko, di wax ca kaw naan: « Yeesu, kilifa gi, yërëm nu! » Naka la léen Yeesu di gis, naan léen: « Demleen won seen bopp sarxalkat ya. »

Bi ñuy dem, ñu daldi set. Kenn ci ñoom gis ne wér na, daldi dëpp, di màggal Yàlla ak baat bu xumb. Mu dëpp jëëm ca tànki Yeesu, di ko gërëm. Fekk nitu Samari[781] la woon. Noonu Yeesu daldi ne: « Xanaa du fukk yépp a wér? Ana juróom ñeent ña nag? Amul kenn ci ñoom ku ñëw gërëm Yàlla ku dul doxandéem bii! » Noonu Yeesu ne ko: « Jógal dem; sa ngëm faj na la. »

### 105. Liy xew ci bu Doomu nit ki ñëwee (Lu 17:20-37)

Lu Farisen yi[782] laaj Yeesu ne ko: « Kañ la Yàlla di tëral nguuram? » Mu ne léen: « Bu Yàlla di wàcce nguuram ci nit ñi, kenn du ko mana teg bët. Duñu mana wax it ne: "Xool-leen, mi ngi fii," walla: "Ma nga fale," ndaxte nguuru Yàlla wàcc na ci seen biir[783]. »

Noonu mu ne taalibe ya: « Jamono dina ñëw, fu ngeen di bëgga gis su doon sax benn fan ci jamono ju Doomu nit ki di ñëw, waaye dungeen ko gis. Dees na leen ne: "Mi ngi fii!" walla: "Ma nga fale!" Buleen dem, mbaa ngeen di léen topp. Ndaxte ni melax[784] naan ràyye ci asamaan, di leeral gii wet, ba ca gee, noonu it la Doomu nit ki di mel ci bésam[785].

---

[779] **Lu 17:11 *dig wiy xaajale Samari ak Galile***: Amoon na ñaari yoon yi amoon solo diggante Galile ak Yerusalem. Wenn ci ñoom jaaroon Samari, weneen dem penku topp dig wiy xaajale Samari ak Galile ngir teggi Samari. Gannaaw ga mu jàll dexu Yurdan dem sudd. Seetal kart 17, yoon yi jëm Yerusalem.

[780] **Lu 17:12 *gaana***: Tere nañu gaana ya jege ku wér. Moo tax ñu dand Yeesu, wax ca kaw. Seetal leeral 232 (Mc 8:2, wàll 37, page 94).

[781] **Lu 17:16 *nitu Samari***: Seetal leeral 149 (Yow 4:7, wàll 28, page 69).

[782] **Lu 17:20 *Farisen yi***: Farisen ya gëm nañu ne Yàlla dina yónni Almasi bi ngir nguuru ca Israyil. Ñu gëm ne Almasi bi dina faagaagal seeni noon, di samp nguur gu am daraja ak njubte ci àddina si.

[783] **Lu 17:21 *nguuru Yàlla wàcc na ci seen biir***: Farisen dañu doon séenu firnde yu réy yu jiitu bésu Almasi bi, waaye ràññewuñu ne nguuru Yàlla ñëw na ba noppi ak Yeesu. Seetal itam leeral 84 (Mc 3:2, wàll 16, page 45).

[784] **Lu 17:24 *ni melax***: Melax, lenn li ne ràyy te ñépp man nañu gis bu leer nàññ la. Bi Yeesu ñëwaatee di ne jalañ, ñépp dinañu ko xam.

[785] **Lu 17:24 *bési Doomu nit ki***: Wax nañu ca bésub Almasi bi ca jamono Yeesu. Mooy bés bi ñu yaakaar ne Almasi bi dina ñëw nangu nguuram. Yeesu moo ko tudd bési Doomu

Waaye balaa booba fàww mu sonn lool te niti jamono jii dëddu ko.

« La xewoon ca bési Nóoyin[786], dina xewaat ci bési Doomu nit ki. Nit ñaa ngi doon lekk ak di naan, di jël jabar ak a séyi, ba bés ba Nóoyin duggee ca gaal ga. Noonu mbënn ma ñëw, rey léen ñoom ñépp.

« Dina mel it ni la xewoon ca bési Lóot[787]. Nit ñaa ngi doon lekk ak di naan, di jënd ak di jaay, di ji ak di tabax. Waaye bés ba Lóot génnee Sodom[788], Yàlla tawloo sawara ak tamarax[789], rey léen ñoom ñépp. Noonu lay mel, bés bu Doomu nit kiy feeñ.

« Ca bés boobee ku nekk ca kaw kër ga[790] te ay bagaasam nekk ca biir, bumu wàcc jëli léen. Te it ku nekk ca tool ya, bu mu ñibbi. Fàttalikuleen soxnas Lóot![791] Kuy wuta rawale sa bakkan, dinga ko ñàkk, waaye ku ko ñàkk, dinga dund. Maa ngi leen koy wax: ca jamono jooju, ñaar dinañu bokka tëdd guddi, dees na yóbbu kenn ki, bàyyi ka ca des[792]. Ñaari jigéen

---

nit ki. Seetal itam leeral 121 (Yow 1:51, wàll 22, page 58).

[786] **Lu 17:26 *bési Nóoyin***: Yonent Yàlla la woon (Ge 6:5-9:29). Yàlla sant na ko mu tabax genn gaal ngir nekk rawukaay ca mbënnu ndox mi nara ñëw ngir àtte àddina sépp. Yàlla musal na Nóoyin ak njabootam ak xeeti rab ya yépp jaarale ko ci gaal ga. Nóoyin, mi daan waare ci njub (2Pi 2:5), defaroon na gaal ci diirub daanaka téeméeri at. Jamonoy Nóoyin, misaalu mbon gu màgg ak àtteb Yàlla la woon ca mbinduy Yawut ya.

[787] **Lu 17:28 *bési Lóot***: Lóot, doomu rakku Ibraayma la woon (Ge 11:27,31; 12:4-5; 13:1,5-13; 14:8-16; 19:1-26, 30-38). Gannaaw ga baayam faatu, maamam, Teraa, Ibraayma, Sarayi ak Lóot jóge nañu Ur ngir jëm réewu Kanaan. Lóot ak Ibraayma mujj nañu xàjjalikoo ca Kanaan ndax seen jur yu bare. Lóot dem na sanc ca wetu dëkki Sodom ak Gomor, yi Yàlla tasoon. Yàlla yónni na ay malaaka ngir musal Lóot ak njabootam ca Sodom bala mu tas dëkk ya. Sodom itam misaalu mbon ak àtteb Yàlla la woon ca mbinduy Yawut ya.

[788] **Lu 17:29 *Sodom***: Seetal leeral 392 (Mc 10:15, wàll 58, page 136).

[789] **Lu 17:29 *tamarax***: Doj wu mboq la. Su ñu ko taalee, mu seey di lakk bu yàgg. Am na xet gu xasaw xunn ubale fépp, di lor képp ku ko noyyi. Bokk na ci lu gënn ca tundu-safara.

[790] **Lu 17:31 *nekk ca kaw kër ga***: Ca réewum Yawut ya kaw taax ya dafa telloon. Defare nañu ca kaw taaxum kër ga bant, xadd ak ban. Te néeg bu nekk amoon na iskale ci biti ngir ñu mana yéeg ci kaw taax mi. Daan nañu fa noppalu. Bu bés bi ñëwee ku nekk ca kaw taax ma amul jot ngir dugg kër ga, jël bagaasam. Mu wara daw rekk.

[791] **Lu 17:32 *soxnas Lóot***: Malaaka Yàlla ya génne nañu Lóot, soxnaam ak ñaari doomam yu jigéen dëkku Sodom, ba noppi sant ñu daw seen xélu bakkan, di bañ geestu. Waaye soxnas Lóot ne gees, jëmm ja far soppaliku xorom (Ge 19:15-26). Soo jàppee ca yëfu àddina si dinga sànku.

[792] **Lu 17:34-35 *yóbbu kenn, bàyyi ka ca des***: Xàjjalikoo nañu ñépp ca ñaar - ñi mucc ak ñi sànku.

dinañu wolandoo, dees na yóbbu kenn ci, bàyyi ka ca des. »

Taalibe yi ne Yeesu: « Fu loolu di xewe, Boroom bi? » Yeesu ne léen: « Fa médd nekk, la tan yiy dajee[793]. »

## 106. Wara sax ci ñaan (Lu 18:1-8)

Lu Noonu Yeesu wax léen itam léeb wii[794] ngir xamal léen ne war nañoo sax ci ñaan te baña xàddi. Nee na: « Dafa amoon cib dëkk, benn àttekat[795] bu ragalul Yàlla te faalewul mbindeef. Amoon na itam ca dëkk ba jigéen ju jëkkëram faatu[796] ju daan faral di ñëw ci moom, naan ko: “Àtte ma ak sama noon!” Àttekat ba bañ lu yàgg, waaye am bés mu ne ci xelam: “Ragaluma Yàlla te faalewuma mbindeef, waaye jigéen jii lakkal na ma; kon dinaa ko àtte, ngir mu bañatee ñëw sonal ma. Dina rey ak ay wax.” »

Boroom bi tegaat ca ne: « Dégluleen bu baax li àttekat bu bon boobu wax; ndax Yàlla du àtte jub mbooloom mi mu tànn te ñu koy ñaan wall guddi ak bëccëg? Ndax dina léen xaarloo? Maa ngi leen koy wax, dina léen àtte jub ci lu gaaw. Waaye bu Doomu nit ki ñëwee, ndax dina fekk ngëm ci àddina? »

## 107. Léebu Farisen ba ak juutikat ba (Lu 18:9-14)

Lu Yeesu waxaat léeb wii nit, ñi foog ne jub nañu tey xeeb ñi ci des. Mu

---

[793] **Lu 17:37 *fa médd nekk, la tan yiy dajee***: Su amee lu dee ca àll ba, man nga koo xam fu sore, ndaxte ñépp man nañu gis tan yu naaw, di wër ci kawam. Yeesu dafa bëgg wax ne bu amee dinañu xam fan la.

[794] **Lu 18:1 *léeb wi***: Léeb wi moo topp ca li Yeesu waxoon ca Lu 17:20-37. Maanaam dafa wax ca coono ak fitna ju metti yu taalibe Yeesu dina daje bala Almasi bi di ñëwaat. Ñaan bi mooy Yàlla àtte leen (Lu 18:3,5).

[795] **Lu 18:2 *àttekat ba***: Àttekat ba, ku dul Yawut ku amul gàcce la. Yawut ya ni waa Senegal di xalaate itam, teg nañu ne ku amul gàcce bokk na ca ña gëna bon. Siiw nañu ca jamonoom ndax seeni njubadi ak neexal yu doxal àtte ya. Ku amoon xaalis ñu may ko yoon. Ku amul woon xaalis mayu ko dara.

[796] **Lu 18:3 *jigéen ju jëkkëram faatu***: Aji ñàkk ku amul doole la. Léeb bi dafa ëmb ne jigéen ja amoon dëgg waaye àttekat ba bëggu ko àtte. Tamit jigéen ñi demuñu àttekaay ba lu dul amul mbokk ku ko mana dox digganteem ak àttekat ba. Waaye bu demee, jigéen mana wax lu góor ñemewul wax, te dara jotu ko.

ne: « Dafa amoon ñaari nit ñu dem ca kër Yàlla ga[797], di ñaan. Kenn ki ab Farisen[798] la, ki ci des juutikat[799]. Farisen baa nga taxaw di ñaan ci xelam naan: "Yaw Yàlla, maa ngi lay sant[800] ci li ma melul ni ñeneen ñiy sàcc, di def lu jubadi te di njaaloo, rawatina juutikat bii. Ayu-bés gu nekk damay woor ñaari yoon[801], di joxe asaka[802] ci lépp lu ma wut."

« Juutikat ba moom, ma nga taxaw fu sore te bëggula siggi sax, xool ca asamaan. Waaye ma ngay fëgg dënnam[803] te naan: "Yaw Yàlla, yërëm ma, man miy bàkkaarkat." » Yeesu teg ca ne: « Maa ngi leen koy wax, nit kooku, ba muy ñibbi këram, moom la Yàlla àtte ni ku jub, waaye du Farisen ba. Ndaxte képp kuy yékkatiku dees na la suufeel, te kuy suufeelu, ñu yékkati la. »

## 108. Yeesu dellusi na diiwaanu Pere (Mc 19:1-2; Mk 10:1)

Mc Bi nga xamee ne Yeesu wax na loolu ba noppi, mu jóge Galile, dem ci wàllu réewu Yawut yi, gi féete ci gannaaw dexu Yurdan[804]. Mk Bi mu fa demee, mbooloo mu bare ñëw fi moom, Mc topp ko. Mk Yeesu daldi léen jàngal, ni mu ko daan defe, Mc mu faj léen fa.

---

[797] **Lu 18:10 *dem ba kër Yàlla ga, di ñaan***: Yawut ya daan nañu dem kër Yàlla ga ngir ñaan ak mbooloo ma ca waxtu sarax ya, maanaam daanaka yoor-yoor ak tisbaar. Ca waxtu yooyu, ca bérab bu sell ba, sarxalkat ya jébbal nañu Yàlla ay mala, di léen rendi, te taal nañu cuuraay. Ci biti mbooloo ma taxaw nañu ngir ñaan.

[798] **Lu 18:10 *Farisen***: Ñi déglu woon Yeesu foog nañu ne Farisen ya nit ñu baax ñu ragal Yàlla te fonk diine lañu. Seetal leeral 87 (Mc 3:7, wàll 16, page 46) ngir gëna xam Farisen ya.

[799] **Lu 18:10 *juutikat***: Ñi déglu woon Yeesu dinañu foog ne juutikat ya bokk nañu ca ñu gëna bon ca réew ma. Seetal leeral 90 (Lu 3:12, wàll 16, page 47) ngir gëna xam juutikat ya.

[800] **Lu 18:11 *maa ngi lay sant***: Ñi déglu woon Yeesu dinañu foog ne ñaanam, cant rekk la, te naka noonu ëmbul dara lu bon.

[801] **Lu 18:12 *woor ñaari yoon ayu-bés gu nekk***: Seetal leeralu Mc 6:16-18 (wàll 35).

[802] **Lu 18:12 *joxe asaka***: Seetal leeralu Lu 11:42 (wàll 90).

[803] **Lu 18:13 *fëgg dënnam***: Fëgg dënnam moo wone naqaru xol wu réy-a-réy walla xol bu tuub ba mokk.

[804] **Mc 19:1 *wàllu réewu Yawut yi, gi féete ci gannaaw dexu Yurdan***: Mooy diiwaan ca penku dexu Yurdan, maanaam Pere. Erodd Antipas moo ko yilif ca jamono Yeesu. Yawut ya daan nañu ko jàll ngir teggi diiwaanu Samari.

**Ñi fase** (Mc 19:3-12; Mk 10:2-12; Lu 16:18)

Mk Noonu ay Farisen[805] ñëw ci moom, lalal ko fiir, ñu laaj ko: Mc « Ndax jaadu na nit fase soxnaam, saa su ko neexee?[806] » Mk Yeesu ne léen: « Lu leen yoonu Musaa sant? » Ñu ne ko: « Musaa maye na, nit bind kayitu pase, tàggook soxnaam. » Waaye Yeesu ne léen: « Dénkaane boobu mu leen bindal, bind na ko ndax seen xol dafa fatt. Mc Xanaa jànguleen ne[807], ca njàlbéen ga Aji Bind ji sàkk na léen, kii góor, kii jigéen, te mu ne[808]: "Looloo tax góor di teqalikook ndeyam ak baayam, ànd ak soxnaam, ñoom ñaar doon benn." Kon nag nekkatuñu ñaar waaye benn lañu. Lu Yàlla takk nag, bu ko nit tas. »

Bi Yeesu waxee loolu, Farisen ya laaj ko ne: « Waaye Musaa santaane na[809], nit jox soxnaam kayitu pase, tàggook moom. Lu tax mu wax loolu nag? » Yeesu ne léen: « Musaa may na leen[810], ngeen fase seen soxna, ndax seen xol dafa dëgër, waaye ca njàlbéen ga demewul woon noonu. Te it maa ngi leen koy wax, koo xam ne kii fase nga sa soxna te du njaaloo tax, boo séyaatee ak keneen, njaaloo nga. » Mk Bi ñu delloo ca kër ga nag,

[805] **Mc 19:3 *Farisen***: Seetal leeral 87 (Mc 3:7, wàll 16, page 46).

[806] **Mc 19:3; Mk 10:2 *Ndax jaadu na nit fase soxnaam, saa su ko neexee?***: Laaj bi nekkoon werante bi boroom xam-xam amoon ca jamono Yeesu. Ñépp gëm nañu ne fase sa soxna jaadu na ndax De 24:1 bu ne "Gannaaw loolu ku jël jabar ba noppi jabar ja neexatu ko, ndax lu ruslu lu mu koy sikke. Noonu mu bindal ko kayitu pase, jox ko, dàq ko këram." Werante moo nekkoon ci lu jëm ca li 'jabar ja neexatu ko, ndax lu ruslu lu mu koy sikke' tekki. Amoon na ñaari tariixa yu mel ni ay ngér yu fiq. Benn ca ñoom, mooy lekoolu Samayi, wax ne njaaloo rekk a tax boroom kër man naa fase jabaram. Beneen bi nag, mooy lekoolu Ilel, nee na lépp lu mu gis ca jabaram lu dul neex doy na boroom kër fase ko. Yàq añ bi sax doyoon na ! Soxna yi amuñu woon ci wax. Farisen ya bëggoon nañu xam ne ban ca ñaari xalaat la Yeesu faral.
Yoonu waa Room may na góor fase soxnaam, walla jigéen fase jëkkëram. Yoonu Yawut mayul jigéen fase jëkkëram.

[807] **Mc 19:4 *jànguleen ne***: Jukki na ko ca Ge 1:27, 5:2. Yeesu nanguwul dugg ci seen werante. Li Yàlla yéene ci séy mooy lu am solo. Am sañ-sañ fase sa soxna amul solo.

[808] **Mc 19:5 *mu ne***: Jukki na ko ca Ge 2:24.

[809] **Mc 19:7 *Musaa santaane na***: Jukki nañu ko ca De 24:1-4. Farisen ya bëggoon nañu wax ne amoon na ay anam moo tax fàww ñu fase seen soxna ndaxte yoonu Musaa moo ko santaane. Seen aada dogal na ne jigéen ju njaaloo ak jigéen ju jaasir ñoo tax ñu wara fase seeni soxna.

[810] **Mc 19:8 *Musaa may na***: Yeesu moo tontu ne Musaa santaanewul fase, waaye may na ko rekk. Te musula nekk coobare Yàlla.

taalibe ya laaj ko ci mbirum loolu[811]. Noonu Yeesu ne léen: « Ku fase sa soxna, takk jeneen, njaaloo nga, di tooñ ku jëkk ka. Te jigéen ji tas, séyaat ak keneen, njaaloo nga, [Lu] te ku takk jigéen ju jëkkëram fase, njaaloo nga. » [Mc] Bi ko taalibe ya déggee, ñu ne ko: « Bu dee noonu la digganteb góor ak jigéen mel, baña séy moo gën. » Yeesu ne léen: « Du ñépp ñoo mana nangu loolu, waaye ñi ko Yàlla jagleel rekk. Ndaxte am na ñu judduwaale tële[812], am na ñu tële ci loxoy nit[813], te am na ñu baña séy ngir nguuru Yàlla Aji Kawe ji. Ku ko mana nangu, nangu ko. »

**109. Xale yu ndaw yi** (Mc 19:13-15a; Mk 10:13-16; Lu 18:15-17)

[Mc] Gannaaw loolu amoon na ay nit ñuy indil Yeesu ay xale[814], ngir mu teg léen ay loxoom[815], ñaanal léen. [Lu] Bi taalibe ya gisee loolu, ñu gëdd léen. [Mk] Bi ko Yeesu gisee nag, mu metti ko lool, mu ne léen: [Mc] « Bàyyileen xale yi, te buleen léen tere, ñu ñëw fi man. Ndaxte ñu mel ni ñoom, ñoo yelloo nguuru Yàlla Aji Kawe ji. [Mk] Ci dëgg maa ngi leen koy wax, ku woyoful ni xale, nangu nguuru Yàlla, doo ci mana dugg. » Noonu Yeesu leewu léen, teg léen ay loxoom, barkeel léen, [Mc] ba noppi jóge fa.

---

[811] **Mc 19:10 *taalibe laaj ko***: Ca jamono jooju nit tànnul jabaram. Baayam moo ko tànnoon. Naka noonu ñu bare xamuñu seen soxna laata ñu séy. Xamagul ne ndax soxna sa dina jàmbaare walla pànk. Tamit daan nañu jàngal ne dëkk ak jabar ju pànk musiba la. Te Yeesu sooga wax ne amul bunt ngir rëcc ca séy su bon. Loolu moo tax taalibe tiit.

[812] **Mc 19:12 *tële***: Yawut ya gëm nañu ne tàkk jigéen te giir ay doom bokkoon na ca wareef yu gëna am solo. Tële ba mënul giir doom walla baña giir gàcce la woon. Yoonu Musaa tere na ñu tële ndax tàpp nañu ko walla dagg nañu ngóoraam bokk ca ndajem ñi gëm Aji Sax ji (De 23:1). Tàpp, lu raglu Yawut ya la. Yawut ya xeeb nañu léen, ak ñoom ñu baña séy.

[813] **Mc 19:12 *am na ñu tële ci loxoy nit***: Amoon na ay góor, maanaam jaam walla jawriñu buur bu topptoo i jabaram, ñi ñu tàpp bi ñu nekkee xale ngir ñu man léena wóolu ci biir jigéeni kër ga.

[814] **Mc 19:13; Mk 10:13; Lu 18:15 *xale***: Xale ku ñakk solo te ñakk kàttan la ci bëtu nit ñi. Tamit taalibe ya bëggul xale yi gétën Yeesu, di fàbbi ko ci lu gëna am solo. Ca jamono Yeesu 6 ci 10 xale dee nañu laata ñu amoon 16 at.

[815] **Mc 19:13; Mk 10:13; Lu 18:15 *teg léen ay loxoom***: teg na léen loxoom ngir barkeel léen.

# Saar 16. Firnde kàttanu Yeesu

## **110. Lasaar dekki na** (Yow 11:1-44)

*Yeesu ci diiwaanu Pere la dégg xebaar bi ba noppi dem Betani. Bi Yeesu dekkalee Lasaar ba noppi dafa làquji dëkku Efrayim ci mandiŋu diiwaanu Yude.*

Yow Amoon na benn waay bu woppoon, ñu koy wax Lasaar. Ma nga dëkkoon Betani[816], moom ak Maryaama ak Màrt[817], mi mu bokkaloon ndey ak baay. Maryaama mooy jigéen jiy sottiji latkoloñ ci tànki Boroom bi[818], fompe ko kawaram. Moom la càmmiñam Lasaar woppoon. Ñaari jigéeni Lasaar yónnee ca Yeesu ne ko: « Boroom bi, sa xarit wopp na. »

Bi Yeesu déggee[819] xibaar boobu, mu ne: « Lasaar de, woppam jooju du ko mujje[820]; day wone ndamu Yàlla, tey màggal Doomu Yàlla ji. »

Yeesu soppoon na Màrt ak Maryaama ak Lasaar. Bi mu yégee nag ne Lasaar wopp na, mu toogaat yeneen ñaari fan ca bérab, ba mu nekkoon. Gannaaw loolu mu ne taalibe ya: « Nanu dellu Yude. » Taalibe ya ne ko: « Kilifa gi, yàggul dara waa Yude doon nañu la wuta rey ak i xeer[821], nga di fa dellu? » Yeesu ne léen: « Xanaa du bëccëg fukki waxtook ñaar[822] la?

---

[816] **Yow 11:1 *Betani***: Seetal leeral 635 (Lu 10:38, wàll 87, page 197).

[817] **Yow 11:2 *Lasaar, Maryaama ak Màrt***: Lasaar, Màrt ak Maryaama, ay xaritu Yeesu lañu woon. Maryaama ku siiw la woon ci biir ñi gëm. Bindkat ba xamoon na ne ñi jëkka jàngoon Injiil xamoon nañu ki doon Maryaama ba noppi. Maryaama, turam ca làkku gereg la bokk. Màrt, turam ca làkku Yawut bu tudd arameyni la bokk, te turu Lasaar, ca làkku ebrë.

[818] **Yow 11:2 *jigéen ji sottiji latkoloñ***: Man nga ko jàng ca Yow 12:1-8 (wàll 120).

[819] **Yow 11:4 *Bi Yeesu déggee***: Yeesu ci diiwaanu Pere la dégg xebaar bi, lu tollu benn walla lu ko ëpp ñaari fan fu sore Betani. Lu gëna wóor mooy Yeesu xamoon na ba noppi Lasaar gaañu na laata ndaw ya àgg ci moom, ni mu ko wone ca Yow 11:14.

[820] **Yow 11:4 *woppam jooju du ko mujje***: Taalibe xalaat nañu ne Yeesu dafa bëgg wax ne feebar bu dul sax la. Waaye Yeesu dafa bëgg wax ne dee gu dul sax la !

[821] **Yow 11:8 *waa Yude doon nañu la wuta rey***: Benn walla ñaari weer yu weesu Yeesu demoon Yerusalem ngir màggalu bés ba ñu sellale woon kër Yàlla ci weeru desàmbar wu weesu (Yow 10:2). Foofu bëggoon nañu koo sànni ay doj ngir rey ko (Yow 10:31-39, wàll 76). Jéem nañu ko rey itam bi mu demoon Yerusalem ngir màggalu Mbaar ya ci weeru oktoobar wu weesu (Yow 8:59, wàll 73).

[822] **Yow 11:9 *bëccëg fukki waxtook ñaar***: Yawut ya ak waa Room ñoo doon xàjjalikoo bëccëg fukki waxtook ñaar, ak guddi fukki waxtook ñaar atum lëmm. Naka noonu guddaay

Kuy dox bëccëg, du fakktalu, ndaxte day gis leeru àddina si. Waaye kuy dox guddi, dina fakktalu, ndaxte leer nekkul ci moom. » Yeesu wax loolu, teg ca ne: « Sunu xarit Lasaar nelaw na[823], waaye maa ngi dem yee ko. » Taalibe ya ne ko: « Boroom bi, bu nelawee kay, kon dina wér. »

Yeesu dafa bëggoona wax ne, Lasaar dee na, waaye taalibe yi dañoo xalaatoon ne mbiri nelaw rekk lay wax. Ci kaw loolu Yeesu wax ci lu leer ne: « Lasaar dee na. Bég naa ngir yéen ndax li ma fa nekkul, ngir seen ngëm gëna dëgër. Waaye nanu ko seeti. »

Noonu Tomaa[824], ki turam di tekki « Séex bi », daldi ne yeneen taalibe ya: « Nanu dem nun itam, deeyandoo ak moom! »

Bi Yeesu agsee, mu fekk ne bi ñu dencee Lasaar ak léegi, mat na ñeenti fan[825]. Betani ma nga woon ca wetu Yerusalem, diggante bi matul woon sax ñetti kilomet. Yawut yu bare ñëwoon nañu kër Màrt ak Maryaama[826], ngir dëfal léen ci seen deewu càmmiñ.

Bi Yeesu ñëwee, Màrt yég ko, dem di dajeek moom; fekk booba Maryaamaa nga toogoon ca kër ga. Màrt ne Yeesu: « Boroom bi, boo fi nekkoon de, sama càmmiñ li du dee. Waaye xam naa ne fii nu tollu sax, loo ñaan Yàlla, mu may la ko. » Yeesu ne ko: « Sa càmmiñ dina dekki. » Màrt ne ko: « Xam naa ne dina jóg bésu ndekkite la, keroog bés bu mujj

---

'waxtu' moo sës ca jamonoy at. Wenn waxtu ca noor moo wuute ak wenn waxtu ca nawet. Ca bëccëg man nga liggéey ak kóolute gi nga amul guddi. Yeesu dafa bëgg wax, ndegam Yeesu moo doxal liggéeyu Yàlla, man naa dem Yude ci jàmm, ndaxte bëccëg. Waxtu lëndëm jotagul. Tamit, mënuloo wàññi walla yokk bëccëg. Am nga luy am rekk. Naka noonu bëccëg am na bunt ngir nga jëm kanam, te am na àpp.

[823] **Yow 11:11** ***nelaw na***: Nelaw moo doon misaale dee ca Yawut ya (1Ki 2:10; 11:21,43; 14:20,31; 15:8,24; 16:6,28; 22:40,50; 2Ki 8:24; 10:35; 13:9,13; 14:16,22,29; 15:7,22,38; 16:20;20:21; 21:18; 24:6; 2Ch 9:31; 12:16; 14:1; 16:13; 21:1; 26:2,23; 27:9; 28:27; 32:33; 33:20; Da 12:2; Mc 9:24; 27:52; Jëf 7:60; 1Ko 15:6; 1Te 4:13)

[824] **Yow 11:16** ***Tomaa***: Benn ci 12 ndawi Yeesu yi la woon.

[825] **Yow 11:17** ***mat na ñeenti fan***: Yawut ya gëm nañu ne ruu gi du sore néew ba ci diiru ñetti fan gannaaw deeam di wut ni mu mana delloo. Gannaaw ñeenti fan, néew bi yàqu na, ruu gi dem na, te dekki mënatula am.

[826] **Yow 11:19** ***Yawut yu bare ñëwoon nañu kër Màrt ak Maryaama***: Xam nañu ne kër gu amoon solo la ndegam amoon nañu bàmmeel gi ñu yett ci doj. Te këram sorewul Yerusalem. Ca kaw seen aada, ñépp ñi ko xam war nañoo ñëw jaalesi ci diiru genn ayu-bés. Seetal leeralu Lu 7:12 (wàll 47) ngir gëna xam seeni aada dëj.

ba[827]. » Yeesu ne ko: « Man maay ndekkite li, maay dund gi. Ku ma gëm, boo deeyee it, dinga dund. Rax-ca-dolli kuy dund te gëm ma, doo dee mukk. Ndax gëm nga loolu? » Mu ne ko: « Waaw, Boroom bi. Gëm naa ne yaay Almasi bi, di Doomu Yàlla, ji wara ñëw àddina. »

Bi Màrt waxee loolu, mu daldi dem wooyi Maryaama ne ko ci pett: « Kilifa gaa ngi fi; mi ngi lay laaj. » Bi Maryaama déggee loolu, mu daldi jóg, gaawantu dem ca Yeesu. Te fekk duggagul woon ca dëkk ba, waaye ma nga woon ba tey ca bérab, ba mu daje woon ak Màrt. Noonu Yawut, ya nekkoon ca kër ga di dëfal Maryaama, gis ko mu ne bërét génn, ñu daldi koy topp, defe ne day jooyi ca bàmmeel ba.

Bi Maryaama agsee nag ca Yeesu, ba gis ko, mu daanu ciy tànkam ne ko: « Boroom bi, boo fi nekkoon, sama càmmiñ du dee. »

Yeesu gis ne mi ngi jooy te Yawut yi ànd ak moom itam ñu ngi jooy. Mu daldi jàq, am naqar wu réy. Mu ne léen: « Fu ngeen ko denc? » Ñu ne ko: « Kaay gis, Sang bi. »

Yeesu jooy. Noonu nag, Yawut ya ne: « Gis ngeen ni mu ko bëgge woon! » Waaye am na ca ñoom ñu doon wax naan: « Moom mi ubbi bëti gumba gi, ndax manul woona fexe ba Lasaar du dee? »

Yeesu dellu am naqar wu réy, daldi dem ca bàmmeel ba[828]. Pax la mu ñu yett ci doj, ube ko xeer. Yeesu ne: « Dindileen xeer wi! » Màrt, jigéenu ku dee ki ne ko: « Boroom bi, dina xasaw xunn[829] fii mu nekk, ndaxte am na ci bàmmeel bi ñeenti fan. » Yeesu ne ko: « Ndax waxuma la ne boo

---

[827] **Yow 11:24 *jóg bésu ndekkite la***: Ca jamono Yeesu daan nañu werante ci lu jëm ca ndekkite li. Sadusen ya weddi nañu ko. Farisen ya gëm nañu ko. Waaye ci biir ci gëmoon ca ndekkite li sax werante amoon na. Werante nañu ci kan mooy dekki – ñépp, walla ñi jub rekk, walla Yawut kese, walla ñi ñu rey ndax seem ngëm, walla ñi dee ci biir réew mi doŋŋ.
Gëmoon nañu ne ndekkite li moo gannaaw dee Yàlla dellu la sa yaram walla sàkkal la lu bees lu ko niroo. Dina am ca mujug jamono rekk. Te gëm nañu itam ne ndekkite li dafa bokk ci ni Yàlla dogale yékkatiwaat nguuru Israyil, di defaraat lépp ca àddina si ca mujug jamono. Boole nañu itam ñëwug Almasi bi.

[828] **Yow 11:38 *bàmmeel ba***: Bàmmeel ya nekkoon ci biti dëkk ba, ca penkoom. Pax ca suuf la mu ñu yett ci doj, ube ko xeer. Ca dëkku al-Asaariya (mi tekki Lasaar) am na benn bàmmeel bi ñu tudd bàmmeelu Lasaar. Tabax nañu ca kawam ay egliis ak jenn jàkka. Egliis bu jëkk daanaka ñetti téeméeri at gannaaw Krist lañu ko tabaxe. Ñi gëm dem nañu fa siyaareji ci diiru ñaari junni at.

[829] **Yow 11:39 *dina xasaw***: Màrt foogoon na ne Yeesu bëggoon na xool néewu Lasaar. Mënul dégg lu tax ndax ci xalaatam néew ba yàqu na yaxeet.

gëmee, dinga gis ndamu Yàlla? » Ñu daldi dindi xeer wa. Yeesu xool ci kaw, ne jàkk asamaan, ñaan Yàlla ne: « Baay, sant naa la ci li nga ma déglu ba noppi. Xam naa ne doo jóg ci di ma déglu, waaye dama koy wax, ngir nit ñi ma wër gëm ne yaa ma yónni. »

Bi mu waxee loolu, Yeesu woote ak baat bu dëgër ne: « Lasaar, ñëwal ci biti! » Néew bi daldi génn, ñu gis càngaay[830], li ñu takke woon tànk yi ak loxo yi, ak kaala, gi ñu muure woon kanam gi. Yeesu ne léen: « Tekkileen ko, bàyyi ko mu dem. »

### 111. Pexe yi jëm ci Yeesu (Yow 11:45-54)

Yow Yawut yu bare ca ña ñëwoon kër Maryaama te gis li Yeesu defoon, daldi koy gëm. Waaye amoon na it ñu demoon ci Farisen ya[831], nettali léen la Yeesu defoon. Farisen ya ak sarxalkat yu mag ya[832] woo kureelu àttekat ya[833] ne: « Nit kii kat, kéemaan yi muy def a ngi bëgga bare. Lu nuy def nag? Ndaxte su nu ko bàyyee mu jàppoo nii, ñépp dinañu ko gëm, te kilifay Room yi dinañu ñëw[834], daaneel sunu kër Yàlla gi, tas sunu réew! »

---

[830] **Yow 11:44 *càngaay***: Daan nañu takke tànk yi ak loxo yi càngaay, laxas yaram wi ak càngaay li ñu boole ak cuuraay lu mel ni ndàbb lu ñuy wax miir ak banti alowes, ba noppi muur kanam gi ak genn kaala.

[831] **Yow 11:46 *Farisen ya***: Seetal leeral 87 (Mc 3:7, wàll 16, page 46).

[832] **Yow 11:47 *sarxalkat yu mag ya***: Seetal leeral 56 (Mc 2:4, wàll 12, page 36).

[833] **Yow 11:47 *kureelu àttekat ya***: Nguuru Room may réew yi ñu nootoon yilif seen bopp. Ci Yude genn kureelu àttekat moo doon réew mi ci suufu nguur Room. 71 nit bokkoon na ci, ñooy sarxalkat yu mag ya, magi Israyil ak xutbakati xeet wa. Sarxalkat bu mag ba moo ko jiite. Lu ëpp ca sarxalkat yu mag ya ca Sadusen ya lañu bokk, te xutbakat ya ca Farisen ya. Dañu doon toppatoo lépp ca wàllu yoon wa lu dul lu ñu ci teg dee, te lépp ca wàllu diine. Seen sañ-sañ yemoon ca réewu Yude waaye waaye Yawut ya fépp may nañu léen cér, ba dégg seeni dogal. Amoon na seen bopp am mbooloom alkaati, ngir jàpp nit te dëggal seen dogal.

[834] **Yow 11:48 *kilifay Room yu dinañu ñëw***: Sarxalkat yu mag ya ñoo doon boroom alal te seen xaalis ci mbir yi bokk ci kër Yàlla ga la jóge woon. Dañuy ragaloon ne su yëngu-yëngu amoon nguuru Room dina dal ci seen kaw, ñu nàkk seen sañ-sañ ak seen xaalis. To mu wone ne gëmuñu woon Yàlla man na leen musal ca kàttanu nguuru Room. Lu doy war, daje kureelu àttekat ya amoon laata nguuru Room ñëw na tas dëkk ba ca atum tubaab 70 g.K. Waaye Yowaana bind na ko lu tollu 30 at ca gannaaw bés boobu. Naka noonu ñi ko jàngoon xamoon nañu li ñu ragaloon mujjoon na am, waaye Yeesu taxul.

Amoon na ca ñoom ku ñuy wax Kayif[835] te mu nekkoon sarxalkat bu mag ba[836] at mooma; mu ne léen: « Xamuleen ci mbir mi dara. Xanaa xamuleen ne, kenn nit rekk dee ngir ñépp, mooy li gën ci yéen? Bu ko defee réew mi du tas. »

Loolu Kayif waxu ko woon ci sagoom, waaye li mu nekkoon sarxalkat bu mag ba at mooma, moo tax Yàlla xiirtal ko mu ne, Yeesu dina dee ngir réew mi. Du woon rekk ngir xeet woowu, waaye ngir itam doomi Yàlla, yi tasaaroo yépp, dajaloo nekk benn.

Keroog la njiiti Yawut ya dogu ci rey Yeesu. Taxoon na ba Yeesu dootul doxantu ci biir Yawut ya. Noonu mu dem ca gox bu jege màndiŋ ma, ca dëkku Efrayim[837]. Foofa nag la toog ak ay taalibeem.

---

[835] **Yow 11:49 *Kayif***: Yosef Kayif nekkoon na sarxalkat bu mag ba ca diggante 18 g.K. ba 36 g.K.. Nguuru Room folli na ko bi ñu follee Pilaat. Takk na doomu Anas (Yow 18:13), sarxalkat bu mag bu ko jiitu. Bokk na ca Sadusen yi. Te ni ñoom gëmul ca àjjana, ndekkite li, ak bésub àtte ba. Naka noonu ragalul Yàlla. Boroom alal ku amoon kàttan ak aw tur. Ca 1990 g.K. fekk nañu bàmmeelam ca Yerusalem.

[836] **Yow 11:49 *sarxalkat bu mag ba***: Sarxalkat bu mag ba moo doon kilifag diine Yawut gi. Moom doŋŋ amoon na sañ-sañ ngir dugg ca bérab bu sell-baa-sell ba, waaye benn yoon donn at bu nekk. Ca jamono Yeesu nguuru Room moo léen fal.

[837] **Yow 11:54 *dëkku Efrayim***: Danuy tudd dëkk bu nekk fa tey ji, Taybe. Moo nekkoon ca wenn ca tund yu gëna kawe ca tundi Yude yi, daanaka 30 kilomet ca penku kawu Yerusalem. Tund wu gëna kawe, mooy tundu Asur, dafa nekk ñetti kilomet ca sowu kaw. Dafa nekkoon ca wenn yoon wuy dem diggante yoonu jaaykat wa ak dëkku Yeriko. Efrayim moo nekk ca wetu màndiŋu Yude, ak fa tundi Yude wàcc ba xuru dexu Yurdan. Diggante Efrayim ak Yeriko am na 22 kilomet te dangay wàcc 1,100 meetar. Soo fa nekkee man nga séen fu sore fu nekk ba gis réew mi mépp. Man nga fa gis dëkku Yerusalem, Géeju xorom ga, xuru dexu Yurdan, tundi Samari, ak màndiŋu Yude. Seetal kart ???

# Saar 17. Yoon wi jaar Yeriko

**112. Waxambaane wu bare alal** (Mc 19:15b-26; Mk 10:17-27; Lu 18:18-27)

Mk Gannaaw loolu bi Yeesu nekkee ci kaw yoon wi di dem, Lu benn njiitu Yawut[838] Mk daw, sukk ci kanamam ne ko: « Kilifa gu baax gi, lu ma wara def, ngir am wàll ci dund gu dul jeex gi?[839] » Yeesu ne ko: « Lu tax nga wooye ma ku baax ki? Yàlla rekk a baax. Mc Boo bëggee dugg ca dund googu ci kaw, nanga sàmm ndigal yi. » Waxambaane wa laaj ko: « Yan la? » Yeesu ne ko: Mk Xam nga ndigal yi[840]: "Bul bóome, bul njaaloo, bul sàcc, bul seede lu dul dëgg, bul nangu alalu jaambur, teralal sa ndey ak sa baay, Mc te it: nanga bëgg sa moroom, ni nga bëgge sa bopp. » Waxambaane wa ne ko: Mk « Kilifa gi, loolu lépp sàmm naa ko li dale ci samag ndaw ba tey, Mc lu ma deseeti? »

Mk Noonu Yeesu xool ko, am cofeel ci moom, mu ne ko: « Lenn rekk moo la dese. Mc Boo bëggee mat sëkk, demal jaay li nga am Lu lépp, séddale ko miskin yi te dinga woomle ca asamaan. Mc Boo noppee, ñëwal topp ci man. » Mk Waaye ci wax jooju xar kanamam lëndëm, mu jóge fa ak tiis, ndaxte ku bare woon alal la.

Lu Yeesu xool ko, Mk [ba noppi] xool taalibe yi ko wër ne léen: Mc « Ci dëgg maa ngi leen koy wax, boroom alal dugg ci nguuru Yàlla Aji Kawe ji, lu jafee ngoogu![841] » Mk Wax jooju nag daldi jaaxal taalibe yi lool. Waaye Yeesu neeti léen: « Samay xarit, dugg ci nguuru Yàlla, lu jafee ngoogu!

---

[838] **Lu 18:18 *njiitu Yawut***: Njiit li, waxambaane te boroom alal la. Ndegam waxambaane la, lu gëna woor mooy bokkul ca kureelu àttekat ya. Man naa nekk ab njiitu jàngu ba la woon, te bokkul ci Farisen ya.

[839] **Mc 19:16; Mk 10:17; Lu 18:18 *dund gu dul jeex***: Seetal leeral 5 (Yow 1:4, wàll 2, page 13).

[840] **Mc 19:18-19; Mk 10:19; Lu 18:20 *ndigal yi***: Ndigal yi ñooy li Yàlla wàcce ca Musaa. Yeesu lim na ñeent ci juróomi ndigal yi nekkoon ca ñaareelu àlluway xaar yi Yàlla bindoon yoon wi (Ex 20:12-16; 24:12) te dolli ci Le 19:18. Weccee na juróomeelu ndigal 'Bul xemmem' ak 'Bul nangu alalu jaambur' (Le 19:13), xëyna ndaxte ku am alal ba noppi soxlawul xemmem, waaye man na ba tey lekk seen àqu moroom, te xalaat ne du dara.

[841] **Mc 19:23; Mk 10:23-24; Lu 18:24 *boroom alal dugg ci nguuru Yàlla***: Nit ña ca jamono Yeesu daan nañu xalaat ne alal moo wone barkeb Yàlla, te naka noonu wone ne itam Yàlla dina nangu ñu dugg ca nguuram. Moo tax taalibe yi jaaxle, di waaru lool.

[Mc] Giléem jaar ci bën-bënu puso[842] moo gëna yomb boroom alal dugg ci nguuru Yàlla Aji Kawe ji. » [Mk] Wax jooju gënatee jaaxal taalibe ya, ñu naan ci seen biir: « Kon nag ku mana mucc? » Noonu Yeesu xool léen naan: « Loolu të na nit, waaye tëwul Yàlla; Yàlla man na lépp. »

### 113. Yool yi Yeesu digoon ñi ko topp (Mc 19:27-20:16; Mk 10:28-31; Lu 18:28-30)

[Mc] Bi ko Piyeer déggee, mu daldi ne: « Waaw, nun nag, dëddu nanu lépp, topp la; kon nu nuy mujje nun? » Yeesu ne léen: « Ci dëgg maa ngi leen koy wax, bés baa ngi ñëw bu Yàllay yeesalaat lépp[843], te Doomu nit ki[844] toog ci jalam[845], bi soloo ndam. Bés boobu nag, yéen ñi ma topp dingeen toog ci fukki jal ak ñaar, di àtte fukki giir ak ñaar yu bànni Israyil[846]. [Mk] Képp ku dëddu kër, [Lu] walla soxna walla [Mk] doomu ndey yu góor walla yu jigéen, ndey walla baay, doom walla suuf ndax man ak xibaaru jàmm bi [Lu] [ak] nguuru Yàlla, [Mk] dinga am tey jii téeméeri yoon ay kër, doomi ndey yu góor ak yu jigéen, ndey, doom ak suuf, ñoom ak ay fitnay noon, te ëllëg nga am dund gu dul jeex. Waaye ñu bare ci ñi jiitu ñooy mujji; ñi mujj ñooy jiituji.

[Mc] « Noonu nguuru Yàlla Aji Kawe ji dafa mel ni boroom kër bu génn ci

---

[842] **Mc 19:24; Mk 10:25; Lu 19:25 *giléem jaar ci bën-bënu puso***: Waxin la lu wax ci lu të. Giléem mooy mala mu gëna réy yi Yawut ya xamoon. Bën-bënu puso mooy bunt bu gëna tuuti.

[843] **Mc 19:28 *bés bu Yàllay yeesalaat lépp***: Amoon nañu yaakaar ne Yàlla dina yékkatiwaat nguuru Israyil te yeesalaat lépp ci àddina si te lépp baax te njub dëkk ca mujug jamono, mooy jamono Almasi bi. Dàq weddi ci waa Israyil bokk na ci.

[844] **Mc 19:28 *Doomu nit ki***: Seetal leeral 121 (Yow 1:51, wàll 22, page 58)

[845] **Mc 19:28 *Doomu nit ki toog ci jalam***: Almasi bi dina donn jalub Daawuda ak nguuram (Dan 7:9; Isa 9:7; Jer 23:5-6; 33:16).

[846] **Mc 19:28 *fukki giir ak ñaar yu bànni Israyil***: Ca jamono Musaa ba jamono Suleymaan bànni Israyil amoon na fukki giir and ñaar. Gannaaw jamono Suleymaan Israyil xàjjalikoo ñaar. Ñaari giir ca sudd boole nañu nekk réewu Yuda te fukki giir ca noor boole nekk Israyil. Juróom ñaari xarnu lu jiitu jamono Kirist Yàlla àtte na Israyil, di yónni waa Asiri ñu ñëw noot Israyil, jàpp waa Israyil, yóbbu léen Asiri (2Ki 17:5-6). Gannaaw bés boobu ba tey ji fukki giir yooyu tasaaroo nañu ci àddina si te nekkatuñu ñu dul askani ñi bokk ca fukki giir ya te demoon bokk ak réewu Yuda ca jamono ja Israyil xàjjalikoo ñaar. Yawut ya ca jamono Yeesu gëm nañu Yàlla dina delloosi fukki giir ya te yékkatiwaat nguuru Israyil ca fan yu jiitu ñëwug Almasi bi ca mujug jamono (Eze 37; Hos 3:4-5; Am 9:11-15).

suba teel, ngir jël ay liggéeykat[847] ndax toolu reseñam. Mu juboo ak liggéeykat ya ci bëccëg posetu denariyon[848], door léena yebal ca toolam. Ci yoor-yoor mu génn, gis ñeneen ñu toog ca pénc ma te liggéeyuñu. Mu ne léen: "Demleen yéen itam ca tool ba, te dinaa leen fey lu jaadu." Ñu dem ca. Mu génnaat ci digg bëccëg ak ci tisbaar, defaat noonu. Mu génnati ci tàkkusaan, gis ñeneen di tendeefal. Mu ne léen: "Lu tax ngeen yendoo tendeefal[849], te liggéeyiwuleen?" Ñu ne ko: "Kenn jëlu nu." Mu ne léen: "Demleen yéen itam ca tool ba."

« Bi nga xamee ne timis jot na, boroom tool ba ne jawriñ ja: "Woowal liggéeykat yi te fey léen[850] seen bëccëg, tàmbali ci ñi mujja ñëw, ba ci ñi fi jëkk." Noonu ñi mu jël ci tàkkusaan ñëw, ku nekk jot posetu denariyon. Gannaaw ga nag ñi mu jëkka jël ñëw, yaakaar ne dinañu jot lu ëpp loolu, waaye ñoom itam ñu jot ku nekk benn denariyon. Bi ñu ko jotee nag, ñu tàmbalee ñaxtu[851] ca boroom kër ga, naan: "Ñi mujja ñëw, benn waxtu rekk lañu liggéey, ba noppi nga yemale léen ak nun, ñi yenu coonob bëccëg bi ak naaj wu metti wi." Waaye boroom kër ga ne kenn ci ñoom: "Sama waay tooñuma la. Ndax juboowunu woon ci benn denariyon? Kon fabal li nga moom te dem. Su ma bëggee fey ku mujja ñëw, li ma la fey yaw, ndax sañumaa def ak sama alal li ma neex? Walla ndax danga am kiñaan ci li ma yéwén?" Noonu ñi mujj ñooy jiituji, ñi jiitu ñooy mujj. »

### **114. Yeesu xamle na ñetteel bi yoon ne, dina dee, dekki** (Mc 20:17-19;

---

[847] **Mc 20:1 *jël ay liggéeykat***: Leebu bi dafa wax ca jamono ngóob ma, bu boroom tool soxlaa liggéeykat yu bare. Ñi wut liggéey daan na xaar ñu wut liggéeykat ya ca pénc ma. Lu ëpp ca ñoom su kenn mayu léen liggéey, seeni waa kër dinañu xiif. Ca jamono ngóob ma liggéey bi dafa tàmbale ci suba teel dem ba jant so.

[848] **Mc 20:2 *posetu denariyon***: Daan nañu léen fey ñi liggéey ca tool benn posetu xaalis ngir benn bëccëgu liggéey. Mu tollu daanaka benn fanu soxlay kër. Ñi liggéeyul bëccëg bépp dina xaar wàllu benn posetu xaalis rekk, lu doyul soxlay kër.

[849] **Mc 20:6 *lu tax ngeen yendoo tendeefal***: Tontu nañu: 'Kenn jëlu nu'. Bëgg nañu liggéey waaye kenn bëggula jël léen, maanaam kenn bëggul ñu liggéeyal léen. Mooy ñi yelloowuñoo liggéey.

[850] **Mc 20:8 *fey leen***: Bépp bés daan nañu fey ñi liggéey ca ngoon bala jant so ca kaw yoonu Musaa, ngir ñu baña xiif (Lev 19:13; De 24:15).

[851] **Mc 20:11 *ñu tàmbalee ñaxtu***: Ñaxtu ca kenn ki nga soxla, ku la gëna màgg, ku la ëpp, ku nekk sa boroom liggéey lu ñaaw la. Dañuy xalaat ne boroom kër dafa siis ndaxte mayu leen lu ëpp li mu feyoon ñi mujja ñëw. Fekk na ne li mu leen feyoon, lu jub la, mooy li seen liggéey yelloo woon. Ci dëgg-dëgg ñaxtu nañu ndaxte boroom kër dafa yéwén. Fey na ñi mujja ñëw lu ëpp li ñu yelloo woon.

Mk 10:32-34; Lu 18:31-34)

Mk Gannaaw loolu ñu ànd jëm Yerusalem, Yeesu jiitu; taalibe yi am njàqare, te ñi ci topp tiit. Noonu Yeesu woowaat fukk ak ñaar ña cig wet, xamal léen li nara xew ci mbiram. Mu ne léen: Lu « Nu ngi dem Yerusalem, te li yonent yi bindoon lépp[852] ci mbirum Doomu nit ki[853] dina mat. Mc Dees na jébbal Doomu nit ki sarxalkat yu mag ya ak xutbakat ya. Dinañu ko àtte, teg ko dee, jébbal ko ñi dul Yawut[854], ngir ñu di ko ñaawal, Mk di tifli ci kawam, Mc te di ko dóor ay yar, ba noppi daaj ko ci bant. Waaye ca ñetteelu fan ba dina dekki. » Lu Waaye taalibe ya dégguñu li mu léen doon wax; kàddu yooyu ump na léen, te xamuñu li waxi Yeesu yooyu tekki.

**115. Yeesu yeddaat na Saag ak Yowaana** (Mc 20:20-28; Mk 10:35-45)

Mc Ci kaw loolu, Mk Saag ak Yowaana[855], Mc doomi Sebede ya ànd ak seen ndey[856], ñëw ci Yeesu. Ndey ja sukk, di ko ñaansi lenn. Mk Ñu ne ko: « Kilifa gi, danoo bëggoon nga may nu li nu lay ñaan. » Yeesu ne léen: « Lu ngeen bëggoon, ma may leen ko? » Mc Mu ne ko: « Damaa bëggoon

---

[852] **Lu 18:33 *Li yonent yi bindoon***: Yonent yu jiitu Yeesu bind nañu ci coono bi Almasi nara daje ci Ps 22:7,8; Isa 50:6; 52:13–53:12; Da 9:26; Mic 5:1; Zec 12:10; 13:7.

[853] **Mc 20:18; Mk 10:33; Lu 18:31 *Doomu nit ki***: Seetal leeral 121 (Yow 1:51, wàll 22, page 58).

[854] **Mc 20:19; Mk 10:33; Lu 18:33 *Dinañu ko àtte, teg ko dee, jébbal ko ñi dul Yawut***: Ci suufu nguuru Room Yawut ya amuñu woon sañ-sañ ngir àtte nit ñi, teg ko dee. Moo tax fàww jébbal ku ñu àtte dee ñi dul Yawut.

[855] **Mk 10:35 *Saag ak Yowaana***: Ñaar ci ñetti taalibe yi gëna jege Yeesu. Seetal leeral 175 ak 176 (Mc 4:21, wàll 32).

[856] **Mc 20:20 *ànd ak seen ndey***: Salome la tudd, mooy soxnas Sebede. Bokkoon na ca jigéen ñi jóge woon Galile, ànd ak Yeesu, di ko topptoo. Bi ñu daajoon Yeesu ca bant ba, amoon na fa it ay jigéen yu bare yu léen dànd, di seetaan, te ñu tudd ñett ci ñoom ci téerey Mace, Mark ak Yowaana. Ci Macë ñetteelu jigéen ji mooy ndeyu doomi Sebede ya (Mc 27:56). Ci Mark mooy Salome (Mk 15:40). Te ci Yowaana ñetteelu jigéen ji mooy doomu ndeyu Yeesu ju jigéen (Yow 19:25). Naka noonu Maryaama, ndeyu Yeesu ak Salome, ndeyu Saag ak Yowaana bokkoon nañu ndey. Salome bokkoon ca jigéen ñi demoon ca bàmmeelu Yeesu ngir xeeñal néewu Yeesu (Mk 16:1).
Ndegam Salome mooy ndeyu Yeesu, xëyna loolu moo tax ñeme na laaj Yeesu ay doomam toog ca ay wetam ca nguuram. Ci aada Yawut ya, jigéen ju mag mana wax lu ñeneen ñemewul wax ba jot li mu bëgg. Jigéen ya daan nañu dem ca boroom doole ya di ñaan ñu may seen doom dara ni Batseba ku demoon ca Buur Daawuda (1Ki 1:15-21).

nga santaane ne, boo nekkee ci sa nguur[857], Mk [ba] soloo sa ndam, Mc sama ñaari doom ñii toog ak yaw, kenn ci sa ndijoor, ki ci des ci sa càmmoñ[858]. » Mk Waaye Yeesu ne léen: « Xamuleen li ngeen di ñaan. Ndax man ngeena naan kaasu naqar, bi may naan? Ndax man ngeena sóobu ci metit, yi ma nara sóobu? » Ñu ne ko: « Waaw, man nanu ko. » Noonu Yeesu ne léen: « Dingeen naan kaasu naqar[859], bi may naan, tey sóobu ci metit, yi ma nara sóobu, waaye toog ci sama ndijoor mbaa sama càmmoñ, du man maa koy maye, Mc waaye sama Baay moo koy may ñi mu ko waajal. Mk Ñi ñu ko waajal rekk a ko yelloo. »

Bi nga xamee ne fukki taalibe ya ca des dégg nañu loolu, ñu daldi mere Saag ak Yowaana. Waaye Yeesu woo léen naan: « Xam ngeen ne ci xeeti àddina, ñi ñu teg njiit dañu léen di dóor yetu nguur, te kilifa yi di léen not. Buleen mel ni ñooñu. Waaye ku bëgga nekk kilifa ci yéen, na nekk seen surga, te ku bëgga nekk njiit, na nekk seen jaam. Ndaxte noonu la Doomu nit ki ñëwe sax, du ngir ñu nekk ay surgaam, waaye ngir muy seen surga, ba joxe bakkanam ngir njotug ñu bare. »

## **116. Yeesu faj na ku gumba** (Mc 20:30-34; Lu 18:35-43)

*Anam yi: Luug dafay wax ci genn gumba gu Yeesu dajeeloon bi muy dugg Yeriko. Màrk dafay wax ci genn gumba gu ñu dajeel bi ñuy génn Yeriko. Macë dafa leen di boole wax ci ñaari gumba ca yoonu Yeriko. Naka noonu amoon na ñaari gumba. Benn bi Yeesu fajoon bi muy dugg Yeriko. Beneen bi déggoon na li Yeesu defoon ba tax mu topp ci pexe geneen gumba ga, bi Yeesu génnee Yeriko. Loolu moo tax ñaari nettali yi niroo.*

Lu Bi Yeesu di agsi dëkku Yeriko[860], am gumba gu toogoon ca wetu yoon wa, di yelwaan. Naka la gumba ga dégg mbooloo di jàll, mu laaj lan moo

---

857 **Mc 20:21; Mk 10:37 *boo nekkee ci sa nguur***: Ba tey, ñi ànd ak Yeesu xalaat ne Yeesu dina jot nguuru Daawuda ca jamonoom, xëyna sax bi mu agsee Yerusalem, te musal Israyil ca kàttanu Room. Waaye Yeesu xamoon na ne ndamu nguuram du feeñ ba mujug jamono. te fàww mu jaar ca naqar ak dee bala mu am.

858 **Mc 20:21 *kenn ci sa ndijoor, ki ci des ci sa càmmoñ***: Toogu gu gëna yiwi mooy gi ca ndijoor, ba noppi gu ci topp mooy gi ca càmmoñ. Ñooy toogu yu wone sañ-sañ ak maana, tooguy ñu sës rekk ci moom buur.

859 **Mc 20:23 *Dingeen naan kaasu naqar***: Saag, Erodd Agaripa I moo ko rey ak jaasi (Jëf 12:1-2) ca 44 g.K. ndax ngëmam. Yowaana moom, fitnaal nañu ko ndax ngëmam. Ci suufu Buuru Room Sesaar Domikan fuñ nañu ko ca dunu Patmos (Pe 1:9).

860 **Lu 18:35 *Yeriko***: Seetal leeral 627 (Lu 10:30, wàll 86, page 195).

xew. Ñu wax ko ne: « Yeesum Nasaret moo fay jaar. » Noonu mu yuuxu ne: « Yeesu, Sëtu Daawuda[861], yërëm ma! » Ñi jiitu woon gëdd ko, ngir mu noppi. Waaye muy gëna yuuxu naan: « Sëtu Daawuda, yërëm ma! » Noonu Yeesu taxaw, santaane ñu indil ko ko. Bi mu jegesee, Yeesu laaj ko ne: « Loo bëggoon ma defal la ko? » Mu ne ko: « Sang bi, damaa bëgga gis. » Noonu Yeesu ne ko: « Na say bët gis! Sa ngëm faj na la. » Ca saa sa mu daldi gis. Noonu mu topp ci Yeesu, di màggal Yàlla. Mbooloo mépp gis loolu, di sant Yàlla.

### **117. Yeesu dugg na ca kër Sase** (Mk 10:46a; Lu 19:1-10)

[Mk] Bi loolu wéyee ñu agsi ca dëkku Yeriko. [Lu] Yeesu dugg na Yeriko, jaar ca dëkk ba, di dem. Waaye amoon na fa waa ju ñuy wax Sase. Njiitu juutikat[862] la, te di ku bare alal. Bëgg na gis kan mooy Yeesu, waaye dafa gàtt lool, ba manu koo gis ndax mbooloo ma. Noonu mu daw, jiituji ca yoon wa, yéeg ci genn garab[863] ngir gis Yeesu, ndaxte foofa la naroona jaar. Bi Yeesu dikkee ba tollook garab ga nag, mu téen ne ko: « Sase, wàccal gaaw, ndax tey sa kër laa wara dal[864]. » Sase daldi gaawantu wàcc, ganale ko ak mbég. Ñépp gis loolu, di ñurum-ñurumi naan: « Mi ngi dal cig këru boroom bàkkaar. » Waaye Sase taxaw ne[865] Boroom bi: « Déglul Boroom bi, dogu naa may sama genn-wàllu alal miskin yi, te lu ma masa

---

[861] **Mc 20:31; Lu 18:39 *sëtu Daawuda***: Seetal leeral 13 (Mc 1:1, wàll 3, page 15).

[862] **Lu 19:2 *njiitu juutikat***: Ca gox bu nekk nguur ga daan na jaay sañ-sañu laaj juuti ak galag. Ku ñu ko jaay, njiitu juutikat la. Moom mu fey nguur ga lépp lu jiitu ba noppi dem wut xaalis bi ca waa gox ba. Naka noonu boroom alal rekk moo ci bokkoon. Moom mu fekk juutikat ya ko liggéeyal yu dem nangu juuti ak galag ca waa réew ma. Seetal leeral 90 (Lu 3:12, wàll 16, page 47) ngir gëna xam ca juutikat ya.
Ndegam Yeriko mooy benn ci bunt ngir dugg réewu Yude, foofu lañu feyoon juuti ak galag. Bokkoon na ca dëkk yu gëna woomle ca réew ma ca jamono Yeesu. Tamit boroom alal ya daan nañu tànn dëkk fa ndax klimaa ba. Naka noonu, alal yu bare lool la juutikat ya dajale ca Yeriko ngir nguuru Room.

[863] **Lu 19:4 *mu daw, yéeg ci genn garab***: Ci Palestiin mag du daw te du yéeg ci garab. Def ko gàcce la. Te gàcce mooy li boroom maana ya gëna ragal.

[864] **Lu 19:5 *sa kër laa wara dal***: Soo nangoo dugg ci këru nit, yaa ngi nangu nit ka. Farisen ya duñu nangoo dugg ca këru juutikat walla lekkandook moom mukk.

[865] **Lu 19:8 *ne***: Li nit dig ci kanamu mbooloo ma, fàww mu amal ko. Lu dul loolu, gàcce gu rey la.

njublaŋ[866] nit, jël alalam, dinaa ko fey ñeenti yoon lu ni tollu[867]. » Yeesu ne ko: « Mucc gi wàcc na tey ci kër gii, ndaxte nit kii, ci askanu Ibraayma la bokk[868] itam. Ndaxte Doomu nit ki[869] ñëw na, ngir seet te musal ñi réer. »

### 118. Léebu surga, ya buur bi dénk xaalisam (Lu 19:11-27)

Lu Bi nit ñi doon déglu kàddu yooyu, Yeesu teg ca léeb, ndaxte jege woon na Yerusalem, te ñoom foogoon nañu ne nguuru Yàlla dafay daldi feeñ ca saa sa[870]. Mu ne nag: « Dafa amoon boroom juddu bu rafet bu demoon ci réew mu sore[871], ngir ñu fal ko buur te mu délsiwaat. Noonu mu woo fukk ci ay surgaam, jox ku nekk benn libidoor[872], ne léen: "Liggéeyleen ci, ba may ñibsi." Waaye waa réewam bëgguñu ko. Noonu ñu yónni ndaw[873] ci gannaawam ne: "Bëggunu nit kii yilif nu."

---

[866] **Lu 19:8 *lu ma masa njublaŋ nit***: Ndegam mu nangu fey ñeenti yoon lu ni tollu, te jox gëna wàllu alalam miskin yi, mënu ko def lu dul ñi mu naxoon barewuñu noonu.

[867] **Lu 19:8 *dinaa ko fey ñeenti yoon***: Sase wees na li yoon santoon mu wara delloo ngir dabu. Ku njublaŋ moroomam ba noppi nangu tooñam di dabu wara delloo alal ja, dolli ci juróomeelu céru njég ga rekk (Le 6:2-5; Nu 5:7). Yoonu Musaa moo santoon ne ku sàcc nag mbaa gàtt, na feye nag wi juróomi nag, mbaa gàtt bi ñeenti gàtt (Ex 22:1). Su ñu ko fekk ci loxoom, walla mu sàcc xaalis mbaa alal mu fey ñaaram rekk (Ex 22:4,7). Yoonu nguuru Room santoon na ne ku tooñ delloo ñeenti yoon.

[868] **Lu 19:9 *ci askanu Ibraayma la bokk***: Maanaam mu cosaanoo ci xeetu Yawut, te mu bokk ca Ibraayma ndax ngëmam (Ro 4:12; Ga 3:7).

[869] **Lu 19:10 *doomu nit ki***: Seetal leeral 121 (Yow 1:51, wàll 22, page 58).

[870] **Lu 19:11 *foogoon nañu ne nguuru Yàlla dafay daldi feeñ***: Amoon na ñi foogoon ne Yeesu daldi dem Yerusalem ngir jot nguuram. Yawut ya foogoon nañu ne nguuru Yàlla mooy lenn lu am ci àddina si te Yerusalem mooy péeyam. Yeesu xamoon na ne dina jaar ci dee génn àddina si bala mu jot nguuram.

[871] **Lu 19:12 *demoon ci réew mu sore ngir ñu fal ko buur***: Yude Room moo ko yilifoon. Léebu bi dina fàttaliku ñi ko déggoon ne Erodd bu mag ba, te gannaawam Arkelawus, soxla nañu woon dem dëkku Room laata ñu mënoon nguuru ci Yude.

[872] **Lu 19:13 *benn libidoor***: Xaalis la woon, te mina la tudd. Poset bi waa Gereg ñi defare ci xaalis. Dayoom tollu na daanaka ak 100 daraxma, maanaam peyug ku liggéey daanaka 3 weer ci tool.

[873] **Lu 19:14 *ñu yónni ndaw***: Arkelawus demoon na Room ca Sesaar ngir ñaan mu may ko Yude. Bi mu demee amoon na 50 Yawut yi demoon Room itam ngir juuyoo ak moom, ñaan Sesaar mu bañ ko. Sesaar may na ko, mu yilif réew ma. Waaye Arkelawus deful lu baax ba ay at ci gannaaw Sesaar folli na ko, wuutu ko ak jenn jawriñu Room.

« Bi ñu ko falee buur nag, ba mu délsi, mu woolu surga, ya mu joxoon wurus wa, ngir xam nan lañu ci liggéeye. Ku jëkk ka ñëw ne ko: “Sang bi, sa libidoor bii jur na fukki libidoor.” Buur ba ne ko: “Def nga lu baax, surga bu baax nga. Segam wone nga ne takku nga ci lu tuuti, falul ci fukki dëkk.” Surga ba ca topp ñëw ne: “Sang bi, sa libidoor ba indi na juróomi libidoor.” Buur ba ne ko: “Yaw, falul ci juróomi dëkk.” Keneen ñëw ne: “Sang bi, sa libidoor baa ngi nii. Dama koo fasoon ci sekkit[874], denc ko. Dama laa ragaloon, ndaxte ku néeg nga. Dangay nangu loo dénkaanewul, di dajale loo jiwul.” Buur ba ne ko: “Ci say wax laa lay àtte, surga bu bon bi! Xamoon nga ne, nit ku néeg laa, di nangu lu ma dénkaanewul, te dajale lu ma jiwul. Lu tax nag yóbbuwoo sama xaalis ca denckati xaalis[875] ya? Bés bu ma ñëwee nag, ma mana jot sama xaalis ak la mu jur.”

« Ci kaw loolu mu ne ña taxawoon ca wetam: “Nanguleen libidoor bi ci moom, jox ko boroom fukki libidoor yi.” Ñu ne ko: “Sang bi, am na fukki libidoor ba noppi.” Buur ba ne léen: “Maa ngi leen koy wax, ku am, dinañu la dolli, waaye ku amul, li nga am as néew sax, dinañu ko nangu. Waaye sama noon yi, ñi bëggul woon ma doon seen buur, indileen fii, rey léen ci sama kanam[876].” »

**119. Yeesu faj na keneen ku gumba** (Mc 20:29-34; Mk 10:46b-52; Lu 19:28)

[Lu] Bi mu waxee loolu ba noppi, Yeesu dafa daldi jiitu, jëm Yerusalem. [Mk] Bi [Mc] Yeesu génn Yeriko, [Mk] ànd ak taalibe ya ak mbooloo mu xawa bare, am gumba gu tudd Bartime — liy tekki « doomu Time », toog ci wetu yoon wi, di yelwaan. Noonu mu dégg ne, Yeesum Nasaret moo fay romb; mu daldi yuuxu naan: « Yërëm ma, yaw Sëtu Daawuda bi[877]! » Ci kaw loolu ñu bare gëdd ko, ngir mu noppi. Teewul mu gëna yuuxu naan: « Yaw Sëtu Daawuda bi, yërëm ma! » Noonu Yeesu taxaw, daldi ne: « Wooleen ko! » Ñu woo nag gumba gi ne ko: « Na sa xel dal! Jógal! Mu

---

[874] **Lu 19:20 *fasoon ci sekkit***: Xudbakat ya daan nañu jàng ne denc xaalis ci sekkit lu dof la, lu teeyadi, wóorul dara. Suul ko moo gën sax.

[875] **Lu 19:23 *denckati xaalis***: Denckatu xaalis, leblekat la. Ñu bare ci denckati xaalis, juutikat lañu woon, ndaxte amoon nañu xaalis. Li Yawut daan nañu fey nguuru Room, doole ci seen asaka, moo tax ñu bare amuñu woon xaalis li ñu soxla ngir def seen liggéey walla dund sax. Naka noonu dem nañu leb xaalis ci denckati xaalis, ñi doon teg seen wàll wu diis.

[876] **Lu 19:27 *rey léen ci sama kanam***: Ca jamono jooju buur ya daan nañu rey seeni noon bi ñu jotee seen nguur.

[877] **Mk 10:47 *sëtu Daawuda***: Seetal leeral 13 (Mc 1:1, wàll 3, page 15).

ngi lay woo. » Bi mu ko déggee, mu sànni malaanam, ne bërét, dem ci Yeesu. Yeesu ne ko: « Loo bëggoon ma defal la ko? » Gumba gi ne ko: « Kilifa gi, damaa bëgga gis. » Noonu [Mc] Yeesu yërëm [ko], laal bëtam. [Mk] [Mu] ne ko: « Demal ci jàmm. Sa ngëm faj na la. » Ci saa si gumba gi gis, daldi topp Yeesu ci yoon wi.

# VI Waxtu Yeesu jot na

# Saar 18. Ayu-bés bu mujj ba

## 120. Maryaama sotti na latkoloñ ci tànki Yeesu (Mc 26:6-13; Mk 14:3-9; Lu 22:1; Yow 11:55-12:11)

*Anam yi: Ci kaw li ma lim, Yeesu egg na Betani àjjuma 27 mars AD 33. Ñoom ñi ñëwoon seetsi ko ñëw nañu samdi.*

Lu Màggalu Mburu ya amul lawiir[878], te ñu di ko wax: Yow bésu Mucc[879] baa ngi doon jubsi, mu doonoon ag màggal ci Yawut yi, ba ñu bare ca waa àll ba di dem Yerusalem balaa booba, ngir sanguji set[880]. Ñu ngi doon wut Yeesu tey waxante ca kër Yàlla ga naan: « Lu ngeen ci xam? Ndax dina ñëw ci màggal gi walla déet? » Sarxalkat yu mag ya[881] ak Farisen ya[882] daldi santaane ne, bu kenn xamee fu Yeesu nekk, mu yégle ko, ngir ñu man koo jàpp.

Juróom benni fan laata ñuy màggal bésu Mucc ba[883], Yeesu dem na Betani[884], dëkku Lasaar[885], mi mu dekkal. Foofa ñu defaral ko fa reer Mc ca kër Simoŋ ma gaana woon[886]. Yow Màrt[887] moo ko doon séddale, te Lasaar

---

[878] **Lu 22:1 *màggalu Mburu ma amul lawiir***: Seetal leeral 69 (Lu 2:41, wàll 15, page 39).

[879] **Lu 22:1; Yow 11:55 *bésu Mucc ba***: Seetal leeral 69 (Lu 2:41, wàll 15, page 39).

[880] **Yow 11:55 *sanguji set***: Ku ànd ak sobe mënul bokk ci màggalu bésub Mucc ba (Nu 9:10-14). Foog nañu ne ñépp ña aji taq nañu sobe ndax bàmmeel ya dul gis ca yoon. Naka noonu waa aj ya daan nañu agsi lu ëpp benn ayu-bés lu jiitu, ndax ayu-bés la seen setlu soxla laata ñu mana bokk ca màggal ga. Ñu wara sangoo ndox mu balle ci bëtu ndox ca bésub ñetteel ba ak bésub juróom ñaareel ba ngir sellalu, doora set (Nu 19:11-13).

[881] **Yow 11:57 *sarxalkat yu mag ya***: Seetal leeral 56 (Mc 2:4, wàll 12, page 36).

[882] **Yow 11:57 *Farisen ya***: Seetal leeral 87 (Mc 3:7, wàll 16, page 46).

[883] **Yow 12:1 *juróom benni fan laata ñuy màggalu bésu Mucc ba***: Mooy Samdi gannaaw jant so.

[884] **Mc 26:6; Mk 14:3; Yow 12:1 *Betani***: Seetal leeral 635 (Lu 10:38, wàll 87, page 197).

[885] **Yow 12:1 *Lasaar***: Xaritu Yeesu la woon, mi Yeesu dekkaloon (Yow 11:1-44).

[886] **Mc 26:6; Mk 14:3 *Simoŋ ma gaana woon***: Xamuñu kan la doon, te Injiil waxul ne bokkoon na ca xew ma. Dafa wax rekk ca këram la nekk. Su bokkee mënula am mu am ngaana, ndaxte yoonu Musaa tere na ñu nekk ci biir nit ñi. Xëyna mos naa am, te Yeesu wéral na ko. Ndegam Màrt mooy séddale ci këram, Màrt mbokkam la. Naka noonu man naa nekk, Simoŋ mooy baayam, walla jëkkëram sax. Waaye xamuñu dara lu wóor.

[887] **Yow 12:2 *Màrt***: Jigéenu Lasaar te xaritu Yeesu la woon.

bokkoon na ca gan ña. Noonu Maryaama[888] Mc ñëw ci moom, yor njaq lu ñu yette doj wu ñuy wax albaatar[889]. Mk Njaq li def Yow liibaru Mk latkoloñ ju raxul ju ñuy wax nàrd[890], tey jar lu baree bare. Mc Noonu bi Yeesu toogee di lekk[891], Mk jigéen ji toj njaq li, tuur latkoloñ ci boppu Yeesu, Yow sotti ko ci tànki Yeesu, ba noppi fomp ko ak kawaram[892]. Xetu latkoloñ gi gilli ci kër gi yépp.

Mc Waaye bi ko taalibe ya gisee, Mk amoon na fa ñu mer, di xultu ci seen biir naan: « Yàq gii, lu muy jariñ? » Yow Kenn ca taalibey Yeesu ya, muy Yudaa Iskariyo, mi ko nara wor, daldi ne: « Lu tax jaayewuñu latkoloñ jii peyu atum lëmm, jox ko miskin yi? » Waaye bi muy wax loolu, xalaatul woon miskin yi, ndaxte sàcc la woon; moo yoroon boyetu xaalis bi, te daan ci sàkk. Mk Noonu ñu daldi gëdd jigéen ji.

Mc Yeesu nag xam la ñu wax, mu ne léen: Mk « Bàyyileen ko. Mc Jigéen ji defal na ma jëf ju rafet; lu tax ngeen di ko sonal? Yow Jekkoon na mu denc ko ngir bés bu ñu may suul. Mk Miskin yaa ngi ak yéen bés bu nekk, te man ngeen léena dimbali saa su leen neexee, waaye dungeen ma gis ba fàww. Jigéen ji def na li mu man; Mc ci li mu tuur latkoloñ jii ci sama yaram, def na ko ngir waajal sama rob, Mk laata moo jot. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, fépp fu ñuy yéene xibaaru jàmm bi ci àddina sépp, dinañu fa fàttali it li jigéen jii def. »

Yow Bi ñu yégee ne Yeesoo nga fa, mbooloom Yawut mu bare daldi dem Betani. Yeesu rekk yóbbuwu léen fa woon, waaye dañoo bëggoona gisaale Lasaar, mi Yeesu dekkaloon. Sarxalkat yu mag ya dogu ci ne dañuy

---

[888] **Yow 12:3 *Maryaama***: Jigéenu Lasaar te xaritu Yeesu la woon.

[889] **Mc 26:7; Mk 14:3 *njaq lu ñu yette doj wu ñuy wax albaatar***: Albaatar, xeer wu weex ni kew la, te rafet. Daan nañu ci yett ay njaq yu am baat bu gudd ngir denc latkoloñ. Taxawaayam, lu tollu 12 ba 23 cm la.

[890] **Mc 26:7; Mk 14:3; Yow 12:3 *latkoloñ ju raxul ju ñuy wax nàrd***: Nàrd, diwlin ju ñu génne ci reenu gàncax guy boroom xam-xam ya tudd Nardostakis jatamansi (*Nardostachys jatamansi*). Dafay sax ci tundi Imalaya (*l'Himalaya*). Ca End la doon jóge. Mooy latkoloñ ju gëna jafe ci àddina si ca jamono jooju. Daawuñu tuur latkoloñ ca boppu gan, waaye daan nañu ko def ca néew bu ñu waajal rob.

[891] **Mc 26:7 *toogee di lekk***: Ci wépp xeet lekk am na solo ngir feddali bokk. Yawut ya daan na topp aada Room ci seeni bernde. Gan yi sóonu nañu ca seeni concol càmmooñ ca i lal, yi wër ab lekkukaay, bopp féete taabal bi, tànk féete gannaaw.

[892] **Yow 12:3 *fomp ko ak kawaram***: Jigéen ju tedd day musóoru, du watu, du wàññee kawaram. Ci biir këram sax du def boppu neen. Naka noonu dindi musóoram, te bàyyi kawaram wadd rawatina ci biir góor ñi ngir fomp tànki Yeesu lu réy la ba tax nit ñi yéemu te jàq.

reyaale Lasaar, ndaxte moo waral Yawut yu bare dëddu léen, gëm Yeesu.

### **121. Yeesu dugg na Yerusalem** (Mc 21:1-11; Mk 11:1-11; Lu 19:29-44; Yow 12:12-19)

*Anam yi: Dimaas ci ngoon la Yeesu dugg Yerusalem, dem këru Yàlla ga ba noppi ñibbi Betani.*

Yow Ca ëllëg sa, Mc Yeesu ak taalibe ya jege woon nañu Yerusalem, ba agsi dëkku Betfase[893] ci wetu tundu Oliw ya[894]. Noonu Yeesu yebal ñaari taalibe, ne léen: « Demleen ci dëkk bi ci seen kanam. Bu ngeen eggee, dingeen gis mbaam mu ñu yeew ak cumburam[895]; yiwileen léen, indil ma léen. Mk Bu leen kenn nee: “Lu ngeen di def?” neleen ko: Mc “Boroom bi da léena soxla, Mk te léegi mu delloosi [léen]. Mc Kon ca saa sa dina léen bàyyi, ñu dem. »

Lu Ñaari ndaw ya dem, fekk mbir ya deme, na léen ko Yeesu waxe woon. Mk Taalibe ya dem nag, Mc def loolu léen Yeesu sant, Mk ñu gis cumbur ga ci mbedd mi, mu yeewe cib buntu kër. Lu Bi ñuy yiwi cumbur ga nag, ay boroomam Mk ca ña fa taxaw, ñu ne léen: « Lu ngeen nar, bay yiwi cumbur gi? » Taalibe yi wax léen, ni léen Yeesu digale woon Lu ne: « Ndaxte

---

[893] **Mc 21:1; Mk 11:1; Lu 19:29 *dëkku Betfase***: Benn dëkk bu ndaw la woon, ci tundu Oliw ya ci penkoom ci yoonu Yeriko. Sorewul Betani. Dafa sore Yerusalem lu tollu li ñu may nit ñi dox ci bésub noflaay, maanaam matul sax ñaari kilomet. Naka noonu bokkoon na ca dëkk ya ajikat ya fanaanoon ci, bi ñu ñëwi Yerusalem ngir màggal ya.

[894] **Mc 21:1; Mk 11:1; Lu 19:29 *tundu Oliw ya***: Wenn tund yu dem ñetti kilomet nor ba sudd, féete lu matul benn kilomet ci penkub Yerusalem. Am na ñetti njobbaxtal, gu nekk am taxawaayu daanaka 800 meetar. Dafa tiim Yerusalem te jàkkaarloo ak këru Yàlla ga. Xuru Sedoron moo nekk ci seen diggante. Dafa sëq ak ay garabi oliw, moo tax mu am turam. Foofa la Boroom bi Yeesu daan farala wéet ak Yàlla. Soo nekkee ca kaw tundu Oliw ya man nga séen ba ca géeju Xorom ga ca penkoom.
Ca bésub Boroom bi ca jamono ju mujj ja, tundu Oliw dina xar ca digg ba, nekk ñaari tund (Zec 14:1-9). (prepare a map)

[895] **Mc 21:2; Mk 11:7; Lu 19:35; Yow 12:14 *mbaam ma ak cumbur ga***: Bi cumbur gu kenn masula war tàmbalee liggéey, dafay ànd ak yaayam. Ajikat ya daan nañu dox tànk ngir dugg Yerusalem ngir màggal ya. Ci xalaatinu diine Yawut, mala wu maseesu takk, walla war, lu gëna sell la ngir jëfi diine. Ci yeneen jamono Yàlla mos naa sant Bànni Israyil, ñu jëfandikoo nag wu xonq wu maseesu ko takk bi ñu setlu gannaaw ga ñu laal ab néew (Nu 19:2; De 21:3). Buur bu dugg ab dëkk ndax xare, fas la war. Bu duggee ci jàmm, mbaam la war. Bi Daawuda faloon doomam Suleymaan buur, waral na ko ci mbaam (1Ki 1:32-40). Gis nañu yeneen njiit yi doon war mbaam itam (Jud 10:4; 12:14; 2Sa 13:29; 16:2; 17:23; 18:9; 19:26).

Boroom bi da koo soxla. » Mk [Kon] nit ñi bàyyi léen, ñu dem. Yow Noonu ñu indil Mc mbaam ma, moom ak cumbur ga, Yow Yeesu, Mk daldi lal ci seeni yére, mu toog ci.

Yow [Te] mbooloo mu bare, ma ñëwoon ca màggalu bésu Mucc ba[896], yég ne Yeesoo ngi jëmsi Yerusalem. Ñu daldi génn di ko teeru. Lu Bi muy dem, Mc ña ëpp ca mbooloo ma lal seeni yére[897] ca yoon wa, ñenn ña dagg ay cari garab[898] Mk ci tool yi, Mc lal léen it ca yoon wa. Lu Bi ñu agsee fa mbartalum tundu Oliw ya doore[899], taalibeem yépp fees ak mbég, tàmbalee màggal Yàlla ca kaw ndax kéemaan yu bare yi ñu gis. Mc Mbooloom ña ko jiitu ak ña ko topp ñépp di wax ca kaw naan: « Osaana[900], yaw Sëtu Daawuda bi[901]! Lu Yaw buur biy ñëw ci turu Boroom bi, ku barkeel nga![902] Na jàmm am ca asamaan, te ndam li féete ca bérab yu gëna kawe! Yow Na Yàlla barkeel buuru Israyil! Mk Nguuru sunu maam Daawuda giy ñëw dina barkeel! Ca bérab yu gëna kawe, nañu ne: “Osaana!” »

Yow Yeesu wut cumbur, war ko, Mc ngir la ñu waxoon jaarale ko cib yonent[903] am, bi mu naan: « Waxal waa Siyoŋ: Yow “Buleen ragal. Gis

---

[896] **Yow 12:12 *mbooloo mu bare, ma ñëwoon ca màggalu bésu Mucc ba***: Ay téeméeri junni nit ba sax ay milyoŋ nit daan nañu ñëw Yerusalem ngir màggalu bésub Mucc ba. Xumboon na lool. Yoon wa feesoon na dell ay Ajikat ya jóge Yeriko. Ñu bare ca ñoom ñoo doon waa Galile ñi gisoon kéemaan yi Yeesu defoon.

[897] **Mc 21:8; Mk 11:8; Lu 19:36 *lal seeni yére ca yoon wa***: Daan nañu lal yére ya ngir teral buur. Gis nañu ci kàddug Yàlla fu Israyil laloon seen yére bi ñu teraloon Yewu, fal ko buur (2Ki 9:12-13).

[898] **Mc 21:8; Mk 11:8; Yow 12:13 *lal cari garab ca yoon wa***: Garab ga, ron la woon. Gannaaw jamono Makabe cari garabu ron moo doon misaale ni ñu fonke seen réew. Te ci biir waa Room ak Gereg ya moo misaale ndam.

[899] **Lu 19:37 *fa mbartalum tundu Oliw ya doore***: Mooy njobbaxtal ga. Fi nga jëkka séen Yerusalem, ak këru Yàlla ga ca beneen boru xur wa.

[900] **Mc 21:9; Mk 11:9; Yow 12:13 *Osaana***: Mooy tekki: ‘Yàlla musal nu!’ di mujja nekk baatu màggal Yàlla. Ca aaya Ps 118:25 la jóge.

[901] **Mc 21:9; Mk 11:10 *Sëtu Daawuda***: Seetal leeral 13 (Mc 1:1, wàll 3, page 15).

[902] **Mc 21:9; Mk 11:9; Lu 19:38; Yow 12:13 *Yaw buur biy ñëw ci turu Boroom bi, ku barkeel nga!***: Daan nañu nuyu ajikat ya ñëwi màggal ak Ps 118:26 – Yal na Yàlla barkeel ki dikke turam – bi ñu agsi kër Yàlla ga. Daan nañu tari Sabóor 113 ba 118 ca màggalu bésu Mucc ga.

[903] **Mc 21:4-5; Yow 12:14-16 *waxu yonent yi***: Dafa jukki ci Zec 9:9 buy wax ci Almasi bi Yàlla nara yónni. Yeesu dafa yëgle ne moom mooy Almasi bi, bi mu tane war mbaam ma. Tamit mu wone ne lan mooy Almasi bi. Mooy kenn ku ñëw ci jàmm, ku woyof la. Waaye kenn déggu ko, ay taalibeem sax, ndaxte séen nañu jàmbaari xare juy ñëw, musal léen

ngeen, [Mc] seen buur a ngi ñëw ci yéen; ku lewet la, te war mbaam-sëf, dig cumbur, doomu mbaam." » [Yow] Yooyu yépp, taalibe ya xamuñu woon ca saa sa lu muy tekki; waaye gannaaw bi ndamu Yeesu feeñee[904], ñu fàttaliku ne, Mbind mi yégle woon na loolu ci moom, te amal nañu ko.

Ña nekkoon ak Yeesu ñépp, bi muy wooyee Lasaar[905] mu génn ca bàmmeel ba te mu dekkal ko, demoon nañu, nettali la ñu gis. Looloo tax mbooloo ma teeru ko, ndaxte yégoon nañu firnde jooju.

[Lu] Waaye ay Farisen yu nekkoon ca mbooloo ma ne Yeesu: « Kilifa gi, yeddal sa taalibe yi! » Noonu mu ne: « Maa ngi leen koy wax, bu ñu noppee ñoom, doj yiy xaacu. »

Bi Yeesu jegee dëkk ba, ba séen ko, mu jooy ko naan: « Céy yaw itam, boo xamoon bésub tey yi la mana indil jàmm! Waaye fi mu ne manuloo koo gis. Bés dina ñëwi[906] yu say noon di jal, wërale la. Dinañu la tëj ci biir, tanc la. Dinañu la yàqate, yaw ak sa waa dëkk. Doj dootul des ci kaw doj ci yaw, ndaxte ràññeewoo jamono ji Yàlla ñëwe, wallusi la. »

[Mc] Bi nga xamee ne Yeesu dugg na Yerusalem, dëkk ba bépp yëngatu ne: « Kii moo di kan? » Mbooloo ma ne léen: « Kii moo di yonentu Yàlla Yeesu, bi jóge Nasaret ci Galile. » [Yow] Farisen yi nag di waxante naan: « Gis ngeen, manuleen ci dara; ñépp a ngi koy topp! »

[Mk] Noonu Yeesu dugg Yerusalem, dem kër Yàlla ga, xool lépp, ba noppi génn dem dëkku Betani, moom ak fukki taalibe ya ak ñaar, ndaxte dafa guddi[907].

## **122. Yeesu duggaat na Yerusalem** (Mc 21:12-19; Mk 11:12-19; Lu 19:45-46)

*Anam yi: Altine la Yeesu dugg Yerusalem dàq jaaykat yi ci kër Yàlla ga.*

---

ca nguuru Room. Tamit nguuru Room ràññewul li Yeesu defoon. Suñu ko defoon, ñu waroon koo jàpp. Xëyna ni ñu teraloon Yeesu niroo na ni ñu daan nuyoo Ajikat ya, te Yeesu dafa gaawa dugg Yerusalem moo tax nguuru Room ràññewul ko.

[904] **Yow 12:16 *ndamu Yeesu feeñee***: Mooy ndekkiteem.

[905] **Yow 12:17 *Lasaar***: Seetal leeral 885 (Yow 12:1, page 244, wàll 120).

[906] **Lu 19:43 *bés dina ñëwi***: Waa Room ñëw nañu gaw Yerusalem ba nangu ko atum tubaab 70 g.K.. Tas nañu dëkk ba lépp, miiram, ak kër Yàlla ga, lu dul wenn wàll ca sowu fu mu sampoon xareem. Rey nañu ay téeméeri junni nit – góor, jigéen, xale.

[907] **Mk 11:11 *dafa guddi***: Daan nañu tëj buntu dëkk ba bi jant sowee. Yerusalem amoon na miir. Naka noonu mënuloo génn dëkk ba, lu dul nga dem bala guddi.

Mk Bët set ñu génn Betani[908] Mc délsi ca dëkk ba, Mk fekk Yeesu xiif. Noonu mu séen fu sore garabu figg[909] gu sëq Mc ca yoon wa, Mk mu dem seeti, ndax am na ay doom. Waaye bi mu fa eggee, gisul lu dul ay xob, ndaxte jamonoy figg duggagul. Ci kaw loolu mu ne garab gi: « Dootuloo meññ mukk! » Taalibe yi dégg loolu mu wax. Mc Ca saa sa figg ga daldi wow.

Mk Bi ñu eggee Yerusalem, Yeesu dugg ci kër Yàlla gi, daldi dàq Mc ñépp Mk ñi fay jaay[910] ak ñi fay jënd. Mu daaneel taabali weccikatu xaalis[911] yi ak tooguy jaaykati pitax[912] yi, te mayul kenn, mu yóbbu am njaay[913] ci kër Yàlla gi. Mu di léen jàngal ne léen: « Ndax waxuñu ci Mbind mi[914]: "Dees

---

[908] **Mk 11:12 *Betani***: Seetal leeral 635 (Lu 10:38, wàll 87, page 197).

[909] **Mc 21:19; Mk 11:13 *garabu figg***: Garabu figg, ñaari yoon la ñorsi at bu nekk – benn ci muju weeru me walla suweŋ, maanaam ñaari weer gannaaw màggalu bésu Mucc ga, te beneen, mooy bu gëna am solo, ci weeru ut ba weeru oktoobar. Meññeefam dañuy sëqandook xobam. Soo gisee xob ya, war naa am doom yu ñorul. Su amul doom, du meññ at boobu. Daan nañu lekk léeg-léeg doom yu ñorul.

[910] **Mc 21:12; Mk 11:15; Lu 19:45 *ñi jaay kër Yàlla ga***: Ñu bare ca ña ñëwoon Yerusalem ñëw nañu ngir jébbal Yàlla ab sarax ca kër Yàlla ga. Yoonu Musaa tere na ñu sarax mala ya am sikk. Fal nañu ay nit, ñu àtte bépp mala bu jóge biti ngir feddali ne amul sikk. Naka noonu laata waa Israyil manoon nañoo jébbal Yàlla seeni sarax, fàww sarxalkat ya àtte ko, di seede ne amul sikk. Waaye bokki sarxalkat bu mag ba moomoon nañu daral fu ñu jaay gàtt ngir sarax ya, te ñoo fal itam ña àtte mala ya. Te ñu fekk sikk ca xaw na bépp gàtt bu ñu indi. Naka noonu nit ñi mënuñoo baña dem jëndi gàtt ca daralu sarxalkat ya fu ñu jaay gàtt ya ca njëg gu réy-a-réy.

[911] **Mc 21:12; Mk 11:15 *weccikatu xaalis***: Ñetti yoon at bu nekk ña man, waroon nañu ñëw Yerusalem ca kër Yàlla ga ngir bokk ca màggali diine Yawut yi – mooy Bésu Mucc ba, Pàntakot, ak Màggalu mbaar ya. Te at bu ne góor gu am 20 at jëm kaw waroon naa fey warugar ca kër Yàlla ga. Genn-wàllu xaalis bu tudd siikal moo doon seen warugar, moo tollu lu ñu feyoon liggéeykat buy liggéey benn fan ak genn-wàll. Ca jamono jooju diiwaan bu nekk amoon na xaalisu boppam. Lu ëpp ca xaalis yooyu amoon nañu nataalu buur Sesaar ca kawam. Ndegam nit ñi ñëwoon Yerusalem ca màggal ya jóge nañu ca réew yu bare, fànni xaalis yu bare amoon na ca Yerusalem. Waaye fàww ñu fey seen warugar ak xaalisu këru Yàlla ga, mooy siikal, bu amul woon nataal. Naka noonu soxla woon nañoo wecci seen xaalis. Weccikatu xaalis teg na ci tono bu réy.

[912] **Mc 21:12; Mk 11:15 *jaaykati pitax***: Saraxu mala bokkoon na màggal ya – rawatina xar. Su fekkee ne amuñu njégu xar, ñu waroona indi ñaari pitax mbaa ñaari xati, menn ci pitax ya wuutu xar ma. (Le 12:1-8)

[913] **Mk 11:16 *mayul kenn, mu yóbbu am njaay***: Daan nañu jaar ci ëttu kër Yàlla ga, ngir gàttal yoon diggante penkub dëkk ba ak tundu Oliw. Loolu moo wone ni ñu faalewul sellaayu kër Yàlla ga.

[914] **Mc 21:13; Mk 11:17; Lu 19:46 *wax ci Mbind mi***: 'Sama kër dinañu ko wooye këru ñaan ci Yàlla' dafa jukki ca Is 56:7. Ci Esayi saar 56 Yàlla digoon na ne ñu dul Yawut

na wooye sama kër këru ñaan ci Yàlla ngir xeet yépp." Waaye yéen def ngeen ko këru sàcc. »

Bi ko sarxalkat yu mag ya[915] ak xutbakat ya[916] déggee nag, ñu ragal ko, ndaxte mbooloo mépp dañoo waaru ci njàngleem. Noonu ñu seet pexem reylu ko.

[Mc] Noonu ay gumba ak ay lafañ ñëw ci moom ca kër Yàlla ga, mu faj léen. Bi nga xamee ne sarxalkat yu mag ya ak xutbakat ya gis nañu yëf yu doy waar ya mu def, te dégg xale yu ndaw[917] ya nekk ca kër Yàlla ga, di wax ci kaw naan: « Osaana, yaw Sëtu Daawuda bi![918] » ñu daldi mer. Noonu ñu ne Yeesu: « Ndax dégg nga li ñuy wax?[919] » Yeesu ne léen: « Waaw, dégg naa ko. Ndax masuleena jàng lii ci Mbind mi[920]: "Ci gémmiñu perantal ak ñiy nàmp sàkkal nga sa bopp ay cant"? » Bi Yeesu waxee loolu, mu bàyyi léen. [Mk] Bi timis jotee Yeesu ak taalibe yi génn dëkk bi, [Mc] jëm Betani, fanaan fa.

## **123. Garabu figg gi ñu rëbb** (Mc 21:20-22; Mk 11:20-26)

---

dinañu dugg kër Yàlla ga. 'Def ngeen ko këru sàcc' dafa jukki ca Jer 7:11 fu Yàlla yeddoon njiit ya ñi faalewul kër Yàlla ga bëggoon ko def rawtub sàcc. Liggéey ci kër Yàlla ga mënul léena aar ca àtteb Yàlla. Te kër Yàlla ga nekk fa du tere Yàlla tas ko, moom ak dëkk ba (Jer 7:1-14).
Li Yeesu defoon doyul yëngu-yëngu am ba xëcc alkaati kër Yàlla walla xarekati Room ñëw jàpp ko. Def na ko ci ruq ci biir mbooloo mu réy-a-réy, te yàggul fa, dem. Lu ëpp ca ña nekkoon fa nemmikuwuñu lu amoon. Bi Yeesu demoon dara terewul jaaykat dellusi, te weccikat ya defar taabal ya. Waaye ak jëf ji, Yeesu jànkoonte na ak njiiti Yawut ya ak seeni sañ-sañ. Bokkoon na ca lu tegoon Yeesu ca yoon wa jëmoon ca bant ba.

[915] **Mc 21:15; Mk 11:18 *sarxalkat yu mag ya***: Seetal leeral 56 (Mc 2:4, wàll 12, page 36).

[916] **Mc 21:15; Mk 11:18 *xutbakat ya***: Seetal leeral 57 (Mc 2:4, wàll 12, page 36).

[917] **Mc 21:15 *dégg xale yu ndaw***: Ci diine Yawut ji, xale bu góor bu am 13 at la nekk mag, maanaam nekk doomu kóllëreg Yàlla, te wara sàmm ay santaaneem, te gàddu seen bàkkaaru bopp. At bu jiitu at boobu, ñu tàmbali waajal seen bopp, di jàng, te wóor ci diirub benn fan. Naka noonu dinga gis xale yu góor yu bare yu am 12 at ca kër Yàlla ga ca màggalu bésub Mucc.

[918] **Mc 21:15 *Osaana, yaw Sëtu Daawuda bi***: Osaana mooy tekki: 'Yàlla musal nu!' di mujja nekk baatu màggal Yàlla. Ca aaya Ps 118:25 la jóge. Bokkoon na ca li xale yi jàngoon, te li ñu dégg ñépp di wax. Xëyna déggoon nañu ni mbooloo ma terale Yeesu bés bu jiitu ba, te léegi dañuy ko tari.

[919] **Mc 21:16 *Ndax dégg nga li ñuy wax***: Sarxalkat yu mag ya foogoon nañu ne Yeesu waroon na weddi li xale waxoon ci kaw.

[920] **Mc 21:16 *ci Mbind mi***: Jukki nañu ko ca Ps 8:2.

*Anam yi: Yeesu dellu na Yerusalem talaata di jàngale ca kër Yàlla ga.*

Mk Ci suba si, bi ñuy dem, ñu gis ne garabu figg gi dee na, ba wow koŋŋ. Noonu Piyeer fàttaliku li xewoon, ne Yeesu: « Kilifa gi, xoolal, figg gi nga rëbb dee na, ba wow! » Mc Bi nga xamee ne taalibe ya gis nañu loolu, ñu waaru naan: « Nan la figg gi daldi wowe ci taxawaay bi? » Mk Yeesu ne: « Gëmleen Yàlla. Mc Ci dëgg maa ngi leen koy wax, su ngeen gëmee te baña werante, dingeen def li ma def figg gi, rax-ca-dolli bu ngeen nee tund wale[921]: "Jógal[922] tàbbi ca géej ga," Mk te nga gëm ne loolu dina am, bañ cee boole xel ñaar, kon sa ñaan nangu. Moo tax maa ngi leen koy wax, bu ngeen di ñaan Yàlla, lépp lu ngeen ko mana laaj, gëmleen ne jot ngeen ko, te dingeen ko am. Te it bu ngeen di ñaan, fekk ngeen jàppal kenn dara, baal-leen ko, ngir seen Baay bi ci kaw baal leen seeni tooñ, yéen itam. »

**124. Sañ-sañu Yeesu** (Mc 21:23-27; Mk 11:27-33; Lu 20:1-8)

*Anam yi: Talaata la ba tey.*

Mk Gannaaw loolu ñu duggaat Yerusalem, Mc dugg ca kër Yàlla ga, Mk te Yeesu doon doxantu ca ëtti kër Yàlla ga. Lu Yeesu doon jàngal nit ña[923] ca kër Yàlla ga, di léen yégal xibaaru jàmm bi. Mc Bi muy jàngle nag Lu sarxalkat yu mag ya[924] ak xutbakat ya[925] ak Mc njiiti xeet wa[926] ñëw ci

[921] **Mc 21:21; Mk 11:23 *tund wale***: Garab ga nekkoon na ca yoon wa diggante Betani ak Yerusalem. Naka noonu bi Yeesu waxee loolu mu mana gis tundu Oliw ak tundu Moriya fu këru Yàlla nekkoon.

[922] **Mc 21:21; Mk 11:23 *toxal tund wa***: Ca xalaatinu Yawut ya tund wa moo misaale jafe-jafe bu mënul deñ. Gëm nañu ne reeni tund wa dem nañu fu xóot ca suuf ba tax tund wa mënu toxu. Naka noonu ca seen waxin 'randal aw tund' moo tekki 'def lu të' walla 'xettali walla noot njàqare gu réy'.

[923] **Mc 21:23; Lu 20:1 *jàngle ca kër Yàlla***: Ñépp, Yawut ya ak ñu dul Yawut ña sañoon nañu dugg ca ëtt bu jëkk ba, mooy ba ca gëna biti. Ca booraanam, amoon na ay mbaar walla werandaa yu ñu tabaxe doj bu amoon yaatuwaayu 15 meetar, yu sës ca 1.000 kenuy marbar yu am kawewaayu 12 meetar, bu ne am yaatuwaayu 2 meetar. Ñooy doon péncu dëkk bi. Waa dëkk ba daan nañu fa daje ngir waxtaan ci dund gi walla diine. Foofu la xutbakat ya doon jàngle. Te foofu la Yeesu doon jàngle itam.

[924] **Mc 21:23; Mk 11:27; Lu 20:1 *sarxalkat yu mag ya***: Seetal leeral 56 (Mc 2:4, wàll 12, page 36).

[925] **Mc 21:23; Mk 11:27; Lu 20:1 *xutbakat ya***: Seetal leeral 57 (Mc 2:4, wàll 12, page 36).

[926] **Mc 21:23; Mk 11:27; Lu 20:1 *njiiti xeet wa***: Ñooy magi Israyil yi bokkoon ca kureelu àttekat ya, waaye bokkul ci sarxalkat yu mag ya walla xutbakat ya.

moom[927] ne ko: « Yëf yii ngay def, ci ban sañ-sañ nga koy defe? Ku la may boobu sañ-sañ? »

Yeesu ne léen: « Man itam dinaa leen laaj lenn[928]; bu ngeen ma ko waxee, kon dinaa leen wax ci ban sañ-sañ laay defe yëf yii. La Yaxya[929] daan def, di sóob nit ñi ci ndox[930], fu mu ko jële, ci Yàlla walla ci nit ñi? »

Ci kaw loolu ñu daldi werante ci seen biir naan: « Bu nu nee: "Ci Yàlla," dina nu laaj: "Lu tax gëmuleen ko kon?" Te bu nu nee: "Ci nit ñi," kon mbooloo mi dal ci sunu kaw, ndaxte ñépp teg nañu Yaxya ab yonent. » Ñu ne Yeesu nag: « Loolu xamunu ko. »

Noonu Yeesu ne léen: « Kon man itam duma leen wax ci ban sañ-sañ laay defe yëf yii.

### 125. Léebu ñaari doom ya (Mc 21:28-32; Mk 12:1a; Lu 19:47-48)

[Mk] Noonu Yeesu daldi léen wax ciy léeb. [Mc] « Lu di seen xalaat ci lii? Kenn nit amoon na ñaari doom. Am bés mu ñëw ca taaw ba ne ko: "Sama doom, demal tey liggéeyi ca sama toolu reseñ." Taaw ba ne ko: "Demuma[931]," waaye gannaaw loolu xelam yedd ko, mu dem. Gannaaw gi, baay ba ñëw ca tofo ba, wax ko noonu. Mu ne ko: "Waaw," waaye demul. »

Noonu Yeesu laaj léen: « Kan ci ñaari doom yooyu moo def coobarey baayam? » Ñu ne: « Taaw ba. » Yeesu ne léen: « Ci dëgg maa ngi leen koy wax, juutikat yi ak jigéeni moykat yi ñoo leen jëkka dugg ci nguuru Yàlla Aji Kawe ji. Ndaxte Yaxya ñëw na ci yéen ci yoonu njub, te

---

[927] **Mc 21:23; Mk 11:27; Lu 20:1 *ñëw ci moom***: Sarxalkat yu mag ya rekk ñoo yoroon sañ-sañ ca kër Yàlla ga. Mënuñu dékku kenn ku dëkk seeni sañ-sañ. Tamit sàmm jàmm ji ñu amoon ak nguuru Room bokkoon na ak seeni warugar. Mënuñu dékku kenn ku mbubboo daraja, walla teg boppam Almasi bi, ba yëngal dëkk ba te xëcc kilifay Room yi ñëw, daanu ci seen kaw, te tas réew mi. Ci seen xalaatin, ñoom rekk ñoo mana may Yeesu sañ-sañ ngir mu def li mu defoon. Naka noonu laajuñu seeni laaj ngir xam dara, waaye ngir fiir ko ci kanamu mbooloo ma.

[928] **Mc 21:24; Mk 11:29; Lu 20:3 *dinaa leen laaj lenn***: Bi ñu féncee ca jamono jooju, daan nañu tontu ci laaj buy fiir ak beneen laaj.

[929] **Mc 21:25; Mk 11:30; Lu 20:4 *Yaxya***: Seetal leeral 6 (Yow 1:6, wàll 2, page 13).

[930] **Mc 21:25; Mk 11:30; Lu 20:4 *sóob nit ñi ci ndox***: Seetal leeral 83 (Mc 3:6, wàll 16, page 45). Man nga ci jàng ci Mc 3:1-12; Mk 1:2-8; Lu 3:1-18.

[931] **Mc 21:19 *demuma***: Bañ sa waajur bokkoon na ca tooñ yu gëna bon. Yoon wa moo sant nga déggal seeni waajur, rawatina soo nekkee surga ca këram.

gëmuleen ko; waaye juutikat yi[932] ak jigéeni moykat yi gëm nañu ko. Te gannaaw bi ngeen gisee loolu, seen xel soppikuwul sax, ba ngeen gëm ko. »

[Lu] Bés bu nekk Yeesu di jàngle ca kër Yàlla ga. Sarxalkat yu mag ya ak xutbakat ya, ñoom ak njiiti xeet wa, ñu ngi ko doon wuta reylu. Waaye xamuñu woon lan lañu mana def, ndaxte nit ñépp a ngi ko doon déglu, bañ benn baat raw léen.

**126. Léebu beykat, yi rey doomu boroom tool bi** (Mc 21:33-46; Mk 12:1b-12; Lu 20:9-19)

[Lu] Noonu Yeesu daldi wax nit ña léeb wii: [Mc] « Dégluleen beneen léeb. Amoon na fi benn boroom kër bu jëmbët toolu reseñ[933]. Mu ñag tool bi, gas ci biir pax, ngir nal ci reseñ yi[934]. Mu tabax wottukaay[935], batale ko ay beykat[936], daldi tukki [Lu] tukki bu yàgg.

[Mc] « Bi nga xamee ne [Mk] tool bi ñor [na] nag [Mc] [te] bëgg nañoo witt reseñ yi, [Lu] mu yónni surga ci ñoom[937], ngir jot wàllam ci meññeef gi. Waaye beykat yi dóor ko ay yar, dàq ko, mu dellu ak loxoy neen. Mu yónniwaat beneen surga, [Mk] waaye ñu dóor ko ci bopp [Lu] moom itam, toroxal ko, dàq ko, mu dellu ak loxoy neen. Mu yónneeti ñetteelu surga, ñu gaañ ko, dàq ko. [Mk] Mu yónneeti beneen surga, ñu rey ko. [Mc] Boroom kër gi nag

---

932 **Mc 21:31 *juutikat***: Yawut ya foogoon nañu ne juutikat ya ñoo bokk ca ñu gëna bon ca réew ma. Seetal leeral 90 (Lu 3:12, wàll 16, page 47) ngir gëna xam juutikat ya.

933 **Mc 21:33; Mk 12:1; Lu 20:9 *toolu reseñ***: Ni Yeesu tekki tool ba moo fàttali ñi déglu woon ci li Yàlla mayoon yonent Yàlla Esayi ci Isa 5:1-7 luy wax ci àtte buy tar.

934 **Mc 21:33; Mk 12:1 *gas ci biir pax, ngir nal ci reseñ yi***: Seggalukaay ca tool ya amoon ñaari kàmb ci doj, genn gu gëna suufe geneen. Nal nañu reseñ ya ci gu gëna kawe, ndoxam wal ci geneen kàmb.

935 **Mc 21:33; Mk 12:1 *wottukaay***: Tata la, maanaam taaxum kaw, fa jongrukat ba man naa séen tool bi tool bi ñoree ngir aar meññeef ya ca rabi àll ya walla sàcc ya. Ñay witt tool ba daan nañu fa fanaan itam.

936 **Mc 21:33; Mk 12:1; Lu 20:9 *batale ko ay beykat***: Bu boroom alal amoon tool bu yaa, te bëggul ko bey, daan nañu ko batale ñay moomul tool. Amoon nañu kóllëre bu tool ñoree ñu fey lu tollu benn cér ci ñett ba ci genn wàll ci meññeef ya walla dayoom ci xaalis.

937 **Mc 21:34-36; Mk 12:2-5; Lu 20:10-12 *yónni surga ya***: Ñooy misaale yonent Yàlla yi Yàlla yónni ci Israyil. Seetal leeral 190 (Mc 5:12, wàll 35, page 83) ngir gëna xam ni Yawut ya daan nañu fitnaal yonent Yàlla ya. Ñi bokk jamonook Yeesu foog nañu ñi def ni beykat defoon, def nañu ñaawteef lu gàccelu lool la, tamit rusloo nañu boroom tool. Ñi déglu Yeesu dañuy xaar ñëw nangu tool ba te dàq beykat ya ak doole.

yónniwaat yeneen surga yu ëpp yu jëkk ya, beykat yi def léen noonu ñoom itam. Mk Mu yónni ñeneen ñu bare, ñii ñu dóor léen, ñii ñu rey.

Mk Noonu mu dese ko kenn rekk, di doomam ji mu bëgg. Lu « Boroom tool ba daldi ne: “Nan laay def nag? Dinaa yónni sama doom[938], sama reeni xol. Xëy na ñu weg ko, moom.” Mc Waaye bi beykat yi gisee doom ji, ñu ne ci seen bopp: “Kii moo wara donn tool bi; nan ko rey, moom ndonoom[939].” Mk Ñu jàpp ko nag, rey, sànni ci biti. »

Mc Noonu Yeesu laaj léen: « Bu boroom tool bi ñëwee nag, na muy def beykat yi? » Ñu ne ko: « Dina rey reyin wu ñaaw nit ñu soxor ñooñu, batale tool bi yeneen beykat, yi koy jox wàllam ci jamonoy meññeef. » Lu Waaye Yeesu ne léen jàkk, daldi ne: « Kon nag lu baat yii ci Mbind mi[940] di tekki:

> Mc “Doj wi tabaxkat yi sànni; mujj na di doju koñ;
> ci Boroom bi la loolu jóge, te yéemu nanu ci.”

« Loolu moo tax maa ngi leen koy wax, dinañu leen xañ nguuru Yàlla[941], dénk ko xeet wuy def ay jëfam.

> Ku dal ci doj wii[942], dammtoo; ku mu dal ci sa kaw, rajaxe la. »

Bi nga xamee ne sarxalkat yu mag ya ak Farisen ya Lu [ak] xutbakat ya Mc dégg nañu léebam yooyu, ñu xam ne ñoom lay wax. Noonu ñu di ko fexee

---

938 **Mc 21:37; Mk 12:6; Lu 20:13 *yónni doomam***: Boroom tool deful li ñi déglu foogoon mu wara def. Waroon nañu xalaat ne ku dof la. Bàyyi na meram te wone na leen yiw. Lu réy la. Xëyna mu yaakaaroon su wonee leen yiw, ñu wone seeni jom.

939 **Mc 21:38; Mk 12:7; Lu 20:14 *moom ndonoom***: Seen yoon digle ne, tool bu amul boroom, te kenn ñëw samp fa, su ko nekk fa ñetti at, mu moom ko. Waaye dëgg-dëgg su kenn defee noonu nguur gi dina ko rey.

940 **Mc 21:42; Mk 12:10-11; Lu 20:17 *ci Mbind mi***: ‘Doj wi tabaxkat yi sànni; mujj na di doju koñ’ ci Ps 118:22-23 lañu ko jukki. Saar woowu bokkoon na ca li ñu doon tari ca màggalu bésu Mucc ba. Ak li ñu xaacu bu Yeesu duggee Yerusalem, ci saar woowu la jukki itam, maanaam ‘Osaana! Yaw miy ñëw ci turu Boroom bi, ku barkeel nga!’ (Ps 118:25-26; Mc 21:9; Mk 11:9; Lu 19:38; Yow 12:13).
Doju koñ mooy doj wi ñu jëkka samp ci tabax, te ci moom lañu natt lépp li topp. Walla boog moo doj wi ñu muju dugal ci kaw gi ci tabaxinu waa Room, te mu téye tabax bépp. Maanaam doju koñ mooy doj wi gëna am solo ci tabax ba.

941 **Mc 21:43 *xañ nguuru Yàlla***: Cér yi leen Yàlla mayoon ndax ñu bokk ci mbooloom Yàlla, Yàlla dina leen xañ, dénk ko weneen xeet, mooy mbooloom Kirist (1Pi 2:9).

942 **Mc 21:44; Lu 20:18 *doj wii***: ‘Ku dal ci doj wii, dammtoo’ ci Isa 8:13-15 la ko jukki fu Yàlla mooy doj wa. ‘Ku mu dal ci sa kaw, rajaxe la.’ ci Dan 2:34-35, 44-45 la jóge, fu ñu mengale nguuru Yàlla ak doj wu réy wuy dal ca kaw xeeti àddina si. Moo tekki ne Yàlla dina àtte njiiti Yawut ya.

jàpp [Lu] ca taxawaay ba, [Mc] waaye ragal nañu nit ña, ndaxte ñépp teg nañu ko ab yonent, [Mk] ba ñu bàyyi ko fa, dem.

### **127. Léebu céet ga** (Mc 22:1-14)

[Mc] Gannaaw loolu Yeesu nettali léen beneen léeb ne léen: « Nguuru Yàlla Aji Kawe ji dafa mel ni buur buy waajal céetu doomam ju góor[943]. Noonu mu yónni ay surgaam[944], ngir ñu woo gan yi ca céet ga, waaye gan yi bëgguñoo ñëw. Kon mu yónneeti yeneen surga[945] ne léen: "Bu ngeen demee, yégal-leen gan yi sama woote bii: 'Reer yi noppi na, reylu naa samay nag ak samay jur gu duuf; lépp sotti na, ñëwleen ci reer yi.' " Waaye ba tey wuyuwuñu ko[946]; ñu dem, kenn ki ca toolam, kenn ki jaayaani, ña ca des jàpp surga ya, toroxal léen, rey léen.

« Noonu buur mer[947], daldi yónni ay xarekatam, ngir ñu rey bóomkat yooyule, lakk seen dëkk[948]. Ci kaw loolu mu ne surga ya: "Reeri céet gi noppi na, waaye ñi ñu woo yeyoowuñu ko. Demleen nag buntu dëkk ba, woo ku ngeen fa gis ci reeri céet gi." Noonu surga ya génn ca yoon ya,

---

[943] **Mc 22:2 *céet***: Léebu bi dina fàttali ñi déglu ci bernde ju mag ju Yàlla nara def ca mujug jamono, mooy bernde Almasi bi (Isa 25:6-9; Pe 19:7-9). Foogoon nañu ne jamono jooju àddina si dina am naataange gu réy, mbégte ak jàmm mel ni jamono toolu Àjjana, gannaaw ga Yàlla àtte i noonam. Ñi baax rekk moo ci bokk.

[944] **Mc 22:3 *yónni ay surgaam***: Daan nañu woo nit ñi lu jiitu xew ma ngir xam ñaata nit nara ñëw. Su fekkee ne gan ya tontu, ne dinañu ñëw, baña ñëw gàcce gu réy la. Li ñu rendi moo sës ca ñaata nit lañuy séenu. Su nit néewee ginaar lañu rendi. Su ñu baree xar walla sëllu lañu rendi. Surga ya ñoo misaale yonent yi. Céet, ci diiru benn ayu-bés la yàgg. Man naa gétën liggéeyu gan ba. Waaye bu la buur wooyee, kenn du bañ.

[945] **Mc 22:4 *yónneeti yeneen surga***: Bi ñu rendee mala ma, di ko togg ba noppi, te lépp pare daan nañu yónni kenn ca ña mu ganale wax leen ñu ñëw. Surga ya ñoo misaale yonent Yàlla Yaxya ak taalibe Yeesu.

[946] **Mc 22:5 *wuyuwuñu ko***: Ñépp bañ boroom xew ba dina ko rusloo ba torox.

[947] **Mc 22:7 *buur mer***: Ca jamono jooju soo bañee buur ba bi mu la wooyee, dangay jaay sa bakkan ndaxte ni nga ko rusloo.

[948] **Mc 22:7 *lakk seen dëkk***: Yeesu yégle na àtteb Yerusalem bi mu jàllee tundu Oliw di séen Yerusalem dimaas bu jiitu (Lu 19:42-44). Junj na ko itam bés bu jiitu bi mu jukkee ca yonent Yàlla Yeremi, 'def ngeen ko këru sàcc' (Jer 7:11; Mc 21:13; Mk 11:17; Lu 19:46) ak ci léebu beykat, yi rey doomu boroom tool bi (Mc 22:33-44; Mk 12:1-11; Lu 20:9-18). Am na ñi xalaat ne Yeesu junj na àtteb Yerusalem fii itam. Xamuñu ndax ñi déglu woon Yeesu bés boobu gis na ko, waaye ñi jëkka jàngoon téereb Macë, bi mu bindoon gannaaw ga waa Room ñëwoon tas Yerusalem, mënuñu koo bañ gis.

boole ña ñu fa gis ñépp, ñu bon ña ak ñu baax ña[949], ba néegu reer ya fees ak ay gan.

« Bi nga xamee ne buur bi dugg na nag, ngir seetsi gan yi, mu gis fa nit ku solul mbubb mu ñu wara sol ca céet ga[950]. Buur ne ko: "Sama waay, naka nga dugge fii, te amuloo mbubbum céet?" Waa ji ne miig. Noonu buur ba ne ay surgaam: "Yeewleen ko ci tànk yi ak ci loxo yi, sànni ko ci biti ci lëndëm gi. Foofa dees na fa jooy tey yéyu[951]." Ndaxte ñi ñu woo bare nañu, waaye ñi ñu tànn barewul. »

## **128. Galag gi ñuy fey buur bi Sesaar** (Mc 22:15-22; Mk 12:13-17; Lu 20:20-26)

*Anam yi: Talaata la ba tey.*

Mc Booba Farisen ya dem gise, ba xam lu ñu wara def, ngir fiir Yeesu ci waxam. Lu Noonu ñu koy yeeru, daldi yónni ay nit ñu mbubboo njub, sas léen ñu fexe koo jàpp ci ay waxam, ngir jébbal ko boroom réew, ma yor kilifteef ak sañ-sañ[952]. Mc Noonu ñu yónni ci moom seeni taalibe[953] ak ñi far ak buur bi Erodd[954] ne ko: « Kilifa gi, xam nanu ne ku wóor nga, Lu [te] li ngay wax te di ko jàngle lu jub la, Mc te ragaloo kenn, ndaxte seetuloo jëmmi nit. Lu Amuloo parlàqu, waaye dangay xamle yoonu Yàlla ci bu wóor. Mc Wax nu nag loo xam ci lii: ndax jaadu na, nu fey[955] buur bi

---

[949] **Mc 22:10 *ñu bon ña ak ñu baax ña***: Ñu bon mooy ñu mel ni juutikat ya ak jigéeni moykat ya, ñi gëm di réccu.

[950] **Mc 22:11 *nit ku solul mbubb mu ñu wara sol ca céet ga***: Warugaru gan ca céet mooy teral boroom céet ga. Solal yére yu rafet te set bokk na ci.

[951] **Mc 22:13 *dees na fa jooy tey yéyu***: Yeesu daan na waxe noonu, bu mu wax ca safara su dul fey (Mc 8:12; 13:42,50; 24:51; 25:30; Lu 13:28).

[952] **Lu 20:20 *jébbal ko boroom réew, ma yor kilifteef ak sañ-sañ***: Yawut ya yoruñu sañ-sañ ngir àtte nit, te ko dee. Nguuru Room rekk moo yoroon sañ-sañ boobu, te ñu teg ko ca loxo kenn ki ñu fal, mooy boroom réew ba. Ca jamono Yeesu, boroom réew ma, Poñse Pilaat la tuddoon. Seetal leeral 73 (Lu 3:1, wàll 16, page 42).

[953] **Mc 22:16 *taalibe Farisen ya***: Ñooy ñi jàng ngir bokk ca tariixa Farisen ya.

[954] **Mc 22:16; Mk 12:13 *ñi far ak buur bi Erodd***: Seetal leeral 263 (Mk 3:6, wàll 42, page 103).

[955] **Mc 22:17; Mk 12:14; Lu 20:22 *ndax jaadu na, nu fey galag***: Laaj bi werante la woon ca jamono Yeesu. Bi nguuru Room nangoo diiwaanu Yude ca loxo Arkelawus, santoon nañu ñépp, ñu ñëw binduji te fey galag. Mooy atum tubaab 6 g.K.. Kenn ci Yawut ya ku tudd Yudaa mu Galile jógloo nit ñu bare, ngir ñu baña fey galag (Jëf 5:37). Rey nañu ko,

Sesaar[956] galag[957] walla déet? Mk Nu fey ko walla nu bañ koo fey? »

Mc Waaye Yeesu xam seen njublaŋ, Mk [ak] seen naaféq, Lu [ak] seen pexe, Mc mu ne léen nag: « Lu tax ngeen bëgg maa fiir[958], yéen naaféq yi? Mk Indil-leen ma posetu denariyon[959], Mc bi ñuy feye galag, Mk ma seet. » Mc Ñu daldi ko jox nag benn posetu denariyon. Mk Noonu Yeesu laaj léen: « Kan lañu ci def nataalam ak turam? » Ñu ne ko: « Sesaar. » Noonu Yeesu ne léen: « Joxleen nag Sesaar li Sesaar moom, te jox Yàlla li Yàlla moom. » Lu Noonu manuñu ko woona jàpp ciy waxam ci kanam mbooloo ma; ñu waaru ci tontam, ba wedam. Mc Bi nga xamee ne dégg nañu loolu, ñu waaru, bàyyi ko, daldi dem.

### **129. Sadusen yi ak ndekkite li** (Mc 22:23-33; Mk 12:18-27; Lu 20:27-40)

Mc Bés boobale ay Sadusen[960] ñëw ci moom. Sadusen yi nag ñoom gëmuñu ne ndekkite am na. Noonu ñu laaj ko naan: « Kilifa gi, Musaa nee woon

---

waaye ba tey ñu bare jàppoon waxam 'Bul fey galag.' Yawut ya gëm nañu ne Yàlla mooy seen buur. Soo nangu fey kenn ku dul Yawut galag, dangay nangu itam moo sa buur, te amoon na ñi gëm ne loolu mooy suufeel turu Yàlla.

[956] **Mc 22:17; Mk 12:14; Lu 20:22 *Sesaar***: Santu buur Yulyus, ka sampoon nguuru Room la. Mujjoon na nekk tiitaru buuri Room yépp. Ca jamano yooyu Sesaar, buurub Room, yilifoon na ay réew yu bare, ba laawaale ca réewu Yawut ya. Sesaar moomu mooy Tibeer Sesaar mi donnoon nguuram ca Ogust ca atum tubaab 14 g.K. bi mu amee 56 at. Nguuru na ba mu dee ca 37 g.K..

[957] **Mc 22:17; Mk 12:14; Lu 20:22 *galag***: Waa Yude soxla nañu fey nguuru Room galag, juuti ak lempo. Daan nañu fey juuti, mooy cér ci pepp, biiñ ak diwlin yu ñu bey. Lempo ba moo doon cér ci peyam. Te galag ga moo doon benn posetu xaalis, képp ku nekk ku am 14 at jëm 65, at bu nekk.

[958] **Mc 22:18; Mk 12:15 *fiir***: Su Yeesu waxee jaadu na, mbooloo ma dinañu ko bañ, ndaxte mënuñoo nangu mukk fey galag ga. Fey galag moo wone ne ab ku dul Yawut moo léen suufeel, te dafa bëgga wax ne itam bokk nañu ak lu nguuru Room teg, maanaam Sesaar mooy yàlla. Su Yeesu waxee jaaduwul, dinañu ko mana jébbal nguuru Room, ndaxte man nañu tuumaal ne mooy kenn kuy jéema jógloo mbooloo ma.

[959] **Mc 22:19; Mk 12:15; Lu 20:24 *posetu denariyon***: Posetu xaalis bi, maanaam posetu denariyon, ca benn boor nataalu buur Sesaar la amoon, ak bind buy wax ne Tibeer Sesaar mooy Yàlla. Ca beneen boor luy wax ca sarxalkat bu mag bu diine Room nga gis. Dayoom moo doon li ñu fey liggéeykat ca tool ngir benn fanu liggéey. Poset boobu rekk la nguuru Room nangu ngir fey galag. Waaye lu dul loolu Yawut soxlawul ko yore, ndaxte yeneen posetu xaalis amoon na. Ndegam ñi jéemoona fiir Yeesu yore nañu ko benn, moo wone seeni naaféq.

[960] **Mc 22:23; Mk 12:18; Lu 20:27 *Sadusen***: Seetal leeral 88 (Mc 3:7; wàll 16; page 46).

na: “Boo xamee ne góor dee na te amul doom, na rakkam donn jabaram, ngir sàkkal magam njaboot[961].” Amoon na ci nun nag juróom ñaari góor, ñu bokk ndey ak baay. Lu Taaw ba takk jabar, faatu, te bàyyiwul doom. Ñaareel ba takk jigéen ja, faatu moom itam te bàyyiwul doom. Ñetteel bi it noonu. Mbir mi dem na nag, ba juróom ñaar ñooñu ñépp dem, te kenn bàyyiwu fi doom. Mujj jigéen ja faatu moom itam. Ci ndekkite li[962] nag kan ci ñoom moo ko wara donn, fekk ku nekk ci juróom ñaar ñi mas na koo takk? »

Mc Waaye Yeesu ne léen: « Yéena ngi cig réer, ndaxte xamuleen Mbind mi mbaa kàttanu Yàlla. Lu Ci àddina sii, góor ñi ak jigéen ñi dañuy séy. Waaye ña ñu àtte ne yeyoo nañoo bokk ci dundu ëllëg ak ci ndekkite li, kenn du am jabar, kenn du am jëkkër. Dafa fekk ne manatuñoo dee, ndaxte dañuy mel ni malaaka yi[963]. Ay doomi Yàlla lañu ndaxte doomi ndekkite lañu.

Mc Te lu jëm ci ndekkitel ñi dee, Lu Musaa sax wone na ne, néew yi dinañu dekki. Mc Xanaa masuleena jàng la leen Yàlla waxoon[964] Mk ci Tawreetu Musaa ci saarum ngarab si: “Maay Yàllay Ibraayma, Isaaxa ak

---

[961] **Mc 22:24; Mk 12:19; Lu 20:28 *rakkam donn jabaram ngir sàkkal magam njaboot***: Yoonu Musaa moo sant, ku magam faatu, te bàyyiwul doom ak soxnaam, kooku war na donn jigéen ji, ba yékkati giiru magam (De 25:5-10). Yemul ci wéyal turu mbokkam ngir du far ci biir Israyil, waaye amoon na itam ngir sàmmal ko alalam ak suufam. Man nga gis ni ñu ko doxale ci Ru 3:9-4:12 ak Ge 38:8-10.

[962] **Mc 22:28; Mk 12:23; Lu 20:33 *ndekkite li***: Sadusen gëmuñu ndekkite am na, ndaxte gisuñu ko ci téerey Musaa ya. Farisen ya gëm nañu ko ndax li ñu gisoon ci Da 12:2 ak Isa 26:19. Farisen daan nañu werante ca ndax nit dina dekki di sol yére walla déet. Te soo dekki ak yére ndax dinga sol yére yi nga soloon bi ñu la suulee walla yeneen. Werante nañu itam ca ndax nit ñi dinañu la xàmme gannaaw ndekkite li, te ndax dinga am sikki yaram yi nga amoon bés bi nga gaañu woon. Injiil dafa leeral ndekkite li ci 1Ko 15:1-57. Seetal itam leeral 827 (Yow 11:54; wàll 110; page 231) ci lu jëm ci bésu ndekkite li.

[963] **Mc 22:30; Mk 12:25; Lu 20:36 *mel ni malaaka yi***: Yawut ya gëm nañu ne malaakay Yàlla ya duñu lekk, duñu naan, duñu séy te duñu dee. Yeesu waxul ne boo deeyee nga nekk malaaka. Nee na, dinga mel ni malaaka ndaxte mënatoo dee, te dootul soxla soxna walla jëkkër. Seetal itam leeral 593 (Mc 18:10, wàll 83, page 187).

[964] **Mc 22:31; Mk 12:26; Lu 20:37 *la leen Yàlla waxoon***: Ca Ex 3:6 la ko Yeesu jukkee. Yàlla feeñu na Musaa ca gajj buy tàkk waaye lakkul ngir woo ko mu nekk yonentam (Ex 3:1-22). Sadusen ya nanguwuñu Mbindum yonent yi, lu dul téerey Musaa ya. Wax nañu amul dara ci téerey Musaa ya lu wone ne ndekkite am na. Moo tax Yeesu tontu leen ak firnde ju nekk ci téerey Musaa ya. Ibraayma, Isaaxa ak Yanqóoba dee nañu 500 at laata jamono Musaa, te ba tey Yàlla mooy seen Yàlla. Yàlla mënula nekk Yàllay kenn ku nekkatul.

Yanqóoba”? Li ci génn mooy, nekkul Yàllay ñi dee, waaye Yàllay ñiy dund la. Kon sóobu ngeen cig réer. » Lu Ci kaw loolu ay xutbakat ne ko: « Li nga wax dëgg la, kilifa gi! » Mc Bi nga xamee ne mbooloo ma dégg nañu loolu, ñu waaru ndax li mu jàngle.

**130. Ban santaane moo gëna màgg ci yoonu Musaa** (Mc 22:34-40; Mk 12:28-34a; Lu 20:40)

Mc Gannaaw gi, Farisen ya yég nañu ne yey na Sadusen ya. Kon nag ñu daldi daje. Noonu kenn ci ñoom, ka nekk xutbakat[965], fexe koo fiir[966]. Mk Bi ñuy werante, xutbakat [ba] ñëw, dégg seen waxtaan, gis ne Yeesu tontu na léen tont lu leer. Mc Mu laaj ko: « Kilifa gi, ban ndigal moo gëna màgg ci yoonu Musaa? »

Mk Noonu Yeesu ne ko: « Bii: “Dégluleen, yéen bànni Israyil! Yàlla sunu Boroom mooy Boroom bi, te kenn la. Kon nanga bëgg Yàlla sa Boroom ak sa xol bépp ak sa bakkan bépp, sa xel mépp ak sa kàttan gépp[967].” Mc Loolu moo di li jëkk te ëpp ci li Yàlla santaane. Mk Te ñaareel bi, lii la: “Nanga bëgg sa moroom, ni nga bëgge sa bopp [968].” Mc Ñaari ndigal yooyu tënk nañu yoonu Musaa wépp, moom ak waxi yonent yi. Mk Ndigal yii ñoo sut yépp. »

Xutbakat bi ne ko: « Waaw, kilifa gi, li nga wax dëgg la: Yàlla kenn la, te amul jeneen Yàlla ju dul moom. Te nga bëgg ko ak sa xol bépp ak sa xel mépp ak sa kàttan gépp moo dàq bépp sarax bu ñuy yóbbu ngir màggal Yàlla ak bu ñuy lakk ca sarxalukaay ba. » Bi Yeesu gisee nag ne tontu na ak xel, mu ne ko: « Sorewuloo nguuru Yàlla. »

**131. Ndax Almasi bi mooy sëtu Daawuda?** (Mc 22:41-46; Mk 12:34b-37; Lu 20:41-44)

*Anam yi: Talaata la ba tey.*

Mc Bi Farisen ya[969] dajee nag, Mk Yeesu ma nga doon jàngle ca kër Yàlla

---

[965] **Mc 22:35; Mk 12:28 *xutbakat***: Seetal leeral 57 (Mc 2:4, wàll 12, page 36).

[966] **Mc 22:35 *fiir***: Farisen ya daan nañu werante ci ban ndigal moo ci gëna màgg. Laaj nañu Yeesu ndaxte bëggoon nañu mu wone xamadi ci lu jëm ci yoonu Musaa.

[967] **Mc 22:37; Mk 12:30**: Jukki na ko ca De 6:4-5.

[968] **Mc 22:39; Mk 12:31**: Jukki na ko ca Le 19:18.

[969] **Mc 22:41 *Farisen ya***: Seetal leeral 87 (Mc 3:7, wàll 16, page 46).

ga, [Mc] [mu] laaj léen: « Lu ngeen xalaat ci Almasi bi[970]; kan la nekk sëtam? » Ñu ne ko: « Daawuda[971]. » Noonu Yeesu ne léen: [Mk] « Lu tax xutbakat yi di wax ne, Almasi bi mooy sëtu Daawuda[972]? Daawuda moom wax na ci kàttanu Xel mu Sell mi naan[973]: "Boroom bi[974] nee na sama Boroom[975]: 'Toogal ci sama ndijoor[976], ba kera may daaneel say noon ci sa kanam[977].' " Gannaaw Daawuda nag wooye na ko: "Boroom bi," nu muy nekke sëtam? » [Mc] Ci kaw loolu kenn manu koo tontu genn kàddu. Te li dale ci bés booba kenn ñemeetu koo laaj dara. [Mk] Noonu mbooloo mu mag mi di ko déglu ak bànneex.

### 132. Yeesu gëdd na xutbakat ya ak Farisen ya (Mc 23:1-39; Mk 12:38-40; Lu 20:45-47; 13:34-35)

*Anam yi: Talaata la ba tey.*

[Lu] Bi ko nit ña fa nekkoon ñépp doon déglu, Yeesu ne ay taalibeem: « Moytuleen xutbakat yi[978]; [Mc] Xutbakat ya ak Farisen ya ñu ngi toog ci

---

[970] **Mc 22:42; Mk 12:35 *Almasi bi***: Seetal leeral 472 (Yow 7:26, wàll 71, page 160).

[971] **Mc 22:43; Mk 12:35 *Daawuda***: Moo doon buur bu mag ci bànni Israyil, di yonent bu bind lu bare ci Sabóor. Man nga jàng ci jalooreem ci 1Sa 16:1-30:31; 2Sa 1:1-24:25; 1Ki 1:1-2:10; 1Ch 3:1-9; 10:13-11:19; 12:1-23:32; 28:1-29:30.

[972] **Mc 22:42; MK 12:35 *sëtu Daawuda***: Seetal leeral 13 (Mc 1:1, wàll 3, page 15). Sëtu Daawuda mooy benn ci turu Almasi bi ci jamono Yeesu. Bi gëna siiw ci ay turam sax ca jamono Yeesu la woon. Nit ñi foogoon nañu moo tekki Almasi bi dina ñëw, musal leen ci nguuru Room, ba noppi toog ca jalu maamam, buur Daawuda.

[973] **Mc 22:44; Mk 12:36; Lu 20:42-43** Jukki na ko ca Ps 110:1. Jukki na aaya bi itam ci Jëf 2:33-36; Yt 1:13. Ci jamono Yeesu gëm nañu ne Sabóor bi ci Almasi bi lay wax. Ni Farisen ya (Mc 22:46) ak mbooloo ma (Jëf 2:37) nangoo li Yeesu ak ndawi Kirist waxoon ci aaya bi moo ko wone. Sabóor 110 nee na itam Almasi bi mooy sarxalkat ba fàww, mel ni Melkisedeg (Ps 110:4). Yeesu feddali na ne Daawuda moo ko bindoon.

[974] **Mc 22:44; Mk 12:36; Lu 20:42 *Boroom bi***: Mooy Yàlla, Aji Kawe ji.

[975] **Mc 22:44; Mk 12:36; Lu 20:42 *sama Boroom***: Mooy Almasi bi Yàlla digoon nara ñëw.

[976] **Mc 22:44; Mk 12:36; Lu 20:42 *toogal ci sama ndijoor***: Waxin la ci biir Yawut ya, waa Room ak waa Gereg. Toogu gu gëna yiwi mooy gi ca ndijoor. Mooy toogu yu wone sañ-sañ ak maana. Mooy ku sës rekk ci moom Yàlla di yilif àddina si. Gannaaw ndekkite Yeesu Yàlla dëël ko ci ndijooram ca bérab yu kawe ya (Mr 16:19; Ef 1:20; Yt 10:12; 12:2; 1Pi 3:22).

[977] **Mc 22:44; Mk 12:36; Lu 20:43 *daaneel say noon ci sa kanam***: Buur ya daan nañu teg seeni tànk ci kaw ndoddi buur ngir wone seen ndam ci seeni noon.

[978] **Mc 23:2; Mk 12:38; Lu 20:46 *xutbakat***: Seetal leeral 57 (Mc 2:4, wàll 12, page 36).

jalu Musaa[979]. Lépp lu ñu leen wax nag, defleen ko te sàmm ko, waaye buleen roy seeni jëf, ndaxte dañuy wax waaye duñu ko jëfe. Dañuy takk say yu diis[980], yen léen ci nit ñi, waaye duñu ko nangoo laal sax ak seen cati baaraam. Lu Ñu ngi lekk alalu jigéen ñi seen jëkkër faatu[981], di ñaan Yàlla ay ñaani ngistal yu gudd. Mc Dañuy def seeni jëf yépp, ngir nit ñi gis léen, di takk ay téere yu réy[982], tey réyal seeni laari mbubb[983]. Lu Ci jàngu yi, toogu yu féete kanam lañuy wut, te toogu yu yiw[984] lañuy taamu ci reeri xew yi. Mk Dañoo bëgg di doxantu, sol ay mbubb yu réy, te ñépp di léen nuyoo ñaari loxo ci pénc mi[985], Mc di léen wooye "kilifa gi." Lu Seen mbugal dina gëna tar. »

Mc « Waaye yéen buñu leen wooye "kilifa gi," ndaxte kenn rekk moo di seen Kilifa, te yéen ñépp ay bokk ngeen. Te buleen tudde kenn seen "baay" ci àddina, ndaxte kenn rekk moo di seen Baay, ki ci kaw. Buñu leen tudde it ay "njiit," ndaxte kenn rekk moo di seen Njiit, mooy Kirist. Ki gëna mag ci yéen mooy ki nangoo nekk seen surga. Kuy yékkatiku dees na la suufeel; kuy suufeelu, ñu yékkati la.

« Yéen xutbakat yi ak Farisen yi, naaféq yi, dingeen torox![986] Ndaxte

---

[979] **Mc 23:2 *jalu Musaa***: Amoon na ab siis bi ñu yett ci doj ca kanamu jàngu Yawut ya, bu ñu wax jalu Musaa. Daan nañu taxaw ngir jàng Kàddug Yàlla, toog ca siis ba ngir jàngle. 'Ñu ngi toog ci jalu Musaa', waxin la wuy bëgg wax ne ñu ngi yoor sañ-sañ ngir firi, di leeral yoonu Musaa wa.

[980] **Mc 23:4 *say yu diis***: Liggéeyu xutbakat ya moo leeral Kàddug Yàlla ngir nit ñi topp yoon. Waaye daan nañu diisal yoonu Musaa ak yeneen sàrt yu bare yi ñu sampoon.

[981] **Mk 12:40; Lu 20:47 *lekk alalu jigéen ñi seen jëkkër faatu***: Xamuñu naka lañu ko defe woon.

[982] **Mc 23:5 *takk ay téere yu réy***: Yàlla santoon na Bànni Israyil, ñu takk santaane yii ci seen jë (Ex 13:9; De 6:8; 11:18). Waxin la woon wuy tekki ñu fonk léen. Yawut ya daan nañu takk boyet yu tuuti yu ñu defare der, yu ëmb lenn li ñi ci bindoon ay aaya ca yoonu Musaa. Takkoon na benn ci seen jë ak beneen ci seen përëg mu càmmooñ. Farisen daan nañu sol téere yu gëna réy ñeneen.

[983] **Mc 23:5 *laari mbubb***: Góor ña daan nañu def seen cati mbubb di am ñeenti cimbir-cimbir ngir fàttaliku santaane Yàlla (Nu 15:38-41; De 22:12).

[984] **Mc 23:6; Mk 12:39; Lu 20:46 *toogu yu yiw***: Boroom maana ya daan nañu toog ca toogu yu yiw ca jàngu ya. Ñoo ñi nekk ci kanam di féete mbooloo ma. Toogu yu yiw ca aj bernde moo yi nekk ca weti boroom xew ba.

[985] **Mc 23:7; Mk 12:38; Lu 20:46 *nuyu***: Seen aada dogal na ne ñu wara jëkka nuyoo ñi leen sut ci xam-xamu diine.

[986] **Mc 23:13 *dingeen torox***: Ñi déglu woon Yeesu foog nañu ne xudbakat ya ak Farisen ya nit ñu baax ñu ragal Yàlla te fonk diine lañu. Dégg Yeesu waxe ni ci ñoom waroon na

yéena ngi tëj nguuru Yàlla Aji Kawe ji ci kanam nit ñi; yéen dungeen ci dugg, te dungeen bàyyi ku ci bëgga dugg, mu dugg ci.

« Yéen xutbakat yi ak Farisen yi, naaféq yi, dingeen torox! Ndaxte yéena ngi wër géej ak suuf, ngir sàkku benn taalibe[987], ba noppi ngeen def ko nitu sawara, ku leen yées ñaari yoon.

« Yéen njiit yu gumba yi, dingeen torox! Yéena ngi wax ne: "Ku giñe kër Yàlla gi, ngiñ li duggul, waaye ku giñ ci wurusu kër Yàlla gi, dugg na[988]." Yéen ñi dof te gumba! Lan moo gëna màgg, wurus wi walla kër Yàlla, gi tax wurus wi sell? Dangeen ne it: "Ku giñe sarxalukaay bi ci kër Yàlla gi, ngiñ li duggul, waaye ku giñ ci sarax si ci kawam, dugg na." Gumba yi! Lan moo gëna màgg, sarax si walla sarxalukaay bi tax sarax si sell? Ku giñe sarxalukaay bi, giñ nga ci sarxalukaay bi ak li ci kawam lépp. Ku giñe kër Yàlla gi, giñ nga ci kër Yàlla gi ak ki ci dëkk. Ku giñ ci asamaan, giñ nga ci jalu Buur Yàlla ak ki ci toog.

« Yéen xutbakat yi ak Farisen yi, naaféq yi, dingeen torox! Ndaxte yéena ngi sàkk asaka[989] ci naana ak anet[990] ak kumin[991], te sàggane yi gëna màgg ci yoonu Musaa[992], maanaam njub, yërmande ak ngëm. Loolu ngeen wara def, waxuma nag ngeen bàyyi la ca des. Yéen njiit yu gumba yi! Yéena

---

mbooloo ma waaru, di jaaxle.

987 **Mc 23:15 *sàkku benn taalibe***: Amoon na ay Yawut ya jéemoon na xëcc ñi dul Yawut, ngir ñu topp seen diine. Tudd nañu leen ñi ragal Yàlla. Amoon na itam ci biir ñi ragal Yàlla, ñi tuub ci yoonu Yawut. Góor ku bëgg tuub ci yoonu Yawut fàww nga nangu ñu xaraf la, te nga sàmm ndigali yoonu Musaa. Farisen ya bëggoon nañu ci teg itam, sàmm seen ndigali tariixa yépp, maanaam seeni aada.

988 **Mc 23:16 *ngiñ li***: Seetal leeral 203 (Mc 5:33-36, wàll 35, page 86)

989 **Mc 23:23 *sàkk asaka***: Mboolem lu jóge ci suuf, muy pepp mbaa doomi garab, Yoonu Musaa moo sant ñu jébbal cérub fukkeel ba Yàlla (Le 27:30). Mbindum yonent yi moo faramfàcce cérub Yàlla ca Le 27:30–33; Nu 18:12; De 12:6–9; 14:22–29; 26:12–15; Neh 10:37–38; 12:44; 13:5,12; 2Ch 31:5–12; Mal 3:8,10. Werante nañu ca jamono Yeesu ci ndax lu mel ni naana ak anet ak kumin bokk ci li wara boole ci seen asaka.

990 **Mc 23:23 *anet***: Jiwu walla doomu gàncax gu saf la. Boroom xam-xam yi xam nañu ko ci turu Anetum graweyolensë (*Anethum graveolens*). Jëfandiku nañu ko ngir safal ñam ak faj feebar.

991 **Mc 23:23 *kumin***: Doomu gàncax (walla jiw) bu saf la. Boroom xam-xam yi ñoo ko xam ci tur Nisela satiwa (*Nigella sativa*).

992 **Mc 23:23 *yi gëna màgg ci yoonu Musaa***: Boroom diine yi xàjjalikoo nañu ndigali yoonu Musaa ci yi gëna màgg ak yu gëna tuuti.

ngi segg wallax-njaan, tey wann giléem[993].

« Yéen xutbakat yi ak Farisen yi, naaféq yi, dingeen torox! Ndaxte yéena ngi setal bitib kaas bi ak ndab li[994], waaye ci biir dafa fees ak càcc ak ëppal. Farisen yu gumba yi! Jëkkleena setal biir kaas bi ak ndab li, ngir biti bi itam set. « Yéen xutbakat yi ak Farisen yi, naaféq yi, dingeen torox! Ndaxte yéena ngi mel ni bàmmeel yu ñu weexal[995]. Ci biti am nañu melo wu rafet, waaye ci biir dañoo fees ak yaxi ñi dee ak tilim ju nekk. Yéen itam, ci ngistal dangeena mel ni ñu jub, waaye ci seen biir dangeen fees ak naaféq ak lu bon.

« Yéen xutbakat yi ak Farisen yi, naaféq yi, dingeen torox! Ndaxte yéena ngi tabax xabruy yonent yi, tey rafetal bàmmeeli ñu jub ñi. Te yéena ngi wax ne: "Bu nu fekke woon sunu jamonoy maam, dunu ànd ak ñoom ciy tuur deretu yonent yi." Seede ngeen nii ne yey ngeen seen bopp, te yéenay doomi ñi doon rey yonent yi[996], di aw seen tànki baay, ba yées léen sax. Yéen ñi mel ni ay jaan, te fees ak daŋar niy co[997], naka ngeen di mucce mbugalu sawara? Moo tax maa ngi leen di yónnee ay yonent ak ay boroom xam-xam ak ay xutbakat. Ñenn ñi dingeen léen rey te daaj léen ci bant; ñeneen ñi dingeen léen dóor ay yar ci seeni jàngu, di léen fitnaal ci dëkkoo dëkk. Noonu deretu ñi jub, ji ñu tuur jépp ci àddina, dina xëppu ci seen kaw, li dale ci deretu Abel[998] mi jub, ba ci[999] deretu Sakari doomu

---

[993] **Mc 23:24 *segg wallax-njaan, wann giléem***: Wallax-njaan weñ wu tuuti la. Bi biiñ nekkee ci ndab bu tëjul wallax-njaan gaaw nañu dugg ci biir. Ndegam wallax-njaan bokkoon na ci ñam yu daganul (Le 11:20), daan nañu segg seen biiñ bala ñu naan ko. Wallan-njaan moo doon bu gëna tuuti bu ñu xamoon ca yu daganul te giléem moo doon bu gëna réy.

[994] **Mc 23:25 *setal bitib kaas***: Farisen ya sampoon nañu ay sàrt ngir aar seen bopp ca sobe, maanaam ngir sobe mënula law. Moo tax amoon nañu ay aada ca ni nga wara raxase ay kaas, ay njaq ak ay satala, ba ñu laab. Aada yooyu ñoo sësoon ca Le 11:31-38, Le 15:12 ak Nu 19:14-15.

[995] **Mc 23:27 *bàmmeel yu ñu weexal***: Képp ku dox ca kaw ab bàmmeel dina ànd ak sobe diiru juróom-ñaari fan, su xamul sax bàmmeel baa nga fa (Nu 19:16). Naka noonu daan nañu weexal bàmmeel ya ngir artu nit ñi. Yeesu dafa wax ne Farisen ya ñoo jara moytu ndaxte ñoo sobeel nit ñi, te xamuñu ko.

[996] **Mc 23:29-31; Lu 13:34 *yonent yi maam yi reyoon***: Seetal leeral 190 (Mc 5:12, wàll 35, page 83).

[997] **Mc 23:33 *mel ni ay jaan***: Seetal leeral 89 (Mc 3:7, wàll 16, page 46).

[998] **Mc 23:35 *Abel***: Seetal leeral 677 (Lu 11:51, wàll 90, page 204).

[999] **Mc 23:35 *Abel ba ci Sakari***: Abel mooy ki ñu jëkka rey (Ge 4:8). Sakari mooy ki ñu mujja rey ca kaw ni Yawut lime téere Yàlla ya (2Ch 24:20-22).

Baraki[1000], mi ngeen rey ci diggante bérab bu sell bi ak sarxalukaay bi. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, loolu lépp dina dal ci niti jamono jii.

« Yerusalem, Yerusalem, yaw miy rey yonent yi, tey sànni ay doj ndaw yi, ba ñu dee, aka maa bëggoona dajale say doom, ni ginaar di uufe ay cuujam, te nanguwuleen! Kon nag Yàlla dina bërgël seen kër, ba mu gent. Ndaxte maa ngi leen koy wax, dungeen ma gisati li dale tey, ba kera ngeen ne: "Yaw miy ñëw ci turu Boroom bi, ku barkeel nga!"[1001] »

### 133. Saraxu soxna si (Mk 12:41-44; Lu 21:1-4)

[Mk] Noonu Yeesu toog ca kër Yàlla ga, janook ndab, yi ñuy def sarax ngir Yàlla[1002], muy xool nit ña cay dugal seen xaalis. Am nag ay boroom alal yu ci di def xaalis bu bare. Gannaaw ga daal benn jigéen ju jëkkëram faatu, te mu ñàkk, ñëw, def ci ñaari poseti xànjar[1003], yu matul sax dërëm[1004]. Bi ko Yeesu gisee, mu woo taalibe yi ne léen: « Ci dëgg maa ngi leen koy wax, li jigéen ju ñàkk jee dugal ca defukaay ya moo ëpp maana alalu ñeneen ñi ñépp. Ñoom ñépp dañu sàkk ci seen barele, waaye moom dafa sàkk ci néewleem, ba far ko joxe lépp, toog. »

### 134. Yeesu wax na ni mu wara faatoo (Yow 12:20-36a)

*Anam yi: Talaata la ba tey.*

[Yow] Ca mbooloo ma, amoon na ca ay Gereg[1005] yu bokk ca ña ñëwoon

---

[1000] **Mc 23:35 *Sakari***: Seetal leeral 678 (Lu 11:51, wàll 90, page 204).

[1001] **Mc 23:39; Lu 13:35 *yaw miy ñëw***: Yeesu jukki na ko ci Ps 118:26, Sabóor boo xam ne buy wax ci Almasi bi. Mooy li nit ñi waxoon ba noppi bu Yeesu duggoon Yerusalem ay fan yu jiitu.

[1002] **Mk 12:41; Lu 21:1 ndab yi ñuy def sarax ngir Yàlla**: Seetal leeral 501 (Yow 8:20, wàll 73, page 165).

[1003] **Mk 12:42; Lu 21:2 poseti xànjar**: Mooy posetu lepton, poset bu gëna tuuti te gëna néew dayo ci xaalisu Yawut yi. Daanaka 100 lepton moo doon benn daraxma. Maanaam 100 lepton doy na fey ku liggéey ci tool ci diiru benn fan.

[1004] **Mk 12:42; Lu 21:2 dërëm**: Mooy posetu kodorantes, poset bu gëna néew dayo ci xaalisu waa Rome yi. Daanaka 64 kodorantes moo doon benn daraxma. Maanaam 64 kodorantes doy na fey ku liggéey ci tool ci diiru benn fan.

[1005] **Yow 12:20 *Gereg***: Ñi dul Yawut lañu, du Yawut yu làkk gereg. Ndegam nekk nañu ca Yerusalem ngir màggalu bésu Mucc, Gereg ya bokkoon nañu ci ñi tuub ci yoonu Yawut.

Yerusalem ngir jaamu Yàlla diirub màggal ga. Ñëw nañu ci Filib[1006], mi dëkk Betsayda[1007] ci diiwaanu Galile, ne ko: « Sang bi, danoo bëggoona gis Yeesu. »

Filib dem wax ko Andare[1008]; ñu ànd, waxi ko Yeesu. Mu ne léen: « Waxtu wi ñu wara feeñale ndamu[1009] Doomu nit ki[1010] jot na[1011]. Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, fi ak peppu dugub ji wadd ci suuf jaarul ci dee, du mana weesu li mu doon: pepp doŋŋ. Waaye bu deeyee, dina jur pepp yu bare. Ku bëgg bakkanam dina ko ñàkk, waaye ku ko bañ ci àddina sii, dina ko denc ngir dund gu dul jeex gi[1012]. Ku bëgga doon sama surga, na ma topp. Bu ko defee, fu ma nekk, fa lay nekk moom itam. Ku may liggéeyal, sama Baay dina ko teral.

« Léegi nag damaa jàq. Lu may wara wax? Mbaa du dama naan: "Baay, musal ma ci li nara xew waxtu wiy ñëw?" Déedéet, ñëw naa sax ngir jaar ci waxtu woowu. Baay, màggalal sa tur! »

Noonu ñu dégg baat bu jóge asamaan[1013] naan: « Màggal naa ko ba noppi, te dinaa ko màggalaat. »

Mbooloo ma fa teewoon te dégg baat ba daldi ne: « Dënnu la woon! » Ñeneen naan: « Malaakaa doon wax ak moom. » Waaye Yeesu ne léen: « Taxuma baat boobu jolli, waaye yéena tax. Àtteb àddina si jot na: léegi

---

1006 **Yow 12:21 *Filib***: Benn ca 12 ndawi Kirist ya la woon. Turam ci xeetu Gereg la bokk. Filib ak Andare doŋŋ ci fukki taalibe ak ñaar ya amoon nañu tur ci làkku gereg. Xëyna loolu moo tax jar nañu ca Filib ngir gis Yeesu.

1007 **Yow 12:21 *Betsayda***: Dëkk ba ci penku-kawu dexu Galile la woon, sorewul fu dexu Yurdan dugg. Betsayda nekkoon ca wetu yoon wu gëna am solo ca réew ma, lu boole dëkku Damas ak Géej gu Mag (jëm Misra) walla Yerusalem. Buur ba Filib defaroon na dëkk ba, yokk ña fa dëkk, def ko ñaareel bi péeyam. Matul 10 kilomet fu sorewul ay dëkki Gereg yi bokkoon na ci li ñuy wax Fukki dëkk yi. Maanaam waa dëkk ba xamoon nañu aada ak làkku gereg.

1008 **Yow 12:22 *Andare***: Benn ca 12 ndawi Kirist ya la woon, di rakku Simoŋ Piyeer.

1009 **Yow 12:23 *ndamu Doomu nit ki***: Dafa tekki ne ki Yeesu doon dëgg-dëgg dina feeñ.

1010 **Yow 12:23 *Doomu nit ki***: Seetal leeral 121 (Yow 1:51, wàll 22, page 58).

1011 **Yow 12:23 *jot na***: Ci diiru ay at Yeesu doon na wax ne « Sama waxtu jotagul. » (Yow 2:4; 7:6,8,30; 8:20). Ñëwug Gereg ya moo tax léegi mu wax « Waxtu wi jot na! »

1012 **Yow 12:25 *dund gu dul jeex gi***: Seetal leeral 5 (Yow 1:4, wàll 2, page 13).

1013 **Yow 12:28 *baat bu jóge asamaan***: Ñetti yoon ab baat bu jóge asamaan seede na ne ki Yeesu doon — bi ñu ko soobee ci ndox (Mc 3:17; Mk 1:11; Lu 3:22); bi ndamu Yeesu jollee ci moom (Mc 17:5; Mk 9:7; Lu 9:35); ak léegi.

ñu dàq malaaka mu bon[1014], mi jiite àddina si. Te man, bu ñu ma yékkatee[1015], ma tiim suuf, dinaa xiirtal nit ñépp ci man[1016]. »

Ci baat yooyu la doon misaale ni mu wara faatoo. Mbooloo ma ne ko: « Jàng nanu ci sunu téereb yoon[1017] ne, Almasi bi dina sax ba fàww. Kon yaw, nan nga mana waxe ne: "Doomu nit ki dina yékkatiku?" Kuy Doomu nit kooku? »

Yeesu ne léen: « Leer gi dootul yàgg ak yéen[1018]. Doxleen, ci bi ngeen dee am leer, ngir lëndëm bañ leena bett. Ndaxte kuy dox ci lëndëm doo xam foo jëm. Kon ci bi ngeen dee am leer gi, gëmleen ko, ngir ngeen doon doomi leer. »

### 135. Yeesu bàyyi na Yawut yi ci seen ngëlëm (Yow 12:36b-50)

Yow Bi mu waxee loolu ba noppi, Yeesu dafa dem, nëbbatuji léen. Firnde yi mu léen won yépp taxul ñu gëm ko, ngir li yonent Yàlla Esayi waxoon[1019] am:

> « Boroom bi, ana ku gëm sunu waare?
> Kan la Boroom bi won dooleem? »

Manuñu woona gëm, ndaxte Esayi dafa waxaat[1020] ne:

> « Yàlla dafa gumbaal seeni bët,
> def ba ñu dëgër bopp,

---

[1014] **Yow 12:31 *malaaka mu bon, mi jiite àddina si***: Mooy benn ci turi Ibliis. Seetal itam Yow 14:30; 16:11; 2Ko 4:4; Ef 2:2.

[1015] **Yow 12:32 *bu ñu ma yékkatee***: Dafa wax ci ni ñu nar koo daaje ca bant ba, fu mu tiim mbooloo mi seetaan.

[1016] **Yow 12:32 *xiirtal nit ñépp ci man***: Maanaam yemul ci Yawut ya, waaye ñi dul Yawut ña itam bokk nañu ci.

[1017] **Yow 12:34 *jàng nanu ci sunu téereb yoon***: Ñu bare ci Yawut ya gëm nañu ne Almasi bi dina ñëw, musal Israyil ci nguuru Room ba noppi nguuru fi ci suuf ba fàww ci kaw li ñu gis ci Da 7:13-14; ak ci 2Sa 7:13; Ps 89:3-4,35-36; 110:4; Isa 9:7; Eze 37:25.

[1018] **Yow 12:35 *leer gi dootul yàgg ak yéen***: Yeesu tontu na ci laaj « Kuy Doomu nit ki? » ak « Leer gi… ». Dafa bëgg wax ne moom mooy leer gi. Doxleen ci leer mooy topp ci Yeesu.

[1019] **Yow 12:38 *li yonent Yàlla Esayi waxoon***: Jukki na ko ci Isa 53:1. Isa 52:13-53:12 dafa wax bu leer ci coono bi Almasi bi nara daje.

[1020] **Yow 12:39 *Esayi dafa waxaat***: Jukki na ko ci Isa 6:10. Jukki nañu Isa 6:10 ci Mc 13:13-15; Mk 4:12; Lu 8:10 ngir tekki lu tax Yawut ya dégguñu njàngaley Yeesu ci léebu; ak ci Jëf 28:26-27 ngir tekki lu tax Yawut ya nanguwuñu xibaaru jàmm.

ngir seeni bët baña gis,
seen xel baña xam,
ñu baña waññiku ci man
ngir ma wéral léen. »

Esayi dafa wax loolu, ndaxte gisoon na ndamu Yeesu[1021] te mi ngi doon wax ci ay mbiram.

Fekk na ci biir njiit yi sax, ñu bare gëmoon nañu Yeesu, waaye Farisen yee tax fésaluñu ko, ndaxte dañoo ragaloon, ñu dàq léen ca jàngu ba. Ngërëmu nit a léen gënaloon ngërëmu Yàlla.

Yeesu yégle ne: « Ku ma gëm, gëmuloo ma waaye gëm nga ki ma yónni. Ku ma gis, gis nga ki ma yónni. Ni ag leer laa wàcce ci àddina, ngir ku ma gëm du des ci lëndëm. Ku dégg samay wax te toppu léen, du man maa koy daan, ndaxte wàccuma ngir daan àddina, waaye damaa ñëw ngir musal ko. Ku ma beddeeku te nanguwul samay wax, dina fekk fii li koy daan: sama njànglee koy daan keroog bés bu mujj ba. Ndaxte waxuma ci sama coobare, waaye Baay bi ma yónni ci boppam, moo ma sant li ma wara wax ak li ma wara jàngle. Te xam naa ne li muy santaane day joxe dund gu dul jeex. Kon li ma wax, dama koy wax, ni ma ko Baay bi sante. »

**136. Yàqug Yerusalem ak dellusig Doomu nit ki** (Mc 24:1-42; 10:17-23; 25:1-46; Mk 13:1-37; Lu 21:5-36; 12:11-12)

*Anam yi: Talaata la ba tey.*

[Mk] Bi Yeesu di jóge ca kër Yàlla ga, [Mc] ay taalibeem ñëw ci moom, ngir won ko tabaxi kër Yàlla ga[1022], [Lu] ak ni ñu ko rafetale ak ay doj yu jafe ak

---

[1021] **Yow 12:41 *Esayi gisoon na ndamu Yeesu***: Dafa wax ci li ñu jàng ci Isa 6:1-4 fu Esayi gisoon ndamu Yàlla Aji Sax ji. Maanaam Yowaana dafa bëgg wax ne Yeesu mooy ki mu gisoon.

[1022] **Mc 24:1; Mk 13:1; Lu 21:5 *tabaxi kër Yàlla ga***: Kër Yàlla ga, tabax bu yéeme la woon. Xeer yi ñu jëfandikoo ngir tabax miir ba, yu gëna réy, bu nekk moo tollook 3 néeg, te 400 junni kilo la pese! Ci kër Yàlla ga moom ci boppam marbar bu weex te rafet lañu ko defare, ba noppi rafetal ko ak wurus. Daan nañu wax ne, bu jant leeralee ko, kenn mënu ko xool ndax ni mu melaxe.
Kër Yàlla gi ñu gis ci jamono Injiil mooy ñaareel bi. Buur bi Suleymaan moo tabax gu jëkk ga, waaye waa Babilon tas na ko ak dëkku Yerusalem ca jamono ji ñu yóbbu Yuda ñu nekk jaam ca Babilon. Yawut yi jóge Babilon bi àpp bi Yàlla dogaloon jeexoon, tabaxaat na geneen kër Yàlla ca kaw fu bu jëkk ba nekkoon, mooy bérab bu gëna kawe ca dëkk ba. Waaye amuñu woon doole bu tabax rafete ni bu jëkk ba. Ca xarnu ya topp, defaraat te rafetal nañu ko ay yoon. Ca daanaka atum 20 j.K. Buur bi Erodd gu Mag ga, tàmbalee

alal ju ñu jébbal Yàlla. [Mk] Kenn ca taalibe ya ne ko: « Kilifa gi, xoolal! Ni mu réye ay doj, te rafete ni ay taax! » Waaye Yeesu ne léen: « Du gis ngeen taax yu réy yii yépp? [Mc] Ci dëgg maa ngi leen koy wax, [Lu] li ngeen gis fii lépp, jamono dina ñëw joo xam ne dina daanu, ba doj dootul des ci kaw doj.[1023] »

[Mk] Gannaaw loolu, bi nga xamee ne Yeesu toog na ci tundu Oliw ya[1024], jàkkaarlook kër Yàlla ga, Piyeer, Saag, Yowaana ak Andare fekki ko cig wet, laaj ko [Lu] ne: « Kilifa gi, kañ la loolu di am? Ak luy tegtal ne [Mk] mbir yii yépp a ngi [Lu] waaja xew, [Mc] te luy tegtale ne yaa ngi ñëw te àddina di tukki?[1025] »

**Tënk bi** (Mc 24:4-8; Mk 13:5-8; Lu 21:8-11)

[Mk] Noonu Yeesu ne léen: « Moytuleen, bu leen kenn nax. [Mc] Ndaxte ñu bare dinañu ñëw ci sama tur ne: [Lu] "Moom laa, [Mc] maa di Kirist," [Lu] walla ñu naan: "Jamono ji jegesi na." [Mc] Te dinañu nax ñu bare. [Lu] Buleen topp ñooñu. [Mc] Dingeen dégg ay xare ak coowi xare [Lu] ak ay réew yu jóg. Wottuleen, [Mc] buleen ci tiit, ndaxte [Lu] fàww yooyule jëkka am. Waaye taxul mujug jamono daldi taxaw. » Noonu mu teg ca ne: « Xeet dina jóg,

---

defaraat kër googu ak 10.000 liggéeykat ya. Kër ga moom ca boppam àggale nañu ko ca at ak genn wàll. Ëtt ya jël na beneen 8 at, waaye sax nañu ca liggéey bi ndànk-ndànk ba atum 64 g.K..

Ngir yaatal déndu ëtt ya ba ñu maase te doy, xàll nañu njobbaxtalu tundu Moriya. Fee lañu gasoon ngir wàññi tund wa; fale lañu feesoon xur ya ak doj ya ñu teg ca kaw ay kenu, miir yu dëgër teey lépp. Déndu kër ak ëtt yi Erodd tabaxoon tollu na 14 ektaar (daanaka 785 meetar X 300 meetar), maanaam daanaka 20 pàkk/fowuwaay wu futbal. Mu am 8 bunt ya. Xeer yu réy te dëgër lañu jëfandiku ngir miir ba, ba miir am yaatuwaayu 5 meetar te amoon na ay bérab, kawewaay àgg 50 meetar su ñu ci boole fondamaa.

[1023] **Mc 24:2; Mk 13:2; Lu 21:6 *doj dootul des ci kaw doj***: Taalibe Yeesu gëm nañu ne jamono ji ñu tas kër Yàlla ga mooy jamono ji Yeesu ñëwaat ci àddina si te àddina di tukki. Waaye waa Room tas nañu Yerusalem ak kër Yàlla ga ci atum tubaab 70 g.K..

[1024] **Mc 24:3; Mk 13:3 *tundu Oliw ya***: Wenn tund la, féete lu matul benn kilomet ci penkub Yerusalem. Dafa tiim Yerusalem te jàkkaarloo ak këru Yàlla ga.

[1025] **Mc 24:3 *àddina di tukki***: Seetal leeral Mc 13:39 wàll 52. Ni ñu bare ca jamonoom, taalibe Yeesu ya gëm nañu ne Yàlla du bàyyi ñu tas kër Yàlla ga lu dul ca muju jamono ji ak ñëwug Almasi bi. Mooy li ñu gisoon ci téereb yonent Yàlla Sakari (Zec 14:1-9). Ñaari mbir la, waaye taalibe Yeesu gëm nañu ne menn mbir rekk la. Nguuru Room ñëw na tas dëkku Yerusalem and kër Yàlla ga ci atum tubaab 70 g.K. – mooy benn ci xew-xew ya. Beneen bi mooy muju jamono ji. Naka noonu Yeesu dafay boole ci waxam lenn li sorewul woona ñëw ëllëg te leneen lu xawa sore.

xeex ak weneen xeet, réew dina xeex ak meneen réew. Mc Dina am ay Lu wopp ak Mc ay xiif ak ay yëngu-yënguy suuf ci bérab yu bare. Waaye loolu lépp mooy ndoortel metit yi, mel ni jigéen juy matu. Lu Dina am it ay xew-xew yu raglu ak ay firnde yu mag yuy jóge asamaan. »

**Dinañu leen fitnaal** (Mc 10:17-22; 24:9-10; Mk 13:9-13; Lu 12:11-12; 21:12-19)

Mc « Waaye moytuleen nit ñi, ndaxte Lu bala looloo xew, Mc dees na leen jébbale, mitital leen, rey leen. Lu Dees na leen jàpp, fitnaal leen, di leen jébbal àttekat yi ca jàngu ya, tëj leen kaso, Mc te dóor leen ay yar ci seeni jàngu. Dees na leen yóbbu ngir man ci kanam i boroom réew ak i buur, ngir ngeen seede ma ci ñoom ak ci ñi dul Yawut. Lu Loolu dina leen ubbil bunt, ba ngeen man maa seedeel.

Lu « Bu ñu leen yóbboo ca jàngu ya, ca kanam kilifa ya ak àttekat ya, Mk dëj leen ci péncum layoo, buleen jàq, Lu buleen am xel ñaar ci li ngeen wara tontu ak nan ngeen wara tontoo, walla lu ngeen wara wax, ndaxte Xel mu Sell mi[1026] dina leen xamal ca waxtu woowa li ngeen wara wax; Mk li ngeen jot ca waxtu woowa waxleen ko, ndaxte Mc du yéenay wax, waaye Xelum seen Baay mooy wax ci yéen. Lu Fasleen yéenee baña wut lay ngir musal seen bopp. Ndaxte man ci sama bopp maa leen di jox kàddu ak xel moo xam ne seeni noon duñu ko mana teggi, mbaa ñu di ko weddi.

Mc « Te xeet yépp dinañu leen bañ ndax sama tur. Bu loolu amee ñu bare dinañu dàggeeku, di booleente tey bañante. Mk Mag dina joxe rakkam cig dee, baay joxe doomam; ay doom it dinañu jóg, di bañ seeni waajur, di léen reylu. Lu Seeni waajur sax ak seeni doomi ndey, seeni bokk ak seeni xarit, dinañu leen jébbal àttekat yi, ba ñu rey ñenn ci yéen. Te ñépp dinañu leen bañ ndax sama tur. Waaye seen genn kawar sax du neen. Seen muñ moo leen di musal. »

**Ñu yégle xibaaru jàmm bi xeet yépp** (Mc 24:11-14; 10:23; Mk 13:10)

Mc « Te it ñu bare ñuy mbubboo turu yonent dinañu feeñ, nax nit ñu bare. Te gannaaw lu bon day law, mbëggeelug ñi ëpp dina wàññiku. Waaye ku muñ ba ca muj ga, mucc. Mc Boo xamee ne fitnaal nañu leen ci dëkk bii,

---

[1026] **Mc 10:20; Mk 13:11; Lu 12:12 *Xel mu Sell mi***: Seetal leeral 25 (Lu 1:35, wàll 6, page 24)

demleen ca ba ca kanam. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, dungeen mana wër dëkki Israyil yépp, te Doomu nit ki ñëwul. [Mk] Fàww xibaaru jàmm [Mc] bii ci nguuru Yàlla[1027] [Mk] jëkka jib [Mc] ci àddina sépp, ngir mu nekk seede ci xeet yépp. Bu loolu amee mujug jamono ji jot. »

### **Ñu nappaaje Yerusalem** (Lu 21:20-24)

[Lu] « Bu ngeen gisee ay xarekat wër dëkku Yerusalem[1028], xamleen ne jamono, ji ñu koy yàq, agsi na. Kon nag ku nekk ci biir diiwaanu Yude, nanga daw ca tund ya; ku nekk ci biir dëkk bi, nanga ko génn; te ku nekk ca tool ya, bul dugg ca dëkk ba! Ndaxte ci bés yooyu Yàlla dina fey jëf yi, te li ñu bindoon ci téereb Yàlla dina mat. Ngalla jigéen ñi ëmb ca bés yooya, ngalla it ñiy nàmpal! Ndaxte tiis wu metti dina am ci réew mi, te Yàlla dina wàcce meram ci waa réew mii. Dees na léen reye ak i jaasi, jàpp léen jaam, yóbbu léen ci réewi àddina sépp. Te ñi dul Yawut dinañu nappaaje Yerusalem[1029], ba kera jamonoy ñi dul Yawut mat. »

### **Lu araam luy yàqe** (Mc 24:15-22; Mk 13:14-20)

[Mk] « Bés baa ngi ñëw, bu li ñuy wax "Lu araam luy yàqe[1030]" tegee ca

---

[1027] **Mc 24:14; Mk 13:10 *xibaaru jàmm bii ci nguuru Yàlla***: Seetal leeral 1 (Mk 1:1, wàll 1, page 12).

[1028] **Lu 21:20 *ay xarekat wër dëkku Yerusalem***: Seetal leeral 906 (Lu 19:43, wàll 121, page 248).

[1029] **Lu 21:24 *ñi dul Yawut dinañu nappaaje Yerusalem***: Xareb nguuru Room ñëw na gaw Yerusalem ba nangu ko atum tubaab 70 g.K.. Tas nañu dëkk ba lépp, miiram, ak kër Yàlla ga.

[1030] **Mc 24:15; Mk 13:14 *lu araam luy yàqe***: Yonent Yàlla Dañeel wax na ci ci Dan 9:27; 11:31; 12:11. Injiil wax na ci itam ci 2Tes 2:3-4. Dañeel saar 11 dafa wax ci buur yi nara ñëw gannaaw jamono Dañeel. Benn ci moo doon Antiyoxos Epifan, buuru Siri (Da 11:21-32). Dafa songoon Yerusalem, lël kër Yàlla ga, duggal fa kureelu xareem ca atum tubaab 169 j.K.. Gannaaw ga sàkkal na ca kër Yàlla ga sarxalukaay ngir màggal Sës, di sarax fa ay mbaam-xuux. Waaye Dañeel ak Yeesu wax na itam ca keneen ku nara ñëw gannaaw jamono Yeesu. Tey ji boroom xam-xamu diine dañuy werante ndax Yeesu wax na ci Bañaaleb Kirist (Da 7:20-21,24-25; 9:25-27; 11:36-45; 2Tes 2:1-10; Pe 13:11-18; 16:13-14; 19:19-20; 20:10), ki ñu tudd ci Lislaam Masiyadajal ki nara ñëw ca muju jamono walla ci keneen ki nara ñëw ca jamono ju gëna jege jamono Yeesu. Cosaankat ba Yosef gëm na ne waxu Dañeel ameel na ca atum tubaab 66 g.K. bi ñi bokk ca mbooloo, ma ñu tudde Ñi farlu ci moom seen réew réyoon sarxalkat ya ca kër Yàlla, ñeenti at laata ñu tasoon kër Yàlla ga.

bérab bu mu yelloowul[1031]; Mc mooy li ñu doon wax jaarale ko ci yonent Yàlla Dañeel[1032]; ku ko jàng, nanga ko xam. Mk Bu ngeen gisee loolu nag, ku nekk ci biir diiwaanu Yude, nanga daw ca tund ya. Ku nekk ci kaw taax mi[1033], bul wàcc ngir dugg kër gi, fab say yëf ya fa nekk. Ku nekk ci tool bi, bul ñibbi ngir fab sa mbubb. Mc Ngalla jigéen ñi ëmb ca bés yooyu, ngalla it ñiy nàmpal! Ñaanleen nag seen gàddaay bumu nekk jamonoy seddaayu lolli[1034], walla bésub noflaay bi. Mk Ndaxte booba dina am metit wu réy wu masula am, ba àddina sosoo ak tey, te dootul am mukk. Te bu fekkul woon Boroom bi wàññi bés yooyu, kenn du mucc, waaye fekk na mu wàññi léen ndax gaayam ñi mu tànn. »

**Yeesu ñëw ni melax** (Mc 24:23-31; Mk 13:21-27; Lu 21:25-27)

Mk « Booba nag, bu leen kenn waxee: "Kaayleen gis, Kirist a ngi fi," mbaa: "Xool-leen, mu nga fale," buleen ko gëm. Ndaxte ñiy mbubboo turu Kirist ak ñiy mbubboo turu yonent, dinañu feeñ, di joxe ay firnde yu réy ak ay kéemaan, ba ciy nax sax ñi Yàlla tànn, su loolu manoona am. Wax naa leen ko lu jiitu. Kon nag moytuleen.

Mc « Bu ñu leen waxee nag: "Seetleen, mu nga nale ca àll ba," buleen génn, mbaa ñu ne: "Seetleen, mu ngi nii ci biir kër gi," buleen ko gëm. Ndaxte ni melax di fàqe penku, te lerax ba sowu, noonu la ñëwug Doomu

---

[1031] **Mc 25:15; Mk 13:14 *bérab bu sell ba***: Kër Yàlla ga, benn néeg la bu ñu xàjjalikoo ñaar ak ab rido – mooy bérab bu sell ba ak bérab bu sell-baa-sell ba. Ca bérab bu sell-baa-sell sarxalkat bu mag rekk moo saña dugg, te moom benn yoon doŋŋ at bu nekk. Gaalu kóllëre ga nekkoon na ci biir bérab bu sell-baa-sell ba ci kër Yàlla gi Suleymaan tabaxoon. Waaye réer na gannaaw ga ñu ñu defe Yawut ya jaam, yóbbu léen Babilon. Naka noonu dara nekkul woon ci biir bérab bu sell-baa-sell ca jamono Yeesu. Bérab bu sell-baa-sell ba moo gëna sell fépp ca xalaatinu Yawut ya Moo misaale jetaay Yàlla.

[1032] **Mc 24:15 *yonent Yàlla Dañeel***: Yonent Yàlla la woon, ci jamano njaamu Yuda ci Babilon lu tollu 600 at j.K.. Siiw na ndax xelam mu xóot, njàng ak ràññee, mën-mënu firi gént yi, ak njubteem. Dafa nekkoon kilifag nguur ga ci réewu Babilon ci jamano buuri Babilon ak Pers: Nabukodonosor, Belsasar, Dariyus ak Sirus. Bind na téere bu tudd Dañeel (Da 1:1-12:13).

[1033] **Mc 24:17; Mk 13:15 *taax mi***: Seetal leeral 790 (Lu 17:31, wàll 105 page 224).

[1034] **Mc 24:20; Mk 13:18 *seddaayu lolli***: Ci Israyil, lolli mooy jamono ju sedd te taw bare. Dafa sedd guyy ci guddi ya. Yoon ya tooyoon nañu ba nga luf ci ban te jàll dex ya jafe na ndax ndox yu bare. Naka noonu neexul tukki ci jamono lolli.

nit ki di mel. Fa médd nekk, fa la tan yiy dajee[1035].

« Gannaaw metitu bés yooyule nag, [Lu] ay firnde[1036] dinañu feeñ ci jant bi, ci weer wi ak ci biddiiw yi. [Mc] Ca saa sa jant bi dina lëndëm te weer wi dootul leer; biddiiw yi dinañu fàq, daanu ci asamaan, te kàttani asamaan yi yëngu. [Lu] Ci kaw suuf xeet yi dinañu tiit, jaaxle ndax riiru géej gi ak yëngu-yëngub duus yi. Bu boobaa nit ñiy xëm ndax tiitaange, bu ñuy xalaat musiba, yi nara wàcc ci àddina, ndaxte dees na yëngal kàttani asamaan. [Mc] Booba firnde ji taxaw, Doomu nit ki feeñ ci asamaan[1037], te xeeti àddina sépp dinañu jooy[1038]. Dinañu gis Doomu nit ki di ñëw ci niiri asamaan si, ànd ak kàttan ak ndam lu réy. Dina yónni ay malaakaam ak baatu liit bu dégtu, ñu dajale ñi mu tànn ci ñeenti xébla yi[1039], [Mk] fa àddina dale, ba fa asamaan yem, [Mc] [ak] fa asamaan dale ba fu mu yem. »

**Xool-leen te pare** (Mc 24:32-42; Mk 13:28-37; Lu 21:28-36)

[Lu] « Bu mbir yooyu di tàmbalee xew nag, boo yaboo ngeen siggi, téen, ndaxte seen njot jubsi na. » Noonu Yeesu misaal léen lii: [Mc] « Jàngleen misaalu garabu figg ga[1040]. [Lu] Xool-leen garabu figg ak yeneen garab yi. [Mc] Boo xamee ne ay bànqaasam duy nañu, tey xobam sëq, xam ngeen ne nawet jege na. [Lu] Soxlawuleen kenn wax leen ne, nawet bi jubsi na xaat. Noonu itam bu ngeen gisee loolu lépp xew, xamleen ne nguuru Yàlla jege na, [Mc] mu ngi ci bunt bi sax. Ci dëgg maa ngi leen koy wax, niti jamono jii duñu wéy te loolu lépp amul[1041]. Asamaan ak suuf dinañu wéy, waaye

---

[1035] **Mc 24:28 *Fa médd nekk, fa la tan yiy dajee***: Seetal leeral 793 (Lu 17:37, wàll 105, page 225).

[1036] **Mc 24:29-30; Mk 13:24-25; Lu 21:25 *ay firnde***: Yonent Yàlla Esayi yi wax na ci (Isa 13:10; 34:4).

[1037] **Mc 24:30; Mk 13:26; Lu 21:27 *Doomu nit ki feeñ ci asamaan***: Yonent Yàlla Dañeel wax na ci (Da 7:13-14).

[1038] **Mc 24:30 *xeeti àddina sépp dinañu jooy***: Yonent Yàlla Sakari wax na ci (Zec 12:10-14).

[1039] **Mc 24:31 *ñu dajale ñi mu tànn***: Yonent yi wax nañu ci (De 30:4; Isa 60:4; Jer 32:37; Eze 34:13; 36:24).

[1040] **Mc 24:32; Mk 13:28; Lu 21:29 *garabu figg ga***: Lu ëpp ci xeetu garab yi dañuy tooy atum lëmm. Waaye xobi figg ga dañuy wadd di sëqaat at bu nekk. Naka noonu xob ya ak meññeef ya ñoo wone jamono.

[1041] **Mc 24:34; Mk 13:30 *niti jamono jii duñu wéy, te loolu lépp amul***: Tas nañu dëkku Yerusalem ak kër Yàlla ga daanaka 40 at gannaaw ga Yeesu waxoon baat yi.

samay wax du wéy mukk.

« Waaye bés booba walla waxtu wa, kenn xamul kañ lay doon; du malaaka yi ci kaw, du sax man Doom ji, waaye Baay bi rekk moo ko xam. Ni bési Nóoyin ya[1042], noonu lay mel, bu Doomu nit ki di ñëw. Ndaxte ca bés ya jiitu mbënn ma, nit ñaa ngi doon lekk di naan, góor ñaa ngi doon takk jabar, tey maye seeni doom, ba bés ba Nóoyin duggee ca gaal ga; xalaatuñu woon dara, ba kera ndoxum mbënn ma di dikk, yóbbu léen. Noonu lay mel ci ñëwug Doomu nit ki.

« Bu boobaa ci ñaar ñu nekk cib tool, dinañu jël kenn ki, bàyyi ki ci des. Ci ñaari jigéen ñuy wol ca ëtt ba, dinañu jël kenn ki, bàyyi ki ci des.

Lu « Moytuleen seen nafsu diigal leen ci yàqute ak ci màndite ak ittey àddina, ba bés boobu bett leen ni mbaal. Ndaxte dina dal ci ñépp ñi nekk ci kaw suuf. Yewwuleen, di sax ci ñaan, ngir ngeen mana mucc ci loolu lépp wara xew, te mana taxaw ak kóolute ci kanam Doomu nit ki. Mk Moytuleen te xool, Mc ndaxte xamuleen bés bu seen Boroom di ñëw.

Mk « Mi ngi mel ni nit ku tukki, mu dénk këram ay surgaam, ku nekk ak sa sas, te sant bëkk-néeg bi, mu xool. Yéen nag xool-leen, ndaxte xamuleen kañ la boroom kër gi di délsi, muy ci timis mbaa ci xaaju guddi, muy ci fajar mbaa njël. Bu nee jalañ, bumu leen bett, ngeen di nelaw. Li ma leen wax, ñépp laa ko wax: “Xool-leen!” »

### **Léebu fukki janq ya** (Mc 25:1-13)

Mc « Booba nguuru Yàlla Aji Kawe ji dina mel ni fukki janq[1043], ñu fab seeni làmp[1044], génn, gatanduji boroom séet ba[1045]. Fekk juróom ca janq ya di ñu am xel, juróom ya ca des ñàkk xel. Ñi ñàkk xel nag fab nañu seeni làmp, waaye fabaalewuñu diw; waaye ñi am xel ñoom fab nañu seeni làmp, fabaale diw ciy njaq. Ni boroom séet bi yéexee ñëw nag, ñépp

---

[1042] **Mc 24:37 *bési Nóoyin ya***: Seetal leeral 786 (Lu 17:26, wàll 105 page 224).

[1043] **Mc 25:1 *fukki janq***: Xariti séet ba lañu, xale yu am yu am 12 at ba 16 at. Su ñu sàggane seen warugar ci céet ga gàcce gu réy la, gu toroxal xaritam, boroom séet ba ak gan ya.

[1044] **Mc 25:1 *làmp***: Làmpu diwlin bu réy la bi ñu teg ca kaw ab bant.

[1045] **Mc 25:1 *gatanduji boroom séet ba***: Ca biir aada céet ya, boroom séet ba ak ay gaayam dem nañu jële séetam ca kër baayam, ci guddi ga. Ba noppi ñépp àndandoo dem kër boroom seet ba ngir xew ma. Xewu céet daan na yàgg 7 fan. Kenn xamul woon ban waxtu la boroom séet bi nara agsi kër ga.

gëmméentu bay nelaw.

« Noonu ci xaaju guddi baat jib ne: “Boroom séet baa ngi, génnleen, gatandu ko.” Bi ko janq ya déggee, ñu jóg, defar seeni làmp. Ñi ñàkk xel wax ñi am xel: “Mayleen nu ci seen diw, ndaxte sunuy làmp ñu ngi bëgga fey.” Waaye ñi am xel ne léen: “Li nu yor du doy ngir nun ak yéen. Tee ngeena dem ca jaaykat ya, jënd?” « Bi nga xamee ne dem nañu jëndi, boroom séet ba agsi. Ñi amoon diw ci seeni làmp, ànd ak boroom séet ba ca reer ya. Noonu bunt ba tëj. Gannaaw loolu janq ya ca des agsi naan: “Sang bi, Sang bi, ubbil nu!” Mu ne léen: “Ci dëgg maa ngi leen koy wax, xawma leen.”

« Yewwuleen nag, ndaxte xamuleen bés ba mbaa waxtu wa. »

**Léebu surga, ya njaatige bi dénk xaalisam** (Mc 25:14-30)

Mc « Te it nguuru Yàlla dafa mel ni kuy tukki bitim réew. Bi muy laata dem, mu woo ay surgaam, batale léen alalam, ku nekk lu mu àttan. Kenn ka, mu dénk ko juróomi milyoŋ[1046], keneen ka, mu dénk ko ñaar; ka ca des, benn; daldi tukki.

« Bi mu demee nag, ki jot juróomi milyoŋ ya dem, di ci jula, ba amaat yeneen juróom. Noonu it ki jot ñaar amaat yeneen ñaar. Waaye ki jot benn milyoŋ dem, gas pax, nëbb fa xaalisu njaatigeem.

« Gannaaw diir bu yàgg njaatigeb surga ya délsi, daldi léen laaj alalam. Noonu ki jot juróomi milyoŋ ya jegeñsi, indi yeneen juróom naan: “Kilifa gi, dénk nga ma juróomi milyoŋ; seetal, ame naa ci yeneen juróom.” Njaatigeem ne ko: “Def nga lu baax, surga bu baax nga te takku. Gannaaw takku nga ci lu tuuti, dinaa la dénk lu bare. Kaay bokk ci sama mbég.” Naka noona ki jot ñaari milyoŋ it jegeñsi ne ko: “Kilifa gi, dénk nga ma ñaari milyoŋ, seetal, ame naa ci yeneen ñaar.” Njaatigeem ne ko: “Def nga lu baax, surga bu baax nga te takku. Gannaaw takku nga ci lu tuuti, dinaa la dénk lu bare. Kaay bokk ci sama mbég.”

« Gannaaw loolu nag, ki jot benn milyoŋ jegeñsi ne ko: “Kilifa gi, xamoon naa ne, nit ku néeg nga; dangay dajale foo jiwul, tey góob foo faruwul. Moo tax ma ragaloon la, ba dem, nëbb sa xaalis ci biir suuf; mi ngii, fabal

[1046] **Mc 25:15** ***juróomi milyoŋ***: Mooy li ñu daan tudd talaŋ. Du poset. Xaalis walla wurus bi ñu nattu la woon. Talaŋ bu xaalis dafa pese daanaka 34 kilo. Ci jamono Injiil dayo benn talaŋ moo doo 60 mina walla lu doy fey 6.000 nit ngir ñu liggéey ci tool benn fan. Naka noonu juróomi talaŋ xaalis lu bare lool la.

li nga moom.” Waaye njaatigeem ne ko: “Surga bu bon nga te tayel! Gannaaw xamoon nga ne damay dajale fu ma jiwul, tey góob fu ma faruwul, kon waroon ngaa yóbbu sama xaalis ca denckati xaalis ya[1047]. Bés bu ma ñëwee nag, ma mana jot li ma moom ak la mu jur.” Noonu njaatige bi ne: “Nanguleen xaalis bi ci moom, jox ko boroom fukki milyoŋ yi. Ndaxte ku am dinañu la dolli, ba nga barele, waaye ku amul, li nga am as néew sax, dinañu ko nangu. Te sànnileen surga bu amul njariñ bi ci biti ci lëndëm gi. Foofa dees na fa jooy te yéyu.” »

### **Àtteb xeet yi** (Mc 25:31-46; Lu 21:37-38)

Mc « Boo xamee ne Doomu nit ki mu ngi ñëw ci ndamam, ànd ak malaaka yépp, booba dina falu ni buur, toog ci jalam bu soloo ndam. Bu boobaa dees na dajale xeeti àddina yépp ci kanamam, te dina léen xàjjale, ni sàmm di xàjjalee xar yi ak bëy yi[1048], mu teg xar yi ci ndijooram, bëy yi ci càmmoñam.

« Noonu Buur bi dina wax ñi féete ndijoor: “Agsileen, yéen ñi sama Baay barkeel, jël-leen nguur, gi ñu leen waajal li dale ci njàlbéenug àddina. Ndaxte xiifoon naa, ngeen jox ma, ma lekk; te mar, ngeen jox ma, ma naan; nekkoon naa ab doxandéem, ngeen fat ma; te rafle, ngeen wodd ma; woppoon naa, ngeen seetsi ma; te ñu tëj ma, ngeen ñëw fi man.” Ci kaw loolu ñi jub dinañu ne: “Boroom bi, kañ lanu la gisoon, nga xiif, nu jox la, nga lekk; mbaa nga mar, nu jox la, nga naan? Kañ lanu la gisoon, nga nekk ab doxandéem, nu fat la; mbaa nga rafle, nu wodd la? Kañ lanu la gisoon, nga wopp mbaa ñu tëj la, nu ñëw ci yaw?” Noonu Buur bi dina léen ne: “Ci dëgg maa ngi leen koy wax, saa yu ngeen defalee loolu kenn ki gëna ndaw ci sama bokk yii, man ngeen ko defal.”

« Gannaaw loolu dina wax ñi ci càmmoñam: “Soreleen ma yéen ñi alku, te dem ci sawara su dul fey, si ñu sàkkal Seytaane ak ay malaakaam[1049]. Ndaxte xiifoon naa waaye joxuleen ma, ma lekk; te mar waaye joxuleen ma, ma naan. Nekkoon naa ab doxandéem, waaye fatuleen ma; te rafle,

---

[1047] **Mc 25:27 *denckati xaalis ya***: Seetal leeral 875 (Lu 19:23, wàll 118, page 241).

[1048] **Mc 25:32 *sàmm di xàjjalee xar yi ak bëy yi***: Sàmm ya manoon nañu sàmmandoo xar ya ak bëy ya ci bëccëg. Waaye ci guddi xar ya tàmm nañu fanaan ci biti, te bëy ya, yi ñemewul sedd si, bëggoon nañu fanaan fu seddul. Naka noonu sàmm ya daan nañu xàjjalee leen ci ngoon. Xar ëpp na dayo bëy ca jamono ja.

[1049] **Mc 25:41 *sawara su dul fey, si ñu sàkkal Seytaane ak ay malaakaam***: Seetal leeral 354 (Mc 13:42, wàll 52, page 125)

waaye wodduleen ma; woppoon naa te ñu tëj ma, waaye seetsiwuleen ma.” Ci kaw loolu dinañu ne: “Boroom bi, kañ lanu la gisoon, nga xiif, mbaa nga mar, nga nekk ab doxandéem mbaa rafle, nga wopp mbaa ñu tëj la, te topptoowunu la?” Kon dina léen ne: “Ci dëgg maa ngi leen koy wax, saa su ngeen ko defalul kenn ci ñi gëna ndaw, man ngeen ko defalul.” Noonu ñii dinañu sóobu ci mbugal gu dul jeex, waaye ñi jub dinañu tàbbi ci dund gu dul jeex[1050]. »

Lu Yeesoo ngi daan yendoo jàngle ca kër Yàlla ga, te bu guddee mu dem ca tund wu ñuy wax tundu Oliw ya, fanaan fa. Te nit ñépp dañu daan teela xëy ca kër Yàlla ga, di ko déglu.

---

[1050] **Mc 25:46 *dund gu dul jeex***: Seetal leeral 5 (Yow 1:4, wàll 2, page 13).

# Saar 19. Yeesu dafay waajal joxe bakkanam

## 137. Yudaa ngi fexeel Yeesu (Mc 26:1-5; 14-16; Mk 14:1-2,10-11; Lu 22:2-6)

*Anam yi: Talaata la ba tey.*

Mc Bi nga xamee ne Yeesu wax na loolu lépp ba noppi, mu ne taalibeem ya: « Xam ngeen ne ñaari fan a des[1051] ci màggalu bésu Mucc ba[1052], te dinañu wor Doomu nit ki, daaj ko ci bant. » Booba nag sarxalkat yu mag ya[1053] ak njiiti xeet wa[1054] Mk ak xutbakat ya[1055] Mc dajaloo ca kër gu réy[1056] gu sarxalkat bu mag ba[1057], tudd Kayif[1058]. Ñu daldi gise, ba xam lu ñu mana fexe, ba jàpp Yeesu, reylu ko. Waaye ñu ne: « Bumu doon ci bésu màggal bi[1059], ngir yëngu-yëngu baña am ci nit ñi, » Lu ndaxte dañoo

---

[1051] **Mc 26:2; Mk 14:1 *ñaari fan a des***: Bésu mucc ba, àjjuma la woon buy tàmbali bi jant so alxames. Naka noonu, ñaari fan yu jiitu mooy talaata ci guddi buy jëm àllarba.

[1052] **Mc 26:2; Mk 14:1 *màggalu bésu Mucc ba***: Seetal leeral 69 (Lu 2:41, wàll 15, page 39).

[1053] **Mc 26:3; Mk 14:1; Lu 22:2 *sarxalkat yu mag ya***: Seetal leeral 56 (Mc 2:4, wàll 12, page 36).

[1054] **Mc 26:3 *njiiti xeet wa***: Seetal leeral 926 (Mc 21:23, wàll 124, page 251).

[1055] **Mk 14:1; Lu 22:2 *xutbakat ya***: Seetal leeral 57 (Mc 2:4, wàll 12, page 36).

[1056] **Mc 26:3 *kër gu réy gu sarxalkat bu mag ba***: Kër gu réy te rafet ni këru buur la woon. Am na ñaari bérab ca tundu Siyon fu aada ya wax ne këru Kayif manoon na nekk. Waaye kenn xamul ci lu wóor. Am na genn kàmb ci suufu benn ci ñoom. Wax nañu ne kàmb googu moo doon kaso ga ñu ci tëj Yeesu ca guddi gi ñu ko jàppoon.

[1057] **Mc 26:3 *sarxalkat bu mag ba***: Sarxalkat bu mag ba moo doon kilifag diine Yawut gi. Ca jamono Yeesu nguuru Room moo léen fal. Sarxalkat bu mag moo doon yilif diine, yilif itam réew mi. Mu jiite lépp lu am ca kër Yàlla ga, ak xaalisam, ak ay alkaateem. Moom moo nekkoon itam njiitu kureelu àttekat ya, ñu dogal lépp ca wàllu diine ak ca wàllu yoonu réew ma wi nguuru Room may léen.

[1058] **Mc 26:3 *Kayif***: Seetal leeral 835 (Lu 11:49, wàll 111, page 233).

[1059] **Mc 26:5; Mk 14:2 *Bumu doon ci bésu màggal bi***: Yerusalem ca diirub màggali bésub Mucc ba xumboon na lool. Ay téeméeri junni nit jóge nañu seen dëkk ci Yude, ci Galile ak ci àddina sépp, ñëw Yerusalem ngir màggal Yàlla. Te ñu bare gëm nañu ne Yeesu yonent la, rawatina ni jóge Yeesu. Naka noonu ci màggal gii lañu gëna ragal yëngu-yëngu mbooloo am. Boroom réew mi ñëw na moom ci boppam ngir sàmm mbir yi fu jege. Nguuru Room daan nañu yokk xarekat ya ca Yerusalem. Amoon na benn yëngu-yëngu mbooloo ca màggal ga gannaaw jamono Kirist, te ay fukki junni nit dee nañu. Tamit njiiti réew ma ragal nañu lool ne nguuru Room dina léen folli su yëngu-yëngu amee.

ragaloon nit ña.

Noonu Seytaane daldi solu Yudaa, mi ñuy wooye Iskariyo[1060] te mu bokkoon ca fukki taalibe ya ak ñaar. Noonu Yudaa dem waxtaani ak sarxalkat yu mag ya ak kilifay wottukati këր Yàlla ga[1061], ba xam nan la léen di jébbale Yeesu. Mc [Mu] ne léen: « Lan ngeen ma mana jox, ngir ma jébbal leen Yeesu? » Lu Ñu am ca bànneex bu réy, dig ko xaalis. Yudaa nangu. Mc Noonu sarxalkat ya daldi ko waññal fanweeri poseti estateer[1062]. Li dale ci saa soosa nag Yudaa di fexe jamono ju mu léen mana jébbal Yeesu, Lu fu mbooloo ma nekkul.

**138. Ñu defar reeru màggalu Mucc ba** (Mc 26:17-19; Mk 14:12-16; Lu 22:7-13)

*Anam yi: Alxames la.*

Mk Bés bu jëkk ca màggal[1063], ga ñuy wax Mburu ma amul lawiir[1064],

---

1060 **Mc 26:14; Mk 14:10 *Yudaa Iskariyo***: Benn ci taalibe Yeesu la. Iskariyo moo tekki ku jóge dëkku Keriyot, benn dëkk ci Yude 40 kilomet ca suddu Yerusalem. Taalibe Yeesu yépp ay waa Galile lañu lu dul Yudaa, mi jóge Yude.

1061 **Lu 22:4 *kilifay wottukati kër Yàlla ga***: Ña soqikoo ca giiru Lewi ñoo doon liggéeykat ya ca kër Yàlla ga. Amoon na ay junni ca ñoom ña doon wottu kër Yàlla, ñooy alkaati ya. Kilifag ñay wottu kër Yàlla ga sarxalkat la itam ngir mu sañoon dugg fépp ca kër Yàlla ga. Moo topp ca Sarxalkat bu mag rekk ci sañ-sañ.

1062 **Mc 26:15 *fanweeri poseti estateer***: Yaakaar nañu dayoom moo doon daanaka lu ñu feyoon liggéeykat bu xareñ ngir ñeenti weeru liggéey. Mooy li ñu daan fey boroom jaam su aw nag dañee ab jaam ba mu dee (Ex 21:32). Tamit yonent Yàlla Sakari wax na kàddug Yàlla ci misaal ci Zec 11:4-17. Fanweeri poseti xaalis moo doon li ñu feyoon sàmm bu ñu bañoon (Zec 11:10-11).

1063 **Mc 26:17; Mk 14:12; Lu 22:7 *Bés bu jëkk ca màggal, ga ñuy wax Mburu ma amul lawiir***: Alxames ci bëccëg la. Bés boobu mooy bés bi ñu waajal bésu Mucc bi, mooy fukki fan ak ñeent ci weer wi jëkk, wi Yawut tudd Abiib walla Nisan. Bés boobu ñu wara jële seeni kër luy lawiir te ci tàkkusaan yóbbu seeni xar ca kër Yàlla ga ngir rendi ko foofu, ba noppi ñibbi ngir lekk ko.
Boroom xam-xam foog nañu ne ca jamono Yeesu, ñetti xalaatin la amoon ci ni ñu natte bés ba.
Waa Galile ak Farisen ya daan nañu natt bés ba, jant fenk ba jant fenk. Maanaam, guddi moo topp bëccëg. Waa Yude ak Sadusen ya daan nañu natt bés ba, jant so ba jant so. Maanaam, guddi moo jiitu bëccëg. Waa Room daan nañu natt bés ba, guddi gi xaaj ba guddi gi xaaj.
Loolu tekki na ne amoon ñii lekk reeru bési mucc ba ci benn bés, ñee ci des ci bés bi ko topp. At boobu waa Galile ak Farisen ya teg nañu ne fukkeelu bés ba ak ñeent ci weer wi

taalibey Yeesu laaj ko: « Foo bëgg[1065], nu defaral la reeru bési Mucc bi? » Bés bu jëkk booba nag mooy bés, ba ñu farala rendi gàttub bésu Mucc ba[1066]. [Lu] Noonu Yeesu yebal Piyeer ak Yowaana ne léen: « Demleen, defaral nu reeru bésu Mucc ba. » Ñu ne ko: « Fan nga bëggoon, nu defare ko fa? » Mu ne léen: « Bu ngeen duggee ca dëkk ba, góor gu yenu njaq lu def ndox[1067], dina taseek yéen. Toppleen ci moom ba ca kër ga muy dugg, te ngeen ne boroom kër ga: "Kilifa gi nee na: [Mc] Sama jamono jege na; ci sa kër[1068] laay màggalsi bésu Mucc ba, man ak samay taalibe. [Lu] Ana néegu gan[1069], bi may lekke reeru bésu Mucc ba, man ak samay taalibe?" Noonu dina leen won néeg bu féete kaw, te yaa, ñu defar ko ba noppi, [Mk] ba lépp jekk. Foofa ngeen nuy defarale reer bi. » Bi mu ko waxee, taalibe ya dem ca dëkk ba, gis lépp, ni léen ko Yeesu waxe woon. Noonu ñu defar reer bi.

**139. Reeru màggalu Mucc ba** (Mc 26:20; Mk 14:17; Lu 22:14-18; Yow

---

mooy bi jant fenkee alxames ba jant fenk àjjuma. Te waxtu wu ñu lekke reer bi mooy alxames ci guddi. Waa Yude, sarxalkat ya ak Sadusen ya teg nañu ne mooy bi jant so alxames ba jant so àjjuma. Te àjjuma ci guddi lañu lekke reeru bési Mucc ba.

[1064] **Mk 14:1 *màggalu Mburu ma amul lawiir***: Seetal leeral 69 (Lu 2:41, wàll 15, page 39).

[1065] **Mc 26:17; Mk 14:12; Lu 22:9 *Foo bëgg, nu defaral la reeru bési Mucc bi?***: Yoon wa moo sant ñu lekk reeri bésu Mucc ba ci biir dëkku Yerusalem. Naka noonu fàww ajikat ya dëkkul Yerusalem fekk ku léen abal néeg. Kër gu nekk feesoon na dell ak gan ya.

[1066] **Mk 14:12; Lu 22:7 *gàttub bésu Mucc ba***: Ci jamono yonent Yàlla Musaa, Yàlla goreel na bànni Israyil ci seen kërug njaam ci Misra. Wàcce na ci waa Misra fukki musiba. Ci bu mujj ba. Yàlla rey na taw bu nekk ci réew ma. Yàlla sant na bànni Israyil, guddi googu, waa kër gu nekk rendi benn gàtt, ba noppi diw deretam ci seen njëël bunt ak seen ñaari jëni bunt. Deret ji aar na léen ci Malaakam bóomkat bi. Gannaaw ga Yàlla sant na bànni Israyil at bu nekk, ñu rendi benn gàtt, ngir fàttali leen li leen Yàlla defoon. Mooy reeru bésu Mucc ba. Ci bésu Waajal ba, kenn ci kër ga moo demoon kër Yàlla ga, rendi fa gàtt bi, te sarxalkat ya wis-wisal deretam ci sarxalukaay. Ba noppi ñu yóbbu ko kër ga ngir làkk ko, di ko lekk. Mënuñu lekk yàpp ba ba jant so ba noppi (Le 23:5). Genn kër lees koy lekke, te deesu ci damm benn yax sax (Nu 12:1).

[1067] **Mk 14:13; Lu 22:10 *góor gu yenu njaq***: Ca jamono jooju jigéen rekk moo yenu njaq. Góor du ko yenu, waaye léeg-léeg mu yóbbu mbuusi der mu am ndox. Naka noonu góor googu yomb naa ràññe.

[1068] **Mc 26:18; Mk 14:14; Lu 22:10 *kër gi***: Ndegam gannaaw deewu Yeesu, mbooloom ñi gëm ca Yerusalem daan nañu daje ca këru Maryaama yaayu Màrk (Jëf 12:12), am na ñi yaakaar ne ca kër googu la Yeesu demoon ngir bokk ci reeru bésu Mucc ba.

[1069] **Mk 14:14; Lu 22:11 *néegu gan***: Néeg bu ñu tabax ca kaw taaxu kër ga. Muy waxtaanukaay mbaa néegu gan. Amoon ab iskale ci biti ngir nit ñi man nañoo yéeg, baña jaar ci kër ga.

13:1-20)

Mk Bi nga xamee ne timis jot na, Yeesu ñëw, ànd ak fukki taalibe yi ak ñaar. Lu Bi waxtu wi jotee Yeesu toog ak ndaw yi, ne léen: « Yàkkamti woon naa lool lekk ak yéen reeru bésu Mucc bii[1070], laata ñu may sonal. Ndaxte maa ngi leen koy wax, dootuma ko lekk mukk, lu dul ba kera mu mat ci nguuru Yàlla. » Noonu mu fab kaas[1071], daldi sant Yàlla ne: « Jël-leen kaas bii, séddoo ko. Ndaxte maa ngi leen koy wax, dootuma naan ndoxum reseñ mi, ba kera Yàlla di tëral nguuram. »

Yow Laata màggalu bésu Mucc ba la woon. Yeesu xamoon na ne waxtu wi mu wara génne àddina, dem ca wetu Baay ba, jot na. Ku bëgg ñoñam yi nekk ci àddina la, te bëgg na léen ba fa mbëggeel mana yem. Yeesu ak taalibe yaa ngi doon reer. Fekk na booba Seytaane xiirtal Yudaa, doomu Simoŋ Iskariyo, ngir mu wori Yeesu. Yeesu xamoon na ne Yàlla joxoon na ko sañ-sañ ci lépp, xam it ne ca Yàlla la jóge te ca moom lay delluwaat. Mu daldi jóge ca reer ba, summi mbubbam[1072], daldi jël ab sarbet[1073], laxas ko ci ndiggam. Noonu mu sotti ndox ci ab këll, daldi tàmbali di raxas

---

[1070] **Mc 26:17; Mk 14:12; Lu 22:9 *reeru bésu Mucc bi***: Li yoon wi santoon ci wàllu bésub Mucc moo fekk ci Ex 12:3-27; Ex 34:25; Le 23:5-13; Nu 9:2-14; Nu 28:16; De 16:1-8. Reer bi dafa tàmbali ak benn kaasu ndoxum reseñ ba. Amoon na ndabu ndox lu am xorom ci digu taabal ba. Gannaaw ndoxum reseñ ma ñu dugal xob yu wex ci ñeex mi ci lenn ndab. Ñeex ma, ci doomi pom, doomi gërënaat, doomi tàndarma, saal ya, xasum kanel ak bineegar lañu ko defare. Gannaaw ga ñu bokk ci mburu mu amul lawiir, te naan ñaareelu kaasu ndoxum reseñ ba. Reer bi, moom ci boppam mooy yàppu sarax sa wi ñu lakkoon cib taal, meññeef ya ak xob ya. Ci biir reer ba am na benn waxtaan buy tekkil ñépp li reer bi misaale. Gannaaw reer ba ñu woy Yàlla te naan ñetteelu kaasu ndoxum reseñ ba. Am na beneen kaasu ndoxum reseñ ba, mooy ñeenteel bi, te ñu mujja woy Yàlla.
Reer bi feesoon na dell ak ay misaal. Yàppu mbote wi ñu lakk cib taal mooy misaale sarax suy jot nit, di léen fàttaliku itam yonent Yàlla Ibraayma mi saraxe doomam Isaaxa. Mburu mu amul lawiir moo misaale sellaay, amul bàkkaar, te fàttali leen ne yàkkamti ga ñu génne woon réewum Misra (De 16:3). Xob yu wex mooy naqaru njaam ga ci réewum Misra. Ndoxu xorom mooy rangooñu fitna ak rangooñu mbégte yi tuuroon ci Misra. Benn nen bu ñu togg cib taal mooy juddu bu bees. Ñeenti kaasu ndoxum reseñ moo di misaale ñeenti jëf yi léen Yàlla digoona def ca Ex 6:6-7 (yiwi léen ba teggil léen njaam, génne léen, jot léen, def léen ay gaayam).
Ca jamono Injiil ñu sóonu ca lal, wër ab lekkukaay, tànk féete gannaaw ngir lekk. Diggante ñaareel bi kaas ak ñetteel bi ñu nettali ni Yàlla génnee léen Misra, ak lu mu tekki.

[1071] **Lu 22:17 *kaas***: Mooy bu jëkk ba ci ñeenti kaasu ndoxum reseñ yu bokk ci reeru bésu Mucc bi.

[1072] **Yow 13:4 *summi mbubbam***: Soo summee sa mbubb, turki bi moo des.

[1073] **Yow 13:4 *jël ab sarbet***: Mooy colinu jaam. Jaam, ñépp a doon xeeb.

tànki taalibe ya[1074], di léen fomp ak sarbet, ba mu laxasaayoo.

Bi mu agsee ba ca Simoŋ Piyeer, kooku ne ko: « Boroom bi, ndax yaw dangaa nara raxas samay tànk? » Yeesu ne ko: « Xamoo fii mu nekk li may def, waaye dinga ko xami. » Piyeer ne ko: « Déedéet, duma nangu mukk nga raxas samay tànk. » Yeesu ne ko: « Su ma la raxasul, doo bokk ak man dara. » Simoŋ Piyeer ne ko: « Kon nag Boroom bi, bul yem rekk ci tànk yi, waaye raxasaaleel loxo yi ak bopp bi! » Yeesu ne ko: « Ku sangu ba noppi[1075], soxlaatula raxas lu dul ay tànkam, ndaxte set na wecc. Yéen nag set ngeen, waaye du ñépp! »

Fekk Yeesu xamoon na ki ko nara wor, looloo tax mu ne: « Setuleen yéen ñépp. »

Bi mu léen raxasalee seeni tànk ba noppi, Yeesu dafa solaat mbubbam, dellu toogaat ne léen: « Ndax xam ngeen li ma leen defal? Yéena ngi may wooye "Kilifa gi" ak "Boroom bi," te wax ngeen dëgg, moom laa. Kon bu fekkee ne man miy Boroom bi tey Kilifa gi, maa leen raxasal seeni tànk, yéen itam war ngeen di raxasalante seeni tànk. Bàyyil naa leen fi royukaay, ngir ngeen di jëf, nii ma jëfeek yéen. Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, jaam gënula màgg sangam, mbaa ndaw, ki ko yónni. Gannaaw xam ngeen loolu, bu ngeen doxalee noonu, dingeen bég.

« Yéen ñépp taxuleen may wax; xam naa ñi ma tànn. Waaye li Mbind mi wax[1076], fàww mu am, bi ñu naan: "Ki lekk sama dugub wéq na ma." Maa ngi leen koy wax ci teel, bala looloo ñëw, ngir bu ñëwee, ngeen gëm ne Maay ki Nekk[1077]. Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, ku nangu kenn ci ñi may yónni, nangu nga ma, man itam; te ku ma nangu, nangu nga ki ma yónni. »

---

[1074] **Yow 13:5 *raxas tànki taalibe ya***: Bi gan ba agsee kër ga boroom kër ba daan na ko jox ndox ngir mu mana raxas i tànkam. Dàll yi aaruñu tànk yi ca pënd ak banu yoon ya ba tax ñu taq suuf. Su boroom kër amee ay jaam, ñoom nu raxas tànki gan yi. Lu dul loolu gan yi raxas nañu seeni tànk seen bopp. Raxas tànku nit bokkoon na ci liggéey yu gëna suufe. Jigéen ak xale, walla jaam bu dul Yawut rekk lañu ko denkoon. Nanguwuñu ko jox jaam bu Yawut sax. Ngir raxas tànk ya sotti nañu ndox ca kaw tànk ya, dajale ko ci genn këll ci seen suuf.

[1075] **Yow 13:10 *ku sangu ba noppi***: Sangu mooy sangu set bi ñu defoon ngir waajal màggal ga. Seetal itam leeral 880 (Yow 11:55, wàll 120, page 244).

[1076] **Yow 13:18 *li Mbind mi wax***: Yeesu jukki na ci Ps 41:9. Bokk lekk ak kenn ku la sut moo wone kóllëre. Yekkati sa tànk ba wone kenn sa ndëggul tànk mooy wone reewande.

[1077] **Yow 13:19 *Maay ki nekk***: Mooy turu Yàlla, wi mu feeñal yonentam Musaa, te ëmb melo wu sax wu Yàlla.

**140. Yeesu yégle na ne, Yudaa moo koy wor** (Mc 26:21-25; Mk 14:18-21; Lu 22:21-23; Yow 13:21-33)

Yow Bi Yeesu waxee loolu ba noppi, Mk [fekk] ñuy lekk, Yow mu jàq, biral ne: Mk « Ci dëgg maa ngi leen koy wax, kenn ci yéen, ku bokk ak man di lekk sax, dina ma wor. » Mc Taalibe ya am naqaru xol bu réy; Yow di xoolante, te xamuñu kan lay wax. Lu Noonu taalibe yi di laajante ci seen biir, kan ci ñoom mooy nara def loolu. Mc Ku nekk daldi ne ko: « Mbaa du man, Boroom bi? » Mk Mu ne léen: « Kenn ci yéen fukk ak ñaar la, kuy cappandoo ak man ci ndab li. Lu Waaye nag loxob ki may wor a ngi nekk ak man ci ndab li. Doomu nit ki mu ngi dem, ni ñu ko dogale, Mc ni ñu ko waxe ci Mbind mi[1078], waaye ki koy wor dina torox; bañoona juddu moo gënoon ci moom. » Yudaa, mi ko nara wor, laaj ko: « Mbaa du man, kilifa gi? » Yeesu ne ko: « Wax nga ko. »

Yow Ka Yeesu bëggoon[1079] te mu bokkoon ca taalibe ya, ma nga sóonu woon ca kaw Yeesu[1080]. Kooku la Simoŋ Piyeer liyaar, ngir mu laaj Yeesu ki ko taxoon di wax. Taalibe ba daldi walbatiku ca Yeesu, laaj ko ne: « Boroom bi, kooku kan la? » Yeesu ne ko: « Dinaa capp dogu mburu ci ndab li[1081]; ki ma koy jox, kooku la. » Noonu Yeesu jël dogu mburu, capp ko ca ndab la, daldi koy jox Yudaa[1082], doomu Simoŋ Iskariyo. Naka la Yudaa jël dog wa, Seytaane dugg ci moom[1083]. Yeesu ne ko: « Gaawantul ci li ngay def! » Amul kenn ca ña fa toogoon ku xam lu tax mu wax ko

---

[1078] **Mc 26:24 *ni ñu ko waxe ci Mbind mi***: Yàlla yégle na lu jiitu ni Almasi bi nara sonn jaarale ko ci ay yonentam (Ge 3:15; Ps 22:1-22; Isa 53:1-12; Da 9:26; Zec 13:7).

[1079] **Yow 13:23 *ka Yeesu bëggoon***: Yaakaar nañu mooy Yowaana.

[1080] **Yow 13:23 *ma nga sóonu***: Yawut ya daan na topp aada Room ci seeni bernde. Gan yi sóonu nañu ca seeni concol càmmooñ ca i lal, yi wër ñetti boru lekkukaay ba, seen bopp féete taabal bi, tànk yi féete gannaaw. Lekkukaay bi niroo na araf bii U walla mu nekk bu mërgalu. Fu ñu la maye, nga toog woo wone ni ñu la terale ak sa maana. Toogu bu yiw mooy bi càmmooñu boroom xew ba. Bi ci topp mooy bi ndeyjoor. Yowaana nekkoon na ca ndeyjooru Yeesu. Yudaa nekkoon ca càmmooñam. Naka noonu boppu Yowanna nekkoon na wetu dënnu Yeesu te boppu Yeesu nekkoon na ca wetu dënnu Yudaa. Seetal nataal ??? ak nataal ???.

[1081] **Mc 26:23; Mk 14:20; Yow 13:26 *kuy cappandoo ak man ci ndab li***: Capp dogu mburu walla yàpp, jox ko kenn moo doon wone teraanga ak xaritoo. Ci biir reeru bési Mucc ba, daan nañu capp xob yu wex ci ñeex mu ñu defare doomi pom, doomi gërënaat, doomi tàndarma, saal ya, xasum kanel ak bineegar.

[1082] **Yow 13:26 *jox dogu mburu***: Moo doon wone teraanga.

[1083] **Yow 13:27 *Seytaane dugg ci moom***: Dogu mburu taxul Seytaane dugg ci moom. Mburu ma amul woon genn kàttan. Li Yudaa dogaloon def a tax, maanaam wori Yeesu.

loolu. Waaye gannaaw Yudaa moo yoroon boyetu xaalis bi, am ñu xalaat ne, Yeesu dafa koo wax, mu dem jëndi li war ci màggal gi, walla mu ne ko mu dem sarax miskin yi. Yudaa nag jël dogu mburu ma, daldi génn ca saa sa. Booba guddi woon na.

Bi Yudaa génnee, Yeesu ne: « Léegi nag ndamu Doomu nit ki feeñ na, te ndamu Yàlla feeñ na itam ci moom. Te bu ma feeñalee ndamu Yàlla, Yàlla itam ci teewaayam dina feeñal ndamu Doomu nit ki, te dina ko def léegi. Samay soppe, sama nekk ak yéen dootul yàgg. Dingeen may seet, waaye maa ngi leen di wax léegi li ma waxoon Yawut ya: fa ma jëm, dungeen fa mana dem.

### 141. Reeru Boroom bi (Mc 26:26-29; Mk 14:22-25; Lu 22:19-20; 1Ko 11:23-26)

[Mc] Noonu bi ñuy lekk, Yeesu jël mburu[1084], sant Yàlla, damm ko, jox ko taalibe ya. Mu ne léen: « Jël-leen lekk, [Lu] lii sama yaram la, wi ma joxe ngir yéen. Defleen lii, ngir fàttaliku ma. » [Mc] Gannaaw loolu mu jël kaas[1085], sant Yàlla, jox léen ko. Mu ne léen: [Lu] « Kaas bii mooy misaal kóllëre gu bees, gi Yàlla fas jaarale ko ci sama deret[1086], ji tuuru ngir yéen. [Mc] Yéen ñépp naanleen ci, ndaxte lii mooy sama deret, ji fas kóllëre gi, te mu tuuru, ngir ñu bare jot mbaalug bàkkaar yi. [1Ko] Defleen lii, ngir fàttaliku ma. [Mc] Maa ngi leen di wax, dootuma naan gannaaw-si-tey ndoxum reseñ mii, ba kera may naan ak yéen ndoxum reseñ mu bees ci sama nguuru Baay. »

### 142. Kan moo gëna màgg (Lu 22:24-27; Yow 13:34-35)

[Lu] Taalibe ya it di werante, ngir xam kan ci ñoom moo gëna màgg. Yeesu

---

[1084] **Mc 26:26; Mk 14:22; Lu 22:19; 1Ko 11:23 *jël mburu***: Daan nañu tekki li wàll bu nekk ci reeru bésu Mucc ba misaale ci biir benn waxtaan. Mburu mu amul lawiir moo misaale sellaay, amul bàkkaar, te fàttali leen ne yàkkamti ga ñu génne woon réewum Misra. Moo tax ñu waxoon ne, 'Lii mburum njàqare la, mu sunu maam lekkoon bi ñu génne woon réewum Misra.' Yeesu indi na tekki lu bees bi mu waxoon ne mu misaale yaramam.

[1085] **Mc 26:27; Mk 14:23; Lu 22:20; 1Ko 11:25 *jël kaas***: Ñeenti kaasu ndoxum reseñ bokkoon nañu ci reeru bésu Mucc ba. Yeesu dafa jëloon ñetteel ba wall ñeenteel ba, jox ko tekki lu bees bi mu waxoon ne mu misaale deretam.

[1086] **Mc 26:28; Mk 14:24; Lu 22:20; 1Ko 11:25 *jaarale ko ci sama deret***: Deretu sarax lañu daan feddaleel ag kóllëre (Ge 8:20;15:9,10; Ex 24:8; Zec 9:11). Yeesu boole na xalaat ya nekk ci Isa 53:12 ak Jer 31:34.

ne léen: « Buuri xeeti àddina dañu léen di dóor yetu nguur, te kilifa yi dañuy sàkku ngërëm. Waaye yéen buleen def noonu. Ki gëna màgg ci yéen, na nekk ni ki gëna ndaw, te njiit mel ni surga. Ki toog ca lekkukaay ba, moom ak surgaam, ñoom ñaar kan moo ci gëna màgg? Xanaa du ki toog ci lekkukaay bi? Waaye man maa ngi ci seen biir ni surga.

Yow « Maa ngi leen di jox ndigal lu bees: bëgganteleen. Nangeen di bëggante ni ma leen bëgge. Ni ñuy xame ne samay taalibe ngeen, mooy ngeen bëggante. »

## **143. Yeesu yégle na ne, Piyeer dina ko weddi** (Lu 22:28-34; Yow 13:36-38)

Lu « Yéen nag yéenay ñi ànd ak man ci samay fitna. Man nag jox naa leen sañ-sañu nguuru, ni ma ko sama Baay joxe. Dingeen lekkandoo te naanandoo ak man ci sama nguur. Te dingeen toog ci jal yi, di àtte fukki giir ak ñaar yu bànni Israyil[1087]. »

Yow Simoŋ Piyeer laaj ko ne: « Boroom bi, foo jëm? » Yeesu ne ko: « Fa ma jëm, manuloo ma faa topp léegi, waaye dinga ma toppi ca kanam. » Piyeer ne ko: « Boroom bi, lu tax manuma laa topp léegi? Àttan naa joxe sama bakkan ngir yaw! » Yeesu ne ko: « Àttan ngaa joxe sa bakkan ngir man? »

Lu Yeesu teg ca ne: « Simoŋ, Simoŋ! Seytaane ñaan na, ñu jébbal leen ko, ngir mu teqale leen ni ñu teqalee dugub ak xatax. Waaye man ñaanal naa la, ngir sa ngëm dëgër. Te yaw, boo délsee, nanga dëgëral sa bokki taalibe yi. » Piyeer ne ko: « Boroom bi, àttan naa ànd ak yaw ca kaso, ba ci dee sax. » Yeesu ne ko: « Piyeer, Yow ci dëgg-dëgg maa ngi la koy wax, Lu bala ginaar a sab tey jii, dinga weddi ñetti yoon ne xam nga ma. »

## **144. Njàngale mu mujj ma** (Yow 14:1-16:33)

### **Yeesu dëfël na xolu taalibeem yi** (Yow 14:1-4)

Yow « Buleen jàq. Gëmleen Yàlla te gëm ma. Am na néeg yu bare ca sama kër Baay, bu dul woon noonu, ma wax leen ko, ndaxte maa ngi dem defaral leen fa ngeen di dëkk. Te su ma leen defaralee bérab booba ba

---

[1087] **Lu 22:30 *fukki giir ak ñaar yu bànni Israyil***: Seetal leeral 846 (Mc 19:28, wàll 113, page 235)

noppi, dinaa délsi[1088], yóbbaale leen, ba fu ma nekk, ngeen nekk fa, yéen itam. Te fa ma jëm, xam ngeen yoon wi. »

### **Yeesu mooy yoon wi jëm ci Yàlla** (Yow 14:5-14)

Yow Tomaa[1089] ne ko: « Boroom bi, xamunu fa nga jëm. Kon nan lanuy mana xame yoon wi? »

Yeesu ne ko: « Man maay yoon wi, maay dëgg te dund it man la. Kenn du ñëw ci Baay bi te jaarul ci man. Ndegam xam ngeen ma, dingeen xam itam sama Baay. Lu weesu tey, xam ngeen ko te gis ngeen ko. »

Filib[1090] ne ko: « Boroom bi, won nu Baay bi; loolu doy na nu. »

Yeesu ne ko: « Ni ma yàggeek yéen te ba tey Filib, xamuloo ma? Ku ma gis, gis nga Baay bi. Kon nag nan ngay mana laaje naan: "Won nu Baay bi"? Xamuloo ne maa ngi nekk ci Baay bi te Baay baa ngi ci man? Kàddu yi ma leen di wax jógewuñu ci man, waaye Baay bi nekk ci man mooy matal ay jëfam. Gëmleen li ma leen wax ne maa ngi ci Baay bi te Baay baa ngi ci man; walla boog, gëmleen ndax jëf yi. Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax: képp ku ma gëm dina def, moom itam, jëf yi may def. Dina def sax yu gëna màgg, ndaxte maa ngi dem ci Baay bi. Te it lu ngeen ñaan ci sama tur[1091] dinaa ko def, ngir Doom ji feeñal ndamu Baay bi. Lu ngeen ñaan ci sama tur, maa koy def. »

### **Yeesu dig na leen Xel mu Sell mi** (Yow 14:15-31)

Yow « Bu ngeen ma bëggee, dingeen topp sama ndigal. Te dinaa ñaan Baay bi, mu jox leen beneen Dimbalikat[1092], buy nekk ak yéen ba abadan.

---

[1088] **Yow 14:3 *Yeesu dinaa délsi***: Ci muju jamono Yeesu dina dellusi ci àddina si.

[1089] **Yow 14:5 *Tomaa***: Benn ca 12 ndawi Kirist ya la woon.

[1090] **Yow 14:8 *Filib***: Benn ca 12 ndawi Kirist ya la woon.

[1091] **Yow 14:13 *ñaan ci sama tur***: Ñu ñëw ci jetaay Yàlla ak sañ-sañu Boroom bi Yeesu. Yàlla dina nangu sunu ñaan ni nu nangu ñaanu Yeesu. Waaye loolu tekki na itam, sunu ñaan fàww mu dëppoo ak coobare Boroom bi Yeesu. Maanaam dinanu ñaan bi Yeesu moom ci boppam wara ñaan ci sunu plaas.

[1092] **Yow 14.16 *Dimbalikat bi***: Yeesu nee na, Dimbalikat bi xel la, kon bët du ko gis. Xel moomu dina wàcc, fekk taalibe yaa ngiy dund. Gannaaw bi Yeesu yéegee asamaan te bésu Pàntakot ñëw, ca la Dimbalikat bi wàcc ci ñi gëm Yeesu. Noonu ba tey, kuy taalibeb Yeesu, ci sa xol lay dëkk.

Kooku mooy Xelu Yàlla[1093], mi yor dëgg. Àddina du ko mana nangu, ndaxte gisu ko te xamu ko. Yéen xam ngeen ko, ndaxte mi ngi dëkk ak yéen te dina nekk ci yéen. Duma leen bàyyi ngeen wéet. Dinaa délsi ci yéen. Des na tuuti ci kanam, àddina du ma gisati; waaye yéen dingeen ma gis. Dinaa dund, moo tax yéen itam dingeen dund. Bu keroogee, dingeen xam nag ne nekk naa ci sama Baay, yéen it nekk ngeen ci man, te maa ngi nekk ci yéen. Ki ma bëgg, mooy kiy nangu samay ndigal te di ko topp. Ku ma bëgg, Baay bi bëgg la, te man dinaa la bëgg, di la feeñu. »

Yudaa[1094] — du Yudaa Iskariyo de, beneen la woon — ne ko: « Boroom bi, lu xew, ba nga nar noo feeñu nun rekk, te doo feeñu àddina sépp? »

Yeesu ne ko: « Ku ma bëgg dina sàmm sama kàddu. Sama Baay dina ko bëgg te nun dinanu ñëw ci moom te dëkk ci moom. Ku ma bëggul doo sàmm sama kàddu. Li may wax nag, jógewul ci man, waaye mi ngi soqikoo ci ki ma yónni.

« Lii dama leen koy wax ci bi may nekk ak yéen. Waaye Dimbalikat, bi leen Baay bi di yónnee ci sama tur, muy Xelam mu Sell, dina leen jàngal lépp, di leen fàttali li ma leen waxoon lépp. Jàmm laa leen bàyyeel, sama jàmm laa leen jox, jàmm ju àddina manula joxe. Buleen jàq, buleen tiit.

« Dégg ngeen li ma leen wax: "Dinaa dem, waaye dinaa délsi ci yéen." Bu ngeen ma bëggoon, dingeen bég ci li may dem ca Baay ba, ndaxte Baay bee ma gëna màgg. Wax naa leen ko nag léegi, bala looloo ñëw, ngir bu waxtu wa agsee, ngeen gëm. Lu weesu tey duma amati jotu waxtaan ak yéen, ndaxte malaaka mu bon mi jiite àddina[1095] saa ngi ñëw. Kooku manalu ma dara. Waaye àddina si war na xam ne bëgg naa Baay bi te ni ma ko Baay bi sante, ni laay jëfe.

Jógleen, nu dem! »

### **Yeesu, garab gu wóor gi** (Yow 15:1-17)

---

[1093] **Yow 14:17 *Xelu Yàlla***: Seetal leeral 25 (Lu 1:35, wàll 6, page 24).

[1094] **Yow 14:22 *Yudaa***: Yudaa, doomu Saag moo doon beneen ci 12 taalibe Yeesu ya. Yaakaar nañu ne tudd nañu ko itam Tade.

[1095] **Yow 14:30 *malaaka mu bon mi jiite àddina si***: Mooy benn ci turi Ibliis. Seetal itam Yow 14:30; 16:11; 2Ko 4:4; Ef 2:2.

Yow « Man maay garab[1096] gu wóor gi[1097], te sama Baay mooy beykat bi. Car bu soqikoo ci man te meññul, dina ko dog, sànni. Waaye car bu ci meññ, dina ko tenqi[1098], ngir mu gëna meññ. Yéen nag, Baay bi setal na leen jaarale ko ci kàddu gi ma leen wax, ni beykat di tenqee garabam. Saxleen ci man; ma sax, man itam, ci yéen. Ni car manula ame ay doom, bu saxul ci garab, noonu itam dungeen mana meññ li may jëfe ci yéen, bu ngeen saxul ci man.

« Man maay garab gi; yéen yéenay car yi. Ki sax ci man te ma sax ci moom, dina meññ, ndaxte bu ngeen saxul ci man, dungeen man dara. Ku saxul ci man dinañu ko sànni ci biti, mu mel ni car bu ñu dagg, ba mu wow. Car yu wow nag, dañu léen di buub, sànni ci sawara, ñu lakk. Bu ngeen saxee ci man te saxal samay wax ci seen xol, lu ngeen ñaan mu nangu. Liy feeñal sama ndamu Baay moo di, ngeen di gëna meññ tey wone noonu ne samay taalibe ngeen.

« Ni ma Baay bi bëggee, noonu itam laa leen bëgge. Saxleen ci mbëggeel googu ma am ci yéen. Bu ngeen toppee samay ndigal, dingeen sax ci sama mbëggeel, ni ma toppe sama ndigali Baay, ba tax ma sax ci mbëggeelam. Wax naa leen loolu, ngir ngeen bokk ci sama mbég, te seen bos mat sëkk. Sama ndigal mooy ngeen bëggante, ni ma leen bëgge. Genn mbëggeel manula weesu joxe sa bakkan ngir say xarit. Samay xarit ngeen, ci kaw ngeen def li ma santaane. Dootuma leen wooye jaam, ndaxte jaam du xam li sangam di def. Xarit laa leen wooye, ndaxte xamal naa leen li ma jële lépp ci sama Baay. Du yéen yéena ma tànn, waaye man maa leen tànn, sas leen ngeen dem, meññ meññeef gu sax, ngir Baay bi def lu ngeen ko ñaan ci sama tur. Li may santaane nag, mooy ngeen bëggante. »

### **Nit ñi dinañu bañ Yeesu ak ay taalibeem** (Yow 15:18-16:4)

Yow « Bu leen àddina bañee, xamleen ne man lañu jëkka bañ. Ñi bokk ci ñoom lañu bëgg. Bu ngeen bokkoon ci ñoom, dinañu leen bëgg, ni ñu

---

1096 **Yow 15.1 *garab***: Garab googu, lawtan la guy meññ ay doomi reseñ.

1097 **Yow 15:1 *garab gu wóor gi***: Ci mbindum yonent yi, garabu reseñ daan na misaale Israyil (Ps 80:9–16; Is 5:1–7; 27:2–6; Jer 2:21; 12:10; Eze 15:1–8; 17:1–21; 19:10–14; Ho 10:1,2). Waaye yedd nañu Israyil ndaxte meññul doom yi Yàlla xaaroon. Amoon na garabu reseñ ak cëgguy reseñ yu ñu defare wurus ca kaw buntu kër Yàlla ga ca Yerusalem. Dafa misaale kàttanu Israyil.

1098 **Yow 15:2 *tenqi***: Beykat bi daan na dog car yu lax te wow ci noor. Te bi garab ga sëqee mu tenqi car yu bees yu gëna tuuti ngir yi des gëna am doole.

bëgge seeni ñoñ. Waaye bokkuleen ci àddina, ndaxte maa leen tànn, ber leen. Looloo tax ñu bañ leen. Fàttalikuleen li ma leen wax: “Jaam gënula màgg sangam.” Bu ñu ma sonalee, dinañu leen sonal yéen itam. Bu ñu toppee sama wax, dinañu topp seen wax yéen itam. Waaye loolu lépp dinañu leen ko def ndax man, ndaxte xamuñu ki ma yónni. Su ma ñëwul woon, ne léen dara, duñu am bàkkaar. Waaye léegi amuñu lay ngir seeni bàkkaar. Ku ma bañ, bañ nga itam sama Baay. Su ma deful woon ci seen biir jëf yu kenn deful, kon duñu am bàkkaar. Waaye léegi nag gis nañu samay jëf te teewul ñu bañ nu, man ak sama Baay. Waaye loolu am na ngir kàddu gi am, kàddu gii[1099] ñu bind ci seen yoon: “Bañ nañu ma ci dara.”

« Dimbalikat bi[1100] dina ñëw, mooy Xel mi jóge ci Baay bi tey yor dëgg gi. Dina jóge ci Baay bi, ma yebal ko ci yéen. Moom nag, moo may seedeeli. Te yéen itam dingeen seede samay mbir, ndaxte yéena nekkoon ak man ca njàlbéen ga.

« Loolu dama leen koo wax ngir seen ngëm baña wàññiku. Dinañu leen dàq ca jàngu ya, te dinañu dem ba jamono joo xam ne ñi leen di rey dañuy xalaat ne ñu ngi màggal turu Yàlla. Dinañu agsi foofu, ndaxte xamuñu Baay bi te xamuñu ma. Loolu nag, wax naa leen ko, ngir bu waxtu wi jotee ngeen fàttaliku ne yégal naa leen ko. Waxuma leen ko ca njàlbéen ga, ndaxte maa ngi nekkoon ak yéen. »

**Jëfi Dimbalikat ba** (Yow 16:5-16)

Yow « Léegi nag maa ngi dem ca ka ma yónni, te kenn ci yéen laaju ma fi ma jëm. Seen xol dafa jeex ndax li ma leen wax. Moona de, ci sama wàll, dëgg laa leen di wax. Li gën ci yéen mooy ma dem, ndaxte su dul loolu, Dimbalikat bi[1101] du ñëw ci yéen; waaye su ma demee, dinaa leen ko yónnee. Te bu dikkee, dina yey niti àddina ci lu jëm ci seen bàkkaar, ci lu jëm ci sama njubte ak ci lu jëm ci àtte ba. Ci mbiri seen bàkkaar, dina léen yey ci li ñu ma gëmul. Ci mbiri sama njubte, dina léen yey ndaxte maa ngi dem ci Baay bi te dungeen ma gisati. Ci mbiri àtte ba, dina léen yey ndaxte àtte nañu malaaka mu bon mi jiite àddina si, ba daan ko.

---

[1099] **Yow 15:25 *kàddu gii ñu bind***: “Bañ nañu ma ci dara” feeñ na ci Ps 35:19 walla Ps 69:4. Lu gëna wóor mooy Yeesu jukki na ko ci Ps 69:4. Sabóor 69 dafay wax ci coonob Almasi bi.

[1100] **Yow 15.26 *Dimbalikat bi***: Seetal ci 14.16, 17 ak 26.

[1101] **Yow 16.7 *Dimbalikat bi***: Seetal ci 14.16, 17 ak 26.

« Li ma leen wara wax bare na, waaye dungeen ko mana dékku. Bu Xelum Yàlla mi yor dëgg gi dikkee nag, dina leen gindi ci lépp li jëm ci yoonu dëgg, ndaxte du wax ci coobarey boppam, waaye lu ko Baay bi wax, mu jottali leen ko. Dina leen yégal mbir yu ñëwagul. Dina ma màggal, ndaxte lu mu leen wax, ci man la ko jële. Lépp lu Baay bi am, maa ko moom. Looloo tax ma ne leen, lu mu leen jottali, ci man la ko jële.

« Ci kanam tuuti dungeen ma gisati. Bu ñu ci tegee ab diir, ngeen gisaat ma. »

## **Naqar wa, soppaliku na di bànneex** (Yow 16:17-24)

Yow Loolu Yeesu wax, tax na ba am ca taalibe ya, ñu waxante ne: « Lu muy wax nii: "Ci kanam tuuti dungeen ma gisati; bu ñu ci tegee ab diir, ngeen gisaat ma," ak naan: "Ndaxte maa ngi dem ca Baay ba"? » Ñu ne: « "Teg cab diir," lu muy tekki? Xamunu li muy bëgga wax. »

Yeesu gis ne am na lu ñu ko bëgga laaj, mu ne léen: « Dama ne: "Ca kanam tuuti, dungeen ma gis, te bu ñu ca tegee ab diir, ngeen gisaat ma." Ndax loolu ngeen di laajante ci seen biir? Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, dingeen jooy xàcc, waaye àddina dina bég; dingeen jàq, waaye seen njàqare dina soppaliku bànneex. Jigéen ju nekk ci mat, dafay jàq, ndaxte waxtu wi mu wara jur jot na. Waaye bu doom ji juddoo, dina fàtte coonoom ndaxte day bég ci li doom ji gane àddina. Noonu nag ngeen di jàqe, yéen itam. Waaye dinaa leen gisaat, seeni xol sedd, te seen mbég moomu, kenn du ko mana dindi. Bés boobu dootuleen ma laaj dara. Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, Baay bi dina leen may lu ngeen ko ñaan ci sama tur. Ba léegi ñaanaguleen dara ci sama tur. Ñaanleen, mu nangu. Bu ko defee seen mbég mat sëkk. »

## **Yeesu noot na àddina** (Yow 16:25-33)

Yow « Loolu lépp, dama leen koo wax ci ay misaal. Jamono dina ñëw, ju ma dootul wax ak yéen ci ay misaal, waaye ju ma leen dee wax lu leer ci Baay bi. Bu keroogee dingeen ñaan ci sama tur. Neewuma dinaa leen ñaanal Baay bi, ndaxte Baay bi ci boppam bëgg na leen. Bëgg na leen ndaxte bëgg ngeen ma te gëm ngeen ne ci Yàlla laa jóge. Jóge naa ca Baay bi, ñëw àddina. Léegi maa ngi génn àddina, fekki Baay bi. »

Taalibe yi ne ko: « Léegi yaa ngi wax lu leer te misaaloo! Léegi gis nanu ne xam nga lépp, te soxlawul kenn di la laaj dara. Looloo tax nu xam ne yaa ngi jóge ci Yàlla. »

Yeesu ne léen: « Ndax gëm ngeen léegi? Waxtu waa ngi ñëw te agsi na ba noppi, dingeen tasaaroo, ku nekk ñibbi, ma des man rekk. Waaye nag déedéet, wéetuma, ndaxte Baay baa ngi may wéttali. Dama leen wax loolu, ngir ngeen am jàmm ci man. Dingeen am nattu ci àddina, waaye takkleen fit yi; not naa àddina. »

## 145. Ñaanu Yeesu (Yow 17:1-26)

Yow Bi mu waxee loolu ba noppi, Yeesu dafa xool ci kaw, ne jàkk asamaan, ñaan Yàlla ne: « Baay, waxtu wi tax ma ñëw ci àddina agsi na. Feeñalal ndamu Doom ji, ngir moom itam mu mana feeñal sa ndam. Ndaxte jox nga ko sañ-sañ ci bépp mbindeef, ngir mu may dund gu dul jeex gi ñi nga ko dénk. Dund gu dul jeex gi nag, mooy ñu xam la, yaw jenn Yàlla ju wóor ji am, te ñu xam it ki nga yónni, muy Yeesu Kirist. Wone naa sa ndam ci àddina, ndax li ma matal liggéey, bi nga ma santoon. Léegi nag Baay, ci sa teewaay, feeñalal ci man ndam, li ma amoon[1102] ci sa wet, laata àddina di sosu.

« Xamal naa sa tur nit, ñi nga tànne ci àddina te dénk ma léen. Bokkoon nañu ci yaw, nga dénk ma léen, te sàmm nañu sa kàddu. Xam nañu léegi ne loo ma joxaan, ci yaw la jóge, ndaxte xamal naa léen kàddu yi nga ma jox, te nangu nañu ko. Wóor na léen ne ci yaw laa jóge, te gëm nañu ne yaa ma yónni. Ñoom laay ñaanal. Ñaanaluma waa àddina, waaye maa ngi ñaanal ñi nga ma dénk, ndaxte ci yaw lañu bokk. Lu ma am, yaa ko moom, te loo am, maa ko moom; te ñoom ñoo feeñal sama ndam. Nekkatuma ci àddina, waaye ñoom ñu ngi ci; man, ci yaw laa jëm. Baay bu sell bi, sàmm léen ci sa dooley tur woowu nga ma jox, ngir ñu nekk benn, ni nu nekke benn, man ak yaw. Bi ma nekkee ak ñoom, daan naa léen sàmm ci sa dooley tur, tur wi nga ma jox. Wottu naa léen, ba kenn ci ñoom sànkuwul, lu dul kiy aji réer ji[1103], ngir li Mbind mi waxoon am[1104].

« Waaye léegi maa ngi jëmsi ci yaw, te maa ngi wax nii ci bi may nekk àddina, ngir ñu fees ak sama mbég. Jottali naa léen sa kàddu, te àddina bañ léen, ndax li ñu mel ni man, baña bokk ci àddina soosu. Ñaanuma nga jële léen àddina, waaye nga yiir léen ci Ibliis. Dañoo mel ni man; bokkuñu

---

[1102] **Yow 17:5 *ndam***: Mbindum yonent yi nee na Yàlla du bokk ndamam ak kenn. Kenn amul cér ci ndamu Yàlla (Isa 42:8; 48:11). Bi Yeesu waxoon ne bokkoon na ci ndamu Yàlla, dafa teg boppam ne Yàlla la.

[1103] **Yow 17.12 *aji réer ji***: Yudaa Iskariyo la.

[1104] **Yow 17:12 *li Mbind mi waxoon am***: Yeesu wax na ci li ñu bind ci Ps 41:10.

ci àddina. Samp léen ci dëgg, ngir ñu sell. Sa kàddu mooy dëgg. Ni nga ma yónnee àddina, noonu laa léen yónnee ci nit ñi. Sellal naa sama bopp ngir ñoom, ngir ñu sampu ci dëgg te sell.

« Ñaanaluma léen ñoom rekk, waaye itam ñi may gëm ëllëg ndax seen wax. Damay ñaan ngir ñépp doon benn. Baay, na ñooñu nekk benn ci nun, ni nga nekke ci man te ma nekke ko ci yaw. Nañu ànd, ba àddina gëm ne yaa ma yónni. Boole naa léen ci ndam, li nga ma sol, ngir ñu àndandoo, ni nu ànde man ak yaw. Man ci ñoom, yaw it ci man, ngir ñu gëna ànd, nekk benn, ba àddina xam ne yaa ma yónni, xam ne bëgg nga léen, ni nga ma bëgge.

« Baay, bëgg naa, ñi nga ma dénk nekk ak man fa ma jëm, ngir ñu gis sama ndam, li nga ma sol, ndaxte bëgg nga ma, laata àddina di sosu.

« Baay, yaw ku jub ki, waa àddina xamuñu la, waaye man xam naa la, te ñii xam nañu ne yaa ma yónni. Xamal naa léen sa tur te dinaa ko gëna xamle, ngir mbëggeel, gi nga am ci man, nekk ci ñoom, te man it ma nekk ci ñoom. »

**146. Yeesu yéglewaat na ne, Piyeer dina ko weddi** (Mc 26:30-35; Mk 14:26-31; Lu 22:35-39; Yow 18:1a)

Lu Noonu Yeesu ne léen: « Ba ma leen yebalee[1105] te yóbbaalewuleen woon xaalis, mbuus, walla dàll, ndax ñàkkoon ngeen dara? » Ñu ne ko: « Déedéet. » Mu ne léen: « Léegi nag képp ku am xaalis, na ko jël; te ku am mbuus, na ko jël; ku amul jaasi, na jaay mbubbam, jënde ko jaasi[1106]. Ndaxte maa ngi leen koy wax, lii Mbind mi wax[1107] fàww mu am ci man, bi mu nee: "Boole nañu ko ak ñu bon ña." Ndaxte loolu jëm ci man mi ngi mat. » Noonu taalibe ya ne ko: « Boroom bi, ñaari jaasee ngii[1108]. » Mu ne

---

[1105] **Lu 22:35 *ba ma leen yebalee***: Seetal Lu 9:1-6 ak Lu 10:1-24. Bi Yeesu yebalee leen, dëkk ya fu ñu daan waare faj nañu seeni soxla. Moo tax soxlawuñu woon mbuus walla xaalis. Léegi nag, anam yi soppi nañu, ba tax mënatuñu soxlaal ñeneen. Waxin la ngir wone ni i taalibeem dina dajeek tongoonte.

[1106] **Lu 22:36 *jënd jaasi***: Nit ña daan nañu yor jaasi ngir aar seen bopp ci sàcc ak rabi àll bi ñu tukkee ca jamono jooju.

[1107] **Lu 22:37 *li mbind mi wax***: Jukki na ko ci Isa 53:12. Saar 53 dafay wax ci Almasi bi nara ñëw gannaaw jamono yonent Yàlla Esayi.

[1108] **Lu 22:38 *ñaari jaasi***: Jaasiy ñaari boor ju gatt lañu woon. Paaka bu gudd lañu gëna niroo.

léen: « Doy na[1109]. »

[Mc] Gannaaw loolu ñu woy Yàlla[1110], ba noppi génn, [Lu] dem ca tundu Oliw ya[1111], ni mu ko daan defe naka-jekk. Taalibeem ya topp ci moom. [Mk] Booba Yeesu ne léen: « Yéen ñépp dingeen ma dàggeeku, ndaxte bind nañu[1112]: "Dinaa dóor sàmm bi, xari jur gi tasaaroo." Waaye bu ma dekkee, dinaa leen jiituji Galile. » [Mc] Piyeer nag daldi jël kàddu gi naan: [Mk] « Bu la ñépp dàggeekoo, man duma la bàyyi mukk. » Waaye Yeesu ne ko: « Ci dëgg maa ngi la koy wax, guddig tey, bala ginaar a sab[1113] ñaari yoon, dinga ma weddi ñetti yoon. » Waaye Piyeer gëna sax ca la mu waxoon naan: « Boo xamee ne sax, damaa wara dee ak yaw, duma la weddi mukk. » Taalibe yépp it waxe noonu.

---

[1109] **Lu 22:38 *doy na***: Yeesu dafa bañoon i taalibeem xeex ngir aar ko (Lu 22:49-51). Taalibe ya dégguñu ne waxu Yeesu waxin la, te Yeesu bëggul ñu xeex. Naka noonu, bi ñu wonee ko jaasi ya, Yeesu yedd na leen, di wax ne (wax bi) doy na.

[1110] **Mc 26:30; Mk 14:26 *ñu woy Yàlla***: Daan nañu woy Sabóor saar 115 ba saar 118 gannaaw reeru bésu Mucc ba.

[1111] **Mc 26:30; Mk 14:26 *tundu Oliw ya***: Wenn tund la, féete lu matul benn kilomet ci penkub Yerusalem. Xaaju guddi la bi ñu génne ci reer ba.

[1112] **Mc 26:31; Mk 14:27 *bind nañu***: Jukki na ko ci Zec 13:7.

[1113] **Mc 26:34; Mk 14:30 *ginaar a sab***: Xamuñu ne tembe ca ban waxtu la Yeesu waxoon. Ginaar dañuy farala sib ay yoon ci guddi gi diggante xaaju guddi ak fajar. Lu gëna siiw mooy fajar. Tamit waa Room xaajale na guddi gi ñeent, benn ci tudde ginaar sab. Ñeenti xaaj yooyu ñooy timis ba guddi; guddi ba xaaju guddi; xaaju guddi ba ginaar sab; ginaar sab ba njël te ñu wone waxtu yooyu ak liit guy jib. Naka noonu ginaar sab man naa wax ca waxtu wa liit guy jib.

## Saar 20. Waxtu jamonoy lëndëm gi

**147. Yeesu ñaan na ci toolu Setsémane ci biir tiis wu réy** (Mc 26:36-46; Mk 14:32-42; Lu 22:40-46; Yow 18:1b)

Mc Bi loolu amee Yow Yeesu jóge fa ak i taalibeem, jàll xuru Sedoron[1114], dugg cib tool, Mc ca bérab bu tudd Setsemane[1115], mu ne taalibe ya: « Toogleen fii, ma dem fale, ñaan fa. Lu Ñaanleen, ngir baña daanu cig fiir. » Mc Bi mu waxee loolu, mu ànd ak Piyeer[1116] Mk ak Saag ak Yowaana, Mc ñaari doomi Sebede, daldi am tiis ba xonet. Mu ne léen: « Sama xol dafa tiis, ba may bëgga dee; toogleen fi, xool ak man. » Bi mu waxee loolu, Yeesu dem ci kanam tuuti, Lu dànd léen, ba fu aw saan mana tollu, Mc ne nërëm ci suuf, Mk di ñaan ne, waxtu wi teggi ko, bu loolu manoona am. Mu ne: « Abba[1117], Baay, yaw mi dara tëwul, teggil ma kaasu naqar bii. Moona bumu doon sama coobare, waaye na sa coobare am. » Lu Noonu malaakam Yàlla daldi koy feeñu, may ko doole. Ci biir tiis, Yeesu gëna sawar ci ñaan gi, ñaqam mel ni lumbi deret dal ci suuf.

Mc Noonu mu ñëw ca taalibe ya, fekk léen ñuy nelaw. Mu ne Piyeer: « Amuleen sax dooley xoolandoo ak man benn waxtu? Xool-leen te ñaan, ngir baña daanu cig fiir. Seen xol jag na, waaye seen bind a woyof. » Yeesu delluwaat di ñaan ne: « Sama Baay, bu fekkee ne kaasu naqar bii manu maa teggi te naanuma ko, kon na sa coobare am. » Yeesu ñëwaat ca taalibe ya, fekk léen ñuy nelaw, ndaxte seeni bët dañoo diis. Mu daldi léen bàyyi, waxaat loolu ñetteel bi yoon.

Mk Ñetteelu yoon mu délsi Mc ca taalibe ya ne léen: Mk « Yéena ngi nelaw tey noppalu ba tey! Jeex na. Waxtu wi jot na; ñu ngi wor Doomu nit ki ci loxoy bàkkaarkat yi. Jógleen nu dem; ki may wor a ngi nii, di ñëw. »

---

[1114] **Yow 18:1 *xuru Sedoron***: Benn xur bu xóot te mbartale, bu nekk diggante dëkku Yerusalem ak tundu Oliw ya.

[1115] **Mc 26:36; Mk 14:32 *bérab bu tudd Setsemane***: Toolu garabu Oliw ya la woon bu amoon segalukaay diwu oliw, ca tundu Oliw ya. Tey ji am na ñeenti bérab yu ñu yaakaar ne tool bi manoon na nekk. Yu gëna bare ci boroom xam-xam ya foog ne xunti mi tudd xuntim Setsemane ca wetu Egliisu Xeeti àddina yépp mooy bérab ba. Ca wetu xunti ma am na ay garabu Oliw yu am daanaka junni at. Guddi googu dafa seddoon. Te yoon wa tere na ñu ñibbi Betani ca bésu màggalu Mucc ba. Naka noonu juróom ñett ca taalibe Yeesu tëddoon nañu ci biir xunti ma, te Yeesu demoon na ca wet fu sore tuuti ak Piyeer, Saag ak Yowaana ngir ñaan ci Yàlla.

[1116] **Mc 26:37; Mk 14:33 *Piyeer***: Seetal leeral 113 (Yow 1:40, wàll 21, page 54). ***Saag ak Yowaana***: Seetal leeral 175, 176 (Mc 4:21, wàll 32, page 79).

[1117] **Mk 14:36 *Abba***: Seetal leeral 641 (Lu 11:2, wàll 88, page 197).

### **148. Jàppoon nañu Yeesu** (Mc 26:47-56; Mk 14:43-52; Lu 22:47-53; Yow 18:2-11)

Yow Yudaa[1118] mi ko naroona wor xamoon na it bérab ba, ndaxte Yeesu daan na fa dem ak ay taalibeem. Yudaa daldi fa dem, yóbbaale mbooloom xarekat ak ay alkaati[1119] yu ko sarxalkat yu mag ya[1120] ak Farisen ya[1121] jox. Ñu yor ay jum[1122] ak ay làmp ak it gànnaay. Lu Bi Yeesu di wax, mbooloo mu bare agsi, Mk jóge ca sarxalkat yu mag ya, ca xutbakat ya[1123] ak ca njiiti xeet wa[1124], te gànnaayoo jaasi ak yet. Lu Ku ñuy wax Yudaa te mu bokkoon ci fukki ndaw yi ak ñaar jiite léen.

Yow Noonu Yeesu, mi xamoon li ko waroona dal lépp, jubsi léen ne léen: « Ku ngeen di seet? » Ñu ne ko: « Yeesum Nasaret. » Yeesu ne: « Man la. » Fekk Yudaa mi ko nara wor a nga ànd ak ñoom. Bi léen Yeesu nee: « Man la, » ñu daldi dellu gannaaw, ba daanu. Yeesu laajaat léen ne: « Ku ngeen di seet? » Ñu ne ko: « Yeesum Nasaret. » Mu ne léen: « Wax naa leen ne man la. Bu fekkee ne nag man ngeen di seet, bàyyileen ñii ma àndal, ñu dem. » Noonu la baat boobu[1125] mu waxoon ame: « Baay, kenn sànkuwul ci ñi nga ma dénk. »

---

[1118] **Mc 26:47; Mk 14:43; Lu 22:47; Yow 18:2 *Yudaa***: Seetal leeral 1060 (Mc 26:14; Mk 14:10, wàll 137, page 278).

[1119] **Yow 18:3 *mbooloom xarekat ak ay alkaati ya***: Amoon na ñaari mbooloo yi àndoon ak Yudaa ngir jàpp Yeesu. Amoon na mbooloom xarekati Room ak seen kilifa (Yow 18:12). Amoon na it alkaati Yawut ya, maanaam, wottukati kër Yàlla ga ak seeni kilifa. Amoon na itam njiiti weet wa, ak sarxalkat yu mag ya, ak seeni surga (Lu 22:47). Mbooloo mu bare la woon, xëyna ay téeméeri nit, ñi yoroon jaasi ak yet.
Màggalu bésu Mucc ba moo doon jamono ji yengu-yengu gëna mana am. Naka noonu, boroom réew mi daan na yokk mbooloom xarekat, yi nekk Yerusalem ci tata ca wetu kër Yàlla ga. Nguuru Room bëggula may bunt ngir yengu-yengu am. Tamit bëggula may mbooloom Yawut muy bare ñi yor gànnaay génn lu dul ñu ànd ak ñoom.

[1120] **Mc 26:47; Mk 14:43; Yow 18:3 *sarxalkat yu mag ya***: Seetal leeral 56 (Mc 2:4, wàll 12, page 36).

[1121] **Yow 18:3 *Farisen ya***: Seetal leeral 87 (Mc 3:7, wàll 16, page 46).

[1122] **Yow 18:3 *jum***: Bant bu ñeme safara la bu ñu laxas ak wenn sagar wu ñu sóoboon ak diw, di ko taal.

[1123] **Mk 14:43 *xutbakat ya***: Seetal leeral 57 (Mc 2:4, wàll 12, page 36).

[1124] **Mc 26:47; Mk 14:43 *njiiti xeet ya***: Seetal leeral 926 (Mc 21:23, wàll 124, page 251).

[1125] **Yow 18:9 *baat boobu***: Dafa amal li Yeesu waxoon lu jiitu ci Yow 17:12; 6:69; 10:28.

[Mc] Fekk Yudaa moomu joxoon na léen tegtal ne léen: [Mk] « Ki may fóon[1126], moom la; jàppleen ko, yóbbu ko te wottu ko bu baax. » [Mc] Mu daldi ñëw ci Yeesu nag ne ko: « Salaam-maalikum, kilifa gi! » daldi ko fóon bu tàng. Yeesu ne ko: « Sama xarit, xam naa lu tax nga ñëw. [Lu] Ci fóon ngay jébbale Doomu nit ki ay noonam! » [Mk] Bi mu ko defee [Mc] ñu daldi jegesi, [Mk] song Yeesu nag, jàpp ko.

[Lu] Bi ñi àndoon ak Yeesu gisee liy bëgga xew, ñu ne: « Boroom bi, ndax nu dóore jaasi? » [Mc] Ca saa sa [Yow] Simoŋ Piyeer bocci jaasi, ji mu yoroon, daldi dóor surgab sarxalkat bu mag ba[1127], noppu ndijooram dagg[1128]. Surga boobu mi ngi tuddoon Malkus. [Lu] Waaye Yeesu daldi ne: « Bàyyileen. » Mu laal noppu waa ja, wéral ko. [Yow] Yeesu ne Piyeer: [Mc] « Roofal sa jaasi ci mbaram, ndaxte ku bocci jaasi, jaasi moo lay rey. Xanaa xamuloo ne man naa laaj sama Baay, te dina ma may ci taxawaay bi mbooloom malaaka mu xel dajul?[1129] Waaye su ma ko defoon, nan la Mbind mi mana ame? Ndaxte Mbind mi nee na, nii la wara ame. [Yow] Ndax warumaa naan kaasu naqar, bi ma Baay bi sédd? »

[Lu] Noonu Yeesu ne sarxalkat yu mag ya ak kilifay wottukati kër Yàlla ga[1130] ak njiiti xeet, wa ko jàppsi woon: « Jóg ngeen, gànnaayoo jaasi ak yet, mel ni ñuy topp sàcc. Moona maa nga woon ak yéen bés bu nekk ca kër Yàlla ga, te jàppuleen ma. Waaye léegi seen waxtu la, di jamonoy lëndëm. [Mc] Waaye lii lépp xew na, ngir amal Mbindi yonent yi. » [Mk] Ci kaw loolu, ñépp dëddu ko, daw. Fekk amoon na ca waxambaane[1131] wu lëkkaayoo woon sér, topp Yeesu, ñu daldi ko jàpp. Waaye waxambaane

---

[1126] **Mc 26:48; Mk 14:44; Lu 22:47 *fóon***: Daan nañu fóon seen waa jur, seeni doom, seen am-di-jàmm, ak ñi leen sut ngir may leen cér, di leen teral.

[1127] **Yow 18:10 *sarxalkat bu mag ba***: Seetal leeral 836 (Yow 11:49, wàll 111, page 233)

[1128] **Lu 22:50 *noppu ndijooram dagg***: Kenn ku xar-kanamam am sikk mënula liggéey ci kër Yàlla ga (Le 21:17-23).

[1129] **Mc 26:53 *mbooloom malaaka mu xel dajul***: Maanaam fukki mbooloo ak ñaar yu malaaka; mbooloo mu nekk def juróom benni junni

[1130] **Lu 22:52 *kilifay wottukati kër Yàlla ga***: Seetal leeral 1061 (Lu 22:4, wàll 137, page 278)

[1131] **Mk 14:51-52 *waxambaane wa***: Xamuñu kan la doon. Xalaat mu gëna siiw mooy moo doon Màrk. Lu dul loolu lu tax mu boole nettali bi ci téereem? Su fekkee ne lekk nañu reeru bésu Mucc ba ca këru Màrk, xëyna Màrk topp nañu Yeesu ak i taalibeem ba ca bérab bu tudd Setsemane. Walla boog Yudaa ak xarekat ya ak alkaati ya ñoo jëkka wutoon Yeesu ca këram, ba noppi dem tundu Oliw ya, te Màrk daw na ngir artu Yeesu.

wa wacc fa sér bi, daldi daw, def yaramu neen[1132].

### **149. Yóbbu nañu Yeesu ca Anas te Piyeer weddi na Yeesu** (Mc 26:57-58, 69-70; Mk 14:53-54, 66-68; Lu 22:54-57; Yow 18:12-25)

Yow Mbooloom xarekat ya ak seen kilifa ak alkaatiy Yawut ya jàpp Yeesu, daldi yeew, jëkk koo yóbbu ca Anas[1133], ndaxte Anas[1134] mooy gorob Kayif[1135], mi doon sarxalkat bu mag ba[1136] at mooma. Kayif moo digaloon Yawut ya ne: « Li gën moo di kenn rekk dee, ngir mbooloo mi mucc. »

### Piyeer weddi na Yeesu benn yoon

Yow Bi ñuy yóbbu Yeesu, Simoŋ Piyeer ak keneen ca taalibe ya[1137] toppoon nañu ko Mc fu sore, ba ci ëttu sarxalkat bu mag ba. Yow Keneen kooku nag, xamante na ak sarxalkat bu mag ba, moo waral mu duggaaleek Yeesu ca

---

[1132] **Mk 14:52** ***yaramu neen***: Yawut ya sib nañu yaramu neen. Dafa wone ni ñu gaawantu daw.

[1133] **Yow 18:13** ***yóbbu ko ca Anas***: Sarxalkat bu mag ba ca kërug daraja gu réy te rafet ca wetu kër Yàlla ga, ca sowu suufam, la dëkkoon. Amoon na benn pom bu boole kër ga ak kër Yàlla ga. Boroom xam-xam ya foog nañu ne Anas ak Kayif, ñoom ñaar amoon nañu ay néeg ci biir. Te amoon
Cosaankat yu gas ci suuf yaakaar nañu fekk nañu ngentu kër googu ci Yerusalem, gu waa Room tasoon ca atum 70 g.K., waaye mënuñu xam bu wóor. Kër ga 600 meetar kaare la woon. Amoon na ñaari taax, ak benn néeg bu mag, maanaam ab néegu bernde, ak ay ëtt ak ñeenti sanguwaay. Néegu bernde ba, yaatuwaayam 7 meetar la tollu te guddaayam 11 meetar. Tabax nañu kër gu ñu fekkoon ca tund wa. Naka noonu bunt ba dafa gënoona kawe ëtt ba ba tiim ko. Tamit soo nekkee ci diggu néegu bernde ba man ngaa séen kenn ku nekk ca ruqu ëtt ba. Naka noonu lu ñu gis ci Lu 22:61 fu ñu bind ne 'Yeesu geestu, xool Piyeer', man naa am.
Am na itam yeneen ñaari bérab ca Yerusalem yu ñu teg ne mooy bérabu kër Kayif fu ñu àtte Yeesu. Benn mooy ci suufu egliis bi ñu tudd Egliisu Piyeer bu sabu ginaar (*L'église Saint-Pierre en Gallicante*). Beneen bi, moo nekk ci suufu egliis bi ñu tudd Egliisu Musalkat bu sell bi, ci biir kër soor bu Armeeni (*Couvent Armenien de St-Sauveur*) ca wetu buntu Siyon gi. Ñoom ñaar sorewuñu woon kër Yàlla ga.

[1134] **Yow 18:13** ***Anas***: Seetal leeral 80 (Lu 3:2, wàll 16, page 44).

[1135] **Yow 18:13** ***Kayif***: Seetal leeral 835 (Lu 11:49, wàll 111, page 233).

[1136] **Mc 26:57; Mk 14:53; Lu 22:54; Yow 18:13** ***sarxalkat bu mag ba***: Seetal leeral 1057 (Mc 26:3, wàll 137, page 277).

[1137] **Yow 18:15** ***keneen ca taalibe ya***: Lu ëpp ci gëstukat ya foog nañu ne keneen ka mooy Yowaana doomu Sebede.

biir kër kilifa ga. Waaye Piyeer, moom, des ca buntu kër ga. Noonu taalibe boobu xamante woon ak sarxalkat bu mag ba génn, wax ak jigéen, ja doon wottu buntu kër ga, fexe Piyeer dugg ci biir.

Booba dafa seddoon, ba surga ya ak alkaati ya boyal ab taal, [Lu] ca diggu ëtt ba, [Yow] di ca jaaru. [Mk] Piyeer nag ma nga toogoon ci ëtt bi féete suuf. Noonu benn mbindaanu sarxalkat bu mag ba romb fa.

Mu gis Piyeer di jaaru, xool ko jàkk naan: « Yaw itam àndoon nga ak Yeesum Nasaret moomu. »

[Yow] Mbindaan mi doon wottu bunt bi ne Piyeer: « Mbaa yaw it bokkuloo ci taalibey waa ji? » Mu ne ko: [Lu] « Soxna si, xawma kooku. [Yow] Déedéet, bokkuma ci. » [Mc] Piyeer weddi ko ci kanam ñépp ne ko: « Xawma li ngay wax. » [Mk] Mu daldi génn, dem ca buntu kër ga. [Te genn ginaar daldi sab.]

## Anas seetlu na Yeesu

[Yow] Sarxalkat bu mag ba daldi laaj Yeesu ci lu jëm ci taalibeem yi ak ci njàngleem mi. Yeesu ne ko: « Ci mbooloo laa doon waxe. Ci kër Yàlla ga ak ci ay jàngu, fa Yawut yépp di daje, laa mas di jànglee. Masumaa wax dara di ko nëbb. Lu tax nga may laaj? Laajal ñi doon déglu li ma léen wax. Ñoom xam nañu li ma doon wax. » Bi Yeesu waxee loolu, kenn ci alkaati yi nekkoon ci wetam daldi koy pes ne ko: « Ndax nii ngay tontoo sarxalkat bu mag bi? » Yeesu ne ko: « Su ma waxee lu jaaduwul, wone ko; waaye su ma waxee lu jub, lu tax nga may dóor? »

Anas daldi koy yebal ca Kayif[1138], sarxalkat bu mag ba[1139], ñu yeew ko ba tey. [Mk] Te foofa la sarxalkat yu mag yi[1140], njiit yi[1141] ak xutbakat yi[1142]

---

[1138] **Mc 26:57; Mk 14:53; Lu 22:54; Yow 18:24 *yebal ko ca Kayif***: Kayif moo bokkoon kër ak Anas. Naka noonu, yebal nañu Yeesu ca beneen néeg rekk.

[1139] **Mc 26:59-66; Mk 14:55-64 *layoo ba ca kanamu saraxalekat ba***: layoo ba jàdd na yoon. Yoon wa sant na ne:
- Ci bëccëg rekk lañu mana àtte ku yelloo dee.
- Mënuñu àtte nit ci bésu noflaay walla màggal.
- Ci layoo ba mënuñu àtte nit, teg ko dee ci bés bi ñu ko seetlu. Gannaaw ga ñu seetlu ko, fàww ñu fanaan ci laata ñu àtte ko.

[1140] ***Mk 14:53 sarxalkat yu mag yi***: Seetal leeral 56 (Mc 2:4, wàll 12, page 36).

[1141] **Mc 26:57; Mk 14:53 *njiit yi***: Seetal leeral 926 (Mc 21:23, wàll 124, page 251).

[1142] **Mc 26:57; Mk 14:53 *xutbakat yi***: Seetal leeral 57 (Mc 2:4, wàll 12, page 36).

yépp dajaloo.

**150. Saraxalekat bu mag ba seetlu na Yeesu** (Mc 26:59-68; Mk 14:55-65; Lu 22:63-65)

Mk Noonu sarxalkat yu mag yi ak kureelu àttekat yi[1143] yépp di wut ku mana seede[1144] lu daan Yeesu, ba ñu man koo reylu, waaye gisuñu kenn. Teewul sax naaféq ñu bare ñëw, seede ci Yeesu lu dul dëgg, waaye seen seede ànduñu. Mc Ba mujj ñaari nit ñëw Mk taxaw, seede ci moom naan: « Nun daal dégg nanu, mu ne: “Dinaa toj kër Yàlla[1145], gii loxoy nit liggéey, tabax ci ñetti fan geneen gu nit liggéeyul.” » Waaye ba tey seeni wax ànduñu.

Ci kaw loolu sarxalkat bu mag bi taxaw ci seen kanam ne Yeesu: Mc « Ndax doo wax dara? Loo xam ci li ñii seede ci yaw? » Waaye Yeesu ne cell[1146].

Sarxalkat bu mag ba ne ko: « Giñloo naa la ci Yàlla miy dund, nga wax nu, ndax yaa di Almasi bi, Doomu Yàlla ji[1147]. » Yeesu ne ko: « Wax nga ko. Mk Moom laa. Mc Maa ngi leen koy wax it, li dale fii dingeen gis

---

[1143] **Mc 26:59; Mk 14:55 *kureelu àttekat ya***: Seetal leeral 833 (Yow 11:47, wàll 111, page 232). Kureelu àttekat ya dafa gaawa dajaloo ci xaaju guddi. Naka noonu ñépp nekkaguñu fa. Fàww mu am 23 nit fekk ci kureelu ngir àtte kenn teg ko dee. Ci lu jëm ci sàcc walla loraange ñetti àttekat doyoon na.

[1144] **Mc 26:59-61; Mk 14:55-59 *seede ya***: Yoon wa moo sant ne ñu seetlu seede ya, kenn-kenn, te seede ya mënuñu am bunt ngir mànkoo. Su seeni wax àndul ñu sànni seeni seede. Tamit seede buy fen ñu wara àtte, teg ko dee.

[1145] **Mc 26:61; Mk 14:58 *toj kër Yàlla ga***: Gis nañu ci téere Yowaana fu mu waxoon ne « Daaneel-leen kër Yàlla gii, ma daldi koy yékkati ci ñetti fan. » Dafa waxoon ci aw yaramam, du ci tabax (Yow 2:19-21). Ne na itam ne dinañu daaneel kër Yàlla ga ba doj desul ci kaw doj, waaye waxul ne moom dina ko def. (Mc 24:2; Mk 13:2; Lu 21:6). Tamit, ca jamono Yeesu amoon ñi gëm ne Almasi bi dina tabaxaat kër Yàlla gi ci muju jamono.

[1146] **Mc 26:63; Mk 14:61 *Yeesu ne cell***: Moo fàttali li yonent Yàlla Esayi waxoon ci Isa 53:7 « Fitnaal nañu ko, mu dékku ko te boolewu ca wax; mel ni xar mu ñuy rendiji, ni mburtu mu luu ci kanam i watkat, mu ne cell. »

[1147] **Mc 26:63; Mk 14:61 *ndax yaa di Almasi bi, Doomu Yàlla ji***: Sarxalkat bu mag ba bëggoona tiiñal Yeesu, ngir rey ko, waaye amagul bunt. Seedey naaféq ya doyul woon. Yeesu daawul teg boppam mooy Almasi bi walla doomu Yàlla ja ci mbooloo ma. Ñeneen wax nañu ko, waaye du Yeesu. Taalibe Yeesu xamoon nañu ko. Naka noonu xëyna Yudaa Iskariyo wax na leen dara.

Doomu nit ki toog ci ndijooru Aji Man ji, di ñëw ci niiri asamaan si[1148]. »

Bi mu déggee loolu, sarxalkat bu mag ba daldi mer lool, ba xotti ay yéreem[1149], daldi ne: « Weddi na Yàlla[1150], lu nu doyeeti seede? Dégg ngeen ni mu weddee. Lu ngeen ci xalaat? » Ñu ne ko: « Yoon teg na ko dee[1151]. » [Mk] Noonu ñépp teg ko dee.

### Fitnaal nañu Yeesu ba fajar

[Mc] Ci kaw loolu ñu daldi tifli ci xar kanamam[1152], [Mk] takk ay bëtam[1153], di

---

[1148] **Mc 26:64; Mk 14:62 *Doomu nit ki toog ci ndijooru Aji Man ji, di ñëw ci niiri asamaan si***: Ca jamono Yeesu amoon na ay xalaat yu wuute ci li "Almasi bi" ak "doomu Yàlla" tekki. Li sarxalkat bu mag ba xalaatoon mu tekki, ak li Yeesu xalaatoon mu tekki, du ñu benn. Naka noonu Yeesu tekki na li mu bëgga wax ci tur yooyu. Ci tontam, Yeesu dafa boole ñaari jukki ci Mbindum yonent yi – Dan 7:13 ak Ps 110:1. Wax ju réy la ci noppi waa kureelu àttekat la. Yeesu faramfànce na ku mu doon ci waxinu Dañeel 7:9-14 ak Sabóor 110 buy wone ne Almasi bi ëpp na nit fuuf. Moo wax itam ne Yeesu dina mujja nekk seen àttekat.
May xool ci biir peeñu, yi ma dikkal guddi, te ma gis ci kaw niiri asamaan ku mel ni doomu nit, muy ñëw. Mu dox jëm ca màggat mu yàgg mi, te ñu indi ko ci kanamam. Ñu jox ko kilifteef gi, ndam li ak nguur gi. Te mbooloo yépp, xeet yi, ak niti bépp làkk di ko jaamu. Kilifteefam dina sax fàww te du jeex, te nguuram du toxu mukk. (Da 7:13-14)
Aji Sax ji daa wax sama sang, ne ko: « Toogal sama ndijoor, ba ma def say noon sa ndëggastal. » (Ps 110:1)

[1149] **Mc 26:65; Mk 14:63 *xotti ay yéreem***: Yawut ya daan nañu xotti seen yére ngir wone naqar bi kenn faatoo. Waaye yoon wa tere na sarxalkat bu mag ba xotti yéreem ngir mbokkam ku dee (Le 10:6; 21:10). Waaye seen aada may na sarxalkat bu mag ba mu xotti ay yéreem su mu déggee ku suufeel turu Yàlla.

[1150] **Mc 26:65; Mk 14:64 *weddi na Yàlla***: Weddi Yàlla mooy wax Yàlla lu ñaaw (Ex 22:28; Le 24:15) walla ñàkke kersa Aji Sax ji (Le 24:16). Amoon na ñi xalaat ne ñaawal kër Yàlla ga walla sarxalkat bu mag ba ak njiiti Israyil bokk na ci weddi Yàlla. Gannaaw jamono Kirist, wax turu Yàlla doŋŋ moo doon weddi Yàlla.
Ni Yeesu waxe ne dina toog ci ndijooru Yàlla, bokkaale la su fekkee ne Yeesu du doon Almasi bi.

[1151] **Mc 26:66; Mk 14:64 *teg ko dee***: Nguuru Room sañul Yawut ya, ñu rey nit. Man nañu ko àtte ne yelloo na dee waaye mënuñu ko rey.

[1152] **Mc 26:67; Mk 14:65 *tifli ci xar kanamam***: Tifli ci sa kanam gàcce gu réy la (Nu 12:14; De 25:9). Yeesu wax na ne dina am lu jiitu (Mc 16:21; Mk 10:34). Yonent Yàlla Esayi yégle na ko itam (Isa 50:6; 53:3). Nitu jamono jooju gëm nañu ne ñu wara dóor, di tifli ci kawam ngir wone ñépp ne bokkuñu ci bàkkaaram.

[1153] **Mk 14:65; Lu 22:64 *takk ay bëtam di ko dóor***: Gëm nañu ne Almasi bu ñëwee dina mana àtte dara ci kaw li mu dul gis ndax ni ñu doon faramfàccee lenn ci téereb Esayi (Isa

ko dóor ay kurfeñ, naan ko: « Yaw wax nu ci kàddug Yàlla, ku la dóor? » Mc Ñeneen talaata ko.

Mk Ba noppi alkaati yi teeru ko ak ay pes. Lu Nit ñaa nga jàppoon Yeesu, di ko ñaawal ak di ko dóor. Ñu ngi ko doon tifaar it yeneen saaga.

**151. Piyeer weddi na Yeesu yeneen ñaari yoon** (Mc 26:71-75; Mk 14:69-72; Lu 22:58-62; Yow 18:26-27)

**Piyeer weddi na Yeesu ñaareel bi yoon**

Lu Nees-tuut Mk foofa nag mbindaan mi gisaat ko, mu ne ñi fa taxaw: « Waa jii ci ñoom la bokk. » Mc Beneen mbindaan gis ko, mu wax ña fa nekkoon: « Kii àndoon na ak Yeesum Nasaret. » Waaye Piyeer weddiwaat, boole ko ak ay ngiñ ne ko: « Xawma nit kooku. »

**Piyeer weddi na Yeesu ñetteel bi yoon**

Lu Bi ñu tegee lu mat waxtu, Mc ña fa taxawoon ñëw ci Piyeer ne ko: « Ci lu wóor ne yaw itam bokk nga ci ñoom, Mk nde waa Galile nga. Mc ndaxte sa waxin feeñal na la.[1154] » Lu Keneen dikkaat ca wax ja ne: « Ci lu wóor nit kii àndoon na ak moom, nde Galile la jóge. » Yow Kenn ci surgay sarxalkat bu mag ba, di mbokku ka Piyeer coroon noppam, ne Piyeer: « Xanaa du yaw laa gisoon ak moom ca tool ba? » Mc Bi mu ko déggee, Piyeer daldi giñ ak di waat ne: « Xawma nit kooku. »

Mk Ci saa Lu bi kàddoom di daanu, faf ginaar daldi sab[1155] Mk ñaareelu yoon.

Lu Noonu Boroom bi geestu, xool Piyeer[1156]. Te Piyeer fàttaliku la ko

---

11:2-4). Foog nañu ne ku teg boppam Almasi bi dina xam ku ko dóor ca kaw xetam rekk. Bëggoon nañu wone ne Yeesu du woon yonent, di ko reetaan te ñaawle.

[1154] **Mc 26:72; Mk 14:70 *sa waxin feeñal na la***: Waxinu waa Galile wuute woon na ak wu waa Yude. Bokkoon na ci lu tax waa Yude xeeb waa Galile, di leen foontoo. Ndegam Piyeer nekkoon na ci biir këru sarxalkat bu mag ba ci xaaju guddi, wuute ba dina gëna leer sax.

[1155] **Mc 26:74; Mk 14:72; Lu 22:60; Yow 18:27 *ginaar daldi sab***: Guddi gi la ba tey. Seetal leeral 1113 (Mk 14:30; wàll 146, page 292)

[1156] **Lu 22:61 *Boroom bi geestu, xool Piyeer***: Néegi kër ga wër nañu ëtt ba. Kenn ku nekk ci benn ci néeg ya, man naa seen wàllu ëtt ba, waaye du ëtt bépp, su fekkee ne bunt ba dafa ubbiku.

Boroom bi waxoon ne[1157]: [Mk] « Bala ginaar a sab ñaari yoon, dinga ma weddi ñetti yoon. »

[Lu] Piyeer daldi génn, di jooy jooy yu metti.

### 152. Yeesu taxaw na ci kanamu kureelu àttekat yi (Mc 27:1-2; Mk 15:1; Lu 22:66-23:1)

*Anam yi: Àjjuma ci fajar la.*

[Mc] Ci suba teel[1158] sarxalkat yu mag yépp ak njiiti xeet wa gise[1159], ngir fexee reylu Yeesu. [Lu] Bi bët setee, kureelu njiiti xeet wa, maanaam sarxalkat yu mag ya ak xutbakat ya, daldi daje, indi Yeesu ci seen kanam. Ñu ne ko: « Soo dee Almasi bi, wax nu ko. » Mu ne léen: « Su ma leen ko waxee, dungeen ma gëm. Te su ma leen laajee, dungeen tontu. Waaye gannaaw-si-tey, Doomu nit ki dina toog ci ndijooru Yàlla, Aji Man ji[1160]. » Noonu ñépp ne: « Kon nag yaay Doomu Yàlla ji? » Mu ne léen: « Yéen ci seen bopp wax ngeen ne moom laa. » Ñu daldi ne nag: « Lu nuy doyeeti seede léegi, ndegam nun ci sunu bopp noo ko nangoo ci gémmiñam! » Gannaaw loolu kureelu àttekat ya yépp daldi jóg, [Mk] yeew nag Yeesu, daldi ko yóbbu, jébbal ko Pilaat[1161], [Mc] boroom réew ma.

### 153. Yeesu taxaw na ci kanamu Pilaat (Mc 27:11-14; Mk 15:2-5; Lu 23:2-6; Yow 18:28-38a)

---

[1157] **Mc 26:75; Mk 14:72; Lu 22:61 *Boroom bi waxoon ne***: Yeesu waxoon na ko guddi googu. Seetal Mc 26:34; Mk 14:30; Lu 22:34; Yow 13:38.

[1158] **Mc 27:1; Mk 15:1; Lu 22:66 *ci suba teel***: Yoon waa sant na ne ci bëccëg rekk lañu mana àtte ku yelloo dee. Tamit nguuru Room ci jant fenk lañu toog ca àttekaay ba ba ci digg-bëccëg. Naka noonu fàww ñu teela àggale seeni layoo ngir jébbal Yeesu Pilaat. Fajar ci Yerusalem ci jamono bésu Mucc ba mooy 5:04 a.m. te jant bi dafay fenk 6:26 a.m..

[1159] **Mc 27:1; Mk 15:1; Lu 22:66 *sarxalkat ... gise***: Kureelu àttekat ya dajaloo na ci suba teel ngir feddali li ñu dogaloon ba noppi.

[1160] **Lu 22:69 *toog ci ndijooru Yàlla***: Seetal Ps 110:1.

[1161] **Mc 27:2; Mk 15:1; Lu 23:1 *jébbal ko Pilaat***: Nguuru Room sañul Yawut ya, ñu rey nit. Moo tax ñu war koo jébbal Pilaat. Seetal leeral 73 (Lu 3:1, wàll 16, page 42) ngir gëna xam Pilaat. Bi Pilaat ñëwee Yerusalem, ci kër buur ba Erodd bu mag la dëkk, di liggéey, Kër googu ci biir miir ba te ci kaw tund ba ci sowu la nekkoon. Mooy fu kawee kawe ca dëkk ba. Sorewul kër sarxalkat bu mag ba ak kër Yàlla ga.

[Yow] Bi loolu wéyee ñu jële Yeesu ca Kayif[1162], yóbbu ko ca kër boroom réew ma, [Mc] Yeesu taxaw ca kanam boroom réew ma. [Yow] Ci waxtuw njël[1163] la woon. Waaye Yawut ya yéeguñu ca taaxum kaw ma. Dañoo bañoona taq sobe[1164], ngir mana lekk ca ñamu bésu Mucc ba[1165]. Looloo tax Pilaat boroom réew ma génn, dajeek ñoom. Mu laaj léen ne: « Lu ngeen di jiiñ waa jii? » Ñu ne ko: « Bu deful woon lu bon, duñu la ko jébbalsi. » Pilaat ne léen: « Jël-leen ko, yéen, te àtte ko ci seen yoon. » Yawut yi ne ko: « Yoon mayu nu, nu àtte nit, teg ko dee[1166]. » Noonu la kàddug Yeesu gi ame[1167], ci li mu misaaloon ni mu wara faatoo.

[Lu] Foofa ñu tàmbali di ko sosal naan[1168]: « Fekk nanu nit kii, muy fàbbi

---

[1162] **Yow 18:28 *jële Yeesu ca Kayif, yóbbu ko ca kër boroom réew ma***: Boroom réew ma ca Sesare la dëkk. Kër boroom réew ma mooy bérab bu ñu wax Peretoriyum. Daan na ñëw Yerusalem ca màggal ya ànd ak xarekat ya ngir tere yëngu-yëngu am. Ñu gëna bare ci boroom xam-xam ya gëm nañu ne ci Yerusalem mu dëkk di def liggéeyam ca kër Buur bi Erodd bu mag tabaxoon. Doxub ay minit rekk la diggante kër Kayif ak kër Erodd. Ñeneen gëm nañu ne ci tata ja ca wetu kër Yàlla ga la dëkkoon, muy tata bu ñuy wax Antoniya.

[1163] **Yow 18:28 *waxtuw njël***: Nguuru Room bu jant fenkee lañu tàmbalee toog ngir àtte nit.

[1164] **Yow 18:28 *bañoona taq sobe***: Yoonu Musaa terewul Yawut ya dugg ci kër ñi dul Yawut. Waaye ci kaw seeni sàrt ku dugg ci kër ñi dul Yawut dafa taq sobe ci diirub benn ayu-bés, maanaam ci diiru màggalu Mburu ma amul lawiir gépp.

[1165] **Yow 18:28 *lekk ca ñamu bésu Mucc ba***: Yeesu lekkoon na reeru bésu Mucc ba bés bu jiitu ba. Daan nañu boole màggalu bésu Mucc ba ak màggalu Mburu ma amul lawiir gu ko topp ci wenn tur – mooy màggalu bésu Mucc ba (Lu 22:1).
Tamit waa Galile ak Farisen ya daan nañu natt bés ba, jant fenk ba jant fenk. Maanaam, guddi moo topp bëccëg. Waa Yude ak Sadusen ya daan nañu natt bés ba, jant so ba jant so. Maanaam, guddi moo jiitu bëccëg. Waa Room daan nañu natt bés ba, guddi gi xaaj ba guddi gi xaaj.
Loolu tekki na ne amoon ñi lekk reeru bési mucc ba ci benn bés, ñi ci des ci bés bi ko topp. At boobu waa Galile ak Farisen ya teg nañu ne fukkeelu bés ba ak ñeent ci weer wi mooy bi jant fenkee alxames ba jant fenk àjjuma. Waa Yude, sarxalkat ya ak Sadusen ya teg nañu ne mooy bi jant so alxames ba jant so àjjuma. Te àjjuma ci guddi lañu lekke reeru bési Mucc ba.

[1166] **Yow 18:31 *yoon mayu nu, nu àtte nit, teg ko dee***: Gannaaw atum Tubaab 30 g.K. nguuru Room mayul Yawut ya sañ-sañ ñu mana àtte nit, teg ko dee lu dul ñi dul Yawut ñu dugg ci bérab bu sell ba ca kër Yàlla ga.

[1167] **Yow 18:32 *kàddug Yeesu gi ame***: Yeesu wax na lu jiitu ne dinañu ko daaj ca bant (Mc 20:19; 26:2; Lu 18:32; Yow 3:14; 12:32-33).

[1168] **Lu 23:2 *tuuma ya***: Kureelu àttekat ya àtte na Yeesu ku weddi Yàlla la. Waaye loolu doyul nguuru Room teg ko dee. Naka noonu sos nañu yeneen tuuma ngir Pilaat xalaat ne

sunu réew, di léen teree fey galag Sesaar, te mi ngi teg boppam Almasi, maanaam buur. » [Mk] Te sarxalkat yu mag yi [Mc] ak njiit ya [Mk] di ko jiiñ lu bare. [Lu] Noonu Pilaat laaj ko: « Ndax yaa di buuru Yawut yi? » Yeesu ne ko: « Wax nga ko, » [Mc] waaye waxul dara ca la ko sarxalkat yu mag ya ak njiit ya jiiñ. Noonu Pilaat ne ko: « Xanaa dégguloo li ñu la jiiñ lépp? [Mk] Xanaa amoo ci tont? » [Mc] Waaye [Mk] ba tey [Mc] Yeesu waxu ko ci dara[1169], ba tax boroom réew ma waaru lool.

[Yow] Gannaaw loolu Pilaat duggaat ca taaxum kaw ma, woo Yeesu ne ko: « Ndax yaa di buuru Yawut yi? » Yeesu ne ko: « Ndax yaa ko xalaat, wax ko, am dañu la koo xelal ci man? » Pilaat ne ko: « Mbaa xalaatoo ne man Yawut laa? Sa xeet ak sarxalkat yu mag yi ñoo ma la jébbal. Lan nga def? » Yeesu ne ko: « Sama kilifteef nekkul ci àddina. Bu sama kilifteef nekkoon àddina, sama surga yi dinañu xeex, ngir bañ ñu jébbal ma Yawut yi. Waaye sama kilifteef nekkul àddina. » Pilaat ne ko: « Kon yaw buur nga? » Yeesu ne ko: « Wax nga ko; buur laa. Lii moo tax ma juddu, ñëw àddina: ngir wax dëgg gi. Ku bokk ci dëgg dina nangu li ma wax. » Pilaat laaj ko ne: « Luy dëgg? » Bi mu waxee loolu ba noppi, Pilaat daldi génnaat, jëm ca Yawut ya ne léen: « Gisuma ci moom genn tooñ. » [Lu] Waaye ñu sax ci seeni wax naan: « Mi ngi jógloo mbooloo mi, di jàngle ci réewu Yawut ya mépp, li dale ci Galile ba fii. » Bi Pilaat yégee baat yooyu, mu laajte ne: « Ndax nit kii Galile la dëkk? »

## 154. Yébal nañu Yeesu ca Erodd (Lu 23:7-12)

[Lu] Bi mu yégee ne Yeesoo ngi nekk ci diiwaan bi Erodd[1170] yilif, mu

---

Yeesu yelloo na dee. Ñett lañu tudde. Muy fàbbi réew mi. Muy teree léen fey galag Sesaar. Te muy teg boppam buur.
Su sarxalkat bu mag waxee ne kenn fàbbi réew mi dañu bëgg wax ne mu jéema wañño gaayi Yàlla ci seen diine. Waaye boroom réew mi dina dégg kenn kuy fippu nguuru Room, ab fippulookat.
Baña fey galag Sesaar itam bañ moomeelu Room la. Farisen ya jéem nañu fiir Yeesu ci wàllu galag, waaye Yeesu nanguwul dugg ci biir (Mc 22:15-22; Mk 12:13-17; Lu 20:20-26). Nguuru Room sas na Pilaat mu jële ci waa Yudaa galag. Su ko deful, Sesaar dina daanu ca kawam.
Te gis nañu ba noppi ni Yeesu bañoona nangoo ñu def ko buur (Yow 6:14-15).

[1169] **Mc 27:14; Mk 15:5 *Yeesu waxu ko ci dara***: Ci yoonu nguuru Room, ku baña layoo dees na mu dig tooñ.

[1170] **Lu 23:7 *Erodd***: Erodd mooy Erodd Antipas, mu yilifoon diiwaani Galile ak Pere 4 j.K. ba 39 g.K.. Benn ci doomi Erodd bu mag ba la woon. Seetal leeral 74 (Lu 3:1, wàll 16, page 43)

yónnee ko Erodd, mi nekkoon ci jamono jooju ci Yerusalem[1171]. Bi Erodd gisee Yeesu, mu am mbég mu réy. Bu yàgg ba tey dafa koo bëggoona gis[1172], ndaxte déggoon na ñuy wax ci ay mbiram te yaakaaroon na ne dina ko gis mu def kéemaan. Noonu mu laaj ko ay laaj yu bare, waaye Yeesu waxul dara. Sarxalkat yu mag ya ak xutbakat yaa nga fa woon, di ko jiiñ bu metti. Noonu Erodd ak ay xarekatam toroxal Yeesu, di ko ñaawal. Gannaaw loolu mu solal ko mbubb mu rafet, delloo ko Pilaat. Erodd ak Pilaat dañoo ñi bañante woon bu jëkk, waaye ca bés booba doon nañu ay xarit.

**155. Barabas walla Yeesu?** (Mc 27:15-23a; Mk 15:6-14; Lu 23:13-22; Yow 18:39-40)

Lu Pilaat daldi woo sarxalkat yu mag ya, njiit ya ak mbooloom Yawut ya[1173] ne léen: « Indil ngeen ma nit kii, ne ma day jàddloo yoon mbooloo mi. Léegi nag man mii laaj naa ko ci seen kanam, waaye gisuma tooñ ci moom ak li ngeen koy jiiñ lépp. Erodd itam gisul tooñ gu mu def, ndegam mu yónneewaat nu ko. Nit kii deful genn tooñ gu jar ñu koy rey. Yow Seen aada laaj na, ma bàyyil leen kenn, saa su ñuy def màggalu bésu Mucc bi. Lu Kon nag dinaa ko dóorlu ay yar[1174] te bàyyi ko. »

Mc Ca màggal gu nekk nag boroom réew ma daan na may mbooloo ma, ñu tànn kenn ca ña ñu tëjoon, mu daldi léen ko bàyyil. Fekk booba amoon

---

[1171] **Lu 23:7 *nekkoon Yerusalem***: Bëggoon na nit teg ko nit ku ragal Yàlla. Naka noonu daan na ñëw Yerusalem ngir màggalu bésu Mucc ba (Jëf 12:4,19). Ci Yerusalem mu dëkk ca kër Buur bi Erodd bu mag tabaxoon, maanaam fu Pilaat di àtte Yeesu.

[1172] **Lu 23:7 *dafa koo bëggoona gis*:** Péeyu Erodd, Tiberyàdd, nekkoon na 15 km ca suddu Kapernawum fu Yeesu doon dëkk di liggéey. Nu jëkka gis ne Erodd yég na li Yeesu doon def ca jamono ji Erodd reyoon Yaxya, daanaka ñaari at lu ko jiitu (Mc 14:1; Mk 6:14; Lu 9:7). Tamit ay weer lu ko jiitu Farisen ya wax na Yeesu ne Erodd moo ko wuta rey (Lu 13:31).

[1173] **Mc 27:17; Mk 15:8; Lu 23:13 *mbooleem Yawut ya***: Mbooloo mii bokkul ak mbooloo mu teraloon Yeesu ayu-bés bu jiitu. Ajikat ya teraloon Yeesu war nañoo nekk ca këru Yàlla ga walla ci seen këri bokk. Jàpp nañu Yeesu ci kumpa ci xaaju guddi te kenn yégagu ko. Ñi nekk ci kanamu Pilaat ñooy sarxalkat yu mag ya ak njiit ay ak itam gaayi Barabas. Xamoon nañu ne Pilaat dina bàyyi kenn ca ña ñu tëjoon. Naka noonu lu gëna wóor mooy gaayi Barabas ñëw nañu ngir feddali ne Pilaat bàyyil leen ko.

[1174] **Lu 23:16 *dóorlu ay yar***: Seetal leeral 1179 (Mc 27:26, wàll 156, page ?)

nañu ku ñu tëjoon, ku siiw te tudd Barabas[1175], Mk ku bokk ci ña bëggoona tas réew mi, boole ci rey nit. Noonu mbooloo mi ñëw, laaj Pilaat, mu defal léen la mu daan def.

Mc Bi nga xamee ne daje nañu nag, Pilaat laaj léen: « Kan ngeen bëgg, ma bàyyi ko, Barabas walla Yeesu mi ñuy wax Kirist? » Ndaxte xamoon na ne kiñaan rekk a taxoon, Mk sarxalkat yu mag yi jébbal ko Yeesu.

Mc Te it bi mu toogee sax ca jalu àttekaay ba[1176], soxnaam yónnee ci moom ne ko: « Bul dugg ci yëfi ku jub kooku, ndaxte tey gént naa[1177] ci moom te sonn naa ci lool. »

Waaye sarxalkat yu mag ya ak njiit ya xiir mbooloo ma, ñu laaj Mk Pilaat, mu bàyyil léen Barabas Mc te reylu Yeesu. Noonu boroom réew ma laaj léen: « Kan ci ñaar ñii ngeen bëgg, ma bàyyil leen ko? » Ñu ne ko: « Barabas. » Pilaat ne léen: « Nan laay def nag Yeesu, mi tudd Kirist? » Ñépp ne ko: « Daaj ko ci bant[1178], ba mu dee! »

Boroom réew ma ne léen: « Lu tax? Gan tooñ la def? » Waaye ñu daldi yuuxu bu gëna kawe naan: « Daaj ko ci bant! » Lu Pilaat waxaat ak mbooloo ma, ndaxte dafa bëggoona bàyyi Yeesu. Waaye ñuy Mk yuuxuwaat Lu naan: « Daaj ko ci bant! Daaj ko ci bant, ba mu dee! »

Pilaat ne léen ñetteel bi yoon: « Lu tax? Gan tooñ la def? Gisuma ci moom dara lu jar dee. Kon dinaa ko dóorlu ay yar te bàyyi ko. »

**156. Daan nañu Yeesu** (Mc 27:23b-31; Mk 15:15-20; Lu 23:23-25; Yow 19:1-16)

---

[1175] **Mc 27:17; Mk 15:7; Lu 23:18; Yow 18:40** ***Barabas***: Ca waa Room Barabas kenn ku bëggoona tas réew mi la woon. Waaye ca Yawut la woon, njàmbaar la, ku jéem leena musal ca loxo nguuru Room.

[1176] **Mc 27:19** ***jalu àttekaay***: Mooy jal bi fu boroom réew ma doon toog ngir àtte nit. Daan nañu ko teg ci kanamu këram bu boroom réew ma nekkee Yerusalem.

[1177] **Mc 27:19** ***gént***: Ca jamono jooju gëm nañu ne ab gént man naa wone lu dëgg te am solo. Moo tax soxnas Pilaat jox ko maanaa ba tax mu yónnee ci jëkkëram, di ko gétën ci liggéeyam. Soxnas Pilaat mu nekk jigéen ju am maana waxal Yeesu mi nekk baadoolo ci kanamu boroom réew mi.

[1178] **Mc 27:22; Mk 15:13; Lu 23:21** ***daaj ko ci bant***: Moo ni nguuru Room doon reye tooñkat ya. Seetal leeral 395 (Mc 10:38, wàll 58, page 136).

Yow Noonu Pilaat joxe ndigal, ñu dóor Yeesu ay yar[1179]. Mk Bi loolu amee ñu dugal Yeesu ci biir kër boroom réew ma, mooy bérab bu ñuy wax Peretoriyum[1180], ñu daldi woo mbooloom xarekat yépp[1181]. Mc Noonu xarekat ya summi ko[1182], solal ko mbubbum xarekat mu xonq curr[1183]. Ñu ràbb kaalag dég[1184], teg ko ci boppam, teg bantu xat ci loxol ndijooram[1185], sukk ci kanamam, Yow di ko pes, Mc di ko ñaawal ne ko: « Nuyu nanu la, yaw buuru Yawut yi![1186] » Ba noppi ñu daldi tifli ci kawam[1187], fab bantu xat ba, dóor ko ci boppam.

---

[1179] **Mc 27:26; Mk 15:16; Yow 19:1** ***ay yar***: Nii la nguuru Room daan dóor kenn ay yar. Ñu summil ko yéreem, te yeew ko ci wenn jën ci biir kër boroom réew ma. Yawut yi amoon nañu àpp ci seen dóor yar ba ñeent fukk (De 25:3), wànte yaru waa Room amul woon àpp. Li dóorkat bëgga def, mu def ko. Ñu jëfandikoo genn yaru der gu am juróom ñeenti geen yu gudd. Takk nañu ay dogiti weñ walla beteex ci geen gu nekk ngir mu xotti gaañ-gaañ bu metti. Naka noonu, bi ñu dóoree tooñkat, geen yi dinañu agsi ci gannaawam, te jëm kanam ba kanamam ba ñu wër ko. Dogitu weñ dinañu nuur ci deram ba jàpp ko bu baax. Noonu dóorkat dina xëcc ba geen yi xotti deru rendi ba.
Yar nañu ñi ñu bëgga daaj ci bant, ngir wàññi seen doole ba ñu gëna gaawa dee.

[1180] **Mc 27:27; Mk 15:16** ***Peretoriyum***: Mooy ni ñu doon tudde kër boroom réew ma, ci dëkku Sesare ak ci dëkku Yerusalem. Xamuñu bu woor fan la woon. Ñu gëna bare ci boroom xam-xam ya foog nañu ne mooy kër Buur bi Erodd bu mag tabaxoon. Ñeneen foog nañu ne ci tata ja ca wetu kër Yàlla ga la dëkkoon, muy tata bu ñuy wax Antoniya.

[1181] **Mc 27:27; Mk 15:16** ***mbooloom xarekat yépp***: Mbooloom xarekat moo nekkoon 600 nit ñu ñu jële ci xeet yu dëkk ci réew yu wër Palestiin. Waaye fii mu mana nekk 120 ba 600 nit.

[1182] **Mc 27:28** ***ñu summi ko***: Summi nañu Yeesu ba mu def yaramu neen. Gàcce gu réy la.

[1183] **Mc 27:28; Mk 15:17; Yow 19:2** ***mbubbum xarekat mu xonq curr***: Piis bu jub-koñ bu ñu teg ci mbagg ya, takk ko ci kanamu baat ba, mbubb ma wàcc ba ci gannaaw óom ya. Mooy li xarekat ya doon solu. Buur ya daan nañu solu mbubb yu yolet. Naka noonu solal nañu Yeesu mbubb, teg ci boppam kaalag dég, teg bant ba ci loxoom ngir xalaatloo nit ñi ci yére buur ya. Def nañu ngir foontoo Yeesu. Po la woon.

[1184] **Mc 27:29; Mk 15:17; Yow 19:2** ***kaalag dég***: Ràbb nañu ko ngir mu misaale mbaxanam buur. Xamuñu ci gan garab lañu jële dég ya. Am na ñi xalaat ne moo doon genn garab ku mel ni sump (*Ziziphus spina-christi*). Ñeneen xalaat ne moo doon tàndarma ga (*Phoenix dactylifera*) gu am dég.

[1185] **Mc 27:29** ***bantu xat***: Moo misaale yetu nguur.

[1186] **Mc 27:29; Mk 15:18; Yow 19:3** ***nuyu nanu la***: Mooy ni ñu doon nuyu buur bi Sesaar. Ba tey ñu ngi koy fontoo.

[1187] **Mc 27:30; Mk 15:19** ***tifli ci kawam***: Tifli ci sa kanam gàcce gu réy la (Nu 12:14; De 25:9). Noonu ñu seexloo ko.

Yow Pilaat génnaat ne léen: « Gis ngeen, maa ngi leen koy indil ci biti, ngir ngeen xam ne waa jii, gisuma ci moom genn tooñ. » Yeesu nag génn, tegoo mbubbum xarekat mu xonq mi ak kaalag dég gi. Pilaat it ne léen: « Waa jaa ngii! » Waaye bi ñu ko gisee, sarxalkat yu mag ya ak alkaati ya di yuuxoo naan: « Daaj ko ci bant! Daaj ko ci bant, ba mu dee! » Pilaat ne léen: « Jël-leen ko, yéen, daaj ko ci bant, ndaxte gisuma ci moom genn tooñ. » Yawut yi ne ko: « Am nanu aw yoon[1188], te ci yoon woowu, war na dee ndaxte teg na boppam Doomu Yàlla. »

Bi Pilaat déggee wax jooju, dafa gëna tiit[1189], dugg ca taax ma, daldi ne Yeesu: « Foo jóge? » Waaye Yeesu tontuwu ko. Pilaat ne ko: « Man ngay baña waxal? Xanaa xamuloo ne am naa sañ-sañu bàyyi la, te am naa itam sañ-sañu daaj la ci bant? » Yeesu ne ko: « Amuloo benn sañ-sañ ci man su dul bi la Yàlla jox. Looloo tax ba ki ma jébbal ci say loxo am na bàkkaar, bi gëna réy. »

Booba nag la Pilaat doon fexee bàyyi Yeesu. Waaye Yawut ya di yuuxoo naan: « Boo bàyyee kii, doo xaritu buur bi Sesaar[1190]. Nit ku teg boppam buur, noonub Sesaar la! » Bi Pilaat déggee loolu, mu daldi génne Yeesu ca biti, dem toog ca jalub àttekaay ba, ca fu ñuy wax Bérabu doj ya. Ci làkku yawut ñu naan ko Gabata[1191]. Booba ñu ngi waajal màggalu bésu Mucc ba[1192], ca weti digg bëccëg[1193]. Pilaat ne Yawut ya: « Seen buur a

---

1188 **Yow 19:7 *am nanu aw yoon***: Wax nañu ci li ñu gis ci Le 24:16, maanaam, “Ku ñàkke kersa turu Aji Sax ji, dee rekk mooy àtteem.”

1189 **Yow 19:8 *dafa gëna tiit***: Bi Pilaat déggee ne Yeesu teg na boppam Doomu Yàlla, mu gëna tiit. Waa Room ak gereg ya gëmoon nañu ne seen yàllay man nañu wàcc, dox ci àddina si ci jëmmu nit. Pilaat xamul ne ndax Yeesu bokkoon na ca ñoom walla déet.

1190 **Yow 19:12 *xaritu buur bi Sesaar***: Ndomb la woon, maanaam tur wi ñu joxoon kenn ku daje ak yiwu Sesaar. Boroom xam-xam ya foog ne Pilaat xaritu kenn ku bokkoon ci kilifay dagi buur ba ku tudd Ayliyus Seyanus te loolu moo tax Pilaat daje naak yiwu Sesaar. Waaye ci atum tubaab 31 g.K. Seyanus tooñ na Sesaar ba mu rey ko moom ak ay ñoñam. Pilaat xamoon na ne nekkatul fu wóor. Dafa ragaloon li Sesaar nara def su fekkee ne njiiti Yawut ya xultu ko Moo tax mu nangoo def li ñu bëggoon.

1191 **Yow 19:13 *Gabata***: Baat bu jóge ci làkku yawut la, bu tekki ‘fu kawe’ te ñu dugge noonu ci làkku gereg. Mooy turu bérab bu tudd ‘Bérabu doj ya’ fu ñu doon àtte nit ñi. Yaakaar nañu ne nekkoon na ci kanamu këru Erodd ci Yerusalem, mooy kër gi boroom réew yi dëkk.

1192 **Yow 19:14 *waajal màggalu bésu Mucc ba***: Gis nanu ba noppi ne Yeesu ak i taalibeem lekk na reeru bésu Mucc ba, bés bu jiitu ba (wàll 139, Mc 26:20; Mk 14:17; Lu 22:14-18; Yow 13:1-20, page 279). Waaye Sarxalkat yu mag ak njiiti Yawut ya ñu ngi ko waajal ba tey. Boroom xam-xam foog nañu ne ca jamono Yeesu, ñetti xalaatin la amoon ci ni ñu natte bés ba.

ngii! » Waaye ñuy yuuxoo naan: « Na dee! Na dee! Daaj ko ci bant! » [Lu] Waaye ñoom ñu sax ca la ñu waxoon, di gëna yuuxu naan, ñu daaj ko ci bant. [Yow] Pilaat ne léen: « Ndax seen buur bi, dama koo wara daaj ci bant? » Sarxalkat yu mag ya ne ko: « Amunu benn buur bu dul Sesaar![1194] » [Mc] Naka Pilaat xam ne du ci man dara, fekk na sax yëngu-yëngu bi gëna am doole, mu daldi fab ndox, raxas ay loxoom[1195] ca kanam mbooloo ma ne léen: « Set naa ci deretu ku jub kii; nu ngeen xam, defleen ko. » Ñépp ne ko: « Na deretam dal ci sunu kaw ak sunu kaw njaboot. »

[Lu] Coow la yey Pilaat. Muj gi Pilaat dogal, ñu defal léen li ñu bëgg. [Mk] Noonu Pilaat, mi wuta neex mbooloo mi, bàyyil léen Barabas, [Lu] ki ñu ko ñaanoon, kooku ñu tëjoon kaso, ndax tas réew ma ak rey nit. Waaye mu jébbal léen Yeesu ci seeni loxo, [Yow] ngir ñu daaj ko ci bant. Bi léen ko Pilaat jébbalee, ñu jël ko, [Mk] summi mbubb mu xonq mi, solaatal ko ay yéreem, yóbbu ko, ngir daaj ko ci bant.

### **157. Daaj nañu Yeesu ca bant ba** (Mc 27:32-38; Mk 15:21-28; Lu 23:26-34,38; Yow 19:17-24)

*Anam yi: Juróom ñeenti waxtu ci suba si la.*

---

Waa Galile ak Farisen ya daan nañu natt bés ba, jant fenk ba jant fenk. Maanaam, guddi moo topp bëccëg. Waa Yude ak Sadusen ya daan nañu natt bés ba, jant so ba jant so. Maanaam, guddi moo jiitu bëccëg. Waa Room daan nañu natt bés ba, guddi gi xaaj ba guddi gi xaaj.
Loolu tekki na ne amoon ñii lekk reeru bési mucc ba ci benn bés, ñee ci des ci bés bi ko topp. At boobu waa Galile ak Farisen ya teg nañu ne fukkeelu bés ba ak ñeent ci weer wi mooy bi jant fenkee alxames ba jant fenk àjjuma. Te waxtu wu ñu lekke reer bi mooy alxames ci guddi. Waa Yude, sarxalkat ya ak Sadusen ya teg nañu ne mooy bi jant so alxames ba jant so àjjuma. Te àjjuma ci guddi lañu lekke reeru bési Mucc ba.
Am na itam ñi xalaat ne bésu waajal boobu mooy bés buy waajal bésu noflaay bu màggal ba. Seetal itam Mc 27:62; Mk 15:42; Lu 23:54.

1193 **Yow 19:14 *ci weti digg bëccëg***: Nattuñu waxtu ne tembe. Naka noonu waxtu moo nekk diggante yoor-yoor ak midi. Ci midi la Yawut wàcc ci seen liggéey, te rey xar ya ngir reeru màggalu bésu Mucc ba.

1194 **Yow 19:15 *amunu benn buur bu dul Sesaar!***: Wax ju doy waar a ngi. Seen diine dogal na ne amunu benn buur bu dul Yàlla (Jud 8:23; 1Sa 8:7; Isa 26:13). Tamit Almasi bi ñu séenu moo nara donn jal ak nguuru buur bi Daawuda. Naka noonu yemuñu ci weddi ne Yeesu mooy Almasi bi, waaye itam weddi nañu seen yaakaar Almasi bi ak digi Yàlla, ak seeni yaakaar moom seen réew.

1195 **Mc 27:24 *raxas ay loxoom***: Jëfin bu bëgga wax ne bokkul ci dara walla set na ci dara. Yawut ya daan nañu ko def (De 21:6-9; Ps 26:6; 73:13), gereg ya ak waa Room itam.

[Yow] Yeesu ci boppam gàddu bant ba[1196]. [Mc] Bi nga xamee ne génn nañu, ñu daje ak nit ku dëkk Siren te tudd Simoŋ[1197], [Mk] di baayu Alegsàndar ak Rufus. Fekk booba mu romb fa, jóge ca wet, ga féete ak tool ya. [Mc] Ñu ga ko, [Lu] sëf ko bant, ba ñuy wara daaj Yeesu, ngir mu gàddu ko, topp ci moom.

Mbooloo mu baree nga ko toppoon, te jigéen ñu baree ngi doon yuuxu, di ko jooy. Yeesu daldi walbatiku ca ñoom ne: « Yéen jigéeni Yerusalem, buleen ma jooy! Jooyleen seen bopp ak seeni doom. Ndaxte jamono dina ñëw[1198], ju ñu naan: "Jigéen ñi masula jur[1199] ak ñi masula nàmpal, barkeel ngeen!" Bu keroogee, "Nit ñi dinañu ne tund yi[1200]: 'Daanuleen ci sunu kaw!' te naan jànj yi: 'Suul-leen nu!' " Ndaxte su ñu defee nii garab gu tooy gi, lu ñuy def garab gu wow gi? »

Yóbbaale nañu itam ñeneen, ñuy ñaari defkati lu bon, ngir rey léen. [Mk] Noonu ñu yóbbu Yeesu ca bérab, [Lu] ba ñuy wooye Kaaŋu Bopp[1201]; [Yow] ñu koy wooye Golgota ci làkku yawut. [Mc] Bi ñu fa eggee, ñu jox ko [Mk] biiñ bu ñu boole ak naan gu tudd miir[1202], [Mc] [te] ñu def ci lu wex. Waaye bi mu

---

[1196] **Yow 19:17 *gàddu bant ba***: Aada waa Room moo doon tooñkat yi ñu bëgg daaj ci bant, war nañu gàddu ci boppam bant bu ñu def laat ba bérab fu ñu leen daaje. Yaakaar nañu diisaayam tollu na 30 kilo ba 60 kilo.

[1197] **Mc 27:33; Mk 15:21; Lu 23:26 *nit ku tudd Simo*ŋ**: Xamuñu kan la doon. Dëkku Siren moo nekkoon ca réew ma tudd tey jii Libi ca wetu dëkk bu tudd tey jii Sahat. Ci jamono jooju moo doo péeyu diiwaan bi nguuru Room tuddoon Sirenayik. Amoon na ay Yawut yu bare yu dëkkoon fa. Mbooloo ñi gëm mi jàngoon téereb Mark xamoon na ay doomam Alegsàndar ak Rufus. Am na ñi gëm ne Rufus moomu mooy Rufus bi ñu jàng ci Ro 16:13 waaye mënuñu xam bu wóor, te nit ñu bare bokkoon nañu turu Rufus. Ci atum tubaab 1941 g.K. fekk nañu ci wetu Yerusalem benn bàmmeelu këru Yawut yu jóge Siren bu bokk jamono ak Yeesu. Bind nañu ci benn ci njaq yu denc yax ya Alegsàndar doomu Simoŋ.

[1198] **Lu 23:29 *jamono dina ñëw***: Mooy àtte bi daloon Yerusalem atum tubaab 70 g.K., bi xare Room songi dëkk ba, ba tas ko.

[1199] **Lu 23:29 *Jigéen ñi masula jur ak ñi masula nàmpal, barkeel ngeen!***: Safaanu barke la. Ci xalaatinu Yawut ya ku barkeel mooy ki am doom.

[1200] **Lu 23:30 *Nit ñi dinañu ne tund yi***: 'Daanuleen ci sunu kaw!' te naan jànj yi: 'Suul-leen nu!': Jukki na ko ci Ho 10:8.

[1201] **Mc 27:33; Mk 15:22; Lu 23:33; Yow 19:17 *bérab ba ñuy wooye Kaaŋu bopp***: Bérab la woon ci biti miiru dëkku Yerusalem ca wenn ca yoon wu mag ngir ñépp man nañu ko gis, di ko ragal. Sorewul fu ñu ko àtte. Benn aada bu tàmbali ci ñaareelu xarnu gannaaw Kirist dafay wax ne Egliisu bàmmeel bu sell ba moo nekk ci bérab ba.

[1202] **Mc 27:34; Mk 15:23 *biiñ bu ñu boole ak miir***: Miir, ndàbb la, luy génn ca ay garab ca réewi penku, te xeeñ lu neex, ñu di ko boole ci li ñuy naan, ngir dolliku cawarte.

ko mosee, nanguwu koo naan. [Yow] Foofa la xarekat ya daaje Yeesu ca bant ba[1203], [Lu] daajaale ñaari defkati lu bon ya, [Mc] [di] taskati réew ma, [Lu] kenn ca ndijooram, ka ca des ca càmmoñam. Ci kaw loolu Yeesu ne: « Baay, baal léen, ndaxte xamuñu li ñuy def. » [Mk] Booba fekk yoor-yoor di jot.

[Yow] Pilaat santaane itam ñu bind, [Lu] daaj [Yow] ko ca kaw bant[1204], ba ñu ko daajoon, [Lu] mu tiim ko. [Mk] Mbind mi xamle lu tax ñu rey ko, [Yow] lii la wax: « Kii mooy Yeesum Nasaret, buuru Yawut yi. » Mbind mooma, Yawut yu bare jàng nañu ko, ndaxte fa ñu daajoon Yeesu ca bant ba jege woon na dëkk ba, te mbind ma ci làkku yawut la woon, ci làkku waa Room ak ci gereg. Noonu sarxalkat yu mag yu Yawut ya ne Pilaat: « Bul bind: "Buuru Yawut," bindal rekk: "Kii moo ne mooy buuru Yawut yi." » Pilaat ne léen: « Xas naa koo bind, du deñ. »

Xarekat ya, bi ñu daajee Yeesu ca bant ba, ba noppi dañoo jël ay yéreem, séddale ko ñeenti cér[1205], ku nekk benn, [Mk] tegoo ko ay bant, ba xam ku nekk, looy am. [Yow] Jël nañu it mbubbam bu ñu ràbb ca kaw ba ci suuf te amul benn ñaw. Xarekat ya di waxante naan: « Mbubb mi, bunu ko xotti,

---

Gëmoon nañu ne dafa mana wàññi metit. Waaye lu gëna wóor moo xarekat ya jox nañu ko biiñ bu wex xat ngir foontoo ko.
Junni at lu jiitu yonent Yàlla Daawuda bind na ci Ps 69:22 ne "Tooke lañu ma leel, ma mar, ñu nàndal ma lu forox."

[1203] **Mc 27:35; Mk 15:24; Lu 23:33; Yow 19:18 *daaje Yeesu ca bant***: Bi ñu agsee ca bérab ba, xarekat ñori Yeesu ba mu am yaramu neen. Bant ba ñu daajoon tooñkat yi amoon na ñaari dénk yu ñagas. Bu bant ba nekkee ci suuf, ñu tëral Yeesu ci bant (Na nga fàttaliku gannaawam dafa metti lool ba noppi), daaj nañu ay loxoom ci bu tollook suuf ak pont yu rey, te daaj nañu ay tànkam ci bu jub xocc. Noonu ñu yëkkëti bant ba, tàbbal ko cig kàmb ba mu taxaw bu jub xocc. Coono bu metti lool la amoon ba dee jël ko. Tooñkat yi man nañu nekk ci bant ay fan sax bala ñu dee. Ci li doomi Aadama yi sos ngir rey nit ñi amul lu gëna soxor di metti dee ci bant ba!

[1204] **Mc 27:37; Mk 15:26; Lu 23:38; Yow 19:19-22 *ñu bind, daaj ko ca kaw bant***: Nguuru Room daan na daaj tooñkat ya ci bant, fu ñépp man nañu leen gis ngir tere yeneen def lu ni mel. Bind nañu seen tooñ, ba noppi takk ko ca bant ngir ñépp xam lan lañu defoon.

[1205] **Mc 27:35 Mk 15:24; Lu 23:34; Yow 19:23 *jël ay yéreem, séddale ko***: Bi ñu agsee ca bérab ba, futti nañu Yeesu ba defal ko yaramu neen; ba ne ndull; ba ne duŋŋ ci kanamu ñépp. Mbooloo mu bare ñoo leen toppoon ba bérab ba. Jigéen yu bare ak xale bokkoon nañu ci. Jigéen ñi ko gunge woon Galile ñoo nekkoon ci wetam, ay xaritam yi jege. Yaayam itam ak yeneen bokk yi. Ñépp ñoo koy xulli. Gàcceem feeñ na ba ñépp gis ko.
Xarekat ya amoon na sañ-sañ nangu yëfi tooñkat ya. Yére rekk a des ci moom. Ñeenti xarekat ya ñoo gunge Yeesu ba bérab ba. Naka noonu séddale nañu ñeent ay yéreem yu mel ni mbubb mu mag, geño, dàll ya, kaala ba des mbubbam mi mu sol ci suuf yeneen yére. Mbubb moomu mooy mi ñu ràbboon ca kaw ba ci suuf te amul benn ñaw.

waaye nanu ko tegoo ay bant, ngir xam ku koy moom. » Noonu la Mbind mi waroona ame, bi mu naan[1206]:

« Séddoo nañu samay yére, tegoo ay bant sama mbubb. »

Loolu nag la xarekat ya def, Mc ba noppi toog fa, di ko wottu.

**158. Juróom benni waxtu ca bant ba** (Mc 27:39-56; Mk 15:29-41; Lu 23:35-49; Yow 19:25-37)

*Anam yi: Juróom ñeenti waxtu ci suba si lañu daaj Yeesu ca bant ba te mu dee ci ñetti waxtu ci ngoon.*

Lu Mbooloo maa nga fa taxaw di seetaan. Mk Ña fa doon romb di ko xas, di wëcc seen bopp ndax sib ko, naan: « Waaw kay, yaw mi bëgga toj kër Yàlla gi[1207], tabaxaat ko ci ñetti fan, Mc musalal sa bopp; boo nekkee Doomu Yàlla, wàccal ci bant bi! »

Sarxalkat yu mag ya ak xutbakat ya ak njiit ya it Lu di ko reetaan Mc di ko ñaawal Mk ci seen biir naan: Mc « Waa jii musal na ñeneen te manula musal boppam! Lu Na musal boppam, su fekkee mooy Almasi bi, ki Yàlla fal! Mc Ndegam mooy buuru Israyil, na wàcc léegi ci bant bi, nu gëm ko. Gannaaw dénk na boppam Yàlla, kon na ko Yàlla musal[1208], bu ko soppee, ndaxte nee na: "Maay Doomu Yàlla." »

Lu Xarekat ya it di ko ñaawal. Ñu jegesi, jox ko bineegar[1209] te naan: « Su fekkee ne yaay buuru Yawut yi, musalal sa bopp! »

Mc Taskati réew ma it, ya ñu daajaale ak moom, di ko xas noonule. Lu Kenn ca defkatu lu bon ya ñu wékkoon ci bant, di ko xas, naan ko: « Xanaa du yaw yaay Almasi bi? Musalal sa bopp te musal nu! » Waaye ka ca des yedd moroom ma, naan ko: « Xanaa ragaloo Yàlla, yaw mi ñuy mbugal ni moom? Nun yelloo nanu sunu mbugal, waaye moom deful dara. » Noonu mu ne: « Yeesu, fàttaliku ma, boo délsee ci sa nguur. » Yeesu ne ko: « Ci dëgg maa ngi la koy wax, tey jii dinga texe ak man ca jataayu Yàlla. » Noonu digg bëccëg daldi jot.

---

[1206] **Yow 19:24 *bi mu naan***: Jukki nañu ko ci Ps 22:19. Bind nañu ko junni at lu ko jiitu.

[1207] **Mc 27:40; Mk 15:29 *toj kër Yàlla ga***: Seetal leeral 1145 (Mc 26:61; wàll 150; page 298).

[1208] **Mc 27:43 *na ko Yàlla musal***: Waxu njiit yi mooy li ñu bind ci Ps 22:8.

[1209] **Lu 23:36 *bineegar***: Naan bu nàndal ku mar la woon bu liggéeykat ya ak xarekat ya daan naan. Xëyna jox nañu ko ngir bañ Yeesu dee bu gaaw.

Yow Ca wetu bant, ba ñu daajoon Yeesu, yaayam a nga fa taxawoon, moom ak doomu ndeyam ju jigéen[1210], Maryaama soxnas Këlópas[1211], ak Maryaama mi dëkk Magdala[1212]. Bi Yeesu gisee yaayam taxaw ci wetu taalibe, bi mu bëggoon[1213], mu ne ko: « Soxna si, sa doom a ngi, » neeti taalibe ba: « Sa yaay a ngi nii. » Booba la ko taalibe ba yóbbu këram, yor ko.

Mk Li tàmbalee digg bëccëg, ba ci tisbaar, Lu jant ba nëbbu[1214], réew mépp daldi lëndëm këruus lu mat ñetti waxtu. Mk Ci tisbaar nag Yeesu wootee kàddu gu dëgër naan: « Elowi, Elowi, lema sabaktani? » liy tekki: « Sama Yàlla, sama Yàlla, lu tax nga dëddu ma?[1215] » Ñenn ci ña fa taxaw nag, bi ñu ko déggee, ñu ne: « Mu ngi woo yonent Yàlla Ilyaas.[1216] »

---

1210 **Yow 19:25 *doomu ndeyam ju jigéen***: Am na ñu mengale Yow 19:25, Mc 27:56; Mk 15:40 te gis ne doomu ndeyu Maryaama, yaayu Yeesu, mooy Salome, soxnas Sebede te yaayu Saag ak Yowaana. Su fekkee noonu la, Yowaana, Saag ak Yeesu ay bokk lañu, ñu bokk maam. Yowaana mooy doomu ndeyu Yeesu by ndaw. Waaye mënuñu xam bu wóor, ndaxte amoon fa ay jigéen yu bare yu àndoon ak Yeesu ba Yerusalem (Mk 15:41). Tudde nañu jigéen yu bare Salome ca jamono jooju.

1211 **Yow 19:25 *Maryaama soxnas Këlópas***: Xamuñu dara ci moom. Su ñu mengale Mk 15:40 ak Yow 19:25 man naa nekk ne Maryaama soxnas Këlópas mooy Saag mu ndaw ak Yuusufa.

1212 **Mc 27:56; Mk 15:40; Yow 19:25 *Maryaama mi dëkk Magdala***: Maryaamam Magdala mooy ki ñu jëkk tudd fépp fu ñu lime jigéen ñi topp Yeesu. Tamit turam dellusi na ay yooni yoon ci nettalib ndekkite Yeesu (Mc 28:1-10; Mk 16:1-11; Yow 20:1-18). Ci moom la Yeesu jëkka feeñu (Mk 16:9; Yow 20:11-18). Yeesu dàqe na ci moom juróom ñaari rab (Mk 16:9). Turam feeñ na ci Mc 27:56,61; 28:1; Mk 15:40-41,47; 16:1,9,10,11; Lu 8:2; 24:10; Yow 20:1,11,16,18.

1213 **Yow 19:26 *taalibe bi mu bëggoon***: Yaakaar nañu mooy Yowaana.

1214 **Mc 27:45; Mk 15:33; Lu 23:44 *jant ba nëbbu***: Kéemaanu Yàlla la woon. Njàppum jant ma, maanaam weer wu nëbb jant bi, mënula am ci jamono weer wi fees dell. Màggalu bésu mucc moo dal ci jamono weer wi fees dell at bu nekk.
Nit ñi bokkoon jamono Yeesu xalaatoon nañu ne lëndëm gi wone na ne boroom daraja faatu na. Xalaatoon nañu ne itam firnde buy yégle àtteb Yàlla ca reew mi la (Isa 5:30; 13:10–11; Joe 3:14–15). Yonent Yàlla Amos wax na ne jant bi lëndëm bokk na ci firnde yi am ci bésu Boroom bi (Am 8:9).

1215 **Mc 27:47; Mk 15:35 *Lu tax nga dëddu ma***: Bind nañu ko lu jiitu ci Ps 22:1. Yeesu gàddu na bàkkaari àddina si bi mu nekkee ca bant ba (1Pi 2:24). Yàlla def na ko bàkkaar ci sunu wàll (2Ko 5:21).

1216 **Mc 27:47; Mk 15:35 *woo yonent Yàlla Ilyaas***: Elowi, baatu làkku Yawut la, buy tekki 'sama Yàlla' la. Dafa niroo turu Ilyaas. Amoon na ñi ko déggoon ñu xalaatoon Yeesu dafa woo yonent Yàlla Ilyaas. Ilyaas jaarul ci dee. Te mu nara dellusi ci àddina ci muju jamono. Ci jamono Yeesu gëmoon nañu ne man naa wàcc ngir wallu ku jub fu soxla taxawe.

Yow Bi loolu wéyee, gannaaw Yeesu xam na ne lépp mat na léegi, mu ne nag, ngir amal Mbind mi[1217]: « Damaa mar. » Amoon na foofa gutt bu fees ak bineegar[1218]. Mk Noonu kenn daw, jël aw sagar, capp ko ci bineegar, Yow takk ko ci caru garab gu ñuy wax isob[1219], teg ko ci gémmiñu Yeesu, Mk mu muucu. Mc Waaye ña ca des ne: « Bàyyil, nu seet ba xam Ilyaas dina ñëw, musal ko. »

Yow Bi Yeesu muucoo bineegar bi, mu ne: « Lépp mat na![1220] » Lu Yeesu woote ak kàddu gu dëgër[1221] naan: « Baay, jébbal naa la sama ruu! » Bi mu waxee loolu, mu Yow sëgg, delloo ruuwam Yàlla.

Lu Bi njiitu xare ba[1222] gisee li xewoon Mk [ak] ni Yeesu deeye, Lu mu màggal Yàlla ne: « Dëgg-dëgg nit kii ku jub la woon. » Mc Ca saa sa ridob bérab bu sell ba ca kër Yàlla ga[1223] xar ñaar, li dale ci kaw ba ci suuf; suuf si yëngu, doj yi toj, bàmmeel yi ubbiku, te ñu bare ci jëmmi nit ñu sell ñu dee, dekki. Te gannaaw ndekkitel Yeesu ñu génn ca bàmmeel ya, dugg ca

---

[1217] **Yow 19:28 *amal Mbind ma***: Jukki nañu ko ci Ps 22:15.

[1218] **Mc 27:48; Mk 15:36; Yow 19:29 *gutt bu fees ak bineegar***: Xëyna xarekat ya indi nañu li ñu mana naan bi ñu xaar ca wetu bant ya. Sabóor 69:21 wax na lu jiitu dinañu ko jox ki Yàlla faloon.

[1219] **Mc 27:48; Mk 15:36; Yow 19:29 *takk ko ci caru garab gu ñuy wax isob***: As ngarab bu man egg ci guddaayu 0,7 meetar la. Am na tóor-tóor yu weex ci catu car yi. Xamuñu bu wóor ne ban xeetu isob mooy li ñu waxe ci Kàddug Yàlla gi, waaye bare nañu yaakaar ne mooy li boroom xam-xam yi tudde Origanum siriyakum (*Origanum syriacum*). Caru garab gi ñuy wax isob mooy li Yàlla santoon bànni Israyil, ñu jëfandikoo ko, ngir wis deretu sarax yi. Yaakaar nañu ne li ñu wax 'isob' ci Yow 19:29, du isob waaye xeetu barax la.

[1220] **Yow 19:30 *lépp mat na***: Xaacuy ndam la woon. Mooy waxu kenn ku nootoon noonam ya walla ku mataloon sasam.

[1221] **Mc 27:50; Mk 15:37; Lu 23:46 *woote ak kàddu gu dëgër***: Ñàkk doole ba mënatul noyyi moo tax ku nekk ci bant dee. Waaye Yeesu ñàkkul doole ba tey ci saa si mu faatu.

[1222] **Mc 27:54; Mk 15:39; Lu 23:47 *njiitu xare ba***: Njiitu xare ba nekkoon na ca wetu Yeesu suba si ba ngoon. Bala bés boobu gis na ñeneen nit ñu dee ca bant ba. Léegi gis na ni Yeesu deeye woon, ak yëngu-yëngu suuf ba, ak ni jant ba nëbboo, ba mu ràññee ne Yeesu ëpp na nit. Mënul woona gis fu mu nekkoon ni ridob bérab bu sell ba xare ñaar, walla ñu dee, dekki.

[1223] **Mc 27:51; Mk 15:38; Lu 23:45 *ridob bérab bu sell ba ca kër Yàlla ga***: Kër Yàlla ga amoon na ñaari rido. Benn moo nekkoon diggante bérab bu sell ba ak bérab bu sell-baa-sell ba. Sarxalkat bu mag doŋŋ sañ na fa jaar. Beneen ba moo nekkoon diggante bérab bu sell ak ëttu Israyil fu sarxalkat ya daan jaar. Rido ba ay piis yu ñu ràbb di boole. Amoon na guddaay bu tollu diggante 15 meetar ak 20 meetar ak dëllaayu 10 cm. Wax nañu ne soxla woon 300 sarxalkat ya ngir yékkati ko ndax diisaayam. Injiil waxul ban ci ñaari rido ya xar ñaar.

dëkk bu sell ba, te feeñu ñu bare. Noonu njiitu xare bi ak ñi ànd ak moom di wottu Yeesu, bi ñu gisee suuf si yëngu ak li xew, ñu daldi tiit lool ne: « Ci dëgg, kii Doomu Yàlla la[1224]. »

Lu Nit ña fa dajaloo woon ñépp, di seetaan li xew, ba ñu gisee loolu, ñu dellu seen kër, fëgg seen dënn[1225], di jooy. Xamey Yeesu yépp ak jigéen, ña ko toppe woon Galile, dànd léen, di xool li xew. Mk Xàmmi nañu ci: Maryaama mi dëkk Magdala, Maryaama yaayu Saag mu ndaw ak Yuusufa, ak Salome, Mc ndeyu doomi Sebede ya. Mk Bi Yeesu nekkee Galile, jigéen ñooñu ñoo ko doon topp, di ko topptoo. Amoon na fa it yeneen jigéen yu bare yu àndoon ak moom, ba ñëw Yerusalem.

Yow Keroog ba ñu dee waajal bésub noflaay ba[1226] la woon, te Yawut ya bëgguñu néew ya des ca bant ya[1227], ndaxte bésub noflaay boobu fonkoon nañu ko lool. Ñu ñaan Pilaat, mu dammlu tànki ña[1228] ñu daajoon, te jële léen fa. Noonu xarekat ya dem, damm tànki ku jëkk ka, teg ca ka ca des, ca ña ñu daajaale woon ak Yeesu. Bi ñu agsee ci Yeesu, dammuñu ay tànkam, ndaxte gis nañu ne booba faatu na. Waaye kenn ca xarekat ya

---

[1224] **Mc 27:54; Mk 15:39 *Doomu Yàlla la***: Doomu Yàlla ci xalaatinu xarekatu Room ak ci xalaatin Yawut ya duñu benn. Tudd nañu buuru Room Ogust Sesaar, ak buur yu topp ci moom, doomu Yàlla. Tamit ci diine waa Room ak Gereg ya gëm nañu seeni Yàlla daan nañu and ak jigéen ba am ci ay doom yu doon dox ci àddina si, def ay jëfi jàmbaar.

[1225] **Lu 23:48 *fëgg seen dënn***: Moo wone tiis ak naqar.

[1226] **Yow 19:31 *waajal bésub noflaay ba***: Yàlla tere na bànni Israyil def bépp liggéey ca bésu noflaay. Ku ko jàdd, dee mooy àtteem (Ex 20:8-11; 31:12-14; Le 23:2-3). Naka noonu amoon na li ñu soxla woon def bés bu jiitu ba ngir doxal seen mbir walla am lu ñu lekk. Bésu noflaay mooy jant so àjjuma ba jant so samdi. Tamit ñetti yoon at bu nekk la mboolem kuy góor wara teew ca kër Yàlla ga – muy jamonoy màggalu mburu mu amul lawiir ak jamonoy màggalug ayu bésu Ngóob (Pàntakot) ak jamonoy màggalu Mbaar ya. Ñetti bés yooyu ñooy ay bésu noflaay yu sell itam su ñu dal ci samdi walla déet (De 16:16; Le 23:1-8; Ex 23:14-16). Bésu mucc ba bokku ci, naka noonu man nañu liggéey ci bésu mucc ba. Bésub noflaay boobu mooy bés bu tàmbale màggalu mburu mu amul lawiir. Moo tax mu ëpp solo te ñu fonkoon ko lool.

[1227] **Yow 19:31 *bëgguñu néew ya des ca bant ya***: Ndegam bés bu tàmbali bi jant sowee moo benn ci seen bés yu sell bëgguñu néew ya des ca bant ya. Waa Room daan nañu bàyyi tooñkat ya ca bant ya ba ñu dee. Man nañu nekk fa ay fan sax laata ñu faatu. Yoonu Musaa santoon na Yawut ya ne ki ñu rey ca garab warula fanaan fa, ñu rob ko ca bés ba (De 21:22-23).

[1228] **Yow 19:31 *dammlu tànki ña***: Su ñu dammee tànki ñu nekk ca bant ba mënatuñu noyyi, te ñu gaawa dee. Daan nañu ko def ak saddu.

daldi jël xeej, jam ko[1229] ko ci wet, ca saa sa deret ak ndox di tuuru[1230]. Kiy nettali mbir yooyu, da cee teg bëtam, te li muy wax dëgg la. Moom ci boppam xam na ne li muy wax dëgg la, ngir yéen itam ngeen gëm, ndaxte loolu dafa xew ngir Mbind mi am[1231]:

« Benn yaxam du damm. »

Leneen it Mbind mi wax na ko[1232]:

« Dinañu gis ki ñu jamoon. ».

[1229] **Yow 19:34** ***jël xeej, jam ko***: Xeeju xarekat Room benn meetar la tollu.

[1230] **Yow 19:34** ***deret ak ndox di tuuru***: Firnde la. Yeesu dee na ba noppi, ndaxte deret ak ndox mënula tuuru jóge ci ku dund. Am na ay boroom xam-xam yu gëm ne xol bu tojoon a tax deret ak ndox génne ci yaramu Yeesu bi ñu ko jamoon. Bi ko Yowaana bind aaya bii, amoon na ñi wax ne Yeesu deewul woon ci jëmm. Bind nañu ko ngir nu mana xam bu wóor ne Yeesu dee na ci jëmmam ci bant ba.

[1231] **Yow 19:36** ***ngir Mbind mi am***: Jukki nañu ko ci ñetti aaya. Ex 12:46 ak Nu 9:12 santoon na, Yawut ya baña damm benn yax ca mbote bu ñu saraxe ci bésu Mucc ba. Te Ps 34:20 ne na Yàlla moo sàmm ku jub ba benn yaxam du damm.

[1232] **Yow 19:37** ***leneen it Mbind mi wax***: Jukki nañu ko ci Zec 12:10. Ci Zec 12:10 Yàlla mooy ki ñu jamoon.

**159. Rob nañu Yeesu** (Mc 27:57-66; Mk 15:42-47; 16:1; Lu 23:50-56; Yow 19:38-42)

Mk Booba nag bésu Waajal[1233] la woon, maanaam bés bu jiitu bésub noflaay bi. Ca ngoon sa nag, Yuusufa mi dëkk Arimate[1234] Lu ca diiwaanu Yude, Mk takk aw fitam[1235], dem Pilaat[1236], laaj ko néewu Yeesu. Yuusufa moomu nag, Mc ku bare alal la woon, Mk ku siiw la woon ci kureelu àttekat yi, te doon séentu moom itam nguuru Yàlla. Lu Nit ku baax la woon te jub, te àndul woon ci li ñu dogaloon te jëf ko. Yow Yuusufa taalibe Yeesu la woon ci lu kenn yégul, ndaxte dafa ragaloon Yawut ya.

Mk Bi Pilaat déggee ne, Yeesu faatu na xaat, mu waaru[1237]. Mu woolu nag njiit li, laaj ko, ndax yàgg na faatu. Bi ko ko njiit li dëggalee, Pilaat jox néew bi Yuusufa.

Mk Noonu Yuusufa Yow daldi dem, Mk jënd càngaay[1238], wàcce néew bi Lu ca bant ba, Yow yóbbu [ko]. Yow Nikodem[1239] itam ñëw, moom mi masoona

---

[1233] **Mk 15:42; Lu 23:54; Yow 19:42 *bésu Waajal la woon***: Bésu noflaay moo tàmbali bi jant sowee. Yoonu Yawut ya tere na ñu randal néew ba ca bésu noflaay. Tamit yoon wa tere na néew ba fanaan ca bant ba. Naka noonu am nañu ñaar walla ñetti waxtu rekk ngir rob Yeesu. Yoon wa may na leen ñu mana sang walla xeeñal néew ba ca bésu noflaay.

[1234] **Mc 27:57; Mk 15:43; Lu 23:50; Yow 19:38 *Yuusufa mi dëkk Arimate***: Xamuñu dara ci moom lu dul li ñu jàng fii. Xamuñu itam fan la Arimate nekkoon. Am na ay boroom xam-xam yu foog ne moo nekkoon ci tund ma tudd Efrayim lu tollu 32 kilomet ci sowu kawu Yerusalem. Foofu la yonent Yàlla Samwil juddoo woon.

[1235] **Mk 15:43 *takk aw fitam***: Dem ca boroom réew ma, laaj ko néew Yeesu, moo soxla fit, ndegam Pilaat moo sooga reylu Yeesu ndax tuumaal nañu ko fippukat bu bëggoona tas réew ma, te sarxalkat yu mag ya ak njiit ya, maanaam boroom doole ya, fexe nañu ngir mu dee.

[1236] **Mc 27:58; Mk 15:43; Lu 23:52; Yow 19:38 *dem Pilaat***: Kenn mënula laal néew ba lu dul nguuru Room may ko. Nguuru Room daan na torxal ñi ñu rey ca bant, ñu bàyyi néew ya nëb ca bant ba walla njanaaw ya for leen. Waaye Yawut ya mënuñu koo dëkku. Naka noonu nguuru Room doon nangu Yawut ya suul néew ya bala jant so.

[1237] **Mk 15:44 *mu waaru***: Tooñkat ya daan nañu nekk ba bant ba ñaar walla ñetti fan laata ñu dee. Moo tax Pilaat waaru.

[1238] **Mc 27:59; Mk 15:46; Lu 23:53; Yow 19:40 *jënd càngaay***: Daan nañu takke tànk yi ak loxo yi càngaay, laxas yaram wi ak càngaay li ñu boole ak cuuraay lu mel ni ndàbb lu ñuy wax miir ak banti alowes, ba noppi muur kanam gi ak genn kaala.

[1239] **Yow 19:39 *Nikodem***: Jànglekat bu bokk ca kilifay Yawut ya la woon, te boroom alal bu bokkoon itam ca tariixab Farisen ya. Tamit waajal na néewu Yeesu ngir ñu denc ko (Yow 19:38-42). Man nga ko gis ci Injiil ca Yow 3:1-21; 7:50; 19:38-42.

seeti Yeesu guddi. Mu indaale lu wara tollook fanweeri kiloy cuuraay[1240] lu ñu defare ndàbbi miir[1241] ak banti alowes[1242]. Ñu jël néewu Yeesu, laxas ko ci càngaay [Mc] lu set, [Yow] boole ko ak cuuraay li, ni ko Yawut yi tàmmoo def[1243], bu ñuy waajal néew.

Tool[1244] a nga woon ca wetu bérab, ba ñu daajoon Yeesu, te ca tool booba amoon na fa bàmmeel [Mc] bu bees[1245], ba [Yuusufa] yettaloon boppam ciw doj, [Lu] te masuñu caa def kenn. Fekk bésu Waajal la woon, te bésub noflaay baa ngi doon tàmbali. [Yow] Bàmmeel ba jege woon na. Foofa lañu denc Yeesu.

[Mk] Bi mu ko defee mu béraŋ aw doj[1246], ube ko buntu bàmmeel bi, [Mc] dem.

---

[1240] **Yow 19:39 *fanweeri kiloy cuuraay***: Yawut ya daan nañu laxas yaram wi ak càngaay li ñu boole ak cuuraay.

[1241] **Yow 19:39 *ndàbbi miir***: Ndàbb la woon, luy génn ni meen ca ay garab yu ñu xotti (*Commiphora myrrha* walla *Commiphora kataf*) yu nekk ca réewi penku. Dafay xeeñ lu neex te jar lu baree bare. Ñu di ko boole ci li ñuy naan, ngir dolliku cawarte. Def nañu ko cuuraay, walla latkoloñ ngir xeeñal yére yi walla lalu séy. Moom lañu daan diw néew yi itam.

[1242] **Yow 19:39 *banti alowes***: Bantu genn garab la bu xeeñ lu neex, te joxe diwlin ji ñu def ci néew yi. Ci réewi penku yi la jóge. Boroomi xam-xam yi ci turu Akilariya agalosa (*Aquilaria Agallocha*) lañu ko xame. Garab yi am benn feebar rekk ñooy xeeñ. Feebar bi dafa soppi wàllu dàttam ba bant bi dëgër te ëmb benn diwlin bu neex.

[1243] **Yow 19:40 *ni ko Yawut yi tàmmoo def***: Gereg ya ak waa Room ya daan nañu lakk néewu jàmbaar ya. Waa Misra daan nañu waajal néew ya ak ndàbb, di dindi car yu nekk ci biiram ngir mu baña yàqu. Yawut ya nag, def nañu cuuraay ngir mu baña xasaw rekk. Seetal leeral 290 (Lu 7:12, wàll 47, page 290).

[1244] **Yow 19:41 *tool***: Tóokër bu xawa yaatu la woon, lu mel ni toolu garab.

[1245] **Mc 27:60; Mk 15:46; Lu 23:53; Yow 19:41 *bàmmeel bu bees***: Boroom alal ya daan nañu gas benn bàmmeel ngir seen bopp ak seen askan. Ci yeneen jamono gas nañu ab karyeer ci tund wa ci biti miiru Yerusalem ngir tabax dëkk ba. Liggéeyatuñu fa. Naka noonu boroom alal ya gas nañu ay bàmmeel ci ngentu karyeer ba, ci biir miiru tund wa. Bàmmeel ya amoon nañu bunt bu xaat ngir dugg ci néeg. Man naa am ay néeg sax yu ñu boole ak ay solom. Yett nañu ay taabal fu ñu tegoon néew ya, ba noppi bàyyi ko fa lu toolu at ba suux yàq yaxeet ba des yax ya rekk. Gannaaw ga ñu dajale yax ya, denc leen ci ab njaq bu ñu teg ci ruq.
Yuusufa dafa wone yéwén ndaxte bàmmeel ba jar na lu baree bare, te mënatuñu duggal fa keneen gannaaw ga ñu suuli kenn ku ñu reyoon ndaxte teg nañu ko defkatu lu bon.

[1246] **Mc 27:60; Mk 15:46 *béraŋ doj wu mag***: Daan nañu ube bàmmeel ba ak doj wu mag wu ñu yett ba mu mel ni mbege. Dafa diis lool ba ay góor rekk man nañu koo randal. Amoon na kàmb guy wàcc ci kanamu bàmmeel ba, mooy yoonu doj wa. Naka noonu ñu béraŋ doj wa ba mu samp fu gëna suufe, di ub bàmmeel ba, ba tax ub ko moo gëna yomb

[Lu] Jigéen ña gungee woon Yeesu Galile, ànd ak Yuusufa, gis bàmmeel ba ak na ñu ca dence néewu Yeesu ba. [Mc] Fekk Maryaamam Magdala ak Maryaama ma ca des[1247], [maanaam], [Mk] Maryaama yaayu Yuusufa, [Mc] ñoo fa toogoon janook bàmmeel ba. [Lu] Noonu ñu dellu defari cuuraay ak latkoloñ ngir néew ba. Ca bésub noflaay ba ñu noppalu, ni ko yoon wi santaanee.

[Mc] Ba bët setee nag, ca bés ba topp bésu Waajal ba, sarxalkat yu mag ya ak Farisen ya dajaloo, jëm ci Pilaat. Ñu ne ko: « Boroom réew mi, fàttaliku nanu ne, naxkat booba waxoon na, bi muy dund naan: "Gannaaw ñetti fan dinaa dekki[1248]." Danoo bëggoon nag, nga santaane, ñu wottu bàmmeel ba, ba am ñetti fan, ngir bañ taalibeem ya ñëw, sàcc néew ba, tey yégle ne dekki na. Bu ko defee nax bu mujj boobu dina yées bu jëkk ba. » Pilaat ne léen: « Amleen, ay wottukat a ngi nii[1249]. Demleen wottuji ko, ni ngeen mane. » Noonu ñu dem, tëj bàmmeel ba bu wóor, ñu tay ca doj wa màndarga[1250], teg fa wottukat ya.

[Mk] Bi bésub noflaay bi wéyee, Maryaamam Magdala, Maryaama yaayu Saag, ak Salome, jënd cuuraay, ngir dem xeeñal néewu Yeesu.

## 160. Yudaa am na naqar lool, ba xaru (Mc 27:3-10)

[Mc] Bi nga xamee ne Yudaa[1251], mi woroon Yeesu, gis na ne daan nañu ko, mu am naqaru xol. Mu dem nag ca sarxalkat yu mag ya ak njiit ya, delloo

---

ubbi ko.

[1247] **Mc 27:61; Mk 15:47 *Maryaama ma ca des***: Ci Mc 27:61 mooy Maryaama yaayu Saag mu ndaw ak Yuusufa ci Mk 15:40, Maryaama yaayu Yuusufa ci Mk 15:47 te Maryaama yaayu Saag ci Mk 16:1.

[1248] **Mc 27:63 *gannaaw ñetti fan dinaa dekki***: Yeesu wax na ko lu jiitu ni ñi ko gise ci Mc 16:21; 17:2; 20:19; Mk 8:31; 9:31; 10:34; Lu 9:22; 18:33; 24:7. Misaal na ko itam bi mu mengale yaramam ak kër Yàlla ga (Yow 2:19-21), ak ci firndeg Yunus (Mc 12:39; Lu 11:29). Nee na itam am na sañ-sañu jëlaat dundam (Yow 10:18). Ay noonam fàttaliku nañu ne Yeesu yégle na ndekkiteem. Waaye ay taalibeem gëmuñu ko, te séenuwu ko.

[1249] **Mc 27:65 *ay wottukat a ngi nii***: Wottukat ya ñooy ñeenti xarekatu Room. Su xarekat ya nelawee ca wottu ba ñu rey leen walla dóor leen ay yar yu metti.

[1250] **Mc 27:66 *ñu tay ca doj wa màndarga***: Màndarga ma dafa wone su kenn randalee doj wa. Mu ëmb sañ-sañ ak kàttanu nguuru Room. Ku toj tay ba, yaa xëcc nguuru Room ci saw kaw.

[1251] **Mc 27:3 *Yudaa***: Seetal leeral 1060 (Mc 26:14; Mk 14:10, wàll 137, page 278).

léen fanweeri poset yu xaalis[1252], ne léen: « Am naa bàkkaar ci li ma wor nit ku tooñul[1253], ngir ñu rey ko. » Ñu ne ko: « Lu ciy sunu yoon? Loolu yaa ko yég. » Noonu Yudaa sànni xaalis ba ca kër Yàlla ga, jóge fa, dem, takk buum ci baatam, xaru[1254].

Sarxalkat yu mag ya nag fab xaalis ba, naan: « Jaaduwul nu def xaalis bii ci dencukaayu xaalis bi ci kër Yàlla gi, ndaxte njégu deret[1255] la. » Ñu daldi diisoo nag, jënd ca xaalis ba toolu defarkatu ndaa ya, ngir di fa suul doxandéem ya[1256]. Loolu moo tax ñu wooye tool booba ba tey Toolu deret. Noonu la ñu waxoon jaarale ko ci yonent Yàlla Yeremi[1257] am, bi mu naan[1258]: « Fab nañu fanweeri poseti xaalis ya, mooy njég li bànni Israyil xayma woon ci nit ki; ñu joxe ko ngir toolu defarkatu ndaa ya, ni ma ko Boroom bi sante. »

---

1252 **Mc 27:3 *fanweeri poset yu xaalis***: Seetal Mc 26:15; Mk 14:11; Lu 22:5 (wàll 137).

1253 **Mc 27:4 *wor nit ku tooñul***: Moo ñu fàttali li ñu bind ci Tawreet ne « Alku ñeel na ku nangu alalu ger ngir ñu teg ku defal dara àtteb dee. » (De 27:25).

1254 **Mc 27:5 *xaru***: Yoonu Musaa waxul dara ca ña xaru. Man nañu nangu ne ku tedd man naa xaru su fekkee ne ngir tere say noon rey la walla torxal la. Waaye lu dul loolu Yawut ya daan nañu xalaat ne bàkkaar bu réy la. Loolu moo tax ñu baña waajal néew aji xaru ja ngir rob, bañ koo suul itam bala jant so, te ñu tere kenn jooy ko.

1255 **Mc 27:6 *njégu deret***: Sarxalkat ya nangu nañu jël ci xaalisu kër Yàlla ga ngir fey njégu deret waaye nanguwuñu dellu ko fa! Am na ña xalaat ne li ñu bind ci De 23:19 moo tax. Xalaatuñu ne xaalis bu jaaduwul la. Xaalis bi dafa setul moo tax jaaduwul ñu def xaalis boobu ca dencukaayu xaalis bi ci kër Yàlla ga.

1256 **Mc 27:7 *suul doxandéem ya***: Su nit deeyee, daan nañu leen suul ci bàmmeel ya seen waa kër moom. Naka noonu soxla woon nañu fu ñu mana denc doxandéem yu gaañu bi ñu ganesee Yerusalem. Ay yoon at bu nekk ay téeméeri junni nit ñëw nañu Yerusalem ngir màggal ya. Jëfandikoo nañu xaalis bu sellul ngir jënd bérab bu sellul.

1257 **Mc 27:9 *yonent Yàlla Yeremi***: Seetal leeral 547 (Mc 16:14, wàll 77, page 178).

1258 **Mc 27:9 *bi mu naan***: Aaya bii mu jukki dafa boole ay xalaat yu jóge ci mbindum Yonent ya, rawatina yonent Yàlla Yeremi ak yonent Yàlla Sakari. Lu ëpp ci Zec 11:12-13 la jóge. Tamit am na ay xalaat yu jóge ci Jer 19:1-11 ak Jer 32:6-9. Ci téereb Sakari, fey nañu fanweeri poset yu xaalis ngir dàq sàmmu Israyil ba. Ci téereb Macë fey nañu fanweeri poset yu xaalis ngir rey sàmm bu baax ba.

# Saar 21. Dekki na!

**161. Dimaas ci fajar, ca bàmmeel ba** (Mc 28:1-15; Mk 16:2-11; Lu 23:56-24:12; Yow 20:1-18)

*Anam yi: Li Macë, Màrk, Luug ak Yowaana nettali ci lu jëm ci ñi demoon te jóge woon ca bàmmeelu Yeesu dimaas ca suba sa bokk na ci lu gëna jafee juboole. Ku nekk ag wàll rekk la indi ci la amoon bés boobu. Te am na ci wàll yi ñu indi, lu nirook ay déggoodi. Su fekkee ne ñu boole sax lépp li ñu nettali ba tey xamuñu lépp li amoon foofu. Naka noonu, sunu xamadi moo tax mënuñu juboole bu mat sëkk déggoodi yépp.*

*Lii ñoo niroo ay déggoodi: Ñan jigéen ñoo demoon ca bàmmeel ba te kañ lañu fa demoon? Macë tudd na Maryaamam Magdala, ak Maryaama ma ca des (Mc 28:1); Màrk tudd na Maryaamam Magdala, Maryaama yaayu Saag, ak Salome (Mk 16:1); Luug moom tuddul kenn. 'Jigéen ña' rekk la bindoon (Lu 24:1). Waaye bi mu tënkee ñi seede woon li amoon ca bàmmeel ba mu tudd Maryaamam Magdala, Sànn, ak Maryaama yaayu Saag ak ñeneen jigéen ñi leen gunge woon bi ñu jógee Galile (Lu 24:10). Yowaana tuddul kenn ku dul Maryaamam Magdala.*

*Ci Yowaana Maryaamam Magdala moo jóg ca fajar, dem ca bàmmeel ba bala jant fenk (Yow 20:1). Ci Màrk jigéen ñi agsi nañu ci njël (Mk 16:2). Ci Macë ay jigéen gis nañu Yeesu mi dekki woon bi ñu jógee bàmmeel ba (Mc 28:9-10), waaye Maryaamam Magdala, ka jëkkoon na gis Yeesu (Mk 16:9), gis na ko ba mu toppee Piyeer ak Yowaana te dellusi ca bàmmeel ba ñaareelu yoonam (Yow 20:14-17).*

*Naka la malaaka ya feeñoo? Ci Macë dañuy gis menn malaaka mu toog ca kaw doj wa ñu béra (Mc 28:2). Te gannaaw gi malaaka moomu waxoon na jigéen ña agsi ca bàmmeel ba (Mc 28:5-7); Ci Màrk, jigéen ña gis nañu aw waxambaane, wu sol mbubb mu weex te toog ca ndeyjoor ba ñu duggee (Mk 16:5); Ci Luug, jigéen ña duggoon nañu ca bàmmeel ba te gisoon ne néewu Yeesu nekku fa woon, waaye ci bu jëkk gisuñu am malaaka. Gannaaw loolu ñaari malaaka ya daldi ne tëll ci seen biir (Lu 24:3-4). Ci Yowaana Maryaamam Magdala agsi na ca bàmmeel ba, daldi gis ne dindi nañu xeer wa, mu daw waxi ko taalibe yi. Bi mu dellusi bàmmeel ba ci gannaaw Piyeer ak Yowaana, ña ñëwoon ba dem, mu gis ñaari malaaka ca biir bàmmeel ba, toog ca bérab, ba ñu dencoon Yeesu; kenn ka féeteek bopp bi, ki ci des ca tànk ya. Waaye dafa mel ni Maryaamam Magdala ràññeewul ne ay malaaka lañu woon (Yow 20:12-13).*

*Naka lañuy juboolee déggoodi yi?*

*Am na ñu xalaat ne Mc 28:1,5-8; Mk 16:1-8; Lu 24:1-10; Yow 20:1-2 dañuy wax ci benn xew-xew rekk. Ñi xalaate noonu dañuy foog ne ci biir jigéen ñi demoon ca bàmmeel ba ci suba si, bindkat ya dañu tudd rekk jigéen ñi nga xam ne, ñoo am njëriñ ci nettaleem. Dafa mel ni ñetti taskatu xebaar yi nettali xew-xewu boroom réew ma. Ci xew-xew bi boroom réew mi dafa àndoon ak jabaram ak benn ministeer. Benn ci taskatu xebaar yi bind na ci lu jëm ci boroom réew mi. Waxul dara ci jabaram walla ministeer bi. Keneen ki tudd boroom réew mi ak jabaram, waaye waxul dara ci lu jëm ci ministeer bi. Ki ci des tudd boroom réew mi ak ministeer bi waaye tuddul jabaram. Ku nekk wax na dëgg, waaye kenn waxul dëgg gépp.*

*Man dama yaakaar ne, ay xew-xew dafa amoon bés boobu. Amoon na ñett walla ñeenti mbooloo jigéen ñu demoon ca bàmmeel ba, te bu ci nekk mu fekk anam yi xawa wuute. Am na itam ay tënk ci biir Mbind mi yi boole ay xew-xew ba ñu nirook benn xew-xew.*

*Naka noonu Mk 16:1 ci guddig samdi la amoon. Saa si bésu noflaay jeexoon bi jant so woon ca samdi, tàmbalee waajal àggalee robu Yeesu. Jigéen ñi bokkuñu woon genn kër. Naka noonu ñu jàpp a daje ca bàmmeel ba bu bët setee dimaas ci suba. Maryaamam Magdalaa jëkka agsi ba bàmmeel ba , daldi gis ne dindi nañu xeer wi, mu daw di ko waxi taalibe yi (Yow 20:1-2). Ci gannaawam Maryaama yaayu Saag ak Salome agsi ca bàmmeel ba gis menn malaaka daldi daw ngir waxi ko taalibe yi itam (Mc 28:5-8; Mk 16:2-8). Bi ñu demee nag ñeneen jigéen jëmsi ca bàmmeel ba. Xëyna jàpp nañu daje ak Maryaamam Magdala, Maryaama yaayu Saag, ak Salome, walla xëyna xamuñu woon li jigéen jooju yéene def. Ñoom nag, bi ñu agsee ca bàmmeel ba ñu gis ñaari malaaka, ba noppi daldi daw ngir waxi ko taalibe yi (Lu 24:1-10). Noonu jigéen ñépp daje ca kër ga taalibe ya nekkoon. Bi Piyeer ak Yowaana déggee li jigéen ña waxoon, ñu daw, dem ca bàmmeel ba (Yow 20:2-10). Maryaamam Magdalaa toppoon ci seen gannaaw, te ci kanam tuuti ñeneen jigéen tamit dellusi ca bàmmeel ba. Piyeer ak Yowaana gis ne néewu Yeesu nekku fa, waaye gisuñu Yeesu walla ay malaaka. Ñu ñibbi te Maryaamam Magdala des fa, ci biti. Léegi nag, Maryaamam Magdala gis ñaari malaaka yi waaye ràññeewu ko, ba noppi Yeesu feeñu ko. Maryaamam Magdala dellusi ca kër ga taalibe yi jóge. Ci mujj gi ñeneen jigéen ñi agsi, seet bàmmeel ba ba noppi ñibbi. Bi ñu ñibbee ñu daje ak Yeesu ci yoon wi (Mc 28:8-10).*

**Ubbite** (Mc 28:1-4)

Mc Gannaaw bésub noflaay ba nag, ca fajar ga, ca bés bu jëkk ca ayu-bés ga, Maryaamam Magdala[1259] ak Maryaama ma ca des[1260] dem, seeti bàmmeel ba. Fekk suuf yëngu woon na bu metti[1261], ndaxte benn malaakam Boroom bi wàcc na ci asamaan, ñëw béraŋ doj wa[1262], toog ci kaw. Meloom mel na ni melax, ay yéreem weex tàll ni perkaal. Ñi doon wottu[1263] tiit bay lox, daldi mel ni ñu dee.

**Mbooloom jigéen mu jëkk mi** (Mc 28:1,5-8, 11-15; Mk 16:2-8; Yow 20:1-2)

*Maryaamam Magdala moo jëkka dem ca bàmmeel ba, moom kenn bala jant a fenk.*

Yow Bés ba jiitu ca ayu-bés ga, Maryaamam Magdala jóg ca fajar, dem ca bàmmeel ba. Bi mu agsee, mu gis ne dindi nañu xeer, wa ñu ko ube woon. Mu daw, dem ca Simoŋ Piyeer ak ca beneen taalibe ba, maanaam ka Yeesu bëggoon, ne léen: « Jële nañu néewu Boroom ba ca bàmmeel ba, te xamunu fu ñu ko yóbbu. »

---

[1259] **Mc 28:1; Mk 16:9; Lu 24:10; Yow 20:1 *Maryaamam Magdala***: Maryaamam Magdala mooy ki ñu jëkk tudd fépp fu ñu lime jigéen ñi topp Yeesu. Amoon alal (Lu 8:2-3). Tamit turam dellusi na ay yooni yoon ci nettalib ndekkite Yeesu (Mc 28:1-10; Mk 16:1-11; Yow 20:1-18). Ci moom la Yeesu jëkka feeñu (Mk 16:9; Yow 20:11-18). Yeesu dàqe na ci moom juróom ñaari rab (Mk 16:9). Turam feeñ na ci Mc 27:56,61; 28:1; Mk 15:40-41,47; 16:1,9,10,11; Lu 8:2; 24:10; Yow 20:1,11,16,18.

[1260] **Mc 28:1 *Maryaama ma ca des***: Ci Mc 27:61 mooy Maryaama yaayu Saag mu ndaw ak Yuusufa ci Mk 15:40, Maryaama yaayu Yuusufa ci Mk 15:47 te Maryaama yaayu Saag ci Mk 16:1.

[1261] **Mc 28:2 *yëngu-yëngu bu metti***: Palestiin diiwaan bu am yëngu-yëngu suuf yu bare la.

[1262] **Mc 28:2 *malaaka ñëw béraŋ doj wa***: Yàlla ubbi na bàmmeel ba ngir ñépp man nañoo xam ne néew Yeesu nekku fa, du ngir Yeesu génne. Yeesu dem na ba noppi. Tey ji kenn mënula weddi ne ay fan gannaaw ga ñu rob Yeesu, Yeesu nekkatul ci bàmmeel ba. Njiitu Yawut ya sos nañu ne taalibe Yeesu sàcc nañu néewam. Taalibe yooyu yépp nangu nañu nit réy leen ndax gëm nañu ne Yeesu dekki na. Kenn du dee ngir lu mu xam ne mooy fen. Yawut ya ak nguuru Room amuñu woon néew ba. Ndegam bëgguñu kenn gëm ci Yeesu su ñu ko amoon ñu génne ko ngir ñépp xam ne dekkiwul. Xam nañu bu wóor ne Yeesu dee na ca bant ba. Naka noonu dara tekkiwul lu tax néew ba nekkul ca bàmmeel ba lu dul Yeesu dekki na.

[1263] **Mc 28:11 *wottukat ya***: Nit ña ca jamono jooju dafa ragaloon kàttanu nguuru Room. Loolu moo tax kenn du ñeme song leen walla damm màndarga bi nguuru Room tegoon ca bàmmeel ba.

*Maryaama yaayu Saag, ak Salome ñoom itam dem ca bàmmeel ba. Xeyna foofu lañu yéene daje ak Maryaamam Magdala ngir waajal néewu Yeesu. Bi jant bi tàmbalee fenk ñu jégesi bàmmeel bi.*

Mk Kon bés bu jëkk ci ayu-bés gi, ñu njëlu dem ca bàmmeel ba, di laajante: « Ku nuy béraŋal doj[1264], wiy ub bàmmeel bi? » Doj woowu nag bu réya réy la woon. Noonu ñu xool, gis ne doj wa deñ. Ñu dugg ci bàmmeel bi, gis ca ndijoor waxambaane wu sol mbubb mu weex, ñu daldi tiit. Mc Noonu malaaka ma ne jigéen ña: « Buleen tiit. Xam naa ne yéena ngi wut Yeesu, ma ñu daajoon ca bant ba, waaye nekkatu fi, ndaxte dekki na, ni mu ko waxe woon. Ñëwleen seet fi mu tëddoon, te ngeen dem bu gaaw, wax Mk Piyeer ak taalibe ya ne Mc dekki na te jiituji na leen Galile; foofa ngeen koy gise, Mk ni mu leen ko waxe woon. Mc Lii laa leen wax. » Mk Noonu jigéen ñi génn, dawe bàmmeel ba, tiit bay lox. Mc Tiit ak mbég mu réy di jax seen xol, ñu daldi daw, ngir yégal ko taalibe ya. Mk [Waaye] waxuñu kenn dara ndax seen tiit.

*Bi loolu wéyee, wottukat yi daw nañu dem dëkk ba.*

Mc Ba ñuy dem, ñenn ca wottukat ya ñëw ca dëkk ba, xamal sarxalkat yu mag ya lépp lu xew. Noonu sarxalkat ya dajaloo ak njiit ya, ñu diisoo; ba noppi ñu fab xaalis bu bare, jox ko xarekat ya, ne léen: « Nangeen wax lii: “Ay taalibeem ñëw nañu ci guddi, sàcc ko, bi nuy nelaw.[1265]“ Te bu ko boroom réew mi yégee[1266] nag, dinanu ko neexal, ngir rawale leen. » Wottukat ya nag fab xaalis ba, def la ñu léen santoon. Te nettali boobu siiw na ci Yawut yi ba bésu tey[1267].

### **Ñaareelu mbooloom jigéen mi** (Lu 24:1-8)

---

[1264] **Mk 16:3 *ku nuy béraŋal doj***: Dem nañu ngir waajal néew ba. Doj wa dafa diis lool, te soxla na ay góor ngir béraŋal ko laata ñu mana dugg ci biir. Lu doy waar mooy taalibe Yeesu demandoowuñook ñoom ngir dimbali leen ak doj wa.

[1265] **Mc 28:13 *sàcc ko bi nuy nelaw***: Lu ñu nettali tekki na ne dara nekkul woon ci bàmmeel te xamuñu fu Yeesu nekk. Wottukat ya duñu nelaw mukk ndax ragal ñu mbugal ko. Te su ñu nelawee kenn mënula ñëw randal doj bu rey, te bañ leena yeewu. Te su ñu nelawee naka lañu mana xam lu xewoon walla ku ko sàcc.

[1266] **Mc 28:14 *bu ko boroom réew mi yégee***: Wottukat buy nelaw bi mu wottoo, ñu rey ko walla dóor ko ay yar yu metti. Loolu moo tax ñu soxla sarxalkat ya rawale leen, di neexal boroom réew mi.

[1267] **Mc 28:15 *ba bésu tey***: Bind nañu baat yi daanaka 40 at ba 70 at gannaaw deewug Kirist. Tamit bind nañu daanaka 100 at ca gannaaw ne ba tey ñoo ko wax.

*Gannaaw loolu ñaareelu mbooloom jigéen ña dem nañu ca bàmmeel ba. Sànn, ak ñeneen jigéen ña gunge woon Yeesu bi mu jógee Galile bokkoon nañu ca. Ñoom xamuñu dara ci li xewoon ba noppi.*

Lu Bés bu jëkk ca ayu-bés ga, jigéen ña jóg ca fajar, dem ca bàmmeel ba. Ñu ngi yoroon cuuraay lu ñu defaroon. Bi ñu agsee, ñu fekk ñu béraŋ doj, wa uboon bàmmeel ba. Ñu dugg ca bàmmeel ba, waaye fekkuñu fa néewu Boroom bi Yeesu. Noonu ba ñu nekkee ak seen njaaxle, am na ñaar ñu léen feeñu, sol yére yuy melax. Jigéen ña am tiitaange ju mag, daldi dëpp seen jë ci suuf. Waaye ñu ne léen: « Lu tax ngeen di seet kiy dund ci biir néew yi? Nekkatu fi; dekki na. Fàttalikuleen la mu leen waxoon, ba mu nekkee Galile. Nee woon na: “Fàww ñu jébbal Doomu nit ki bàkkaarkat yi, ñu rey ko ci bant, mu dekki ca ñetteelu fan ba.” » Noonu ñu daldi fàttaliku kàdduy Yeesu ya.

### **Simoŋ Piyeer ak Yowaana dem nañu ca bàmmeel ba** (Lu 24:9-12; Yow 20:3-10)

*Gannaaw loolu jigéen ñépp agsi ci taalibe ya.*

Lu Bi ñu jógee bàmmeel ba, ñu dem nettaliji loolu lépp fukki ndaw ya ak benn, ak ña ca des ñépp. Jigéen ña ñoo doon Maryaamam Magdala, Sànn[1268], ak Maryaama yaayu Saag. Yeneen jigéen yi léen gunge woon itam nettali loolu ndaw ya. Waaye ñu teg wax jooju ay jeneer, ba gëmuñu jigéen ñooñu. Waaye Yow Piyeer ak beneen taalibe ba[1269] daw, dem ca bàmmeel ba. Ñoom ñaar ñépp a ngi doon daw, waaye beneen taalibe ba raw Piyeer, jëkk ko ca bàmmeel ba. Duggul nag, dafa sëgg[1270], yër, séen càngaay[1271] la ca suuf. Noonu Simoŋ Piyeer, mi ko toppoon, agsi, daldi dugg. Mu séen càngaay la ci suuf, ak kaala ga muuroon boppu Yeesu. Waaye kaala googu àndul ak càngaay la; dañu ko laxas, teg ko ci wet. Noonu keneen ka jiitu woon ca bàmmeel ba, duggsi moom itam. Naka la gis, daldi gëm. Taalibe yi xamaguñu woon Mbind mi doon wone ne Yeesu dafa wara dekki. Noonu taalibe ya dëpp, ñibbi, Lu jaaxle lool ci li xew.

---

1268 **Lu 24:10 *Sànn***: Xamuñu dara ci moom. lu dul li ñi jàng ci aaya bi.

1269 **Yow 20:2 *beneen taalibe ba***: Yaakaar nañu mooy Yowaana.

1270 **Yow 20:5 *dafa sëgg***: Buntu bàmmeel ba dafa xaat ba tax ku bëgg dugg walla xool ci biir mu soxla sëgg.

1271 **Yow 20:5-7 *séen càngaay la***: Gis nañu càngaay li waaye gisuñu Yeesu. Loolu tekki na ne sàcc ñëwul jël ko, ndaxte sàcc dina jëlaale càngaay bi ak néew bi, te du taxaw ngir laxas kaala ga, du bàyyi cuuraay lu jaar lu bare. Bi Yeesu dekkee, bàyyi na càngaayam fu ñu ko tegoon.

### **Yeesu feeñu na Maryaamam Magdala** (Yow 20:11-18; Mk 16:9-11)

*Maryaamam Magdala toppoon na Simoŋ Piyeer ak Yowaana ba bàmmeel. Bi taalibe yooyu ñibbee, moom mu toog wéet ca wetu bàmmeel ba.*

Mk Bi Yeesu dekkee nag ci suba teel ca bés bu jëkk ca ayu-bés ga, mu jëkka feeñu Maryaama mu dëkk Magdala, mi mu dàqe woon juróom ñaari rab. Yow Maryaama nag moom, ma nga desoon ca biti, ca wetu bàmmeel ba, di jooy. Bi muy jooy, mu sëgg, yër ci biir, séen ñaari malaaka yu sol mbubb yu weex, toog ca bérab, ba ñu dencoon Yeesu; kenn ka féeteek bopp bi, ki ci des ca tànk ya. Malaaka ya laaj ko ne: « Jigéen ji, looy jooy? » Mu ne léen: « Dañoo jël sama Boroom, te xawma fu ñu ko yóbbu. » Bi mu waxee loolu, mu geestu, séen Yeesu mu taxaw, waaye xamul woon ne moom la. Yeesu laaj ko ne: « Jigéen ji, looy jooy? Kooy seet? » Mu foog ne boroom tool ba la, ne ko: « Sëriñ bi, bu fekkee yaa ko yóbbu, wax ma foo ko denc, ma jëli ko. » Noonu Yeesu ne ko: « Maryaama. » Mu walbatiku, làkk ko ci yawut ne ko: « Ràbbuni! » Ràbbuni mooy tekki « Kilifa gi ». Yeesu ne ko: « Bu ma téye[1272], ndaxte yéegaguma ca Baay ba. Waaye demal, ne samay bokk, maa ngi yéeg ca sama Baay biy seen Baay, ca sama Yàlla jiy seen Yàlla. » Noonu Maryaamam Magdala dem, yégali ko taalibe ya, Mk fekk ñuy naqarlu, di jooy. Yow [Mu] ne léen: « Gis naa Boroom bi! » Mu daldi léen nettali li mu ko wax. Mk Bi ñu déggee ne, Yeesoo ngi dund te Maryaama gis na ko, gëmuñu ko.

### **Yeesu feeñu na ñeneen jigéen ñi** (Mc 28:9-10)

*Yeesu feeñu na ñeneen jigéen ñi ba ñuy jóge sëg ya, fekk ne ñoom itam dellusi nañu ca bàmmeel ba gannaaw ba ñu waxee taalibe ya lu xewoon.*

Mc Ba ñuy dem nag, Yeesu taseek ñoom ne léen: « Maa ngi leen di nuyu. » Jigéen ña jegesi, laxasu cay tànkam, di ko màggal. Yeesu ne léen: « Buleen tiit, waaye demleen yégal samay bokk, ñu dem Galile; foofa lañu may gise. »

### **162. Yeesu feeñu na ñaari taalibe yu jëm Emawus** (Mk 16:12-13; Lu 24:13-35; Yow 20:19a)

*Anam yi: Dimaas la woon.*

---

[1272] **Yow 20:17** ***bu ma téye***: Ñu ëpp ci boroom xam-xam ya xalaat nañu ne li mu bëgg wax mooy 'Bul sax ci téye ma, ndaxte demaguma'.

Lu Ca bés boobu ñaar ci taalibe yi di dem ci dëkku Emayus[1273], te mu sore Yerusalem ci lu mat fukki kilomet[1274]. Ñu waxtaane li xewoon lépp. Bi ñuy waxtaan ak a sotteente xalaat, Yeesu ci boppam dab léen, ànd ak ñoom, fekk seeni bët muuru, ba manu ko woona xàmmi. Yeesu ne léen: « Lan ngeen di waxtaane nii ci yoon wi? » Noonu ñu taxaw, seen xol jeex. Kenn ci ñoom, ki tudd Këleyopas[1275] ne ko: « Xanaa yaw rekk yaa ñëw Yerusalem te umple li fi xewoon bés yii? » Yeesu ne léen: « Lu fi xew? » Ñu ne ko: « Mbirum Yeesum Nasaret. Ab yonent la woon bu doon def ay jëf yu mag, di wax ay kàddu yu am doole, ci kanam nit ñi ak ca kanam Yàlla. Waaye sunuy sarxalkat yu mag ak sunuy njiit ñoo ko jébbal nguur gi ngir ñu àtte ko, teg ko dee, ba daaj ko ci bant. Nun nag danoo yaakaaroon ne mooy kiy nara jot Israyil. Waaye bi loolu xewee ak léegi, tey la ñetteelu fan bi. Teewul nag am na ay jigéen yu bokk ci nun yu nu jaaxal. Dañoo fajaru ca bàmmeel ba, waaye fekkuñu fa néewam. Ñu délsi, nettali nu ne, ay malaaka feeñu nañu léen, yégal léen ne mi ngi dund. Ñenn ci sunu àndandoo yi dem nañu ca bàmmeel ba, fekk lépp mel, na ko

---

[1273] **Lu 24:13 *dëkku Emayus***: Xamuñu fan la dëkk bi nekkoon, te dañuy ci werante. Luug ne na mu sore Yerusalem ci lu mat fukki kilomet. Am na ñeenti dëkk yi ñu tudd manoona nekk Emayus ca jamono Yeesu (Seetal Kart ???).
(1) Emayus Nikopolis (*Emmaüs Nicopolis*). Xam nañu ne daanaka ñaari xarnu gannaaw Kirist gëm nañu ne Emayus ci Injiil moo doon dëkk bi ñu wax Emayus Nikopolis ci ñetteelu xarnu bi. Ngentam moo nekk ci dëkk bi ñu wax tey ji Amwaas (*Amwâs*), fu sore Yerusalem ci lu mat 30 kilomet. Dafa sore ba dem, dellusi Yerusalem ci benn fan lu tollu 60 kilomet lu jafe la.
(2) Katolik yi demoon Palestiin daanaka junni at gannaaw Kirist wax nañu ne Abu-Gos (*Abu-Ghosh*) mooy bérab fu dëkku Emayus nekkoon. Moo doon dëkku Kiryaat-Yarim. (*Qiryat-Yéarim*) ci yoon wi jëm Yope (mooy Jafa ci dëkku Tel Awiw), fu sore Yerusalem lu tollu 14 kilomet.
(3) Gannaaw ga ñu tàmbali xalaat ne nekkul woon ca Abu-Gos waaye mu nekk ca bérab fu ñu fekkoon lenn ngentu tatab nguuru Room bi ñu tuddoon Tatab Emayus. Tey ji mooy dëkku al-Kubeyba (*al-Qubeibah*) ci yoon wi jëm Lidd lu tollu 11 kilomet ca sowu kawu Yerusalem.
(4) Gannaaw googu ñu wax ne dëkku Emayus moo nekkoon ca bérabu dëkk bu tuddoon Koloniya (*Colonia*) ca jamono jooju. Tey ji, bérab boobu mooy ngentu dëkku Qaloniya walla Beyit Mise ca wetu dëkk bi ñu wax Motsa (*Motza*) ci yoonu Lidd fu sore Yerusalem ci lu mat 6 kilomet.

[1274] **Lu 24:13 *lu mat fukki kilomet***: Doxub tank lu tollu daanaka ñaari waxtu la.

[1275] **Lu 24:18 *Këleyopas***: Xamuñu dara lu wóor ci moom, lu dul li ñu gis fii. Am na ku xalaat ne benn ak Këlópas ku ñu tudd ci Yow 19:25. Yuusufa, jëkkëru Maryaama yaayu Yeesu bokkoon na baay ak kenn ku tudd Këleyopas. Fal nañu Simoŋ doomu Këleyopas moomu, njiitu mbooloom ñi gëm ci Yerusalem, gannaaw ga ñu reyoon Saag, rakku Yeesu.

jigéen ña waxe woon. Waaye moom gisuñu ko[1276]. »

Noonu Yeesu ne léen: « Yéen daal, yéena ñàkk xel, te seen xol yéexa gëm li yonent yi yégle woon! Xanaa du Almasi bi dafa waroona daj boobu coono te dugg ci ndamam? »

Noonu mu tàmbalee ci yonent Yàlla Musaa ba ci yonent yépp, tekkil léen li Mbind mi wax lépp ci ay mbiram[1277].

Bi ñuy jub dëkk, ba ñu jëmoon nag, Yeesu def ni kuy jubal yoonam. Waaye ñu téye ko ne ko: « Toogal fii ci nun, ndaxte jant baa ngi so, te léegi mu guddi. »

Noonu mu dugg, toog ca ñoom. Bi ñu tàmbali di reer, Yeesu jël mburu ma, gërëm Yàlla, ba noppi damm ko, jox léen ko. Bi mu defee loolu, lépp leer ci seeni bët, ñu daldi ko xàmmi. Waaye Yeesu ne mes[1278], gisatuñu ko. Noonu ku nekk naan sa moroom: « Ndax sa xol seddul woon, bi muy wax ak nun ci yoon wi, te muy tekki Mbind mi? »

Ñu daldi jóg ca saa sa, dellu Yerusalem, fekk fa fukki ndaw ya ak benn[1279], ak yeneen taalibe[1280]. Yow Bés boobu ca ngoon sa, taalibe yaa nga daje woon ca genn kër, tëju ca biir ndax ragal Yawut ya. Lu Ñooñu ne léen: « Dëgg la, Boroom bi dekki na, te feeñu na Simoŋ! » Ñaari taalibe ya

---

[1276] **Lu 24:24 *moom gisuñu ko***: Ñaari taalibe yooyu yégaguñu ne Yeesu feeñu na jigéen ñi gannaaw ga ñu jëkkoon na dem bàmmeel ba (Yow 20:14-18; Mc 28:9-10).

[1277] **Lu 24:27 *li yonent yi yégle woon***: Xamuñu lan la Yeesu jàngaloon. Am na aaya yu bare yi wax ci ni Almasi bi nara sonn, dee, di dekki yu mel ni Ge 3:15; Ps 16:9-11; 22:1-30; 69:1-37; Isa 52:14-53:12; Zec 12:10; 13:7. Tamit yoonu Musaa lépp dafa am ci Yeesu (Mc 5:17; Ro 10:4) Takkandeer la woon buy misaal li waroona ñëw, waaye lu dëggu li mi ngi ci Kirist (Kol 2:16-17). Naka noonu moom mooy sikketu Asasel bu dëggu (Le 16:7-22); mooy jaanu xànjar bu dëggu (Nu 21:5-9; Yow 3:14-15); mooy Gàttub Yàlla buy amal bépp sarax ci yoonu Musaa (Yow 1:29,36); mooy sarxalkat bu maga mag ba (Yt 4:14-15; 7:1-28). Yeneen aaya yi wax nañu ci Almasi bi nara ñëw yu mel ni De 18:15-18; Ps 2:1-12; Isa 9:1-7; 11:1-10.

[1278] **Lu 24:31 *Yeesu ne mes***: Gannaaw ndekkiteem Yeesu manoon na ne tëll ci néeg yu ñu tëju ca biir, jarul ci bunt (Yow 20:19,26), te ne mes.

[1279] **Lu 24:33 *fukki ndaw ya ak benn***: Fukki ndaw ya ak benn ndaxte Tomas nekku fa woon (Yow 20:24). Ndawu Kirist Pool bind na ñaar fukki at gannaaw deewu Kirist ci lu jëm ci ni gisoon ndekkite Kirist. Ba tey mu wax ne bés boobu taalibe Kirist fukk ak ñaar la, fekk na ne Yuda Iskariyo xaru na ba noppi (1Ko 15:5).

[1280] **Lu 24:33 *yeneen taalibe***: Yeesu amoon na yeneen taalibe yu dul fukk ak ñaar ya. Xamuñu ñaata taalibe nekkoon ca néeg ba, waaye ñu xam ne ay weer ci gannaaw mbooloo ma tollu na 120 nit (Jëf 1:15).

ñoom it daldi léen nettali la xewoon ca yoon wa ak ni ñu xàmmee Yeesu, bi mu dammee mburu ma. Mk Waaye ba tey gëmuñu léen ñoom it.

**163. Yeesu feeñu na taalibe yi** (Lu 24:36-49; Yow 20:19-23; Jëf 1:4-8)

*Anam yi: Dimaas ci guddi la woon.*

Lu Bi ñaari taalibe ya dee wax noonu, Yeesu taxaw moom ci boppam Yow ne tëll ci seen biir[1281] Lu ne léen: « Na jàmm wàcc ci yéen. »

Ñu daldi tiit[1282], foog ne dañoo gis njuuma[1283]. Waaye Yeesu ne léen: « Lu tax ngeen jaaxle, ak lu tax ngeen di xel ñaar ci seen xol? Xool-leen samay loxo ak samay tànk. Man mii la. Laal-leen ma te xam, njuuma amul yaram walla ay yax, ni ngeen gise, ma am ko. » Bi mu léen waxee loolu, mu won léen ay loxoom ak ay tànkam Yow ak wetam. Lu Waaye ba tey manuñu woona gëm ndax seen mbég ak jaaxle. Noonu Yeesu laaj léen ne: « Ndax am ngeen fii lu ñu lekk? » Ñu jox ko dogu jën wu ñu lakk. Mu jël ko, lekk ci seen kanam.

Noonu mu ne léen: « Bi ma nekkee ak yéen, waxoon naa leen baat yii: li ñu bind lépp[1284] ci samay mbir ci yoonu Musaa ak ci téerey yonent yi ak ci Sabóor[1285] dafa wara am. » Noonu mu ubbi seen xel, ngir ñu xam li Mbind mi di wax. Mu ne léen: « Fàww Almasi bi sonn, mu dee te dekki ca ñetteelu fan ba, ni ñu ko binde, te it ñuy yégle xeet yépp ci turam[1286],

---

[1281] **Lu 24:6; Yow 20:19 *ne tëll ci seen biir***: Tëj nañu bunt ba ci biir ngir ku nekk ci biti mënula ubbi bunt di dugg. Tëjukaay, bant bu diis la, bu ñu roof ci yu ko téye, benn ci bunt ba ak benn ci jënu bunt ba. Yeesu jaarul ci bunt, ne tëll ci seen biir.

[1282] **Lu 24:37 *ñu daldi tiit***: Taalibe Yeesu déggoon nañu Yeesu yégle ne dina dee, di dekki. Déggoon nañu ñu seede ne Yeesu nekkatul ci bàmmeel ba. Déggoon nañu ne Yeesu feeñu na ay jigéen ñu bokk ci ñoom. Léegi ñu gis ko. Waaye ba tey jàpp ne Yeesu dekki na ci ñu dee ci jëmm.

[1283] **Lu 24:37 *gis njuuma***: Waa Room ak Gereg ya gëm nañu ci njuuma ya, maanaam xeli ñi deewoon. Gëm boobu duggoon na ci li Yawut ya gëmoon itam. Gëm nañu ne njuuma amul yaram te du lekk. Yoonu Musaa téere nañu ñu seete nit ñu dee (Le 19:31; 20:6; De 18:11).

[1284] **Lu 24:44 *li ñu bind***: Seetal leeral 1277 (Lu 24:27, wàll 162, page 328).

[1285] **Lu 24:44 *ci yoonu Musaa ak ci téerey yonent yi ak ci Sabóor***: Amoon na ñetti wàll ci Kàddug Yàlla gi Yawut yoroon ci jamono Yeesu.

[1286] **Lu 24:47 *ñuy yégle xeet yépp ci turam***: Yàlla yégle na lu jiitu xeet yépp dinañu bokk ci mucc gi mu waajoon ci njàlbéen gi (Ge 12:1-3; 18:18; 22:18; 28:14; Isa 42:6-7; 49:6; Am 9:11–12).

dale ko ci Yerusalem ne war nañoo tuub seeni bàkkaar, Yàlla baal léen. Yéenay samay seede. Te man dinaa leen yónnee li sama Baay dige[1287]. Yéen nag toogleen ci dëkk bi, ba ñu sol leen doole ji jóge ci kaw. »

Jëf « Buleen sore Yerusalem, waaye ngeen xaar li Baay bi dige woon te ma waxoon leen ko. Ndaxte Yaxya daa na sóob nit ñi ci ndox, waaye yéen dees na leen sóob ci Xel mu Sell mi[1288] fi ak ay fan yu néew. » Bi ñu dajaloo ak moom nag, ñu laaj ko: « Boroom bi, ndax ci jamono jii ngay yékkatiwaat nguuru Israyil? » Mu ne léen: « Ngeen xam jamono yi ak saa, yi Baay bi dogal ci sañ-sañam, loolu mayuñu leen ko. Waaye bu Xel mu Sell mi ñëwee ci yéen, dingeen jot kàttan te nekk samay seede ci dëkku Yerusalem, ca diiwaani Yude ak Samari yépp ak ba fa àddina yem. »

Yow Yeesu dellu ne léen: « Na jàmm wàcc ci yéen! Ni ma Baay bi yónnee, noonu laa leen di yónnee, man itam. » Bi mu waxee loolu, mu ëf léen ne léen: « Sol naa leen Xelu Yàlla mu Sell mi. Ñi ngeen di baal seeni bàkkaar, baal nañu léen ba noppi; ñi ngeen baalul, baaluñu léen. »

### **164. Yeesu ak Tomaa** (Yow 20:24-29)

*Anam yi: Dimaas ba ca topp la woon, maanaam dimaas awril 12.*

Yow Fekk na Tomaa[1289], mi bokk ci fukki taalibe yi ak ñaar, te turam di tekki « Séex bi », nekku fa woon, bi Yeesu ñëwee. Yeneen taalibe yi ne ko: « Gis nanu Boroom bi! » Mu ne léen: « Su ma gisul fa ñu daajoon pont ya ci ay loxoom, te defuma ca sama baaraam, su ma tegul it sama loxo ci wetam[1290], duma ko gëm mukk. »

Bi ñu ca tegee ayu-bés, taalibe Yeesu ya dajewaat ca biir kër ga, Tomaa

---

[1287] **Lu 24:49 *li sama Baay dige*:** Yeesu nee na Yàlla dina yónni Xel mu Sell mi (Yow 7:37-39; 14:16-17,26; 15:26; 16:7-15). Yaxya wax na ci (Mc 3:11; Mk 1:8; Lu 3:16; Yow 1:33); Te yonent yu jiitu bind nañu ci (Joe 2:28-29; Isa 32:15; 44:3; Eze 36:27; 39:29).

[1288] **Jëf 1:8 *Xel mu Sell mi*:** Xel mu Sell mi mooy Xelum Yàlla, mooy Yàlla. Du malaaka, du mbindaafoon. Yàlla mi nekk kenn rekk, feeñ na ci àddina ci ñett. Mooy Yàlla Baay bi, ak Yàlla Doom ji, ak Xel mu Sell mi. Xam na lépp, mu nekk fépp, kuy wax (Jëf 8:29; 13:2), am na coobare (1Ko 12:11). Yeesu ne na Xel mu Sell mi mooy ki dëkk di liggéey ci xolu képp ku gëm Boroom bi Yeesu (Ro 8:9-14; Gal 4:6). Mooy Dimbalikat, bi Yeesu digoon ay taalibeem, ngir sellal leen, may leen jikko, kàttan ak fit (Mc 10:19-20; Jëf 1:8), may leen itam ay may (1Ko 12:7-11) ngir ñu wone ndamu Yeesu ci àddina si.

[1289] **Yow 20:24 *Tomaa*:** Benn ca 12 ndawi Kirist ya la woon.

[1290] **Yow 20:25 *sama loxo ci wetam*:** Kenn ca xarekat ya jël na xeej, jam Yeesu ci wet, bi mu nekkoon ca bant ba.

itam a nga fa woon. Bunt yépp tëju woon nañu, waaye Yeesu ne tëll ci seen biir ne léen: « Na jàmm wàcc ci yéen! » Noonu mu ne Tomaa: « Indil sa baaraam fii te seet sama loxo; indil sa loxo, teg ko ci sama wet. Bàyyil di weddi te nga gëm. » Tomaa ne ko: « Sama Boroom, sama Yàlla! » Yeesu ne ko: « Li nga ma gis a tax nga gëm? Ki bég mooy ki gëm te gisu ma! »

**165. Yeesu feeñu na juróom ñaari taalibe** (Yow 21:1-14)

Yow Bi ñu ca tegee ab diir, Yeesu feeñuwaat na ay taalibeem[1291] ca tefesu dex gu ñuy wax Tiberyàdd[1292]. Nii la deme woon: Taalibey Yeesu yii àndoon nañu: Simoŋ Piyeer; Tomaa, ki turam di tekki « Séex bi »; Nataneel[1293], mi dëkk Kana[1294] ca diiwaanu Galile; doomi Sebede ak yeneen ñaari taalibe. Simoŋ Piyeer ne léen: « Maa ngi nappi. » Ñu ne ko: « Nun it danuy ànd ak yaw. » Ñu dugg gaal, daldi dem. Waaye guddi googu jàppuñu dara. Ci fajar gi Yeesu taxaw ca tefes ga, waaye taalibe yi xàmmiwuñu ko. Yeesu ne léen nag: « Bokk yi, xanaa jàppuleen jën? » Ñu ne ko: « Déedéet. » Mu ne léen: « Sànnileen mbaal mi ci ndijooru gaal gi, bu ko defee ngeen jàpp. »

Ñu sànni fa mbaal ma, mu fees ak jën, ba manuñu ko woona génne ndox mi. Taalibe ba Yeesu bëggoon, ne Piyeer: « Boroom bi la! » Bi Simoŋ Piyeer déggee loolu, dafa woddoo mbubbam, ndaxte dafa summiku woon, daldi sóobu ci dex gi. Yeneen taalibe ya xëcc mbaal, mi fees dell ak jën, jëme ko ca tefes ga, ndaxte gaal ga sorewul woon; diggante bi waroon na tollook téeméeri meetar. Bi ñu teeree, ñu gis ab taal, ñu ciy lakk ay jën, teg mburu ca wet ga. Yeesu ne léen: « Indileen ci jën, yi ngeen jàpp. » Simoŋ Piyeer yéeg ca gaal ga, daldi xëcc mbaal ma ca tefes ga, mu fees dell ak jën yu mag; matoon na téeméeri jën ak juróom fukk ak ñett. Te li muy baree bare lépp, taxul mbaal ma dog. Yeesu ne léen: « Ñëwleen ndékki. » Kenn ci taalibe yi ñemewu koo laaj ki mu doon, ndaxte xam nañu ne Boroom bi la. Yeesu jegeñsi, jël mburu mi, jox léen, jox léen it

---

[1291] **Yow 21:1 *Galile***: Taalibe Yeesu ya nekkoon nañu ca diiwaanu Galile ndaxte Yeesu moo waxoon ne dina fa dajeek ñoom (Mk 14:28; 16:7). Menn malaaka Yàlla santoon na jigéen ya ñu wax ko taalibe ya itam (Mc 28:3).

[1292] **Yow 21:1 *dex gu ñuy wax Tiberyàdd***: Mooy weneen turu dexu Galile. Seetal itam leeral 171 (Mc 4:18, wàll 32, page 77).

[1293] **Yow 21:2 *Nataneel***: Seetal leeral 117 (Yow 1:45, wàll 22, page 57).

[1294] **Yow 21:2 *Kana***: Seetal leeral 123 (Yow 2:1, wàll 23, page 58).

jën. Bi Yeesu dekkee ba tey, bii mooy ñetteelu yoon, bi mu feeñoo ay taalibeem.

## 166. Yeesu ak Piyeer (Yow 21:15-24)

Yow Bi ñu ndékkee ba noppi, Yeesu ne Simoŋ Piyeer: « Simoŋ doomu Yowaana, ndax gën nga maa bëgg, ni ma ñii bëgge? » Mu ne ko: « Ahakay, Boroom bi, xam nga ne bëgg naa la. » Yeesu ne ko: « Topptool ma sama mbote yi. »

Noonu mu waxaat ko ne: « Simoŋ doomu Yowaana, ndax bëgg nga ma? » Mu ne ko: « Ahakay, Boroom bi, xam nga ne bëgg naa la. » Yeesu ne ko: « Sàmmal ma sama xar yi. »

Mu neeti ko ñetteel bi yoon: « Simoŋ doomu Yowaana, bëgg nga maam? » Piyeer am naqar ci li mu ko laaj ñetti yoon: « Ndax bëgg nga ma? » Mu ne ko: « Boroom bi, xam nga lépp; xam nga ne bëgg naa la. » Yeesu ne ko: « Topptool ma sama xar yi. Ci dëgg-dëgg Piyeer, maa ngi la koy wax, bi nga dee ndaw yaa doon takk sa geño, di dem fu la neex. Waaye boo màggatee, dinga tàllal say loxo[1295], keneen takkal la sa geño, yóbbu la foo bëggul. » Ci baat yooyu la Yeesu doon misaale nan la Piyeer wara faatoo[1296] ngir jollil ndamu Yàlla. Noonu Yeesu ne ko: « Toppal ci man! »

Piyeer geestu, gis taalibe bi Yeesu bëggoon[1297], di ñëw ci seen gannaaw. Taalibe boobu mooy ki sóonu woon ca Yeesu, ba ñuy lekk, te laajoon ko ne: « Boroom bi, kan moo lay wori? » Piyeer gis ko, daldi ne Yeesu: « Kii nag, Boroom bi, nu muy mujje? » Yeesu ne ko: « Su ma neexoon mu dund, ba ma délsi, lu ciy sa yoon? Yaw toppal ci man. »

Noonu am, ci bokki taalibe yi, ñu xalaat ne, taalibe boobu du dee[1298].

---

[1295] **Yow 21:18 *dinga tàllal say loxo***: Ca jamono jooju waxin la woon, wuy wax ci ku ñu daaj ca bant ba. Daan nañu takk loxo ya ca bant bu ñu def laat, ba noppi mu gàddu ko ba bérab fu ñu ko daaje.

[1296] **Yow 21:19 *Piyeer wara faatoo***: Yaakaar nañu ne Buuru Room bi Nero reylu na Piyeer ci dëkku Room diggante atum 64 g.K ak 68 g.K.. Ci kaw waxu aada daaj nañu ko ca bant, te Piyeer ñaanoon na leen ñu dëpp bant ba ngir boppam féete suuf ndaxte yelloowul dee ni Yeesu deewoon. Piyeer dundoon na lu ëpp 30 at ak xam-xamu ni mu nara deewe. Yowaana bindoon baat yi gannaaw bés bi Piyeer faatoo. Seetal itam 2Pi 1:12-15.

[1297] **Yow 21:20 *taalibe bi Yeesu bëggoon***: Yaakaar nañu mooy Yowaana.

[1298] **Yow 21:23 *taalibe boobu du dee***: Amoon na ca jamono jooju ñi gëmoon ne Yowaana dina sax ba Yeesu dellusi ci suuf ci muju jamono. Dafa dund ba mu màggat kumur, mu dee ca dëkku Efes daanaka atum 100 g.K.. Ci taalibe Yeesu ya moom rekk la Yàlla

Moona Yeesu masul ne Piyeer, du dee; waaye li mu wax mooy: « Su ma neexoon mu dund, ba ma délsi, lu ciy sa yoon? » Taalibe boobu mooy seede mbir yooyu, bind léen, te xam nanu ne li muy wax dëgg la.

### **167. Yeesu daje na ak ay taalibeem ci biir Galile** (Mc 28:16-20)

Mc Noonu fukki taalibe ya ak benn dem ci biir Galile, ca tund wa léen Yeesu digaloon. Bi ñu gisee Yeesu, ñu màggal ko, waaye ñenn ñi am xel ñaar. Yeesu jegesi ne léen: « Sañ-sañ bépp[1299], jox nañu ma ko ci kaw ak ci suuf. Demleen nag sàkk ay taalibe[1300] ci xeet yépp, sóob léen ci ndox[1301] ci turu Baay bi ak Doom ji ak Xel mu Sell mi; ngeen jàngal léen, ñuy sàmm lépp li ma leen sant. Maa ngi ànd ak yéen bés bu nekk, ba kera àddina di tukki. »

### **168. Am na lu xewoon lu Linjil nettaliwul** (Jëf 1:3)

Jëf Gannaaw ay coonoom, ñëw na ci ñoom, di léen won ay firnde yu bare te wér ne mu ngi dund; mu feeñu léen diirub ñeent fukki fan, di diisoo ak ñoom ci lu jëm ci nguuru Yàlla.

### **Yeesu feeñu na Simoŋ Piyeer** (1Ko 15:5; Lu 24:34)

1Ko Feeñu na Séfas.

### **Yeesu feeñu na lu ëpp 500 nit** (1Ko 15:6)

1Ko Gannaaw ga feeñu na lu ëpp juróomi téeméeri bokki taalibe ci benn

---

moomal boppam.

[1299] **Mc 28:18 *sañ-sañ bépp***: Ni Yeesu waxe moo nu xalaatloo ci Dan 7:13-14: « May xool ba tey ci biir peeñum guddi ma, gisuma lu moy mbindeef mu mel ni nit, mu ànd ak niiri asamaan, di ñëw, jëm ci góor gu mag gi; ñu yóbbu ko ba ca moom. Ci kaw loolu ñu jébbal ko kilifteef gaak ndam laak nguur ga. Ci biir loolu waa mbooloo yépp ak xeet yeek làkk yi di ko wormaal. Kilifteefam day sax fàww, du jeex, te nguuram du foq mukk. »

[1300] **Mc 28:19 *sàkk ay taalibe***: Ni ñu ko binde ci làkku gereg 'sóob léen ci ndox', te 'jàngal léen' yooy ni 'ñu sàkk ay taalibe'.

[1301] **Mc 28:19 *sóob léen ci ndox***: Yeesu moo santoon képp ku bëgga nekk taalibeem, ñu sóob ko ci ndox. Mooy lu tette taalibe ba ci diggante bu bees ak Yàlla mi nekk ñett. Sóob ci ndox mooy ab dëj ngir ñi dee (Rom 6:3-4). Sóob ci ndox mooy mooy lu sang ñi am xol bu taq sobe (Jëf 22:16).

yoon. Te ñu bare ci ñoom ñu ngi dund ba léegi[1302], waaye am na ci ñu nelaw.

**Yeesu feeñu na rakkam Saag** (1Ko 15:7)

1Ko Ba noppi feeñu na Saag[1303].

**169. Yeesu tàggu na ay taalibeem daldi yéeg asamaan** (Mk 16:14-20; Lu 24:50-53; Jëf 1:9-11)

*Anam yi: Ci diiru ñeent fukki fan la Yeesu feeñu gannaaw ba mu dekkee ci ñi néew yi, ba noppi Yàlla yéege ko, maanaam ba digu weeru me AD 33.*

Mk Gannaaw ga it Yeesu feeñu fukki taalibe yi ak benn, bi ñuy lekk. Mu yedd léen ndax seen ngëmadi ak seen dëgër bopp, ci li ñu baña gëm ñi ko gisoon, bi mu dekkee. Mu ne léen: « Demleen ci àddina sépp, yégal xibaaru jàmm bi mbindeef yépp. Ku gëm te ñu sóob ko ci ndox, dina mucc; ku gëmul, dees na ko daan. Ñi ma gëm dinañu ànd ak firnde yii[1304]: ci sama tur dinañu dàq rab yi, di wax làkk yu bees, di jàpp jaan ak seeni loxo; te bu ñu naanee lu ñu tooke, du léen wàññi dara, te jarag ju ñu teg loxo, mu wér. »

Lu Gannaaw loolu Yeesu yóbbu léen ca wetu Betani[1305]. Foofa mu yékkati ay loxoom, barkeel léen. Bi mu léen dee barkeel, mu tàggoo ak ñoom. Jëf

---

[1302] **1Ko 15:6 *ñu ngi dund ba léegi***: Ndawu Kirist, Pool bind na baat yi daanaka ca mars walla awril ci atum 54 walla 55 g.K; lu tollu 20 at gannaaw deewu Kirist.

[1303] **1Ko 15:7 *Saag***: Seetal leeral 383 (Mc 13:55, wàll 57, page 133).

[1304] **Mk 16:17-18 *firnde yii***: Gis nañu ci Jëf ya ni ñu dàqe rab yi (Jëf 5:16; 8:7; 16:18); wax làkk yu bees (Jëf 2:3-4; 10:46; 19:6); jàpp jaan ak seeni loxo (Jëf 28:3-6); jarag ju ñu teg loxo, mu wér (Jëf 2:43; 3:1-8; 5:15-16; 6:8; 8:6-7; 9:32-34; 14:3,8-10; 19:11-12; 20:9-10; 28:8-9).

[1305] **Lu 24:50 *wetu Betani***: Lu tollu 3 kilomet fu sore Yerusalem la. Tundu Oliw ya am na ñetti njobbaxtal, gu nekk am taxawaayu daanaka 800 meetar. Dafa tiim Yerusalem te jàkkaarloo ak këru Yàlla ga. Matul sax benn kilomet ci penkub Yerusalem. Xamuñu ne tembe fan la Yàlla yéege Yeesu asamaan. Aada ja ca njobbaxtal la yéege. Tabax nañu jàngu, mooy Egliisu Yéege ba ca benn ca njobbaxtal, ca benn ca njobbaxtal ya. Seetal leeral 635 (Lu 10:38, wàll 87, page 198). add peaks to map of betani

Bi mu waxee loolu, te ñu di ko xool, Yàlla yéege na ko, te aw niir[1306] jël ko, làq ko seeni bët, [Mk] [mu] toog ci ndijooru Yàlla. [Jëf] Bi muy dem nag, te ñu ne jàkk asamaan, ñaar ñu sol yu weex[1307] daldi ne seef, taxaw ci seen wet. Ñu ne léen: « Yéen waa Galile, lu tax ngeen taxaw, di xool ci asamaan? Yeesu male ñu jële ci seen biir, yéege ko asamaan, dina délsi[1308] ni ngeen ko gise, muy dem asamaan. » [Lu] Taalibe ya màggal ko. [Jëf] Bi loolu amee ñu jóge ca tund, woowu ñuy wax tundu Oliw ya, te mu dend ak Yerusalem lu tollu ak kilomet, ñu daldi dellu Yerusalem, [Lu] fees ak mbég. Foofa daawuñu jóg ca kër Yàlla ga, di gërëm Yàlla.

## **170. Tëjte gi** (Yow 20:30; 21:25; 20:31)

[Yow] Yeesu wone na it ci kanam taalibe ya yeneen firnde yu ñu nettaliwul ci téere bii. [Yow] Yeesu def na yeneen jëf yu bare. Su ñu ko doon nettali, bind lépp, xalaat naa ne téere yi duñu xaj ci àddina. [Yow] Waaye li ci nekk, bind nañu ko ngir ngeen gëm ne Yeesu mooy Almasi bi, Doomu Yàlla ji, te seen ngëm may leen, ngeen am ci moom dund.

---

[1306] **Jëf 1:9 *aw niir jël ko***: Ci jamono Musaa (Ex 19:9,16; 24:15-16; 34:5; 40:34; Nu 16:42) ak ci jamono Suleymaan (1Ki 8:11-12) ak ci jamono Yeesu (Mc 17:5; Mk 9:7; Lu 9:34) Yàlla feeñ na ci aw niir wu fatt. Mooy ni mu woneewoon ndamam doomu nit ñi. Ci jamono Musaa Yàlla daan na ànd ak Israyil ci aw niir (Ex 13:21-22; 14:19-24; 16:10; 19:9; 40:38; Nu 9:15-22; 10:11-12,34; De 1:33; 31:15). Ci muju jamono Almasi bi dina ñëw ànd ak niiri asamaan (Dan 7:13; Lu 21:27; Jëf 1:11; Pe 1:7; 14:14; 33:9-10).

[1307] **Jëf 1:10 *ñaar ñu sol yu weex***: Yàlla yónni na ñaari malaaka. Yoonu Musaa moo dogal ne kàddug ñaari seede mbaa ñett mooy wéral mbir ma (De 19:15).


[1308] **Jëf 1:11 *dina délsi***: Yeesu dina délsi ci muju jamono (Mc 16:27; 24:3-25:46; Mk 14:62; Lu 14:40; 17:24; Yow 14:1-3; 1Ko 4:5; 1Tes 4:14-17; 1Tes 5:2-3; 2Tes 1:7-10; 2:1-10; 2Ti 3:17; Sa 5:7; 2Pi 3:8-10). Dina ñëw ci niir yi, te ñépp dinañu teg seeni bët ci moom (Pe 1:7). Bi Almasi délsee tundu Oliw ya dina xar ci digg ba (Zec 14:4-5). Kenn xamul kañ la Yeesu nara ñëw ku dul Yàlla (Mk 13:32).

# Kart ya

## Kart 1: Réewum Almasi bi




# Kart 2: Nasaret ci Diiwaanu Galile ci jamono Yeesu



# Kart 3: Tundi Yude




# Kart 4: Yoon ya ca Palestiin





Kartu yoon ya ca Palestiin ca jamono Injiil


# Kart 5: Yeesu gàddaay Misra




# Kart 6: Nguuri Palestiin




# Kart 7: Diiwaan ya ca noru Galile




# Kart 8: Betani gannaaw Yurdan




# Kart 9 Màndiŋu Yude




# Kart 10: Betsayda




# Kart 11: Kana


Patolemayis
1. Ñu ëpp wax ne fii la dëkku Kana nekkoon. Gent ca kaw ab tund la. Fekk nañu fa fu ujaaj ya daan nañu bind ca miiru benn làquwaay. Dafa nekk ca yoon diggante Patolemayis ak dexu Galile. Tamit am na yoon mu jëm Sepforis ak Nasaret.
Korasin
Kapernawum
Senesaret
Yotapat
Xirbet Kana
DEXU GAL
Magadan
xuru Yift-yel
xuru Bet-Netofa
xuru Raqa
Tiberyàdd
xuru Turan
Sepforis
Kerem a-Ras
Kafër Kana
3. Ci at yii lañu fekkoon gentu dëkk bu amoon jamono Daawuda ba ca gannaaw jamono Yeesu ñeenti xarnu. Li ña gas suuf gisoon moo tax ñoom yaakaar nañu ne moo doon Kana dëgg. Bi ñu bàyyee dëkk boobu, fekk na ne samp nañu beneen dëkk ca wetam, mooy Kafër Kana. Te ca dëkk bu bees boobu la ujaaj ya dem, ba tax ñëpp mujja gëm ne mooy dëkku Kana.
Ayn Kana
2. Ca lu ëpp junni at ab aada wax na ne mooy bérabu dëkku Kana. Man nañu topp aada boobu gannaaw ba juróom-ñetteelu xarnu gannaaw Kirist. Mu nekk ca yoon diggante Sepforis ak Tiberyàdd. Am na gentu dëkk bu amoon miir bu bokk jamono ak Buur Suleymaan ba ñu tas ko 900 j.K. Ba noppi ñu sampaat dëkk ba ca jamono Injiil.
Senabaris
Nasaret
tundu Tabor
dawley Kison
0 4 8 12 16 20 km
4. Kenn mos na xalaat na xëyna mooy bérabu Kana, waaye dara feddaliwu ko.


## Kart 12: Salim ak Aynon



# Kart 13: Samari




## Kart 14: Neftali ak Sabulon




# Kart 15: Teeru ya ca dexu Galile




# Kart 16: Galile




# Kart 17: Yoon yi dem Yerusalem



# Kart 18: Dëkku Yerusalem




# Kart 19: Ñu jàll dexu Galile





**Ñu jàll dexu Galile**

# Kart 20: Yeesu bareel na mburu ma




# Kart 21: Yoon yi jëm Tiir



# Nataal ya

# Nataal 1: Kër Yàlla ga




## Kër Yàlla ga ca Yerusalem

# Nataal 2: Kër Yàlla ga



Kër Yàlla ga ca Yerusalem jamono Yeesu

# Nataal 3: Lekkukaay jur



Lekkukaayu jur

# Nataal 4: Màndiŋu Yude



Màndiŋu Yude

## Nataal 5: Ci biir jàngub Yawut



Ci biir jàngub Yawut

# Nataal 6: Gaalu napp jamono Yeesu




Gaalu napp jamono Yeesu

# Nataal 7: Tóor-tóori ñaxum tool




**Mc 6:28 Tóor-tóori ñaxum tool (*Anemone*)**

# Nataal 8: Bët bu tudd Betesda



Bët bu tudd Betesda

# Nataal 9: Xuru dexu Galile



# Index

Kàddug Bindkat bi. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 5

Gàttal yi. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 10

I Waaj bi. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 11
Ubbite Gi. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 12
**1. Turu Nettali bi** (Mk 1:1). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 12
**2. Yeesu Kirist moo di Kàddu gi ak leer gu wóor gi** (Yow 1:1-18). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 12
**3. Cosaanu Yeesu ci wàllu jëkkëru yaayam** (Mc 1:1-17) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 14
**4. Wax ju wóor** (Lu 1:1-4). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 15
Saar 1. Juddub ki nara xàll yoonu Yeesu. . . . . . . . . . . . . . . . . . . 17
**5. Jibril yégle na juddub Yaxya** (Lu 1:5-25).. . . . . . . . . . . 17
**6. Jibril yégle na juddub Yeesu** (Lu 1:26-38). . . . . . . . . 22
**7. Maryaama seeti na Elisabet** (Lu 1:39-56). . . . . . . . . . 24
**8. Juddub Yaxya** (Lu 1:57-80). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 26
Saar 2. Bi Yeesu nekkee xale. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 29
**9. Yàlla dalal na xelu Yuusufa** (Mc 1:18-25). . . . . . . . . . 29
**10. Juddub Yeesu ci Betleyem** (Lu 2:1-21). . . . . . . . . . . 29
**11. Yóbbu nañu Yeesu ca kër Yàlla ga ca Yerusalem** (Lu 2:22-39). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 32
**12. Ay boroomi xam-xam ñëw nañu, màggalsi Yeesu** (Mc 2:1-12). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 34
**13. Yuusufa ak Maryaama gàddaay nañu jëm réewu Misra** (Mc 2:13-18).. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 37
**14. Ñibsi nañu réewu Israyil** (Mc 2:19-23; Lu 2:40 ). . . . 38
**15. Yeesu ca kër Yàlla ga** (Lu 2:41-52). . . . . . . . . . . . . . 39
Saar 3. Yeesu: yégle nañu ko, nattu ko te Yàlla nangu ko. . . . . . 42
**16. Waareb Yaxya** (Mc 3:1-12; Mk 1:2-8; Lu 3:1-18). . . . 42
**17. Yaxya sóob na Yeesu ci dexu Yurdan** (Mc 3:13-17; Mk 1:9-11; Lu 3:21-22). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 48
**18. Cosaanu Yeesu ci wàllu yaayam** (Lu 3:23-38). . . . . 49

**19. Yeesu dékku na ay nattu ci pexey Seytaane** (Mc 4:1-11; Mk 1:12-13; Lu 4:1-13).. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 49
**20. Yaxya tontu na ndawi Yawut yi** (Yow 1:19-34). . . . . 51
**21. Ñi jëkka doon taalibey Yeesu** (Yow 1:35-42).. . . . . . 54
**22. Yeesu woo na Filib ak Nataneel** (Yow 1:43-51).. . . . 56
**23. Yeesu dem na céet ga ca dëkku Kana** (Yow 2:1-12) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 58

II Almasi bi tàmbali na liggéeyam. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 62
Saar 4. Yeesu ci Yerusalem ak diiwaanu Yude.. . . . . . . . . . . . . . . 63
**24. Yeesu dàq na jaaykat ya ca kër Yàlla ga** (Yow 2:13-22) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 63
**25. Yeesu waxtaan na ak benn njiitu diine** (Yow 2:23-3:21) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 64
**26. Yeesu moo gëna màgg Yaxya** (Yow 3:22-36). . . . . . 66
**27. Tej nañu Yaxya kaso** (Mc 4:12; Lu 3:19-20; Yow 4:1-3) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 67
**28. Yeesu waxtaan na ak jigéen ji amoon juróomi jëkkër** (Yow 4:4-42).. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 68
Saar 5. Teeru nañu Yeesu ci Galile. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 73
**29. Yeesu faj na xale bu bëggoona dee** (Yow 4:43-54) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 73
**30. Waa Nasaret ñoo ko bañoon** (Lu 4:14-30). . . . . . . . 73
**31. Yeesu dem na Kapernawum** (Mc 4:13-17; Mk 1:14-15; Lu 4:31).. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 76
**32. Yeesu tànnoon na ñeenti taalibe** (Mc 4:18-22; Mk 1:16-20). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 77
**33. Yeesu faj na ku ànd ak rab** (Mk 1:21-28; Lu 4:31-37) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 80
**34. Yeesu faj na jarag yu bare ba noppi wër diiwaanu Galile gépp** (Mc 8:14-17; Mk 1:29-39; Lu 4:38-44; Mc 4:23-25) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 81
**35. Yeesu jàngal na ay taalibeem ca tund wa** (Mc 5:1-7:29) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 82
**36. Yeesu woowaat na ay taalibe** (Lu 5:1-11). . . . . . . . . 93
**37. Yeesu faj na ku gaana** (Mc 8:2-4; Mk 1:40-45; Lu 5:12-16) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 94
**38. Yeesu faj na ku làggi** (Mc 9:2-8; Mk 2:1-12; Lu 5:17-26) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 95

**39. Yeesu woo na ab juutikat** (Mc 9:9-13; Mk 2:13-17; Lu 5:27-32). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 96
**40. Ndax warees na woor?** (Mc 9:14-17; Mk 2:18-22; Lu 5:33-39). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 97

III Ñaareelu at mi.. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 99
Saar 6. Njàngaleem, mi ànd ak sañ-sañ. . . . . . . . . . . . . . . . . . . 100
**41. Yeesu nee na, mooy boroom bésu noflaay bi** (Mc 12:1-8; Mk 2:23-28; Lu 6:1-5).. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 100
**42. Yeesu faj na nit ku loxoom làggi** (Mc 12:9-14; Mk 3:1-6; Lu 6:6-11).. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 102
**43. Mbooloo mu bare topp Yeesu** (Mc 12:15-21; Mk 3:7-12) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 103
**44. Yeesu tànn na fukki ndaw yi ak ñaar** (Mc 10:1-4; Mk 3:13-19a; Lu 6:12-19). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 105
**45. Yeesu waare na ca joor ga** (Lu 6:20-49). . . . . . . . . 105
Saar 7. Léeb yi ak kàttanu Nguuru Yàlla.. . . . . . . . . . . . . . . . . . 109
**46. Ngëmu njiitu xare bi** (Mc 8:1,5-13; Lu 7:1-10). . . . . 109
**47. Yeesu dekkal na doomu jigéen ju jëkkëram faatu** (Lu 7:11-17). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 110
**48. Yaxya yónnee na, di laaj Yeesu** (Mc 11:2-19; Lu 7:18-35; 16:16).. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 111
**49. Yeesu ca kër Simoŋ Farisen ba** (Lu 7:36-50). . . . . 113
**50. Yeesu dem na Yerusalem faj fa jarag** (Yow 5:1-47) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 115
Saar 8. Yeesu wër na diiwaanu Galile ñaareel bi yoon. . . . . . . . 119
**51. Yeesu dem waaraate, ndeyam ak ay rakkam seetsi ko** (Mc 12:46-50; Mk 3:20-35; Lu 8:1-4,19-21; 12:10) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 119
**52. Yeesu jàngalewaat na ciy léeb ci wetu dex ga** (Mc 13:1-52; Mk 4:1-34; Lu 8:4c-18; 13:18-21).. . . . . . . . . 121
**53. Yeesu dalal na ngelaw li** (Mc 8:18,23-27; Mk 4:35-41; Lu 8:22-25). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 126
**54. Yeesu faj na ñaar ñu rab jàpp** (Mc 8:28-34; Mk 5:1-20; Lu 8:26-39). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 127
**55. Yeesu dekkal na doomu Yayrus te faj jenn jigéen** (Mc 9:1,18-26; Mk 5:21-43; Lu 8:40-56). . . . . . . . . . . 130
**56. Yeesu faj na ñaari gumba ak ku rab jàpp** (Mc 9:27-34)

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 132
**57. Yeesu dem na dëkku Nasaret ñaareel bi yoon** (Mc 13:53-58; Mk 6:1-6a). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 133
Saar 9. Yeesu wër na diiwaanu Galile ñetteel bi yoon. . . . . . . . 134
**58. Yeesu yónni na fukki taalibe ya ak ñaar** (Mc 9:35-10:1,5-16,24-33,37-11:1; Mk 6:6b-13; Lu 9:1-6). . . . . . . 134
**59. Rey nañu Yaxya** (Mc 14:1-12; Mk 6:14-29; Lu 9:7-9) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 137
**60. Yeesu bareel na mburu ya** (Mc 14:13-23; Mk 6:30-46; Lu 9:10-17; Jn 6:1-17).. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 139
**61. Yeesu dox na ci kaw ndox ma** (Mc 14:24-36; Mk 6:47-56; Yow 6:16-21). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 141
**62. Yeesu mooy ñam wiy joxe dund gi** (Yow 6:22-71) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 142

IV Ñetteelu at mi: Yawut yi bañ nañu Yeesu.. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 147
Saar 10. Ci Galile. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 149
**63. Farisen ya ak aada ya** (Yow 7:1-2a; Mc 15:1-20; Mk 7:1-23). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 149
Saar 11. Yeesu ci réewum ñi dul Yawut. . . . . . . . . . . . . . . . . 152
**64. Yeesu faj na doomu jigéen, ja askanoo réewu Kanaan** (Mc 15:21-28; Mk 7:24-30). . . . . . . . . . . . . . . . . 152
**65. Yeesu faj na ñu wopp** (Mc 15:29-31; Mk 7:31-37). . 153
**66. Yeesu bareel na ay mburu ñaareel bi yoon** (Mc 15:32-38; Mk 8:1-9). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 154
**67. Lawiiru Farisen yi** (Mc 15:39-16:12; Mk 8:10-21). . . 155
**68. Yeesu faj na ku gumba ca dëkku Betsayda** (Mk 8:22-26) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 156
Saar 12. Bañ nañu Yeesu ca Yerusalem. . . . . . . . . . . . . . . . . 158
**69. Yeesu ca màggalu Mbaar ya** (Yow 7:2-13). . . . . . . 158
**70. Yeesu jàngale na ca màggal ga** (Yow 7:14-24). . . . 159
**71. Ndax Yeesu mooy Almasi bi?** (Yow 7:25-8:1). . . . . 160
**72. Jigéen ji doon njaaloo** (Yow 8:2-11). . . . . . . . . . . . 164
**73. Man maay leeru àddina** (Yow 8:12-30). . . . . . . . . . 164
**74. Yeesu faj na gumbag judduwaale** (Yow 9:1-41). . . 169
**75. Sàmm bu baax bi** (Yow 10:1-21). . . . . . . . . . . . . . 172
**76. Yawut ya nanguwuñu Yeesu** (Yow 10:22-42). . . . . 174

V Ñeenteelu at mi: Yeesoo nga jublu bant ba. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 177

Saar 13. Yeesu xamal na taalibeem ya ne dafa wara dee. . . . . 178

**77. Piyeer wax na ne, Yeesu mooy Almasi bi** (Mc 16:13-20; Mk 8:27-30; Lu 9:18-21). . . . . . . . . . . . . . . . . . . 178

**78. Yeesu war na dee** (Mc 16:21-28; Mk 8:31-9:1; Lu 9:22-27) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 179

**79. Ndamu Yeesu jolli na ci moom** (Mc 17:1-13; Mk 9:2-13; Lu 9:28-36). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 180

**80. Yeesu faj na xale bu rab jàpp** (Mc 17:14-21; Mk 9:14-29; Lu 9:37-43a). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 182

**81. Yeesu waxaat na ne, dina dee, dekki** (Mc 17:22-23; Mk 9:30-32; Lu 9:43b-45). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 184

**82. Yeesu fey na warugaru kër Yàlla ga** (Mc 17:24-27; Mk 9:33a ). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 184

**83. Jàng ci li jëm ci woyef ak mbaal** (Mc 18:1-35; Mk 9:33b-10:1; Lu 9:46-50). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 185

Saar 14. Yeesu wër na dëkk yi ci Galile, Samari, Pere ak Jude . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 191

**84. Yeesu sigiñu na ci dem Yerusalem.** (Mc 8:19-22; Lu 9:51-62). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 191

**85. Yeesu yónni na ay ndaw** (Mc 11:20-30; Lu 10:1-24) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 192

**86. Nit ku baax, ku dëkk Samari** (Lu 10:25-37). . . . . . . 194

**87. Màrt ak Maryaama teeru nañu Yeesu** (Lu 10:38-42) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 196

**88. Ni ñuy ñaane ci Yàlla** (Lu 11:1-13). . . . . . . . . . . . . 197

**89. Ku rab jàpp, mu gumba te luu** (Mc 12:22-45; Lu 11:14-36) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 198

**90. Yeesu yedd na Farisen yi ak xutbakat yi** (Lu 11:37-54) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 202

**91. Yeesu artu na ay taalibeem ci naaféq** (Lu 12:1-9). 204

**92. Léebu nit ku ñàkk xel ki** (Lu 12:13-21). . . . . . . . . . 205

**93. Mel-leen ni ay surga yuy xaar seen njaatige** (Mc 24:43-44; Lu 12:22-40). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 206

**94. Surga bu takku** (Mc 10:34-36; 24:45-51; Lu 12:41-53) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 207

**95. Léebu garabu figg gu meññul** (Lu 12:54-59; 13:1-9)

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 208
**96. Yeesu faj na jigéen ju xuuge ci bésu noflaay bi** (Lu 13:10-17). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 210
Saar 15. Yeesoo nga jublu Yerusalem ba tey. . . . . . . . . . . . . . . 212
**97. Erodd wut na rey Yeesu** (Lu 13:22-33). . . . . . . . . . 212
**98. Yeesu ca kërug Farisen** (Lu 14:1-14). . . . . . . . . . . 213
**99. Ay taalibe war nañu dëddu lépp** (Lu 14:25-35). . . . 215
**100. Ñetti léeb ci lu jëm ci gis lu réer**. . . . . . . . . . . . . . 216
**101. Léebu bëkk-néeg bu njublaŋ** (Lu 16:1-13). . . . . . 219
**102. Boroom alal ji ak Lasaar** (Lu 16:14-31). . . . . . . . . 220
**103. Waxtaan ci bàkkaar, ak ngëm, ak warugaru jaam** (Lu 17:1-10). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 222
**104. Yeesu faj na fukki gaana** (Lu 17:11-19). . . . . . . . . 222
**105. Liy xew ci bu Doomu nit ki ñëwee** (Lu 17:20-37) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 223
**106. Wara sax ci ñaan** (Lu 18:1-8). . . . . . . . . . . . . . . . 225
**107. Léebu Farisen ba ak juutikat ba** (Lu 18:9-14). . . . 225
**108. Yeesu dellusi na diiwaanu Pere** (Mc 19:1-2; Mk 10:1) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 226
**109. Xale yu ndaw yi** (Mc 19:13-15a; Mk 10:13-16; Lu 18:15-17). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 228
Saar 16. Firnde kàttanu Yeesu. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 229
**110. Lasaar dekki na** (Yow 11:1-44). . . . . . . . . . . . . . 229
**111. Pexe yi jëm ci Yeesu** (Yow 11:45-54).. . . . . . . . . . 232
Saar 17. Yoon wi jaar Yeriko. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 234
**112. Waxambaane wu bare alal** (Mc 19:15b-26; Mk 10:17-27; Lu 18:18-27).. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 234
**113. Yool yi Yeesu digoon ñi ko topp** (Mc 19:27-20:16; Mk 10:28-31; Lu 18:28-30). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 235
**114. Yeesu xamle na ñetteel bi yoon ne, dina dee, dekki** (Mc 20:17-19; Mk 10:32-34; Lu 18:31-34).. . . . . . . . . 237
**115. Yeesu yeddaat na Saag ak Yowaana** (Mc 20:20-28; Mk 10:35-45). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 237
**116. Yeesu faj na ku gumba** (Mc 20:30-34; Lu 18:35-43) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 238
**117. Yeesu dugg na ca kër Sase** (Mk 10:46a; Lu 19:1-10) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 239
**118. Léebu surga, ya buur bi dénk xaalisam** (Lu 19:11-27)

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 240

**119. Yeesu faj na keneen ku gumba** (Mc 20:29-34; Mk 10:46b-52; Lu 19:28). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 241

VI Waxtu Yeesu jot na. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 243

Saar 18. Ayu-bés bu mujj ba. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 244

**120. Maryaama sotti na latkoloñ ci tànki Yeesu** (Mc 26:6-13; Mk 14:3-9; Lu 22:1; Yow 11:55-12:11). . . . . . . . . 244

**121. Yeesu dugg na Yerusalem** (Mc 21:1-11; Mk 11:1-11; Lu 19:29-44; Yow 12:12-19). . . . . . . . . . . . . . . . . . . 246

**122. Yeesu duggaat na Yerusalem** (Mc 21:12-19; Mk 11:12-19; Lu 19:45-46).. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 248

**123. Garabu figg gi ñu rëbb** (Mc 21:20-22; Mk 11:20-26) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 250

**124. Sañ-sañu Yeesu** (Mc 21:23-27; Mk 11:27-33; Lu 20:1-8) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 251

**125. Léebu ñaari doom ya** (Mc 21:28-32; Mk 12:1a; Lu 19:47-48). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 252

**126. Léebu beykat, yi rey doomu boroom tool bi** (Mc 21:33-46; Mk 12:1b-12; Lu 20:9-19).. . . . . . . . . . . . . . . 253

**127. Léebu céet ga** (Mc 22:1-14). . . . . . . . . . . . . . . . . 255

**128. Galag gi ñuy fey buur bi Sesaar** (Mc 22:15-22; Mk 12:13-17; Lu 20:20-26). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 256

**129. Sadusen yi ak ndekkite li** (Mc 22:23-33; Mk 12:18-27; Lu 20:27-40). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 257

**130. Ban santaane moo gëna màgg ci yoonu Musaa** (Mc 22:34-40; Mk 12:28-34a; Lu 20:40). . . . . . . . . . . 259

**131. Ndax Almasi bi mooy sëtu Daawuda?** (Mc 22:41-46; Mk 12:34b-37; Lu 20:41-44). . . . . . . . . . . . . . . . . . . 259

**132. Yeesu gëdd na xutbakat ya ak Farisen ya** (Mc 23:1-39; Mk 12:38-40; Lu 20:45-47; 13:34-35).. . . . . . . . . 260

**133. Saraxu soxna si** (Mk 12:41-44; Lu 21:1-4). . . . . . . 264

**134. Yeesu wax na ni mu wara faatoo** (Yow 12:20-36a) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 264

**135. Yeesu bàyyi na Yawut yi ci seen ngëlëm** (Yow 12:36b-50). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 266

**136. Yàqug Yerusalem ak dellusig Doomu nit ki** (Mc 24:1-42; 10:17-23; 25:1-46; Mk 13:1-37; Lu 21:5-36; 12:11-12)

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 267

Saar 19. Yeesu dafay waajal joxe bakkanam. . . . . . . . . . . . . . . 277

**137. Yudaa ngi fexeel Yeesu** (Mc 26:1-5; 14-16; Mk 14:1-2,10-11; Lu 22:2-6). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 277

**138. Ñu defar reeru màggalu Mucc ba** (Mc 26:17-19; Mk 14:12-16; Lu 22:7-13). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 278

**139. Reeru màggalu Mucc ba** (Mc 26:20; Mk 14:17; Lu 22:14-18; Yow 13:1-20). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 280

**140. Yeesu yégle na ne, Yudaa moo koy wor** (Mc 26:21-25; Mk 14:18-21; Lu 22:21-23; Yow 13:21-33). . . . . . 282

**141. Reeru Boroom bi** (Mc 26:26-29; Mk 14:22-25; Lu 22:19-20; 1Ko 11:23-26). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 283

**142. Kan moo gëna màgg** (Lu 22:24-27; Yow 13:34-35) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 283

**143. Yeesu yégle na ne, Piyeer dina ko weddi** (Lu 22:28-34; Yow 13:36-38). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 284

**144. Njàngale mu mujj ma** (Yow 14:1-16:33). . . . . . . . . 284

**145. Ñaanu Yeesu** (Yow 17:1-26). . . . . . . . . . . . . . . . . 290

**146. Yeesu yéglewaat na ne, Piyeer dina ko weddi** (Mc 26:30-35; Mk 14:26-31; Lu 22:35-39; Yow 18:1a) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 291

Saar 20. Waxtu jamonoy lëndëm gi. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 293

**147. Yeesu ñaan na ci toolu Setsémane ci biir tiis wu réy** (Mc 26:36-46; Mk 14:32-42; Lu 22:40-46; Yow 18:1b) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 293

**148. Jàppoon nañu Yeesu** (Mc 26:47-56; Mk 14:43-52; Lu 22:47-53; Yow 18:2-11). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 294

**149. Yóbbu nañu Yeesu ca Anas te Piyeer weddi na Yeesu** (Mc 26:57-58, 69-70; Mk 14:53-54, 66-68; Lu 22:54-57; Yow 18:12-25). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 296

**150. Saraxalekat bu mag ba seetlu na Yeesu** (Mc 26:59-68; Mk 14:55-65; Lu 22:63-65). . . . . . . . . . . . . . . . . . 298

**151. Piyeer weddi na Yeesu yeneen ñaari yoon** (Mc 26:71-75; Mk 14:69-72; Lu 22:58-62; Yow 18:26-27). . . 300

**152. Yeesu taxaw na ci kanamu kureelu àttekat yi** (Mc 27:1-2; Mk 15:1; Lu 22:66-23:1). . . . . . . . . . . . . . . . . . 301

**153. Yeesu taxaw na ci kanamu Pilaat** (Mc 27:11-14; Mk 15:2-5; Lu 23:2-6; Yow 18:28-38a). . . . . . . . . . . 301

**154. Yébal nañu Yeesu ca Erodd** (Lu 23:7-12). . . . . . . 303

**155. Barabas walla Yeesu?** (Mc 27:15-23a; Mk 15:6-14; Lu

23:13-22; Yow 18:39-40). . . . . . . . . . . . . . . . . . . 304
**156. Daan nañu Yeesu** (Mc 27:23b-31; Mk 15:15-20; Lu 23:23-25; Yow 19:1-16). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 305
**157. Daaj nañu Yeesu ca bant ba** (Mc 27:32-38; Mk 15:21-28; Lu 23:26-34,38; Yow 19:17-24). . . . . . . . . . . . . . 308
**158. Juróom benni waxtu ca bant ba** (Mc 27:39-56; Mk 15:29-41; Lu 23:35-49; Yow 19:25-37). . . . . . . . 311
**159. Rob nañu Yeesu** (Mc 27:57-66; Mk 15:42-47; 16:1; Lu 23:50-56; Yow 19:38-42). . . . . . . . . . . . . . . . . . . 316
**160. Yudaa am na naqar lool, ba xaru** (Mc 27:3-10). . . 318
Saar 21. Dekki na!.. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 320
**161. Dimaas ci fajar, ca bàmmeel ba** (Mc 28:1-15; Mk 16:2-11; Lu 23:56-24:12; Yow 20:1-18). . . . . . . . . . . . 320
**162. Yeesu feeñu na ñaari taalibe yu jëm Emawus** (Mk 16:12-13; Lu 24:13-35; Yow 20:19a). . . . . . . . . . 326
**163. Yeesu feeñu na taalibe yi** (Lu 24:36-49; Yow 20:19-23; Jëf 1:4-8). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 329
**164. Yeesu ak Tomaa** (Yow 20:24-29). . . . . . . . . . . . . . 330
**165. Yeesu feeñu na juróom ñaari taalibe** (Yow 21:1-14) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 331
**166. Yeesu ak Piyeer** (Yow 21:15-24). . . . . . . . . . . . . . 332
**167. Yeesu daje na ak ay taalibeem ci biir Galile** (Mc 28:16-20). . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 333
**168. Am na lu xewoon lu Linjil nettaliwul** (Jëf 1:3). . . . 333
**169. Yeesu tàggu na ay taalibeem daldi yéeg asamaan** (Mk 16:14-20; Lu 24:50-53; Jëf 1:9-11). . . . . . . . . . . 334
**170. Tëjte gi** (Yow 20:30; 21:25; 20:31). . . . . . . . . . . . . 335

Kart ya. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 336
Kart 1: Réewum Almasi bi.. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 337
Kart 2: Nasaret ci Diiwaanu Galile ci jamono Yeesu. . . . . . . . . . 338
Kart 3: Tundi Yude. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 339
Kart 4: Yoon ya ca Palestiin. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 340
Kart 5: Yeesu gàddaay Misra. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 341
Kart 6: Nguuri Palestiin. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 342
Kart 7: Diiwaan ya ca noru Galile. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 343

Kart 8: Betani gannaaw Yurdan. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 344
Kart 9 Màndiŋu Yude.. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 345
Kart 10: Betsayda. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 346
Kart 11: Kana. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 347
Kart 12: Salim ak Aynon. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 348
Kart 13: Samari. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 349
Kart 14: Neftali ak Sabulon. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 350
Kart 15: Teeru ya ca dexu Galile.. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 351
Kart 16: Galile. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 352
Kart 17: Yoon yi dem Yerusalem.. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 353
Kart 18: Dëkku Yerusalem. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 354
Kart 19: Ñu jàll dexu Galile. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 355
Kart 20: Yeesu bareel na mburu ma. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 356
Kart 21: Yoon yi jëm Tiir. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 357

Nataal ya. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 358
Nataal 1: Kër Yàlla ga. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 359
Nataal 2: Kër Yàlla ga. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 360
Nataal 3: Lekkukaay jur.. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 361
Nataal 4: Màndiŋu Yude. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 362
Nataal 5: Ci biir jàngub Yawut.. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 363
Nataal 6: Gaalu napp jamono Yeesu. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 364
Nataal 7: Tóor-tóori ñaxum tool.. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 365
Nataal 8: Bët bu tudd Betesda. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 366
Nataal 9: Xuru dexu Galile. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 367